SERAT TJENTINI

Babon asli saking kita LEIDEN ing negari Nederland.

Kaleresaken dening R. Ng. SOERADIPOERA,
kabjantoe ing **R. Poerwa** soewignja kalian **R.** Wirawangsa,
mawi dipoen-baeboekani dening **R. M.** A. **SOERJA SOEPARTA**
djoeroe basa ing negari Soerakarta.

KAWEDALAKEN KALIAN WRAGADIPOEN

Bataviaasch Genootschap van Kunsten en Wetenschappen

ING NEGARI

B E T A W I

DJILID I—II

Ka-etjap ing kantor pangetjapanipoen

Firma RUYGROK & C°-, BETAWI 1912.

Katrangan minangka boeboeka.

Sa-e'stoenipoen para maos boten kakilapan bilih ing Betawi wonten pakempalan ingkang kawastanan „BATAVIAASCH GENOOTSCHAP VAN KUNSTEN EN WETENSCHAPPEN." meng-gah toedjoening sedyanipoen pakempalan waoe, angadjengaken dateng pamarsoedining ba sarta kawroeh bab kawontenanipoen telatah INDIA NEDERLAND, toewin bab kawontenantpoen sawarnining bangsa ingkang asli tanah India Nederland; para prajagoeng Welandi sarta Djawi saha para toean mardika toewin para loehoer Djawi, katah ingkang sami kepareng merlokak dados warganipoen.

Adegipoen pakempalan BATAVIAASCH GENOOTSCHAP van KUNSTEN en WETENSCHAPEN poenika doemoeginipoen samangke wetawis sampoen **150** taoen, dados wiwit nalika tanah Hindia dereng kahasta ing kangdjeng Gouvernement, taksih kawengkoe ing KOEMPENI (OOST-INDISCHE COMPAGNIE), sarta sami-sami pakempalan ing tanah India, GENOOTSCHAP waoe pantjen sepoeh piambak, sanadyan katandinga kalian sedaja pakempalan satlatah Asia wetan, GENOOTSCHAP meksa taksih sepoeh piambak.

Wiwit adegipoen doemoegi samangke inggih poenika meh 150 taoen, sampun katah sanget anggenipoen GENOOTSCHAP angwedalaken serat-serat ingkang isi kawroeh bab kawon- tenanipoen telatah India Nederland toewin bab kawontenanipoen bangsa ingkang asli tanah Hindia Nederland, sarta serat-serat waoe ageng sanget paedahipoen toemrap para pangreh pradja, dene ngewrat tjarios bab adat tata tjaraning bangsa ingkang kaleres dados wawengkonin paprentahanipoen.

Kedjawi poenika GENOOTSCHAP sakelangkoeng anggenipoen amboedi soepados ingkang sami remen oelah kasoesastran Djawi sami mindaka ing pamarsoedinipoen. Menggali anggeni-poen amboedi moer indaking pamarsoedinipoen basa toewin kasoesastran Djawi waoe GENOOTSCHAP mawi sirana angwedalaken serat Djawi toewin Kawi, poenapa dene anggitan warni-warni, ingkang nerangaken oetawi anggelaraken waton-watoning kasoesastran Djawi kawragadan saking GENOOTSCHAP piambak, dene tjatjahing serat-serat bab kasoesastran Djawi ingkang sampoen kelampahan kawedalaken dening GENOOTSCHAP waoe, doemoeginipoen samangke inggih sampoen katah.

Kedjawi poenika GENOOTSCHAP oegi anglempakaken sela-sela ingkang wonten sastra-poen boeda toewin retja-retja ingkang sae wewangoenanipoen, sarta blebekan koeningan ing-kang wonten sastranipoen miwah serat-serat kropak, sedaja waoe karimatan ing Betawi wonten ing gedong MUSEUM (GEDONG GADJAH).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing sa-oepami boten kaklempakaken mekaten, barang-barang waoe temtoe paling blesar boten kantenan panggenanipoen, sarta bade risak oetawi itjal tanpa lari, kados dene sanes-sanes-ipoen barang jajasan nalika djaman Kaboedan ingkang sami boten karimatan; sareng sedaja waoe karimatan dening GENOOTSCHAP, doemoegi sapriki inggih taksih sami sae sarta kenging kangge paseksen menggah awiging pakirtyan saha adining jajasanipoen bangsa Djawi nalika ing djaman semanten.

Kita tipang Djawi ing djaman kamadjengan sapoenika ingkang niat andjoendjoeng bangsa kita saking anggenipoen asor, sarta niat angadjengaken saking anggenipoen kantoen kalian bang sanes, kita wadjib angatoeri panoewoen doemateng BATAVIAASCH GENOOTSCHAP,- djalaran saking anggenipoen sampoen poeroen merlokaken anglempakaken barang kina waoe, ingkang anjihnakaken kelangkoenganing kasagedan toewin agenging kawibawanipoen bangsa Djawi nalika ing djaman Kaboedan. Awit saking poenika ing mangke kita saged nimbang kawontenanipoen bangsa Djawi nalika djaman semanten kalian kawontenanipoen bangsa kita ing djaman samangke, sarta ingkang mekaten waoe aminihi toewoehing pangadjeng-adjeng kita ing dalem batos, pina-rengna kasembadan ing sedya kita anggen kita niat ngangkah sageda bangsa kita Djawi kadoe-noengan kelangkoenganing kawroeh malih kados nalika ing djaman kina, toewin sageda bangsa kita kadoenoengan santosaning manah sarta bangkit iasa dedamelan ingkang adi saha endah ing warni kados loeloehoer-loeloehoer kita ing Djaman kina-kina.

Menggah ingkang dipoen-klempakaken BATAVIAASCH GENOOTSCHAP wonten ing salebeting gedongipoen MUSEUM, poenika boten ngemoengaken barang dedamelanipoen bangsa Djawi ing djaman Kaboedan kemawon, oegi barang dedamelan sapengkeripoen djaman Kaboedan waoe, kados ta: rimatanipoen serat-serat Djawi kemawon wetawis wonten 1400 idji; wonten ingkang kaserat ing dlantjang gendong (dlantjang Panaraga). toewin wonten ingkang kaserat ing dlan-tjang limrah, sarta isi bab warni-warni ingkang mratandani genging kamoeljanipoen kasoesas-tran basa Djawi, (sapengkeripoen djaman kasoesastran Kawi) nalika djaman semanten; ananging satilaripoen donja raden ngabehi Rangga-warsita, poedjangga ing keraton Soerakarta, oetawi sasedanipoen kangdjcng goesti pangcran Adipati Arja Mangkoe-negara ingkang kaping sekawan, kasoesastran Djawi ladjeng kenging kawastanan risak sarta babar pisan men boten kamanah dening bangsa kita Djawi ngantos doemoeginipoen ing djaman samangke poenika.

BATAVIAASCH GENOOTSCHAP ing saben kala mangsa angetjapaken serat Djawi sarta ladjeng kawedalaken ; menggah kerep oetawi awisipoen anggening GENOOTSCHAP angedalaken serat Djawi waoe, goemantoeng wonten katah kediking arta bandanipoen Genootschap, dene serat ingkang kawedalaken poenika pamilihipoen manoet sapanimbangipoen Genootschap, awewaton saking saening tjarios, loewesing oekara, oetawi sabab sanes-sanesipoen.

Ing mangke ingkang kaleres kapilih kawedalaken inggih poenika SERAT TJENTINI, ka-etjap mitoeroet serat TJENTINI ingkang wonten ing Betawi, tatedakan sakingbabon SERAT TJEN-TINI pisoengsoeng saking keraton Soerakarta, ingkang doemoenoeng ing UNIVERSITEITS-BIBLIO-THEEK (gedong serat-serat ing pamoelangan loehoer) ing kita LEIDEN bawah negari Wetandi, klempakipoen sedaja wonten tjatjah woloeng djilid.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

SERAT TJENTINI poenika anjariosaken Ielampahanipoen SEH AMONG-RAGA nalika lelana andjadjah tanah Djawi; menggah lelampalianipoen seh AMONG-RAGA waoe boten preloe koela andarakan wonten ingriki, awit para noepiksa temtoe sampoen katah ingkang sami ngaoeningani; dene ingkang sami dereng oeninga moegi ladjeng keparenga maos serat poenika. Ananging menggah isinipoen serat TJENTINI ingkang preloe karaosaken sanget dening para noepiksa, poenika sanes lelampalianipoen sell AMONG-RAGA, nanging andaranipoen ngeimoe Djawi roewin toetoeroetanipoen kawroeh kasampoernan Djawi, sanadyan para sardjana bangsa Europa, ing wektoe poenika katah ingkang sami merlokaken ngoedi dateng sosorahanipoen ngeimoe toewin kawroeh kasampoernan Djawi, djalaran, ngeimoe Djawi poenika pantjen kalebet edi, mila inggih pantes kaperlokaken dipoen-parsoedi. 1)

Sa-estoenipoen bangsa kita Djawi wadjib soeka soekoer ing manah dene bangsa sanes sami gadah tjipta- merlokaken anjoemerepi dateng ngeimoe kita; ingkang mekaten waoe sampoen temtoe bade nambahi dateng adrenging sedya kita anggen kita niatmarsoedi kawroeh, inggih sadengah-dengaha kawroehipoen, dados sanadyan kawroeh kina ingkang toemrapipoen djaman samangke ka-anggep sampoen boten kangge, kita inggih wadjib amarsoedi, djer sedaja pamarsoedining kawroeh ing wekasan temtoe bade dipoen-aosi dening sanes bangsa sarta bade saged mimboehi dateng pitadosing manahipoen sanes bangsa, bilih darbeking Djawi ingkang kawastanan sae, poenika pantjen boten sakedik.

Bok menawi bangsa kita Djawi katah ingkang sami kaget, dene" BATAVIAASCH GENOOTSCHAP anggenipoen ngedalaken serat TJENTINI poenika ka-etjap mawi AKSARA WELANDI (Latijn) boten mawi AKSARA DJAWI ; ingkang soewaoe koela piambak oegt kaget, pangoeda-raosing manah koela, poenapa aksara Djawi poenika pantjen ka-angkah soepados saja dangoe saja boten kangge", sarta selot-selotipoen sageda sirna babar pisan; woesana sareng koela ngingsep wartos, katranganipoen anggening BATAVIAASCH GENOOTSCHAP angedalaken serat TJENTINI mawi aksara Welandi poenika boten pisan soemedya bade angitjali aksara Djawi, awit ingatasipoen prakawis basa, oetawi temboeng sapanoenggilanipoen, poenika bab ewah oetawi itjalipoen goemantoeng wonten kadjengipoen bangsa ingkang anggadahi piambak, sanes bangsa boten wadjib toemoet-toemoet, mila Genootschap inggih bade boten moena sika prekawis poenika. Dene wontenipoen GENOOTSCHAP angwedalaken serat Tjentini mawi aksara Welandi, poenika amoeng sakingangengeti wragad ; menawi serat TJENTINI waoe ka-etjap mawi aksara Djawi, prabeaning pangetjap bade awis sanget, meh tikel kalih, sarta pangetjapipoen bade langkoeng dangoe; kedjawi poenika sarehning aksara Welandi kinging katindakaken kangge njerat basa Djawi wah boten ambibrah-

---

1) Ngelmoe Djawi poenika menawi katimbang kalian ngelmoe Grick oetawi ngelmoe Hindoe, katjarios taksih kawon edi, sarta saloegoenipoen pantjen petikan saking elmoe Hindoe, ananging sarelining koela boten soemerep dateng ngelmoe Grick oetawi ngelmoe Hindoe, dados koela inggih boten saged nimbang; mila boten langkoeng koela inggih namoeng amborongaken doemateng para noepiksa ingkang sampoen sami ngoeningani dateng sosorahaning ngelmoe-ngelmoe waoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aken teges oetawi soeraosing temboeng, poenapa malih sarehning sedaja tiang Djawi ingkang sampoen sinaoe ing pamoelangan kinging katamtokaken sami mangretos dateng aksara Welandi, dados temtoe boten bade kangelan maos temboeng Djawi ingkang kaserat mawi aksara Welandi. Milasaking pamanggihipoen GENOQTSCHAP, serat TJENTINI poenika prajogi ka-etjap mawi aksara Welandi, bok menawi oegi bade wonten paedahipoen tocmrap para Welandi kaboedidajan toewin sanes-sanesipoen, ingkang namoeng lebda dateng pawitjantenan temboeng Djawi, saged noewoehaken kapengming manahipoen soetnedya bade njoemerepi dateng soeraosing serat Djawi, dene saged maos kalian gampil.

Sarehning sedyanipoen BATAVIAASCH GENOOTSCHAP poenika namoeng bade ngadjengaken kasoesastran boten amboedjeng bati, pramila reginipoen serat TJENTINI poenika- kadamel mirah, preloe namoeng moerih wangsoeling wragad.

Awit saking poenika bangsa kita Djawi wadjib sami angatoeri panoewoen doemateg BATAVIAASCH GENOOTSCHAP, dene sampoen kesdoe angedalaken serat TJENTINI djangkep wah kanti argi mirah, ing niangke serat TJENTINI sa-estoe bade kelampahan saged soemebar, boten kados ing soewaoenipoen, serat Tjentini boten nate saged djangkep wah taksih seratan tangan, sarta ingkang gadah namoeng satoenggal kalih, poenapa malih wedalipoen serat TJENTINI poenika boten ngemoengaken bade migoenani dateng pangoedining kawroeh kemawon, ananging oegi bade maedahi ingakatah, dene ingkang sami soemedya njoemerepi dateng edining kawroeh Djawi, sapoenika sampoen boten kewedan anggenipoen bade minangkani.

Awit saking ingkang kaseboet inginggil waoe sedaja, andadosaken soeka soekoering manah koela, dene koela pinitados dening BATAVIAASCH GENOOTSCHAP adamel katrangan minangka boeboekaning serat Tjentini ingkang kawedalaken sarambahan poenika, sarta agenging manah koela pinga woekir Maha-meroe, dene roemaos katoedjoe ingkang dados pangestining sedya, pramila boten ketang bade dados goegoedjenganing para sardjana dening sigoeg gingsoeling oekara, inggih sa-estoe koela temah- Woesana rampo'enging panjerat ingkang kaseboet **inginggil,** leganing manah koela tanpaoepami, dene roemaos sampoen saged angleksanani poenapa ingkang dados panedanipoen Genootschap, ingkang' sanjpoen kapitadosaken doemateng koela,

djoeroe basa Djawi

poen SOERJA SOEPAKTA. SOERAKARTA, Juni 1912.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tjentini I

le Zang; dichtmaat: DANDANG GOELA.

1. Poerwaning reh manising paloepi
respatyendjang noedjwa gatitasta
roeah ping tiga likoere
ing dal mangsa kasekoe
sinengkalan atata resi
apan amoelang djalma
nenggih kang dinapoer
amarna rikang tjarita
doek prang Giri awoesana soring djoerit
temah kitane bedah

2. saroesake waoe kiteng Giri
djeng pangeran Pekik kang ambedah
garwa poetra sedajane
binojong mring Mataroem
tapis radja brana ing Giri
toewin kang radja kaja
binekteng Mataroem
wadya lit roesak djinarah
koeneng wonten poetra sing ampean katri
apan atoenggil rena

3. ingkang sepoeh wasta Djajengresmi
wonten malih arinipoen pria
Djajengsari panengrane
kalih samja abagoes
apan sami djatmika kalih
pan samja ahli tekad
ing ngelmi takaboel
waroedjoenipoen wanodya
apaparab waoe ni ken Rantjang-kapti
warna ajoe oetama

4. tjinatoer doek bedahireng Giri
poetra titiga waoe poenika
sami nis tilar pradjane wong
Mataram datan wroeh mring
poetra tri denja loemaris sami
arebat gesang ing poeroeg tan
ngoempoel knlangkoeng
kawelas arsa
pan mangilen parane dyan Djajengresmi
kekalih rentjangira

5. de kang raji raden Djajengsari
apan mangetan ing lampahira
tan pisah lawan arine
ken Rantjang-kapti waoe
dahat dening kawelas asih
panakawane djoega
Boeras wastanipoen
panakawane kang rama
datan pisah sapoeroeg denja loemaris
sadjoega ingkang milja

6. kikintil tan kena sah Ian goesti
pan poen Boeras kang abdi wastanja
katjatoer waoe lampahe
langkoeng kawelas ajoen
Rantjang-kapti anggoeng anangis
ingkang raka sangsaja
poetjaking tyas poepoes
toemingal ing arinira
kinen gendong mring poen Boeras ingkang abdi
jen sajali ginentosan

7. pan woes ilang wangoening priaji
jata raden ngangin-angin-warta
jen djeng Soeltan ing karsane
tentrem tan karsa angloed mring
sentana poetra ing Giri kang
sampoen tan ketjandak kang anis
roemoehoen radyan etja ing tyasira
jata moelat semana ningali woekir
langkoeng asri kawoerjan

8. de wit-witan anganggrang neng nginggil
taroe genggeng kang apoejoeh denta
amepeki sawarnine
ingkang pala goemantoeng
toewin sekar-sekar mawarni ran
woekir Soka-jasa dene kang
piloenggoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sang pandita Anggoeng brangta
ingkang toemoet wisma rong desa watawis
sami sentananira

9. kasoeb lamoen pandita tinoewih
nenggih kjai gede Anggoeng brangta
bantas ngiwa panengene
katah wong agoeng-agoeng
ingkang samja angalap ngelmi
darbe poetra satoenggal
djaloe toer binagoes
nanging dereng mawi krama
doek timoere kang rama sinoeng kakasih
mas Ngali nging tan karan

10. sareng diwasa dipoen parabi
mring kang rama kae mas Tjeboiang
katerah[1]) diwasa rane
nanging poegal kelangkoeng
nora kena batoek kelimis
langkoeng dening belasar
mring panggawe doedoe
katah prawan lan somahan
wong ing ngare tan getang[2]) ing siang ratri
minggah marang aldaka

11. panggih law an mas Tjebolang sami
mring pondoke rinewangan tjoemban
pan woes sinoeng wismeng dewe
lering wisma ramekoe
miwah[3]) jen mring ngare rama marengi
ana wong angon menda
maesa lan lemboe
rentjange kinen soeng sega
lan gadoebeg winoran katjoeboeng sami
kang sinoengan tan njana

12. lamoen gadoeblege dipoenmo4) mori
sawoesira mangan noelja niba
dene lemboe sakatahe
lan mendane djinoepoet
nidji-nidi nora ketawis
prapteng wisma pinragat
dinoem santri agoeng
winartan genipoen toembas
apan asring kang rama sinreg ngileni
mring kang darbe maesa

13. nora mantra poetreng panditadi
pan woes soeroep ngelmoe kasampocrnan
prandene den-mamah bae
langkoeng sewoe daloeroeng
kang ramang goeng denja doekant
tinoendoeng pinelalah
bekteng santri tjatoer
woes sedasa woelan kentar
anoeroeti denja pralente sajekti
ngoembara barang trebang

14. woes anoeroet tanah ing pasisir
malah woes bengang ping pira-pira
saking kekatahen ronggeng
neng Sidajoe kinepoeng
andemeni bodjoning santri kesah
marang ing Dana mondok
wismanipoen ki Djamal
pangoeloe Daha dasar katah
santrinira ki Djamali ki Djamali
sroe boengah

15. mring sang prapta woes sinoeng wismeki
santrinira ki Djamali samja
mring kang prapta langkoeng sihe
arenes tjangkem karoet
jen kalane dipoensoeroehi
ginawe pakaoelan
panganten tan atoet
kaoel nanggap mas Tjebolang
jen loemampah katah 5) santri 6) ngiring
santrine dewe papat

16. bebektane doek kesahe ngoeni
moeng poenika kang ginawe tandak
kapat parigel beksane
toer wong woes samja soeroep
lamoen ronggeng lanang sajekti
prandene neng kerengan
kweh soedoek sinoedoek
nenggih wong lakon sadina
jen miarsa mas Tjeboiang den-soeroehi
dangan pra samja prapta

17. nanging wong tjilik datan koeawi
anjoeroehi marang mas Tjeboiang
saking tan kelar opahe
langkoeng goeng sadjenipoen

---

1) prajoginipoen : katelah.
2) prajoginipoen: gotang.
3) langkoeng 2 wanda, kaboetjal: miwah.
4) langkoeng 1 wanda, kaboetjal: mo.
5) ing babon : kantos.
6) kirang 2 wanda, katambahan : ingkang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jen bebasan rong poeloeh anggris
marma arang kang kelar
nanggap sabab agoeng
lan bektane santri katah
jen wong tjilik arang kelar angingoni
dangan nonton kewala

2e Zang; dichtmaat: SINOM.

1. jata anoedjoe somana
boepatine darbe kardi
poepoet denja darbe poetra
doek kala garweng njakiti
doekoen katah samjangling
sok Ioedjenga darbe kaoel
ngoendang ki mas Tjebolang
mangka rahajoe manna ning
animbali marang pandjak mas Tjebolang

2. anoedjoe woelan poemama
lir rahina padangneki
badene wetan pendapa
enggene ananggap singir
pepak sadjen mawarni
sekar konjoh lawan koetoeg
sekoel toempeng megana
warni pasar amepeki
salawate neng sadjeng salawe real

3. rolas wadah samja doelang
lia antjak lawan tjeting
miwali bokor gelas talam
sedaja dipoen-sasabi
sindjang sekaran warni
batik loerik lawan woeloeng
mjang karoekoeb koeroengan
kang sindjang mawarni-warni
padang boelan binantonan obor sanga

4. mjang kang saos pelataran
patih mantri lan pradjoerit
pandam ting parik tinata
denja lenggah kja dipati
ngedangkrang aneng koersi
pinggir pendapi genipoen
tjenela kinembang mas
pantes ngagem njamping batik
nagasari djinembangan latar petak

5. paningset tjinde djo bara
rasoekan blah banten asri
sembagja loes kapoeranta
tjorake kembang pinetik
kotaug kantjing mi rah brit
peniti djangga inten bjoer
doewoeng gandja kinatah
ing inten mirah toelja sri
koeloek tjemeng baloedroe rinenda ing mas

6. koembalanja keketoegan
soemping sekar her rinoekmi
abagoes poepoek sembada
lir kelana angedjawi
ing ngajap para tjeti
aboesanendah joe-ajoe kenja
randa welandjar ander marek
ki dipati awibawa tinarap
para biada

7. miwah sasaosanira
ki adipati neng ngarsi
kenap lan bangkoe tjantjingan
sinerbet poetih toelja sri
ingkang anglaladeni
pawestri samja joe loehoeng
wedang ten mamanisan
poean roti wedang kopi
aneng ekan semoea isining medja

8. satjaraning lah-olahan
goegoerian manis-manis
pepak di-adi ingolah
miwah wowohan mawarni
samja roemat tjoemawis
latar ginelaran sampoen
lampit ageng apandjang
goning pandjak den-gelari
kasah aloes jata ing waoe semana

9. mas Tjebolang ing ngandikan
ki Djamali kang angirid
boesanane mas Tjebolang
badjo kotang krestin abrit
pinggir rinenda alit
njampingira kasa woeloeng
saboek poetih rong kilan
koeloeke batoka'n setrim
destaripoen djeplakan poetih rinenda

10. adoewoeng kemalon abang
gajaman landean miling
toelange oelam minatan
mirah agenge saranti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

santrine kabeh ngiring
gede tjilik loewih satoes
wong nongton pan atoesan
katboe abdining dipati
nadyan 1) desa pan kenging kewala

11. pan parentah sang dipatya
njoekakna manahing alit
marma wong nonton akapang
ki dipati lenggah koersi
ingajap manggoeng selir
samja binoesanan moeroeb
pan woes pepak sedaja
sinarah pendjaloekneki
saprabote kimas gen bade anoelap

12. pan woes dawoeh kinen lekas
sendika kang den-dawoehi
anoeija njandak tarebang
sasolahira respati
dasar ragi kinardi
apatjak terbang pinangkoe
ing dengkoel dangak ladak
beranjak Anggoenoeng-sari
adan lekas sadjak Djawi sekar lempang

13. swara moeloek getas renjah
angoengkoeng aroem toer manis
nges wiletnja nganjoet manah
panerbange angapipir
sabat gja naoerani
tarebang tiga goemroemoeng
baroeng angkloeng lan kendang
tjaloeng tjalapita gading
ramja gobjog goemer geter magentoeran

14. wor swara sroe lagoe Iempang
oreg kang samja ningali
djedjel rijel jel-oejelan
desekan pipit-pinipit
keh solah bawaneki
boengah kang para tjalimoet
tjeler-tjineler ramja
katah kang kelangan sami
opjak geger sakedap nora karoean

15. soewe-soewe tan rinasa
kelangan preloe ningali
djalwestri tjaroeb desekan

1) kirang 2 wanda, katambahan: lare

wong kang doegal mangarahi
mring wong wadon anggriming
tangan ngoejel-oejel soesoe
naloesoer gagap-gagap
gembok ginegem agemi
keh mengkono weneh tekem-tinekeman

16. jata waoe mas
Tjebolang narebang
besoes awasis
geter koeinitir ngapindjal ketoengtoeng
pjek tong ting tong grig
proeng preng groeng pang pang pong ping
klong kloeng tjrik tjrik [2]) bah bah goer
toengklek toengplek toeng ting brang .
pap pep bah bah ter nal nil nil
ngoek ngoek breng broeng poeng pak poeng pjak
doeng deng doeng brang

17. kang saoeran reboet sora
swarane samja sroe angrik
rahab oengkoel-ingoengkoelan
santri baroeng naoerani
jen noedjoe selehneki
saoeran denja goemroemoeng
jen kabeh tibeng gongan
mas Tjebolang kang nampeni
ngelik meloeng ngoengkocng membat angemandang

18. anglangoet swara roem membat
bening lir soeling wratsari
tan ana swara kang memba
empoeke gilig ametit
mangkja kang samja singir
woes dangoe denira taloe
soewoek matja selawat
kendel aso ngaring-aring
pan anglela mas Tjebolang andjentara

19. ki dipati ris ngandika
endi sabatmoe kang dadi
tandak kang djibles wanodya
mas Tjebolang matuer inggih
poenika kang prajogi
poen Noerwitri namanipoen
pinoendoet binoesanan
tjarestri ronggeng linoewih
pinaringken kinen toemoeli lekasa

2) kirang 1 wanda, katambahan: tjrek.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. toer sendika mas Tjebolang
lekas bawa gambir sawit
swara roem man is ngesira
membat wilet doedoet ati
santiine naoerani
goemrembjeng bareng terbang broeng
rampak oekele pada
tan ana gangsoel menehi
mas Tjebolang akipat panerbangira

21. noelja tandaknja abeksa
berag kabeh kang ningali
ki dipati langkoeng soeka
abdine kinen ngleboni
genten lan den-dawoehi
tombokira kabeh njoekoe
soeka gantya ambeksa
abdinira ki dipati
sasenenge denira djaloek gendingan

22. saweneh ana barengan
samja gending gondjang-gandjing
beksa karone bramatya
sebrak pareng narik keris
geger ingkang ningali
ki dipati langkoeng bendoe
sigra anjandak rotan
kang toekar loemajoe adjrih
pan woes poelih tata kang nonton sedaja

23. jata waoe ki dipatya
kapengin toemoet angibing
kang abdi keplok sedaja
manggoeng selir soeka sami
montro gendinganeki
tan dangoe anoelja sampoen jata ki mas
Tjebolang tan kenging ngampah kang
galih tarebange woes sinoengken roangira

24. boeka rasoekane djoebah
moeng kotange ingkang maksih
doek waoene sinasaban
djoebah kotange tan keksi
jata lekas angibing
beksanira beksa aloes
gendingane la-hela
oreg samja kang ningali
sahabdine ki dipati langkoeng soeka

25. miwah sira ki dipatya

1) prajoginipoen :

soekanireng.

langkoeng soekanira 1) galih jata
waoe kang ambeksa sawoesnja niba
kang gending ki mas beksane njirig
ngleter sarja patjak goeloe
ngalaliken tandakira beksane noeroet
ing pinggir ring kalangan sarja oelate
kinarja

26. kweh boengah satengah ana
sawidji kaoem ningali
Doelso eboer lan bodjonira
nedja miloe naoerani
mantengah ngambjong singir
kang goemawang andoedoeloe
seseg tan antoek marga
migag-migeg sroe kapipit
nimbok Soeboer rada wasis sok geleman

27. den-intjih kiwa tengenja
dineseg dipoen-gagapi
kena tjeg kang pajoedara
kinepel pinidih-pidih
poeringisan ngesemi
kang ngoejeg saja kasoesoe
rinangkoes sindjangira
bok Soeboer pasang anjenting
tanganira kiwa gondelan kang lanang

28. kang tengen kari sidoea
neng dengkocl sarwi andjentir
pinarnahaken agampang
toemandoek kang mangarahi
bener andedel noeli
garegel baloesoek poepoet kasamoer
ijag-jegan lir linampahken pakolih
enak-enoek ki poenoek nora ketara

29. ojag-ojeg dedesekan
Doelsoeboer pangrasaneki
degdege solah ing katah
tan njana bodjone oentir
andjongok rada djengking
kesel ngadeg awadipoen
Doelsoeboer woes pitaja
kasamoer solahing djalmi
malah genti kiwa tengene anggarap

30. gilir ginarap wong tiga
noedjoe panggarap kang kari
doeweke gede adawa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

satekem net mangang loewih
ni Soeboer ngoelet djondil
asroe banene koemloekoek
Doelsoeboer kagjat moelat
bodjone ginarap wingking
sroe ambengok ngoedoe bilah katiwasan

31. goemroebjoeg kang garaji oewal
slendang tapih den-dedeli
marang bangsat kang anggarap
moeng kari koelambineki
geger pating djarelih
Doelsoeboer sroe toeloeng-toeloeng
moendak dadi bajangan
bodjone den-oeli-oeli
noelja moelih bodjone bandjoer pinala

32. wonten welandjar satoenggal
abdinira ki dipati
pan lagja kagem sapisan
ing mangkja dipoen-kasihi
nama poen Djae-manis
akoening wedana soeloeb
netra djait balerah
alandep idep toemengging
pajoedara kengkeng lir moendoe oendoehan

33. pangangge kinatjek pelag
ngoengkoeli kang para selir
tikel regi parabotnja
saking sine ki dipati
nging rada ngadi-adi
pan kemajoe adol ajoe
oelate blas-eblasan
aling-aling nglaladeni
mring ki adipati jen woes nebih genja

34. malah tjelak lawan pandjak
sadela bali ngladeni
katjoe koembaja koesta bang
krep nginang idde ngatjoewis
belisen soesoern^ki
sabiti atos lir watoe
pulahe kerangdjalan
nener kewes galak lirik
pan sasore wis pindo katjoene ilang

35. saking mendese aganas
nas nes mendjeng noendjang koeping
kapengin marang kang nrebang sedat-
sedot oelatneki kadoeloe mring dipati
agja marek aneng ngajoen
jen woes katoengkoel loenga
dol ajoe dlerengan ngliring
pan kemaroek kinasihan ing bendara

36. andjenggleng pinggir kalangan
misah gon lan kantjaneki
eram sakeh kang toemingal
kenese lindis kemini
semana amarengi
sawidji wong andedoeloe
soedagar ngangge moempjar
sakodjoer dipoen-dedeli
kena kabeh gembor-gembor galimpangan

37. geger asroe leng-oelengan
tjaroeb-tjaroeb ting djarelih
wor-winor nora karoean
kabrawoek bok Djae-manis
telas den-balodjodi
ambaledjed boekoeng widoeng
kaoejel ing ngakatah
angadeg ki adipati
langkoeng doeka asroe mring kaoelanira

38. dene kaja wong alasan
kabeh kang nonton si djoprit
de ikoe mas patih ana
njengoh kabeh keneng baring
oepajanen den-aglis
sapa kang agawe roesoeh
goepoeh kaoelanira
anggoleki kang ngroesoehi
tan kapanggja moeng wong sidji ngatang-atang

39. den-idek-idek ing katah
katoer marang ki dipati
lawan pawestri satoenggal
katoer jen poen Djae-manis
gegetoen ki dipati
kakasihe ambaloedjoe
doeka mring wong lanang kang
kaoedan kinen geboegi dosanira dene
amemada oeda

40. gja parentah ki dipatya
kinen djagani kang betjik
adjana wong roeroesoehan
djaganana toembak bedil
matoer sendika aglis
dinawoehken sedaja woes

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tap adjrih woes tan resah
ki dipati ngandika ris
eh ja pandjak beksaha Ian tandakira

41. Tjebolang toere
sendika noelja bawa
lompong-keli
swara roem getas araras
njenjed ngeses menjed ati
saoeran naoerani
goemoentoer ger baroeng aroem
pjoeng pjoeng pjek deng toeng toeng brang
pep pep bah bah klong kloeng toer tir
tjrak tjrik-nal nil pong ping toeng pek beng boeng

brong brang

42. segseg1) gobjog asaoeran
jen woes tekeng gonganeki

greg pet ririh terbangira panaboehe
oekoer djawil kang sanget moeng
kakalih tjaloeng tjalapita baroeng
nampani mas Tjebolang lan tandake
baroeng ngelik metet merit awilet
goelet-oeletan

43. akantjoeh rentjang swaranja
lir rebab baroeng lan soeling
njamleng saplak nora djatnak
mas Tjebolang lan Noerwitri
tog-tinog denja ngibing
mas Tjebolang beksa kakoeng
Noerwitri kang beksa dyah
akarja wembaning ati
kaja oega Onengan lan Woekir-sekar

44. sasolahira kinarja
liringe ameratani
kang kasangkoet ing paningal
geragapan senig-senig
tan tawadjoeh ing ati
ati lir roentoeh taledoek
keneng soembaga gendam
mas Tjebolang ngigel apik
asta manteng andengklang klek patjak djangga

45. naretjet rikat koemlepat
miwir sondere koemilir
aebat naga kapalang
tandake moengser sisirig

1) prajoginipoen: seseg.

lir parendjak tinadji
larap madjeng ladjeng nindoer
golang-galing lilingan
kwehning kang mjat sipteng kapti
kaja-kaja lan deweke mengkonoa

46. wanodya ingkang niningal
samja kasmaran kepati
kanjoet wat kinging soembaga
geges tyasira mawerdi
miwah manggoeng lan selir ira ki
dipati waoe tamboeh ing solahira ana
ngoelet kirig-kirig angatjetjeng malah
midjil rahsanira

47. bandjoer Ioemajoe wan-awan
ngoejoeh mring pakiwan sami
jata ing waoe semana
mas Tjebolang kendel noeli
wangsoel denira linggih
sang dipati noelja dawoeh
kinen lekas anoelap
pan kinen aso karijin
pan sendika atoere ki mas Tjebolang

48. jata manggoeng selir samja
iriban samja balangi
ing gaganten miwah kembang
weneh badjong-badjong liring
ana ingkang ngaweti
sarwi ngeblongken goemoejoe
nangging langkoeng iriban
denira balangan liring
tjiptanira emben bae roeroentjoengan

3e Zang; dichtmaat: POETJOENG.

1. jata lekas njoelap mas Tjebolang waoe
koemoetoeg kang doepa
toempeng papat den-koeroengi
mas Tjebolang beksa ngoebengi koeroengan

2. Ian tandake moebeng koeroengan roeroentoeng
sawoesnja mengkana
kang koeroengan den-oengkabi
toempeng papat sedje-sedje
toekoelira

3. sidji toekoel wit-witan lombok wohipoen
sidji wit semangka
oewohe sakendil-kendil
sidji bliglo oewohe sadandang-dandang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. sidji waloh sagembol-gembol wohipoen
soeka kang toemingal
ki dipati toesteng galih angandika
eh pandjak apa kenaha

5. kabeh ikoe apa kenaha djinoepoet
matoer mas Tjebolang
boten soesah inggih kenging
dinahara nadyan binekta mantoeka

6. boten poeroen molah-malih sampoen loegoe
sanes lan wong katah
kang limrah warti tan kenging
jen poeniki inggih ta kenging kewala

7. langkoeng soeka ki dipati ngatag goepoeh
manggoeng selirira
satnja kinen amendeti koemarojok
apan sami rareboetan

8. angoendoehi semangka kelawan waloeh
atjengkah-tjinengkah
samja rewanging 1) pribadi
ladjeng oeleng adedreg tengah kalangan

9. ki dipati doeka ken ngoendoerken sampoen
wong nonton sedaja
langkoeng soekane kepati jata bade
lekas malih arsa njoelap

10. njandak djanoer koening lan ron benda goepoeh
lan lar bebek ajam
lan lar manoek emprit peking
lar brekoetoet drekoekoe poeter lan dara

11. lineboken koeroengan koetoeg koemeloen
mas Tjebolang beksa
lan tandakira ngoebengi
tarebange tinitir kaja bedaha

12. parikane apan moeni soeroeng dajoeng
sawoesnja mengkana
koeroengan woes den-oengkabi
sawarnine elar woes woedjoed sedaja

13. godong benda apan ia dadi boeloes
djanoer dadi oela
sawarnane kabeh sami-
bebek ajam manoek boeloes lawan oela

---

1) prajoginipoen : rewange

14. aboeboeron datan ana ingkang metoe
saking ing kalangan
soeka moelat ki dipati
miwah kabeh wong kang sami aniningal

15. ki dipati angling apa kena ikoe
bebek den-opora
lawan pitike ja den-tim
matoer nembah sira waoe mas Tjebolang

16. boten soesah pan kenging sedajanipoen
soeka ki dipatya
noelja kinen anjekeli
pan koemroeboet sagoeng kang para parekan

17. moeng oelane lan boeloes sampoen rinatjoet
marang mas Tjebolang
moelih dadi djanoer koening boeloesipoen
moelih dadi godong benda

18. ki dipati soeka malih ngandika roem
ja maneh wetokna
kabisanmoe kang gawoki
mas Tjebolang noewoen atoere sendika

19. noewoen lesoeng kakalih sahaloenipoen
sigra ki dipatya
moendoet lesoeng noelja prapti
moedjoer ngidoel moedjoer ngalor sahaloenja

20. pan agoepoeh mas Tjebolang masang koetoeg
kang lesoeng ginoenan
dinoemoek-doemoek kaping tri tan
antara obah lesoenge amapan

21. aloe woloe samja abendrong koemroewoek
titir kokotekan
madjoe sareng lesoeng kalih
moeni dewe abendrong aloe nembelas

22. lesoeng toemboek adjebles soeroeng-sinoeroeng
aloenja tan gigal
saha sroe bendrongan titir
toeng prong toeng prong toek prek toek prek dong
dong brag brag

23. kang andoeloe sedaja soeka agoemoen
lesoeng toetoembakan
aloe titir tanpa djalmi
aloe kalih ting baleber liroe gjanja

24. saja soekoep kang nonton oejel atimboen
kang saweneh ana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong bebedangan woes lami
pan katoedjoe panggih ana ing tontonan

25. soekeng kalboe kalihe deket akoempoel
pan sami karsanja
kasamoer **pipit—pinipit**
toetoeg ing sakarepe agegarapan

26. dangoe-dangoe ketara ing solahipoen
ing kiwa tengenja
ginetak oewal kang oentir
pan sinoerak ginagoejoe ing akatah

27. estrinipoen loemajoe tan bisa metoe
den-oejeg ing katah
soesoene den-tjoetjoewoli
tjag tjeg mag meg mal mol soesoe pipi branang

28. woesnja dangoe denira angadoe lesoeng
anoelja rinoetjat aloe ngaloempoek geneki lesoeng
galih 1) woes kinen anggawa medal

29. soeka ngakak ki dipati ngatag goepoeh
maneh alekasa
metokna kagoenan malih
kang liningan sendika santrine noelja

30. gja binanda tinalikoeng winajoejoeng
soekoe antoek djangga
ginajoet-gajoet ginodi
sawoesira linebokaken koeroengan

31. lawan djantra sarta koetoege koemeloen
mas Tjebolang ngatag
mring pandjak gending kinanti wira-troena
dyan lekas goemer swaranja

32. ladjeng tandak Ian ki mas Tjebolang roentoeng
moebeng neng koeroengan
kaping pitoe gen ngoebengi
sawoesira ngatag ki mas pandjakira

33. kinen salin kebo giro gendingipoen
goemoeroeh swaranja
seseg kang bawa gora tri
pan tinitir goemoentoer torbang baroengan

34. kang doedoeloe tan bosen panontonipoen
sangsaja karenan
wonten wong lonte sawidji
langkoeng landep ampoehe prasasat sarpa.

---

1) prajoginipoen : kalih.

35. lonte ikoe warnane kelangkoeng ajoe
singa wong djinawat
tan seranta noeli ngintjih
gja ginarap aneng tengahing tontonan

36. dereng toetoeg kang garap krasa andjeploek
moendoer mekah-mekah
deprok ngoejoeh ngolang-aling
wonten malih kang anggarap deg-adegan

37. lagja madjoe angloemba sakala aboeh
pan sasore moela
oleh wong selawe loewih
kabeh rengkeng-rengkeng gereng-gereng lara

38. ana bandjoer lonjoh [2]) ting palepoeh
pan pada sadela
anderok tan bisa moelih
akeh ngintjim-intjim sanake kang waras

39. mas Tjebolang ngoengkabi koeroenganipoen
pandjak kang binanda
woes oetjoel sami noenggangi
marang sima gigibrah tengah kalangan

40. gero-gero sima ngadjrihi dinoeloe
kagoem kabeh pada
sagoeng kang wong niningali
reboet doetjoeng loemajoe agogolongan

41. lonte waoe katemoe tinemoe koewoek
pan binatodjodan
sandangane sarwa betjik
sengkang sindjang sedaja temah telandjang

42. den-koek-engkoek ngarengkoek noeija tibambroek
ingles wong katah
lonte nangis djerat-djerit
gemboek-gemboek gemboke den-idak-idak

43. pan den-epoeh iloene pan meksih ampoeh
singa kang angidak
koemaranjasnja soemengkring
kitrang-kitrang kinoekoer saja werata

44. ting barekoeh keh markotok sikilipoen
oejeb kekerogan
sakeh wong mimisoeh sami
pan pinala kaselak adjrih ing sima

1) kirang 2 wanda, katambahan: koelit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

45. sagoeng selir gila djrih samja loemajoe
malbeng dalem samja
tinilar sang adipati wong kang nonton samja
soemingkir anebah

46. soeka ngakak ki dipati mantoek-mantoek
asroe angandika
pandjak paran adatneki apa nora
anemeni ingkang sima

47. ki Tjebolang matoer boten-botenipoen
gigila kewala
jata angling sang dipati
jen mengkono noeli ratjoeten den-enggal

48. gigilani medeni kang pada doeloe
sigra mas Tjebolang koeroengan
winengkang noeli sarwi tjetet sima mandjing
djro koeroengan

49. langkoeng soeka ki adipati andoeloe
manggoeng selir samja

ngoewoeh pan sami midjil
ngadep malih le 1) simane tan ana

50. kang nononton woes samja wangsoel
sedaroem
jata mas Tjebolang
boeka koeroengan toemoeli ingkang sima woes
moelih pan dadya djantra

51. santri katon wangsoel binanda andingkoel
soeka kang toemingal
sigra rinoctjat toemoeli
kang binanda soeka anglindoer oepama

4e Zang; dichtmaat: DANDANG GOELA.

1. jata maoe sira sang dipati
karsanira waoe dik-oedikan
nadar doek sakit garwane
poetrane dereng metoe
saking goea garbaningbibi
weroeh ing padang hawa
kang garwa loemajoe
manna arsa linampahan
oedik-oedik apan lima welas anggris
nanging warni ardana

2. ki mas Tjebolang den-andikani
pan winartan ingoeni kang sabda
pan woes tinoetoerken kabeh
kang dinawoehan matoer
inggih oeloen darmi nahidi
nanging inggih dadosa
ping kalih poenikoe
abdi padoeka sedaja
sawarnine tiang estri kang roemijin
pan sampoen kawoworan

3. apan ngamoengna padoeka inggih
kang toemoeta angreboet pan amba
ingkang anebar artane
pan anging sarat toemoet
amba ngrebat saking sakedik
sang dipati karenan
apa sakarepmoe
jatra pan woes tinampenan
mring Tjebolang sang dipati tedak noeli
samanggoeng selirira

4. gede tjilik wong dalem pan midjil
apan ladjeng akepoeng akapang
wong djaba winarah kabeh
lamoen mangke ing poengkoer
iki nora ken'a den-wori
jata woesnja mengkana
mas Tjebolang goepoeh
angadeg tengah kalangan
manggoel bokor parestri pasang prasami
gen bade rebat arta

5. jata mas Tjebolang nebar aglis
pan goemeder parestri reboetan
oejel atjablek-tjinablek
dipati soeka doeloe
toemoet ngreboet sarat ngetjani
jata ki mas Tjebolang
bokore rineboet
mring pawestri arta woetah
ladjeng oejel mas Tjebolang api-api
tiba rehning rinebat

6. ngatang-atang ladjeng pan den-bjoeki
mring parestri arta kang neng djadja
rineboetan ing wong akeh
kimas andjoemboel-djoemboel
pandjoemboele anjondol pentil
kang sinondol tan etang maksih
etja ngreboet mas Tjebolang
kinakahan

---

1) kirang 1 wanda, katambahan: ga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring wong akeh kimas a pan djongkit-djongkit
anggamboel margeng soeta

7. soeka miat waoe ki dipati
ragi welas marang mas Tjebolang
dening den-oejel ing akeh
angling mring ki mas aroem
adja dadi manahireki dene ta awakira
mring wong wadon den-bjoek mas
Tjebolang ragi soesah lengoer-iengoer
batine oentoeng kepati dapoere pinda
soesah

8. woesnja noeli dik-oedikan malih
wong ing djawi kang kinen madjenga
ki dipati nebar dewe
rame oejel goemueroeh
toea anom gede lan tjilik
wor-winor tan karoean
gedrah soengsoen timboen
ana kang tiba kaloemah
weneh ngagir anggaloengsar kadjoempalik
oedreg tjengkah-tjinengkah

9. raredjengan ramja ting djarelih
wengkang-winengkang denja rebatan
tan pidjer kena doewite
ana kang woes den-emoet meksa
ngoekih dipoen-gogohi miwah
aneng kandoetan kang ginegem
oetjoel langkoeng soeka ki
dipatya pancbare kang arta den-
intir-intir pinrih dangoe rebatan

10. noelja kinen moendoet arta malih
limalas engkas tan dangoe prapta
katoer pitjis bolong kabeh
sinebarken soemawoer
rineboet ing abdi djalwestri sikep
bangsat angrebat dedreg ting
barekoeh adosok djengkang-
djinengkang miwah sikoet-sinikoet
biti-biniti goedrah agoeladrahan

11. ana goejoe weneh pan anangis
ana ingkang sindjangipoen sempal
mjang baloerrg djongor1) lambene

---

1) prajoginipoen: njongor

mimisen iroengipoen
nora kena sindjang barendil
ginoedjeg akakalan
mari-mari jen woes
arta woetah sindjang bedah
keh tingkahe ana wong lanang sawidji
akatah olehira

12. tepoeng gelang lempeng kebak doewit
ngandoet ngemoet gegeni kebak oewang
miwah kang ginombol [2]) akeh
ing ngebjoek pan rineboet
pitjis mawoet dipoen-rebati
rinentjak ing wong katah
bebede djoer moemoer
wonten pawestri angrebat
pan kasoesoe kleroe kontole sinebit
kewal ago'brah-gobrah

13. djelih-djelih nora den-pradoeli
meksa rinoedjag ingidak-idak
metjetet paringsilane
oejel koewoer katawoer
tan tjinatoer solahireki
lingsir daloe genira
kasoekan anoetoeg
jata semana boebaran
ki dipati paring tigang dasa anggris
marang ki mas Tjebolang

14. ki dipati angandika aris
esmoe goejoe marang. mas Tjebolang
pandjakmoe Noerwitri koewe
lah tilaren karoewoen
dimen kari neng djero betjik
soeka tyas socn toemingal
lir wong wadon loegoe
nora mantra-mantra lanang
Ian maninge manira akarja ringgit
Noerwitri kang moeroeka

15 lawan sira jen ingsoen timbali
adja loenga-loenga neng Kaoeman
omahe Djamali bae jen ana
koerangamoe loemeboea ingsoen
paringi jen ora kongkonana bae
matoer mring soen ia bodjone si
Djamal

---

2) prajoginipoen: ginembol.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngong paringi pangan sasantrinireki
sakehe tjatjahena

16. matoer nembah soemangga noelja mit
mas Tjebolang anampani arta
tigang dasa real kehe
lan saboesananipoen
toewin paring sindjang mring santri
anidji woes werata
mjang sasadjenipoen
den-oesoengi santri katah
langkoeng boengah sakeh santri ting tjoekikik
oentoeng ki mas Tjebolang

17. moendoer saking ngarsane dipati
lawan sasantrinira sedaja
mjang pangoeloe Djamaline santri satoes
goemroedoeg aneng margi Djamali angling
doeh anak mas Tjebolang poenikoe jen
moenggoeh koela amoedjoer salawat
sindjangipoen sadjenipoen koela inggih lerese
toemoet angsal

18. sabab margane angsal ridjeki
kapratjaja pinaring akatah
saking koela wiwinihe
mas Tjebolang lon moewoes
jen woes prapteng wisma agampil
koela mangsa ngitjalna
ing tata lan patoet
datan soesah winitjara
ki Djamali ambesono ngedih-edih
goemermeng toeroet marga

19. tan adangoe prapta ing wismeki
kae Djamali ing Pakaoeman
goemeder santri praptane
tata denira loenggoeh
tan antara sadjen binagi
tinadah ting koetjapah
toewoek ngadoeg-adoeg
mjang saketib modinira
leber maring tatangga pan maksih loewih
sekoel oeiam panganan

20. arta tiniten sedajaneki
sadjen selawe lan tigang dasa
ki dipati paparinge
arta tombok ingetoeng
apan angsal kawan dasanggris
goenggoenge kawan dasa
gangsal langkoengipoen
kang dateng pangoeloe Djamal
pan sedasa real kang dateng ing santri
arta tri dasa gangsal

21. dinoem kadoeman anjoekoe sami
kang seket real mring mas Tjebolang
kaleboe lan Noerwitrine
woes rampoeng pandoemipoen
aloearan sedaja aris
waoeta ki dipatya
esmoe tyasnja kanjoet
mring Noerwitri ronggeng lanang
ki dipati ragi kawoeron sakedik
ing brem tape waragang

22. woeroe kaworan alimpang brangti
mring Noerwitri kang binrangti anjar
katemben blere karsane
noelja binekta kondoer
maring dalem gedong kawingking
ki dipati ngandika
Noerwitri di-madjoe
soen sare singeben ingwang
sembari rengeng-rengenga lompong keli
montro petoeng-woeloengan

23. gambir-sawit lawan gandroeng-manis
matoer inggih Noerwitri ngoedjiwat
sarwi pinatet latine
ki dipati agoepoeh
ngrangkoel goeloenira Noerwitri
gregeten tjinoewolan
lali pipinipoen
den-ingsep ingaras-aras
matoer mangke doeh mangke kangdjeng kiai
toerene kinen nembang

24. angandika lah ia den-betjik
noelja rengeng-rengeng swara raras
lompong-keli kaloeloete
djalirit merit aroem
kaleleran ambeler ati
pan lagja rong egongan
ki dipati moewoes
wis menenga soen tarima
den-mrenea adja sira wedi-wedi
Noerwitri ngarah apa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

25. gja ginajoet angganing Noerwitri
kekep-kinekepan arep-arepan 1)
kadya maring dyah tan pae
sasolah bawanipoen
mriembada ancmbadani
angrengih kang rinepa
ingoekih kinoekoeh
katomah temah tan polah
ginoelingken golag-galig anglegani
pinoengkoerken karenah

26. angoedempel poepoel aneng woeri
waringoeten tan salajeng karsa
wastra silak warastrane
pangangkahira rikoeh
lir kekean akongkah-kangkih
nempoeh tan keneng ngampah
Noerwitri andjoemboel andengkeng
tyasnja koemesar poelintiran
angesah oematoer ririh ingkang
anter kewala

27. kjadipati langkoeng soekeng galih
sangsaja ngloed loengiding toerida
rada katemben karsane
sanepaning dyah ajoe
ing pangrasa malah ngoenkoeli
koelinaning kalangjan
dede ampoetipoen
pan ora oentap-oentapan
soerasaning karasikan moeng Noerwitri
ngalempak toempak lawak

28. tan awiwal pakiwoeling gati deket
keket lir banon Ian rimbag nora
renggang don-adone ki dipati kalimpoet
kaloeloeting wilet kalaning katah solahing
karsa riwenira koemjoes kang kinarsan
tan goelawat woes antara andjog dres
gatining resmi kongsi bjar aloearan

29. Noerwitri pan lir sawoeng kepilis
kateresan ing gati marloepa tan keneng
tebih enggene sarwi den-eloes-eloes ki
dipati welas ningali

---

1) langkoeng sawanda, kaboetjal; a.

apan katah sihira
mring Noerwitri loeloet
soepe langening wanita
noengge[2]) ronggeng lan angantos kalih latri
tan kinging medal-medal

30. katah peparinge ki dipati
nahen semana ki mas Tjebolang
nfeng Pakaoeman pondoke
mompjor boesananipoen
ambaleret salin-soemalin
besoese angajangan
katah prawan kanjoet kikintil toemoet
pondoknja sapraptaning pondok rinewang
saresmi endjing moelih sinoengan

31. arta sawang-sawoeng wongireki
ana neloeng real angrong real
sareal andoeloe wonge
jen si lamoen anoedjoe
ingkang ajoe akintjih-kintjih
ngantos sapoeloeh real
ki mas denira soeng
manna wadon loenga teka
ing tjiptane enak kodil olih misil
jen ta lamoen gemia

32. mas Tjebolang pasti lamoen soegih
jata ing wantji soeroeping arka
doeta saking djro praptane
kinen nimbali goepoeh
mas Tjebolang anjendikani
noelja dandan boesana
alise tjinoekoer
pinatoet tadjeming tanggal
adoe mantjoeng soemping sekar naga-sari
sarira ganda djenar

33. atetasik soemilak aresik
njamping saroeng boegis gegeroesan
saboek gedog paringane
koelambi galar konoes
besoes wasis dasare sigit
abagoes toer sangsangan
barang den-go patoet
noelja kering lampahira
tan adangoe woes katoer mring ki dipati
kang prapta ingandikan

---

2) prajoginipoen ; noenggeng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. kinen ladjeng maring dalem wingking
sapraptanira aneng ngadjengan
ki dipati lon delinge den-kapareng
1) ingajoen aloenggoeha lawan
Noerwitri toer sembah mas
Tjebolang woes noenggil
aloenggoeh samja sasmiteng eseman
ting barisik atotokan dengkoel ririh
ing semoe woes andoega

35. ki dipati angandika aris
besoek ing pendak woelan poernama
sira soen timbali maleh
ngloewihi Ian kang oewoes
sira dadya ringgit sorakit
lan Noerwitri prajoga
abagoes joe-ajoe
entingna pagoenanira
sira besoek soen gandjar kang loewih betjik
anglenggakna 2) tyas ing wang

36. mas Tjebolang nembah matoer aris
inggih pinten banggi kaleresan
sendika sakarsanta ngreh
jata woesnja adangoe
moendoet dahar ki adipati
noetoeg denira dahar
gja linorod sampoen
pinaringken mas Tjebolang
sedaja woes nadah kelawan Noerwitri
woes toeroeh tjinarikan

27. woesnja boebar ingkang ngleladeni
parestri samja moendoer sedaja
tan linilan pangajape
pan amoeng ingkang kantoen
mas Tjebolang lawan Noerwitri
sami awa 3) prenesan
wenesing pamoewoes
tjara tjarem tjaremedan
pan kakenan ing liring ki adipati
kagebang ronggeng lanang

38. pan anjelak lenggah ki dipati
sarwa man is aroem angandika
abetjik tjelekan bae

---

1) prajoginipoen : kapara. 2) prajoginipoen : anglegakna. 3) prajoginipoen: bawa.

tan ewoeh kang tjinatoer
ing pasemon semana malih
lan sira mas Tjebolang
adja adoe mantjoeng
nganggea tjara wanodya
pan toeroeten kewala sakarsa mami
kang kaja warnanira

39. mas Tjebolang nembah matoer inggih
esmoe goejoe sarwi ngoengkred djangga
anggeget ilat lewane
mingser lengser sing ngajoen
pinaringan boesana adi
angiwa ping-ampingan
tjoetjoel adoe mantjoeng
boesana tjara wanita
geloeng senteg sinekar loengsen kinantjing
tjepaka lan ronira

40. apan asindjang garingsing ringgit
kemben gadoeng melati rinenda
pinajoedara estane
awida djenar aroem
poepoer sawetara nelahi
katje koembaja koesta
abrit dasar aloes
roemimong ing pawidangan
sawoesira boesanarsa marek ngarsi
sasolahe kinarja

41. oelat rikat lir kilat ngawengi
ngima raras koemenjoet tyasira
ki dipati pandoeloene sangsaja
woewoeh woejoeng prapteng ngarsa
noenggil alinggih Noerwitri pan
kasoran ing memanisipoen kaot trah
goeroe lan sabat jekti kaot laraping
liring nelahi akarja lara brangta

42. langkoeng soekanira ki dipati
sarwi goemoedjeng winor woewoesnja
doebilah doedoe rasane
bagoese dene ajoe
noelja tanganira tinarik
pajo adedesekan
bae pada loenggoeh
kang ingikal ngajoet tingal
woes anglela leledjeme djaman wingi
andedet-dedet asta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. rinedjeng kendo anoelja linggih
adoe dengkoel moeng sapedadonan
ki dipati Ion delinge
pajo pada anginoem brem tape grit
waragang manis sinambi dadaharan
sesaosan agoeng noetoeg denira
kasoekan pagoedjengan apranesan
manas ati sisiwo sedangoenja

44. ki dipati angandika aris
pajo woes daloe rarjan loearan
manira rip arsa sare
sisindena sirekoe
swara wadon bae kang betjik
gending patet manjoera
ia petoeng woeloeng
kabojong lan kembang gajam
koewoeng montro lambang-sari gandroeng-manis
anoeli patet sanga

45. onang-onang lawan lompong-keli
gambir-sawit miwah ela-ela
lara-lara lirih bae kang
liningan soeng goejoe sarwi
matet lati amatis woes tata
pesarean ronggeng ro neng
ngajoen kinen sinden
gegentena ki dipati sesarean
den-peteki sarja sinden la-ela

46. onang-onang lawan gambir-sawit
petoeng-woeloeng lawan kembang gajam
montro mjang gandroeng-manise
ki dipati Ion moewoes
sisindena ja lompong-keli
wong roro abaroenga
kang sinoeng ling matoer
sendika anoelja lekas
abarocngan sinden ngelik lompong-ke1i
oelon alon-alon 1)

47. angriringik angres ngraras ati roentoet
njamleng kepleng 2) lir pendah rebab
kaloesen kawate swara lit manis aroem

---

1) kirang sawanda, katambahan : an. 2) kirang sawanda, katambahan: ang.

merit metit ametet ati
tetela kang parikan
ki dipati woengoe
abeksa bari alenggah
mas Tjebolang lan Noerwitri angrakiti
andjoget loeloenggoehan

48. paling karinggeg denira ngibing
dangoe-dangoe saja sroe anembang
dadya ngadeg pangibinge
agoelet kinaroeboet
ronggeng kalih anindoer tiring
lengek-lengek linglingan
njangkloek patjak goeloe
seblak koeinlebat araras
anjarisig sisirig moengser neng ngarsi
aberag ki dipatya

49. noetoeg denira sami angibing
noelja- tanganira mas Tjebolang
tinarik lan Noerwitrine agapjoek
pareng loenggoeh pan kinajoet
djangganja sami pipi lati ingaras
aras kalihipoen noelja malih asarean
ronggeng roro neng dagan tan kena tebih pan
sarwi peprenesan

50. sarta kinen sinden ganti-ganti
sagendingan edang anggendinga
Noerwitri lompong-keline
Tjebolang petoeng-woeloeng
noelja ngelik swara djalerit
getere moeloeh remak
toengtoeng manis aroem
ki dipati woengoe lenggah kinendangan
tjangkem gong kenongireki sami tjangkem
kewala

51. asta kalih angeboek goegoeling
pinda kendang neng tjangkem oengelnja
pong pep em-em dah ketote
eng eng toek nang nang nong nang[3]) goeng
ginagoejoe ing ronggeng kalih
ki dipati anoelja
sarean lan moewoes
Tjebolang angrerepia
ngoera-oera tembange sinom pengrawit
tibakna soejoeng ika

---

3) langkoeng sawanda, kaboetjal: nang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

52. lan tibakna denok silir-silir
Ian tibakna gendjoeng reraen ingwang
noeli lompong-keli maneh
jen woes ikoe noelja woes
mas Tjebolang anjendikani
anoelja ngoera-oera
tigang pada sampoen
swara roem getas arenjah
noelja gendeng meded lempeng lompong-keli
wilet nganjoet-anjoet tyas

53. goemoedjeng soeka ki adipati
mas Tjebolang binalang sap tangan
pan ladjeng pinaringake
Tjebolang matoer noehoen
noelja tanganira tinarik
sarwi mesem ngandika
den-marene loenggoeh
Noerwitri oeningeng sipta
moendoer saking ngarsanira ki dipati
sasamoer neng djerambah

54. ingkang aneng djroning gedong sami
ki dipati lan ki mas Tjebolang
baleging ledjem semoene
mas Tjebolang ginajoeh
kinapiting liningling-lingling
rinoengroem sinembrama
lir bremara roeroeh
angremih madoening sekar
ki dipati kapadan loengiding kapti
katoedjon legaweng tyas

55. pandam lilin woes mati ginoenting
noelja ginoelingken mas Tjebolang
soemeleh miring rakite
ki dipati kapoengkoer
pan karakct keket neng woeri
dangoe areredjengan
sindjang woes karangkoes
angikal warastra mapan
santosa dreng adon-adon adoe manis
toemandoek pan dinadak

56. kinoekoehan makas angengkengi
dia-dinia dinaja-daja
dinoea-doea tan poleh
sinerot anoelja loed 1)
amrekeneng kena ginati

1) prajoginipoen: ngloed.

mas Tjebolang garondjal tyasira
koemepjoer pinarwasa kawisesa
sasolahe kapidih oematoer ririh
ingkang sareh kewala

57. saja gembira ki [2]) dipati
amranani ing sakersanira
ing reh rekasa woes rame
tan wiwal denja kiwoel poelintiran
angoentir-oentir anter antaranira
nirken ing dyah ajoe tapis
rarasing wanita winetara lan
Noerwitri kasorneki pan kirang
baoedira

58. mas Tjebolang aloewes awasis
ing salata tatening pratingkah
ki dipati karenane
kapadan ing tyas loeloet
pan ginopan panoempoeneki
rerekaning kalangjan
langkoeng soeka noetoeg
telas soerasaning solah
kasreg sinreg binotan riwoeting gati
gita loentoering prana

59. bjar rahina loearing poelangsih
ki dipati sarira marloepa
mas Tjebolang lempe-lempe
sawoesira toetoeroeh ki dipati
angarih-arih pangrehe angrerepa
sarwi ngeloes-eloes Noerwitri
marek ingarsa esmoe goejoe
kaoela poeniki tilik kang mentas
kadjantaka

60. mas Tjebolang ngeblongken Noerwitri
sarwi naoeri mesem ngoedjiwat
aran wong woes pada dene
ki dipati goemoejoe
niwel lati pipi sarja ngling
karone aratjoeta
bebeda kang bagoes
noelja pinaring boesana
bebet iket saboek kelawan koelambi
keris pendok soeasa

2) kirang sawanda, katambahan: a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

61. noelja boesana wong roro sami
penganggenira apan kinembar
djalkitit pada bagoese
ki dipati andoeloe
mring ronggeng ro sangsaja asih
siang daloe karenan
djadjambon anoetoeg
giniliraken trekadang
kinarsaken ronggeng ro sareng saratri
soepe mring para garwa

62. kang parestri nora den-pradoeli
moeng Noerwitri lawan mas Tjebolang
alengket lir goea 1) ledeng
ing siang daloenipoen
mas Tjebolang iriban liring
mring pra selir biadan
sisinglon poelang joen
lamoen Noerwitri kinarsan
mas Tjebolang nilib marang para estri
gerang-gereng kewala

63. sekatahe para estri-estri
samja kedanan mring mas Tjebolang
abagoes gampang oewange
milanja samja toetoet
Tjebolang jen adoes mring djawi
estri gebel ambegal
amrih pinoelangjoen
linaden aneng padoesan
jen woes toetoeg loemeboe angampir-ampir
rikatan bari liwat

64. dadya pandjang kidoenging pawestri
sandoeng djekloek angob koelakepan
mas Tjebolang kang den-ame
samja jon brangta woejoeng beda lawan
Noerwitri tani geleme jen djiniad setoen roro
teloe tan ngeprah lir mas Tjebolang sabab
ki mas Tjebolang pan doewe adji ja
pangontong-ontongan

65. bisandoega sakateping estri
ingkang tjilik lawan ingkang dremba
mi wah landoeng lan tjelake
tjinilik jen ing tjioet ingkang.
omber dipoen-agengi

1) prajoginipoen : goela.

kang anggajer dojanan . tri daloe
tinoetoeg lan weroeh enggoning rasa
woes rinadjah radjanare ring pawestri
traping asmara gama

66. milanipoen parestri agampil
kang doeroeng kena kedanan roepa
kang woes kakenan angenel
tana daratan ketoeng
katon bac rahina wengi
kadya wong kasoeroepan
djoto lengoek-lengoek
lekas obah andjerantal
mintai-mintoel akikintil kang kaesti
kontole mas Tjebolang

67. abdinira estri-ki dipati
katah ingkang woes[2]) dinedjahan
kari kang woes kempong bae
setoen roro teteloe
ingkang nora dipoen-greweli
toewin djawi andjeprah
kaprah reboet pajoe
angoepaja pinilala
mas Tjebolang belaba- laboeh mragadi
eber wani kelangan

68. arta boesana mjang ali-ali
paringanira ki diapatya
pinaring sapanjoewoene
ia gandjaranipoen
mas Tjebolang tan nedya soegih
moeng ambandani bedang
dadya ngoendoeng-oendoeng
pan aiboet sisinglonan
kadi toja neng talang telas tan kari
amoeng teles kewala

69. mas Tjebolang kelawan Noerwitri
ingkang lagja kanggep kinasian
kinoengkoeng neng djero bae
bisa kondoer jen adoes
pan sinambi bedangan nilib
nanging datan konangan
tingkahing ngasingloe
moeng kang loemrah liliringan
tan ngapaha mas Tjebolang djatineki
ngajoeti angajangan

[2]) pra|oginipoen : sampoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

70. selaminira ronggeng kekalih
binotan sih pan woes pendak dina
ki adipati lingloenge
kawoeron ronggeng kakoeng kang
kawengkoe ing siang ratri woes
soepe langening dyah para
garwanipoen toewin pra prameanira
pratelaning dasih tan arsa nampeni
milahoer ronggeng lanang

71. pan keledon kodeng nandang brangti
tita antara ketare-ng tingkah
kahana kaoetjap ngakeh
ronggeng ro kang djinamboe
boeboekane ananggap singir
soesah pra selirira datan
pinalahoer
moeng ronggeng lanang kinarsan
sekatahe para Iangen nekad sami
ambelani bendara

72. miwah mas Tjebolang denja nilib
woes kawentar pan baloentahira
somahan randa sedene
landjar prawan kinermoes
satingkahe anglelanangi
sakeh kang doewe sanak
bodjo mjang sedoeloer
samja panas atinira
meksih adjrih nanging tansah ngintjim-intjim
dadya ngeneb kewala.

73. woes mengkana nahen ki dipati
kang lagja neng gedong tetelonan
tan kena benggang kalihe
sisiwo siang daloe
datan soeda maiah saja sih
ademel kadi goela
keraket lir antjoer
kantil-kantil kikintetan
mas Tjebolang Nocrwitri ki 1) dipati
neng gedong gegendongan

74. noedjoe semana kalaning ratri
ki dipati lawan mas Tjebolang
tan taha-tinaha dene
saking sih woes ketjampoer

1) kirang sawanda, katambahan: a.

woring karsa karasikaning
koelina kinalilan
tanpa krama matoer
koko-kinoko kewala
ki dipati mesem angling bisik-bisik
marang ki mas Tjebolang

75. soen tetanja marang ing sireki
sajektine endi kang mi rasa
moenggoeh wong djedjambon koewe
apa ta ingkang djamboe
kang kapenak boengah ing ati
nikmate kang mirasa
apa kang djinamboe
kang endi bedaning rasa
mas Tjebolang naoeri goemoejoe ngikik
pan sarwi atjetjepan

76. kang satemen-temene kiai
ia moenggoeh prabedaning rasa
asanget akeh kaote
mirasa kang djinamboe
koemesare ameratani
tan ana tondenira
rasaning tyas nganjoet
amleng tjoemleng kalenjeran
ngoenjer-oenjer mrekinding pating garingging
anggo den-anggang-anggang

7,6. ki dipati kenjoet tyas kepengin
angandika marang mas Tjebolang
sarwi gaiigik goejoene
apa ia satoehoe
jen mengkono toetoerireki
lah pajo tjoba-tjoba
jen kaja toetoermoe
sasmita woes kawistara
ginoeiingken mas Tjebolang pan angoekih
lingkabe" ingkang wastra

77. sinembrama ing srenggara manis
ki dipati winarga piloeta
sekala soepe priane
lir dyah raosing kalboe

dock rinoengroem ingarih-
arih wastra kirih woes
singsal
warastra toemandoek
soementeg sentoeging woentat
mas Tjebolang noelja sarat matek adji
pangontong-ontong makas

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

78. loegoe ageng akengkeng toer litih
woes andjatok ing tjitak dinadak
andedel sroe pemadale
ki dipati andjeploek
makpet panonira alangking
tyasira terataban
kokonang koemepjoer
anengkali-nengkah tan polah
pan sinerod pantog ki dipatyandjelih
lah oewis adja-adja

79. woeroengena bae adoeh oewis
ki dipatya barebel kang waspa
androewili sesambate
kabotan ing panjatoe
sanjatane dereng nglampahi
sapisan kedrawasan
winisesa sengkoed
apan sarwi rinarepa
ginoentoeran srenggara pengarih-arih
rapeh sareh tyasira

80. wonten senggange tyasira kedik
tan betah kang sarira rekasa
tansah ngesah pamoewoese
soedanen pangeloedmoe
lelegede anjenjamari
doeh welasa maring wang
tan kawawa tengsoen
mas Tjebolang ngres tyasira
pan ginelak ing sakarsanira pinrih
soepaja ge loeara

81. rongeh panregira bjatning gati
kang kasregan ngadoeh ah ah ngesah
doedoe sebae-baene
ki dipati kepojoeh
arijengkeroeng sangsaja sakit
gadeder akedjotan gatining
prana woes warastra lon
linoearan
pan djoemebrol andjoemboel djedjamboe midjil
kebes rembes loedira

82. anelesi aneng kasoer sari
sariranira ki adipatya
ngaloemproek marloepa tjape
riweanira koemjoes
toelang kedjoe tan bisa osik
mas Tjebolang soengkawa
mjat bendaranipoen
tinoeroeh woes sinotyanan
ngemoe waspa denira loearan endjing
gegetoen mas Tjebolang

83. noelja Noerwitri prapta neng ngarsi
ambrebes mill aparembean
noedingi sipteng ke mase
Tjebolang ngawe woek-woek
netya poetjat angoengoen sami
apan sadina pisan
tan bisa aloenggoeh
ki dipati denja gerah
mas Tjebolang anoedoeh marang Noerwitri
ngambil godong pa-apa

84. ingkang kinen tan adangoe prapti
godong papa poepoese minantran
pan ladjeng winenjed bae
noelja djedjamboenipoen
pan pinetelakon aririh
poelih wiwironira
gjaning ganda maroe
pan woes senggang gerahira
nanging taksih wonten letjeke sakedik
mjang rapoehing sarira

85. noelja saged lenggah ki dipati
animbali garwa selirira
sedaja prapta tan soewe
samja atap neng ngajoen
woes dinoega gerahireki
apan gerah geroah
tan lidok oedjarkoe
ngendika lon ki dipatya
marang para selir moendoet dahar aglis
anoclja sinaosan

86. woesnja dahar linorodken sami
ronggeng ro woes pinaring lorodan
anoetoeg nadah kalihe
gja tjinarikan sampoen
ki dipati ngandika aris
mring garwa selirira
manirarsa kondoer
tatanen panggonan ingwang
gedong koelon resikana den-baresih
sakehe garwaningwang

87. ajwana kang loenga-loenga sami
angadepa bae raganingwang
adja iren saroepane kang
liningan oematoer

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan sedaja sendika sami jata malih
ngandika mring ronggeng ro waoe
eh Noerwitri lan Tjebolang . ing
saiki modiha metoe karijin ia
mring Pakaoeman

88. jwa loenga neng wismane Djamali
lamoen ana ing sakarsaningwang
adja nganti soewe-soewe
dening paringanamoe
kabeh pada gawanen moelih
manembah kang liningan
samja matoer noehoen
woesnja ngandika saksana
ki dipati noelja kondoer lan pra selir
mring daiem ageng ngarsa

89. jata mas Tjebolang ian Noerwitri
medal mantoek marang Pakaoeman
kang ambekta dandanane
parestri djro kang njangkoel
ngiring kimas lawan Noerwitri
tan dangoe noelja prapta
wismaning pangoeloe
ki Djamali oeloek salam
noelja sesalaman sarwi ngantjarani
marang ki mas Tjebolang

90. sami kaloedjengan dene a [1]) lami
anaoeri inggih kaloedjengan
ki Djamali pandongane ki
pangoeloe atnoewoes anak emas
lamoen marengi moenggoeh
ridjeki Allah kerana 'llahipoen pan
koela moedjoer sidekah sekadare
poen anak genja maringi arta
kelawan sindjang

91. sawontene gih kaoela ngemis
saking sakeglik winratanana
sabab koela dongakake
mas Tjebolang amoewoes
inggih mangke koela ngatoeri
anoelja woes sinoengan
sindjang arta sampoen wiar
tjioet lawan destar

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: a.

arta gangsal real Djamali nampeni
matja alkamdoe **lillah**

92. noelja kang estri njai Djamali
ingkang anem mesem-mesem mara
koela poendi oedjoerane
arta lan sindjangipoen
gja sinoengan arta tri ringgit
lan sindjang noelja ki mas
pamit moendoer mantoek
woes djenak neng pondokira
mas Tjebolang tan soeda baloentahneki
sajomber angelantrah

93. aneng djawi woes sadasa ari
mas Tjebolang pan ara[2]) kepalang
apoelang joen lan bedange
mitra pawestri manggoeng
nama Djae-manis mantesi
petel marang pondokan
edjleg siang daloe
saben-saben tinimbalan
pan kepanggih aneng pondokanireki
Tjtebolang Pakaoeman

94. pan binendon kongsi den-geboegi
saprandene nora tobat-tobat
meksih ambalebed bae
iriban siang daloe
Djae-manis memanas ati
malah kagoenganira
katali itjalipoen
arta boesana sedenja
asring Djae-manis ingkang njonjolongi
sinoengken mas Tjebolang

95. samadjade mas Tjebolang soegih
pan tjinatoer manggoeng selir samja
ingkang woes wawoeh waoene
agoeng pawewehipoen
boesanarta lan boerat wangi
ingkang dadya djaroeman
Djamal rabinipoeh
njai Djamal langkoeng bisa
loewih dangan doek neme [3]) dadya ringgit
sinelir ki dipatya

96. linorod pan pinaringken maring
ki Djamali apan woes patoetan

2) prajoginipoen : arang.
3) kirang sawanda, katambahan: e.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kekalih pan mati kabeh
marma lir prawan kentjoer
arang kang wroeh jen woes sisiwi
dasar woes wanoeh lawas
Ian ki mas poenikoe
nanging kang lanang tan wikan
moeng bodjone kang toea njai Djamali
wewadoel mring kang lanang

97. ki Djamali meksih nengah minggir
winadoelan bodjone kang toea
nanging tinampel wadoele
jen noedjoe giliripoen
mring kang enem renes kepati
rinampad saben dina
oleh kang djinaloek
satjiptane linadenan
liwet anget lombok kentjeng lawan petis
dendeng goreng gepoekan

98. jen panganan srabi bang wi legi
tan ginopan saliane ana
kang nem langkoeng goematine
jen gilir mring kang sepoeh
krep kapiran asring kalingsir
sahanane pinangan
moeng wareg wewadoel
tan giniteng wadoelira
ing batine ki Djamali pan woes oening
sesenggolan kewala

99. nora dadi pikire kang roentik
tan ngapaha djaban part tnana
moeng boeroe renese bae
nadyan weroeha toehoe
bisa ngampet nepsoe rigalingi
jata ngalama-lama mas
Tjebolang waoe datan kenging
sinajoetan .genti-genti selire ki
adipati akatah ingkang prapta .

100. djarocmane pan njai Djamali
ngiras djarocman talang toeronja
toer demitan saprandene
keboeran akeh weroeh
katoer rnarang ki adipati
katah ngaben ing basa
dasar abdinipoen dipati
geting sedaja
sang dipati miarsa kelangkoeng roentik
pan woes gempal sihira

101. arsa tinoekoep tjinara maling
noelja nimbali mas patih sigra
tan dangoe prapteng ngarsane
lan saprameanipoen
ki dipati ngandika wengis
mas patih soen miarsa
pawarta kang saroe
jen si Tjebolang njeloentang
angaloenjat apa njata wani-wani
mring para selir ingwang

102. kang katitik moeng si Djae-manis
saben soen timbali nora nana
katemoe aneng pondoke
pisan pindo ping teloe
jen mengkono tjemer si santri
ngilangken kabetjikan
kaja asoe boentoeng
betjik si dalang badoedan
nora woeroeng metoe edane si andjing
tan kena binetjikan

103. ki mas patih matoer biantoni
inggih leres doedoeka padoeka
ing djawt goemjah wartine estri katah
tjinintoeng tjentang-tjenteng amengarahi
kang den-iwat ambekta sagadahanipoen
boesanarta njanjamikan milanipoen abdi
katah ngintjitn-intjim anging adjrih
padoeka

104. jen angsala pangadja kang abdi
angedjoera dateng poen Tjebolang
abdi dalem sedajane
samja geting andoeloe
datan wonten remen satoenggil
mas patih moesawarat
ing prameanipoen
sedaja saoer koekila
inggih leres ki loerah atoerireki
tan wonten ingkang lepat

105. rajang kantja koela pramea mantri
wonten bodjone ingkang kakenan
toewin anak sedoeloere
ing mangke wewah poeroen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angresahi langen priaji
prajogi dipoen-poerak
dimene djoer moemoer
tan pantes den-ingoe gesang
pra pramea samja sagah ting barekis
neng ngarsane dipatya

106. ki dipati ningali pra mantri
samja gregoet solahe gambira
wonten soedane soekane
awelas djroning kalboe
angandika marang mas patih
kaprie akalira
adja kongsi loepoet
ing patine si Tjebolang
ajwa kongst kawroehan wong sanegari
mas patih atoer sembah

107. lamoen pareng karsa sang dipati
ringkes tjinara pandoeng kewala
kinawalan panjidrane
daraponipoen samoen
ki dipati pan woes marengi
jata malih ngandika
mring mas patih goepoeh
lah ta ajwa kelajatan
mengko bengi toekoepen tjaranen maling
mas patih toer sendika

108. noelja kapilih kang para mantri
kang pitaja angentasi karja
rolas kang wani ing geteh
dinawoehaken sampoeh
ing pratingkah ngangkah wewadi
den-kena ajwa tjorah
tjaraning asamoen
pramea matoer sendika
noelja kinen loearan sedaja midjil
woes samja asedia

109. lingsir kilen asar wajahneki
jata kang wonten ing pemondokan
pasantren Pakaoemane
mas Tjebolang doek loenggoeh
Ian santrine papat bibisik
matoer jen angsal warta
nanging warta toehoe
apan woes katoer sedaja
sareng mjarsa kimas angres ingkang galih
noetoeh sariranira

110. jata pikir bade angontjati
ing remboege santrine sekawan
nenggih woes soeroep wajahe"
ki mas goemingsir goepoeh
santri gendong tan 1) kari
loemebeng wana wasa
bok bilih binoedjoeng
manna loemebeng ing wana
langkoeng brangta ing tjipta pan bade moelih
mring rama atoer tobat.

5e Zang; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. lan malih matoer woes mari
nglakoni tindak belasak
jata semana osike santri
matoer paran karsa ing lam
pah sampoen tita anggoeng
kabegal ing batoek woes
sedeng memarenana

2. poenika minangka piling
andika poetreng olia
Ian malih woes wroeh soeroepe
namane ing batal karam
prandene den-teradjang mas
Tjebolang saoeripoen lah ia
woes bener sira

3. moengna kang woes soemlakoni
jen malih anglakonana
tobat nasoka jektine roemasa jen
antoek dosa noendjang walering
bapa kapindo dosfeng Hjang
Agoeng dene soen angroesak
sanak

4. katoet panggawening eblis
kapareng maksih rineksa
pan ora sida metjetet santri
Saloka toerira nadyan dika
mantoeka wontena toek-
antoekipoen jen dinangoe
rama toean

5. bab moesawarating elmi
rehning kesah sampoen lama
sampoen katon temen mangke
loenga noet pikir belasak

---

1) kirang 2 wanda, katambahan: ana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jekti woewoeh dinoekan mring
ramanta sang awikoe ki mas
aris saoerira

6. bener karsanira oegi
lah ta paran karepira
ingspen darma noeroet bae
ki Saloka atoerira lamoen
pareng kang karsa apan ing
goenoeng Semeroe
pawarti wonten wong tapa

7. langkoeng denja mati ragi
kinasihan *ing* Hjang Soeksma
bantas ngiwa panengene
aran boejoet Dana-darma
nanging woes ngraga Soeksma
jen kang sinoeng rahmat waoe
sang pandita jekti ana

8. jen kang tan. sinoeng rahmati
anenggih soewoeng kewala
poenikoe ing pawartane
Karti-pala namboeng sabda
leres ingkang pawarta
doek ing dingin koeia toemoet
marang swargining poen bapa

9. pan wong nenem kang loemaris
toer samja apedjah brama
pitoeng dina ing lamine
prandene soewoeng kewala
oelihe pelarasan
malali wonten wong kang toetoer
ngalih mring goea Sigala

30. ki Tjebolang mesem angling
djadjal pajo pinaranan soen tandane
awak ing wong 1) jen ingapoera
dening Hjang sajekti teka ana jen
tan ingapoera ingsoen pestine ikoe
tan ana

11. jen mengkonoha oepami
jekti ingsoen ngoer matia
leboer aneng ardi kono lah
kowe bae moeliha matoera kjai
bapa

---

1) prajoginipoen: ingong.

woes saja roemasa ingsoen
jen akeh dosa manira

12. ing Hjang Soeksma lawan malih
kangdjeng -nabi kang Moestapa
jata woes ladjeng lampahe
marang goenoeng Meroe-dipa
semana bjar rahina medal
saking ing wana goeng noeroet
wana tarataban

13. ngambah djoerang ngiring-iring
pepereng paroeng aparang
toemoeroen ing djoerang sigrong
tan ana doergama ngetang [2])
langkoeng tobat ing Soeksma
anangis sadjroning kalboe
den-pepati sariranja

14. datan kawarna ing margi
semana pan sampoen prapta
ing Meroe-dipa soekoene
anenggih ingkang ler wetan
pan wonten goeanira
jen kang tan antoek pitoeloeng
goea poenika tan ana

15. jata neng ngandap koesambi
sira ki emas Tjebolang
lawan wong papat rewange
toemingal goea tan ana
langkoeng soesah ing dria
Tjebolang maras ing kalboe
ngrasa jen ora katrima

16. angling mring santrinireki
wis kabeh pada moeliha
matoera ing rama mangke woes
kaleboe oedjar ingwang jen
ingsoen tan panggiha kelawan
ingkang piloenggoeh woes soen
sedya ngoer matia

17. aneng ing kene wak mami
santri papat atoerira
leboera kaoela derek senadyan
pedjah gesanga jwa pisah Ian
andika mandah [3]) silih
doekanipoen ramanta dateng
kaoela

2) prajoginipoen; ketang.
3) prajoginipoen: mendah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. mas Tjebolang angling malih
jen mengkono karepira
soen tarima sira kabeh pajo
pada rewangana neneda
mring Hjang Soeksma soepaja
temoea ingsoen ia lawan
sang atapa

19. semana kasapoet ratri
ladjetig sami salat kadjat
aneng ngisoring pepereng
ken swara tan piniarsa
moeng andoeloe satoenggal
kang kaija segara goenoeng
kang tan samar mring kaoela

20. semana woes pitoeng bengi
genira apedjah brama
neng ngisoring goea kono genira
mrih kinantia doemareng sang
pandita jata doek semana waoe
mas Tjebolang sinoeng rah mat.

6e Zang; dichtmaat: KINANTI.

1. moeng badane dewe sinoeng
oeninga mring sang atapi
santri papat tan oeninga
jata sang tapa doek Iinggih
pitekoer djawining goea
tan samar marang kang prapti

2. jen soetane mitranipoen
sigra ingawe mring ngarsi
mas Tjebolarig goepoeh mara
praptane sigra noengkemi
ing padane sang pandita
sang tapa angrangkoel aris

3. sarwi angandika aroem
owel temen sira iki
dasar anaking pandita
kapindo warnamoe sigit
dene polahmoe belasak
apa woes tobat sireki

4. dening katemoe Ian ingsoen
toer senibah kang sinoengan ling
matoer inggih sewoe tobat
jen anglampahana malih
nenggih panggawe 1) salah
ngemoengna kang woes kawoeri

5. goemoedjeng sang apaloenggoeh
sarwi angandika malih
owel temen ngelmoenira
woelange ramanireki dadak
sira go slewengan mengko
ingsoen awawarti

6. jen sira doeroeng soemoeroep
ramanira lawan mami
aprasasat toenggil welad
doek anom lan ingsoen iki
goeroe seh Kadir-djalena ki
ageng Karang kang dingin

7. aneng Karang teloeng taoen
pondoke toenggal Ian mami
pisah-pisali bareng toea
woes tega pretjaja sami gon
tinitali aneng donja nadyan
tan kepanggih lami

8. ramanira lawan ingsoen
sasat tan pisah sahari
saking woes toenggil ing rasa
nanging manira woes doegi
kang pinaringaken sira
paraboting salat dakim [2])

9. arsa ginajoehkcn doewoer
soen doega ramanireki
doeroeng pretjaja ing sira
kang sinoeng oedjar wotsari
matoer mangsa borong toean
kados sampoen ngoedaneni

10. jata papat santrinipoen
samja gegetoen tan sipi
mjarsa loerahe ketrima
sinoeng oeninga sang resi
ketara bikoet sembahnja
mokal jen njembah ing sepi

11. jata sang pandita sampoen
njipta dadaran mawarni
sinoegoehaken kang prapta
aglar neng ngarsanireki

---

1) kirang sawanda, katambahan : kang. .
2) prajuginipoen : **daim.**

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sekoel oelam dadaranan [1]) mas
Tjebolang djenger oening

12. toemon sektine sang wikoe
kelangkoeng denira adjrih
sang tapa alon lingira
pajo mas daliaren noeli
iekoe riajanira
wong mentas apati geni

13. kang sinoeng ling matoer noehoen
jata woes anadah noeli
langkocng saking kanikmatan
sang tapa pan angetjani
toemoet adahar wowohan
dangoe denira aboekti

14. sawoesira dahar matoer
mas Tjebolang mring sang tapi
poenika rentjang kaoela
paran karsa toean inggih
poenapa inggih kenginga
lawan padoeka pepanggih

15. sang tapa aris soemaoer
ikoe babo nora keni
lah la senadyan sira
moeng soen wangeni
sawengi woees sesoek
noeli moelia marang
Sokajasa ardi

16. ramanira
sakelangkoeng onenge mring
sira oegi lan malih jen
ramanira dajohan poetra woes
lami roro kang sidji wanodya
iekoe poetra ing Giri

17. saroesake Giri ikoe
binedah mring pangran Pekik
garwa poetra pan sedaja
binojong marang Matawis
ana poetra sing ampean
titiga toenggal sabibi

18. Djajengresmi ingkang sepoeh
mangoelon parane ngoengsi
Djajengsari pan arinja
Ian arinipoen pawestri jekoe
babo ingkang prapta temoe
Ian ramanireki

') prajoginipoen: dadaliaran.

19. woes lawas gjanira panggoeh
ia sapoengkoerireki
mas Tjebolang doek miarsa
pangandikane sang jogi
koemepjoer ana kerasa ing tyas
kang tamoe pawestri

20. toer sembah alon toeripoen
jen pareng karsa sang jogi
rentjang kaoela poenika
bade kaoela warteni
jen amba ing dinten bendjang
enggen padoeka nglilani

21. sang tapa ngandika aroem
ia wartanana sami
Ian maninge paringana
sekoel lan dadaran sami
kang liningan sigra mentar
bekteng daranan [2]) Ian nasi

22. miwah Ian saoelamipoen
mawarna-warna mepeki
praptane sinoengken sigra
santri papat soeka ngenting
jata noelja winartanan
kapat soekane tan sipi

23. mas Tjebolang sigra wangsoel
prapta ngarsane sang jogi
gamboeh ing solah wiraga
semana kasapoet ratri
sang tapa woes mandjing goea
mas Tjebolang pan ingirid

7e Zang; dichtmaat: GAMBOEH.

1. prapteng djro goea sampoen
sang tapa lenggah ing sela pingoel
sang minta sih aneng keringira linggih
jata djateni asoeng wroeh
sang tapa marang sang anom

2. dene wong oerip ikoe
ingkang sajekti pesti jen sinoeng
kanoegrahan maring Hjang kang maha Tinggi
ingaran badan tjahja noer
wiwitan wekasan kono

---

2) prajoginipoen: daharan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3. pesti langgeng poenikoe
annning Hjang dene ta sirekoe
wahja moelja tan kadjisim ananeki
poenikoe pan arsa weroeh
kang sinoeng ling matoer alon

4. roemijin amba ngroengoe
nenggih ingkan-g wirajat poenikoe
pan paesan wahja djati kang sajekti
djatmika kadoeloe lemboet
poenapa inggih sajektos

5. sang tapa ris soemaoer
dening kang aran -paesan ikoe
sajekti 1) ia djasat roh ilapi
paesan djatmika ikoe
lemboet tan bisa maring gon

6. dening ta widjilipoen
wahja djatmika djasat poenikoe
ing tegese kabeh ikoe roh ilapi
pan paesan tegesipoen
jwa salang soeroep ing kawroh

7. ana malih winoewoes
paesan tan mantoek ing direkoe
lawan djasat ia tan mantoek ing diri
ia endi roepanipoen
paesan kang ngilo djatos

8. lawan wajangan ikoe
endi silih ia poerbanipoen
mas Tjebolang oematoer saha wotsari
kasinggihan sang poekoeloen kaoela
noewoen djinatos

9. sang tapa mesem moewoes
Allah ia ing sasmitanipoen
apan kadi woelan ing ananireki
paesan kang [2]) wahjekoe
djatmika lemboet tan awor

10. endi ta roepanipoen
wajah djatmika tan aneng woedjoed
loenga ingkang paesan paran poeniki
oendak-oendak sasmitekoe ana kang
angilo kono

11. kadi paesan sewoe
wewadahe paesan di loehoeng
datan ana roepanta anane nenggih
gedah ist hernawekoe jekoe prenahe
Hjang Manon

12. padesi woelan ikoe
saini roepa sasi gedah sewoe
kasenenan denireng gebjarjng sasi
sasi toenggil warnanipoen
endi sasine kang jektos

13. kang sinoeng oedjar matoer
inggih toean djarwakna poekoeloen
sang tapa ngling dening sasmitaning sasi
kang neng djro paesan ikoe
aisi madoe kinaot

14. dene kang wahja ikoe
apan wewajangan jektinipoen
apan doedoe kahananing Hjang kang djati
lamoen sira arsa weroeh angiloa damar
kono

15. lir djasad soemboenipoen
ia ikoe mangka djisimipoen
ia-endi roepane djasad poeniki
kawroehana oeroebipoen Ian
soeroepe arsa weroh

16. ing oeripe poenikoe
doek doeroeng prapta di oeripipoen
lawan endi roepane damar poeniki
jen mati di gon soemoeroep labete
geni kang rawoh

17. sasmitaning njawekoe
nenggih lawan djisimira ikoe
ia, endi roepane njawa lan djisim
api endi labetipoen
kang sinoeng ling matoer alon

18. tegese islam ikoe
sampoernane endi ingkang tinoet
sang pandita aris denira naoeri
rokani reke poenikoe
kalboening moekmin kinaot

19. moekmin ingkang linoehoeng
ingkang tan pegat sembahjangipoen
dening padanging tyas kang arsa matitis
kang bisa matekken ikoe
ing badan anggoeng winasoh

20. pesti kalamoen sinoeng
padanging tyas ja maring Hjang Agoeng

---

1) kirang sawanda, katambalian : ne.
2) kirang sawanda, katambalian : ka.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang liningan oematoer sarja ngabekti
kaoela malih oematoer tegese
salatkinaot

21. menggah ing tertibipoen
adege oetawi jen 1) loenggoeh
sang tapa ngling kang roekoek pan angsal[2]) angin
dening ia oeripipoen
angsal boemi kang aloenggoh

22. dening takbir poenikoe
makripate kang sampoerna jkoe
olih banjoe dening kang sarengat singgih
kasoetjiane poenikoe
tan owah gingsir ing enggon

23. lan tan woworan ikoe
denira non marang ing Hjang Agoeng ing
loenggoehe kakekat loenggoehe nenggih joen
angrawit ing pandoeloe lan tan owah ing
wiraos

8e Zang ; dichtmaat: SINOM.

1. kang sinoeng ling matoer nembah
paran ingkang asal angin
lawan kang angsal pratala
sang pandita anaoeri
adeg oeripireki
sabda Allah tahjatipoen
pan ia ikoe Allah
sabdekoe roekoene singgih
soedjoed Allah oerip nelahi boeana

2. pan loenggoehe Ingkang sabda
sembahjange ikoe singgih.
tan pegat ing takbirira
roekoen sadat sarengati
ka [3]) tarekat poeniki
sembahjang reke pamoewoes
angsal angin poenika
kelawan toja sedjati
ajoen awas babo ing paningalira

3. dening sipat tegesira
karep-karep kang poeniki
marang panggawe oetama
karep kang mring rasa djati
rasa kang idep maring Moehammad
toewin Hjang Agoeng angsale boemi
ika loenggoehe- kakekat singgih
angsal angin pan ora kena ingisab

4. angsal boemi saking hawa
banjoe saking aksareki
alip kang mangka wekasan
kang liningan matoer aris
toean ladjengna malih
pan meh padang manah oeloen
goemoedjeng sang pandita
sarwi awetjana aris
karep lawan tjahja pan ing tegesira

5. madi tegese Moehammad
kahnaning nepsoe poeniki
kang angsal angin poenika
dadi badan ikoe jekti
dada dadining warih
edat saking boemi ikoe
amperoe saking bra ma
banjoe apan dadi ati
banjoe loehoeng sedje ingkang dadi dada

6. angin apan dadi swara
boemi loehoeng dadi boedi
endi kang katoer pangeran
ia ingkang aneng ngarsi
den-waspada sireki
boemi kang katoer roemoehoen
paran ingatoerira
noer tjahja ingkang sajekti
angsal banjoe nenggih soedjoede poenika

7. nora katoer ing pangeran
noer mani joen kang nampani
angsal boemi saking rasa
ja rahman ikoe sajekti
rane kang ngroengoe nenggih
de pangoetjap djroning kalboe
iekoe aboe loelah
lir tjahja warnanireki
djro segara oeripe pan kadi retna

8. loenggoeh poetjaking kang grana
kang joekoek pan angsal warih
den-adepken mring siroellah
tjahjane lir lintang ngalih
wroeh ing djasad pribadi
pareke lawan Hjang Agoeng

---

1) kirang sawanda, katambahan : a.
2) prajoginipoen : asal.
3) prajoginipoen ; kang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nora sakoetoe ia
Ian pangeran rasa toenggil
ing artine woes nora nana pangeran

9. woes poedji-pinoedji dawak
angel kang oedjar poeniki
jen kang tan sinoeng noegraha
saratana mati ragi
karemening Hjang loewih
manoesa kang tabri namoen
kang agoeng maii raga
kang roemasa genja oerip
nora pisan ngakoe oeripe priangga

10. ngrasaha jen bade pedjah
aneng donja iki kanipir
soemoengkem ki mas Tjebolang
ing padanira sang tapi
matocr kang moegi-moegi
angsala berkat') poekoeloen
saged anglampahana
ing woelange sang ajogi
woes[2]) sinigeg semana woes bjar rahina

11. sedaja denja moemoelang
ing elmoe ingkang ginaib
kang winoelang tyasnja padang
semana tinoendoeng moelih
sarta wineling-weling
toer sembah ki mas dyan moendoer
medal saking djro goca
woes panggih Ian rentjang sami
pan winartan sareh kalaneng djro goea

12. rentjang papat samja boengah
nerka jen ki mas ing mangkin
karem marang kaoetaman
jata ladjeng mangkat sami
daroeng lampahir&ki
genira bade oemantoek
daja-daja wikana
nenggih datenging tetami-
koeneng ingkang neng marga gantya winarna

13. kang neng goenoeng Soka-jasa
Djajengsari pan woes lami
aneng ardi Soka-jasa
Ian ari ken Rantjang-kapti
anglir poetra gen jogi

') prajoginipoen : bcrkah.
[2]) prajoginipoen : pan.

sang tapa pangrengkoehipoen
pan woes telas sedaja
ngelmoe ingkang haib-haib
kang ginedong kinandoet woetah sedaja

14. dasar manalie rahadyan
pasang grahitane lantip
marma kang tapa sangsaja
tresna troesing lahir batin
dening asmareng elmi
men soepe poetra kang nglangoed
nanging sang apandita
tan samar poetra meh prapti
lawan sarta antoek noegrahaning Soeksma

9e Zang; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. semana sang tapeng lagi
pinarak aneng ing langgar
bakda ngasar ing wajahe
pan amoelang elmoe rasa
marang kang waoe prapta
lan moelang rakiting lakoe
kang bisa mati djro gesang

2. gesang sadjroning kepatin
selamine moeng poenika
kang dereng winoelangake
santrine ngadep neng ngandap
nenem ingkang sedasa
neng tegal andangir kimpoel
otek djagoeng lan ketela

3. timoen kentang lan kerai
nahen waoe kang loemampah
kapidoeloer lan santrine
datan kawarna ing marga
semana sampoen prapta
ngandap Soka-jasa goenoeng
jata langkoeng pategalan

4. kagjat kabeh wong kang dangir
toemingal mring mas Tjebolang
sigra sami mara age
praptane sami karoena
angling koela tan njana jen
andika ingkang rawoeh
dening lami temen njawa

5. kesah andika mring poendi
kantja-kantja pan anedya
ngoepaja ing sarirane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rama andika tan soeka mekaten
kang timbalan woes adja koedoe
ko roeroeh besoek pan eling
priangga

6. baleni panggawe betjik
goeang gawene kang ala
jen sinjata 1) anak ingong
ajwa soesah ko oepaja
besoek moelih priangga
toer anggawa ngelmoe loehoeng
poenika kang pangandika

7. rama andika ingoeni
marmane kantja manira
sami akendel kemawon
goemoedjeng ki mas Tjebolang
sarwi aris wetjana
dening daja-dajanipoen olea
ngelmoe sampoerna

8. lawan soen tanja sajekti
kangdjeng rama kedatengan
roro sawidji batoere
ing pawarti woes alawas ing kene
kedatengan ingkang tinanja
oematoer saestoe wonten wong-
prapta

9. saoengkoer andika inggih
moeng kaot sapoeloeh dina
tamoe poenika praptane
bekta sederek wanodya.
warnanipoen joe endah
rama padoeka sang wikoe
kelangkoeng genira tresna

10. dateng ingkang waoe prapti
kinempit daloe rahina
lir poetra gen joga dewe
miwah ta iboe padoeka
sami mekaten oega tan
mantra-mantra poenikoe
larnoen poetra pepanggihan

11. nanging ta wartaning warti
poenikou pan peladjengan
poetra ing Giri-kedaton
doek bedahe Soka-radja
garwa poetra parekan

---

1) prajoginipoen ; sanjata.

binojong marang Mataroem .
poenikoe genipoen kcsah

12. tegese poenikoe ngoengsi
anamoer amendem koela
marma ramanta jektine
kelangkoeng genira welas
dateng kang waoe prapta
kados tan samar poenikoe
ramanta sang apandita

13. marang poenikoe kang prapti
mas Tjebolang aris modjar
wis pajo matoera age
ia maring kangdjeng rama
kalamoen ingsoen prapta
pan woes tobat kapok ingsoen
naradjang walering bapa

14. atoerena kabeh sami
sagoenging soepataningwang
agoepoeh ingkang kinengken
minggah marang ing aldaka
jata sapraptanira
ingarsanira sang wikoe
sang pandita woes oeninga

15. sinamoer ataken aris
dene gati lakoenira
lah baja ana gawene Raga-
troena atoer sembah amba
atoer oeninga jen poetra
padoeka rawoeh kendel
aneng pategalan

16. amba kinen toer oepeksi
inggih doemateng padoeka
pan akatali prasetyane
katoera dateng padoeka

jata katoer sedaja saliring
pitoengkasipoen sang tapa
goemoedjeng soeka

17. ngandika soekoer jen mari
pegawehane kang salah
eling lamoen poetraningong
Djajengsari matoer nembah
poenapa ta poenika kang
toean raosi daloe poetra
padoeka kang kesah

18. sang pandita anaoeri
ia koeloep arinira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang soen tjatoer selawase
nanging soen doega ing mangkja
woes eling tetemenan kadangira
watarengsoen banget tobat ing
pangeran

19. Djajengsari matoer aris
kados leres sabda toean
inggih kados poendi maleh
kelamoen boten mantoena
poenapa tan roemasa
lamoen poetranta poekoetoen
1) goemoedjeng sang atapa

20. ngandika Raga-troena ris
enggal noeli timbalana
Raga-troena wangsoel age
praptaning ngandap woes panggja
lawan ki mas Tjebolang
Raga-troena lon oematoer
padoeka angger ngandikan

21. ing rama toean den-gipih
pan sampoen katoer sedaja
saweling andika reke
prasetya katoer sedaja
dateng rama padoeka
sareng mjarsa atoer oeloen
ramanta kelangkoeng soeka

22. koela kinen wangsoel gipih
animbali djengandika
jata mas Tjebolang age minggah
oemarek ing rama sareng waoe
katingal kang rama angawe
goepoeh kang poetra loemampah
enggal

23. sapraptaning ngarsa noeli
anoengkemi padeng rama
kang rama nesep emboene
pan sarwi anenggak waspa
mas Tjebolang karoena
akatah prasetyanipoen
katoer dateng ingkang rama

24. jata raden Djajengsari
toemoengkoel anenggak waspa
pan keraos sarirane
akatah ingkang kerasa

---

1) kirang sawanda, katatnbahan: gja.

kengetan kadangira .
tan karoean paranipoen
neboet sadaleming dria

25. sang pandita ngandika ris
mring poetra ki mas Tjebolang
lah pajo koeloep den-age
ngabektia kakangira
lah babo ikoe njawa
pan ja sedoeloermoe sepoeh
soen toenggilken roh lan sira

---

lOe Zang; dichtmaat: MEGATROEH.

1. jata ingkang liningan anoelja goepoeh
ngabekti mring Djajengsari
sawoesnja tata aloenggoeh
resep tyase Djajengsari marang
ingkang lagja rawoh

2. ngalem ing tyas Djajengsari mring kang rawoeh
iki wong ladak mantesi
sasolahira apatoet lajak
wanodya ken asih andoeloe
wong kang mengkono

3. tan prabeda mas Tjebolang mawas doeloe
angalem sadjroning ati
angling ing tyas dene bagoes
dajohe rama kiai
wingit tjahjane mantjorong

4. adjatmika pesadja bagoes aroeroeh
jata kang rama ngling aris
Djajengsari poetraningsoen
adja taha-taha kaki mring
arinira angrengkoh

5. kang liningan toer sembah langkoeng anoehoen
oematoer sarwi wotsari
moegi estoea poekoeloen
sagoeng timbalan kang maring
kaoela wahjoe kang dawoh

6. dening sanget temen gen toean angrengkoeh
mring koela wong kawlas asih
marmamba langkoeng anoehoen
moeng Allah kang maha tinggi
neksenana raganingong.

7. anggep amba mring toean troes batin kalboe
atanapi sira jaji
ajwa taha mring wakingsoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingsoen iki ngoengsi oerip
ngoengseken sedoeloer
wadon

8. aneng kene temahan ingambil soenoe
marang ing kangdjeng kiai
pan jekti soen oetang oemoer noehoen-
noehoen kang sinoeng ling jata sang
tapa agoepoh

9. animbali marang ing Roebiahipoen
kang pinanggil medal noeli
lawan waoe poetranipoen
sira niken Rantjang-kapti
dangoene pidjer neng pawon

10. bok Roebiah tan oening jen poetranipoen
mas Tjebolang ingkang prapti
sapraptaning Ianggar doeloe
tnring poetra pan rada pangling
woes lami denira bolos

11. sang atapa andjarag pan ora toetoer
mas Tjebolang goepoeh noeli
ngraoep padane kang iboe kang
iboe woes mari pangling wesana
nangis anggembor

12. lara-Iara akatah sesambatipoen
katoeone sira goesti
apa tan welas maring soen
lan malih sira woes eling
jen atmadjaning kinaot

13. ingkang poetra wlas tangise ingkang iboe
senggroek-senggroek meloe nangis
Rantjang-kapti lenggah poengkoer
dakoekocl marebes mili langkoeng
wlas moelat ing embok

14. dening langkoeng bok Roebiah tresnanipoen
lir iboe-iboe sajekti
marma Rantjang-kapti moewoes[1])
tan nangisi ingkang prapti saking
wlas doeioe mring embok

15. sang pandita alon angandika aroem
wis pada ajwana nangis
aran praptane rahajoe soetanira
sinoeng eling marang Hjang
Soeksma kinaot

---

1) prajoginipoen : moewoen.

16. tan winoewoes kang oneng marang ing soenoe
jata ing antara lami
rembag kalih-kalihipoen
Djajengsari anglangkoengi
maoe denira atjondong

17. marang ki mas Tjebolang lir kadang toehoe
tan kenging pisah sahari
samja angrasehken ilmoe
roentoet woes toenggil pamanggih
marma jwa tanggoeng dadya roh

18. pan tjendake bae ing waoe tjtnatoer
semana sampoen apanggih
mas Tjebolang lawan waoe
sira niken Rantjang-kapti
siang daloe akaroron

19. iboe rama langkoeng soekanira [2]) kalboe
miat mring poetranireki
genira krama aroentoet
jata ing antara lami
kang rama grah ladjeng lajon

20. ingkang poetra langkoeng soengkawane kalboe
antawis ing pitoeng ratri
kang garwa noesoel asoeroed
ladjeng sinare anoenggil lan
sang tapa kilen gandok

21. langkoeng dening soengkawa kang kantoen-
kantoen
saja kagagas ing galih Djajengsari
tjiptanipoen dene ta koerang satitik
dawoeh kang timboel maringong

---

l1e Zang; dichtmaat: MAS KOEMAMBANG.

1. pan antara sawoelan soeroedireki
sira sang atapa
santri Saloka toer peksi
mring Djajengsari wewarta

2. amarengi lenggah masdjid Ian kang raji
sira mas Tjebolang lan garwane Rantjang-
kapti pan agoenem ngelmoe rasa

3. kagjat sareng mjarsa Saloka toerneki
ilang bajoenira

---

2) prajoginipoen; soekanireng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sira raden Djajengsari
toemoengkoel asangga oeang

4. ki Saloka matoer malah woes kaping tri
ing sasoeroedira
rainanta kangdjeng kiai wong
poenikoe genja prapta

5. panggih lawan koela langkoeng njala wedi
wong kekalih apan
aboesana tjara santri
ngaken santri Soerabaja

6. tan anjana koela jen poenikoe telik
gen taken ing radyan
langkoeng dening niti-niti
kaoela inggih belaka

7. wingi koela mring ngare sampoen apanggih
sanak Soerabaja
mring wismanipoen pak Kemis
ladjeng djawil mring kaoela

8. jen padoeka ginem 1) pangeran Pekik
sawab wong poenika
padagange pangran Pekik
marma ing goenem waspada

9. saja angles rahaden doek amiarsi
atoering Saloka
ngandika ris mring kang raji
lah jaji sira karia

10. ingsoen titip marang garwanira jaji
bok menawa lepat
poma apoeranen jaji
manira arsa moelana

11. ngongontjati marang goenem kang tan betjik
nanging ia poma
wartakna goningsoen jaji
jata kang sinoeng wetjana

12. mas Tjebolang Ian garwanira noengkemi
padane kang raka
sarja sroe denira nangis
Rantjang-kapti magep-magep [2])

13. apan ladjeng kantaka ken Rantjang-kapti
pan woes timoer moela
jen moewoen pegel kang galih
atemah niba kantaka

1) kirang sawanda, katambahan:
ang. [2]) prajoginipoen: megap-megap.

14. Djajengsari jata angandika aris
adoeh ariningwang
adat temen sira iki
jen nangis bandjoer kantaka

15. ngendi ana ing wong pipikiran betjik
temahane pada
andadak sira tangisi jata
sira mas Tjebolang

16. ingkang garwa pinangkoe sarja anangis
adoeh mirah ingwang
paran polahingsoen kari jen
sira toeloes palastra

17. baja-baja ingsoen edan toeroet margi
nimas awoengoea
jata raden Djajengsari kang
raji woes sinotyanan

18. noelja nglilir poepoengoen anangis ririh
angling ingsoen kakang
soetik kari aneng riki
senadyan mati oeripa

19. nora gelem pisah Ian sira sajekti
goemoedjeng kang raka
nora kaja sira iki moendoeran
kaja doek botjah

20. pae dingin sira doek doeroeng akrami
saparan pan mangsa
kenaha sah lawan mami
ing mengko woes doewe krama

21. jekti abot ing wong angladeni laki
sira mas Tjebolang
namboeng sabda sarwi nangis
poenapa inggih kaoela

22. toean kesah koela pan dinalih kari
mangsa ta poeroena
sapoeroeg amba toetwingking
sanadjan pedjah gesanga

23. nadyan inggih pedjah gesang adjeng oening
kang raka ngandika
paran polahingsoen jaji
lamoen sira toetwoeria

24. sajektine nora oleh dene jaji
ia pet-oempetan
Saloka namboeng sabda ris
jen kedah temen rajinta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

25. atoetwoeri marang ing padoeka inggih
pan kedjawi kantja
sedaja kinen angari
jen malih wonten wong prapta

26. jen pitaken ing padoeka inggih gampil
ing sahawad-awad
koela warti jen woes anis
saking ingriki wikana

27. ing poeroege koela boten ngoeningani
jen sampoen padoeka
andok noenten toean noeding
asocng wroeh dateng kaoela

28. gih poen Boeras toemoenten padoeka toeding
pes£in£ kaoela
lan sanan 1) anoesoel sami
inggih demitan kewala

29. pan sedaja mangsa sida daka inggih
pisah raji toean
wong kantet-kinantet sami
tan wonten sedje satoenggal

I2e Zang; dichtmaat: KINANTI.

1. bab kabeh sentananipoen
woes ingoendang sami prapti
ander sedaja neng langgar
jata sampoen den-warteni
marang sira ki Saloka
kabeh panoedjoe ing pikir

2. woesnja dadi rembagipoen
Djajengsari soengkeng[2]) galih
toewin sira mas Tjebolang
langkoeng soeka Rantjang-kapti
dene awoeroeng tinilar nahenta
kasapoet ratri

3. ing daloe datan winoewoes
sareng bjar angkafireki
sagoeng kang para sentana
ngater wangsoel ngandap ardi
prasamja angemoe waspa kang
loenga lawan kang kari

4. jata kang kesah lestantoen
mas Tjebolang Djajengsari

---

1) prajdginipoen: sanak. 2) prajoginipoen: soeking.

ken Rantjang-kapti poen Boeras
neng ngarsa atoedoeh margi
katiwang-tiwang lampahnja Soka-
jasa woes tan keksi

5. lampahe" kawelas ajoen
doeloer wong tjatoer loemaris
woes tebih ing lampahira
Sampoen mandjing ing wanadri
doesoen Djoerang minggah arga
Rantjang-kapti anggoeng nangis

6. ngrempong tan bisa loemakoe
ginendong mring raka noeli
mas Tjebolang langkoeng sajah
poen Boeras ingkang genteni
sedangoenira mengkana waoe
denira loemaris

7. noeroet wana ardi kidoel
mangilen lampahireki
tan winarna solahira ing
lampah woes tigang ratri
kendel jen daloe kewala
kelangkoeng kawelas asih

8. jata aningali goenoeng
alit kelangkoeng respati
ing poetjak aneng wong tapa
genipoen tapa woes lami
sidji pan datanpa roang
kinasihan ing Hjang Widi

9. aran ki sen Ertjaranoe
toean[3]) pan woes kaki-kaki
apanta kaprenah tjanggah
mring ki Banjoe-biroe ngoeni
kang pratapa[4]) ardi Lima
woes [5]) ngraga soeksma jekti

10. arang wong kang wroeh ingrikoe
saking angkere nglangkoengi
seh Ertjaranoe tan samar jen
bade wonten wong prapti satria
alakoe papa langkoeng asih
kawlas asih

11. langkoeng awlas sang paloenggoeh
marang sira sang kaswasih

---

[3]) prajoginipoen: toea.
[4]) prajoginipoen: mratapa.
[5]) kirang sawanda, katambahan : a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jata waoe kang loemampah
kendel aneng soring woeni
soekoe ardi kang ler wetan
toemawing djoerang atrebis

12. goerda goeng langkoeng asingoeb
singoebe ngoengkoeli woeni
samja toemieng ing djoerang
djoerange langkoeng atrebis
ngisor panggenaning sima ting
galero rnemedeni

13. kang rarjan pan ora kegoeh
ngeningken tjiptaning galih
moeng ketang kang karja djagad
marma roemarasira nir
kweh swaraning peksi moenja
mangsa wohing goerda sami

14. oemjang reboet woh abaroeng
mawarna-warna kang peksi
mrak njangoengong ing paragak
kang sata wana naoeri djegiger
swara angatag kinen panggiha
sang resi

15. kang mengkana pengetipoen
kang rarjan grahiteng galih
jata non poetjak aldaka ana wong
toea alinggih pitekoer moedji
Pangeran semocne brangti Hjang
Loewih

16. jata radyan mara goepoeh
soernengka raarang ing woekir
sedaja pan samja minggah
sapraptanira inginggil
sareng tjelak Ian sang tapa
ki seh pan angawe gipih

17. lah bandjoera poetoeningsoen
adja sira wedi-wedi
goepoeh waoe kang ingatag
sapraptanira ingarsi ngaras
soekoe delamakan sang tapa
angrangkoel aris

18. sarwi ingaras kang emboen
katiga ginenti-genti
riwoesnja tata alenggah
langkoeng samja aminta sin
toemoengkoel denira lenggah
sang tapa angres ing galih

19. tan samar sasolahipoen
wesana ngandika aris
sang pandita mring rahadyan
adoeh poetoeningsoen kaki
dening liwat kawlas arsa ing
solahira mas goesti

20. den-narima poetoeningsoen
pan woes kersaning Hjang Widi
sira dadi lelampahan
kawit wong toea kang mawi
ramanta marma dinoekan dening
Hjang kang maha Lewih

21. lali pantjen arsa mengkoe
angangkah ing tanah Djawi
koealen arsa binoeang
marma apantes malati
toeas roesak ngadjak-adjak
marang anak poetoe woeri

22. manna poetoe wekas ingsoen
marang ing sira den-eling
jwa ngambah pikir belasak lan
den-awas sira kaki kang
katibanan noering rat adja sira
wani-wani

23. jwa tiroe ramanirekoe lali ing
bangsekoe jekti marma sroe
doekaning Soeksma kang liningan
awotsari saloegoet pan boten
nedya atjipta kadya kang wingking

13e Zang; dichtmaat: PANGKOER.

1. sanget panoewoen kaoela
lamoen amba darbe kreket samenir
moeng mikir loedjenging poeroeg
sampoen binoerak-boerak
inggih namoeng tentreme manah poekoeloen
Ian malih kang dados manah
kadang kaoela sajekti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. sepoeh poenapa inggiha
meksih gesang oetawi jen ngemasi
sang tapa mesem soemaoer
jwa soesah manahira kadangira
sajekti meksih rahajoe Hanging
adoh panggenanja mengoelon
parane ngoengsi

3. adja soesah mikir kadang
awakira lah reksanen pribadi
jekti gal iawase temoe
sok oega selameta
Djajengsari toer sembah alon toeripoen
kados-poendi karsa toean
mring amba manggih basoeki

4. sang tapa goemoejoe soeka
adja maras tyasira poetoe mami
jenta meksih djeneng ingsoen
nanging moeng loedjengira
Ian sirepe adja ana kang angroeroeh
nanging sarate mas njawa den-asroe
brangti Hjang Widi

5. lah noeli sira mangkata
ana alas kapit ing ardi alit
tinepoeng djoerang atredjoeng
arane Wana-taka
doedoekoeha mas poetoe wonten ingrikoe
matekena raganira amoeng delenga sawidji

6. marang Hjang Soeksma wisesa
matoer nembah waoe kang sinoengan ling
sendika sareh poekoeloen
amba darmi loemampah
sang pandita ngandika ingsoen toetpoengkoer
angateraken ing sira
mrenahken enggonireki

7. lega tyasira sedaja
ja dening sang panditarsa toetwingking
sang tapa ngandika aroem
wis kabeh poetoeningwang
ia pada goedjengana njamping ingsoen
lan poma pada merema
ajwana kang melek sami

8. jen ingsoen doeroeng parentah
pan sendika waoe kang den-dawoehi
noelja sami njangak goepoeh
ing njampinge sang tapa
sang pandita datengken karamatipoen
sakedap anoelja prapta ing enggen kang
den-esiri

9. nenggih ardi Wana-taka
kang ing tengah kapit goenocng den-goni
kinepoeng djoerang atredjoeng
masdjide pan woes ana
langkoeng pelag kinoebeng baloembang tepoeng
resik palataranira
sasekarane mepeki

10. miwah ingkang pala kirna
ingkang tiris ngoebeng karangan asri
andadi-dadi wohipoen
rakit-rakite kadya
kaja oewoes doekoeh kanggenan sawindoe
sedjatine kang karamat seh Ertjaranoe
linoewih

11. meh timbang Ian wali oelah
karamate sasat pandita loewih
lan ageng soebratanipoen
sadjeg tan kambon oepa
mitanipoen kinasihan ing Hjang Agoeng
barang satjiptane dadya jata woesira anoeli

12. kang wajah kinen meleka
kang ingatag kagjat moelat oemeksi
anon pakarangan agoeng
sangkepan 1) sarwa ana
woes anarka karamate sang awikoe
langkoeng sami adjrihira sang pandita
angling aris

13. wis den-enak atinira
aneng kene ajwa amoeta-watir
kang sinoeng oedjar anoehoen
tjinendak kandanira
pan tjinatoer sang tapa tengga neng rikoe
moemoelang marang rahadyan apan ngantos
kalih sasi

14. woes antoek wedaring rahsa
langkoeng soeka waoe rahadyan kalih
sang tapa ngandika aroem
lah wis sira karia
apan sira oewis pada lawan ingsoen

---

1) prajoginipoen : sangkep pan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lewih ing penganggenira lan
malih ngaliha nami

15. poetoeningsoen kang atoea
Djajengsari asiliha wewangi
sen Mangoen-arsa apatoet
dene ki mas Tjebolang
anamaha seh Anggoengrimang pan anoet
angempek namaning bapa poetoeningsoen
kang pawestri

16. meksiha arane lama
ja si Boeras ingsoen paring wewangi
ki santri Montel poenikoe
noehoen kang sinoeng aran
angling malih sang pandita manis aroem
poetoeningsoen Anggoengrimang
betjik misaha geneki

17. anaha saloring djoerang
dadya antoek wong ngening 1) aken pandeling
Ian ora ngregoni ikoe
ing tjiptane kakanta
kang liningan sabda sendika toeripoen
poenapa sareh padoeka
amba pan darma nglampahi

18. jata sang tapa anoelja
anoedoehken kang poetra kalih ngiring
saondjotan tebihipoen
lawan enggening raka
pan woes manggih padoekoehan sri dinoeloe
saking sabdaning pandita
barang satjiptane dadi

19. kelapa kadya tinata
pan adarik neng pinggir dadah sami
wowohan pala goemantoeng
amepeki sarwana wismanira alit-alit
djadjar teloe tjekli masdjide araras
baloembange angoebengi

20. seh Anggoengrimang katjarjan
aningali rakiting doekoeh asri
riwoesnja mrenahken waoe
sang tapa amit mentar
wajah [2]) kang ngaterken djawining doekoeh
sawoesira wangsoel sigra
mantoek mring doekoehe sami

---

1) langkoeng sawanda, kaboetjal:
a. [2]) kirang sawanda, katanibahan :
e.

21. katjatoer seh Mangoen-arsa
aneng langgar apan rahina wengi
moeng ki Montel roangipoen
langkoeng soebrangtanira
tan ana Ijan katon amoeng sih Hjang Agoeng
terkadang angloegas raga
anoeroet manah goeng brangti

14e Zang ; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. ngambah tanah ing pasisir
lan raji seh Anggoengrimang
angoelati mring kadange
miwah marang padoesocnan
angangin-angin warta
angroeroeh mring kadangipoen
meksa datan angsal warta

2. ladjeng sainja wangsoel noeli
marang doekoeh Wana-taka
tjinatoer tjendake bae
jata waoe sentananja kang
kantoen Soka-jasa woes sinoeng
wikan sedaroem ki Montel
ingkang dinoeta

3. woes keboet sedaja sami
noesoel marang Wana-taka
Hanging aitjir lampahe
semana pan woes rahardja
doekoehe Anggoengrimang
koeneng ingkang adoedoekoeh
gantya ingkang kawarnaha

4. sira raden Djajengresmi
kang lami aneng ing Karang
kadi sareng ing lampahe
Ian kang raji kesahira
Hanging genti kinanda
katjatoer waoe sang bagoes
kanggep pangaoelanira

5. marang ki ageng ing Kawis
malah ingambil atinadja
saking resepe ing tyase
kadya poetra gen ajoga ki
ageng datan samar marang sira
sang binagoes ing tembe antoek
kamoeljan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

6. pira ta laminireki
genira aneng ing Karang
kinempit rina wengine
mring ki ageng pan winoelang
ngelmoe lemboet lan kasap kang
ginedong kang kinandoet pan
sampoen telas sedaja

7. dasar manahira lantip
oekoer koemlebat kewala
. ketjandak tekan bongkote pan
woes pinesti dening Hjang jen
bakal sinerenan ingelmoe kang
agoeng-agoeng dasar ngoeni
woes pawitan

8. winoelang kang rama nenggih
doek meksih neng Sokaradja
marmanira ta ing mangke
ladjeng abantas kewala
sakeh ngelmoe sampoerna malah
woes sinoeng djoedjoeloek mring
rama ki ageng Karang

9. sawab ing kawroeh woes noenggil
sinoeng nama Amongraga pan woes
karan nama eseh abdi kembar
Gatoek Gatak woes ingalih namanja
djeneng santri aranipoun woes ing
ngalih Djamil Djamal

10. abdi kala meksih alit
ing mangke toemoet saparan
nahenta semana reke
ki ageng doek lagja lenggah
neng eniper masdjid djaba
kang poetra lenggah neng ngajoen
toemoengkoel sarja mangrepa

11. ki ageng waspadeng aksi
toemingat marang kang poetra
aruein waoe andikane
kadingaren babo sira
marek inearsaninewane apa na
kang doeroeng soernep
bab ing basa ia ora

12. lan doedoe ikoe ja iki
sadjatine ikoe ia pan jektine
ia dede
apa meksih roebet njawa
kang liningan toer sembah
inggih ing sawab poekoeioen
sedaja sampoen kadada

13. sanes kang poenikoe inggih
marmarnba marek ing toean
arsa pamit sajektine
kesah angoepaja kadang kang
amba toerken toean inggih
ing kantenanipoen pedjaha
tanapi gesang

14. kaoela arsa oedani
ki ageng mesem ngandika
adoeh poetraningsoen angger
adja maras atinira
prakara kadangira
woes antoek kamoeljan agoeng
meh timbang kelawan sira

15. kawroehe Ian sira noenggil
sawab goeroening rinira
woes taoe weroeli ing kene
nanging soon tan wani babar
prenahe kadangira nanging jen
sira dreng koeloep ngoepaja ing
arinira

16. angetana sira oegi
marang doekoeh Wana-marta
kaprenah kidoel wetane
patilasan negri Madja
lengka ana pandita
lan dadi pagoeron agoeng
sagoeng boepati bang wetan

17. sawab sarwana sajekti
apa kang tinakokena
mring Baji-panoerta koewe
ing kasap lemboet tan kewran
manna saja keh prapta
wong pasisir oeroet goenoeng
miloe wismeng Wana-marta

18. dene goeroene ngong oening
pehgoeloe Tjerbon Doelsalam
ikoe kang dadi goeroene
amoelang Baji-panoerta
dasar jekti sarwana
ki Doelsalam jen ing moenggoeh
toemibeng tanah bang wetan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. ngelmoene tan animbangi
jen moenggoeh neng kene njawa
apan loemrah Ian wong akeh
doeroeng papak lawan sira
kang poetra matoer nenibah
saking berkat 1) sang poekoeloen
awit pamoelang padoeka

20. ki ageng ngandika malih
kapindone ki Panoerta
adarbe afrnad'ja wadon
warnane pan ajoe pelag
arane Tambang-raras
dadya kondanging kikidoeng
asring dadya lilindoeran

15e Zang ; dichtmaat: DANDANO GOELA.

1. akeh para santri kang nekani
sami kasmaran miarseng warta
apanta nora ketampen
bandjoer wisma ingrikoe
marma pondok djedjel apipit
soedagar djor-djinoran
ing patoekonipoen nora nana kang
tinampan witjarane besoek ingsoen
arsa krami jen oleh seneng ing tyas

2. miwah wong gede ken doewe melik
nora nana ingkang wani meksa
sawab woes goegoeroe reke
lawan wong wadon ikoe
woes winasis ngelmoe maknawi
pirasat[2]) pan woes wignja
dadya was pandoeloe
ngoepaja kakoeng oetama
ingkang pantes sinembah ing awal akir
ikoe kang ingoepaja

3. marma noedoeh ingsoen mring sireki
ingsoen kon mring Wana-marta sira
pesti sira jen daoepe
Ian marganira temoe lawan
kadangira ing bendjing boeh
sesangkananea marga saking
rikoe dadine tyasira padang

---

1) prajoginipoen: berkah.
2) prajoginipoen: wirasat.

nging sarate den-asroe amati ragi
soepajane Hjang Soeksma

4. asiha marang ing sira oegi
karemene Hjang Soeksma Wisesa
wong asring amatekake
marang ing raganipoen
lawan wong kang remen ngasepi
jekoe kekasihing Hjang
sedje lan wong koepoer
dasaf linoeloe dening Hjang
ja wong dasar ginadang neraka bendjing
marma ngoegoeng dening Hjang

5. seh Amongraga saja awingit
miarsaken andikaningrama
padang nerawang tingale
enget jen trah linoehoeng
jata sigra denja toer bekti
angaras delamakan
sinesep kang emboen
[3]) pan sarwi binisikan
ing pangawroeh kang ngilangaken sak-serik
lan enggening Pangeran

6. riwoesnja mengkana lengser aglis
datan kantoen abdi kalihira
ki ageng sroe pandongane
djinoeroengken mring soenoe
jata waoe ingkang loemaris
andaroeng lampahira
tan ana ljan ketoeng
amoeng sihira Hjang Soeksma
datan lian kang pinoesti ing pandeling
kendel-kendel jen salat

7. sawoesing bakda sigra loemaris
ngetan bener geniia loemampah
noeroet goesoen pinggir lepen
akatah kang kadoeloe
akeh langen-langening margi
doesoen katah kang gemah
pala kirna agoeng
kapoengkoer ingkang padesan
jata ngambah tarataban pinggir woekir
tebih kang padoesoenan

8. tindaknja ris waoe apan sarwi
toemingal langen-langening marga

---

[3]) kirang sawanda, katambahan: a. .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kadya anggoegah driane
pradapeng wreksa loemoeng
apan samja nedeng asemi
baroe katiban warsa
amoejeg dinoeloe
marga soemare 1) soemengka
woerjan ingkang marga kadya ngroedjit ati
berag kanjaran warsa

9. loerah-loerahing 2) ra-ara kadi
kang oedaja kaleban ing oembak.
patjinge seger sawange
srigoenggoe lawan semboeng
poespa-lembong mjang sangga-langit
kaselan manda-lika
roempoet mrak angregoe
nelasah kang adal-adal
kang wclingi anoeroet tepining margi
marga leboe apanas

10. tindaknja Ion waoe kang kaswasih
noedja^mantengah sang dewangkara
mengkana kandeg Iampahe
neng ngandap madera [3]) goeng
ladjeng ertja rana neng belik lan
abdi sawoesira ngabekti Hjang
Agoeng pan angeningaken tjipta
sawoesira abdi kalih amangani
orong-orong binakar

16e Zang; dichtmaat: WIRANGRONG.

1. jata woesira anoeli
sang brangta lampahnja alon
ngambah djocrang sengkan siloek-siloek
jen[4]) aterbis
marga roempil arampal
pan arang kambah ing djalma

2. marga kapit ing [5]) tjoeri
. jen wong kang tan sedya 6) jon mangsa si
[7]) wania ngambah ingrikoe

' 1) prajoginipoen: soenare.
2) prajoginipoen : larali-iarahing.
3) prajoginipoen : mantifra.
4) kirang kalih wanda, katambahan: djoerang.
5) kirang sawanda : tjoe.
6) kirang sawanda: la.
7) Iangkoeng sawanda, kaboetjal: si.

jen wong misih mikir
enak lawan kapenak
mangsa ta silih ngimpia

3. liwat marga kang asoengil
bok ngambah liane kono
toer mangsa koeranga lianipoen
margi ingkang radin ingkang taoe
den-ambah ing manoesa pan
akatah

4. ing jekti dapoer ngoelati
sang brangta marga kang ewoh
ingkang nora kambah ing wong langkoeng
jata waoe noeli anenggel minggah arga
notdjoe asar wajahira

5. jata neng nginggil ningali
kidoel wetan ler lan koelon
nglimoet pan anglamat doesoen-doesoen tan
awas ingaksi miwah kang ardi katah pan
samja elet djoedjoerang

6. nanging ardi alit-alit
sang brangta kasmaran anon
etja denja lenggah sela pingoel
kang abdi meteki
jata waoe semana
meh ngajom sang hjang pradangga [8])

7. abaroeng swaraning peksi
reboet gon aneng kekajon
poeter djalak mentjo peksi sioeng
prit peking soelindit
djohan Ian atat kembang
kedasih moenja ing tawang

S. swaranira ngasih-asih
lir nangisi ingkang rawoh
mrak njengoengong kadya napeng 9) tamoe
kang sata wanandjrit
angling 10) asoeng sasmita
sang brangta mesem ing dria

9. akeh sato ing wanadri
samja moenja ting galembor
lemboe singandaka loetoeng tjengoek

---

8) prajoginipoen : pratangga. 9*)*
prajoginipoen: njapeng. 10)
prajoginipoen : anglir.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dipoen 1) awingwrin oeninga
groning sima mentjit
ngoengseken tenaja

10. semana wantji maherib
oemjang swara tjenggeretnong
baroeng koep-angkoepan kong kang ngoengkoeng
aneng ngrong lir gending
patoet lir manda raga
res-reres moenja saoeran

11. tangeh oetjapena sami
isining djoerang toewin rong
jata sang abrangta soekeng kalboe
mjarsa keh kang oening
jata ing sawoesira
bakda genira asalat

12. lenggah sela wisnoe radin
ladjeng amoedji Hjang Manon
nora dompo awas ing pandoeloe
woes ngoempoel nganggeki
pranjata jen oetama
sira ki sen Amongraga

13. pratanda waspadeng eksi
enggoning Soeksma kinaot
pan sajekti arang wong kang weroeh
marang Hjang kang Loewih lamoenta
doeroeng bisa mati sadjroning
agesang

14. nadyan mengkonoa oegi
jen sinoeng sih ing Hjang Manon
arang kang waspada ing pandoeloc
enggoning Hjang Widi mandah [2])
dening akatah kalamoen sok
panditaha

15. sinoeng ilham ing Hjang Widi
mandah 2*)* wali ting pragogok
jata ing ratrinja tan winoewoes
semana woes endjing hjang arka
men soemirat angganteng kang
mega malang

16. kweh warnanira ingeksi
mega p'nda kang wastra bjor
dadoe koening rekta wilis woengoe
amemba mandjeti oemjang peksi
kang mangsa wohing boeloe lawan
goerda

17. sato gora begar sami
oemoeni pating galembor
nirak mangoewoeli kadya asoeng pemoet
peksi beloek kadi
angatag oeninira
sampoen kadangon gingsira

17e Zang; dichtmaat: SINOM.

1. riwoesnja nitih atjala [4])
hjang soerja sang brangta noeli
toemoeroen saking aldaka
abdi kekalih neng wingking
praptaning ngandap noeli
jata ladjeng lampahipoen
margeng djoerang sesengkan
parang rong pereng kapering
kang kedekan tjoeri mingis lir soetiksna

2. prandene meksa den-ambah
tan kegoeh margi kang soengil
tan wonten baja kang ketang
amoeng andoelweng sawidji
kang karja boemi langit
kang pinanteng ing pandoeloe
daroeng ing lampahira
sadina denja loemaris
pan ararjan saben ing wektoe kewala

3. bakdane noeli loemampah
ngetan bener gjan Ioemaris
jata aningali arga
ageng doekoehe kaeksi genggeng
jen tinon asri pan aneng soekoening
goenoeng doekoeh poenika aran pan
ing Tatarmaledari goenoengipoen
ingaranan ardi Gora

4. dadya doekoeh miloe karan
dene ingkang apalinggih
ki boejoet wasi Bagena
gentoer ing tapanireki dasar
ngelmoene loewih

---

1) prajoginipoen : prasamja.
2*)* prajoginipoen: mendah.

[4]) prajoginipoen: antjala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan dadya pagoeron agoeng
sagoeng patinggi desa
akatah sabatireki
ingkang toemoet wisma patang poeloeh ana

5. masdjide katon anganggrang
pager tabag den-endjeti
iir laboer saking kadohan
baloembangira ngoebengi
ingon oelam mawarni
darik 1) sasekaranipoen
samja binatoer sela
amepeki sawarnining
naga-poespa koemoening ngapit ing lawang

6. kenanga neng djawi pisan
pala-kirna amepeki
manggis doekoe lan pidjetan
gowok kupoendoeng ketjapi
pelem doerjan koeweni
pakel ramboetan Ian djeroek
srikajane ngajangan
mangsane lagja woh sami
angrembaka kang teboe woeloeng ardjoena

7. dasar tojane toemoempang
weh andjog saking ing ardi
tibane pan tinalangan
kilen ngoebengi kikitri
ingkang wisma aparik
aseger-seger dinoetoe
ki boejoet wismanira
aneng tengah den-oebengi
ing wismane sagoeng para santrinira

8. pan kekalih ketibira
papat marebotireki
apan ta ngiras kebajan
wong papat poenikoe nenggih
ketib aran Noeripin sawidjine ketib
Samocd marebot ki Djatroena
kelawan merbot Nqerkasim lawan
Kerti-sapele Kerti-sepaia

9. ki boejoet wasi Bagena
adarbe atmadja kalih
sami estri kalihira
warnane samjajoe loewih

1) prajoginipoen: tarik.

jen ing desa moendjoeli
doek samja birahinipoen
wastane kang atoea
awasta ni ken Pangliring
ingkang anem wasta ni rara Soemekar

10. kelangkoeng dinama-dama
marang rama sang ajogi
ing sapantese wong arga
saking delape sisiwi jata sang
tapa noeli pinarak Janggar
moemoeroek mring sagoeng
santrinira goemoeroeh
santrinireki
ni ken rara lan iboe ngadji neng wisma

11. prasamja amangkoe koer'an
kang moelang iboenireki
nahen waae kang loemampah
jata semana woes prapti
ing doekoeh Maledari
sang brangta resep ing 2) doeloe
oening rakiting dekah
lan mjarseng keh santri ngadji
pan koemepjoer enget doek kalaneng wisma

12 jata ladjoe lampahira
kendel sadjawining kori
katoedjoe ngenoe semana
Kerti-sapele neng djawi
kagjat denja oemeksi
wong ngadeg aneng ing pintoe
bagoes misih taroena
kang tjahja aminda sasi
sigra Kerti-sapele manggihi noelja

13. goepoeh denja oeloek salam
Kerti-sapele tanja ris
anak tedja soelaksana
tembe poen bapa oemeksi
kang tinanja naoeri
kewala wong kawlas ajoen
santri saking ing Karang
nanging santri tanpa ngelmi
aneng Karang tan antoek papan katiwar

14. kalingan kang woes oetama
marina kewala poeniki
ngoembara jekti ngoepaja

2) prajoginipoen : an-.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing pandita kang woes sidik
arsa ngrasehken ngelmi
warti ingriki pinoendjoel
boejoet wasi Bagena
marma manirenggal prapti
mantoek-mantoek Kerti-sapele saoernja

15. gih leres anak kang warta
sajekti kangdjeng kiai
anak pangraos kaoela
poen bapa dereng amanggih
kawroeh kadi ingriki
koela poenika kang waoe
santri saking ing Toeban
lir poen anak woes ngeblegi
kesah amba kasmaran kawroeh oetama

16. nglelana andjadjah desa
saben wonten wong kang lewih
kaoela datengi apan
meksih apeteng kang galih
dereng padang samenir
sareng ngriki koela rawoeh
tyas ngong padang nerawang
marmamba wisma ingriki
saking dining karem ngelmoene sang tapa

17. sang brangta mesem ngandika
lah dika atoerna noeli
inggih dateng sang pandita
koela pan arsa apanggih
Kerti-sapele gipih
prapteng ngajoenan oematoer
kaoela toer oeninga
ing toean lamoen ing djawi
wonten tamoe ajoen marek ing padoeka

18. bagocs pan maksih taroena
ngaken santri saking Kawis
rentjange kekalih kembar
atemboeng jen kawlas asih
dene datanpa kanti
neng Karang tan antoek ngelmoe
sawab dening kalingan
ing santri goeng-agoeng sami
marma kesah arsa ngoepaja ranging tyas

18e Zang; dichtmaat: KINANTI.

1. moeng kantoen santri goeng-agoeng
sareng miarsa toerneki
marebot jata sang tapa
pangandikanira aris pajo
enggal atoerana ajwa
kasoewen neng djawi

2. lan kowe Sepala goepoeh
matoera njainireki
konen asadji pawohan lan
enggal kon ngraratengi sekoel
tanapi njamikan ing sa-anane
den-aglis

3. arsa dadajohan ingsoen
wong woes loehoeng ngakoe santri
jatenggal ingkang dinoeta
langgare woes den-gelari
kasali aloes santri samja
kang ngadji woes kinen moelih

4. moeng kantoen santri goeng-agoeng
taksih sami mangkoe tapsir
jata woes kerid semana seh
Amongraga woes prapti
nenggih sangadjenging langgar
ki boejoet kagjat doek oening

5. anon tjahjaning tetamoe
goepoeh denira nedaki
santri toemoeroen sedaja
jata sang brangta anoeli
goepoeh denja oeioek salam
mesem ki wasi naoeri

6. sarwi njandak astanipoen
mring sang brangta gja kinanti
binekta minggah ing langgar
ri woesnja tata alinggih
ki boejoet wasi Bagena
nambrama marang tetami

7. taken ing kamoeljanipoen
sang brangta pan woes wawarti
ki boejoet resep toemingal
marang waoe ingkang prapti
djatmika semoe agawat
anarka jen woes linoewih

8. woes katjihna ing pandoeloe
ing solah kelawan moeni
ngakoea santri oerakan
mangsa kenaha piningit

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jekti semoene ketara
ngakoea bodo oeparni

9. jekti katjihna ing woewoes
poenikoe kang dadi saksi
oepama wong bodo ika
nanging angakoe linoewib
nora soesah binarengkal
patjelatone ketawis

10. mengkono oepaminipoen
jekoe maknawi sajekti
woesnja dangoe denja lenggah
ki boejoet sigra ngantoeki
mring ketib Samoed woes wikan
ing semoenira sang resi

11. noelja tnandjing wisma goepoeh
ketib Samoed andawoehi
ing garwane sang pandita
jen kang poetra kinen ngirid
rtjaosna wolian mring langgar
ing tamoe kang lagi prapti

12. jata ni njai agoepoeh
poetra kinen samekta glis
nata pawohan neng talam
tjepoeke selaka poetih
wohe wangen soeroeh tjanang
ampoe 1) tjampoer sadak rawis

13. noelja salin sindjang sampoen
kang sepoeh ni ken Pangliring
loerik Lasem sindjangira
kembene idjo pelangi
asengkang oeroebing damar
soesoepene roro sisih

14. tikel baloeng sekar soeroeh
poepoer lamat tan ketawis
kembang menoer tjoendoekira
pasemoning jen ingeksi
lajak dimer pagoelingan
sang rara solah ketawis

15. rara Soemekar pan sampoen
asindjang loerik patani
kemben solok soepe mi rah
roro sami moenggeng entik

---

1) prajoginipoen: apoe.

sengkangipoen nata brata
poepoer remoe tan ketawis

16. tjoendoek sekar wadja djamoes
sang dyah semoene liniring
lajak rongeh pagoelingan
solah bawane ketawis jata
riwoesnja samekta medal
iboene angirid

17. nenggili ni rara kang sepoeh
kang bekta pawohaneki
kang nem ambekta padoedan [2])
tembako aneng salepi rara kalih
esmoe merang oemiat.marang
tetami

18. sang brangta nglirik andoeloe
ing solahe sang dyah kalih
koemepjoer karaseng nala
marang kadangira estri
jata ing sapraptanira ni
njai djadjar alinggih

19. Ian raka kiai boejoet
poetra kalih loenggweng woeri
ning iboe roentjoeng kalihan
toemoengkoel nanging anglirik
marang ing tetamuenira
meneng toerida ing galih

19e Zang ; dichtmaat: POETJOENG.

1. kang pawohan noelja sinadjeken sampoen
mring ni njai lawan
padoedan tembat neng salpi
ki marebot Sapele anoemed pandam

2. ri woesira ni njai anapa aroera
anak ka-ateeran
sadateng andika ngriki
matoer noewoen waoe kang sinoeng wetjana

3. kjai boejoet namboeng aris woewoesipoen
angger amoetjanga
oedoeda dimen^ mari
sajahipoen wong inentas loemakoe tebah

4. kang sinoengling ngetjani angganten goepoeh
noelja sang atapa .

---

2) limrahipoen: pasesan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngatag mring garwanireki
apa oewis njai genira lah-olah

5. lamoen oewis bok sa-ana-ananipoen
ia ngarah apa
goepoeh waoe kang sinoengling malbeng
wisma malih law an poetranira

6: ladjeng ngrakit sekoel wangi aneng
soemboel
oelame mawarna
tinata moenggeng ing piring
sawoesira tinata aneng ing doelang

7. ni ken rara kang bekta lantinganipoen
neng bokor koeningan
rara kangnem pandjangneki
kang ngrcrampa doelang Sapele Sepala

8. sapraptane ing langgar tinata goepoeh
bok njai kang nata
ken rara njaosken kendi
ni Soemekar anjaosken pandjangira

9. gja tinoemplek sekoel kang aneng ing saemboel
jata sawoesira
ki boejoet ngandika aris
mring sang brangta anak daweg wawantinga

10. soegatnne iboenta sawontenipoen
noewoen kang ingatag
ngetjani sigra wawanting
kjai boejoet Ian garwane wanting samja

11. noelja lekas adahar ing wong teteloe
ken rara kalihnja
longgah woerino boeneki
tansah nglirik marang waoe ingkang prapta

12. Amongraga gen dahar sedangoenipoen
poeloeke sakentang
tjilik anggoeng den-gelintir kaleboe
satitik pan atob ping sanga

13. kjai boejoet anglirik sedangoenipoen
ngartikeng wardaja
baja woes lawas wong iki
ia gone nora kambon-kambon oepa

14. gone mangan amoeng ngenaki tyasingsoen
wong iki soen doega
banget gjan nemoe prihatin
ko 1) mengkana ki boejoat osiking dria

---

1) prajoginipoen: ka.

15. jata dangoe genipoen dahar anoetoeg
ingoendoerken noelja
gantya daranan [2]) soemadji warna-warna
aneng ing tebok poelasan

16. sekoel oelam ingoendoeraken ing poengkoer
woes kinen angepang
mring ketib marebot sami
Djamal Djamil pan miloe kemboel anadah

17. tan winoewoes ing solahira pocnikoe
jata doek semana
hjang arka woes nitih woekir
ladjeng sami totoja bade asalat

18. ri woesira gen angambil toja woeloe
ni njai lan poetra
kalih sampoen salat sami
ketib Samoed apan noelja lekas adan

19. sawoesira adan iekas soenat sampoen
ki boejoet wetjana
mring tamoe kinen ngimami lah
ta anak andika dadosa imam

20. Amongraga atoerira manis aroem
leresipoen toean
kang darbe wisma pan wadjib
anaoeri ki boejoet wadjib wong brangta

2Oe Zang; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. leresipoen anak inggih
poen bapa angambil sawab
wong mentas lelana mangke
sang brangta mesem gja lekas
djoemeneng dadya imam
noelja amatja alkamdoe
swaranira pait kilang

2. tandoektng sastra matitis
bener pandjang tjendakira
jata sang rara kalihe
goegoer gening makmoem samja
pidjer mirsaken swara manahira
koewoer-koewoer asenes [3]) ingkang
tjinipta

3. ingsoen teda dajoh iki
aweta neng kene mana

---

2) limrahipoen: daharan.
3) prajoginipoen: asanes.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

moega raganingsoen kie
pinaringna mring wong ika ia
karsaning rama noeli ingsoen
djaloek woeroek ngong
doegawong ika wignja

4. mengkana osiking galih
nora pidjer asembahjang
ing batin sedje den-ame
nanging miloe roeboeh gedang
jata woesnja semana

prapta ngisa bakda sampoen
ladjeng sami lenggah tata

5. njamikan soemaos ngarsi
ni njai maksih alenggah
aneng keringe kakoenge
poetra kalih woerinira
ketib lan merbot samja
maksih angadep sang wikoe
santri kweh neng djawi aglar

6. noelja ki boejoet lingnja ris
marang ing sang waoe prapta
anak ala nganggoer mangke
dimen tanak loeloenggoehan daweg
sami rerasan angrasehken babing
elmoe poen anak pan woes
katjihna

7. ingsoen doega woes winisik
kenjatan doek dadi imam
oekoeng tandoeke aleteh
ngakoea bodo tan kena
matoer sen Amongraga
marma mariki wakingsoen
kepanggih lawan padoeka

8. arsa angrasehken ngelmi
mangke padoeka ngandika
langkoeng saking soekoer ingong
idep-idep toean moelang
daweg toean oetjapna
kang dados raosing kalboe ki
boejoet goemoejoe modjar

9. elok kang oedjar poeniki
kang soen takoken denira
ngendi enggoning Hjang Manon
Amongraga saoerira
wikana jen leresa
dening enggoning Hjang Agoeng
pan wonten ing gedong retna

10. djatine tigang prakawis
poenika amba miarsa
ki boejoet aris woewoese
aneng endi prenahira
lan paran tegesneka
kang aran gedong di loehoeng
seh Amongraga saoernja

11. roemijin koela miarsi
neng sadjroning badan kita
nabi wali moekmin kabeh
poenikoe djatine oega
ing 1) pamiarsa kaoela toedoehe
gedong di loehoeng enggene
pasisimpenan

12. karsane Hjang maha Soetji
marma ingaran retneka
pan poenikoe sadjatine
ingaran ikoe sosotya adi
loewih poenika ikoe ing
pamjarsaningsoen wikana
lepat leresa

13. jekoe sosotyaning boemi
ingaran kembanging djagad
kekasihira Hjang Manon
ki boejoet kelangkoeng soeka
petoek ing kersanira sigra denja
ngrangkoel goepoeh woes babo
ikoe larangan

14. pan dedalan lakoe iki
pilih-pilih kang oeninga
wis mandeg semono bae
lah angger ajwa dinawa
ngoetjap basa poenika
mangsa koeranga tjinatoer
rnalih manira tetanja

15. Iahir batin sarineki
apa sajektine toenggal
nora pisah ing karone
sakoetoe roro-roronja
Mongraga saoerira
roemijin amba angroengoe
inggih kang tjatoer poenika

16. wikan jen leresa oegi
jen ing djasad toean ika

---

1) tangkoeng sawanda, kaboetjal: ing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jen pinet nama lahire nadyan ing
batin tan beda toean lawan
kaoela toenggal djatining
soeksmekoe ing lahir sepoeh
padoeka

17. ing batin sajekti sami
tan wonten anem sepoeha
mesem ki boejoet delinge
ana malih oedjaringwang
kajapa karsanira
anama salah karoengoe
alim lawan kawroehira

18. kajapa badan poeniki
dene ta ingaran toenggal
1) kaja poenikoe reke
Amongraga saoerira
bedane kawroeh ika
la [2]) kawroeh reke poenikoe
dingin miarsa manira

19. apan ta ingaran alim
kang mandjing ing djiwa raga
kang dadi rasa djatine
kanoegrahan djatineka
manira amiarsa
djatining sastra poenikoe lir
emas timboel ing toja

2le Zang; dichtmaat: MAS KOEMAMBANG.

1. kjai boejoet malih woewoesira aris
kang ngawroehi ika
tegese ta kadi poendi
Amongraga saoerira

2. ingkang kawroeh sadjatinipoen anenggih
tingal kang tan Ioear
wiose Hjang Soeksma loewih
ngelinoe kawroeh djatinira

3. tan kekalih pralambine ingkang elmi
lir sekoel oepama
ingkang pinangan sahari
wonten dene kawroehira

4. gih poenikoe kang darbeni pangan singgih
ki boejoet karenan

---

1) kirang sawanda, kasambetan: kang. 2) prajoginipoen : Ian.

miarsa pendjawabneki
jata angrangkoel anoelja

5. sarwi angling adoeh anakingsoen goesti
oedjare tan bisa
dene ki oewis winasis
lah ta njai nora ilang

6. enggon para angrengga anakireki
njai tetakona
sampoernaning salat daim
soen doega anakmoe wignja

7. ja dimene si rara pada miarsi
sira sok letanja
maring soen doeroeng doemeling
ni njai ngangseg asigra

8. sarwi moewoes anakingsoen wong asigit
kaoela aneda
sapangat andika singgih
poen biang andika woelang

9. malah mandar samja tinelada sami
dateng rajindika
pan sami kasengsem ngelmi
Amongraga saoerira

10. gih poenapa ingkang dinangoe ing mami
ni njai lingira
soenat preloe lawan djati
artine kadi poenapa

11. Amongraga mesem saoerira aris
manira miarsa
tegese perloe poeniki
dingin goemanti mring soenat

12. ni bok njai naoeri wetjana aris
tegese poenapa
ingkang perloe djatineki
Amongraga saoerira

13. tegesipoen kang perioe poenikoe singgih
langgeng kadjatenja
kang langgeng tan kena gingsir
arane reke sarengat

14. pinangeran tan keni lengganeng pesti
anglakoni amar
agoeng paedahe singgih
ingkang teka ing tegesnja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. jekoe bakal kang tampi gandjaran bendjing
sasampoene ika
tegese lainpah sadjati
apan sajektine salat

16. sadoeroenge telas lampahe poeniki
tana oekoem baja
ni njai amoewoes aris kang
soenat paran tegesnja

17. Amongraga alon anaoeri aris
kang soenat tegesnja
margane langgeng poeniki
dene ia ananira

18. jen woes tekeng paraning lakoe poeniki
tanda jen toek sawab
padang paningalireki
ja awas djatining lampah

19. ni bok nja 1) woewoesira malih
soenat perloe ika
apa kena jen tinoenggil
aneng ing lemah poenika

20. Amongraga saoerira roem amanis
pesti lamoen kena
kang sampoen toemekeng djati
lan jen telas lakoeneka

21. woes tan nganggo etanging wektoe poeniki
lampah wong oetama
sawab tinoenggil karjeki
tegese" woes neng ngajoenan

22. lan kawroehe tan kandeg daloeang mangsi
pan woes oleh sawab
marma tan etang ngabekti
ing wektoe reke woes noenggal

23. ni bok njai aris atetanja malih
anak wonten basan
sinten ta namanireki
poenikoe roh tetemenan

22e Zang; dichtmaat: MEGATROEH.

1. Amongraga alon waoe woewoesipoen
manira miarsa warti jekoe
kanoegrahaningsoen
ni njai amoewoes aris
marmane ngaran mengkono

2. ingaranan kanoegrahan marmanipoen
Amongraga anaoeri
marma ingaran poenikoe jekti
wewajanganeki
wewajanganing Hjang Manon

3. ni bok njai taken malih manis aroem
anama salah kadyeki
ing djroning kakoeng poenikoe
wanita sedjatineki
nenggih sadjroning wong wadon

4. ana kakoeng kadi paran tegesipoen
Amongraga anaoeri
nenggih ing pangroengoeningsoen
sadjatine kakoeng singgih sajekti
ananing eroh

5. ingkang moerba misesa djisim poenikoe
njawa aran meksih estri
dening meksih kapoerbekoe
ananing roh ikoe singgih
doedoe lanang kang sajektos

6. satoehoene lanang ananing Hjang Agoeng
dene tan ana moerbani
ni njai malih amoewoes
kang pawestri kadi poendi
lah djawaben anak ingong

7. Amongraga saoerira manis aroem
pan ora beda poeniki
nenggih wong wadon poenikoe
kelawan wong lanang sami sami
wadjib oelah batos

8. ni bok njai malih atetanja aroem
sapa Pangeranireki
lah pajo oetjapna goepoeh
lah adja nganggo kekelir
Amongraga saoernja Ion

9. apan ingsoen Pangeran sadjati ikoe
datan ta saking ing kami
andika Ian kaoelekoe
jektine tan beda oegi tan
kekalih atoenggil gon

10. langkoeng soeka ki boejoet denira ngroengoe
jata sedaloe tan goeling
genira areboet kawroeh

---

1) kirang tigang wanda, katambahan : -i tanja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ketib marebot tan goeling
genira mirsaken dongong

11. rara kalih kelangkoeng kasrnaran ngroengoe
angalem sadjroning galih
iki si wong bagoes toeloes
widagda angoelah ngelmi
soen senggoeh doeroeng kinaot

12. nora Iarang ia wong mengkono ikoe
den-rowangi adol tapih
ingsoen teteda wong bagoes
lawasa ana ingriki doewea
esir maring ngong

13 tan kawoewoes kang raras sadjroning kalboe
jata ki boejoet lingnja ris adoeh angger
anakingsoen den-lawas aneng ingriki arinta
woelangen karo

14. soen srahaken marang ing sira satoehoe
nadyan tembe ana soedi
kang koeasa anakingsoen
anglakekna rinta bendjing
soeka lila raganingong

15. Amongraga atoerira manis aroem
langkoeng noehoen kaoelenggih
ing sih padoeka kang dawoeh
boten saged memangsoeli
nanging apoenten kemawon

16. pan kaoela njipta moeng sipeng sedaloe
sirik jen wewaha malih
pinten banggi ta ing poengkoer jen
moegi sami basoeki pesti
wangsoel raganingong

17. jen kepanggih poetranta kang ingsoen roeroeh
pesti amba noeli bali
sang pandita aris moewoes
andika oepaja poendi
kang sinoengling matoer alon

18. ngong oepaja marang negari Mataroem
inggih kelamoen kepanggih
sabab katan rentjang oeloen
kang aneng negri Matawis
bok bilih wonten ing kono

19. woes tinoetoer kabeh moela boekanipoen
sang tapa sareng rniarsi
Amongraga wartanipoen
tanboeh waspanja doek midjil
ni njai Ian poetra karo

20. sareng mjarsa ing toetoer tri senggroek-senggroek
ki boejoet ngandika aris
maring garwa lawan soenoe wis
pada ajwana nangis moendak
soesah kang badyandon

21. ia balik ira[1])[2]) lawan ingsoen
pada djoeroeng poedji dikir
selamete neng delanggoeng
Ian moegi enggala panggih
ingkang pada den-oepados

22. ia dimen anakira enggal wangsoel
wis adja kakehan pikir
kang garwa kendel gen moewoes
saksana memekas aris
mring kang poetra wantos-wantos

23. Amongraga saoefira manis aroem
jen oegi sami basoeki
pestine manira wangsoel
ni njai wetjana malih welasa arimoe karo

24. jata datan winoewoes ing solahipoen
samja angaterken noeli
ki boejoet lan ketibipoen
samja angater ing djawi genja
wangsoel djawi doekoh

25. jata ki seh Amongraga lampahipoen
padoekoelian woes kawoeri
abdi kekalih tan kantoen
loemampah troentoenan woekir
andaroeng lampalie kang wong

23e Zang; dichtmaat: PANGKOER.

1. lepas lampahe sang brangta
Amongraga djoemeneng aneng woekir
mandjing ing goea asamoen
alenggah djroning goea
asembahjang aseng djroning goea ngrikoe
sabakdane salat donga
ladjeng mawantah amoedji

---

1) prajoginipoen ; sira.
2) kirang 2 wanda, katambahan : angger.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. tan wonten ingkang katjipta
moeng sih ing Hjang kang 1) pinandeng djroning ati
semaiia apan sedaloe
aneng sadjroning goea
endjingira sang moneng woes medal goepoeh
saking waoe djroning goea
ladjeng lampahira aris

3. anaradjang djoerang sengkan
pan toemawing parang redjeng anggawing
asiloek asingoeb-singoeb
djoerang trebis katingal
panggrit ingkang ori wor panggriting tepoeng
soemjak swarane tjemara
koemrisik kang woeloeh gading

4. koemrawak swaraning toja
ron tjemara kadya soerak baroengi
sata wana moenjeng boeloe
pan kadya anembrarna
mrak njangoengong peksi kweh moenja goemoeroeh
samja mangsa wohing goerda
enggar manahe sang brangti

5. sang brangtarsa anoepiksa
swaraning kang kindjeng tangis aneng prih
lir dyah rinabaseng kakoeng
pangrengihe kapirsa
lir pamane neng tilam kawratan loeloet
padapaning djring koemelap kadya angawe oepami

6. mring waoe sang anggoeng rimang
sang abrangta jata mesem djro ngati
sedina denja loemakoe
kendel-kendel jen salat
doek semana ngandap asar wajahipoen
ladjeng minggah ing aldaka sajah ararjan alinggih

7. aneng sela soemajana
ppctjak arga neng sandaping koesambi
Djamal Djamil ting kaletoes
amangan woh kemlaka
lawan ketos kang mateng-mateng wohipoen
sang moneng mesem oemiat
ningali kang abdi kalih

8. adangoe denira rarjan
jata kagjat anon doekoeh respati
soekoening Sendara goenoeng
anggenggeng katoepiksa
wastanipoen ing doekoeh Andong-tinoenoe
dene namane kang tapa
nama ki seh Soeksina-sidik

9. moeng wowoloe sabatira
ingkang djaga marang ki Soeksma-sidik
pandita wadad poenikoe
darbe poetra satoenggal
gen amanggiti aneng sapoetjoeking goenoeng
tan karoean kang soesoeta
manggih kala meksih alit

10. men kadi rare titiban
saking dening pandita dreng sisiwi
mangke pan diwa[2]) sampoen
langkoeng sihe sang tapa
pan ingoegoeng ing sapantese wong goenoeng
mring rama woes sinoeng aran ni ken rara
Pamegat-sih

11. klangkoeng karem ing ibadah
saking dening ginoeiang siang ratri
mring kang rama jektinipoen
raarma sang dyah tan njipta
palakrama saking kasengsem ing elmoe
pasemon ladak agawat
ngegoengken jen soegih ngelmi

12. ingoeni pan woes kalakjan
pan akatah sagoeng para petinggi
kang sami kasmaran ngroengoe
ing wartane ni rara
andatengi akatah ingkang kawangsoel
saking dening tan kadoega sang rara
pendjaloekneki

13. tan andjaloek radja brana
moeng angadjak bantah kang eJmoe gaib
nadyan para santri agoeng kang prapta
tan kewawa angesorna ing elmoenira
sang ajoe oendoere amet oepaja doejoeng
soembaga Ian desti

14. akatah ingkang misaja
ing paekan anging tan anedasi
nanging wentala sang ajoe

---

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: kang.

[2]) kirang sawanda, katambahan : sa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nahen kang aneng arga
Amongraga toemoeroen saking ing goenoeng
osik bade oemampira
maring doekoeh kang kaeksi

15. dadya ladjoe lampahira
pan sineroe lampahira sang brangti
noeroet ereng-ereng goenoeng
semana pan woes tjelak
1) lawan doekoeh ing Andong-tinoenoe
soekoenira kang ler wetan
lawan ing Sendara woekir

16. masdjide katon anganggrang
pan atjekli kederan dening warih
baloembang goeng keringipoen
ingideran toendjoeng bang
toendjoeng poetih irim-irim toendjoeng biroe
terate mangsanja sekar ganggeng lawan
ganggong wilis

17. masdjide binatoer sela
oempakipoen apan sela ingoekir
pagere tabag ingapoe
korine kir-oekiran
mastakane rineka-reka apatoet
tilase pinajoe anjar
idjo lir dinandang gendis

24e Zang; dichtmaat: DANDANG GOELA.

1. djadjar kalih wisma tjekli-tjekli
mandapane [2]) dineket kewala
Ian wisma tinalang bae
latar resik dinoeloe
tiris woelan Ian tiris gading
tepoeng moebeng pemahan
wohan wangen agoeng
sela-sela tiris genja
pelataran petetane sawo manggis
doekoe lawan pidjetan

2. pelem pakel djamboe lan koeweni
lagja mangsanira awoh samja
kilen mandapa [2]) masdjide
sasekarane agoeng
tan ana Ijan tanemaneki
pan amoeng kembang-kembang

pra samja binatoer ing sela
pingoel scdaja amepeki sedaja
warnaning sari mangsane lagja
sekar

3. tjampoer gandaning poedak sisili [3])
roem oelekan gandane angambar
pandan sari pipinggire
ingkang baloembang agoeng
sobrah ningkang pandan kinardi
pasenetaning oelam
tambra loekas mangoet
oelame pan warna-warna
jen mangsane asar samja den-pakani
katah moenggoet sedaja

4. toja moentjar doemelah[4]) awening
we toemoeroen kang saking aldaka
apan tinalang andjoge
iline mating doesoen
tan woes oetjapena ingkang sri
rakiting padekahan
asinger apatoet
tjatjade tjilik kewala
jata ingkang loemampah pan sampoen prapti
djawining pekarangan

5. nahen hjang arka woes nitih woekir
sang abrangta kendel ngandap gajam
djabaning lawang korine
pan ana sendangipoen
witing gajam apan ngoebengi
ing sendang pengangsonan
wong estri ingrikoe
rabinira para sabat
Ian malihe jen ki seh mentas ningali
kakaring mirsa tegal

6. sakondoere ngrikoe gen soesoetji
ladjeng genja ngambil toja kadas
aneng ingrikoe djoedjoege
jata semana noedjoe
ki seh Sidik saking ing tegil
mantoek ingiring sabat
sang rara pan toemoet
oemiring marang kang rama
jata kagjat ki seh Sidik aningali
kang lenggah pinggir sendang

---

1) kirang 2 wanda, katambahan: nenggih. 2) limrahipoen : pendapa.

3) prajoginipoen : sisilir. 4) prajoginipoen : doemilah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. santri bagoes warnanja nom pekik
jata ladjeng denja oeloek salam
sen Amongraga noelja ge
ngadeg aris soemaoer
ja ngalekoem salam anoeli
djawab tangan sawoesnja
seh Sidik amoewoes
anak tedja soelaksana
tembe mirsa poen bapa kelawan malih
ngadjeng paran sinedya

8. Amongraga pan woes awawarti
wismanira toewin kang sinedya
marmamba kampir jektine
kedalon lamoen asoeng
ing sawengi amba njoekeri
nenggih masdjid padoeka
ki seh sareng ngroengoe
kelangkoeng awlas ing dria
osiking tyas woes narka jen wong linoewih
sasolahe ketara

9. lan tjahjane kang dadya pandeling
njana jen doedoe santri la-ala
noelja sang dyah sedangoene
mandeng marang kang rawoeh
esmoe kenjoet denja ningali
salamine sang rara
pan dereng kagoemoer
toemingal ma rang ing pria
pan lagjeki sang dyah osik djroning galih
wong iki soen wetara

10. ing praptane baja gawa desti
pinasangken ana ing dedalan
ketara ragengsoeri kie.
goreh moelat wong ikoe
soen wetara asoegih ngelmi
pawartane ing Karang
gone wong linoehoeng
soekoer ki dalem bisaha
anglegaken marang manah ingsoen singgih
dedekan pangaoelan

11. ki seh Soeksma-sidik ngandika ris
soekoer poen anak soedl kampira
mring depok kaoela mangke
noelja ingadjak ladjoe
djoedjoeg masdjid lenggah soerambi
sang brangta eram moelat
anon rakitipoen
pasang-pasanging sekaran
Ian resike pelataran karang asri
nedeng mangsa wohira

12. denja lenggah neng weloelang sami
nanging rinangkepan kasah anjar
sang tapa ngantoeki age
marang ing sabatipoen
santri Djoeris oeningeng wangsit
kelawan ki Noersoerat
mring tegal angoendoeh
timoen kerai semangka
kimpoel kentang tales lawan wi gembili
santrine kang sekawan

13. Amad-iman lawan Amad-kasim
ki Noeridin lawan Amad-badar
kinen misaja oelame
Mad-asroe lan Noersamoed lan rabine
kinen ngrewangi neng pawon mring
ni rara kang mring tegil rawoeh
toewin kang misaja oelam pan sedaja
ladjeng sami den-ratengi pan ingolah
mawarna

14. woesnja mateng noelja den-wadahi
aneng piring tinata ing doelang
semangka timoen kraine
tinata pandjang watoe
kimpoel kentang oewi gembili
tinata pandjang ilang
pelem pakel djamboe
koeweni lawan srikaja
winadahan neng bokor koeningan sami
sekoel woes winadahan

15. aneng soemboel jata sang dyah noeli
pan ingoewoeh marang ingkang rama
kinen anjaosken djambe
noelja sang rara goepoeh malbeng
wisma anoelja salin asindjang mori
petak kemben dara moeloek
asengkang oeroebing damar
poepoeripoen anglamat datan ketawis
dasar koening ni rara

16. soesoepene apan kalih sisih
sekar sedah lan sasra loedira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

moenggeng entik-entikane
woesnja dangdan 1) sang ajoe
ladjeng nata pawohaneki
aneng talam koeningan
tjepockipoen penjoe
ladjeng malih tinimbalan
mring kang rama noelja sang rara agipih
medal njangga pawohan

17. langkoeng merang moelat ing tetami
sarimpoengan denira loemampah
lir wong amcndem poetjoenge
jata Mongraga doeioe
teka mesem sadjroning galih
nenggih sang rara noelja
lenggah woerinipoen
ning rama sang tapa njandak
kang pawohan sinaosaken ingarsi
sarja ngling mring kang prapta

2Se Zang; dichtmaat: POETJOENG.

1. lah ta daweg amoetjanga poetraningsoen
noewoen kang ingatag
sang tapa angling mring siwi
rara apa oewoes gonmoe olah-olah

2. ingkang poetra matoer bibisik jen sampoen
kang rama ngandika
pajo ladekna toemoeli
ngarah apa ing sa-anane kewala

3. jata goepoeh sang dyah malbeng wisma sampoen
sang tapa ngandika
marang seh Amongraga ris
lah poenikoe anak raji djengandika

4. moeng sapele anak peparing Hjang Agoeng
matoer kang liningan
poen enibok wonten ing poendi sang
pandita goemoejoe ing saoerira

5. woes tinoetoer waoe ing sedajanipoen
mesem Amongraga
nahenr ta sang rara noeli
woesnja ngrakit dahar gja binekta medal

6. santri kalih kang ngrampa doedoelangipoen
kang aisi oelam
soemboel binekta wong sidji
kang njamikan apan ta dadi sadoelang

7. ni ken rara kang bekta lantinganipoen
ing sapraptanira
ing langgar ladjeng sinadji
sekoel soemboel pan woes tinoemplek ing pandjang

8. oelamipoen tinata darik[2]) neng ngajoen
pan awarna-warna
jata wocsira anoeli
sang pandita ngatjaraken daweg anak

9. wewantinga soegatnne rinirekoe
sawontene oega
soegatane liang ardi
kang liningan noewoen anjandak lantingan

10. atoetoeroeh sang pandita gja
toetoeroeh
dyan lekas adahar
adangoc denira boekti
sawoesira ladjeng linorodken samja

11. lawan sabat Ian rentjanging tamoe kemboel
gantya kang daranan [3])
sinaosaken ingarsi
sang pandita lan tamoe dahar njamikan

12. doek semana noedjoe mahrib wantjinipoen
dyan sami totoja
angambil toja kadasi
sabat woloe ngambil toja woeloe samja

13. Djamal Djamil woes angambil toja woeloe
woesnja ladjeng adan
sadjak Tjarebon anggalik
sami eram sagoeng ingkang amiarsa

14. dasar besoes ki Djamal jen karja temboeng
woesnja sami soenat
Djamil ingkang angamati Amongraga
pineksa pan dadya imam

15. anoeroeti dadya imam sawoesipoen
bakda gja poedjian
ri woesnja anoelja dikir
woesing dikir ladjeng denja maos donga

16. woesnja donga ladjeng sesalaman sampoen
noelja tata lenggah

---

1) prajoginipoen : dandan,

2) prajoginipoen : tarik.
3) prajoginipoen : daharan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sigra panganan soemadji jata
kalihira adahar njamikan

17. sang pandita aris pangandikanipoen
dateng Amongraga
anak ala nganggoer sami
inggih saking dereng soemoeroep kaoela

18. neda brekah poen bapa sajektinipoen
doemateng poen anak
poenapa samia oegi
rahsanipoen ngelmoe ingriki lan Karang

19. Amongraga mesem aris saoeripoen
poenapa sanesa
pan inggih namaning elmi jekti
saini ingriki lawan ingrika

20. senesipoen 1) ingriki lebet kelangkoeng
katahen wangsalan
sanes kelawan ing Kawis gatak-
gatoek boten katahen karenah

21. sang pandita aris waoe woewoesipoen
anak jen poen bapa
ingoeni manira manggih
kang wirajat saking titiang moelana

22. nanging nora binabarken jektinipoen
pan saben mitjara
ingoempetan den-djarwani
marma taksih roebet manahe poen bapa

23. Amongraga aris waoe atoeripoen
lah toean djarwakna
kaoela adjeng miarsi
sang pandita aris denira wetjana

24. inggih wiwitane kang djagad poenikoe
mring Hjang maha Moelja
poendi kang kinarja dingin
Amongraga soemaoer apan datoelah

25. tinibaken poeat baboe Hawa nenggoeh
doek lagine apan
neng sirahe Adam singgih
aranipoen pan aran betal moekadas

26. ingkang betal moeka pan ing tegesipoen
ingkang dadi ngarsa

---

1) prajoginipoen: sanesipoen.

tegesing das pan pangeksi
doek neng koeping kanan waoe kajat ranja

27. doek neng koeping kiwa wilajat ranipoen
jekoe noer senjata
doek neng mata tcngen singgih pan
ingaran nenggih rasa djati ika

28. sotya kiwa sari rasa wastanipoen
doek neng goeloe kiwa
waoe wahid wartaneki
doek neng dada wahid waoe wastanira

29. doek neng ati sirolah pan namanipoen
sang tapa angoetjap
doek lagi neng poeser iki
gili poenapa anak wastane poenika

30. Amongraga aris waoe saoeripoen
doek neng poeser ika
djamilah wastane nenggih
doek loengane mring segara rante ika

31. doek toemoeroen noetpah namane poenikoe
doek neng kempoeng ranja
albali wastanipoen singgih
aneng tengah kalam apan ingaranan

32. nokat doek neng poetjoeking kalam poenikoe
naptoe gaib apan
doek tiba wewaciah singgih
lir mas timboel toemiba babaoe Hawa

26e Zang; dichtmaat: MAS KOEMAMBANG.

1. ingaranan nenggih wadi lawan mani
manikem wewadah
wadi enggoning rasweki
madi gin enggone rasa

2. mani sedjatine rasane poeniki
kang manikem ika
doek kern pel rasa sedjati
kakoeng kelawan wanodya

3. mantoek-mantoek pandita ataken malih
dadine poenapa
wadi madi lawan mani
lah angger toean djarwakna

4. Amongraga mesem saoerira aris
wadi dadi ika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

poepoetihing mata kalih
madi ireng-ireng mata

5. manikem pan dadi oeger netra kalih
lawan dadi ika
doek kempel tibane kalih
aneng wewadah poenika

6. sedjatine datoelah djatining oerip
pandita lingira
apa roepane rasweki
Amongraga saoerira

7. rasa ikoe roepane pan anglir getih
nging doedoe roedira
anenggih ingkang poeniki
lawan kaja daging ika

8. nanging doedoe djatine daging anenggih
apan djohar awal
pan tegese djohar iki
poenikoe apan sosotya

9. pan poenikoe ingkang dinadeken dingin
roh ilapi ika
sang tapa ataken malih
paran tegese poenika

10. ja ingkang roh ilapi ta kadi poendi
angger padangena
Amongraga mesem angling
tegese roh oerip ika

11. kang ilapi tegese tresandaning sih
kinarja pratanda
artine ingkang ilapi
sadjroning oerip pan ana

12. woes kalingling dening Soeksma kang linoewih
nanging nora kengang
jen ngoegemana poeniki
nenggih kang sami ingoetjap

13. datan kengang toengkoel wong aoelah ngelmi
jen anggoeng djoebria
lir wong ngambil mineng kali
oelam sakedoeng pan sirna

14. meksa adreng pengameke tan amikir
pidjer soeka-soeka
pakewoeh tan den-kawroehi
tan wroeh jen sinisil baja

15. pan poenikoe lambange wong oelah ngelmi
pan koedoe prajitna
lan malih ngedohken kibir
sang tapa angrangkoel agja

16. sarwi angling poetraningsoen wong asigit
soen njana tan limpad
ing kawroeh ingkang sedjati
Amongraga saoerira

17. dremi-dremi paman kewala poeniki
saged amitjara
jekti tan saged nglampahi
jata waoe ni ken rara

18. sedangoene neng woerining ramaneki
mirsaken kang sabda
genira abantah ngelmi
tyasira agaroenekan

19. osik ing tyas njata winasis wong iki
baja iki oega
kang pantes ingsoen ngengeri
jen bade soeal manira

20. pan mengkana sang rara osiking galih
jata sang pandita
alon awetjana aris
marang ing seh Amongraga

21. lah ta anak poeniki arinta inggih
bok andika woelang
darbe kawroeh pan ingoeni
kaoela tari akrama

22. nora ajoen jen tan wonten kang djawabi
ing pangawroehira
Amongraga mesem angling
kaoela ajoen miarsa

23. ing kawroehe bilah 1) kaoela poeniki
saged anglegakna
ing manahipoen menawi
karja dana kasampoernan

27e Zang; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. sang tapa soeka kepati
angling marang poetranira lah
rara madjoea age matoera
dewe kakahta

---

1) prajoginipoen: bilih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lah ia ngarah apa
apan woes mandjing sedoeloer
anggepkoe mring kakangira

2. ajwa donja nadyan ngakir
mandjinga dadi atmadja
insa Allah anggep ingong .
jata sang rara gja lenggah
ing keringe kang rama niatoer
minta apoera goeng dateng ki
sell Amongraga

3. sampoen padoeka mestani
mring kaoela wong goemisa
pan tetaken sajektine
Amongraga mesem lingnja
nadyan awak manira
tan roemasa jen linoehoeng lagi
rarasan kewala

4. basa kang oewis kawidjil
pan inggih toengtoen-toeng-toenan
kiai kelawan ingong
balik ta pajo oetjapna
ia pangawroehira
pira barane wakingsoen
kelamoen bisa ambatang

5. kang rama namboengi angling
lali rara pajo oetjapna
boentelamoe selawase
soen doega mangsa soesaha
jektine kakangira rara Megat-
sih amoewoes amba miarsa
wirajat

6. meketen melipoen singgih
poendi kang soeng wroeh ing
tingal
pan salah dalih tingale
anglir moeksa djiwa raga
kakoeng miat wanita
Amongraga mesem moewoes
jekoe manira miarsa

7. kang badan roh ikoe singgih
linahirken rasaneka
amoeng kang roh ilapine
kang tanpa djisim poenika
rohani rabanika dene anane
poenikoe marmane ana roh
njawa

8. ingaranan roh ilapi
pan kinarja kenjatalian
ni rara malih ataken boedi
Ian nepsoe poenika amarah
moetmainah boedi loeamah
poenikoe inggih pinten
warnanira

9. kang nepsoe amarah poendi
inggih kalawan soepiah
poendi kang ingaran mangke
boedi nepsoe maring ala
Amongraga saoernja
nepsoe amarah poenikoe
ingkang karem maring ala

10. kang tan soeroed ingkang galih
saderah nepsoe poenika
poenikoe amarah reke dening
nepsoe moetmainah kang
remen kabetjikan toehoe
wetja karepipoen loeamah
kang maring loba

11. soepiah karepireki
maring ingkang doedoe ia
amarah moemoelang reke
mring sagoeng penggawe ala
kang loeamah sasmita
abangsa setan poenikoe
berketoetoer loemprah lengkrah

12. rara Megat-sih ling malih
boedi andap loehoer ika
Amongraga lon saoere
kang loehoer ikoe tan ana
ingkang loewih oetama dening
kang loewih poenikoe boedi
sasmitaning Soeksma

13. kang satengah den~arani
boedi toedoeh maring ala
ana kang ngoetjap mengkene
dene kang maoe prajoga
ing mengko teka ala
koepoer kang ngoetjap poenikoe
bodoken marang Hjang Soeksma

14. tan wroeh jen Hjang maha Soetji
kang aparing betjik ala
boedi ikoe satemene pratanda
karsaning Soeksma estoe tan
amemada

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan ana malih winoewoes
poenikoe ajoen waspada

15. tan kena asalah dalih
kang ba 1) eroh poenika
nenggih sekawan katahe
njawa djasmani poenika
ingkang ingaken toenggal
roll rasa djati poenikoe
jekoe roll ilapat ika

16. doedoe njatanipoen singgih
Hanging toenggal ingkang karsa
kang rabani ikoe reke
njataning dat ilapika
sipat lawan apengal Megat-
sih malih winoewoes poendi
kang djati poenika

17. Amongraga anaoeri
kang aran kadas poenika
kelawan sangkan parane
doek laline ikoe ia
lali roesakan ing dyah Ialine
rasa akoempoel dcning tingal
kang moertjita

18. doek Ialine rasa iki
kakoeng soemoeking wedana
koemesar tan ana reke
marma joen gamboeh ing tingkah
Megat-sih atoerira pratelakna
tegesipoen kang badan poenikoe oega

28e Zang; dichtmaat: GAMBOEH.

1. Amongraga amoewoes
jekti tingal kang manderik [2]) ikoe
tjipta prapta ing manahira sajekti
limoet soeh sirna awimboeh djisim
djohar ingkang lonjoh

2. woh rasa kang kadoeloe
djasmani ingkang asoeng poenikoe
tegesipoen doek atjampoeh rasa djati
wanodya kelawan kakoeng
djasad aranira reko

---

1) kirang sawanda, katambahan: dan.
2) prajoginipoen: mendelik.

3. djasmani doek lagjekoe
tampi rasa saking angganipoen
apan ia dadi sesamanireki
dadya temahe poenikoe
wanodya kang asoeng raos

4. rahsa manikem ikoe
wanita kang rahmani poenikoc
sajektine djisim ikoe kang atampi
Megat-sih malih oematoer
inggih kaoela atakon

5. kang roh ilapi ikoe
inggih ta paran ing tegesipoen
Amongraga alon denira naoeri
roh rabani ingkang toehoe
kang lanang manikem jektos

6. warna lir moetyarekoe
roh rahmani nenggih prianipoen
roh ilapi jekoe oega napi djinis
doedoe badan sanjawekoe kang
djasmani jekoe reko

7. ngaken raga soeksmekoe
djisim aloes arane poenikoe
kang rohani tanpa roepa warna singgih
lir sekar pralambinipoen
kakoeng kombang angganing wong

8. doek mangrabaseng santoen
sari oepama wadon poenikoe
marma ajoen awas jen sira neng diri
doek lagi megar kang koedoep
jekoe lambange kemawon

9. djaba prenahing madoe
poma den-awas [3]) prenahipoen
jen woes awas pesti wrpeh asmara garni
jen kang oetama **jekti** wroeh nanging
arang singa sang wong

10. kang wroeh basa poenikoe
jen kang tan mateng ing tjiptanipoen
jata deleg sira ni rara Megat-sih
angartika djroning kalboe
njata pinoendjoel iki wong

11. nora larang wong ikoe
soen roangi adol tapihingsoen

---

3) kirang sawanda, katambahan : ing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

selawase anaha mangkene 1) oewis ia
palakrama ingsoen mengkana osiking
batos

12. Amongraga amoewoes
pagene mindel apa woes soeroep
jen woes soeroep menek ana ingkang kari
kang rama namboengi woewoes soen
doegi angger woes katog

13. rara matoera goepoeh
marang kakangira apa oewoes moeng
semono kang lawas sira betitil kang
poetra alon toeripoen pan woes telas
atoer ingong

14. nanging kaoela sampoen
padang nerawang ing nalaningsoen
ingkang rama goemoejoe abelik-belik
lah nora piraha ikoe
kelamoen amoeng semono

15. rara oewoes begdjamoe
Ian maninge pan woes kalbeng woewoes
sapa-sapa kang madangken tyasireki
amawongan sira ikoe poetra lengser
wangsoel ing gon

16. ladjeng Ienggah toemoengkoel
sen Amongraga mesem andoeloe
ni ken rara kesah malbeng wisma noeli
semana apan sedaloe genja ngaben
ngelmoe raos

17. poekoel pat wantjinipoen
sang tapa aris andikanipoen
inring kang poetra sen Amongraga bibisik
barang reh ing karsanipoen Amongraga
matoer alon

18. amba langkoeng anoehoen
ing pasihanta ingkang doemawoeh
. pan ing mangke amba tan poeroen nglampahi
kedjawi kalamoen sampoen kepanggih
sadoeloer ingong

19. pesti amba jen wangsoel
anoet ing karsa ingkang poenikoe
Jen ing mangke tebih boten darbe pikir

1) prajoginipoen : ing kene.

sang tapa langkoeng angoengoen
pitekoer sarwi andongong

20. woesana ris amoewoes
marang kang poetra sarwi angrangkoel
nanging poma anakingsoen wong asigit
j^n oegi sampoen kapanggoeh kang
para oepaja karo

21. poma-poma nakingsoen
noeli wangsoela marang ke goepoeh ing
pestino lawas fenggale ngong anti seh
Amongraga oematoer jen si [2]) estoea
kelakon

22. panggih kang mara roeroeh
pan sajekti manira awangsoel
kados boten koela anjidrani djangdji
sang tapa lega tyasipoen
jata Amongraga goepoh»

23. djawat asta angoedjoeng
pamit loemengser saking ingajoen
ladjeng goepoeh dateng abdi Djamal Djamil
sang tapa Ian sabatipoen ngater sadjawining
^oekoh

24. woesnja mengkana wangsoel
sang tapa jata [3]) loemakoe
sampoen ladjeng Ian santrinira kekalih
andaroeng ing lampahipoen
tan miris mjat ing margfewoh

29e *Zang;* dichtmaat: GOERISA.

1. semana woes bjar rahina
kang mega malang soemirat
ganteng neng poetjaking ardi
akeh warnane kadoeloe
ana lir wastra mandjeti ana
pinda moeteara weneh ana
wastra woengoe rinenda
pinggire moeroeb

2. Obah boeron agoeng-agoeng
andaka maesa danoe
pating galero mongira
moeni neng panggonanira

2) prajoginipoen: sa,
3) kirang 2 wanda, katambahan: samja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangsane doek moelih lagja
saking denira memangsa
pan woes adate kang sima
jen daloe kesah memangsa

3. oelihe jen men rahina
senes 1) boeron akeh pada
jen daloe loemrahe toeroe
jen meh rahina pan swara
ting galembor bade saba
baroeng wre keiawan loetoeng
wrangoetan Ian oewa-oewa
goemer moenja ing kekajwan

4. sang hjang pradangga [2]) oemoengoep
moenggeng poetjaking aldaka
goemeder swaraning peksi
reboet wohing boeloe goerda
tjoektjak djalak mentjo djohan
goetilang [3]) katik gidawa [4])
derkoekoe poeter soelindit prit
tjoang lan barandjangan

5. enggar manahe sang brangta
toemon peksi kweh swaranja
kadali moenja ing tawang
kaswasih jen piniarsa
kadya ngandega ing lakoe
peksi beloek moenja nglamat
kadya ngenggalna ing lampah
sang brangta mesem wardaja

6. wroeh sasmitane kang peksi
jata ris ing Iampahira
marga noeting wana pringga
moedoen djoerang minggah arga tan
wonten doergama ketoeng ing
tjipta agea weroeh doekoehe Baji
Panoerla ja kang aran Wana-marta

7. rahina wengi loemakoe
kendtl-kendel jen asalat
noeroet Kendeng Iampahira
datan kawarna ing marga

jata semana woes prapta
telatah ing Madjalengka
enggar manah sang brangta
ladjeng waoe Iampahira

8. anoedjwa pctjat rakitan
Djamal Djamil kinen tanja marang
wong giring maesa ataken ing
Wana-marta kang tinanjan
saoerira poenika ingkang katingal
doekoeli kang genggeng poenika
gih kang aran Wana-marta

9. andika ladjeng kewala
ing mangke pesti kadoeloe
masdjide ageng aloehoer lan
malih kaoela tanja andika
santri ing poendi soemaoer
ingkang tinanjan manira
santri atebah saking ing
Banten jektinja

10. marma dreng mring Wana-marta
manira miarsa warta
jen ki seh Baji Panoerta sabar toer
lila ing donja anoentoen ing wong
baliloe marma santrinira agoeng
poenapa inggih jektia soemaoer kang
sinoeng woewoes

11. tan dora ingkang atoetoer
inggih saestoe mengkana
ambeke Baji Panoerta
marma sagoeng pra dipatya
goegoeroe ambek ambapa
tan tjoea barang karsane
sawabe Baji Panoerta ngiwa
panengene kena

12 Ian malih santrine agoeng
kaoela dereng oeninga kang kadya
ing Wana-marta kehing santri kang
ngloewihi kados kawan ewoe ana
kaoela doek maksih botjah sagoeng
pasantren oeninga dereng wonten
kang toemimbang

13. lir Wana-marta kehipoen
dasar papane prajoga

---

1) prajoginipoen : sanes.
2) prajoginipoen: pratangga.
3) prajoginipoen: koetilang.
4) prajoginipoen: kedawa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mirah ingkang pala-kirna
beras datanpa adjia
marma santri tebih-tebih
katah kang prapta ingrikoe
pan oewoes adating santri
marani kang mirah teda

14. kaoela pan dereng lawas
oemantoek saking ingrikoe
salawase pan kaoela
dadi santrine ki Baji Amongraga
namboeng woewoes kalamoen
wonten wong prapta inggih
sinten kang djinoedjoeg
oematoer Dalem djoedjoega

15. inggih poetrane penggoeloe
poenikoe kang pinitaja
dateng ki Baji Panoerta
wastanipoen Djajengwesti saben
wonten wong kang prapta inggih
andjoedjoeg ingrikoe pan
sampoen wisma pribadi
sakidoeling masdjid Mangoe

16. dene waroedjoene aran
anenggih ki Djajengraga
pan inggih kalih poenikoe
singa ingkang djinoedjoega
djer atmadjanipoen djaloe
pan amoeng kalih poenika
pambadjengipoen pawestri
wastanipoen Tambang-raras

17. kaoela dereng amanggoeh
wanodya kadi poenikoe
poetrane Baji Panoerta
apike kagila-gila
doek kaoela ingkang waoe
inggih taksih aneng rika
asring meningi kaoela
kang wong prapta loenga teka

18. anake petinggi desa
tanapi anak soedagar
toekone pan djor-djinoran
sami kawangsoel sedaja
wit sang rara boten kena
tinari mopo kewala
mring kang rama atoerira
bendjang kaoelarsa krama

19. jen wonten senenging nala
boten koedoe den-toekoni
lan boten melik kaoela wong
kang bagoes awibawa sanadyan
tjebol boetjoea lamoen panoedjoe
kaoela badan kaoela soemangga
jen woes kalboe petek oeloen

20. marma ki Baji kelangkoeng
soesah mirsa toering poetra
kalamoen pineksa-peksa
atoere pan koedoe loenga
marma kang rama amoepoes
naoeri kang namoer lakoe
manira saweg angroengoe
wanodya tan arsa krama

21. menawi inggih poenikoe
ngoepados santri oetama
angling malih kang wong ika
pan woes pirang-pirang poeloeh
santri tebih-tebih prapta
sami santri djadoeg-djadoeg
prandene' tan na kinarsan
kaweleh pan sami gria

22. sami ngoepaja paekan
awit karsane ki Baji
mring santri sapa kang begdja
saking soesah mjat ing poetra
kelakon sami ngoepaja nanging
sang rara wentala loepoet ing
desti soembaga toeas kabeh
ngatjoeng samja

3Oe Zang; dichtmaat: POTJOENG.

1. marmanipoen keh-kehing wong ana moewoes
soen doega ni rara
boentet tan doewe njemimik milanipoen
sakehing wong tinampikan

2. jen loemrahe wong gene semana ikoe
pestine pan ana
ingkang pinilih sawidji
ikoe nora dadak tinampik sedaja

3. jen wong boentet andadak kakehan woewoes
pan inggih akatah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang moewoes kadi poeniki
pan goemoedjeng waoe ki seh Amongraga

4. angling kadi boten kang kados poenikoe
saweg dereng arsa
ngoepaja djodo prajogi
ingkang kangge awal akir ingoepaja

5. dadi ingsoen ngroengoe ing wartinirekoe
manah moendoer mara
bok manira den-arani
darbe niat marang ing estri poenika

6. toer ta boja pisan-pisan raganingsoen
njiptaha poenika
inoeng sedya ngoepaja ngelmi
dadak noedjoe ingrikoe wonten broesahan

7. wong kang angon maesa ris saoeripoen
kang amba witjara
pan woes sawarsa poeniki
jen ing mangke tentrem tan wonten pawarta

8. winginipoen kaoela saking ingrikoe
tindjo sanak lara
ala nganggoer awak mami
anakoken poenikoe kang koela oetjap

9. pan saestoe sampoen tan wonten wong rawoeh
mikir bab poenika
sang moneng mesem djro ati
doek semana hjang arka nitih atjala 1)

10. jata angling Amongraga manis aroem
ngong langkoeng narima
pitcdah para mring mami
lah ta sampoen manira ladjeng kewala

11. kang liningan moewoes aris atoeripoen
bok endjing kewala
lamoen soetah Dalem kampir
ing pagrian kaoela jen pareng lega

12. jen ladjoea sampoen ketanggelan daloe
apan ewed aja
jen praptaha wengi-wengi
jen kepareng ing bendjing-endjing kewala

13. marma koela atoeri kendel sedaloe
ing wisma kaoela

1) prajoginipoen : antjala.

jen tan arsa sare panti
asarea wonten ing masdjid padoeka

14. pinten banggi kewala jen saged toemoet
djriah ngaterena
kalamoen loedjeng saratri sedajane
krandahe Baji Panoerta

15. mring kaoela apan ta woes pada wanoeh
kang dados kebajan
poenika poen santri Loetji
leresipoen nak-sanak lawan kaoela

16. soeka ring tyas sang brangta sareng angroengoe
aris saoerira
ki sanak para ngetjani
anjoekeri sawcngi neng wismanira

17. lah poenapi maksih doh wismanirekoe
kang tinanjan lingnja
doekoeh mentjil kang kaeksi
lah ta enggeh andika dingin mantoeka

18. ri sang wisma angintar mantoek roemoehoen
sapraptaning wisma
woes mangsit mring rabineki
ladjeng manggil ing batoerira sekawan

19. moeng wong papat kang toemoet wisma ingrikoe
jata sami prapta
wong papat woes den-pojani soeka
ladjeng ngrewangi ing rabinira

20. olah-olah ing pawon langkoeng abikoet
ri woesnja mengkana
sang wisma metoek woes panggih
Ian sang brangta noelja ladjeng ingatoeran

21. sapraptane ing doekoeh sang brangta mangoe
mjat ing pala-kirna
mawarna langgare tjekli
her toemoempang lan resiking pelataran

22. sang wisma ling paran ing kersanta nenggoeh
poenapa pinarak
ing wisma toewin soerambi
anaoeri pened soerambi kewala

23. noelja ladjeng mring soerambi tata loenggoeh
mahrib wajahira
ladjeng ngambil arastoeti
lan sang wisma salat mahrib prapteng isa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. woesnja bakda pan ladjeng atata loenggoeh 215.
sang wisma angoendang
mring Roebiah kinen noeli
amedalna sa-anane kang soegata

25. kang ingoewoeh ni Roebiah langkoeng goegoep
anata soegata
ri sampoenira anoeli
apan noelja sinaosaken mring Ianggar

26. gja tinata sekoel oelam aneng ngajoen
sang wisma wetjana
lah daweg toean wewanting
soegatane inggih bok ajoe andika

27. kang sinoeng ling ngetjani wewanting goepoeh
dyan lekas anadah
sekantoek denira boekti
sang kaswasih kelangkoeng kapioetangan

28. mring sang wisma dening tjakoete kelangkoeng
jata sawoesira
ambeng ingoendoerken maring Djarnal
Djamil atekoel denira mangan

29. besngek teloe lan pindangsatjoewo gempoer
bekamal sepaudjang
sirna datan wonten kari
toempeng kalih bebas imboeh sekoel bodag

30. langkoeng merang sang brangta denira doeloe
angling ri sang wisma
adi sampoen isin-isin
pan ingriki pan woes wismane priangga

31. anaoeri Djamal Djamil gih-gihipoen
kadi poendi kakang
pengraosipoen poen jaji
jen mawia ringa-ringa mring poen kakang

32. nadyan inggth sanak tembene kepanggoeh
pengraos kaoela
lir toenggil sajajah bibi
ki Noeripin goemoejoe asoeka-soeka

33. tan kawarna ing daloe datan winoewoes
jata bjar rahina
ladjeng salat soeboeh nenggih
sabakdane lenggah ngemper tadjoeg samja

34. sang abrangta alon waoe woewoesipoen
dateng ing sang wisma
paran ing karsanireki
poenapestoe miling 1) anoet ing kaoela

3le Zang ; dichtmaat: SINOM.

1. Noeripin aris saoernja
lah inggih daweg soeawi
koela pitoeloeng ngaterna
djoedjoego mring Djajengwesti
sigra kjai Noeripin
amanggil ing rabinipoen
prapta Noeripin lingnja
karia soen bade ngiring
marang arinira marang Wana-marta

2. moeng pak Kebak lan pak Dama
ikoe- kang soen gawa nanging
sira den-betjik neng wisma
menawa ingsoen alanii
rabinc matoer inggih
jata sigra mangkat goepoeh
ing marga tan winarna
rawoehira petjat rakit
Wana-marta sang brangta eram toemingal

3. toemon srining padekahan
ageng anggenggeng kaeksi
awilis kitri ketingal
dadah kinoebeng pring ori
roning kang tiris-tiris tepoeng
djanoer papahipoen doesoen
geng sri kawoerjan wisma keh
pipit amarik bebandjengan latare
asisipatan

4. katah swabawaning desa
djanma samja namboet kardi
saliring pakarjan ana
pande kemasan [2]) gending
koendi kelawan njingi
sajang angleboer anggebjoer
kang milanten amarna
oendagi miwah meranggi
kang angoekir-oekir mjang karja landean

5. belandong Ian karja wisma
karja djoengkat soeri serit

---

1) prajoginipoen : milweng. 2) kirang sawanda: Ian.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

miwah toekang tjekatakan
toewin toekang sela kerti
djaid kelawan gerdji
mjang ngemalo karja pajoeng
iniwali karja orean
seser soendit djala djaring
karja soemboel tambir lampit mjang kelasa

6. karja toping natah wajang
karja golek Ian tjempoerit
miwah saroengan sendjata
karja keboet lawan katil
kang leles karja godi
kang gawe e'pok mjang tandoe
angetel karja kopjah
panegar dalang mepeki
wong kang soegih loemrah adoewe gamelan

7. miwah ingkang karja larab
toewin pakarjaning estri
djor-djinoran namboet karja
pangobeng nenoen lan batik
mjang tando barang pokil
pan limrah tiang sedoesoen
Wana-marta sedaja
akatah kang soegih-soegih
saking berkah djeng kjai Baji Panoerta

8. tan ana boedi maksiat
sakehe wong djaloe estri
tetep pra samja ngibadah
agami sambi agrami
ken pinangkaning djalmi
kang tebih-tebih marikoe
ngadji ladjeng awisma
djenak tan anedya moetih
sabab dening gainpil ngoepaja padjiwa

9. tan ana ingkang kewoehan
endi kang den-karemeni
ngadjia anggaotaha
sarwa akeh sarta gampil
mocrah sandang lan boekti
singa kang den-edol pajoe
wawrato ing adesa
gemahe kadi negari
nora nana kestori kang dora-tjara

10. milane samja kerasan
traping wong wisma miranti
koempoelan akarandahaiv
sagotra-gotranireki
woes kasoeb ing atebih
dadya pangoengsening doesoen
miwah tangkar-toemangkar
kang gegria winatawis
tjatjah wisma semoe- rebat langkoengira

11. sang mong kingkin doek toemama
mandjing ing doesoen toelja sri
moelat rakiting awisma
tata naroetoes taritis
pasiten gesik pasir
pager djaro noeroet loeroeng
kentjeng sinipat rampak
gapit djedjet ginelamit
goemarining sang moneng moelat karonan

12. tan mantra-mantra ngadesa
solahing wong pan woes kadi
negari renggeping karja
saben wisma toeroet margi
sami andedasari
waroeng panggeng toeroet loeroeng
bango samja tangkeban
ngiras empering wismeki
siang daloe tan ana koekoeding dasar

13. dadya pepaesing marga
kang dinol 1) mawarni warni
kalitik wesi koeningan
toewin selaka lan roekmi
miwah sotya mjang keling
pepak pepantan angladjoer
grabad samja garabad
kelitik samja kelitik
ingkang adi samja keling-kekelingan

14. seladjoer samja njamikan
sekoel oelam amepeki
mjang panganan lah-olahan
wowohan awarni-warni
toewin jen noedjoe paing
kidoel ngarsa pager doesoen
bangone bebandjengan
kadjeng ageng angaoebi
kadjeng kcpoeh bibis boga lan karoja

15. saengga loen-abenira
jen noedjoe pasaraneki

———

1) prajoginipoen: den-dol.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan kongsi sedina pisan
asar andap boebarneki
dasar neng pinggir kali
kaline kebak peraoe
getek pring toempang sanga
getek balok bade milir
toewin katah bakoel pipikoel daratan

16. miwah momot kekapalan,
sapi-sapen amedari
kalang edeg ngiras wisma sepalih kang
den-momoti sasisih dadya panti
goemrit swarane aseloer tjikar keser
eloeran momotan awarni-warni
belantikan wade kapal mjang maesa

17. kang toemameng padedesan
sang moneng lawan Noeripin
lon-lonan sarja ngandika
abener toetoerireki
dene sanget moendjoeli
sesamaning doesoen-doesoen
tan wonten meketena
gemahe kadi negari
ki Noeripin oematoer inggih poenika

18. kahardjaning Wana-marta
berkahipoen djeng kiai
Baji Panoerta oetama
moektine kaqli boepati
sang mong koeng naoer inggih
kjai geng mangoenahipoen
mengkana oeroet marga
katah ingkang kapiarsi
kang gamelan ngrerangin weneh terbangan

19. pasang rekaning pagrian
anggenggeng marik apipit
geng-ageng kampoeng limasan
djoglo singoeb tawon boni
roemat kadya priaji
pendapa gandok lan loemboeng
pa won kandang gedogan
tadjoeg sarta lawang kori
mjang pakiwan bakoepon lan pambatikan

20. kang para soegih mengkana
rakiting wisma miranti
kang doewe awirja-wirja
angkoehe woes kaja mantri
samja oelah kamoektin
lan tetep ibadahipoen
latar resik sinaba
ing ajam poetih kebiri
miwah dara Presi mjang banjak kambangan

21. sadewe-dewe rekanja
oengkoel-ingoengkoelan sami
lawang kori ingapikan
samja pinipil aremit
mjang pinoelas mawarni
soepaja amrih kadoeloe
kang liwat pepasaran
solahe samja birahi
pinaranten lawang dadya pengampiran

22. sang mong wingit kawiletan
ladjoe malih aningati
masdjide ageng neng tengah
goemoeroeh santri angadji
dasar amangkoe kali
katine ageng binendoeng
ingedjogen baloembang
baloembang ageng ing masdjid
tojanira awening pan kadya katja

23. ingingonan oelam katah
sagoeng kang oelam benawi
pan kinarja kelangenan
oelam pinatoet ing gending
oelam panjoewoek adil
lawan oelam djalma kampoeh
oelam semoene doeka
oelam rare anggelidig
lawan oelam kang marga karja simpangan

24. kang oelam baloeng kelapa
oelam ginoenggoenging laki
lan oelam pada katjarma
oelam tambanging oendagi
oelam tansah angradin
mjang oelam manggoeng tan emoet
oelam djanma melarat
oelam pamiwaling laki
lawan oelam djanma besoes bebedangan

25. lan oelam djajeng kalpika
oelam panggoegahing djalmi
oelam pandjaloeking potang
mjang oelam saptaning kaki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oelam groboh ing kardi oelam
pameksaning lakoe oelam nemoe
kelangan oelam pandaming wong
kemit lawan oelam djalma wire
aboesana

26. kang oelam goetoel gambira
lawan oelam wohing dami
kang oelam loear binanda
toewin oelam tansah asih
Ian oelam benang roekmi
miwah kang oelam prang moesoeh
oelam kajoe pinasah
oelam pangesoeking djoerit
lawan oelam semoene djati angarang

27. toewin oelam netra djingga
Ian oelam rangkep koelambi
oelam timbrah ing wedelan
lan oelam roesaking baris
mjang oelam widji sami
lan oelam pangoeloe-oeloe oelam djalma
tjarita oelam tjirining atitik toewin
oelam kasoesoe ngombe kasatan

28. lawan oelam manggoeng soeta
mjang oelam weteng malenti
kang oelam pametes warah
oelam paweh ken nanggapi
oelam ambobolehi
Ian oelam djedjering woewoes
kang oelam djamang djadja
oelam peraboting mantri
lawan oelam toembak pangendak dipangga

29. mjang oelam agoeng ketingal
toewin oelam remboeg dadi
lan oelam besoes ingoenda
mjang oelam sesawat kantjil
lan oelam dangdang tjempli
lawan oelam terek badoet
oelam sasawi dadah
lawan oelam soedoeng peksi
toewin oelam kang woes padang-pinadangan

30. lawan oelam matis gandja
lan oelam sengkrok kalentik
lawan oelam anggoeng ganda
mjang oelam tansah adjoerit
miwah oelam toembak pring
lawan oelam djalma boesoek
mjang oelam kepanasan
lawan oelam piring siti
toewin oelam bedando manah kewoehan

31. lawan oelam wedoes djamprah
oelam patoet anggenteni
Ian oelam patjoel katoean
toewin oelam dangdang langking
kang oelam djatmikani
lawan oelam ngaben doewoeng
mjang oelam djanma wajang
lan oelam rada abaring
miwah oelam rare koedoe miloe loenga

32. kang oelam kajoe ginangsa
oelam panggresahing santri
lan oelam ngepoeh paroedan
mjang oelam pangegol siti
toewin oelam ngempoki
lawan oelam mateng sepoeh
oelam estri katawan
Ian oelam tan kena lali
lawan oelam djalma godeg brengos tjapang

33. ingkang oelam anggoeng sirna
Ian oelam kintjanging alis
Ian oelam selamet sawah
oelam palanging wong batik
oelam kelalar menir
oelam pangoendanging koetoek
oelam djoedeg ing lampah
oelam ketanggoengan Iinggih
lawan oelam ngintir-intir naoer oetang

34. toewin oelam kadang toea
Ian oelam tarebang moeni
Ian oelam kenja boesana
oelam nitya poetjat isin
oelam sapoeloeli doewit
oelam pamiwiring kapoek
oelam tansah mimilang
oelam rimbaganing pitjis
lawan oelam djalma ken tansah arocngan

35. djawabe ingkang wangsalan
oelam kang toemrap ing gending kang
kinarja kelangenan badene sawidji-
widji tambra panjoewoek adil bader
ingkang djalma kampoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangoet semoene doeka
grameh rare anggalidig
oelam sidat marga kinarja simpangan

36. betok kang baloeng kelapa
melem ginoenggoeng ing laki
taroernpah pada katjarma
sepat tambanging oendagi
papar tansah angradin
kelalen manggoeng tan emoet
djambal djalma melarat
patjal pamiwaling laki
oelam lele djalma besoes bebedangan

37. djajeng tjintjin wira sotja
tengiri penggoegah djalmi
tageh pandjaloeking potang
lempoek kang saptaning kaki
wagal groboh ing kardi
berod pameksaning lakoe
sili nemoe kelangan
keting pandaming wong kemit
oelam bader djalma wire aboesana

38. oetjeng kang goetoel gambira
wader pari wohing dami
kotjolan loear binanda
weloet ingkang tansah asih mare mas
benang roekmi djaga ripoe perang
moengsoeh peloes kajoe pinasah
soeroeng pangesoeking djoerit
senggaringan semoene djati angarang

39. oelam beles netra djingga
lopis rangkeping koelambi
baloetak timbrah wedelan
kadalan roesaking baris
tjakoel kang widji semi
deleg kang pangoeloe-oeloe
kotes djalrna tjarita
tawes tjirining atitik
oelam kakap kesoesne ngombe kasatan

40. belanak anggoeng soesoeta
bekel kang weteng malenti
rengareng pametes warah
paloeng paweh ken nanggapi
oerang ambobolehi
kada djedjering pamoewoes
kelaloeng djamang djadja
rebon peraboting mantri
titikoesan toembak pangendak dipangga

41. totog kang manggoeng katingal
giligan kang remboeg dadi
gambret kang besoes ingoenda
bentjoleng sesawat kantjil
djidjindil dangdang tjempli
larong ingkang terek badoed
djaliger sawi dadah
soesoeh ingkang soedoeng peksi
damar woelan kang woes padang-pinadangan

42. sebit lentar matis gandja
sogok prana sengkrok klentit
loembet ingkang anggoeng ganda
pamprang kang tansah adjoerit
garanggang toembak epring
oelam loendoe djalma boesoek
epe kang kapanasan
loper ingkang piling siti
oelam grago bedando manah kewoehan

43. barok ingkang wedoes djamprah
sanggreng pantes anggenteni
bo-gerang patjoel katoean
gagakan kang dangdang Iangking
gateng kang djatmikani
katjangan angaben doewoeng
dalang djanma amajang
galendeng rada abaring
pan kaloejoe rare koedoe miloe loenga

44. areng kang kajoe ginangsa
seboet panggresahing santri
meresi ngepoeh paroedan
oengkil pangegoling siti
bekem ingkang ngempoki
djembloeng kang ameteng sepoeh
bojongan estri tawan
oeling kang tan kena lali
pan djabrisan djalma godeg brengos tjapang

45. soembilang kang anggoer sirna
oedet kang kintjang ing alis
boeloes selameting sawah
dawangan palang wong batik
ketoel kelalar menir
koera pangoendanging koetoek kodok
djoedeging lampah bangkong
ketanggoengan linggih pan paretjil
ngintir-intir naoer oetang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

46. kongkang ingkang kadang toea
tjebong kang tarebang moeni
joejoe kenja aboesana
bajas nitya poetjat isin
koangan dasa doewit
bibis pamiwiring kapoek
kidjing batoer maedjan
wader petak rimbag pitjis
oelam sriwet djalma ken tansah aroengan

47. toemon srining sasekaran'
samja pinatoet ing gending
kang sekar djaboeng pajoedan
an sekar mandeg anolih
sekar panggoegah mantri
miwah sekar djajeng moengsoeh
lan sekar kabendana
lan sekar panida radin
miwah malih nenggih kang sekar wiraga

48. lawan sekar anggoeng liwat
miwah sekar soring alis
kelawan sekar kapita
toewin sekar pondoh tjengkir
sekar panambang peksi lawan
sekar wadja djarnoes miwah
sekar angkatan lawan sekar
djalma mantri anelasar perawan
mati sepata

49. lawan sekar kasentana
mjang sekar bonang kapentjil
lawan sekar palinjokan
miwah sekar netra arip
sekar panambang djanmi
lawan sekar djanma soesoen 1)
lan sekar tjatjad awak
toewin sekar ganda wilis
lawan sekar ing prenah kedah kapisah

50. miwah sekar mangan oedjar
lawan sekar soring wentis
toewin kang sekar kasoempah
kelawan sekar sridenti
sekar boboting kawi
lawan sekar djalma sepoeh
sekar kang tanpa ngoetjap
sekar tan patoet ing gending
lawan sekar ingkang kapisah ing toja

1) prajoginipoen: soengsoen.

51. miwah sekar djedjamahan
lawan sekar aprang tanding
miwah sekar mangkoe pradja
sekar kentjana rinoedjit
sekar kang asoeng warti
sarpa senen anggoeng moengsoeh
noetoeti mandi angkah
lan sekar bapakne kaki
soengsoeng goejoe sah pria anitih swara

52. dene djawabe kang sekar
sekar kang moenggeng ing krami
djelamprang djaboeng pajoedan
gianti mandeg anolih
woengoe panggoegah mantri
sekar bopong kang pinanggoel
kelak kang kabendana
kapoeranta nida radin
sekar poedak nenggih kang sekar wiraga

53. wora-wari anggoeng liwat
praboe setmata sor ngalis
kemoening sekar kapita
sekar sempol pondoh tjengkir
menoer panambang peksi
melati kang wadja djamoes
tandjoeng sekar angkatan wong
araga djalma mantri rara kendat
perawan mati abela

54. sekar dangan kasentana
lenga teleng aningali
gambir ingkang ati begar
kenanga bonang kepentjil
katambang wong anali ,
wong aroempoek djalma soesoen [2])
patjar wong pipisahan
wida-sari ganda wangi
raga-ina kang sekar tjatjading awak

55. orok-orok mangan oedjar
sekar sempql soring wentis
kang kasoempah sekar soengsang
sridenti sekar srigading
bobot sekar wrat-siki manda-kaki djalma
sepoeh mangoeneng tanpa ngoetjap
saroeni tan patoet gending pat]ar_banjoe
sekar kapisah ing toja

2) prajoginipoen : soengsoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

56. poerba nagri mangkoe pradja
toeri ingkang netra arip
soendel-malem djedjamahan
dalingsem soesoeng goejweki
kelajoe anoetoeti
sekar soka anggoeng woejoeng
linjok kang poespa njidra
dalima wantah prang tanding
kang adakan nenggih kang sekar
tjepaka

57. remboejoet kakining bapa
taloetoer kang angsoeng werti
argoelo kang niandi angkah
sarpa senen naga-sari
karandang sah ing laki
djaga satroe anggoeng moengsoeh
kentjana rinoempaka
sekar mas ingkang kinikir
nitih swara nenggih kang sekaf baloerak

58. miwah kang kitri mawarna
samja pinatoet ing gending
oewoh pangebanging basa
lawan woh aso ing margi
woh madoe 1) ambekitjik Ian woh kang
tinantang poeroen oewoh sobrahing
sirah lawan oewoh toempang titih
toewin wohing djalma tjidra ing semaja

59. miwah oewoh katja netra
lawan woh loentoer ing siti
toewin woh toerangga boental
lawan woh wangsoel ing margi
lan woh saranging mangsi
woh kena tansah kebrawoek
miwah woh tanpa basa
lawan woh trapsila adjrih
lawan oewoh tjiri pratanda nawala

60. miwah oewoh asoeng pekah
miwah woh dadalan baji
toewin woh nora atata
lan woh pamoeloeking boekti
mjang'woh rasaning geni lan woh
peparoning poeloek miwah woh tegal
bangka kang oewoh moenggeng raragi
lawan oewoh djalma boesana rikatan

1) prajoginipoen : padoe.

61. miwah oewoh ngantjam-antjam
lawan woh rare noetoeti
toewin woh pada gininda
lan woh wismaning priaji
miwah woh anggoeng tilik
lan woh penganten woes atoet[2])
lawan woh kesoesoe aglis
lawan kang woh tomboking djalma totohan

62. djawabe ingkang wangsalan
oewoh ginoerit ing gending
gedang pangebanging basa
doeren kang asa ing margi
pakel kang ambakitjik koeweni tinantang
poeroen ramboetan sobrah sirah
kepoendoeng kang toempang titih pan
keletja djalma tjidra ingoebaja

63. semak ingkang katja netra
manggis kang loentoer ing siti
nangka kang toerangga boental
balimbing wangsoel ing margi
djirak saranging mangsi
sawo kang tansah kabrawoek
kokosan tanpa basa doekoe kang
trapsila adjrih pan ketjapi tjiri
pratanda nawala

64. srikaja kang asoeng pekah
djeroek dadalaning baji
waresah kang nora tata
kepel pamoeloeking boekti
nanas rasaning geni
dalima paroning poeloeh
maloa tegal bangka
djamboe kang moenggeng reragi
doewet ingkang djalma boesana rikatan

65. gajam kang ingantjam-antjam
kilajoe rare noetoeti
pidjetan pada gininda
pelem wismaning priaji
malindjo anggoeng tilik
tjareme penganten atoet
galembak siti andap
salak kang kesoesoe aglis
moendoe ingkang tomboking djalma totohan

[2]) kirang selarik, kasambetan: kolawan siti andap.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

66. keloewih poendjoel wilangan
soekoen kang woes kaki-kaki
sentoel kang walesan pikat
elo ingkang pendok warni madja
djalma pepenging boeloe ingkang
sandang manoek kawista aken
loear gowok erong moenggeng
kitri apan woeni panatabe ing
gahielan

67. pala kapendem kasimpar
samja pinatoet ing gending
pala kang rare oegoengan
lawan tanda wareg boekti
pala minggah ing ardi
paia menawa andoeloe
mjang kang kepala ngarsa
kang pala tojaning tangis
lawan pala agoeng dadya moengmoesoehan

68. pala telasing pemangan
lawan pamoedaring weni
kepala bodjoning bapa
toewin pala talang kendi
kanimpang aningali
miwah kang wiwinih padoe
lawan pangepe raga
kang pala koemoedoe amrik
miwah wohing pala nora bebarengan

69. lawan pala keloempoekan
pala kang tjeta ing oeni
kang kasoewen ing memean
pala basa krama adi
mjang kesemekan wilis
pala gering pipi lemoe
miwah pengoedal benang
pala basa lagi-lagi
lawan pala parang djadja ing wanodya

70. djawabing pala kasimpar
mjang kapendem kang ginending
djagoeng kang rare oegoengan
teboe tanda wareg boekti
semangka minggah ngardi
timoen menawa andoeloe
krai kepala ngarsa
waloeh kang tojaning tangis
wohing bestroe anggoeng dadya moemoengsoehan

71. otek telasing pemangan
pare pamoedaring weni
lombok kang bodjoning bapa
terong ingkang talang kendi
tjipir nimpang ningali
kara kang wiwinih padoe
goede pangepe raga
koemangi koemoedoe amrik
ranti ingkang praptane nora barengan

72. kimpoel ingkang keloempoekan
ketela tjeta ing oeni
kentang kesoewen memean
oewi basa krama adi
gadoeng kekemben wilis
gembili gring pipi lemoe
waloer pengoedal benang
soeweg basa lagi-lagi
pan besoesoe parang djadja ing wanodya

73. katjang pangoeger toerangga
kadele sindeting tali
widjen madjoe prang priangga
kangkoeng kang prekoetoet moeni
bajem woes mari brangti
pete kang marga binoentoe
djengkol sindjang kapelag
kemlandingan kembar djoerit
kang kaloeak trenggaloeng kang tanpa baga

74. kemiri pengembet karja
soemanggi soemelang ati
poetjoeng selaganing manggar
patje pojok ngisin-isin
pakis nora ngremboegi goenda
patrapaning Ioepoet loemboe soctra
rang-rangan sambeng pangoendang
poetrestri apan laos widji esel
woewoetoehan

75. sang mong koeng prapteng Kaoeman
saja keh rerekan apik
kendel sakedap neng lawang
korine ki Basarodin ingoekir
pinoelas sri sinoengan bale
ingajoen padasan keri kanan
djrambah pinalester resik
pinaranten parerenan gon asalat

76. bakoepon inggil atawang
darane sedaja poetih
andjeprah lagja pinakan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sang seh tanja mring Noeripin
lah ta apa poeniki
ki Panoerta dalemipoen
Noeripin atnerira
dede poenika kang kori
Basarodin pan pengoeloe wismanira

77. mangke pan wetan poenika
sampoen tjelak saking riki
noelja ladjoe lampahira
arerasan toeroet margi Noeripin mratelani
sedaja patakenipoen wismane pra sentana
kadang koelawangsa sami mjang soedagar
kang soegih-soegih sedaja

78. dene wismane pra kadang
samja madoe resa pinggir
kinarja pengawat-awat
wewaton prakoseng tamping
Soeardja wismaneki
padon ler kilen djro doesoen Wira-doesta
ler wetan ki Panoekma pan wismeki
kidoel kilen ki Panamar kidoel wetan

79. woeragil ki Koela-wirja
wismane tjelak ing kori korine djeng
kjai ngarsa noenten salebeting kori
wismane poetra kekalih 1)
Djajengwesti kilenipoen kang wetan
Djajengraga dadya djeng-adjengan
kori kilen wetan lawang korine
kinembar

80. noelja ladjoe lampahira
toemingal langening margi
sadjake padesan ardja
kang warnane kang[2]) metoeki momotan
djaran sapi kang gegendung amimikoel ajom
margi tan panas dening kitri pinggir margi
sentoel djering pring woeloeng eso lan salam

81. kadang kapapag djodangan
sinamiran serbet poetih

---

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: ke.
2) prajoginipoen: kang, dipoengentosi dening a.

aseloer rakit sasrahan
goemaroedoeg djaloe estri
anandang sarwa adi
kang anem birahi besoes
lakoene keletjeran [3])
oengkoere kapetoek malih
ing penganten woes wajoe wajah sepasar

82. Noeripin akoetawelan
andennimil toeroet margi
djodangan ingkang kepapag
sasrahane ki Moekidin
besane lan Noerngali
inggih sami soegihipoen
dene penganten loeas
wetanipoen ki Moekidin
wisma ingkang kaliwat waoe poenika

83. wonten wong ngriki setoenggal
soegihipoen anglangkoengi
namanipoen pak Radjiah
jen djakat emas sekati prandene lir wong
miskin panganggene kloewoek-kloewoek
saboek waloelang meutah oedeng loeas
ting saloewir padinane pamere inggih
mengkana

84. jata moelat rare dolan
bengkat bikir tjirak oembris
kang bentik samja gendongan
goemeder weneh anangis
mjat tanggapan salirning
ambebarang gambang tjaloeng
topeng lengger barongan
wajang beber mjang karoetjil
trebang menafeiiwali barang oera-oera

85. Noeripin lawan sang brangta
prapta nataring masigtt
aresik rata adjembar
kitri woeni Ian waringin
pakel kawak kawan wit
asem tandjoeng langkoeng seoeb
djoge margi prapatan
sajah keh wong mjang rarwelit[4])
gedrah ramja weneh djanma pepanahan

---

3) prajoginipoen : kalentjeran.
4) prajoginipoen : rarjalit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

86. ingkang tegar kikiteran
nglaroeg belo ambakali
tinegar ngiras dagangan
kang woes medem ngangkat njirig
mjang kang lagja angradin
djodjog tjongklange linadjoer
amrih rikat adean
akeh warnaning toeranggi
ingkang kore tokol Kedoe Ian Kadoeang

87. ki Woeragil Koela-wirja
angetingkrang aneng koersi
sarwi pinikoel wong papat
ingiri 1) santri rarjwalit
panakawane ngampil
rokok lopak-lopakipoen
panah endong gandewa
talempak Ian pajneng alit
neng loehoering koersi sarwi ngoenda-oenda

88. emprit moeloek akalangan
ambebles katon sabibis
pengoendan pinontang ing mas
selaka sinilih asih
anoelja den-oeloengi pangoendan
emprite moedoen gambret mentjok
pengoendan kang tegar moedoen
samjadjrih Koela-wirja angling tetegar
toetoegna

89. noeja emprite ginoesah
moeloek noentoeng ing waringin
binaroengan rare katah
kang ngoendamprit samja emprit glatik
sami goelatik pan sinambi andoedoeloe
djanma kang djemparingan . Koela-wirja
langkoeng moekti sasolahe kadya poetra
ing negara

90. njampinge saroeng peloengan
saboeke pelangiabrit
rasoekan koetoengan petak
rjestar koembaja koestabrit
tjatokan amelipit pentjengan
semada gendoeng gendoeng
labet oegoengan ingoegoeng
mring djeng kiai sasolahe
karsane nora kepalang

---

1) prajoginipoen ; ingiring.

91. sang moneng aris ngandika
sinten poenikoe Noeripin
noenggang koersi ngoenda-oenda
emprit kadya rare alit
Noeripin matoer bisik
poenikoe woeragilipoen
djeng kjai pan poenika
ladak tan wonten den-djrihi
jen oeninga mring koela ladjeng sembranan

92. djenggot koela goeng sinebrak
goer-anggoere djewer koeping
pan anjakitaken awak mawi
enggal nimpang riki korine ki
Sebagi djoemeneng ladjeng
neroetoes lawang kori piambak
piambak awarni-warni kir-oekiran
poelasan areka-reka

93. moeng oenda oesoek kewala
sadjake kori pan sami
mawi bale parerenan
saben-saben lawang kori
padasan nganan-ngeri
bakoepon inggil lir panggoeng
peksine roepa-roepa
wonten remen dara gambir
weneh topong telampik tjelep Ian megan

94. swarane peksi ingonan
derkoekoe poeter ngalap sin
betet nori djaka-toea
gemak djago lan goelatik
djalak mentjo soelindit
prekoetoet manggoeng moenja koeng
tjoemengkloeng neng gantangan
semoening desa saja iri
sang mong woejoeng soemedot kadaoet ing tyas

95. karaseng sesananira
doek meksih moektyaneng nagri
toemingal ardjaning desa tan pae
lawan negari randat lampahe sarwi
awaspa sinamoer-samoer mjarsa
gamelan raras salendro mjang tjara
Bali ingkang pelog panaboehe
lilirihan

96. kang moengel amoeng titiga
gambang rebab lawan soeling

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nora dompo wiletira
sarantjak tangkepe sami
oenine gong ngagengi
andoele Bima goemoejoe
ngalep-alep ngoemandang
saron imbal oekoer djawil
beming kendang soementeg irama lamba

97. sang moneng alon ngandika
marang sira ki Noeripin
dene poeniki kang desa pamoetihan
gama soetji keni gamelan moeni lah
poenapa sababipoen Noeripin atoerira
wonten dene ingkang mawi inggih
saking djeng kjai Baji Panoerta

98. saking ageng makloemira
kamoekten tan den-larangi
toewin kasabing padjiwa
sakedahipoen doemoegi
ing sedoesoen poeniki sangkep
penggaotanipoen mapan wonten
sedaja dalah dalang topeng ringgit
tledek badoet niaga sami gegria

99. mila sangsaja agemah
woes katjeloek ingatebih
tebin katah sami prapta
doempil moepangat djeng kjai
Baji Panoerta nenggih
sabar mot among amengkoe
mitoeloeng ingapapa peparing
mring pekir miskin sedesa pan sami
kinoela-wisoeda

100. tan ana sinoengan rengat
peradah ing bodja krami
rahab abetah moemoelang
mring awon pened geng-aiit
kang ngalap woelang sami
sinami talatenipoen
tan ana kang bineda
mila wong sedesa sami
adjrih asih anggepe ambapa-biang

101. marma wong wisma sangsaja
katah wit dangan met melik
apan sarwa sarwi ana
Ian malih tjelak pasisir gampang
pamboeangneki latnoen wong. adol
tinoekoe mila tiang sedesa tan ana
kang kirang boekti sawawrate pan
sami tjekap sedaja

102. dene ki Baji Panoerta
pan woes saengga boepati
kelangkoeng moekti wibawa
keringan ing kanan keri
toewin sagoeng boepati
anggepe ambapa toehoe
dasar woes masoek sama
angalap ing lahir batin
ing kawroehe djeng kjai Baji Panoerta

103. boten songar samoedana
wateke djeng kjai Baji
saben mjat tiang melarat
ketjoepetan ing ridjeki
djeng kjai merbes mili
awelas noelja tinoeloeng
paring sandang belandja
angger toemingal wong miskin
madjadipoen poenika kjai anggombal

104. prandene wewah-mawewah
kirang pirsa ingkang mawi
sang among koeng lon lingira
lajak poenikoe kang mawi
welasan ingkang sami
mring wong nista kinarja joe
Djamal Djamil andjawab
mring Noeripin anakeni
gih poenapa boten wonten wong doerdjana

105. dene ronggeng andjelanah
wong adol tike weradin
pekoempoelaning wong ala
Noeripin naoeri aris
wikana kang amawi
tan wonten djalma lam pah doer
katah tiang doersila
jen sampoen wisma ingriki
pan rahajoe ilang doersilaning dria

106. pan meketen kang timbalan
nenggih djeng kiai Baji
soen dongaken maring Allah
sakehe nak-poetoe mami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

moega sinoenga eling
tjoekoeling boedi rahajoe
ajwana dora-tjara
doersila kang lakoe djoeti
malah mandar pada rahaba sembahjang

107. limang wektoe kang kewasa
pira-bara jen netepi
moeng selamete kewala
atine kang maring betjik
segawe-gaweneki
anggere boedi rahajoe
ikoe djeneng ibadah
ia penggawe kang betjik
Hanging kabeh karepe koedoe sembahjang

108. sabotenane sembahjang
djoemoeah salat ing masdjid
mekoten tiang sedesa
nadyan teledek gih sami
datan maksiat boedi
Djamal Djamil mantoek-mantoek
jen mekoten oetama
mangoenahe djeng kiai
ki Noeripin ngling gih-inggihane oega

109. gih malih koela akanda
randa Wana-marta ngriki
medjoe sami apepasar
mring Sobrah pasare legi
wong Sobrah angremeni
sanget kedanan anglamoeng
marang randa poenika
ngantos ngetoetken mariki
prapteng ngriki tyasipoen mantoen kedanan

110. nadyan wong doerdjana niat
memandoeng-mandoeng ingriki
jen woes malebet ing dadah
manahe tan ika-iki
doemadakan tan apti
ilang niate memandoeng
bandjoer sandja kewala
mring wong sanakipoen ngriki
woes mengkana mawane" ing Wana-marta

111. Djamal moewoes inggih talah
golonganing desa wingit
tan kena kambah ing tjorah
Djamal Djamil angling malih
dika kantoen neng riki
sakedap koelarsa toekoe
kepengin sega pindang
noelja djadjan wong kekalih
srabi poetoe djenang sega rames pindang

112. atekoel patoekon mirah
wong roro woloelas doewit
mengkana seh Amongraga
ladjoe manengah samargi
margi anggoeng ningali
katah wamaning pandoeloe
wong loemampah seloeran
mandah 1) jen noedjoea paing
saprandene 2) asring nimpang ing pegagan

113. Noeripin matoer atedah
poenika lawange kori
djeng kjai Baji Panoerta
korine pan toenda katri
tan wonten kang njameni
inggih pasang rakitipoen
Amongraga toemingal
noelja ladjoe mandjing kori
kendel aneng wisma kampoeng pananggelan

114. kampoeng dara gepak pelag
pinipil patra angremit
toempang sari pamidangan
dada peksi soendoek kili
singoeb ingoekir apik
pengapit lis-lisan aloes
sirap gendeng beranang
woewoeng tjenting oekel pakis
emper tjangtjoet tjoekitan danjang roeroepan

115. oempak tjetjanden simbaran
bebatoer den-palesteri
aresik kang pelataran
kanan keri den-tanemi
tandjoeng kawan wit sisih
den-ploek gebjog keliripoen
gapit boeled lis-lisan
kiwa tengen pantog kori
nira wetan kilen samja djeng-adjengan

116. kori palengkoeng rineka
kaloewoeng angebeb warih
laboer ingoekir loengloengan

---

1) prajoginipoen: mendah 2) prajoginipoen : soeprandene

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oendak-oendakan arisig
kinembar-kembar rakit
kelir tepoeng kori ngajoen
pisan kampoeng belaka
lis-lisan pinoelas asri
sawetaru ingoekir tjeplok kembangan

117. samja sirap gegendengan
angger saben lawang kori
kiwa tengene padasan
lawang paregolaneki samja pinipil-
pipil pilar mjang sesakanipoen pipi
koepoe taroengan taloendag tambem
(?) ingoekir mjang belandar pengeret
oekir-oekiran

118. kiwa tengen tinaneman
sawo djadjar kawan sisih
gebjog kelir pantog lawang
kori tengah tan paeki
kelir kang kilen kori sawidji lawang
palengkoeng kembang laboer poelasan
ginapoera lit kang kori masdjid dara
gen teraweh pra sentana

119. moeng kadang warga kang ngambah
sembahjang siang mjang ratri
resik kinoebeng baloembang
baloembang mili awening
andjog angapit kori
toeroet pinggir gebjog ladjoer
toja aserewehan
toemoempang pasiten gasik
para desa geng-ageng tan mengkanaha

120. daleme Baji Panoerta
kang waoe kang angjasani
katah boepati oetoesan
paring wragad mjang oendagi
kadang mriksa pribadi
kang woes samja bapa toehoe
miwah para nakoda 1)
ing pasisir samja prapti
mjang priaji ngabei lan poetra-poetra

121. [2]) dalem pendapa petjak
woloeng dasa lambang sari
kang kinarja kajoe sana
belandar takir ingoekir
singoeb mjang dada peksi
sesaka ingelis aloes
bebatoer palesteran
ompak sela pik ingoekir
djaga satroe kampoeng pandjang tinalangan

122. kineket lawang panirat
ing dalem geng tawon boni
ginandok-gandok limasan
ingarsa kori geng lempit
djanela 3) krepjak ngapit
linis panil tangkebipoen
triiis talang sroemboengan
woewoeng laboer lis ingoekir
tirahira djembangan toetoep kinembang

123. boentaring woewoeng pinatra
trap andjentir ngoekel pakis
pinoelas aloetoeroetan
pepajon sinirap sami gendeng soemringah
abrit sedaja pagrianipoen geng alit
ginendengan latar tinaneman kitri kang
saparik pelem gandik dodok 4) krasak

124. sengir santog madoe bala
saparik djamboe bang poetih
kalapok [5]) aroem dresana
toemroena sawo saparik
soring djanela kitri
patjar Tjina sekar maroem djembangan
geng ngingonan wader kok djelebrah
abrit sadjembangan beranang ngapit
panirat

125. jata waoe sang abrangta
neng pananggoengan alinggih
Noeripin aris toerira
Dalem kendel koela mandjing
ngoepaja santri Loetji
bade koela ken soeng weroeh
dateng ki Djajengraga
jen boten mring Djajengwesti
salah sidji singa ingkang kepanggiha

---

1) prajoginipoen : nangkoda.
2) kirang sawanda, katambahan : kang.

3) prajoginipoen: djandela.
4) prajoginipoen : dodol.
5) prajoginipoen : kelampok.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

126. sang mong wingit angandika
sakersanta ngong oemiring
ki Noeripin sigra mentar prapta
ing djro angoelati dangoe datan
pinanggih jata waoe kang
winoewoes Djajengraga neng
wistna wismane apik goemrining
nora gede tan tjilik apan sebetan

127. loemadjang gandok kampoengan
pendapa sami lan wingking
petjak seket sasoer magak
singoeb pinatra aremit
blandar serong ingoekir
soendoek kilt linis aloes
saka patra patrapan
oempak tjanden sela langking
djrambah batoer pinalester djodjobinan

128. emper longkang tineratag
ingarsa kewala asri
rinambat anggoer ngrembaka
pinarate ginaribig
aloes pinoelas apik
pinerada loeng winengkoe
keteb gendeng tinalang
ijagaking talang ingoekir
kori lempit tebeng patra paperadan

129. ing panirat bale pelag
benet papradan serakit
ingrikoe 1) paneratan
kilenipoen masdjid alit
goemarining rekaning
rakitnja lir masdjid agoeng
saka goeroe giligan
dinanjang kang soendoek kili
linis boelet pangimanan mimbar endah

130. kiwa tengening panirat
koelah geng kinembang adi
pinoelas-poelas rineka
ingingonan wader abrit
djlebrah beranang asri
gebjog pager keliripoen
tinoeroet sesekaran
samja djinembangan beling
latar kitri sawo lan djamboe dresana

1) kirang sawanda, katambahan: kang.

131. wetan mendapa[2]) gedogan
penganten koedanja kalih
sawidji kore dawoek bang
lan daragem Margawati
mengkana Djajengragi
kang raka rawoeh inretamoe
lenggah aneng pendapa
Djajengraga ragi pinggir
ingkang eler lan kang garwa woerinira

132. selir titiga sor ngajap
kabeh joe koening goemrining
Djajengraga ngoere rema
rema teles mentas goenting
kaloeng pasatan poetih
sarwi gebeg tekonipoen
mentjeret kilah-kilah
ginebeg ing serbet poetih
apan sarwi oedoed kaloekoek Benggala

133. njamping kawoeng latar petak
peningset woengoe waloelin
doewoeng ingampil selirnja
destar prang roesak kelitik
ebro [3]) moepoek inginggil
djrih ing raka koermatipoen
Djajengwesti alenggah
kelasa batoe pribadi
njamping saroeng kembang Tjina kakelengan

134. apeningset gedog djenar
rasoekan djoebah sembagi
biroe tjorak kembang tiba
arangkepan takwa poetih
destar modang apoetih
semada masem asemoe
sarwi ngasta oekiran
dereng pinatjak ing keris
sarwa sedeng wangoene ginebeg gilap

135. saosan patean ngarsa
mjang tenongan isi manis
Ian dadaran djing-endjingan
djoeadah ledre soerabi
gemblong lempeng Ian wadjik
djenang tjara bikang poetoe
wedang kopi Ian poehan

2) prajoginipoen: pendapa. 3) prajoginipoen : abra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

neng ekan redjasa poetih
oelam dendeng bakaran kandel gcpoekan

136. ngajoen kantor panoeratan
mjang rekal kitab tan tebih
tepsir djalalon 1) 2) kitab
sitin asmra-kandi pekih mjang soeloek
bajan mani soeloek kadim kang tinoeroen
kang ngadep ngarsanira santri wasta
Djalalodin sing Kalangbret warti pened
swaranira

137. lawan wong masah gendewa
njoegoe deder nglar-elari
djemparing kinarja lesan
mjang mranggi lagja njawangi .
kadjeng timaha kendit miwah wong
akarja toeloep lawan kang masah
gambang dalang niaga penjoeling den-
6ntjoken neming gender rarasira

138. kang raka aris ngandika
mring kang raji Djajengragi
para iki nora djamak
akeh kang sira demeni
tan mamboe trah ngoelami
lir wong negara angkoehmoe
sabarang rinemenan
gegaman gamelan moeni
ikoe rada setitik tjegahing sarak

139. Djajengraga atoerira
inggih saweg pareng oegi
soenat parsing maksiat
kang raka mesem naoeri
soen badene sireki
maoe kaja nora soeboeh
pratanda ramboetira teles
tilase ketawis

Djajengraga sarwi goemoedjeng toerira

140. noewoen adjrih ing doeraka
boten nedya angepoti
owel pot wektoe palilah
kaoela tos-atos jekti
teles koela poeniki

---

1) prajoginipoen: djalalon.
2) kirang sawanda, katambahan : lan.

inggih bakdanipoen soeboeh
Djajengwesti ngandika
marang ni ken Rarasati
apa njata bok ipe mengkono oega

141. Rarasati atoerira
semoene wedi awadi
doeka sampean poenika
datan soemerep ing latri
naming gadjeg meningi
denja siram lingsir daloe
inggih soeboeh sakecjap
bjar endjing asiram malih
doegi koela angrapehken belo anjar

142. kang raka goemoedjeng sarja
ningali mring Djajengragi
kang raji goemoedjeng latah
Djajengwesti angling malih
pinter ipekoe iki
mitjareng pasemon moenggoeh
sira sawengi pisan
nora toeroe pidjer nitik
Rarasati esmoe ngoso pagoedjengan

143. lah inggih boten kadosa
padoeka andangoe jekti
kaoela matoer pesadja
wekasan wong den-pojoki
kang raka mesem angling
nora mengkono soen ngoengoen
ledjemira anjata
belone ikoe kang endi
Rarasati matoer ingkang djangdjan djenar

144. tjetjaloeng tjalon watangan
pada wedana respati
koetjiwa idep ngoesoemba
pandoegi' koela tan kenging
katjentok ing kendali
tan wande ngalenggak ambjoek
Djajengwesti denira
goemoedjeng sarwi noedingi
mring kang raji Djajengraga-saja latah

145. sarwi matoer mring kang raka
padoeka poenika inggih
dateng bok tjilik doek anjar
tinoempoe ing siang ratri jen
sira goetoek idji

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sing 1) kalingsir wektoenipoen
koela ngantos awelas
mring bok ajoe agring kingkin
tan milaloe maring bok tjilik kewala

146. baja-baja ngoer kaoela
kang raka ngandika aris
lawan sira angoer ingwang
ger goemoejoe sedajeki
kang ngadep aneng ngarsi
ingampct djrih goejoenipoen
Djajengwesti ngandika
sarwi angoendjoek wedang tih
saking endi tekomoe dene prajoga

147. kang raji matoer poenika
saking sederek pasisir
ki djoeragan pak Djoemilah
ing Tandes kang komoek soegih
genipoen melarangi
Tjina prasanakanipoen
Tik Jan Koan wastanja
kengingipoen den lambangi
kapal kore lan lapak prabot selaka

148. dene wontene ing koela
saking pak Radjiah ngoeni
noedjoe mring Tandes rerasan
pak Djoemilah arsa panggih
doemateng djeng kiai
agemet pitakenipoen
milawang mring kaoela
soemerep jen koela asring
remen teko mila tekone poenika

149. kinintoenken pak Radjiah
soepados katoer ing mami
sareng kaoela oeninga
ing teko boengah tan sipi
koela dereng oedani
kang darbe kadi poenikoe
teko kaliwat langka
lekanc kebak anjoeri
kalih dening raosing ten mindak etja

150. kang raka mesem ngandika
lajak bener toermoe jaji
mara tjobanen sedela
goepoeh kang raji ngladosi

1) prajoginipoen: sring.

wedang panas miranti
teh tjoan amoeng sesoeroe
Rarasati anjandak
tjeret tjinoerken aririh
apan moentoek metoetoek koekoes angambar

151. woes sinoetji tjangkirira
petak toetoepan serakit
kang teko noelja ingasta
namoeng amot rong tjangkir til
goemoedjeng Djajengwesti
dene satitik motipoen
madjad pat tjankir ana
teko den iling-ilingi
leka njandi akebak njoeri narantjang

152. ingoendjoek wedang teh tjoan
setengah tjangkir ngling aris
ia bener toetoerira
ngong doeroeng pati paham tih
beda lawan sireki
rasaning teh tan keliroe
Djajengsaga toerira
inggih kasinggihan oegi
lamoen itjal mjang petjah teko kaoela

153. temtoe medot tan wedangan
kang raka goemoedjeng angling
ikoe titik rada tjegah
oedjaring wong ahli wirid
gegedening rasekoe [2])
tan kaja rasaning elmoe
tokide mangkonoha
moetoeng matoeng marang elmi
amal tama mrih metoe mangoenahira

154. ia wong ikoe jen kaja
pama pelem dodol wangi
doek lagi koemaropokan
ketjoete anjempaloeki
mangsane woes mateng wit
neng barongsongan adaloe
rasane asor kilang
ia jen mengkono jaji
jen lir pelem kepodang ketjoet kewala

155. mentahe matenge pada
tan petjat ketjoete meksih
mengkono oepamaneka

2) prajoginipoen : raseki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing wong aoerip poeniki koedoe
angeling-eling Djajengraga matoer
noewoea inggih moegi sageda
woelang padoeka ing elmi
Djajengwesti aris malih angandika

156. endi santrimoe kang anjar
djare" betjik swaraneki
terampil amatja kitab
kang raji oematoer inggih poen
Djalalodin saking Kalangbret
pinangkanipoen saweg waoe kewala
endjing gen koela nimbali lah ja mara
tjoba konen matja kitab

157. noelja pinaringan kitab
kang sitin asmara-kandi
Djalalodin atoerira
noewoen-noewoen noehoen adjrih
ajwa sira djrih-adjrih
apan wong talaboel ngelmoe koedoe
kerana Allah pineksa ki Djalalodin
dangoe-dangoe Djalal atoere sendika

158. lekas ta-awoed pasekat
kir-ate rada petitis
oelone semada serak daredeg
merkoetoek sedil anggagro semoe
adjrih nodja kinen swara seroe
sinangetken swaranja lekas matja
bismillahi arahmannir rakimi
alkamdoe lillah

159. soen amiwiti amoedja
moedji aneboet namaning
ing Aliahoe ingkang moerah
ing tlonja asih ingakir
sakehing poedji-poedji kadoewe
Allah kang agoeng rabialngalamina
Pangeran ingalam kabih noelja
walngakir batoe liimoetakina

160. oetawi moeljeng akerat
moeljaning amal kang salih
paedahe dalem doenja
tertamtoe mring djeng pra nabi
lan aoelia moekmin
wasalatoe wasalamoe
oetawi rahmat Allah
ing tyas moekaranah adjrih
maring Allah kang tjengeng soemoengkemira

161. ngala sajidin Moehammad
wa-alihi waskabihi
ingatase nabi kita
Ian sakoela-warganeki
mring sakabatireki
kala saekoel imamoe
al-adjaloe djahada
ibenoe Abinasari
ibenoe Ibrahim asmara_kandtan

162. rahmat oellah ngaleisam
tegese pangandikaning
wong toea kang dadi iman
kang aran Aboefaesi
kang anak Binasari
Ibrahim mas mrakandioe
pan ing sipat Moehammad
ingkang sinoeng rahmat dening
ing Allahoe atasing nabi Moehammad

163. masalatoen ida kila
laka ing tegese iki
lah tatkala tinakonan
ing sira ma-al imani
Ian kaja pa sireki
makoel bihi paldjawaboe
mangka ing djawabira
lapal amantoe bilahi
Tangala ing tegese ngandel ing Allah

164. lire pengandel poenika
ing wamalaikatihi
wakoeloe bihi poenika
kelawan wa Rasoelihi
wal jaomil akiri
wal kadri keri wasaroe
minallahi Tangala
swarane ki Djalalodin
amberabah erak-erak rada kial

165. jen masalatoen amapan
saboeke dipoen-kendoni
ambaledeh wetengira
ngangkat masalatoen malih
swarane den-kentjengi
ketjiliken nora tjoekoep

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mati pangelikira
leren swara den-gedeni
masalatoen woes pakolih ing likira

166. jen moedoen gede tan njandak
anggalerek ngelokori
anibeter goelne gondokan
bekoeh ah eh golek oeni
kang sedeng gede tjilik
sroea djoedel swaranipoen
rengkodan sangga oeang
ngiwa nengen ngolah-ngalih
ken solahe atimpah-timpoeh sidoea

167. angoelet semoene wegah
kaprie mengkene oegi
serete nora kedjamak
Djajengraga ngandika ris
mara lekasa ngelik
lah antepen soearamoe
Djalalodin anoelja
pineksa sanget angelik
masalatoen sroe anggembor wedoes domba

168. otote aprekenengan
goeloe medok amoetjitjil
batoek iroenge beranang
kringet koemjoes mrebes mill
angeden wangsoel wiwit
mantoek pret kapentoet-pentoet
ger ginoejoe ing katah
goemjoek goemjak hih hih hih hih
hah hah hah hah kepingkel-pingkel barengan

169. niaga goejoe leh babah
noedingi pating teroeding
Djajengraga latah-latah
. nora kojoa sireki kanti kaja wong djoerit
djarene betjik swaramoe dene aparongkolan
ting geloetoek tan pakolih saja soemjak kang
goemoejoe tjoekakakan

170. ki Djalalodin abias
kelangkoeng denira isin
sarwi matoer inggih talah
sabenipoen tan kadyeki.
doegi koela kang mawi
wonten ngarsanta tan metoe
saja dadya pagoejwan

sedaja kang namboet kardi
bok woes moepoes ki santri dasarmoe ala

171. ni ken Rarasati denja
goemoedjeng tan pati moeni
ragi ewa kesoekeran swarane
ambaledegi 1) selir tri ting
tjoekikik tjat-tjatan samja djrih
seroe Djajengwesti denira
goemoedjeng oekoer geligik sarwi
alon angandika mring niaga

172. lah mara Widi lekasana 2)
entjokna neme kang endi
lehira anglaras gambang
gendermoe grimingen titik
ia djineman djengking
si Tjerma-sana kang soeloek
soelinge Toendjangkara
matoer sendika anoeli
lekas ngelik djineman djengking toendjoeng bang

173. swaraning dalang alebda
ngentoel-entoel wiletneki
gender njamleng anjaloepak
soeling wratsari abening
ginariming goemrining
Djajengraga meloe soeloek
aroentoet swara saplak
amembat wilete sami
kadya emprit ingoenda reboet toengtoengan

174. woes doemoegi elajana
moeng sairama noeli wis
iramaning sara joeda
Djajengwesti ngandika ris
sedje rasaning ati
ngroengoe singir lawan soeloek
pan adoh sebatira
soen datan pati njoeroepi
marang gending namoeng sesendon kewala

175. nora pati kaja sira
dasar karep maring gending
jen adja wedieng rama
dalah djoged sira wasis
anopeng beksa rangin

---

1) prajoginipoen : ambalebegi.
2) langkoeng sawanda, kaboetjal: na.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ia ketara solahmoe
Djajengraga toerira
inggih poenika sajekti
jen sampoena djrih rama lawan padoeka

176. kelampahan dados dalang
ioerah tjengkoeng toekang ringgit
kang raka mesem ngandika
noelja ni ken Rarasati
mring raka matoer aris sampoen siang
wantjinipoen koelarsa saos dahar
Djajengwesti ngandika ris mengko bae
bok ipe sedela engkas

177. Djajengraga ngling mring garwa
loroden dadaran sami
paringna kang namboet karja
den werata sedajeki
noelja dipoen-tjariki
pinaringken sedaja woes
kang samja aneng ngarsa
Djajengwesti aningali
marang kang ginarap mring toekang sedaja

178. noelja aningati kitab
ibnoe Kadjar den temboengi
pepetikan saking kitab
toetoelisane kang raji
tinoemrap dandang gendis
lagja angsal tigang poepoeh
linimbang roedjoekira
Ian babon kitab ibeni
Kadjar datan nalimpang moenggoeh ing moerad

179. mindak dangan raosing bab
pan winastan soeloek kadim
Djajengwesti Ion lingira
ja woes bener iki jaji tan ana kang
ngontjati rasaning moerad woes
tepoeng noekil ing kitab baka ko
arani soeloek kadim toetoegena
lan bajan maote pisan

180. kang raji noewoen toerira
inggih padoeka idini kang moegi
angsala sabda padoeka kaoela
poendi kang raka angantoeki
lorogan kantor dinoedoet
katah ingkang djilidan
korasan kertas akodi
wonten kantong sawidji biloedroe abang

181. sinoentak isi derekan
ting galoendoeng tigang rakit
kemiri pidak abenan
lemped tjontang lawan gambir
ambete den oekoepi
koetoeg sekar tjampoer bawoer
kang raka esemira
arendet nora kedoegi
Djajengraga toemoengkoel njana kedoekan

182. kang raka alon ngandika
geseh temen sira iki
doedoe tabiat soenatan
menganggoeran kang tanpa sil
moeng sidji iki jaji
karepmoe ngong nora remboeg
lapal djale napsaka
djaenabil maksiati
doedoe paes-paesing kerana Allah

183. lah ikoe paedah apa
kemiri pinetri kadi
djimat makoeta Soeleman
gawe kaslioning boedi
tabiat maksiati
tanpa moepangat ingilmoe
kang raji anor raga
kelangkoeng denira adjrih
arsa matoer tan woen dinoekan ing raka

184. kang raji ngatoerken kitab
ing 1) raka anocwoen sih
soepaja ingapoeraha
kitab markoem djilid a 1 it
bajan mani maoti
baka toenggil djilidipoen
kang raka roem lingira
iki prajoga binoedi
sampoernane ing tekad rnaring kasidan

185. kaja ta sawidji ajat
iki al insanoe siri
wa-ana siroehoe lirnja
walkajatoe biia rokin
insanioen birakin

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koeloe sai-in wadhahoe
ikoe ingaken toenggal
Hanging nora toenggal jaji
sabab dening akadim kelawan anjar

186. kadim oerip tanpa njawa
anjar oerip Ian njaweki
moenggoeh pangandikaning Hjang
sineboet sawidji-widji
wadhahoe ikoe jaji
ia senet ingalemboet lemboet-
lemboeting agal agal-agaling
aremit pahoea ila lioea heroehoe
lirnja

187. ia ikoe iki ika
doedoe ikoe ika iki
nanging ia nora lia
saking ikoe ia pesti
mengkono ikoe jaji
manira doeroeng goegoeroe
doega-doega kewala
doeroeng winoelang djeng kjai
Djajengraga lega mjat kang raka ledjar

188. jata waoe sang abrangta
adangoe denira nganti
ki Noeripin mandjing medal
ngoepaja mring santri Loetji
masdjid geng tan pinanggih
kepanggih neng masdjid mangoe
anoelja winartanan
lingira ki santri Loetji
ing betjike sira dewe pepanggiha

189. kelawan ki Djajengraga
ia t'oet-woerieng kami
ki Noeripin saoerira
sakersanta ngong oemiring
loemampah wong kekalih
Djajengraga wismanipoen
panoedjoe akalihan
Djajengwesti aningali
soeloek kadim kagjat kalaning toemingal

190. santri Loetji kalanira
kelawan santri Noeripin
sigra denira anjapa
paran karja dene gati
apa ngoetoes sireki
mring djeng kjai dene goepoeh
santri Loetji toerira
wiosipoen toer oedani
pan ing djawi wonten wong arsa panggiha

191. inggih doemateng padoeka
poeniki adi Noeripin
jektosipoen kang ambekta
Djajengraga moewoes aris
marang santri Noeripin
santri teka ngendi ikoe
dene wanoeh lan sira
Noeripin oematoer aris
inggih santri poenika saking ing Karang

192. kados dede santri para
tingalipoen santri moerni
awasta sen Amongraga
doek wingi neng wisma manii
kaoda tetakeni
akoembi tan pati koedoe
kekalih rentjangira
pocnika koela tan njani
teksih ngemoe wewadi boten pesadja

193. Djajengraga angandika
mring kang garwa Rarasati
wong kabeh kang namboet karja
konen soemingkir karijin
sadangdanane sami
ajwana ingkang kedoeloe
ikoe doeroeng amangan
pada ingonana sami
aneng kampoeng wingking den-roemat sedaja

194. kang garwa matoer sendika
liningan kang namboet kardi
sigra boebar sami ngiwa
galetekan den-oesoengi
djoemeneng Djajengwesti
kinen nata lampitipoen Djajengraga
parentah mring wong rentjangira
sami angresiki kang pendapa
sinaponan

195. Loelji lan Noeripin gepah
tata palenggahan lampit
kasah aloes ginelaran
klasa batoe wiar poetih
Djajengwesti ngling aris

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lah bok ipe sira ikoe
moendoera marang wisma
angertenana tjetjawis
sa-anane sadidik 1) ingkang prajoga

196. abener gonkoe semaja
kaja ana kang inganti
kang raji matoer sendika
loemebeng wisma sesadji
raka ngling pajo jaji
konen angoendang dajohmoe
kowe kene linggiha matoer sendika kang
raji noelja noedoeh mring Loetji Noeripin
agja

197. lah den-aglis atoerana
ajwa kesoewen neng djawi
kang liningan sigra mentar
Noeripin Ian santri Loetji
prapteng djawi woes panggih
santri Loetji kagjat doeloe
maring kang waoe prapta
djatmika semoene wingit
woes anerka jen doedoe wong ala-ala

198. Loetji matoer daweg enggal
padoeka dipoen-atoeri
inggih dateng Djajengraga lan
kang raka Djajengwesti goepoeh
kang sinoengan ling jata
Djajengwesti waoe Loetji
saoengkoerira angandika mring
kang raji kaja-kaja jaji dajohmoe
prajoga

199. dene sadoeroenge prapta
tyas ingsoen woes angroedjoeki
ki dajoh santri ing Karang
bade amagoet [2]) ngelmi
para den-ngati-ati
dajoh kang sedya papanggoeh
mring djeng kiai bapa
kang raji oematoer inggih
lagja etja rerasan ki Loetji prapta

200. matoer mangke kedatengan
kerid kendei aneng djawi
leres Noeripin toerira
awingit kang bade prapti
tjahja apinda sasi
djatmika anteng aroeroeh
kados anamoer koela
solah bawane ketawis
Djajengraga Djajengwesti sigra mapag

201. Djajengwesti lon lingira
mring kang raji Rarasati
ni ipe bok ajoenira
Toerida konen mariki
kekoeranganireki
moendoeta mring bok ajoemoe
karo angladenana
sendika ni Rarasati
santri Loetji mit mentar marang ngadjengan

202. Djajengwesti Djajengraga
denja ametoek woes panggih
sang moneng aoeloek salam
agoepoeh samja naoeri
aris angatjarani
ingatoeran goepoeh ladjoe
neng pendapa alenggah
woesnja djawat tangan sami
lenggah tata Djajengwesti anembrama

203. kakang padoeka katoeran
sarawoeh toean neng riki
sinten kang sinoedjeng basa
lawan poendi kang kawingking
naoeri kang sinoeng ling
temboengira manis aroem
kaoela saking Karang
dene kang soedi mestani
doek neng Karang wasta ki seh Amongraga

204. nenggih ki ageng ing Karang
ingkang aparing kekasih
Djajengwesti atoerira
paran karsanta mariki
Amongraga naoeri
marma prapta jektinipoen
kaoelarsa panggiha
doemateng kangdjeng kiai
lamoen pareng jekti arsa poeroehita

205. ngrasehken kawroeh kang njata
kepentjoet kita miarsi
wartine saking ing Karang
ramanta sarwa winasis

---

1) prajoginipoen : setitik.
2) kirang sawanda, kasambetan : ken.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marma tan etang mami
tebih-tebih kita roeroeh
saking kasmaran mirsa
goemoedjeng ki Djajengwesti
sarja matoer mangsa borong kang wewarta

206. sajekti pan boten dora .
anenggih rama kiai
apan sarwa sarwi ana
marma sagoeng pra dipati
bang wetan ngalap sami
mring djeng rama kawroehipoen
tanapi santri tebah
katah ingkang sami prapti
ladjeng wisma awis kang poeroen mantoeka

207. kaoela sring darbe sabat .
soetaning para dipati
saweg samja mantoek enggal
tan soesah dateng kiai
pan kaoela pribadi
sajekti ingkang moemoeroek
wit pakening djeng rama
goemoedjcng sen Amongragi
witning soekoer jen jaji sampoen sampoerna

208. inggih boten soesah-soesah
panggih Ian ramanta nenggih
jata dangoe arerasan
Djajengwesti ngandika ris
mring garwa Ian kang raji
bok ipe apa sira woes jen doewe
sesaosan boeboetjoe teka sabiti
ladekena sira maoe djangan apa

209. Toerida lon atoerira
mring raka awidik-widik
inggih kelan soemapala
djangan doesoen tan prajogi
rajinta Rarasati
kang sesadji dangoenipoen kelan
djangan negara Djajengwesti mesem
angling ingkang endi bedane desa
negara

210. matoer djangan pada-mara
djangan doesoen inggih menir lah
wis sira ladekena agoepoeh kang
raji kalih

rampadan woes miranti
sinaosaken ingajoen
sedaja selirira
ingkang samja ngleladeni
sekoel boetjoe lan poelen petak las-lasan

211. neng pandjang giri mjang oelam
petjel pitik djangan menir
djangan pada-mara dara
madep kang lagja memeti
kileng-kileng akinjih
opor bebek Ian betoetoe
dengdeng goreng gepoekan
gorengan katik goelatik
empal abon dengdeng pandjen Ian soedjenan

212. age rempah mjang toem-toeman
keroepoek basengek pitik
sambel goreng sambel katjang
lombok kentjeng lawan petis
lalaban katjang tjipir
ketjemeh terong mjang timoen
berambang tempe mentah
ketjambah goede kemangi
kang rampadan sedaja piring lantjaran

213. woes tinata aneng ngarsa
Djajengwesti ngandika ris
inggih soeawi ki raka
padoeka lekas wewanting
pajo wisoeha jaji
noelja samja atoetoeroeh
Djajengwesti lingira
mring garwa miwah kang raji
lah Toerida lan Rarasati madjoea

214. akemboel boektia sisan
ngalap barkahing sang tami
kerana Allah kewala
ngarah apa woes tan sigi
adjang toewoengmoe endi
wisoeha karo di madjoe
kang garwa djrih pineksa
noelja samja madjeng sami
pan poenika rajinta kalihe pisan

215. moegi sampoen taha-taha
ngaken rajintestri kalih
sang moneng loentoer tyasira
rinahab datan sinigi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koemenjoet tyasira sih
mring Djajengwesti soeh rempoe
osiking tyas kang moega
dadia djalaran ing sih
nastidjaba sawabe ki ageng Karang

216. sakedik ragi tjawengah
akemboelan dede moekrim
tinahan ngetjani sarak
noelja lekas kemboel boekti
samja pikantoek boekti
sang tarnoe tan pati antoek
wetara moeng sesalak
kalonge sekoel binoekti
ketoewoeken denja lenggah tan bisobah

217. denja nadah akemboelan
Djajengwesti goeng .anglirik
mring tamoe osiking nala
soen doega lawas wong iki
tan kambon ing ridjeki
saking brangtining ing elmoe
Djajengwesti Iingira
kakang den-nemen aboekti
sampoen katah-katah ingkang pinikira

218. kaoela kang madangena
ribede" poen kakang jekti
ing mangke daloe kewala
koela ambabar sedjati
sasoerasaning elmi
kang tan t£deng Gatak-G|atoek
rnesem seh Amongraga
angalem sadjroning ati
marang Djajengwesti lawan Djajengraga

219. wong iki jadak pesadja
sapolahe amantesi
satitik kakehan oembak
ngegoengken jen soegih ngelmi
mengkana ris naoeri
inggih sampoen sanget toewoek
lami koela tan kadya
poenika gen koela boekti
sakelangkoeng pikantoek gen koela nadah

220. katemben koela rahaban
sami ajtemboel kendoeri
langkoeng Ian takere saban
Djengwesti naoeri inggih
mitjareng djroning ati
ikoe apa woes togipoen
semono tadahneka ,
apa samoedana lamis
jen katoga atjitjik l i r koetjing lara

221. lan adja kemboel lan ingwang
tan semono kroakneki
kalong moeng sapongge badjang
prandene wareg kepati
koemlekaren aboekti
batine tan pati koedoe
saking brangteng Pangeran
tjahjane soemilak wening
matoer malih doeh soeawi kang pakangsal

222. tansah njaraken soemangga
Amongraga naoer inggih
sampoen doemoegi kateda
koermatipoen jaji kalih
tan saged amangsoeli ingkang sih
prananing kalboe Djajengwesti
nor raga alon moewoes mring
kang raji lah Toerida Rarasati
angloroda

223. ia bandjoerna kewala
tjariken marang pawingking
mring sabate kakangira
wasisan lawan Noeripin
noelja sami wewanting
linorod kang dahar sampoen
binagi woes werata
Toerida Ian Rarasati
woesnja tebah baresih moendoer mring wisma

224. arakit sadji dedaran
sinaosaken ingarsi
sekoel soesoe ketan kolak
roedjak kopjor pisang koening
doerjan kelawan manggis
pelem lan doekoe kcpoendoeng
djamboe sawo ramboetan
salak semangka koeweni
woes atata dadaran ander neng ngarsa

225. Djajengwesti ngling soemangga
poenika pangoesap amis
Amongraga roem Iingira
inggih kelangkoeng ingkang sih
sanget panrimeng mami noelja met
sawidji doekoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djengwesti moendoet salak setoenggil
dinahar manis Djajengraga tjekoh kokoh
ketan kolak

226. Djajengwesti ris ngandika
sirekoe rada mangani
maoe bok waregi pisan
dadi tan mindo gaweni
langkoeng tawekalneki
Djengraga matoer goemoejoe
inggih kelangkoeng kemba
jen mentas kaoela boekti
kedah neda lelegi moeng ketan kolak

227. woesnja noetoeg adedaran
Djajengwesti ngandika ris
mring kang raji Djajengraga
masdjid tatanen kang betjik
sira adana dingin
iki sedeng wektoe loehoer
Djajengraga toerira inggih sampoen
den-rimati ingatoeran seh
Amongraga asalat

228. woes kering mring masdjid salat
mjang Toerida Rarasati
makmoem lawan selirira
Ian Djamal Djamil Noeripin
wocloe woes den-adani
asoenat sedajanipoen
Djajengwesti toerira
padoeka kakang ngimani
Mongraga ngling prajogi jaji kewala

229. boten prajogi poen kakang
kang sepoeh ingkang ngimani
noelja ki seh Amongraga
kalihira anglegani
sigra madjeng ngimani
mengkana oesali perloe
loemawan toemaninah
nenelakaken kang tertib
toetoeg denja salat loehoer bakda salam

230. peragat poedji-poedjian
woesnja dikir doenga loehri
noelja selawat salaman
ladjeng kewala neng masdjid
Toerida Rarasati
dedaran kinen soemoesoel
mring masdjid sedajanja
agepah kang para selir
samja angoesoengi dedaran sedaja

231. miwah mawantoe njarnikan
lah olahan ingkang adi
Rarasati lan Toerida
tansah ngladeni neng ngarsi
kantos wektoe ngaseri
mengkana sabakdanipoen
Djajengwesti toerira
mring Amongraga aririh
prajogine kakang ladjeng mangilena

232. inggih dateng wisma koela
sekedap sewang miranti
jen sampoen kaweradinan
tamian padoeka inggih
ladjeng sami oemandjing
saos mring rama wong teloe
Amongraga anabda
poenapa sakersa jaji
koela derek kersane jaji kalihan

233. Djajengwesti lon ngandika
mring garwa moeliha dingin
tatanen aneng panirat
Ian adimoe Rarasati
dedaranane 1) iki
gawanen ngoelon sedaroem
kang kalong soelamana
lan apa ingkang prajogi
ia mangsa bodoa sira kang roemat

234. kang garwa matoer sendika
noelja mantoek Ian kang raji
ingiring pra selirira
mangoelon sigra arakit
papan denira linggih
woes miranti sedaja woes
jata tiga sang wirja
loemampah mengiien sami
neng panirat tan pae paesing wisma

235. reka-rekaning arengga
arakit tan ngoetjiwani
mengkana seh Amongraga
ngatoeran ladjeng ing panti
panirat denja linggih
Mongraga raosing kalboe

---

1) prajoginipoen: dedaharane.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kadi tan ngalih gjanja
esmoe goemoen djroning galih
dene nora nana siwahe salingsa

236. woes tata denira lenggah
sinarnbi dedaran adi
ki Noeripin atoerira kaoela anoewoen pamit
mantoek mring wistna mami mapan ing
Iampah woes katoer Djajengwesti ngandika
sira jwa moelih karijin sesoek jen woes
loemeboe sira moeliha

237. kerana ikoe menawa
dinangoe mring djeng kiai
analia kang matoer tjeta
kakang waoene doen 1) prapti
aneng wismanireki
dadya titi patoeramoe
pan ora ketanggoengan
ngiras ladenana mami
ki Noeripin sendika ing atoerira

238. Ian winarna solahira semana pan
sampoen malirib jata noelja minggah salat
neng masdjide Djajengwesti kang adan ki
Noeripin sedaja ngambil her woeloe
Rarasati Toerida miwah parestri makmoemi
Djamal Djamil Djalalodin samja soenat

239. woesnja soenat poepoedjian
astagpiroelali halalim min koeli danbin
alima walajag piroe doenoebi ila rabil
alamin sang wirja tri soenat sampoen
Amongraga pineksa waoe kinen angimami
santri Karang mokal lamoen tan gamboeha

32e Zang; dichtmaat: GAMBOEH.

1. Amongraga amoewoes
wadjib kang darbe wisma poenikoe
angimami ngemoem kewala ngong jaji

---

1) prajoginipoen : doek,

Djajengwesti toerira roem
boten poen kakang kemawon

2. bener tan bener ikoe
wadjib poen kakang titiang sepoeh
Amongraga mesem naoeri aririh
menawi katah kang loepoet galat
temah ginagoejon

3. Djajengwesti oematoer
inggih kang boten-boten winoewoes
mangke daloe kaoela ambabar ngelmi ki
Amonggraga goemajoe
sarwi madjeng ngadeg alon

4. ladjeng oesali perloe
langkoeng pasekat ing temboengipoen
Djajengwesti Djajengraga woes oesali
miwah kabeh ingkang makmoem
noelja Amonggraga goepoh

5. woes amatja alkamdoe
awalira soerat koelja-ajoe
noelja soerat ida dja-a akirneki
oeleming swara amentoel
kang makmoem kabeh andongong

6. Djajengwesti lan waoe
ki Djajengraga doek mjarsa getoen
osiking tyas wong iki baja pi-api
awade bae baliloe ngong doega woes
poetoes kawroh

7. katjihna watjanipoen
toemembel bener oekaranipoen
Amongraga toemaninahe atertib
tahjat akir iptitatoen
noelja salam nengen alon

8. asalamoe ngalekoem
warahmatoeiah wabarakatoeh
asaloeka alpaodja bildjanati
patakoe nasroel islamoe
noelja salam ngiwa alon

9. asalamoe ngalekoem
warahmatoeiah wabarakatoeh
asaloeka nadjata waminanari
wal apwa ngindal kisaboe
bakda salat lenggah timpoh

10. gja poepoedjianipoen
langkoeng rahab sedaja kang makmoem

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woesnja noetoeg poepoedjian ladjeng dikir
woes dikir andonga radjoek Djajengraga
nasib alon

11-. ngelik sedeng swara roem bening
goemrining alempeng empoek ala hoema
sali wasalim ngalehi pagpir lana
warkamnahoe walinian ja koeloe reko

12. tamat pendonganipoen
noelja salawat salaman waoe
Iadjeng soenat bakda ngangkat soenat wabin
tigang salam atepakoer pamawasing kang
waspaos

13. sampoening dikir soehoel
amoeng Pangeran ingkang woes djoemboeh
djoemboeh ing dat sipat asma apngalneki
pagoet napi isbatipoen ing dalem kak tan
kele"don

14. woesnja mengkana waoe
wantji mandjing wektoe ngisanipoen
noelja Djanial Djamil kinen angadani
woes adan soenat sedaroem
Amongraga meksih kinon

15. angimami poenikoe
Amongraga mopo pineksa woes
ladjoe kewala ngimam noelja oesali
agja patekah alkamdoe
awal soerat kang winaos

16. soerat djoemoeah nenggoeh
noelja soerat moenapek akiroe
toemaninah tertibe sarwa oetami
doemoegi ing salamipoen
bakda poepoedjian rojom

17. dikirira asengkoed
woesnja donga ing aplaloe [2])
Djajengraga tansah bcrag denja nasib
kang amin rahab kelangkoeng
sampoening salat [3]) kang wong

18. sarta sesalaman woes
denira soenat bakda kang makmoem noelja
moendoer moedoen pra santri lit-alit
kantoen sang wirja kateloe
soenat witir tasbeh enggon

19. sampoerna tangatipoen
ladjeng manggen kewala neng tadjoeg
tata katri denja lelengahan sami para
garwa aneng poengkoer atjadang jen
ana pakon

20. Djamal Djamil akoempoel
lan Noeripin Djalalodin tan woen
lawan santri-santrine piambak sami
Djajengwesti ngandika roem
marang ing garwanira Ion

21. eh Toerida sirekoe
apa wis gawe sekoel senandjoeng
rnatoer dereng saweg dipoen-reratengi
sakedap engkas meh sampoen dedaran
kang woes mirantos

22. ia saosanamoe
sa-anane ladekna kang moenggoeh
lan tekone rinta gawanen mariki
satenongane den-goepoeh kang raji
matoer woes saos

23. garweng raji agoepoeh
angladeken patean neng ngajoen
selir kang samja nampa doelang toep sadji
kakarangan prapteng ngajoen Toerida lan
raji goepoh

24. ingkang nata ingajoen
pisang mas djamboe kelampok aroem salak
pakel koeweni doerjan Ian manggis
pidjetan doekoe kepoendoeng srikaja lan
pelem dodol

25. nanas keretan teboe
semangka djingga ketela gantoeng
miwah olah-olahan kang adi-adi
randa-keli rara-mendoed
pipis Toeban pipis kopjor

26. sempora lemet pasoeng
gantal lemper Ian semar-linandoe
plered gempol apan kopjor roedjak kawis
tjlorot djenang pati sagoe djoeadah Ian
djenang dodol

27. woes soemadji sedaroem
moenggwing piling lantjaran kang Djepoen

---

2) prajoginipoen : apengal laloe.
3) kirang sawanda, kasambetan : ing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djajengwesti alon denja ngatjarani
soeawi kakang sang bagoes kerana
Allah kemawon

28. sang tamoe lingnja aroem
sanget jaji ing panrimaningsoen
boten saged amangsocli genging kang sih
kang raji kalih toeripoen kang boten-
boten rinaos

29. kaeela pan woes sagoeh
amadangkeri kakang ribetipoen
selot-selotipoen mangke sedeng wengi
moegi sesamben karoehoen rajinta
gjanipoen soegoh

30. noelja samja amoendoet
dahar dedaran sakersanipoen.
Amongraga moeng pisang mas saoeler til
dinahar noegel ping pitoe
goetoek toegel denja atob

31. Djajengwesti ngling kalboe
nora djamak tjitjike wong ikoe
lajak mingkoep oesoese amoeng sedami
moeng gedang saoeler toewoek
den-ondjot-ondjot ingatob

32. Djajengwesti tan antoek
denja sesamben njamikanipoen
Djajengraga dahar bikoet meratani
tan winoewoes dangoenipoen
Djajengwesti lingira lon

33. marang ing garwanipoen
eh jaji gonmoe angliwet maoe
liwet tambra gadjihe ajam kebiri
pariksanen lamoen oewoes
noeli ladekena kono

34. gja pinariksa sampoen
rimat sedaja saosanipoen
ni Toerida rerasan Ian Rarasati
aneng wisma ting katjemoet
samja ngoengoenira karo

35. Toerida ris amoewoes ja talah
dajoh kae kelangkoeng djatmikane
aroeroeh apik atjitjik wong
mengkana kae patoet dadia pripean
moenggoh

36. lawan selaminipoen
ki Djajengwesti toewin bodjomoe
dedajohan nora kaja dajoh iki
rahabe raket sedoeloer nora
mamboe tembe toemon

37. tana sisigenipoen
kaja ana kaleteking kalboe
bebatangan bae besoek bade dadi
ia paripeanatnoe
Rarasati matoer alon

38. inggili kados poenikoe
leres pembatang padoeka toehoe
doegi koela tiang poenika angilmi
jen mangke rerasan ngelmoe
koela petek sami kawon

39. poen tamoe ingkang oenggoel ketawis
tadjem polatanipoen sinagoehan semoenipoen
woes ngandangi Toerida naoeri woewoes
ajake ia mengkono

40. lah pajo wis mring ngajoen
kasoewen jen kaselak pinoendoet
para selir ingirid madjeng mring ngarsi
anampa rampadanipoen dedaran pinire
maro

41. boeboetjoe dinok ngajoen
liwet tambra angalenga koemjoes
djangan pindang soengsoem kare tjara kadji
brongkos sambel goreng mangoet basengek
pitik Ian opor

42. pes-pesan tambra paloeng
besngek angsaran kalalen klaloeng
gogorengan bontot boertjet katik giatik
djohan derkoekoe tjoewtoen
gangsir emprit peking bondol

43. dengdeng age betoetoe
endog bekamal pindang tjeroeboek
babad galeng seregan Ian kalak ati
soedjenan keroepoek teroeng
sroendeng empal ragi abon

44. sate pal empoek doedoeh
lalaban terong kerai timoen
sambel letok lombok kentjeng lawan petis

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ketjemeh lan pare weloet
temoe poh katjang galeor

45. woes soemaos ingajoen kendel
kang garwa sarwi akeboet
Djajengwesti alon denja ngatjarani
soemangga kakang toetoeroeh noelja
widjik tojeng bokor

46. woesnja wewanting waoe
kang garwa raji tan kena kantoen
samja kemboe! kali ma denira boekti
Amongraga poeloekipoen
sawohing tandjoeng kang idjo

47. kinepel-kepel dangoe
nganti atos boender lir binoeboet
tinakera goetoek poeloeh lan kang raji
oetam moeng karoepoek teroeng
kang dinahar lan temoe poh

48. denira dahar sekoel
liwet tambra namoeng patang djoempoet
langkoeng tamban pamamahe nganti-anti
anganti salemboetipoen tan aketjap ngeled
alon

49. Djajengwesti andoeloe
sasmitanira sinamoen-samoen
osiking tyas wong iki dasare apik
tjitjike saking kepatoeh
maoene kerep ngelowong

50. nadah saking keboetoeh
soenat bae" datan pati koedoe
ngoer dek awan rada keh kalonge kedik
kalonging sega koer-oekoer moeng sa-
endog ajam tjebol

51. Djajengwesti arangoe
rangoe denja nadah moeng andoeloe
lamoen keraos etja denira boekti
sedeng boemboene asengkoed mjat
ing tamoe miloe kendo

52. Djajengraga asengkoed
denja nadah kokoh tjekoh bikoed
rab-oeraban mjang djangan salin-soemalin
winratan oelam sedaroem
kanti kesocndoelan atob

53. pan teksih kokohipoen
petis rinemekan abon remoes
Djajengwesti alon moewoes mring kang raji
entekna adja kesoesoe
mati pitikmoe berondoi

54. Djajengraga goemoejoe
ginoejoe mring garwa kang bok ajoe
pan sedaja denja nadah angenteni
semana woes samja noetoeg
Mongraga kinen toetoeroh

55. sareng denira wisoeh
noelja linorod ambeng neng ngajoen
woes tinampan para selir anjariki mring
pamboeri sedaja woes Djatnal Djamil
samja golong

56. denja nadah matekoel 1)
Djalalodin Noeripin atekoel
nora taoe amangan lawoeh kadyeki
samja angendoni saboek menteg-
menteg lamboeng medok

57. sampoen penglorodipoen
dedaran malih tinata ngajoen
Djengwesti ngling soemangga panoelak amis
Mongraga moewoes kelangkoeng narimeng
sih tekeng batos

58. Djajengwesti amoendoet
djeram keprok binelah kaoedjoer
Amongraga moendoet ramboetan satoenggil
Djajengraga sega soesoe
ketan kolak nora epot

59. Djajengwesti goemoejoe
dene djodjodangan sira ikoe
bisa mrenahaken cnggoning lelegi
koekoeh gandjane kerismoe
kentjeng tan kena binetot

60. kang raji sroe goemoejoe
sarwi matoer langkoeng kembanipoen
boten mangseg jen boten neda lelegi
lamoen kang olah bok ajoe
sadengahipoen kemawon

61. saged doedoegi boemboe
kaleresan tan wonten kang kadoeng
dados katah etja raosing aboekti
ki Djajengwesti goemoejoe
pinter anggenah sireko

---

1) prajoginipoen: ngatekoel.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

62. Amongraga amoewoes
inggih leres rajinta poenikoe
lamoen sarwa sedeng boemboenipoen oegi
raose sanget anoentoeng kaot piambak sa-
adjon

63. Djajengraga goemoejoe
ambodoken padoeka poenikoe
dene leres ta enggen koela mestani
raka ngling andelna ikoe
oleh babah gegem gatjon

64. Djajengwesti amoewoes
mring Amongraga wetjana aroem
inggih talah tan njana kakang winasis
tan kena ngaken baliloe
katjihna gene memads

65. patitis kir'atipoen
aleres pandjang fan tjendakipocn
Amongraga naoeri aroem amanis
tetelad kang wees linoehoeng
sajektine boten endjoh

66. batining moeng poenikoe
kewala toengkoel pan oelah temboeng
Djengwesti anaoeri dene akoentji
angalingi kawroehipoen
tan kinging angaken bodo

67. etja rerasan dangoe
sinambi dahar njamikanipoen
sapikantoek denira angimbir-imbir
ngrasehken raosing elmoe
Mongraga kinaroeboet ro

68. Djajengwesti lon moewoes
Toerida sira karo adimoe
wis tilaren nenga ing
wismanireki nanging jwa sira
atoeroe manira lagja tetelon

69. Noeripin bae toenggoe
tjereting anglo dimen kineboet
ken Toerida moendoer Ian ken Rarasati
Mongraga lega tyasipoen . tyas ledjar mari
arikoh

70. Djajengraga oematoer
mring Amongraga temboengira roem
"gong noenoewoen apitaken kang sajekti
kang poendi woedjoeding elmoe tan
papan tan toelis reko

71. koela selaminipoen
dereng manggih inirad 1) kang ginatoek
ngelmoe kotong tanpa papan tan pa toelis
moegi padoeka soeng toedoeh
woedjoedipoen kang samengko

72. Mongraga mesem moewoes
jaji de aneh temen poenikoe
kang tinakokaken sawoedjoeding elmi
tanpa papan toelis ikoe kang kotong
ingkang tinakon

73. ewed ngelmoe poenikoe
pan soemangga jaji ingkang sepoeh
Djajengwesti naoeri soemangga moegi
wontena pitoedoehipoen pangoedinipoen
patakon

74. inggih soepajanipoen
padang nerawang ing manahipoen
pan poenikoe gegambenipoen kang elmi
koela inggih dereng manggoeh
woedjoeding elmoe kang kotong

75. Mongraga lingira roem
langkoeng oetamaning elmoe waoe
jen tan geseh [2]) tanggaping kalbi
jen kapelantrang kapaoeng
lir kindjeng tanpa sotya non.

76. dene sedjatinipoen
elmoe tanpa papan toelis waoe' nenggih
koer'an Ian kitab-kitab sajekti semoene
tanpa sedaroem poenikoe pinoerih tjoplok

77. saking djilidanipoen
jen bisa tjoplok ngalih ing kalboe
saoenining koer'an woes apil ing galih
mjang kitab apil katjakoep tjapleng
tjoplok woes ngalih gon

78. kewala aneng kalboe
kalboe woes woedjoed ngelmoe kang agoeng
tan kena sat tyas woes pangawak djeladri
mring papan toelis tan ngingoes tanpa gawe
woes tan kanggo

79. jaji inggih poenikoe
ngelmoe tan papan tan toelisipoen

1) prajoginipoen : moerad.
2) kirang 3 wanda, katambahan: kelawan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dene ingkang wong salang soeroep ing tampi
amangeran dewekipoen deweke awake bobrok

80. moeng ngengel-engel woewoes
woewoese ngakoe-akoe amengkoe
kang poenika kapelantrang kawrochneki
mila kedah mrih soemoeroep jen kesosol
dados getjol

81. Djajengraga toemoengkoel
tyasira kekandangan ing kawroeh
graitane poentes tan toekoel sademi
jen nedya mawali kawroeh
malah tyas mindak tjoemeplong

82. panarimanja antoek
wewatesan ing kawroeh kang loehoeng
Djajengraga ngregepeh oematoer aris
datan anjana saloegoet
tjoploking elmoe ngalih gon

83. manggon aneng ing kalboe
inggih sanget kasinggihanipoen
dereng wonten para pandita kang alim
ingkang nampoernaken kawroeh
kang andjarwani mengkono

84. ingkang sami tertamtoe
tan kenging nalimpang saking rikoe
nenggih wonten tiang ahli raos angling
toenggil kang padoeka woewoes
mengkoe angakoe Hjang Manon

85. sanget kalesikipoen
soemangga kakang kala roemoehoen
doek padoeka tamian ki Tatasdjati
ing pengraos koela sampoen
ing mangke temahan tjebol

86. Djajengwesti amoewoes
mring kang raji woes manira miloe
ing kawroehe kakangira Amongragi
woes sira jwa ro ing kawroeh
tjiptanen noegraha rawoh

87. Djajengwesti aoesoel
maring Amongraga soealipoen
doek wang oewoeng doeroeng ana boemi langit
Allah neng endi genipoen mjang doek karja
djagad kono

88. langit Ian malihipoen
kang toekaelan Ian goemremet ikoe
miwah goenoeng segara Ian kali-kali
kang poendi sajektosipoen waoene
lawan samengko

89. Djajengwesti asengkoed
mantenteng 1) wadi pitakonipoen
jen wong tember-tember arang kang ngawroehi
nadyan para kaoem-kaoem kedjaba olia jektos

90. Amongraga doek ngroengoe
teka goemoejoe wardajanipoen
patakone apa baja amoeng iki
kang binoentel kang kinandoet
Mongraga naoeri alon

91. menggah basa poenikoe
doek wang oewang kabeh doeroeng moedjoed
boemi langit saisine doeroeng dadi poenika
apan la takjoen koen ingkang ana ing kono

92. lagi ora poenikoe
Ian Iagi-Iagi nanging-nanging koen doeroeng-
doeroeng nging nokat wilajat gaib tri gaib
gaiboel goejoeb gaib oeloewiah reko

93. gaib oewiahipoen
gaib tigang prekawis poenikoe
pan kelangkoeng elmoe poenika aremit
kang la takjoen miradipoen [2])
kang pesti anane linjok

94. koenhi pan miradipoen [2])
lagi bae tan kena binestoe
nokat wilajat gaib poenikoe wingit wit
tanpa kerana ikoe tan adjali abadi pon

95. gaiboel goejoeb ikoe
pesti amor tan katon dinoeloe
gaib oeloewiah poenikoe woes pesti
tetep neng sadjroning limoet petenging
peteng tan katon

96. gaib oewiah ikoe
pesti tetep neng pepadangipoen

---

1) prajoginipoen : matenteng.
2) prajoginipoen : moeradipoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

padanging apadang tanpa aling-aling
nerantang tan lamoek-lamoek
semonoa pon tan katon

97. poenika miradipoen 1)
dene ingkang kak hakekatipoen
senjatane poen boemi kelawan langit
langit boedi djatinipoen
boemi ngakal kang sedjatos

98. Mongraga doek[2]) wang woengipoen
sedoeroenge boemi Iangitipoen
inggih saderenge wonten akal boedi
boedi kita kang satoehoe toehoe
ananing Hjang Manon

99. anane tan kadoeloe
tan kena jen dinalih dinoeloe jen ta
dereng maoedjoed akal Ian boedi meneng
moeng meneng poenikoe eneng ening
woes pana pon

100. poenika djatinipoen
njataning njata kawroeh woes poepoes
Djajengwesti toesta manahe kadjatin
kelangkoeng denira ngocngoen
sapandoerat tan miraos

101. jektine moeng poenikoe
kang kinarja gem selaminipoen
ing tengahe mangke wonten kang djawabi
kalihe osiking kalboe wong iki toehoe
kinaot

102. lawas goningsoen ngandoet
doeroeng ana kang bener saloegoet
pandjawabe moeng wong iki kang patitis
delenge kadya baliloe
tan njana jen woes soemrowong

103. teka mengkana waoe
kalih osike djro nalanipoen
Amongraga angling malih roem amanis
dalem wedalna sedaroem kabeh ngelmoe
kang kinaot

104. pinten banggi wakingsoen
menawi saged ambatang oeloen
Djajengwesti Djajengraga saoernja ris

1) prajoginipoen: moeradipoen.
2) langkoeng sawanda, kaboetjal: doek.

entek woes tan wonten kantoen
kang aneng gegedoh [3]) ingong

105. soen doegi dereng poetoes
poen kakang dcning pinda baliloe
tan andipe kelamoen sampoen linoewih
ki Amongraga soemaoer langkoeng
saking soekoer ingong

106. jaji gonira goenggoeng
narima saking sihing Hjang Agoeng
kang liningan kalihe soeka semoe djrih
angling kakang pan satoehoe
boten anggoenggoeng ragengong

107. apan sajektinipoen
tan wonten lir poen kakang satoehoe pan
woes datan karoehan kang prapteng riki
sawidji tan wonten weroeh nenggih pontjote
kemawon

108. tebih Ian kang poenikoe
saprandene [4]) sedaja tan weroeh
Amongraga goemoejoe ngantetken malih
anglambangi ing pangawroeh
poenikoe pan meksih ngadoli

***33c* Zang; dichtmaat: KINANTI.**

1. nenggih basa kang poenikoe
sarak sarengating nabi
Moehammaddinilmoestapa
wasalalahoe ngalehi
moektamad daliling koer'an
ing kadis lawan koedesi [5])

2. idjemak kias lan koesoes
paedah koermat ing Widi
poenika kedah santosa
ling-aling gendolan dalil
kang inoekarab ngelmoe sarak
aplaloe ingkang oetami

3. sarengat tarekatipoen
hakekat makripat nenggih
amot ing dalem sarengat
sarengat goning kedadin

3) prajoginipoen : gegedong.
4) prajoginipoen: soeprandene.
5) prajoginipoen: koedoesi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong kang aral bangsa riah
moepangat sinoeng ridjeki

4. ngelmoe kakekat poenikoe
jen tilara 1) sarak kasarik
kasirik kasoerang-soerang
kasingkang-singkang kasitjing
ewa poenika djamanan
ing djaman kalih prekawis

5. kang dingin djajnan ngam ikoe
Ian djaman ekas poeniki
lamoen djaman moekmin engain
kedah ngapilaken dalil sawirasane
ing kitab kedah paham anglampahi

6. mangoenah djalaranipoen
saking apil dalil kadis
ingkang sarta linampahan
satoes perloene tan gingsir
asih ing wektoe palilah
rosa sembahjang angadji

7. poenikoe wahjoening djamhoer
sarapdin oelama moepid
djaman ngam engam oetama
tocmama ing wahjoe soetji
sotjane manoesa engam tinage
noegraha ngadil

8. dene dalil lan madeloel
mrih kandelnja ing ling-aling
tepakoerireng Hjang Soeksma
dadya tangating abekti
wadjibing rasoel pan tiga
kang sidik amanat tablik

9. sidik bener tegesipoen
amanat kapratjajeki
tablik ingandel tegesnja
mokaling rasoel pan katri
kang gidib kianat kitman
gidib goroh tegesneki

10. kianat pala tjidra doer
kitman ngoempet tegesneki
poenika ingkang soepaja
kawangwang ing siang ratri

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: a.

kabiroe moelki gaiban
agoeng keratoning gaib

11. nenggih basa kang poenikoe
pan meksih tjelak poeniki
tan ngangge tebeng setocma
galeteke kang sajekti njata-
njataning anjata raji kalih den-
bisiki

12. atoek gatoek adoe batoek
toemoengkoel kang raji kalih
tyas samja tjadang andangdang
lir tjintaka minta riris
ris rerasan ngelmoe rasa
woes tan na rasaning elmi

13. lire bibisik poenikoe
pamedaring elmoe gaib
kang linarangan ing sarak
tan kena kewidjil ing ling
kang woes poepoes ngalih titah
lah poeniki jaji kalih

14. jaji moeng eneng manekoeng
antara moeng pitoeng sasi
meneng boedi meneng solah
meneng nendra meneng boekti
meneng ngoetjap meneng ganda
meneng mjarsa meneng meksi

15. datan ika iki ikoe
bleg plcng gemploeng bleng ocwoes nir
lowoeng [2]) boentoe tan pinangka
sadjroning bleng amoeng sidji widji
widjiiing kasidan sida akoe ia oerip

16. widjining widji poenikoe
toemanem ing pitoeng sasi
widjining noekat wilajat
doerjat mertabat san kamil
widjining ing kedadean
asenet neng pitoeng sasi

17. sadjroning pitoeng sasi woek
kemoerahaning Hjang Widi
pan ing dalem satoes dina
palaling Hjang mretandani

2) prajoginipoen : lowong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tikil widjining olia
noeboeah 1) walioelahi

18. jwa kandeg pratandeng rikoe
ladjoening dadi ngadadi
ing dalem woes pitoeng woeian
oetami kang sangang sasi
djatining wisik tri ketjap
namoeng akoe ia oerip

19. akoe tan loro teteloe
ia pra sedjen doemadi

oerip tan kena ing
pedjah poenikoe jaji
kang pusti wekas-
wekasan kasidan sida-
sidaning kedadin

20. awang oewoeng lan kang elmoe
tanpa papan tanpa toelis
woes poepoes rampoeng sampoerna
kang boentoe ing pitoeng sasi
poenika moeljaning tekad toewin
kamoeljaning Widi

21. poepoes palestaning kawroeh
woes sampoerna tel kinoentji
toetoep woes datan kaboeka
kang rnantep denja akoentji
Djajengwesti Djajengraga
sareng mjarsa brebes mili

22. ngraos tanpa boekti toewoek
seger tan anginoem warih
rasa nikmat kanikmatan woes
padang doelweng sawidji kalih
sareng ngrangkoel pada mring
Mongraga awotsari

23. sarja ris ingatoeripoen
doeh kakang sedoeloer mami
ing donja prapteng akerat
mandjinga sekabat mami
ing padoeka dening toean
asoeng padang ing tyas mami

24. djeng rama kang ngoekir mring soen
tan asoeng elmoe ginaib
toean kang tembene prapta
mring kaoela anetesi

1) limrahipoen ; noerboeah.

ngelmoe kangge akir awal
marmamba goegoeroe jekti

25. tan koemedap ing pandoeloe
moeng toean goeroe ngong jekti
goemoedjeng sell Amongraga
sarwi awetjana aris
moega Hjang aneksenana
saking kersanira kalih

26. darmi-darmi raganingsoen
noedoehken ngelmoe wit saking
bcgdjaning jaji kalihnja
saking sih noegraheng Widi
aparing elmoe sampoerna
kewala kang dadi mergi

27. jata kalih matoer noewoen
toemoengkoel osiking galih
soen teteda ing Pangeran
ajwa tanggoeng awak mami
goningsoen angestoe pada
moegi pinarengna bendjing

28. panggiha lawan bok ajoe
moegi Hjang gampangna bendjing
wangkale bok ajoeningwang
arsaha mring wong poeniki
paran malih ingoepaja
poengkasan moeng kari iki

29. teka mengkana djro kalboe
katjatoer pan men sawengi
gen anggoenem ngelmoe rasa
jata sedenge samja rip
Djajengwesti lon ngandika
marang ki santri Noeripin

30. sira timbalana goepoeh
ni kfen Toerida ken midjil
kang liningan sigra mentar
tan dangoe kang garwa prapti
sira moendoeta gelaran
kadjang sirah ingkang soetji

31. kang garwa liningan moendoer
moendoet pesarean aglis
tan dangoe prapta anampa
ladjeng tinata miranti lere
tjaket pangimamam klasa
batoe den-gembesi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. ingoekoeb pan marboek aroem
kadjang sirah teloe alit
goegoeling roro koentingan
singeb kampoeh semen poetili
woes tata matoer ing raka
Djajengwesti toerira ris

33. soemangga woes wantji bangocn
padoeka leleson arip
Amongraga roem lingira
inggih sakelangkoeng jaji ing
mangke menawi kcrsa kaoela
tilem jen arip

34. jaji prajogi oemangsoek
ing dalem asare arip
Djajengwesti atoerira
kaoela kelilan gingsir
makloem padoeka kewala
kaoela moendoer mring panti

35. noelja lengser kalihipoen
inring wisma Ian Djajengragi
praptaning dalem alenggah
ngandika marang kang raji
jaji rasane tyas ingwang
sedjen wingi lawan iki

36. kawroeh ingkang roengkoed-roengkoed
Ian kang boendet-boendet kelit
marganing geseh rerasan
simpangan ing doegi-doegi
ing sa-iki woes sinoengan
deling tan samar ing kapti

37. nora anjana seramboet
palaling Hjang ingkang prapti
ginandjar ing kemoerahan
inring sira kelawan mami
Djajengraga atoerira
inggih kasinggihan oegi

38. kaoela semantenipoen
sanget pra bedane jekti
waoe lawan. saben ika
wonten kaotipoen oegi
. kaoela lawan padoeka
kaot padoeka woes sidik

39. kang raka alon amoewoes
ja woes pada oega jaji
moeng kaot banget kewala
ing dalem djati woes sami pajo
sedje winitjara rnoenggoeh ki seh
Amongragi

40. jen woes djenek ing tyasipoen
neng kene katoer kiai
soekoer jen ana kersanja
djeng kjai.mring Amongragi
jen tan ana prajoganja
oematoer dadia krami

41. ing djodone Ian bok ajoe
sira dongakena moegi
ilanga boedine wangkal
soekoer toekoela pribadi
kang raji matoer nor raga
inggih kados poendi malih

42. noelja ngling mring garwanipoen
mjang kang raji Rarasati
karone pada soen wekas jen
sira saben kepanggih lan
bok ajoemoe den-bisa
soepaja ledjar ing kapti

43. kang garwa rajwa wot santoen
woes mengkana Djajengragi
pamit moendoer kondoer ngetan
kelilan woes lengser midjil lan
garwa mjang selirira
Djajengwesti moenggah goeling

44. ki Djajengraga kang kondoer
rerep neng panirat djawi
lindoek bang raji tjin-andak
loengajanja kinapiting
pinidih ingaras-aras adoch
begdja temen mami

45. anemoe koemalaningroem
tjamped sadina sawengi
kadya tan panggih sepasar
doek mring sira maskoe ari
kang raji ngesah amiwal
mangke ta sampoen pinidih

46. kersane lir wong dereng wroeh
dene anjar temen iki poenikoe
wonten poen Giah si Sikem
lawan si Sati doemeh-doemeh
jen petengan nikoe njengoh
aningali

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

47. kang raka goemoedjeng namboet
kang raji pinondong aglis
kang raji noet karseng raka
kondoer mengetan den-iring
ing sclirira titiga Wagiah
Saikem Sati

48. kang raji tansah rinoengroem
kinoeswa-koeswa samargi
woes prapta ing dalemira
ladjeng toemameng djinemrik
ing daloe tan winoersita
mengkana woes gagat endjing

49. tinaboeh bedoeg deng soeboeh
Djamal Djamil Djalalodin
Noeripin atoja kadas
noelja adan ngalik-alik
sedaja sami soenatan
mjang santri lit maring masdjid

50. araras poedjianipoen
Amongraga asoesoetji
sawoesnja siram akadas
nelasken soenat teretib
Djajengwesti prapta kadas
woesnja ngambil tojastoeti

51. soenat kalih rekangat woes
anetek kinen ngamati
Noeripin sigra akamat
Amongraga angimami
noelja ngangkat perloenira
takbirira amatitis

52. pasekat parekahipoen
emat kasar tan kalempit
mjang sekatahing patekah
pipitoe den-kinawroehi
sawoese matja patekali
soerat soedjada walneki

53. soerat kasar akiripoen
beroekoet kelawan tertib
toemanem kang toemaninah
soetji ing tigang prekawis
soetji badan soetji lesan
kaping tiga soetji ati

54. kang soetji badan liripoen
salate seh Amongragi
lamoen ngadeg soekoenira
benggange kang sedeng koetjing
adege kentjeng tan obah kang kadya
adege alip

55. ana roengon tan rinoengoe
ana tingal tan ningali
ana swara tan den-oetjap
aneng ganda tan ngambeti
ana rasa tan rinasa kang
toemempel angganeki

56. kang goemremet koemaloeloer
kang agatel tjoemalekit
kabeh tan ana rinasa ekraming
badan tan osik noedjoc ing
lapal soedjadah soenating imam
noedjoedi

57. woesing ngadeg noeli roekoek
tocngkoeling kang batoek sami
sipat dengkoel leresira
palengkoeking roekoek nenggih
kadya elam ingkang awal
iktidal adegireki

58. abener la-oelanipoen
lan adege lengen kalih
tangan megar marep keblat
noelja soedjoed seleh rai
tangan papak lawan sirah
kadi elam ingkang akir

59. aloenggoeh soekoe toemimpoeh
tangan toemoempang ing wentis
kadya eke loenggoehira
antaraning soedjoed kalih
adeging koenoet abengal 1)
soetjining lesan matitis

60. tjeta ing wewatjanipoen
oetama swarane betjik
soetjining ati kelawan
moekaranahira ening
mengkono salat noegraha
kawase seh Amongragi

61. denira asalat soeboeh
andoengkap tahjat kang akir
tertib samja toemaninah
tan kaselan-selan dening

---

1) prajoginipoen: apengal.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tingkah sedjabaning salat
noelja salain nganan ngeri

62. bakda salat ladjengipoen
poepoedjian langkoeng asri
adikir rempeg arahab
woes dikir andonga soekril
tinoempa-toempa oetama
mrih manpangat ingkang moeslim

63. sawoesnja pandonganipoen
selawat salaman sami
oejet samja ngalap berkah
marang ki sen Amongragi santri
sedaja woes boebar samja
moedoen saking masdjid

64. sang wirja kalih kang kantoen
tepakoer soehoeling dikir
tandjeh ing panaoelpana
tan kalingan woes kalingling
lingloeng pagoet kedjoemboehan
loro-loroning atoenggil

65. tan pae paesanipoen
kaoela kelawan goesti
neng sadjroning kaenengan
enenge oneng kang ening
pawore toenggal kahanan
aneng anane pribadi

66. denira soehoel bakda woes
padjar bjar hjang arka midjil
ladjeng wektoe tangat loka
akasoed ing pangabekti
loka ing rolas rekangat nem
salani sampoen baresih

67. mengkana sabakdanipuen
sesalaman lan kang raji
Djajengwesti atoerira
kados sedaloe tan goeling
Amongraga Ion lingira
inggih pikantoek sakedik

68. pan alajap ing aloenggoeh
goemoedjeng ki Djajengwesti
sarja ngling Noeripin sira
timbalana Djajengragi
kang liningan sigra mentar
noelja ni Toerida prapti

69. anampa dedaran ngajoen
patean lan wedang kopi
lempeng bang djoeadah djcnang
poetoe majang lan soerabi
ledni isen palered sat
tjara bikang abang poetih

70. lemper lan semar tinandoe
bakaran pisang mateng wit
gemblong oelam bebakaran
dengdeng gepoekan sinapit
jata Djajengraga prapta
atoer salam angabekti

71. noelja kang raji toemoetoer
angirid rampadan asri
kang raka ngling ikoe apa
bok ipe kang sira irid ni ken
Rarasati toernja saos dahar
moepoeng endjing

72. kang raka goemoedjeng moewoes
lah mara ladekna ngarsi
ni ken Toerida agepah
sekoel oelame rinakit
sinareng leladenira sekoel
djadjanan mawarni

73. sinaosaken ingajoen
dedaran pinire marik
tinata kang sekoel oelam
liwet anget sekoel goerih
lembaran Ian pindang tambra
opor bebek besngek pitik

74. mjang pespesan tambra palocng
botok djambal lawan masin
pal poek abon soesoedjenan
dengdeng age sroendeng ragi
sambel letok Ian lalaban
lombok kentjeng lawan petis

75. tjeroeboek keroepoek teroeng
woes tata denja sesadji
matoer sampoen mring kang raka
Djengwesti ngatoeri widjik
timboel ngawirja titiga woesira
toetoeroeh widjik

76. woes lekas nadah kateloe
sami pakantoek ngaboekti
Djajengraga dokoh nadah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang raka anggoeng anglirik
sinamoen adahar oelam panadahe
Amongragi

77. asengkoed ragi pikantoek
lawan sabene ken iki
kepelipoen sawidara
pinidih kangsi angintip sarwi
tamban denja nadah
pemamahira aririh

78. kersa meratani lawoeh
njapisan oekoer sasoewir
jen oelam tan mawi sega jen
sekoel tan mawi daging
saben dahar sepoeloekan
goetoek pit atob kikintil

79. kantoen sakepel adangoe
kinepel kewala nganti
nganti mring raji kalihnja
pakantoek denira boekti
dasar sedaja tan nendra
Djengwesti mitjareng ati

80. ikoe dremba-drembanipoen
dene gelem meratani
angambil kang oelam-oelam
njadjimpit lir wong tjip-itjip
krowaking sekoel semana
sabitining botjah baji

81. atobe bae deroedoet
wit moeloek atob ping kalih
tyasira keraos lepat
doek kemboel kalih kang estri ki
Amongraga tan rena mengkana
osiking galih

82. woesana alon oematoer
soemangga ingkang doedoegi
Mongraga naoeri sabda
inggih jaji woes doemoegi
anoelja samja widjikan
ambeng linorod tjinarik

83. sekoel lorodan woes dinoem
werata djaloe lan estri Djamal
Djamil tinoewoekan pat Noeripin
Djalalodin dedaran tinata ngarsa
wetah pan dereng dinimik

84. Djajengwesti Ion oematoer
soemangga poenika manis
Amongraga Ion lingira
atobe dadya pangarsi inggih sanget
ing panrima moeng wedang
satengah tjangkir

85. Djajengwesti moendoet tiinoen
watang moeng sa-iris tipis
lah ta pajo Djajengraga
mara soen bade sireki
bade kang abot kewala
djoeadah djenang soerabi

86. kang raji soeka goemoejoe
inggih pan amoeng soerabi
kang raka ngling djarkoe apa
kena temen den-arani
anoetoeg dahar njamikan
jata ingkang raji kalih

87. Djajengwesti Ion oematoer
mring raka sen Amongragi
paran ing kersa padoeka
poenapa noenten apanggih
inggih kelawan djeng rama
Amongraga sodjar aris

88. kewala dateng anoeroet
poenapa kang kersa inggih
jen estoe pinanggihena
Ian ramanta soen oemiring jen
kinen kendel soemangga ing
rehira soen toeroeti

89. Djajengwesti lon oematoer
inggih prajogi pinanggih
doemateng kiai bapa
mila kang waoe toer mami jen
toean kasora mring wang pesti
poen andeg neng riki

90. lan djeng rama jektinipoen
mangke temah awak mami
kasor lan toean satemah
ladjeng gandjar ngelmoe gaib
dadya mangke raganingwang
mring padoeka woes ambalik

91. pan bade koelangge sawoeng
mengsah mring rama djeng kjai
goemoejoe sen Amongraga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan anedya awak mami mring
djeng kjai amoengsoeha nedya
goeroe jen marengi

92. kadarmanira kang waoe
marma nis prapta ingriki
woes kasedyeng poeroehita
doemateng ramanta nenggih
ngrasehken ngelmoe kang njata
goemoedjeng ki Djajengwesti

93. sarja ris denira matoer
kantoena ngong atoer oening
inggih dateng kangdjeng rama
jatenggai denja loemaris
Djajengwesti Djajengraga
katiga santri Noeripin

94. seh Amongraga kang kantoen
nahen ta ingkang loemaris
kotjapa kang aneng langgar
kang lagja moemoelang santri
sira ki Baji Panoerta
doek lenggah neng masdjid alit

95. moemoelang ing para poetoe
miwah keponakan sami
tan wonten santri kang Han
dene santri agoeng sami
ngadji aneng masdjid besar
ingkang moelang para ketib

96. toewin santri agoeng-agoeng
pra samja ngrasehken ngelmi
nenggih iawan kantjanira
nahen ta kiai Baji
Ian kang garwa sami moelang
koer'an atanapi tepsir

97. marang para anak poetoe
tan wonten ingkang ljan santri
Tambang-raras toemoet moelang
sindjange tjaweni poetih
kembene gadoeng welaka
rasoekan sembagi koening

98. kalpikeng kalih oemoeroeb
samja barlian neng djentik
asengkang tjemeng kewala
barlian penoenggoel sami
goemebjar aneng wedana
kadya metotena galih

34e Zang; dichtmaat: MEGATROEH.

1. serawoengan lan ken Raras tjahjanipoen
neng wedana lingsir siring
lan sorote netra baroeng
koewoeng reboet paran sami
boeboeron aliroe enggon

2. tangeh lamoen rinengga koesoema ajoe
toehoe moestikaning boemi
djatmika anteng aroeroeh
grahit^ng semoe awingit dasar
woes limpad ing kawroh

3. nanging tebih sang retna ningali kakoeng
nenggih wit denira saking
soebrangta karem ing elmoe
ngoepaja kakoeng prajogi ingkang
woes poetoes ing kawroh

4. Ian nengenken sang dyah pirasating 1) kakoeng
ing rapli lawan maknawi
marma ngoeni akeh rawoeh
satria para ngoelami
sang dyah mjat tan wonten tjondong

5. saking dening tan kalbeng pirasatipoen
kang kenging dipoen-gendoli
ing awal lan akiripoen
sang dyah langkoeng apikneki
nging gawat tan ana weroh

6. gawatira sadjroning tyas kersanipoen
besoek ingsoen arsa laki
menawa wonten wong kakoeng
goeng kang ngelmoe sih ing estri
kang tan karem mring wong wadon

7. ni ken rara jen ningali mring wong kakoeng
kadya ningali wong baring
wa-e"wa soeker andoeloe
pengraose kadya nadjis
sengit mring wong lanang dajoh

8. lamoen maring sentana mjang kang woes
lir ningali rare bentik wawoeh
tan mantra-mantra salemoet
djroning sare nora ngipi
sadjege doek meksih beong

---

1) limrahipoen: wirasad.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. kangsi mendro-mendro malah loengse sepoeh
tan ana biranineki
moeng birahi maring elmoe
banrasi mring dalil kadis
paham ing koer'an kinaot

10. pan woes inggil sang rara pengaosipoen
ngoengkoeli kang raji kalih
ngadji tepsir agoeng-agoeng
tepsir bahwi baelawi
djalalen ing moerad woes wroh

11. lawan kitab geng-ageng sampoen ketjakoep
tan ana bab kang kalempit
ngoengkoeli kaoem pengoeloe
pemboedining dalil kadis lapal
makna moerad raos

12. sabobote estri pan sampoen linoehoeng
nanging tan kawentar ahli
sabab tan watak dedaroes mring
kaoem mjang santri-santri oekoer
mring kang raji karo

13. asring kandih kang raji ing kawroehipoen
djomblahe madloed 1) lan dalil
idjemak kias woes poetoes
nanging raose kang galih
tyasnja kado dereng manggon

14. moeng tjetjadang menawa na sih Hjang Agoeng
pinaring goeroe kang jekti ingoempet
datan kawoewoes sanget denira akoentji
moeng pasrah marang Hjang Manon

15. nadyan iboe [2]) rama datan weroeh
nenggih kang basa poeniki
ing kersane sang dyah ajoe
kelangkoeng denira wingit
gjan noetoepi tan merodjol

16. marma ingkang rama kelangkoeng angoegoeng
dasar poelrestri sawidji
wasis sabarang ing kawroeh
jata semana ki Baji kagjat
waoe deniranon

17. doek praptane kang poetra kalih neng ngajoen
Djajengraga Djajengwesti

1) bok menawi: madloel.
2) kirang 2 wanda, katambahan : toewin.

anoelja sinapa goepoeh
ana karjanira kalih
gati prapteng ngersaningong

18. ingkang poetra toer sembah alon oematoer
kaoela atoer oedani
ing djawi wonten tetamoe
arsa marak toean inggih daloe
sipeng wismaningong

19. santri tebih saking Karang wismanipoen
taroena langkoeng apekik
djatmika wingit asemoe
tjahjanja aminda sasi
ing pandoegi oeloen kados

20. dede widjil ing alit ketareng semoe
manis temboenge matitis
kawistareng tindak tandoek
mesem sira kjai Baji
mjarsa toere poetra karo

21. jen mengkono timbalana ngarsaningsoen
pan ingsoen arsa oedani
warnane kang sira goenggoeng
lan apa ing maoe ratri
woes kabrengkal ingkang kawroh

22. kotonge lan anane ing isenipoen
kang poetra matoer wotsari
sampoen katjoelik ing daloe
Ian amba teksih pradongdi dereng
wonten ingkang kawon

23. oeloen lan ingrika teksih salang soeroep
ki Baji goemoejoe belik
apa tan ko tjoelik ikoe ia basa
ingkang iki poepoengkasan kang
saking ngong

24. ingkang poetra nembah aris atoeripoen
pan kaoela beber nanging
ing rika pan boten ajoen
ingaranan teksih tebih
winastan lambang kemawon

25. kang akaija poenikoe poendi genipoen
Ian malekat kang neng langit
inggih pintentjatjahipoen amba
pan dereng oedani toean dereng
moelang ringong

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. mila amba tinakenan mingoek-mingoek
kang rama goemoedjeng malih
sareng miarsa toeripoen
woesana ngandika aris
basakena sira karo

27. teka kegawokan basa kang poenikoe
soen doega dajohireki
gegamane ia namoeng
kang binoentel saking Kawis
kinarja medeni tjebong

28. ingkang poetra kalih aris atoeripoen
padoeka den ngati-ati
memedosi ingkang tamoe jen
kasor ngisin-isini padoeka pan
sampoen kalok

29. satemahe kasor mring santri angoentoel
mindak nawarken kang wingking
kang rama angling goemoejoe
toetoermoe dajohireki
sadoeroenge ingsoen weroh

30. emboeh kasor ingong lawan oenggoedipoen
1) nanging tyas ingsoen legawa sih
jen oenggoel soen lila moeroek
lamoen kasor ngong minta sih
raosing tyas anerontong

31. akeh tamoe kang brengga roa ing kawroeh
tan ncdya ingsoen pradoeli
semoening dajoh roemoedjoek
pajo timbalana aglis manira
pan arsa weroh

32. ni ken rara Tambang-raras namboeng woewoes
ngandika marang kang raji
tolo dajohira ikoe tekane
marene jaji apa dasar
barang obrol

33. langar arsa ngajoni djeng rama ikoe
doemeh-doemeh santri Kawis
paran tan adol pengroengoe
jen djeng rama kalok saking
ing tanah kang adoh-adoh

34. liwat saking koemaki kang prapta ikoe
kang raji oematoer aris
kakang bok sajektosipoen boten
anggoenggoeng wak mami
sajektenipoen kakang bok

35. koela kang bok mring tetamoe sampoen
tan kenging dipoen-etohi ketoer
poenika oepaminipoen
poen adi kelawan mami
sami ambentje kemawon

36. sajektose iba ta ing katahipoen
ngoelama kang prapteng riki
poengkas dening koela sampoen
tan soesah kondjoek kiai
moeng poeniki raganingong

37. ngraos kasor marmenggal ngatoeri weroeh
dateng ing rama djeng kjai
mesem kang raka sang ajoe
ana kerasa ing ati mjarsa
toere jaji karo

38. sadjroning tyas kaja ta agea weroeh
paran ta warnanireki
ingkang ambebarang elmoe
kang rama angatag malih
marang ingkang poetra karo

39. pajo enggal timbalana ngarsaningsoen
tengginas kang poetra kalih
tan adangoe noelja panggoeh
Amongraga den~dawoehi
ingandikan rama goepoh

40. jata enggal seh Amongraga toet poengkoer
waoe ta kiai Baji
meksih lenggah ngemper tadjoeg
anak poetoe ingkang ngadji woes
kinen boebar goemoeroh

41. ni ken rara malbeng wisma lan kang iboe
ngrakit sedah woh Ian malih
sedia soegatanipoen jata
Amongraga prapti ingirid
kang poetra karo

42. sareng prapta ki Baji koermat toemoeroen
ngoermati kang waoe prapti
kasmaran moelat ing tamoe
ing solah djatmika wingit Ian
tjahjanipoen mantjorong

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: na.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

35e Zang; dichtmaat:
ASMARANDANA.

1. sen Amongraga noelja glis
toer sembah angaras pada
Baji Panoerta ge-age
denira anjandak asta sigra
binekta lenggah woes tata
denira loenggoeh poetra
katih djadjarira

2. ki Baji resep ing galih
ningali tetamoenira
djatmika wingit semoene pan
ora angoembar tingal
toemoengkoel denja lenggah
ki Baji awlas andoeloe
angartika djroning nala

3. wong ikoe semoene lantip
nanging tan ketareng nitya
awadi ing pasemone
soen wetara ing doedoega
doedoe wong bandarakan 1)
pantos widjiling amengkoe
solah bawane ketara

4. teka mengkana ing galih
dangoene denja amawas
woesana ngandika alon anak
tedja soeleksana oedjare
santri Karang apa ta Karang
ing doesoen apa Karang ka-
agengan

5. toer sembah kang sinoeng angling
jektos Karang ka-agengan
nanging santri lit kemawon
marmamba marek ing toean
soemedya poeroehita arsa
angrasehken ngelmoe saking
ing ribed kaoela

6. tiang sepoeh anilari
ing elmoe kaselak pedjah
dereng oeninga soeroepe
doek neng Karang pan kaoela
taken kang woes oetama
toewin dateng kjai goeroe
manah amba dereng padang

1) prajoginipoen: padarakan.

7. marmamba anoempal keli
soan dateng ing padoeka
ki Baji goegoek goedjenge
sareng miarsa toerira aris
widjiling sabda dene ing
Karang ta koeloep enggone
wong kang oetama

8. kewala malih wak mami
ia lamoen kadoegia
kedjaba toengtoenan bad
pira bara jen poen bapa
bisa amadangena
ing roewede tyasirekoe
langkoeng saking begdjanira

9. noewoen ingkang sinoengan ling
ki Baji sigra angatag
mring santri Loetji pan kinen
amanggil ing rabinira Ian
samektaning gantyan tengginas
ingkang ingoetoes malbeng
wisma woes apanggja

10. Ian garwa woes den-dawoehi
mring santri Loetji tengginas
Loetji ambekta gantene
sapraptaning masdjid lenggah
aneng kerining raka
gantyanira apan sampoen
sinaosaken ingarsa

11. ki Baji watjaneng rabi
njai sira bagekena
mring anakira ngong kie
sanget aresep toemingal
marang atmadjanira meh
oega ingsoen andoeloe
lawan karo anakira

12. kang garwa angatjarani
anak andika katoeran
pan inggih ing sarawoehe
Mongraga noewoen toerira
langkoeng kalingga moe'rda
saking sihing kang doemawoeh
anampar ing kawlas arsa

13. lir pinetot ingkang galih sira
bok Baji Panoerta sareng miarsa
atoere

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

manahira gogolongan
kedadak tresnanira jata gen
rerasan dangoe kotjapa ken
Tambang-raras

14. adangoe denira ngintip
aneng gribig ing mandapa
kang neng langgar nglela bae
katon salir solahira
jata koesoema rara
ana kerasa ing kalboe
baja woes kersaning Soeksma

15. jen bade kang djatoe krami
jata dyah osiking nala
dene amentjes wong kae pasang
semoene pesadja bener riningsoen
samja pengaleme mring wong ikoe
1) ki dalem kang lagi prapta

16. angentek temen wong iki
pirasate tan agetang ingong teteda
ki dajoh nglegakria galihe rama
moegi rama toeloesa asiha mring
dalem ikoe ingkang semoene
djatmika

17. pira barane ta oegi
ana sih gandjaraning Hjang
raganingong selawase
sakehe kang sami prapta
anggoegoejoe maring wang
tyas ingsoen nora saloegoet
tan pisan niata krama

18. moeng doeloe ki dalem iki
gem pal raosing werdaja
oepamane raganingong
tinari pinaringena marang
ki dalem ika pira barane
katengsoen jen poeroen
anglakonana

19. teka mengkana djro ati
sang rara angemoe waspa
dadya rongeh sasolahe
sasmitane palaling Hjang
marang ken Tambang-raras

1) katja 368 kalian 369 ing babonipoen kalangkoengan.

djodo ngawal akiripoen
jata kang etja pinarak

20. neng langgar jata ki Baji
angatag ing rabinira
njai dene kangsi kasep apa
nora kasoegata kang garwa
atoerira inggih sedangoene
sampoen ngantosi kang
pangandika

21. Baji Panoerta ngantoeki
ni Roebiah sigra men tar
maring wisma ngrakit age
sawernine kang soegata
sekoel oelam njamikan
mawarna oelatnanipoen
toemrap neng piring rampadan

22. daranan [2]) awarni-warni
neng piring Djepoen lantjaran
samekta neng djodang wareng
kang poetra ken. Tambang-raras
waoe toemoet anata
woesnja winedalken goepoch
santri Loetji kang ngrarampa

23. kelawan santri Noeripin
sapraptane aneng langgar
pan ladjeng sinaosake
sekoel petak las wetahan
neng pandjang giri pradan
djangan kloewih septanipoen
kinela asem pedesan

24. betoetoe besengek pitik
dengdeng gepoekan gorengan
empal ragi dengdeng age
dengdeng pandjen Ian soedjenan
babad galeng seregan
por bebek pes-pesan paloeng
rempah sidat botok djambal

25. gorengan katik goelatik
lidali ati lawan limpa
barongkos Ian sambel goreng
sambel kemiri lan katjang
toem gadon tjeplok dadar
abon lan keroepoek teroeng
lombok kentjeng petis banjar

2) prajoginipoen: daharan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. lalaban katjang kerai
terong ketjipir lan kara
koentji lempoejang temoe poh
woes samekta aneng ngarsa
sira Baji Panoerta
nnelja njaraken mring tamoe
anoewoen kang sinoeng oedjar

27. noelja lekas awewanting
dahar akemboel wong tiga
ki Baji sa-ambeng dewe nadah
lawan ingkang garwa noetoeg
denira dahar Mongraga kapeksa
toewoek ngetjani sarak mamel
tyas

28. akokoh djangan sakedik
imboeh sekoel sakaloeak
adangoe den-ondjot-ondjot
tan dahar oelam moeng djangan
kewala lan lalaban temoe poh
sedangoenipoen angantoe denja
loearan

29. angampet atobe ririh
ki Baji mitjareng nala
wong iki apa dasare
apa gawe samoedana
pasang semoening wanda
tan doewe watak koemloengkoeng
gadjeg watake pesadja

30. nora mangan kelah-kelih
moeng djangan kang kinokohan
kalonging sega sapongge
kaja woes lanteh nastapa jata
denira dahar woes noetoeg
linorod goegoeh pinaringken
panakawan

31. noelja dedaran mangarsi
pisang mas semangka djingga
djamboe bang poetih djroek keprok
pelem salak lan ramboetan
manggis kelawan doerjan
kang nangka kepoendoeng doekoe
srikaja djoeadah djenang

32. ketan kolak lawan pipis
Toeban bantalan sempora
rand<ikeli ketji lemet
lemper pasoeng tape majang
ebrem tjoetjoer rengginang
mendoet Ian semar tinandoe
tjariping toempeng walangan

33. woes.tata kebek neng ngarsi
ki Baji alon lingira
pajo angger sa-anane
soepaja dadya pangoesap
ajwa ataha-taha
kang liningan .matoer noewoen
kapoendi ingkang pasihan

34. ki Baji ngandika malih
marang poetra kalihira
sirekoe dadak lir dajoh
amiwitana daranan 1)
tepa-tepa aneng wang
jen lagja tembene metoe
meksih wigih doega-doega

35. kang poetra goepoeh njarani
soemangga poenika kakang
sihipoen ramanta mangke
sedyaningsoen kapasoeka
lenggaweng [2]) tyas sih marma
Mongraga nor rageng woewoes
pan inggih jaji soemangga

36. ki Baji goemoedjeng sarwi
amoendoet setoenggil djeram
pinelkah dinahar age
noelja sami sareng ngalap
njamikan sasenengnja
Amongraga moendoet doekoe
setoenggil til pinalekah

37. dinahar kelangkoeng ririh
anoelja ki Djajengraga
moendoet ketan kolak kokoh
Djajengwesti mesem moelat
ingkang raji alatah
kang rama goemoedjeng moewoes
poenapi kang sira sabda

38. pematoer ki Djajengwesti
poetra padoeka Djengraga
pan kenging kaoela petek

---

1) prajoginipoen : daharan.
2) prajoginipoen : legaweng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

denja nadah ketan kolak
kang rama angandika pan
tjilik moela adimoe
dojanane ketan kolak

39. tan woen denja memanoehi
noetoeg sesamben njamikan
jata woes mandjing wektoene
lohor pan samja asalat
ki Baji dadya iman
sedajanja samja makmoem
Malarsih lan poetranira

40. Tambang-raras lawan tjeti
Tjentini Soembaling miwah
ingkang makmoem sedajane
woes antara denja salat
paragat bakdanira
sesalaman sedaja woes
kang makmoem moedoen mengandap

41. sang wirja wangsoel gjan malih
aneng soerambining langgar
daran meksih pepak ander kang
kalong woes sinoelaman anjatoer
batal karam mjang riba soenat
lan perloe tjegah pakon kang
rinasan

42. mengkana sedangoeneki
sinambi dahar njamikan
andoengkap wektoe ngasare
noelja samja asembahjang
tan owah makmoemira
ing wektoe ngasar bakda woes
sira ki Baji Panoerta

43. moedoen saking langgar aris
sarwi alon angandika
den-pada tanak loenggoehe
soen arsa siram sadela
poetra matoer nor raga
noelja kondoer mring wisma goeng
ki Baji sawoesnja siram

44. nimbali garwanireki
pinarak aneng djerambah
sarta poetranira ni ken
Tambang-raras aneng ngarsa
ki Baji lon lingira
kae santri kang mertamoe
dajohmoe ki Amongraga

45. sedangoene soen timbali
pasang semoene djatmika
awenes wening senene
selaminingong tamian
santri kang woes oetama tan
kadyeki legaweng soen tjipta
lir gjan ngong ajoga

46. soekoer jen sajekti inggil
ngelmoene woes soeroep ing kak
lir toetoere nakmoe karo
nadyan ora mengkonoa
soen tjaloni ngoelama ni
Malarsih Ion oematoer inggih
dateng kesinggihan

47. ing semoe samja magoeti
kang poetra iboe Ian rama
mapan toenggil kaleteke
kewala tyas tan kawedar
andeder pan aneda
daoepe dedajohipoen
sadidik 1) dadya dadakan

48. teka mengkana tjipteki
ki Baji malih ngandika
mengko olaha kang aden
oelam lawan pepanganan
nora doemeh jen katah
setitik jen sarwa loehoeng
dajohmoe iki oetama

49. kaja widjining amoekti
ati-atinen kang sarwa
prajoga pasoegatane
Malarsih matoer sendika
mengkana wajahira
kang soerja woes toenggang goenoeng
ki Baji wangsoel mring langgar

50. wantji mandjing wektoe magrib
ladjeng sami minggah salat
Noeripin Djamal Djamile
Djalalodin Loetji samja
amendet toja kadas
santri Loetji kang adan woes
sedaja samja asoenat

51. ni Roebiah makmoem sami
lan kang poetra Tambang-raras
ana ing gandok masdjide

1) prajoginipoen : setitik.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

let wrana kadjang djedjetan kang
ler pawestrenira tjeti Tjentini tan
kantoen Soembaling mjang pra
wadonan

52. Tjentini tan kena tebih
langkoeng karem ing agama
marma dyah langkoeng geng sine
mring bok Tjentini wit noenggal
ing boedi pekareman
tan kena sah siang daloe
woesnja kang sami asoenat

53. mandjing kinen angamati
ki Baji kang dadya iman
ngangkat perloe oesaline
tibaning takbir asantak
woes oesali sedaja pan
ilhar pemaosipoen patekah
sadjak Birftara

54. groal-graoel angoenani
sawoese patekah matja
pan soerat koelja ajoene
kang akir woesing patekah
pan soerat ida dja-a 1)
doemoegi ing bakdanipoen
iptitah ladjeng poedjian

55. woes poepoedji ladjeng dikir
woes dikir donga radjoekna
anoempa donga soekoere
anasib ki Djajcngraga swara
landoeng angembat boentas
lega pan anglangoet kang
amin-amin ja Allah

56. woes bakda perloening mahrib
samja soenat bakdiatan
ki Baji Amungragane
Djajengwesti Djajengraga
nandjehken soenatira wabinem
rekangatipoen tri salam
tapakoer ing Hjang

57. asoedjoed takroeb ing Widi
poting mahrib mandjing isa
kinfen angadani mangke
noelja adan jat-ajatan
Noeripin Djamil Djamal

---

1) Inggih poenika: soerat alnasr.

Djalalodin Loetji pan woes
wong Iilima sareng adan

58. woesnja soenat sedajeki
ki Baji alon lingira
rnarang Amongraga kinen
angimani perloe ngisa
eh anak Amongraga madjoea
ngimami perloe genti soen
makmoem kewala

59. Amongraga noewoen adjrih
ngling aris ajwa soemelang
soen kalilani deweke
woesana matoer sendika
ladjeng seh Amongraga
ngimani angangkat perloe
oesalinira pasekat

60. oesali parlan ngisai
arbanga rakangatina
adaan imaman kable
jatan lilahi tangala
Allahoe akbar noelja
tasbih sarta wadjahipoen
patitis matja patekah

61. emad kasare terampil
sekatahe kinawroehan
mjang sastra kandel tipise
tetela tan moesabiat
djais wadjib ladjimnja
swaranira amlas ajoen
ngalep-alep angemandang

62. noedjoe kalimah walalin
toemembel kandel eladnja
ngandelong landoeng oelone'
sedeng traping moekaranah
prenah genah ing talak
sadjak jaman nganjoet-anjoet
ajat sawoese patekah

63. soerat djoemngah awalneki
akire woesing patekah
soerat moenapek ajate
tertib sarta toemaninah
karenan kang makmoeman
sedaja tyase tawadjoeh
soekoer nikinat denja salat

64. woes antara tahjat akir
asalami bakdanira
asareh poepoedjiane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noelja dikir napi isbat
arahab mrih sapangat
ing dikirira woes soehoel
bakda dikir matja donga

65. Djajengraga kang nasibi
dasar besoes ahli swara
angentoet-eatoet sadjake
sawoesnja donga selawat
samja asesalaman
koemaroeboet sedaja woes
samja soenat bakda ngisa

66. noelja boebar kang makmoemi
kantoen sang para ngawirja
ngasoedken soenat witire
bakda soenat trap wiridnja
isbandi satariah
tandjeh ing soehoel woes djoenoen
sira ki sen Amongraga

67. denira kasoed ngantoeni
dereng pot tepakoerira
pana ing dalem lajape lijep marang
kanjenjetan tan pada rat woes
komplang pagoet ing tingal
panaoel pantoging tyat 1)
kedjoemboehan

68. tan pinangka minangkani
ing napi kelawan isbat
tjengeng linoear ikrame rasa-
rasa jen loeara saking sroe
kawimboehan ing rahmat
nikmating kalboe sabakdaning
wiridira

69. noelja soedjoed tanasari
soedjoed takroeb anelangsa
minta apoera dosane
angirigaken bidengah
giwar saking maksiat nimpang
ing tyas kang tekaboer kibir angas
mring Pangeran

70. tobat nasoka sroe tokid
waspanja dres marawajan
kalingling kaloepoetane
mengkana ikraling nala
moepit maring Pangeran

linahirken djroning takroeb
kang moega goesti Pangeran

71. kang kewasa andjoemboehi
kang latip ing kaelokan
dinohena amba mangke ing
tjipta ria soemengah kiparat
ing sesama jwa kaselan ing
pendoeloe pemandeng amba
ing toean

72. mengkana seh Amongragi
woes poerna denira kawas
ion andjoendjoeng wedanane
woes moeljeng djaman moengajan
ja djaman kaloemrahan
loemrah sedjabaning wektoe
ia djaman saban-saban

73. woes bakda seh Amongragi
noelja marek aneng ngarsa
mingser kang raji kalihe
woes tata denira lenggah ki Baji
angandika mring Loetji sira den-
goepoeh manira poendoetna sega

74. mring njaimoe ni Malarsih
kang liningan sigra mentar
pan sampoen dinawoehake
ni ken Malarsih agepah
anoeding tjetinira Soembaling
Tjentini goepoeh samja
anampa rampadan

75. ni Malarsih aneng ngarsi
sapraptanira ing langgar
kang boetjoe sinaosake
neng pandjang giri peradan
rampadan piring lantjaran
langking samja pradan loehoeng
oelamnja tan pati katah

76. pes-pesan tambra tengiri
botok djambal mangoet oetak
bakaran angsalan kialen
basengek opor kambangan
masin ajem mendjangan
ragi pondjen empal doedoeh
dengdeng gepoekan gorengan

77. prit gangsir katik goelatik
dengdeng age ati lidah

---

1) prajoginipoen : tyas.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sregan limpa rempah gadon
lombok kentjeng petis banjar
tjokak kelawan ketjap lalaban
semangka timoen temoe poh
terong lan katjang

78. sesambelan amepeki
ki Baji alon ngandika
lah pajo wewanting angger
noejja samja wiwidjikan
Djfengwesti Djajengraga katri
sell Amongragekoe ki Baji
ambeng piambak

79. dyan lekas samja aboekti
pikantoek denira nadah
Djengraga dokoh akokoh
barongkos 1) anglenga
nemen lir boeka siam
winaratan oelamipoen
sen Mongraga denja nadah

80. kepel sawidara boengkik
moeng pikantoek nern poeloekan
pan goetoek kepel atobe
kantoen sakepel angantak
antak nganti loearnja
ki Baji wroeh tjipteng kalboe
gja awidjik aloearan

81. Djajengraga meksih boekti
denja kokoh katanggoengan
kasesa Ioearan mangke
Djengwesti me.se m lingira
bok kang alon kewala
ngenganteni jwa kes'oesoe
kang raji goemoedjing nabda

82. padoeka ngling angentosi
ngentosi kendel kewala
namoeng boten widjik bae
kang raka ngling djer-karosan
madani teloeng boeka
ki Baji goemoedjeng moewoes
dimoe ikoe tjilik moela

83. brongkos doedoeh den-dojani
dek tjilik bebede ilang
den-oeroepken rames brongkos
pan sareng goemoedjengira
mesem ki Amongraga

---

1) kirang 2 wanda, katambahan: ira.

noelja sami atoetoeroeh
ambengira tjinarikan

84. pinaringaken pawingking
Djamal Djamil tinoewoekan
Noeripin Djalalodine
Soembaling Tjentini sigra
anglorodaken dahar
wong kekalih sareng moendoer
wangsoel anampa dedaran

85. tinata ni ken Malarsih
ingkang kalong woes sinoelam
pepak sarwa aden-aden
woesnja anata dedaran
ni Malarsih liningan
kinen moendoer ing wisma gocng
noelja kondoer maring wisma

86. woesana wangsoel aningid
lan kang poetra Tambang-raras
jata kang samja aloenggoh
sira ki Baji Panoerta
lon widjiling wetjana
moerwani patakenipoen
marang ki sen Amongraga

87. sedenge rerasan ngelmi
ing wantji meh sirep djalma
anak Mongraga jektine
ingkang dadi preloenira
pepanggih Ian poen bapa
lah mara wedalna goepoeh
kang dadi soemelangira

88. babing basa kang piningid
doenoenge ana lan ora
apan sajekti anane tjoeriga
mandjing werangka werangka
mandjing marang ing tjoeriga
balikipoen soeksma mandjing
maring badan

89. badan mandjing ing soeksmeki
Ian tjahja ing malaikat
nabi wali ing tjatjahe apa
ikoe anak ingwang kang
dadi roebedira pira barane
nakingsoen jen bisa
amadangena

90. jengsoen marang ing sireki
Amongraga atoerira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kaoula noewoen pan dede padoeka
woewoes poenika pan teksih basa
swara kewala pan dereng djoemboeh
meksih kabar jakin sarak

91. sarengat kabiroe jakin
nganasir moenggoeh ing Allah
meksih rambatan dalile
madeloel idjemak kias
katah djoedjoeioekira masoetji
moelja Hjang Agoeng Hjang
Aloehoer Hjang Wisesa

92. poenika pan meksih ngelmi
dereng abadan sadjoega
kadjeng kaoela jektine
itjala nama kaoela woes
roron-roron toenggal kewala
lawan Hjang Agoeng poenika
oeloen oepaja

93. keiamoen ngemoengna singgih
poenikoe kang toean oetjap
teksih katah ling-alinge
dereng koempoel Ian Pangeran dadya
manah maksih was ing Kawis
sampoen angoemboek saben wong
anom mengkana

36e Zang; dichtmaat: SINOM.

1. tan soesah amba oemarak
dateng ing padoeka nenggih
marmamba marek ing toean
kawarti saking ing Kawis
padoeka sampoen sidik
nenggih basa kang poenikoe
djetoeng Baji Panoerta
sareng miarsa toerneki
sapandoerat datan kena angandika

2. jektine amoeng poenika
ageme kiai Baji
nadyan lambang djer poengkasan
sirahing soeloek sekalir
woesana angling aris
ki Baji lah mara goepoeh
djawaben kang pratela
sakehe oedjarkoe iki
apa rapak lawan kawroehe wong kana

3. mengkana seh Amongraga
matoer mring kiai Baji .
wondene timbalan toean
basa kang padoeka pingid
doenoenging ana jekti
poenika djirim kang moedjoed
djirim djriah karidjah
inggili ananing sekalir
pan asjaka djirim anse istidelal

4. poenika ananing aral
kaoela-kaoela **jekti**
tan kewasa gadah poerba
lir sarah aneng djeladri
tan kena ngrasa toenggil
goesti tetep goestinipoen
kaoela tetep koela
tan kena silih-sinilih
moeng angandel woedjoede kang sipat moerah

5. wondene doenoenging ora
kita poeniki ngandemi
tan nedya mjat ing Pangeran
woedjoede ingkang sa-iki
tokid kita poeniki
woes angandel jen Hjang Agoeng
tan arah enggon ora
kanta warnamboe raseki
tanpa doenoeng nanging doenoeng tan
doenoengan

6. tan kena kinaja apa
poenika tetela moekmin
koempoeling ana lan ora
djoemblatoen moenkin pi djirim
djirim woes tetep moenkin
moenkin ngadam kadal woedjoed
moenkin djoed badal ngadam
poenika moenggoeh ing dalil
ingkang leres mirad 1) kang kadya poenika

7. wondene kang salang serap
ing graita den-wastani
anane ana ing kita
rinengkoeh woedjoeding Widi
tan tinoenggal-toenggali
datan ana kang njekoetoe
ekak ing dewekira
piambak tan ana kalih
ingkang nora wiwitan nora wekasan

---

1) prajoginipoen: moerad.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. poenika boten saketja
karanten kita poeniki
dereng binoeka dening Hjang
koeasa nampik amilih
liripoen nampik milih
kamoerahaning Hjang Agoeng
moerah kerana donja
ridjeki sandang lan boekti
teksih amilala enak lan kepenak

9. angrasa sakit saketja
bener loepoet ewah gingsir
gingsir maring kaeiokan
kepengin sampoerneng oerip kasoesoe
boengah ati atine akoedoe-koedoe
koedoe ngakoe Hjang Soeksma geseh
tekade tan noenggil ngelmi ekak tekad
ngam abangsa riah

10. dados pendeking paningal
tjopetan rimbag Ian ngelmi
ngelmi kak kedah kas tekad
anampik tan melik pingil
pingil donja poeniki melik pingil
moeng saiemoed langkoeng kagengan
brangta sepele dipoen-kedani boten
ampoed lawan kamoeljan akerat

11. ki Baji mitjareng nala
rada belero ing galih
dene kekalih moeradnja
denja moeradi kang dingin
dereng pati njoeroepi
dene moerade kang kantoen
satengoe nora gagal woes
toemanem tyas kadyeki
woesananja den-arani. keloepoetan

12. mantoek-mantoek pan rinasa
rasa soerasaning elmi
jata lon denja ngandika
toetoegna'ngger kang matitis
Mongraga matoer aris . dene
kang padoeka woewoes
nenggih ingkang tjoeriga
mandjing ing werangkaneki
elokipoen werangka mandjing tjoeriga

13. poenika pralambangira
soeksma mandjing badaneki
lan badan mandjing ing soeksma
inggih salat djatineki wonten ing
dalem takbir--atoelikram tjampoehipoen
pandjinging soeksmeng badan badan
mandjing ing soeksmeki nalikanja
ingrikoe tjampoering karsa

14. minangka saketengira
lawang ati sanoebari
binoeka kelawan ikram
mirad moenadjad toebadil
lestari pandjingneki
soeksma maring badanipoen
mangka poenika badan
oemandjing maring soeksmeki
jen woes koesni ing dalem ikraming salat

15. minangka seketengira
pamboekaning roh ilapi
binoeka kelawan salat
koesta daim ismoe ngalim
lestari pandjingneki
badan maring soeksmanipoen soeksma
pan woes kapoerba maring badan
sabab dening badan saged anembadani
ing soeksma

16. dene ingkang salah tampa
kang salang soeroep ingelmi
tan goegoeroe koemabisa
anggeping kita poeniki
dinalih badaneki
mandjing maring soeksma loehoeng
sirna woedjoeding badan
woes badan soeksma sekalir
nora nana badan moeng soeksma kang ana

17. obah osik solan tingkah
ing siang kelawan ratri
ing kersa-kersaning soeksma
tingkah-tingkahing soeksmeki
badan woes den-tamboehi
badan soeksma sadjengipoen
tan ana watesan 1)
ing awal toemekeng akir
kang poenika tiang kaslio ing tekad

1) kirang sawanda, katambahan : nja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. mapan woes nedya anjoengap
mring pribadine Hjang Widi
tan sedya moring asja-a
woes moeslim maring pribadi
kedah mekaten oegi
lamoen tan mekaten riboet
ki Baji tyasnja wewah
soemerep mirad 1) kekalih
pan gineget-geget sangsaja kerasa

20. ki Baji alon lingira
toetoegna maneh nak mami
Mongraga Ion atoerira
de tjahjaning malekati
padange tingal djati
wonten senening aloehoeng
loehoeng ingkang woes limpad
winahjoe rahajoe boedi
sinoeng tjahja kelomodrn ing malekat

21. tan tekdir sawidji roepa
malekat poenika haib
nglimpoeti sakehing roepa
roepa-roepaning tjahjeki
jahja sasmita wingit
wewarah sadereng modjoed
pan datan kawangoeran
namoeng kang kinarsan dening
Hjang maha goeng kang asipat
bidjaksana

22. kewala ingkang kinarsan
idajat oelah minihi
idajat tjahja malekat
poenika sedjatineki
dene nabi Ian wali
para nabi tjatjahipoen
sadjabare ing koer'an
wali sadjere koer'ani
moekmin ekas sa-epese koer'an kehnja

23. jektining nabi poenika
walboerhanoe ambiai
ina pi dati alaka karidjah
bilmoekdjidjati pratandaning
pra nabi karem ing dat
sartanipoen medal ingkang
moekdjidjad toer anoe
walioelahi ina pi sipati alaka
karidjan

1) prajoginipoen : moerad.

24. bilkaramati poenika
pretandaning para wali
pra wali karem ing sipat
medal keramatireki
walboerhanoe moekminin
wa ina pi apengaloe
alaka karidjatan
mangoenatri pretandaning
moekmin ingkang ekas karem ing apengal

25. lan medal mangoenahira
ingkang pangkat tri prakawis
sedjatinipoen poenika
woedjoeding ratoe kakiki
ratoe adjaman nabi
sih noegrahaning Hjang Agoeng
wahjoe tjahja noerboeah
ing kenabean pinesti
sinoeng rahmat kamoeljan donja akerat

26. ratoe djaman walioelah
sih noegrahaning Hjang Widi
wahjoe tjahjane idajat
ing kewalean pinesti
sinoeng rahmat ing akir
ratoe djamaning moekminoen
ing sih noegrahaning Hjang
wahjoe tjahja latoelkadri
kamoekminan pesti sinoeng rahmat donja

27. dene kang salah tampinja
malaekat nabi wali
moekmin ekas aneng badan
datan maredjel sademi
tjahja moekdjidjat toewin
keramat mangoenahipoen
aneng badan sedaja
badan woedjoed malekati
woedjoed nabi wali moekmin aneng
badan

28. poenika boten saketja
anggepe ngangas-angasi
boten tejeng ing kasidan
kang tan djomblah tekadneki
kawroeh poenika nilib
mleset kedjangkelok loempoeh
wa poenika soemangga
sarehning mirad [2]) kekalih
akJkirih satoenggilipoen pepalang

[2]) prajoginipoen: moerad.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. kirih poenika oepama
wowohan djamboe kang inanis
tan mawi optjek-ontjekan
kewala ladjeng binoekti
pepalang saoepami
wowohan doerjan kang aroem kedah
angarah-arah wroeh djoedjoeringaning
ing ri pinalekah jen dereng mletek
lekasa

30. ngelmi kang padoeka oetjap
leres sajektine jakin
namoeng selaja ing tekad
woes sami nabon pribadi
ki Baji doek miarsi
tyasnja ledjar mantoek-mantoek
saja soemerep gamblang
kategor tyase ki Baji
woes katjoepan tan goelawat mawalana

31. Mongraga pembatangira
sakawroehe den-wastani
genah ing satoenggal-toenggal malah ragi
den-wewahi inginggahken kang elmi ki Baji
adjoemboel-djoemboel mandah 1) den-
telakena paran dene kjai Baji pengraose
woes panggih lawan Pangeran

32. jata glis angrangkoel madya.
sarja ngling doek anak mami
ja pagene sira njawa
woes njekel ngelmoe premati
kongsi prapta ingriki
adoh-adoh para djoedjoeg
sajektine manira
moeng ikoe boentelan mami
arinira karone doeroeng ngong warah

33. ngong wehi basa poenika
miwah kang para boepati
kang samja ngangsoe maring wang soen
wehi ngisore tebih temah tibeng sireki
meh tan ana karjanipoen ing Karang pan
djelanah wartanira ikoe kaki jen ing kene
ngelmoe ikoe gegedongan

---

1) prajoginipoen : mendah.

34. ajwa ingkang moenggoeh kaja
kang sira oetjapken inggih
jen poen bapa soemoeroepa
lagjekoe boentelan rnami
paran dene tyas mami
bolong sa-iki katengsoen
Amongraga toerira
basa kang poenika inggih
sajektine kaoela sampoen oeninga

35. marma gepah amba niarak
ing toean poenapa sami
mirade lawan kaoela
nenggih basa kang piningit
woesana toean sepi
ki Baji malih angrangkoel
doeh bendara soetengwang
pan poen bapa woes ambalik
wak manira sira ger kang madangena

36. nenggih basa kang poenika
oematoer seh Amongragi
inggih tan kenging jektinja
jen tan adjrih djiwa ragi
Ian malih boten kenging
jen kadjarwa ing ljanipoen
kedjawi kang woes pada
angalap poenika kenging
ki Panoerta andekoe ing woewoesira

37. pan sarja asrah prasetya
katah-katah kjai Baji
lingira mring Amongraga
jata mengkana anoeli
anjimpar maring djawi
noelja midjil saking tadjoeg
kilene pangimanan
aneng sasoring koemoening
kjai Baji Panoerta madep ing keblat

38. seh Amongraga atangat
sarekangat sajam noeli
tepakoer ngeningken tingal
ing gaibira Hjang Widi
amantjad ing tareki
mikrad lepas ing pandoeloe
pleng komplang sanalika
ing djaman sapta tinarki
alam kamil alam misal alam adsam

39. ping sekawan alam arwah
kapitoe gaibe katri

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wakidiat lawan wahdat
akadiat sami haib
isim sadjroning gaib
ihgrikoe denira soehoel
ening tan katjamboran
pinalalpana ing tekdir
tan kalempit ing tingal tan koemalendang

40. wroeh papantjening asja-a
mjang gandjaraning kamreki
siksa gandjaraning dabah
mengkana denira moepid
tan pae andjoemboehi
tarekinira tanadjoel
akadiat wahedat
wakidiat gaib akir
alam arwah alam adsam alam misal

41. alam insan kamil loear
woes bakda tanadjoel tarki
woes moeljeng djaman wentehan
mengkana sen Amongragi
ningali kang neng woeri
ki Baji meksih toemoengkoel
sesangat antaranja
dekoekoel kondjem ing siti
ki seh Amongraga alon woewoesira

42. lah woes toean toemengaha
prajogi sami alinggih
sira ki Baji Panoerta
goepoch denira atangi
tingkahe ihgamisik
timpoeh wioeng ngaben dengkoel
matis tan ana obah
djangdjine angalap djangdji
djangdji setya toehoe ing donja akerat

43. ki Baji asrah prasetya
kasanggeman jata noeli
winisik basa sampoerna
sareng miarsa ki Baji
senggroek-senggroek anangis
tangis tjoemeplong ing kalboe
manah padang nerawang
ngraos toewoek tanpa boekti
pengraose woes ana sangisor aras

44. ambalik sami sekala
kramane mring Amongragi
rn£h-meh kaja ngabektia
saking tan njipta kekalih
moeng mangsoed goeroe jekti
ki Baji aris toeripoen
raji dalem kalihnja
soemangga ing kersa sami
ingkang moegi wontena sih woelang toean

45. inggih kang basa poenika
Mongraga oematoer aris
gih poetranta sekalihan
sampoen kaoela wedjangi
ing ratri kala wingi
kalihe woes sami soehoed
matoer alkamdoe lilah
kaoela dados woeragil
sakelangkoeng panrima koela satitah

46. Amongraga pan woes wikan
ing dalem pepantjeneki
ki Baji lan poetranira
Djajengwesti Djajengragi
beda gandjaraneki
ki Baji gandjaranipoen
sih kamoeljaning donja
kang poetra gandjaraneki
pan tjetjalon gandjaran moeljeng akerat

47. kewawa ngelmi makripat
de ki Baji Panoerteki
kahidajat ngelmoe sarak
sarengat oetameng oerip
Mongraga matoer aris
padoeka ingkang akasoed
tepakoer maring Allah
Ian tangat kalaning wengi
lawan ngagengena salat perloe kala

48. jwa pegat adaroes moelang
ing kitab koer'an amerdi
ing djanma pekir kasihan
ki Baji nor raga adjrih
ing woelang Amongragi
Mongraga malih oematoer
soemangga maring langgar
ki Baji aneng ing wingking
prapteng langgar mingser kang raji kalihnja

49. woes tata denira lenggah
ki Baji langkoeng nor ragi
Djajengwesti Djajengraga
moelat mring seh Amongragi
tjahjane angoeladi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

senening goeaja mantjoer
tjetjangkoking awirja ngoesoema
semoene wingit pan ketara
pasang tedjaning olia

50. kang poetra kalih tyasira
boengah amerwata siwi
aningaii mring kang rama
antoek noegraha djinatin
ingga sampoernan noenggil
. samjangsal wedjanging goeroe ki
Baji Ion ngandika marang poetranira
kalih sira pada woes sinoetji ing
paningal

51. kang poetra aris toerira
mring rama goemoejoe sami
padoeka andangoe marang
kaoela Iawan poen adi
inggih sampoen pinaring
marang ing poetranta nenggoeh
basa ingkang poenika
padoeka kita sisani
ingkang rama mesem lega ing tyasira

52. ngling malih mring Amongraga
iboenta poenapa kenging
mirsa basa kang poenika
Amongraga matoer aris
poenika boten kenging
estri ripak wadaliipoen
boten kadi ni Dara
Moertasiah garweng Arip
inggih minrjak amewahi kang doeraka

53. soesah-soesah mekatena
1) sok temena oegi
genja pala krameng toean pesti ing tembe
pinanggih jata bok Sori Baji denira ngintip
woes dangoe aneng kadjang djedjetan
pinaletek mrih oedani Iawan ingkang poetra
ni ken Tambang-raras

54. apan woes sasonten mila
Tambang-raras Ian bok Sori
tjeti Tjentini tan tebah
denira sami angintip

1) kirang 2 wanda, katambahan: djangdji.

katon sasolahneki
kang samja rerasan ngelmoe
kjaine doek winedjang
wong roro sareng oemidjil
sapraptane ki Baji sanget nor raga

55. ni Sori lan Tambang-raras
tyas soekoer boengah, tan sipi
Tambang-raras sadangoenja
mjarsaken rerasan ngelmi
getoen dene njapleki
ing elmoe osiking kalboe
kabeh raosing dria
ing moerad basaning tepsir
nora gotang kang liningken Amongraga

56. toewin denira oemiat
Tambang-raras mring Mongragi
sapraptaning pamisikan
tjahjanira angindaki
kilah-kilah mawingit
ing senenira soemoenoe
wenes tnanis soemilak
toemedja amreba [2]) ni
pan sangsaja medar kebagoesanira

57. ni ken Tambang-raras rantas
tyasira toempes ketawis
kedaoet dahat kerantan
roentoeh tyasira mawerdi
tan pa awer roedatin
katemben denira woejoeng
wioeng ngoejang ing dria
andrawaja waspa midjil
manah bebeg djoedjoel kedjala ing pria

58. priaji kang lagja prapta
pratameng el mi kedjatin
Tambang-raras ngling ing dria
ki Dalem bisa karja gringo
paran bisa wak mami
loemadeng pada angestoe
mring ki Dalem kang memba
njoedama poernama sidi
doeh ki Dalem dalema ing Wana-marta

59. teka rnengkana linging tyas
tan kewawa anjabili
saking geng kanndoehan brangta

2) kirang sawanda, katambalian : wa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan Ijan kaeksi kaesti
pan amoeng Amongragi
kang modjok medjek djedjantoeng
ngreradjang djingdjang gojang
poejengan sadjroning galih
nanging taksih angeker ing sangkribira

60. dadya angganja djatmika
tan owah denira tinggih
astanira aiiangan
ing gapit kadjang galamit
pinaletek rong njari
doeloe sarja sangga djanggoet
mengkana Tambang-raras
angingkoet tyas ingkang wingit
pinapanken tepakoerireng Hjang Soeksma

61. ja ilahi soebkanallah
he Allah kang maha soetji
kang.moega goesti Pange'ran
kang agocng kang anglimpoeti
kang sipat moerah asih
sajekti amba noenoehoen
moega pinarengena
ki Dalem kelawan mami ing
pangadjap amba toean tekanana

62. mengkana ekraling nala
nalika amoentoe boedi
alajap ing penglinggihan
pan aoel tjiptanja ening
tan ana kang oedani
mring sang rara denja kasoed
ni ken Malarsih miwah
tjeti Tjentini tan oening
jen bendaranira lagja soehoel ing Hjang

63. sesangat denira ikram
kentjeng tjengengira ngikis
amepes napas mrih kawas
woes bakda datan ketawis
jata bok Sori Baji
denira ngintip woes dangoe
Ian poetra Tambang-raras
koemanjoet sareng miarsi
ing woewoese waoe ki seh Amongraga

64. kelamoen estri tan kena
ngalap ngelmi kang piningit
abot moewoehi doeraka
jen dereng nir ingkang boedi
osikira bok Baji
lega doning kakoengnja woes
amoeng ni Tambang-raras
toemoengkoel merebes mili
senggroek-senggroek ladjeng mantoek marang wisma

65. kang iboe pan woes oeninga
jen poetra sanget prihatin
ladjeng manggihi kang raka
ki Baji kagjat doek oening
miat ing garwa noeli
sinapa sarwi sinendoe
garwa ladjeng tan wangwang
matoer bibisik awadi
sawoesira garwa ladjeng mantoek wisma

66. jata ki Baji Panoerta
djetoeng dangoe datan angling
miarsa atoering garwa
Iangkoeng poetek djroning galih
sinamoen sangkribneki
woes datan ketareng semoe
Mongraga ris atoernja
mring rama kiai Baji
toewin marang Djajengwesti Djajengraga

67. oetamaning kelakoehan
ing pana tigang prekawis
wadjib sami ngawroehana pananing
dat kang setoenggil pana kang
kaping kalih pananing sipat
poenikoe pana kang kaping tiga
pananing apngal djangkep tri
pananing dat tegesipoen jektinira

68. tan ana woedjoed kalihan
amoeng woedjoeding Hjang Widi
sedaja woedjoeding Allah
pana sipat tegesneki
sekatahe kang oerip
tan lian Allah kang modjoed
tan ana ingkang koeat
tan ana kang ngoedaneni
ing asja-a kang maoedjoed anging Allah

69. tegese pana apengal
tan ana penggawe mosik
kabeh penggawene Allah
poenika ingkang kelingling
ing siang lawan ratri

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ki Baji saja soemoeroep kang poetra
kalihira noewoen-noewoen woes
mengerti matoer malih sira ki seh
Amongraga

70. dening tekad poepoengkasan
pan inggih kalih prekawis
sarengat lawan makripat
manoet tekdiring kang elmi
jen sarengat kang elmi ing tekad kedah
tawadjoeh kang sentosa ngibadah
soemoengkem ing perloe wadjib
anglampahi tjegah pakoning sarengat

71. poenapa djangdjining sarak
ajwa kangsi anggegampil
poeroen-poeroen karja wenang
nglong-longi hoekoem kang wadjib
poengkase moeng sawidji
tan ke'nging pot salatipoen
amoeng sawidji rahab
ing wektoe perloe Ian wadjib
jata daroen 1) ing kitab kelawan koer'an

72. ngrasehken idjemak kias
sarta sedya angantepi
den ton djiwa den angrasa
wirang jen tan anglampahi
dene kang kaping kalih
makripating tekadipoen
kedah eklas ambirat
ing misil kerana lahir
tan mredoeli ingkang kipajah kal donja

73. den kirigaken sedaja
sembahjang ngadji tan soedi
tan kepengin madjemoekan
tan kadereng nandang boekti
tan kepengin kemoektin
nendra radjah tamah nginoem
tan predoeli sedaja
pan amoeng dating Hjang Widi
kang kaesti madjenoen moenggoeh ing Allah

74. poenika tekad kang tama
tjangtjalan tjetjalon dadi
ing kasidan pinardika
kang angga saengga kitri
moejek toemroena adi

tan ana leng-olengipoen beser wohe
ngajangan poenika ingkang soepami
salah satocnggile ajwa apepeka

75. ki Baji angling nor raga
inggih kesinggihan oegi
tyas koela sangsaja padang
nerawang datan kalempit
roemaos tekad sisip
ing elmoe koela kang waoe
mangke woes angsal berkah
winoelang djatining elrni
inggih moegi kinoewatna dening Allah

76. sarta sawabe poen anak
kang tansah kaoela poendi
lah kaprie kono sira
koeloep apa kaja mami
matoer kang poetra kalih
inggih ing manah saestoe
tan pae lan padoeka
katah indakipoen wening anderadag
tyas koela anglir pinilar

77. woes samja soeka pirena
datan mangmang ing pangesti
seh angling alkamdoe lilah
Allah ingkang nembadani
loeloes santoseng elmi
kang rimbag iktekadipoen
jata malih ngandika
mring rama mjang raji kalih
lamoen pareng padoeka sami kondoera

78. kauela arsa iktikap
tangat palilah ing ratri
anoewoen makloem padoeka
moegi padoeka lilani
ki Baji Panoerta ngling
inggih soemangga aplaloe
pajo koeloep alinggar
madal pasilan oemidjil
ingkang poetra kalih oematoer soemangga

79. noelja medal katrinira
santri Loetji angeloedi
pinire ingkang dedaran
denja tetebah woes bersih
noelja moendoet pagoeling
kadjang sirah klasa batoe
tinata aneng langgar

---

1) prajoginipoen: daroes.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sira ki sen Amongragi
mring patirtan soesoetji sawoesnja kadas

80. mring langgar tangat palilah
tan tjinatoer solahneki
jata ki Baji Panoerta neng
wisma Ian poetraneki
Djengraga Djajengwesti ki Baji
alon amoewoes tanja esmoe
soengkawa mring garwa ni ken
Malarsih prie maoe toetoegena
toetoerira

81. Ian soetanta Tambang-raras
dene nora na kaeksi
kang'garwa matoer pesadja
poetra padoeka pan lagi
atangat ingawengi sasonten
mila andoeloe nginte lawan
kaoela maletek kadjang rong
njari aliangan sa-eler gapit
djedjetan

82. kaoela inggih kadyeka
sami nedya aniniling
nijarsa gjan padoeka bantah
Ian tami sang Amongragi
oening sasolahneki
padoeka pan djinaten woes
poctranta Tambang-raras
kalesedan denja linggih
kados lamoen kawoeron mjat tamoe tarna

83. sareng padoeka ngandika
iboenta poenapa kenging
menggah ing basa poenika
tamoe dalem matoer aris
sajekti boten kenging
sampoen wonten anggeripoen
angsal bekti ing pria
agoeng gandjaran pinanggih
poetra toean asenggroek-senggroek
karoena

84. ladjeng mantoek maring wisma
anoempa tangatireki sapoenika dereng
kendat poetranta kandoehan kingkin
soemangga gjan anggalih poetra
padoeka poenikoe saestoe woes
kantenan brangti mring seh Amongragi
moegi-moegi kagaliha poetra toean

85. kelangkoeng kawelas arsa
sadjege dereng nglampahi
samenir mikir ing pria
saweg poenika mongwingit
bok Sori ken Malarsih
oematoer sarwi rawat loeh
sira Baji Panoerta
mjarsa atoering garweki
toemoet ngondok-ondok welas mring kang poetra

86. woesana aris ngandika
marang poetranira kalih
lah kaprie koeloep sira
ing remboegira kang betjik
kewoehan ing tyas mami
gjan soen midjilaken woewoes
Djajengwesti toerira
ingkang kepanggih tyas mami
prajogine toean djarwaha pesadja

87. kerana Allah kewala
boten wonten awoneki
winisik sampoen kesamjan
jen ta mawia kekelir
dangoe kadang menawi
salajeng karsa angantoe
oetami kang belaka
katingal padoeka woes nir
tan soemelang malah kawistareng wantah

88. lah mara adi Djengraga
moenggoeh ing pikirireki
kaprie prajoganira
mrih lestari remboeg iki
Djengraga matoer aris
kewala kaoela toemoet
ing nalar kang belaka
temboeng pesadjan prak ati
sampoen adat watak ngoelama kranallah

89. kang rama tyasnja woes ledjar
mjarsaken atoering siwi
woesana alon ngandika
iengsoen noeroet sireki
jen woes pada ngremboegi
soen temboenge mengko e'soek
matoer inggih prajoga
jen padoeka woes marengi
pan sedaloe denira arerembagan

90. wantji woes akir idjabah
mandjing soeboeh padjar gidib

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mjarsa swaraning wong adan ing
langgar ki Djamal Djamil noelja
samja mring masdjid djaloe estri-
samja soeboeh moeng ni ken
Tambang-raras soeboeh ing wisma
pribadi woesnja kadas sedaja sami
asoenat

91. woesnja soenat noelja kamat
seh Mongraga angimami
jigangkat oesali parelal
soebeki rakangateni ada-an imamani
lillahi tangalahoe akbar tasbih kabiran
alkamdoe lillahi kasir ran pa
soebkanallah boekratan wasilan

92. ladjengira matja wadjah
ini wadjahtoe wadjehi
ja aliladi pataras-
samawati wa alarli kanipan
moeslimani wa mahjaja wa
mahmatoe ila almoerikina
noelja takbir kang makmoemi
Amongraga pasekat patukahira

93. watjan sawoesing patekah
soerat soedjdawalneki
akiring woesing patekah
soerat kasar kang kinardi
pandjang wewatjaneki
ing soedjada mawi soedjoed
dadya dangoe degira
toemaninahira tertib
ingkang makmoeni sedaja kelangkoeng rahab

94. datan ana kang koetjiwa
trap tingkahe kang ngimami
kang salat antaranira prapta ing
tahjat kang akir slawat atasing nabi
mjang atas koela wargekoe
toemaninah iptitah noelja salam awal
akir bakda salam poepoedjian
sesarengan

95. nganjoet-anjoet swara rampak
woes poepoedji noelja dikir
lalagon ladjeng asantak
ambata rebah kapjarsi woes kawan
atoes dikir noempa donga limang
wektoe kang nasib Djajengraga
swaranira roem amanis woesnja
donga selawat asesalaman

96. miwah kang samja asalat
ing masdjid mangoe pan asri
ing mangoe kang dadya imam
ketib kjai Noer-soekidin
gilir lan Talabodin
kang salat ing masdjid agoeng
saben kang dadya iman
ki pengoeloe Basarodin
kadang kjai Baji Panoerta piambak

97. swaranira sesaoeran
kang lagja rame adikir
weneh saweg poepoedjian
mjang lagja donga anasib
piniarsa mewahi
asri senening desa goeng
saben kang koeat-koeat
sentana soedagar soegih
nadyan pipit masdjid piambak-piambak

98. wektoe soeboeh mahrib ngisa
rame swarane sarenti
werata sedesa pisan
katab swabawaning santri
toewin jen noedjoe sasi
ramelan trawehanipoen
sagogolonganira
kersanira kjai Baji
satoes traweh sadjrone ing Wana-marta

99. tan woen ardjane kang desa
jata kang salat ing masdjid
sira ki seh Amongraga
woes bakda soeboeh anoeli
tangat loka akasil
nem rekangat tri salam woes
dikir tepakoer ing Hjang
moepid denira awirid
sawoesira Ioear saking pasoehoelan

100. noelja samja lelenggahan
lan rama mjang ingkang raji
Djajengwesti Djajengraga
woes waoe bakda anganti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dedaran gja soemadji
Soembaling Tjentini waoe
kang ngladeni ingarsa
patean mjang wedang kopi
gemblong lempeng tan kolak djoeadah djenang

101. ledre isen lawan bikang
poetoe gedang majang tjangkir
glali soetra djenang tjatja
soerabi Ian koepat moendjit
bakaran pisang koening
bakaran dengdeng ginepoek
woes tinata neng ngarsa
Soembaling tjeti Tjentini
moendoer sarwi bekta toep sadji karangan

102. Loetji kang tengga tjeretnja
oeti ane'pasi geni
mengkana sen Amongraga
aris matoer mring ki Baji
poenapa woes kaesti
masalah menggah ingelmoe
menawi wonten ingkang
keraos soemelang galih
iitggih moegi padoeka anglahirena

103. miwah poetranta kalihnja
poenapa sampoen anoenggil
menawi salajeng kersa
toewin kirang serepneki
prajogi kang kawidjil
kerana Allah aplaloe
gjan toean rerasehan
lan poetranta jaji kalih
ing roedjoeke kang oedjar waoe pocnika

104. ki Baji aris atoernja
boten angger gih sajekti
apan tan mangmang samendang
oedjar poenika woes ening
sajektine nak mami
iboenta doek panggih mring soen
jata medar pesadja
saliring solah sekalir
saraose sira ki Baji Panoerta

105. andekoe sen Amongraga
mjarsa lingira ki Baji poetra
kalih namboeng sabda
mangrepa -atoerireki katah-
katah minta sih
mring Amongraga mlas ajoen
jata seh Amongraga
oematoer marang ki Baji
pan amedar nenggih sedjarah ing lampah

106. asai oesoele woes djarwa
nenggih doek roesakireki
negari ing Sokaradja
woes djinarwakaken sami
ki Baji doek miarsi
lawan poetra kalihipoen
andjetoeng ngemoe waspa
sedangoenira alinggih
saking dening ngoengoen mjarsa toetoerira

107. sedaja tjiptaning nala
tan bodo kentjeng tyas mami
njata widjiling awirja
trah koesoemandana warih
toerasing amertapi
ngoelama abangsa loehoer
noelja noetoegen rembag
jata ki seh Amongragi
anoeroeti jen woes panggih kadangira

108. semangke langkoeng lenggana
ki Baji ngemoe waspa ngling
tanapi poetra kalihnja
atoernja angasih-asih
jen ta lamoen woes panggih
sakersa rinta poenikoe
tan ketang moeng sedina
ing panggih tilaren gampil
moeng welasa mring rajinta lir koekila

37e Zang; dichtmaat: DANGDANG GOELA.

1. langkoeng awlas ki seh Amongragi
aningali mring Baji Panoerta .
toewin ing ari kalihe
woesana ris oematoer
kersa toean amba oemiring
nanging panoewoen amba
ing toean poekoeloen
sampoen datengaken soeka
inggih dipoen-saged roemeksa ing kami
rehning ngemong toerida

2. kjai Baji woes sagah ing djangdji
apan samja toeroet tinoeroetan
tjoemeplong bolong driane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

itjal riringanipoen
soeka boengah sadjroning galih
narima maring Allah
tjipteng tyas katoedjoe
ana legane kang kersa .
jen tan pajoen kaprie ing solah mami
kaja tan aneng donja

3. kjai Baji Panoerta ngling aris
marang ingkang poetra kalihira
kinen ambektaha age
marang ing wismanipoen apan sarja
wineling-weling ing salir solahira ing
satoeroetipoen poetra kalih woes atampa
noelja matoer Djajengwesti mring Mongragi
soemangga kondoer medal

4. ki Panoerta anatnboengi aris
inggih prajogi jen pareng ing tyas
midjil kondoer ing wismane
ing rajinta kang sepoeh Djajengwesti
njarehken pikir kaoela pirembagan ing
toemoentenipoen sen Mongraga tan
ienggana woesnja pamit sesalaman
binekta glis mantoek mring wismanira

5. jata kondoer waoe kjai Baji
prapteng wisma panggih lan kang garwa
dock lenggah lawan poetrane
noelja winartan sampoen
ingkang garwa salir ingoeni
kelangkoeng soekanira
garwa doek angroengoe
ana kedik sengkeling tyas
dene poetra lagja ana den-kersani
saweg manggih soengkawa

6. ni ken Tambang-raras doek miarsi
pangandikanira ingkang rama
soekeng tyas ana sekele
kang dadi soekanipoen tan andipe
jen trah priaji kang dadi sekelira
dene ngemoe woejoeng nanging
dyah waspadeng tingal nadyan
silih doematenga lara pati loeloeha
woes sinedya

7. dene antoek ngoelama linoewih
sedya krama ing donja akerat
mengkana waoe tjiptane
denja lenggah toemoengkoel
neng ngarsane ramanireki
kang rama angandika
babo poetraningsocn
moeng sira woding werdaja
begdjanira ana kang sira karepi
kepalang sekel ing tyas

8. nanging narimaha latnoen pesti
palaling Hjang kang paring mrin'g sira
nanging wekas ingsoen angger
kang poetra gja winoeroek
salir ingkang wong pala krami
onde kang kina-kina
estri kang woes kasoeb
bebakoe dewi Patimah
sosorane Aklimali garweng wong grami
kakoenge ala toea

9. pan winartan patrape mring laki
wonten malih dara Moertasiah
mring kakoeng seh Ngarip trape
lan Djoharmani ikoe
antepira adarbe laki
woes pinadjar sedaja
salir solahipoen
kang poetra sareng miarsa
andikane kang rama sang rara noeli
toemoengkoel rawat waspa

10. poma wekas ngong mring sira nini
nem prekara tekading wanita
ingkang woes moektamad raseh parestri
kang linoehoeng ageongan ing nem
prekawis tinoewadjoehken ing tyas tan
mengeng seramboet estri kang dadi
lepian kae maoe kang soen toetoerken
sireki lire kang nem prekara

11. dingin wedi kapindone asih
kaping teloe soemoeroep ing kersa
kaping pat angimanake
ping lima bangoen toeroet
kaping neme laboeh ing laki
lire wedi sira jwa wani
ngroesak woewoes

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kabeh sapadaning ngroesak lire
asih adja kemba sira nini
rahabmoe marang pria

12. endi kang den-karemi ing laki
sira miloea rahab kang tresna
sabab sih toenggal woedjoede
nalikane kajoengjoen
kang sinoengsih lan kang ngasihi
tan pae ing paeka
miloea sih loeloet
lire soemoeroep kang bisa
amet ati ing pria kang anjondongi
apa kang dadi tjipta

13. pepanganan boeboengahan toewin
ing leledjem sasmitaning pria
pria roedjoeke kersane lire
ngimanken ikoe ngeling-eling
watering laki tan ngilang-ilang
woelang anggoegoe mitoehoe lire
bangoen toeroet ingkang
anglakoni sapakon-pakoning laki
jwa wangkot ing sakersa

14. abot enteng saen wirang isin
kinarja la ajoe ing sawiah-
wiah linakonan bae
lire kaping nem laboeh
tan ondjotan datan mangeni
toemekeng lara pedjah
tan nilar tan kantuen
toh djiwa donja akerat
ajwa doewe tyas rengked kang esa-k serik
lilakna angganira

15. jwa piiih ing kedadeaneki
angandemi denja noet ing pria
tan soeineiang pamelenge
ikoe rara den-emoet
dalil estri kang angramati
kang brangta maring te'kad
lir toetoerkoe maoe
wong wadon kang dadi iman
ja alapen berkahe soepaja olih
gandjaran ing akrama

16. bakal djodomoe ikoe linoewih
wahjoe ngoeiama goeng toer oelia
dasar trail ngawirja gede
lah den-bisa soetengsoen koedoe
ngati-ati ing kapti adat bangsa
wibawa kedah sira weroeh
ngawroehi daloe Ian siang
sakersane ajwa wani memaoni
tobata ing Pangeran

17. sabab kakoeng woes tinitah djais
angratoni ing dyah donjeng kerat
anrapaken koekoemahe
poerba wisesanipoen
mring wanila oewocs djinais
moelane sira rara
tyasira kang soekoer
den-gede panrimanira
maring pria kang bekti anggoesti-goesti
poma den-wedi sira

18. ni ken Tambang-aras doek miarsi
ing woelangira pan ingkang rama
lir taroe kadresan dene
djawoeh oepaminipoen
tyasnja semi amiminihi
ambek koemba soesila
tyas moestika loehoeng
toemoengkoel angemoe waspa
angling malih ki Baji mring garwaneki
Roebiah toetoegena

19. awewarah mring soetanireki
manirarsa nimbali rinira
weh weroeh sarta remboege kiai
noelja metoe angandika mring
santri Loetji Loetji sira oendanga
kabeh di-adimoe santri Loetji
sigra mentar animbali sedaja
kang para ari tan dangoe noelja
prapta

20. ki Soeardja lan Wiradoesteki
Koelawirja Panoekma Panamar
gepah narka ana gawe
asagoeh aneng ngajoen
samja tjadang kersa djeng kjai
ki Baji lon ngandika
moelane sirekoe
sedaja samja ngong oendang
ngong weh weroeh jen poepoeloenanireki
ja ni ken Tambang-raras

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. ngong doedoetken bae oleh santri
santri mojang anjar saking Karang
lagi toetoere maoene
basa woesananipoen
ngoelarna kas trailing amoekti
aran seh Amongraga
widjiling aloehoeng
sira pada andongakna
jen pinareng maring Hjang kang maha loewih
djodone poeloenanta

22. ni ken Tambang-raras lan Mongragi
moega selameta sihing Soeksma
tetepa dadi djodone ri sedaja andekoe
nembah matoer ngatoerken poedji moegi
Allah marengna inggih daoepipoen para ri
matoer ing raka amba datan mjarsa jen
wonten tetami saweg serap poenika

23. ingkang raka angandika malih
apa sira doeroeng wroeh warnanja
pra ari oematoer dereng
Koela-wirja oematoer
koela ingkang midanget warti
saking poen Tjarma-sana
doek tembene rawoeh
neng wismane Djajengraga
pan kawarti santri saking Karang edi
poetra sanget sihira

24. ki Bajwangling ja bener sireki
djoedjoege neng wismane nakira
kang nom Mongraga praptane
rnengko kabeh sirekoe
mampira wismane Djengwesti jogja pada
panggiha lan bakal alomoe para ri matoer
sendika nembah moendoer saking ngersane ki
Baji medal mring wismanira

25. kjai Baji kondoer mring wismeki
pra ri samja marang wismanira
Djajengwesti ing djoedjoege
jata waoe kepanggoeh
sesalamari agenti-genti woes
tata dfenja lenggah
samjambageken woes
Djajengwesti ris toerira
pan poenika paman padoeka kang raji
djeng rama sami pria

26- Amongraga ngling inggih oetami
mindak santosa ing sarakira
pra paman mjat ngoengoen tyase
pasang pasemonipoen
samja moedji lajak trah loewih
ketareng solan bawa
tjahjane soemoenoe
toemedja angoelad-oetad
ki Soeardja woesana tetanja aris
mring ki seh Amongraga

27. doeh anak mas soen tanja ing poendi
asal kamoelanipoen anak mas
seh Mongraga lon atoere saking Karang
satoehoe tebih-tebih kaoela prapti ngalap
berkah rakanta djeng kjai kelamoen
winedjang ngelmoe raos kak Amongraga
ing wadi meksih akoentji kang paman
sedajanja

28. sampoen sami makloem ing wewadi
woes winengkoe lia kang rinasan
bab sarengat tarekate
noetoeg sedangoenipoen
denja samja rerasan ngelmi
noelja samja pamitan
mring kang poetra goepoeh
ing ngandeg dahar tan arsa
moeng ngong preloe pepanggih rehning tinoeding
sigra asesalaman

29. tan tjinatoer solahireng oeni
nalikane ing sawidji dina
kjai Baji Panoertane aneng
pendapanipoen lenggah lawan
garwanireki poetrane tinimbalan tan
adangoe rawoeh Djajengwesti
Djajengraga aneng ngarsa ki Baji
ngandika aris karo pada madjoea

30. pajo pada pipikiran iki
saenake rinemboeg wong papat
gawene kakangmoe kie
dene pendjaloekipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kakangira seh Amongragi
ririkesan 1) kewala
tyase meksih woejoeng
lamoen manira ringkesa
prie maleh anak pawestri sawidji
anandang rara toea

31. nganti kelangkahan kadang kalih
sira kelawan ki Djajengraga
jen soen roa kaja prie
Djajengwesti oematoer
pan prajogi dipoen-toeroeti
ringkesan krana Allah
amoeng perloenipoen
ewa poenika soemangga
ing sakarsa sampean koela oemiring
ki Baji angandika

32. sira prie soetengong taroeni
apa ia kaja kakangira
ki Djajengraga atoere
menggah ingatoer oeloen
kados poendi lamoen sinepi
prajogi dipoen-roa
ing sawawratipoen
ing sariringkesanea
koela warga tiang sedoesoen poeniki
poenapa tan mjarsaha

33. pra sentana miwah magersari
sinten ingkang dipoen arsa-arsa
moeng djeng toean Ian liane
lan kaping kalihipoen
pan pikantoek soenat oetami
Djajengwesti asipta
mring raji andoeloe
Djajengraga anor tingal
ingkang raka namboengi wetjana ririh
ja bener atoerira

34. nanging ikoe rada ninisani
kersane kjai doeroeng winedar
kang iboe lon andikane
kaja bener adimoe
tan ngapesken ramanireki
jen rinowaha pisan
pesti asoeng weroeh
marang priaji negara kyai Baji
Panoerta ngandika aris wis pada
benerira

') prajoginipoen: riringkesan.

35. moenggoeh manira kang dadi pikir
sekadare ia kinoermatan
moeng sakoelawangsa bae
emboeh toempeng saboetjoe
rinajap ing brajat pribadi
Ian wetaranen pira
wong sadesa ikoe
Djengraga matoer ing rama
kados wonten tiang sewoe malah loewih
kedjawi padekahan

36. ja moeng ikoe bae kang pinikir
kebo selawe kirang tjoekoepa
kedjaba bebek ajame
wis Djajengwesti goepoeh
kakangira ki Amongragi
anaha wismanira
sira besaningsoen
beladahen omahira
toetoewoehan kembar majang ajwa kari
pan ikoe ila-ila

37. kasompoken kesoesoe sakedik
iki lagi tanggal kaping sanga
besoek ping rolas temoene
pakolih sangatipoen
ing Achmade sore ngasreri
jekoe amoeng djagongan
sadinten sadaloe
ngarah apa riringkesan
jen adjaha kepalang mantoekoe kingkin
mestt limalas dina

38. Djajengwesti dekoe matoer inggih
noewoen sendika ing reh padoeka
dermi loemampah sapaken
kang rama malih moewoes
dene sira ki Djajengragi
amemataha karja
dadaka sadaroem
kabeh koela wangsanira
pra teloenen wetoening godong salempit
kabeh mangsa bodoa

49. wong doekoehan adjana kang kari
atoegoera dalem teloeng dina
lan bodjomoe konen mrene
dadya kantining boemoe
ana ingkang soen pitajani
lan paman-pamanira
rehen saliripoen
dadakan kang rampoeng rikat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing pakarja ajwana koerangan boekti
mangsa bodoa sira

40. Djajengraga scndika toerneki
ngling mring garwa ikoe anakira
belandjanen sarjoekoepe
Djajengwesti toeripoen
noewoen sampoen ngantos pepa'ring
saking berkah padoeka kados inggih
tjoekoep lamoen semanten kewala
Djajengraga goegoejoe mring raka sarwi
sasmita praneng basa

41. prandenipoen koela den-westani
anisani kersane djeng rama
padoeka ponenika dene
medalken gedegipoen
angloehoeri kersane kjai
dadya apagoedjengan
ki Baji goemoejoe
woes nora dadi angapa woes
moeliha karo nambeleha sapi
maesa bebek ajam

42. nembah matoer sendika noelja mit
poetra kalih lengser sampoen medal
ki Baji lon andikane
bok Roebiah sirekoe
bersihana wismanireki
galetekan singkirna
endi kang tan patoet
tatanen ingkang prajoga
satjaraning memanlon sabarang kalir
memadjang kang moerwendah

43. matoer sendika njai Malarsih
1) noelja njorog petine giwang
moendoet arta bolong kabeh
kersa kinen toetoekoe
animbali wadon Soembaling sira
mianga [2]) pasar toetoekoea boemboe
oejah trasi brambang bawang katjang
wose idjo kaloeak kemiri asem
laos pandjelang

44. kang sarwa ken toetoekonireki
goela kahwa adja koekoerangan

---

1) kirang sawanda, katambahan:
a. 2) — menjanga.

betjike borongen kabeh
warnan pasar den-ramoet
moepoeng pasarmoe dewe paing
kang liningan sendika
jata kang toetoekoe
ambekta rentjang sedasa
sigra mentar mring pasar wadon Soembaling
angepak warnan pasar

45. jatra tigang dasa real enting
age-age ingiring rembatan
sigra katoer bendarane woes djangkep
denja ngetoeng kjai Baji sigra nimbali
ingkang raji Soeardja lan Wira-doestekoe
Panoekma miwah Panamar Koela-wirja
sedaja prapta ingarsi santri Loetji tan
tebah

46. sira kabeh mila ngong timbali
apa saparentahe nakira
ki Djajengraga kang angreh
gawene poeloenamoe
pan dadakan sedina iki
bladahen wismanira
ia moempoeng esoek
bandjoer tetaroeba pisah
si Panoekma lan Panamar soen boeboehi
ana sadjroning wisma

47. ladenana bok ajoenireki
mangsa bodoa wong roro sira
lan bodjomoe sekarone
sendika kang tinoedoeh
angling malih mring santri Loetji
gawea kembar majang
rong djodo kang patoet
koempoelna sapa kang bisa
lan malihe moendoet toetoewoehan tjengkir
pisang teboe redjoena

48. marang para loerah santri-santri
kang liningan Loetji sigra mentar
andawoehken poendoetane
samja ngoepaja goepoeh pisang
radja Ian tjengkir Iegi teboe
redjoena angsal katoer sedaja
woes pinasang aneng sesaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawernine saka tetaroeb tan kari
sinoengan toetoewoehan

49. nora -kongsi sabedoeg gja dadi
mjatig wismane Djajengwesti poerna
rinajap dening wong akeh
sakoela wreganipoen
langkoeng scngkoed anamboet kardi
lelatar rinesikan sedaja woes
rampoeng ki Baji iboet parentah
sawoesira anoelja ngingon-ingoni
wetara koelawangsa

50. saroepane santri botjah tjilik
kinoempoelken ngingonan sedaja
den-adepi pemangane
soeka denja andoeloe
lamoen kirang dipoen-imboehi
sekoel kelawan oelam
noetoeg sami toewoek
kami toea pra moemoelang
neng mendapa karja soedjen sapit abing
miwah kang moepoeh oelam

51. kjai Baji Panoerta siniwi
neng pendapa pepak nak poeto'enja
akemoel kampoeh sindoere
koeloek tjemeng beloedroe
destar batik Arab woes poetih
njamping kawoeng loeasan kang
mentas winasoeh lenggah ing lampit
demangan njanding tepsir Djalalen
Ian Baelawi pan ngiras
amoemoelang

52. para pinisepoeh aneng ngarsi
jen ki Baji amoeradi lapal
kang namboet karja amene
tangane sami gatoe
seleh soedjen mjang sapit abing
atakwa ing pitoea
woewoelanging goeroe
jen woes noelja namboet karja
iamoen wektoe kendel salat bakdaneki
noelja trap damelira

53. kjai Baji angling maring Loetji
sira kang dadi djoeroene pangan
ajwa kekoerangan kabeh
sakarepe den-toewoek
ridjekine Allah marengi
mangsa sabena dina
memangan anoetoeg
sakehe kang namboet karja
samja sengkoed soeka renane kepati
wareg mangan ambekta

54. bakda ngasar waoe ni Malarsih
lan kang raji Panoekma Panamar
katri mantoe Ian ipene
sadinten gja memangoen
anelasken rerekan apik
Malarsih kersanira
nglangkoengi kang oewoes
roemijin doek darbe karja
ngantos kaping kalih tan kadi poeniki
gjanja memangoen tilam

55. patani geng ing tengah toelja sri
bade panggenan pengantyanira
kinarja poetihan bae
inendali mara semoe
sinalimoet ing sarwa poetih
langse tjaweni pejak
galer konoes aloes
wewaton Ian sakanira
toempang sari pamidangan soendoek kili
linapis mori petak

56. pelag 1) lelangitan sarwa poetih
podjok saka sekawan sinoengan
wiwiron lir worah-wareh
medok njekar ketjoeboeng
pan kinajoe apoe apoetih
tinon lir kembar majang
moengser soesoen pitoe
palisir kajwapoe malang
tepoeng gelang soesoen katri samja poetih
kelasa batoe petak

57. toewin kasoer ageng lan goegoeling
kadjang sirah anteban pan seta
tinoenda ageng alite
lawan kekawalipoen
padjagan sri sarwa apoetih
winingkis ing tjantelan
sinampiran katjoe petak
winiroe araras

---

1) prajoginipoen: pelag.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

karang oeloe kinarang melok melati
mjang kasoer sinebaran

58. djinebadan amrik ganda minging
patani geng inendah ing seta
tinon toehoe tanpa tanda 1)
iinon bjoer poetih mantjoer
pan soemilak esmoe awingit
nelahi dironing wisma
soemoenoe dinoeloe
ni Malarsih koermatira
rnring oelama pinasadja sarwa soetji
tjareming karasikan

59. kanan keri kokobong angapit
moebjar moentjar karone kinembar
kang kinarja goebah tjinde
tjorak djelamprang woengoe
pincrada goemebjar asri palisir
garendjengan tinoeroet kajwapoe
ing soetra idjo koening bang
sesakane sekawan pisan linapis
garendjeng lir saka mas

60. kasoer ageng sinamir mendoki
goeling entjit soerati lorog bang
bantal anteb samja tjinde miwah
kekawalipoen tjinde idjo sinelan abrit
bantal sinoesoen sanga geng alit
tinoeroet karang oeloe pinelokari
ontjen-ontjen anggitan gambir melati
kasoer asri sinekar

61. soendoek kili sinamiran keling
limar peloeng solok pandan soerat
waloelin Ian pelangine
kendaga karang soesoen peti giwang
keboet angapit kendi pratoela [2])
miwah katja Benggala goeng popondjen
Ian paresikan mjang botekan tjetjanden
pinrada asri kembar majang ingarsa

62. pandam sewoe lara bonjo ngapit
genoek sadjen sampoen pinepckan

1) prajoginipoen: tonjte. 2) prajoginipoen : pratala.

ila-ila sedajane
asri kendoeng-koemendoeng
ni Malarsih boengah tan sipi
soeka sengkel sekala
keraos tyasipoen
ningali rakiting tilam
djroning wisma anglir kaswargan kaeksi
moelek ganda angambar

63. ni Malarsih soemoempel kang galih
saking kagengen ing boengahira
tanboeh raose manahe
barebel arawat loeh
prembeh-prembeh woesana nangis
kamisesegen soepak
anoelja tan emoet
goegoep Panoekma Panamar
djaler estri Rarasati anangisi
goemrali tangis djro wisma

64. kjai Baji kagjat mjarseng tangis
goepoeh denira loemebeng wisma
ikoe ana apa koewe
dene tangis goemroemoeng
ki Panoekma oematoer nangis
koela boten oeninga
ing prekawisipoen
ing sawoesipoen memadjang
apan kendel noelja mewek-mewek nangis
ladjeng niba kantaka

65. kjai Baji mantoek-mantoek angling
wis menenga adjana karoena
betjik sarehena bae
noelja sami anoeroet
ingkang kantoen [3]) noelja anglilir
pan teksih marawajan
tan adangoe emoet
ki Baji alon lingira
kena ngapa genira sira tan eling
Malarsih atoerira

66. inggih boten wonten ingkang mawi
ki Panoerta alon woewoesira
mring Panoekma Panamare
ia wroehanirekoe
woes boenoehe adat wong tjilik
jen katemben toemingal
ningali koemendoeng
nora boengah malah soesah

3) prajoginipoen : kantoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking dene nora taoe doewe apik
moelane keneng lara

67. oekoer akeh titik amadidig
keboengahen temahane soesah
sedje pantjene wong gede
gadah angandoeg-andoeg
pengrasanja meksih setitik
ikoe lagi wadagan
bae ing woewoeskoe
dene dalane agama
jen oedjaring sarak poenikoe pan sirik
tan kena kinareman

68. lamoen moenggoeh sira lawan mami
nora kena koelina ing donja
woes aganteng 1) wewalere
tan kena mamak-moemoek
jen kepretjet moeroengken dadi
angloro ing Pangeran
akerate boekoeng
tjoetel lir gandjaranira
apan beda lan kang tinitah pradjoerit
tan kena koekoerangan

69. ki Panoekma Panamar samja djrih
kaloehoeran sabdane kang raka
toemoengkoel brebes waspane
sanget kraos tyasipoen
ki Panoerta moewoes mring rabi
ia Malarsih sira
den-narimeng woeroeli
ajwa pegat dikirira
Ian istigpar selawat atasing nabi
tepakoer kang santosa

70. ni Malarsih toemoengkoel langkoeng djrih
amitoehoe woewoelanging raka
soeka soekoer ing kalboene winedjah
woes tawadjoeh woewoeh tadjem
andjatmikani sawoesira mengkana ki-
Baji amoewoes wis pada tatrapa karja
ingkang raji sedaja anjandak kardi ki
Baji neng pendapa

71. wantji ngasar akir kjai Baji
kinen kendel kang anamboet karja

---

1) prajoginipoen : angganteng.

dawoeh mring santri Loetjine'
kinen amoendoet sekoel
angingoni kang narnboet kardi
werata koelawarga tan ana kang
kantoen djalwestri apanta-panta
pan aoeti santri Loetji angideri
ngimboehi sekoel oelam

72. woes loearan denja samja boekti
toewoek sakehe tan ana kirang
sedaja pan menteg-menteg
soerja woes toenggang goenoeng
samja ngangkat wektoe mahribi
santri naboeh kentongan
goprake koemroesoek
pra santri katah andjeprah
sami goepoeh loemadjeng pating tareklik
prak-prakan abaroengan

73. amet banjoe woeloe ting katjoewik
kerabjoekan lir bendrong grahana
saking katahing santrine
salemprotan kekemoe
kang woes woeloe mandjing ing mesdjid
andonga jat-ajatan
noelja adan baroeng
swara sora roem arampak
woesnja inallaha wa malaikati
ladjeng sedaja soenat

74. sawoesira soenat samja moedji
Djajengraga kang dadi moebalah
alelagon istigpare
swara oebjoeg goemroemoeng oemjang
aroem rempeg kapjarsi kang tjiiik kang
sedengan kang ageng abaroeng ngeiik
ngandoel-andoel pada toemalawong tan
ana barendjoel sidji dalah emele rampak

75. astagpiroellah alngalim min koelli
danbin ngalim la jagpir ajoeman
ilia rabbilngalamine baroeng
aroem aroentoet
goemarenggeng asri amanis
woes mandjing noelja kamat
ngangkat perloenipoen djeng
kjai Baji Panoerta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noelja madjeng kersa ngimami pra santri
tangawoet ladjeng niat

76. woesnja oesali praptaning tekbir
ladjeng tasbih noelja matja wadjah
patekah moekaranahe
tamat patekahipoen
soerat waloeka awalneki
akire alam nasrah
noeli tahjat loenggoeh
awal prapteng akir tahjat
noelja matja selawat atasing nabi
miwah ing koela warga

77. noelja asalam ing awal akir
woesnja bakda amatja iptitah
ladjeng poepoedjian akeh
swaranira goemroemoeng
woes poedjian anoelja dikir rempeg
ambata rebah swara sroe goemoentoer
woes atoesan antaranja bakda dikir
andodonga ing Hjang Widi
rahab donga tinoempa

78. Djajengraga rahab denja nasib
swara moeloek memet membat-membat
sinaoeran amin akeh rainja asroe
goemoeroeh woes peragat ing wektoeneki
prapta ing bakda ngisa sesalaman
sampoen Ian santri katah selawat noelja
kondoer ki Baji saking ing masdjid
ingiring santri katah

79. jata ingkang neng wismanireki
Djajengwesti ki seh Amongraga
Djajengraga doek praptane
saking masdjid pan ladjoe neng
ngarsane kang raka kalih sawoesnja
sesalaman tata denja loenggoeh kang
aneng ingarsanira ingkang paman
Soeardja- Wira-doesteki kelawan Koela-
wirja

80. ki Noeripin kinarsan neng ngarsi
Djamal Djamil aneng ngandap tebah
dene pra loerah pesantren
bagoes Jahja goes Dawoed
Amad Asra bagoes Arpani
Djanodin Djajaniman
Djalalen goes Joesoep
miwah para bekel desa
Wira-troena Djatroena lan Soera-kreti
Sadangsa Djaja-joeda

81. sepoeh anem kapang neng pendapi
lan santri kang dadi kasinoman
miwah kang anamboet gawe
moeng sawetaranipoen
datan koesoeng-koesoeng ing kardi
mapan datan linilan
rekasaning baoe
mengkana seh Amongraga
aneng dalem kelajan kang raji kalih
kelawan para paman

82.. sesaosan dedaran mawarni
wedang eteh lawan memanisan
rinampad neng ngarsa ander
wedang boeboek tan kantoen
goela aren lan roti kering
Amongraga tan patya
dedaran anginoem
oekoer wedang satjetjepan
tanpa gendis moeng angsal setengah tjangkir
kinoerebken ing tjawan

83. angandika mring kang raji kalih
jaji Djajengwesti Djajengraga
menggah ing tekad kang angel
kalih prekawis nenggoeh
apan kadang 1) riah kang dingin
lawan kadjabariah
poenikoe jen moenggoeh
binoedi para ngoelama
dereng wonten kang rikat angrerampoengi
saking ngel-ngeling moerad

84. lamoen kadariah tekadneki
apan kapir ngindallah poenika
jen kadjabariah dene
kapir ngindanas toehoe datan
kenging lamoen pinilih salah
setoenggilira pestinipoen
koepoer

---

1) prajoginipoen : kada.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jen pinet sedaja kopar
lamoen nampik kalih pisan pesti kapir
tan kenging ginagampang

85. kedjawi kang sampoen ahli soeni
lah poenikoe kang sampoen sampoerna
kang woes tan ana tjatjade
poenikoe oegeripoen
ing agesang kedah amboedi
tekade kang santosa
jwa nganti kesandoeng
jen tekioer kekandangan
datan woeroeng anarik apesing boedi
badan anoet kewala

86. gampil jaji sembahjang angadji
sawab wonten landjarane kitab
tan wonten ngelmoe kang angel
anamoeng tekad nenggoeh lamoen
sisip ambilaeni tekad dadya pratanda
awon penedipoen wande sios saking
tekad ingkang dados labet-labeting
aoerip saking tekad piambak

87. wiwinihe tekad saking boedi
njataning boedi ketareng tekad
jen sampoen djomblah tekade
kelawan boedinipoen
gih poenika **jaji** kang koesni kang
raji kalihira toemoengkoel
maboekoeh noehoen-noehoen
atoerira datan poeroen anglawani
atoerneki pan kaloehoeran sabda

88. sanget kontragira Ingkang galih
Djajengwesti lawan Djajengraga
nijat ingkang raka wingite
dadya toemoet mangoen koeng
datan koloe wedang setjangkir
miwah kang paman-paman
dedaran koer-oekoer tan kaoer
ngraosken tekad tepangipoen
moerade kadariahi lawan
kadjabariah

89. Amongraga semoene awingit
angandika mring ari kalihnja
kadi poendi ing kersane
kjai kelawan iboe
denja namboet karja nglangkoengi
memantoe roan-roan
tingale agoeproek
dene koela woes pra sambat
noewoen riringkesan 1) oetami
pesadja kerana'llah

90. sasat saged nimpeni ing mami
inggih talah de boten kadosa
kjai lan iboe karsane
Djajengwesti oematoer
inggih koela sampoen ngatoeri
ajwa ngantos rinoa
dede parengipoen
nanging iboe djengandika
ingkang adreng- kedah koermat sawetawis
berkating wong poepoetra

91. tjiptanipoen poetrestri satoenggil
inggih boten niat roan-roan
rampoenga sekoel selemper
namoeng niat madjemoek
lawan brajatipoen pribadi
inggih sakoela warga
moeng tiang sedoesoen
datan ngatoeri oeninga
ing priaji negari saking setoenggil
piarnbakan kewala

92. moegi den-apoentena poen bibi
kami poeroenipoen apepeka
saking sangetipoen sihe
inggih dateng bok ajoe
mila moegi toean alimi
Amongraga ngandika
soemangga ing kajoen
sinamoer dahar djoeadah
moeng satjoewil ginalintir kang ginigit
dangoe panggiloetira

93. sarwi ngatjarani mring kang raji
jaji soeawi sami daranan
kang raji nandoeki age
dahar njamikan sampoen
linorodken mring Djamal Djamil
agepah denja nadah
wong roro atekoel
jata kang sami djagongan

---

1) kirang 3 wanda, katambahan ; kemawon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

neng daleme kjai Baji Panoerta ngling
sakehe koelawangsa

94. ing latri lagja midadareni
pan pcpekan koelawarganira
miwali pra loerah santrine
ki Baji denja loenggoeh
pinggir kang ler tengah geneki,
anjamping godong djarak 1)
kemoel kampoeh sindoer
destarira mori petak
koeloek tjetneng loeas sedaja aresik
lenggah lante demangan

95. sesaosan dedaran mawarni
ingkang tjelak denira alenggah
ri kalih kanan kerine
Panamar Panoekmekoe
mjang pengoeloe ki Basarodin
Talabodin kelawan Noersoekidin waoe
moerid Djaki Pranaita santri Loetji
Djoemena Ian ki Sebagi prenah
paman lan oea

96. pan tinata loeloenggoehaneki
ingkang tengen Ian sepoeh nemira
akapang tepoeng loenggoehe
Amadiman soemamboeng
Amadolah lan Amadtahir
kelawan Amadbadar
miwah Amadaroem
bagoes Imram bagoes Iljas
goes Soehada Moertadja bagoes Nawawi
Djanawi Ian goes Noerja

97. goes Noerjani Noerdjani Djamdjani
goes Tabrani Djaelani miwah
Ngabdoel-soedoer Doetsoekoere
Ngabdoel-tamsoer Doelgapoer
Doeldjoeair Ngabdoel-ngadjoedjir
noelja petinggi desa
samja bekel tepoeng Wrega-ita
Wrega-troena Wrega-naja Kerta-jasa
Wangsa-kerti Kerti-nala pak Sawa

98. pak Banikem pak Soengkem pak Kemis
pak Radjiah pak Kedah pak Soesah

---

1) godong djarak: namaningbatikan.

pepakan sedaja ander
bekel kewala ngajoen
pan kedjawi bekel pawingking
samja djagani karja
atjakoet agoejoeb
mjang santrine masdjid katah
samjandaroes koer'an kitab lan tadjoewid
mjang oesoel nahwoe sarap

99. langkoeng rema papatjitaneki
wedang kopi wowohan gorengan
balebah pangan santri kjeh tan kirang
malah langkoeng jata ingkang aneng
pendapi kjai Baji Panoerta tinarap nak
poetoe katonton wibawanira ki Panoerta
wong sedesa moele sami nadyan lian
amantja

100. langkoeng asri langening pendapi
linangse petak sedajanira
pjan lawon Ian sesakane amarik
pandam koeroeng pan daloeang
banjoe rinoedjit kinembang samja
dioeang idjo lawan biroe damar-
damar ting paloentjar miwah
salebeting wisma anelahi moebjar
tan ana mfemba

101. samja gawok sakeh kang ningali
pan katemben ing desa tan ana
kabeh djomblong pandoeloene
kang djagong samja moewoes
Ian roange tjatoeran ririh
djeng kjai nora djamak
karjeram pendoeloe
akoe wroeh ing kana-kana
pra priaji mantoe tan kadi poeniki
rakiting pepadjangan

102. ki Sebagi rerasan aririh
ting kerantoek lawan ki Djoemena
ragi awadi antoeke
ki Baji Ion amoewoes iah
poenapa oea Sebagi
ingkang dipoen-witjara
awadi dinoeloe kelawan
paman Djoemena

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ki Sebagi naoeri wetjana aris
inggih bab pasatoean

103. kjai Baji goepoeh ugandikani
de poenika rerasan temenan
lah oea neh toetoegake
ngong kasoepen keiamoen
oea saged amemetangi
pasatoean wong krama
awon penedipoen
den mariki oea paman
tjetjelekan toenggilan poetrane kalih
poen Panoekma Panamar

104. ki Sebagi Djoemena mangarsi
woes anoenggil Panoekma Panamar
ki Bajwa Ion patakene
wajah dalem poenikoe
Tambang-raras Ian Amongragi
kados poendi poenapa
penede poenikoe
ki Sebagi lon woewoesnja
ngelmoe boeda beda lan sarak oetami
ki Baji lon ngandika

105. woes lailanja wong laki rabi
kedah anggoenem ing pasatoean
ki Sebagi wangsoeiane
inggih soemanggeng kajoen
kang kepanggih petangan mami
estri neptoe tri dasa
langkoenge teteloe.
kang djaloe neptoe tri dasa
langkoeng woloe goenggoeng pitoeng dasa sidji
ingetjer pitjis kentang

106. tjrek-tjrek kroekoep tjrik andok dawah sri
sinanesken kang kari ngetjeran
tjrik andok dawah sri maleh winor Ian
kang sri wape sekantoene dipoen-etjeri
tjrek andok tiba lara sinedjeken
goepoeh tjrek andok dawah ing
lenggah satelase tjrik andok dawah sri
malih wetah danjange gangsal

107. ambegenggeng ki Sebagi angling
ill sae temen etjeranira
penganten ageng begdjane kjai
Baji goemoejoe
amatja alkamdoe iillahi
atanja derahira
ki Sebagi moewoes-
danjang gangsal gih poenika
wiwit esri loenggoeh gedong lara pati
etang anoet ing danjang

108 ki Panoerta ngling poenapa malih
kang oea djar meksih wonten ramal
kala moedengipoen dereng
pan sami kekahipoen
neptoening kang sastra winilis
aksara kalih dasa
pan pinara teloe
sastrane sadoeman sapta
ha ra ta la dja ma ta neptoenja nidji
rong doeman sastra sapta

109. na ka sa pa ja ga nga neptoe dwi
kang teloeng doeman nenem sastranja
tja da wa da ba ba dene
neptoenipoen aneloe
pan ingetang djaloe Ian estri
binoetjal tiga-tiga
pinten kantoenipoen
jen kantoen tiga palestra
lamoen kantoen kekalih poenikoe sakit
kantoen sidji oetama

110. poetra dalem poenika prajogi
wiwitane wekasane soesah
pisah lan jajah renane
wikana pisahipoen
enggal lawas pati Ian oerip
temtoe oedjaring ramal
kala moedengipoen
ewa poenika soemangga
tabit boeda menawi tjegah ingelmi
arnawi pasatoean

111. kjai Baji angling mring Sebagi
langkoeng katah ngelmine Pangeran
tan saged anatjahake
oea jen bab poenikoe
jen tilaren tan melarati
nging ki Baji Panoerta
manahe soemenoet
ki pengoeloe datan rembag
ngelmoe kala moedenge kjai Sembagi
mjang santri katah-katah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

112. ki Panoerta ngling mring santri Loetji
sira oendangen si Koela-wirja
kang liningan mentar age
tan dangoe noelja rawoeh
prapta ngarsanira ki Baji
kang raka angandika
betjik pada tjatoer
lan kakangmoe ki Panamar
totohana wedoes lemoe Ian kebiri
kang raji toer sendika

113. ki Panamar amoewoes mring ari
prie djangdjine sira lan ingwang
moenggoeli totohane koewe
manoeta ing matipoen
emat pidak kelawan etir
mat mantri djaran gadjah
katjek bajaripoen
jen mat mantri pidak gadjah
apan wedoes lemoe bajaranireki
jen mat etir djaranan

114. soksokane pan a jam kebiri
Koela-wirja anaoeri sagah
noelja pinasang tjatoere
Panamar gelaripoen
kawal soepit-oerang miranti
Koela-wirja glarira
etire tinoempoek
koekoeh kawal kakantetan
lekas niadjoe sagseg pidak mrih pepati
ngoekih angkah-ingangkah

115. ki Panamar langkoeng ngati-ati
nanging pidake katah kang roesak
rada katimpah lampahe
aketjap mantoek-mantoek' dangoe pikir
lampahing etir Koela-wirja angatag swawi
kedangon woes noelja nglampahaken
djaran pan kesoepen tinggal kawal mangan
mantri djaran pinangan gadjah

116. dadya goelet sadengaha lali
pangan-pinangan gesah-ginesah
ki Baji la-iloe bae anggesah-
gesah toemoet ngalor ngidoel
miloe goesahi roeboengan
para toea soeka samja doeloe
kang timpoeh weneh sidoea
ana ingkang ngeloes-eloes djenggotneki
kang tjetjatoet anglangak

117. ki Baji ngling eh Wirja den-aglis
Iakokena djaranmoe anggoesali
sigra ginoesah ratoene kenging den-rok
tiripoen toemoet goesah kiai Baji Koela-
wirja asoeka sah-sah es-es soeh-soeh
angalengger ki Panamar koekoer-
koekoer kerogan tyasira sedih gatelen
djenggotira

118. Koela-wirja kekel anjoekikik
ratoe mingsed tir pinangan djaran
gja tire' kinentengake
sarwi alon merkoengkoeng
toeding-toeding tangan koemitir
den-matna tir woes emat
nanging datan ajoen
ingangkah emat kapidak
ki Panamar ngoelat-ngoelet prie iki
angosog denja lam pah

119. sekarine rinampedken aglis
tinadahan ing kawal kantetan
dadya toempes sedajane
kari gadjah angatjpeng
Koela-wirja saja angikik
dasar watak mentelang
mangka olih boeroe
tan ering mring kakangira
andjegenggfeng ngisin-isin bakal iki
anoentoen wedoes domba

120. dasar djamboel kebeneran kendit
berok lemoe gimblah djenggotira
adjamprah kaja djenggote
Basarodin bleg loegoe
ki pengoeloe ambekoeh ih—ih
dadak garap wong toea
ki Baji goemoejoe
ki Panamar rada doeka
ih wong anom aneng ngarsane kiai
polahe tjelangkrakan

121. Koela-wirja saja bilik-bilik
tjoekakakan Panamar ngling njentak
lah wis ta ematna age

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koela-wirja goemoejoe
emat pidak sapapan oewis
Panamar asok menda
garoendelan moewoes
bener kang ngarani karam
wong botohan nora patoet den-predoeli
betjik pada tjinegah

122. kjai Baji Panoerta ngling aris
mring kang raji Panoekma Panamar
katri mring Basarodine
moenggoeh ing dina sesoek
wajah apa sangatireki
Ahmade ing paningkah ki
pengoeloe matoer poenika
tanggal ping rolas leresipoen
endjinge wit Djabarail Ahmade
wektoe ngasar

123. wajah wisan darnel Joesoepneki
pan soemangga poendi kang kinarsan
ki Baji Ion andikane
oetama Ahmadipocn
ningkah ngasar sorene panggih
bebandjoeran kewala
dasar kersanipoen
nora kaja wong maksiat
nganggo ngarak ramen-ratnen tan marengi
kersane Amongraga

124. semene kie woes anglodjoki
malah soen doega tan pati rena
kersane ringkesan bae
Ski saking njaimoe
berkating wong sih ing sisiwi
pinalangan tan kena
koedoe koesoeng-koesoeng
koesoenge tan roan-roan
jen roaha pesti njoeroehi priaji
amoeng niat sidekah

125. mangan krasa pedes asin titik
sekoel selajah kedah pinroetah
nak poetoe koelawangsane
satengah kaja kaoel
doemeh anak kari sa-idji
manahe ge loeara
rnoelane abikoet
manira semada welas
apan miloe kerasa ing ati mami
soetestri moeng sadjoega

126. pan toemoengkoel ingkang raji kalih
mjang ki Basarodin atoerira
inggih kados poendi maleh
tyas padoeka den-soekoer
soeka rena ing lahir batin
mapan sampoen djaragan
samja neda toewoek
sampoen mawi soesah-soesah
mokal soepe wal ngamaloen kadjiratin
bikakekati iman

127. pan goemoedjeng wane kjai Baji
ia bener setjatoering kitab
sidekah gede pedahe ja banget
tarimakoe angandika mring
santri Loetji sira moendoeta
trebang sidji bae goepoeh Loetji
sigra moendoet trebang
sinaosken ingarsa kiai Baji
trebang noelja sinentak

128. kjai Baji angandika aris
pajo pada trebangan dewekan
ki Panoekma Panamare
kateloe ki pengoeloe
kapat Loetji kalima Djaki
neneme Prana-ita
kapitoene akoe
samja soeka kang liningan
adan lekas ginembrang trebangireki
anoelja lekas bawa

129. singir Djawa sadjak Bintareki
ngelik alot erak-erak serak
pating karekel oelone
brekat goeroe asemoe
lelagone pan angoenani
gadoewoel membal-membal
loeloengsoeran besoes
saoerane ja hoe Allah
tabaraka 'llahoe nabi 1)
bakina wa-abada

130. panerbange katah kempjangneki
gembroengira nibani irama
den-inger-inger terbange
pong pek pjak tong ting brang broeng

1) prajoginipoen : rabil, poenapa malih kirang 4 wanda, katambahan: ngalamini.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noelja njandak singir angelik
Djaki Loetji asenggak
keploke agoeproek
lapale singir tanakal
toebi asla biarbabi saodadi
kadasamsoe pilibra

131. **djiha** tatana kaloe kang singir
noelja selawat matja roewia
kendel samja asesamben
rare goemeder oemjoeng
tanglangan toh pating djarelih
tak tek sami panggalan
ki Bajwangling hoes-hoes
botjah pada keneng toelah
sok sinaoe maiang djati bolong bendjing
djamak ngadji sembahjang

132. dinoekanan sedaja pan adjrih
samja boebar ngalih gon kewala
roeboengan panggalan maleh
kjai doeka aneboet
njandak wilah Djaki lan Loetji
kang rare sinabetan
boebar bjoer loemajoe
ki Djaki nemoe wong toea
ginitikan ngoedoe bilah dene iki
ana benggole kawak

133. kjai Baji doeka sarwi paring
bebet poetih woes kinen kapoka
jata kang neng djro wismane
ni Malarsih aloenggoeh
lawan ipenira kekalih
Soembaling datan tebah
angladeni ngajoen
angajap parestri katah
sami tjoeki weneh kejo ting karipjik
dakon samja pagoejwan

134. pawestri kang aneng masdjid alit
samja dikir lelagon baroengan
tjoemlering rempeg oengele
swara anganjoet-anjoet amewahi
asrining wengi sedaloe datan kendat
salin-salin lagoe ing masdjid ageng
trebangan santri katah samja
selawatan dikir maoloed langkoeng
rahab

135. santri Loetji bikoet angladeni
wedang panganan rampadan moentjar
woes pinetang sepatoete
rinampad ingkang moenggoeh
angalihi weneh nigani
kang ingantjak kewala
nigani sedaroem
pepak warnining panganan
lah-olahan wowohan sedaja sami
kaot piring Ian antjak

136. mjang wedang ten manisan neng beri
wedang kahwa manisan neng doelang
Ian rokok d jam be soeroehe
gembol wer ingkang moenggoeh
rokok dawa miwah tap sirih
bokor mjang pandjang ilang
weneh kang winoengkoes
weradir. sedajanira
kang djagongan ing mendapa Ian ing masdjid
miwah kang namboet karja

137. toewin kang aneng wisma pra estri
datan pra beda samja rinampad
ingkang djagongan arame
memangan ting karioek
ting karetjap mjang segoe wahing
weneh kanda-kinanda
toetoere agoeproek
dagang maring Soerapringga
praoe momotan djaran keser Ian sapi
paraning pepasaran

138. djor-djinoran toetoer olih bati
ingkang getek batine getokan
loemoeh sor- noetoer oentoenge
kang tanen noetoer toeloes
angoejangken nempoer leh bati
rando atoenda-toenda
tanda tanding oentoeng
panegar belantik djaran
toetoer toekoe belo sanga tengah dadi
pajoe sewidak lima

139. ingkang aloel anglampahken doewit
jen anggade motangken sareal
soeang sigar oejahane jen
sepoeloeh rong poeloeh
sareale soekoe sesasi
toetoer gade tjoeriga
sakandelanipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mas ginade rolas real
woes boer dinol pajoe pitoeng poeloeh anggris
keris tok tan kandelan

140. nora lian kang kinanda sami
para soedagar tani panegar
aneng ngon-ingon kandane
djago gemak prekoetoet bebek
banjak pitik goelatik emprit
petekanira kaug pajoe nem soekoe
samja tjatoer kang toerangga
apepantan sagolongane pribadi
dalang kanda angroeat

141. angetepres bebanjolan ringgit
tangan soerawean kang minangka
Semar Petroek Nalagareng
sembada tjoetjoedipoen
Widigoena loetjoe kepati
ginagoejoe ger-geran
kang linggih angeloen
ngaleh ngroeboeng Widigoena
samja kekel tjoekakakan hih hih hih hih
hoeh hoeh hoeh hah hah hah hah

142. nora pidjer amemangan sami
rare roeboeng mjang kang namboet karja
ken salong tinggal gawene
kasinoman aroeboeng
ting tjockikik midjeti ati
ngangsoe ngoendjal ambekan
ger ambata roeboeh
kasor kang para tjarita
kjai Baji pan goemoedjeng anggeligik
andelna Widigoena

143. jata woes daloe bedoeg deng moeni
santri Loetji angladeken dahar
ngabani kasinomane
nampa rampadanipoen
miwah antjak gotong pat sami
panganan dinoem samja
sabageanipoen
kineroso tapak dara
noelja sekoel oelam madjeng maring ngarsi
ingetang ambeng tata

144. rampadan kang ngalihi nigani
ambeng antjak njedasani samja
njelaweni santri rare
kang djangan betjek wedoes
adjang takir gedebog sami
sawoesira werata
ki Baji amoewoes
soeawi sami widjikan
noelja samja toetoeroeh sedaja sami
wanting angoembah tangan

145. adan lekas nadah ting karetjip
kriak-krak 1) seropan [2])
ingkang mangan kweh swarane
Widigoena ngling njamoek engak
gangang bekek agoewih ger ginoejoe ing
katah kang kaselak hoek-hoek
anggoegoejoe Widigoena noetoeg denja
mangan enak sedajeki ambeng dinoem
binerkat

146. woes werata kang bagi-binagi
sami kineroso tapak dara
sinanding tan ana moeleh
ladjeng natas sedaloe
samja kanda-kinanda malih
kang matjanan wong-wongan
Ian dam-daman tjatoer
weneh ngantoek arenggotan
kang njenjambi mangan berkate pribadi
kang oedoed notjoh kinang

147. ting kalempor amjang ting parelik
ki Baji ses keloekoek Benggala
kang oedoed nipah mjang wangen
Widigoena aoedoed patang geieng tike
lininting kjai Baji ngandika ngong
mamboe alangoe langoe lir koekoesing
madad ingkang sami tjeiak matoer djeng
kiai inggih poen Widigoena

148. tike sagegem kang dipoen-linting
Widigoena naoeri ja talah
kabeh pada ngroeboehake
ginoejoe ing sedaroem ki
Bajwangling kadekne sangit
madat Iininting klaras langoe
ngaloek-aloek

---

1) prajoginipoen: kriak.
2) kirang 3 wanda katambahan: amangan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Widigoena anggeloengsar kekadalan
madjeng nembah bari ngagir mring ki
Baji Panoerta

149. koela noewoen kamipoeroen kedik
dalem paringi mindo sakedap
kados poenapa raose eses dalem
galoegoek gih apoenten dalem kang
moegi dalem lilani kedap ki Baji
goemoejoe tjebloeng dalang
tjelangkrakan djaloek mindo keloekoek
nja-enja iki oedoeda kloekoek ingwang

150. di marene madjoea sadidik
Widigoena pinoeiir iroengnja
iroengmoe iki kageden
andelole' ambengkoek
bok elongen petel pen tjilik
Widigoena andjola
goemoejoe doeh bioeng
iroenge den oesap-oesap
iroeng koela poenika koela remeni
awon-awon botena

151. sampoen bektane doek wingi oeni
pinoeiir ngantek abang beranang
ger ginoejoe ing wong akeh
kjai goemoedjeng goegoek
penjanakoe aweh den-longi
matoer dede pabenan
sangsaja ginoejoe
ki Baji moendoet rasoekan
sembagi bang Ian iketdjingga pinaring-
-aken ki Widigoena

152. koelambikoe djobah gonen iki
bardjoemoeah de ikere djingga
jen tinanggap gonen meret ki Goena
nembah noewoen noewoen inggih-inggih
kapoendi sinoenggi linggeh beksa klak kloek
patjak goeloe oedoed keloekoek keselak hoek
hoek sarwi matoer dalem poelir malih
iroeng koela kang begdja

153. moendoer lero mar ing gone malih
ginoejoe mring wong katah ger-geran
parestri neng dalem gede"
samja ngoengak goemoejoe
mring ki Widigoena pinaring
akeh polahe boengah
langkoeng tjoetjoedipoen
njai Malarsih tinarap
ing parestri kang poetra mantoe neng ngarsi
Rarasati kelawan

154. ni Daja Ian Djoemena Sebagi
ni Panoekma lawan ni Panamar
soedagar kang gede-gede
ni pengoeloe nem sepoeh
woes loearan denira boekti
samja namoer lek-lekan
kejo ting keroepjoek
ingkang tjoeki dedakonan
rare tjilik goemeder gateng tjanggoering
ana kang tjetjatoeran

155. weneh pagoejwan pating tjoekikik
weneli rerasan atjaremedan
ni Soembaling eng 1) ngetepres
taken mring ni Dajekoe
lah bok ajoe dika roemijin
kaping pinten mah-imah
doek meksih nemipoen
njai Daja saoerira
ia namoeng ping pindo kangdjeng kiai
dipati Wirasaba

156. oek pinoendoet koe kinarja selir
pengantyan lagja oleh nem woelan
sedenge pepasihane
pinantjal pitoeng poeloeh
saking remen marang wak mami
bodjokoe bentajangan
rina wengi bingoeng
kang den-ameken moeng ingwang
akoe ia semono maneh anangis
kelingan doek pasihan

157. berkating botjah soen doeroeng ngarti
rakiting wong laki pipindonan
kelingan lakikoe bae
satingkahing aloeloet
tjinedakan mring ki dipati
mengkarag angganingwang
djrih sengit kelangkoeng
toer rinepa ingarihan

1) prajoginipoen: a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarta pinaringan arta boesanadi
tan arsa nampanana

158. kang kaetang namoeng laki mami
solah bawane tansah ketingal
ia wong pada enome
ki dipati woes sepoeh
sariranja poepoek medeni
saben ngong tjinelakan
tansah nangis asroe
pan kongsi setengah woelan
nora kena manira pan meksih eling
marang lakikoe lawas

159. ni Soembaling tanja kadi poendi
wiwitipoen kenane kakenan
ni Daja goemoejoe njablek
ikoe lagi soen toetoer
noedjoe oedan deres kepati
ngong aneng pagedongan
dalem emperipoen
tan wroeh ki dipati prapta
kantja boebar noeli lawange kinoentji
goemoedjeng galigikan

160. njandak tangan ginoedjeg ngong djelih
regedjengan pinaksa kewala
tan bisa mawal kersane
noeli ia wis atoet
manira lan ki adipati
Soembaling desek tanja
sarwi goejoe-goejoe
tanggoeng temen dang den-djoegag
ingkang tjelak samja, goemoejoe angikik
njai pengoeloe tengah

161. njai Pratima soedagar soegih
ragi dompol wong pat tjaremedan
tjoekikikan samja lireh
Soembaling desek moewoes
kadi poendi witipoen kenging
bok ajoe doek kinersan
neh wangsoeli waoe
ni Daja toetoer tan ringa
keraseng tyas ningali padjangan ainrik
enget kala nemira

162. ika maoe doek ki adipati
anggeredjeg kembenkoe linoekar
soen benaken loekar maneh
sindjang ingong rinangkoed
ladjeng deprok-deprok tinarik

Iamboengkoe njeng den-angkat angadeg
rinangkoel ngong nangis anjengkah-
njengkah kinoekoehan ngapiting sarwi
ngarasi angoejeg pajoedara

163. woes kewoedan tan polah ing tapih
ki dipati njamping woes siningsal
bjar anglela kagoengane noeli wis
ja wis patoet tan beda Ian
penganten oegi Soembaling em ah
biang tanggoeng temen ikoe manas
ati sok den-djoegag tjaritane wong
teloe sami angoedi batjoete babar
pisan

164. njai Daja esmoe goejoe angling
maoe teka koedoe tjetjarita
tan kena sabrebet doeren
ia mara soen toetoer
nanging mengko gantya nakoni
woes samja sinagoehan
ni Daja goemoejoe
basa mengkono ngong moelat
kagoengane djeng kjai teteg atitih
nglegarang gede dawa

165. anderedeg atikoe koeatir
noelja ginoelingken kinoereban
timbalane toh eh toh eh
manira asidekoes
pan winengkang ingong koekoehi
tinimpah saja sajah
woes benggang poepoekoe
djeng kjai dipati mapan
gja toemandoek warastra seg angelebi
pan doedoe lamakira

166. net andedel tan kena toemoeti
pinapan-papanaken woes mapan
pineksa sroe pemadale
makeneng raosipoen
ambarebet pating prckinting
koemesar aneratab
gregel soen andjeploek
andjrit pinaksa kewala
tan kewagang pantoging wates ngong djelih
kesamoer dresing oedan

167. binotan sreg pengkeredan mami
pat pet peteng ambekan salekak

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mawoet kokonangkoe kabeh
eroeg ngatoet mandjoeloek bantal
kontal oedjoerkoe ngalih polah
ngong gelasaran
malang megoeng tinoet
oedane tan terang-terang
deres bae soewe-soewe rada rapih
tangiskoe noeli soeda

168. gigilani ‹solahe djeng kjai
pajoedara pipi tjinakotan
pingget oenton-oenton kabeh
majar rasane Iiroe
mak bias sedje' maoe saiki
nora memper satoema
moeng sadela bingoeng
noeli pikir salin ada
sasoewene tan bisa melek sakedik
soemrahe nora djamak

169. tan kelingan bodja-bodjo dingin
botjah tjilik-tjilik tan mi rasa
noelja leh gede angatel
satengahing poelang joen
leren kinen nekem ningali
ih tobat nora djamak
satoetoep net poendjoel
sadjempol penjet sih ngongkang
mareni matem pengrasa tan nedya oewis
oedan dres kongsi terang

170. ger ginoejoe ririh ting koelikik
wong tri angling njetoti ni Daja
ngepenginake dongenge
samja rongeh aloenggoeh ting
kaleset gondange salit napase
koemerangsang ngeled-eled idoe
samja djawil lan papindan
ingabedang leledjem iriban liring
ni Daja ris atanja

171. lah bok tengah wis ping pinten laki
naoeri gih doeraka ping tiga
tinanjan poendi bedane bok
tengah esmoe goejoe
djaka lara pegatan oerip
penganten sami botjah
lamine rong taoen
randa nem woelan mah-imah angsal
ngriki kemawon ki Basarodin adine
Amadbadar

172. moeng poenika kang dadya tyas mami
memper kang dika toetoer poenika
rebat ageng Ian pandjange
kang poendi oekoeripoen
sami njakep gelangan sikil
genge geng ki dipatya
menang pandjangipoen
boten patos kerep minggah
nanging betah wiwit sonten kantos endjing
raose kalenjeran

173. badan sekodjoer ngalenjet mrinding
pan kerasan ras-arasen wisan
jekti pikantoek kang gede
sami mesem ngatjemoet
dedeketan denira Mnggih
nging tan kongsi soesoeta
noelja pegat lampoes
randa pat woelan mah-imah
inggih angsal ki pengoeloe Basarodin
lah poenapa bedanja

174. anaoeri apan kaot oegi
dene ki pengoeloe darbekira
geng nanging sanget tjendake
sampoen lir tjepoek loegoe
wates galeng Ian bongkot sami
gendol-gendol ingandap
sagegem agemoek
jen garap sapatileman
goblag-gabloeg bag beg kadya den-sotoni
grewal-grewel potjotan

175. kesel benakaken andjagani
ting tjoekikik wong papat tjeblekan
lajak jen grewelan bae
wong kaja Bala-boedoer ambalender
ngewoeh-ewoehi dasar bandane
tjendak wetenge andjendoel tan pati
bisaha kandas ngaja-aja soen doega
bojoke sakit menetaken rekasa

176. njai tengah goemoejoe naoeri
leres njai Daja pendoeginja
tingkah sanget kangelane
ambekane asenggoer
koela watoek kemawon djebling
wahing sareng tjopotnja mak brel
sroe tjoemepoet

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan kekah aneng panggenan
soesah ing tyas keraos rajat kang mati
ginoejoe tjoekikikan

177. ni Pratima kaping pinlen Iaki
naoeri moeng sapisan kewala
nanging sring kenging godane
kinedanan wong bagoes
godaning blis pisan ping kalih
jen sampoen kelampahan
manah koela getoen
sareng ping tiga sekawah
ladjeng toeman tan nganti milih wong sigit
angger ageng kewala

178. jen koela kesah pepara asring
rinedjeng djenak sapatileman
tan nganjang jen toembas wade
inggih leres bok ajoe ingkang
ageng lawan kang alit jen angsal
ageng pandjang angalenjeng
bingoeng pangobeng koela
nembelas anjapisan werata koela
pilihi angsal tiang sekawan

179. pangobeng tiga boeroeh satoenggil
boeroeh sanget awon warnanira
nanging geng pandjang bandane
ngoengkoeli kang tjinatoer
dados agem mat em ingati iriban
mring wong lanang jen pasar pon
Tandjoeng mangkat .bangoen neng
dedalan gcgarapan sakatek-kateke
doegi seger adeang-deang

180. tiang ngriki katah soen-itjipi
ingkang kerep moeng ki Koela-wirja
rajat datan oeningane
Ian ki pengoeloe empoen
inggih leres lir den-biteni
goemoejoe djodjorogan
ni Malarsih doeloe
tjat mjarsa ing tjaremedan
tyasnja ngoengoen ja talah dene woes sami
toea atjaremedan

181. sedangoenira ni ken Malarsih
moewoes Ian njai pengoeloe toea
does wiladah Ian nipase
kesaroe kang goemoejoe
ting koelikik ingampet sami
lirih denja rerasan
ni Malarsih moewoes
bibi pocnapa rinembag
dene nemen goemoejoe pating djerawil
naoeri kang liningan

182. inggih goedjengan tamba leksami
ni Malarsih maliii angandika
Soembaling poenikoe bijen
teledek langkoeng pajoe
ger ginoejoe rewange linggih
meneng mari tjermedan
lia kang tjinatoer
tjawengah angon iriban
woes ketoengkoel noeli tjaremedan malih
Soembaling tinakonan

183. noetoer doek meksihe dados ringgit
dereng paringkilen woes andjadjah
djedjaka wong toea dene
sadjeg koela poelang joen
dereng weroeh raosing sakit
pan saketja kewala
nanging wiwitipoen
krep djadjalan sami botjah
oega gede saja gede gede malih
koela doek meksih botjah

184. dipoen-toenggil tilem lawan entjik
entjik Soebede bandane domba
lan kang dika tjatoer kabeh
ageng kang koela toetoer
pan satoetoep batetet loewih
rong djempol penet ngaja
etjoel manggoet-manggoet
dinedelaken ing wokan
lir den-dengkoel ngelebi oebenging pinggir
den nger-inger mrih mapan

185. dangoe-dangoe sami ngemoe jijit
den-oeselaken angelar-elar
woes angeloewing kikise mekeneng
mak bleng angloed bongkote ngong
oebed-oebedi ing sap-tangan soepaja
jwa toetoeg pokipoen bles-bles alon
kelemira rada soewe toetoege watesing
djarit sap-tangan maoe ika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

186. doek wiwite' njang njeng gringgang-gringging
amrekinding raose tan kaprah
lawan sabene wong akeh datan
kadya poenikoe ngoenjer-oenjer
ngalenjer anjir bed-oebed
ingoetjoelan poepoet lar ler lar
loer saking agenge tan gonggang
Iae-lac doebilah rasane ngenting
aboengah ngangah-angali

187. moeng poenika kang dadya tyas mami
andjeladjah kabeh kaweratan
Tjina Kodja Tjik Djawane
woes tan bisa angetoeng
awon pened ageng lan alit
miwah kang pandjang tjendak
kang knming mjang boentoeng
anggere kang kengkeng makas
ingkang pandjang kang bener bembeng agilig
kang mendok boeletira

188. kang moetjoek boeng tan pati pakolih
miwah kang bendol alit bongkotnja
sring doko tengahing gawe" ngong ginarap wong
teloe den-woloni dipoen-rolasi ngagir miring
meloemah mjang moengkoer sidekoes andjongok
djengking loemampah amberangkang ngadeg
ngingkrang aneng nginggil pinangkoe ngandja-andja

189. mila katelah remenan mami
jen wong garap tan akeh rekanja
bosen ilir- angkrok bae asring ngong
tinggal toeroe jen meleka soen plaoer
didis ginoejoe kalesikan malih lon
amoewoes mandahane [1]) ngalahena
ingkang akeh rekane salin soemalin
soemrah bisa alihan

190. salin solah salin raosneki
nadyan sadina sawengi betah
malah saja keh rasane
lir gatelen kinockoer
poek nem koekoer koekoering goedig

1) limrahipoen: in^ndaharn5.

enjeng sakodjoer pisan
lajake poenikoe
djenengc enjeng njangnjengan
paribasan wong kena ngenjeng sajekti
tern toe rasaning lanang

191. jata wonten woelandjar sawidji
rada karem rerasan kcrasa
adjrih isin meloe ngomel
sedangoene angroengoe
rerasan kang ngenaki ati
nilingken tan ketara
api-api idoe
ketjah-ketjoh sesamoeran
nanging nora maredjel pangroengoeneki
kabeh woes katjatetan

192. dangoe-dangoe kerasa merkinding
djelalatan naritil kedepnja
awake kabeh anjabe
soesoewene 1) aloenggoeh
pan woes metoe ping nem mring djawi
kalesed malih medal
awad-awad ngoejoeh
bakoene saking amadas
saja matoe bengka kagoenganireki
tinoetoeka kemlatak

193. sapraptaning djawi noelja linggih
bekah-bekoeh eh eh ah ja talah
sarwi midjet welakange
bojoke den koek-engkoek
parandene nora amari
angadoeh sarwi ngoetjap
ambakna wong moewoes
agawe laraning awak
soewe-soewe angadeg 'sarwi andjengking
merkoengkoeng ngoelet kajang

194. kakoe atine andjeleh ririh
gedrag-gedroeg ekar soekoenira
kadedelan andelewer
kisroeh kebelet ngoejoeh
mring pakiwan loemajoe gendring
kieng abededengan
wetoene kesoesoe
kotjar-katjir neng dedalan
doeroeng kongsi toetoeg enggone woes enting
sindjange kaompolan

1) prajoginipoen: sasoewene.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

195. parandene meksa doeroeng mari
peringisan lir wong lara ajan
ketjap-ketjap ngeses bae
amingka batoekipoen
nora kena dipoen-sajoeti
wegah sanget ngersoela
djer ja kae maoe
tjelatoene nora kaprah
sarwi nekem kagoengan meksa ambili
tjinetot tjiniwelan

196. wong papat sami mendem kalisik
saking njenjede kang tjaremedan
sedaja metoe jijide
ngember sedangoenipoen
kopoh tambas inarang ing tapih
takon-tinakon samja
sami dres angiloe
goemoejoe apolongokan
ngadjak adoes djenabat poengroedjoel[1]) mani
wong papat sareng kesah

197. tan woen tjatoer sembere Soembaling
jata ingkang djagongan kidoelan
Djajengw£sti ing daleme
sasonten kang winoewoes
namoeng elmi saraking nabi
moerading kawiridan
pekih kang pakewoeh
sabatoering pasoegata
sedaja woes wantji setengah satoenggil
Djajengraga krekoehan

198. sasonten mila denjarsa singir
nanging adjrih menawi dinoekan
mring raka dadya tyas mene
garentjengan ing kalboe
arsa moendjoek-moendjoek pan adjrih
tag teg widag-widigan
tan seranta matoer
ing raka seh Amongraga
koela noewoen pangapoenten ingkang moegi
wonten lilah padoeka

199. lamoen pareng padoeka lilani
kewala joen soenat sisingiran
dikir maoeloed pedahe
Amongraga amoewoes
inggih soenat-soenat oetarni

1) prajoginipoen: pamrodjol.

koermat djeng Rasoeloelah
manpangat aplaloe Djajengraga
enggar ing tyas woes kelilan ketekan
groeneking ati sentot medal ing
djaba

200. Djamal Djamil lawan Djalalodin
Noeripin tan kantoen Djajengraga
lenggah ing pendapa ngegleh
moendoet terbang teteloe
lawan kendangira satoenggil
pra santri kang djagongan
mire maro kepoeng
angandika Djajengraga
marang para loerah santri goes Arpani
Djanodin Djajaniman

201. bagoes Jahja goes Djalalen toewin
goes Daoed goes Joesoep Amadasra
kinen inepak rehrehane
mjang para bekel doesoen
kang sami kewala agami
dalang topeng ki Tjerma-
-sana aneng ngajoen
kelawan Widi-leksana
Toendjang-kara samja tjelak Djajengragi
para santri aberag

202. Amongraga mesem aningali
mring kang raji sira Djajengraga
angling mring Djajengwestine
rajinta woes adangoe
denja arsa asoenat singir
Djajengwesti toerira
inggih sakalangkoeng
jen ta sampoena kepalang
djrih ing toean kedah natab tjara Bali
salendro mjang peiogan

203. tan pae lan kersane djeng kjai
toewin iboe sanget brangtanira
doek wingi kantaka soepe
katah keraseng kalboe
Amongraga naoeri aris boten
maiben jen ta tjoeweng tyas
poen iboe moegi Hjang kang
ngapoeraha inggih jaji prajogi
andika midjil kalih paman
sedaja

204. kaoelarsa seneting awengi
noelja toemoeroen seh Amongraga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

maring Ianggar panepene
Djajengwesti oemetoe
lawan ingkang paman kekalih
Soeardja Wira-doesta
prapteng pendapa woes
kang raka aris ngandika
para iki dadak nganggo terbang katri
aramen nganggo kendang

205. Djajengraga mring raka toernja ris
mapan tiang sampoen kinalilan
poenapa rinaos maleh
ngadjrih-djrihi tiang joen
kang raka goemoedjeng noedingi
andelna jen singiran
rahabe kelangkoeng
Djajengraga angandika
marang dalang eh Tjerma-sana sireki
oendangen Widigoena

206. ia soewoenen mring djeng kiai
Ian si Soeratin jen aneng kana
anake pak Radjiahe
lamoen tan aneng rikoe
ampirana neng wismaneki
Ian malih timbalana
poetoemoe si Senoe
Ian paman ki Koela-wirja
atoerana noelja kang liningan aglis
mentar enggal-enggalan

207. prapteng djroning regol aningali
wong gergeran ki Tjerma woes njana
jen ki Widigoena kae
pinaran tan asantoen kagjat
Widigoena kepanggih Tjerma-
sana adjarwa lakoene ingoetoes
Widigoena saoerira
jen mekaten daweg marek djeng kiai
noelja nembah ingarsa

208. matoer kaoela dipoen-timbali
ing poetra padoeka Djajfengraga
Tjerma-sana kang kinengken
dipoen-poerih oematoer kjai
Baji goemoedjeng angling ikoe
kantja keboedan doempjoek
pada kasoed dedalang
angoendang dalang
sing kon dalang kang kinongkon dalang sami
pada dalang dalangan

209. ana gawe apa dene gati
Tjerma-sana oematoer poetranta
kersa terbangan reramen
ki Bajwangling amoewoes
den-lilani mring Amongragi
matoer kados kelilan
de soeka kelangkoeng
ki Baji goemoedjeng enggal
ingsoen nempil sadela ia setitik
wong loro banjolana

210. sareng bengok andjelih wong kalih
samja kaget sedaja alatah
beketn-binekem karone
Widigoena atjoetjoed
Tjerma-sana loetjoe kepati
pojok-pinojok samja
gergeran ginoejoe
djeng kjai goemoedjeng soeka
noelja moendoet rasoekan sembagi abrit
kelawan iket djingga

211. Tjerma-sana koelambikoe iki
soen paringken gonen djoemoeahan
iket gonen jen anopeng
ki Tjerma-sana noewoen
nembah-nembah langkoeng kapoendi
neng mestaka katjangtjang
poepoetjoeking ramboet
dahat ing kalingga moerda
sih djeng kjai dadosa djimat paripih
dados ing kajoeanan

212. lah ja oewis dadak tjrita ringgit
djeng kjai sarwi anggegem jatra
sadjampel sinebar gone
wong ro kinen angreboet
Tjerma-sana Widigoena glis
regedjegan reboetan
brawoek-binarawoek
goh-ginogoh ing gegeman
rame wengkang-winengkang tindih-tinindih
kontole Widigoena

213. ginoedjengan set adjelah-djelih
Widigoena kandoetane woetah
kang den-moet ginegem dene
kabeh kena rineboet

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tjerma-sana boengah kepati
den-tjoelken kontolira
ki Widi mimisoeh
ki Baji asoeka-soeka
goemer-goemer goemeder djaloe lan estri
goegoejoe Widigoena

214. Tjerma-sana pan oematoer aris
inggih raji dalem Koela-wirja
ingatoeran poetra mangke
ki Baji alon moewoes
ja wis sira ngidoela aglis
kang liningan sendika
nembah samja moendoer
anakipoen pak Radjiah
goes Socratin si Senoe woes den-timbali
woes kerid sedajanja

215. tan adangoe woes prapta ingarsi
Djajengraga ngling mring Tjerma-sana
dene soewe sira monjet
Tjerma-sana oematoer
inggih saweg dipoen-paringi
ginandjar oedeng djingga
sarasoekanipoen
sembagi bang langkoeng pelag
dipoen-kembar gebal dalem tiang kalih
koela Ian Widigoena

216. sarta pinaring arta dik-oedik
kang ngrebat koela lan Widigoena
ramanta sanget soekane
Djajengraga goemoejqe
soekoer sira karo pinaring
si Senoe Ian si Soerat
kon madjoe ingajoen
noelja madjeng aneng ngarsa
Djajengraga anoedoeh marang Noeripin
botjah.[1]) wenehena

217. njang si bioeng konen anggeloengi
karo pisan bae konen ngembar
kang lir ronggeng boesanane
sigra ingirid masoek mring
daleme ki Djajengragi jata ki
Djajengraga terbange
ginembroeng Iekas amatja
selawat

lan wong akeh salalahoe ngalaihi
wasalamoe ngaleka

218. noelja taloe baroeng bismillahi
amana bismillahi amana
mana lilah ger arame terbang gobjog
abaroeng adjegoeran goemocntoer atri
goemrembjeng agembroengan abaroeng
breng brang boeng anggoegoek gedoeging
kendang kempjang imbal atampelan Ian
terbang tri senggoekan magak-magak

219. samja kagjat kang wong djaloe estri
wong sedesa kadi ginoegahan
tangi pada nonton kabeh
derakalan loemajoe
toea anom gede Ian tjilik
rare nangis amotah
ting tjrengek kilajoe
ginendong nangis neng dalan
anggawa bor oepet tjolok nijang didimik
miwah eting daloeang

220. miwah kang aneng dalem ler sami
miroed aningali ing kidoelan djaloe estri
age-age loemajoe reboet doetjoeng moeng
kang angger kewala kari toenggoe tengga
dandanan Ian kang sepoeh-sepoeh rarjalit
goesis sedaja mring kidoelan pendapa
djedjel apipit djalwestri jel-oejelan

221. woes antara dangoe taloeneki
noelja soewoek amatja selawat
ngaring-aring sedajane
ingonira winangoen
kinang rokok wangen lilinting
nipah kelobot menjan
srotong Ian keloekoek
rokok tandjoeng kapoelaga
wedang kopi djenang widaran krak keling
groebi oeler-oeleran

222. santri saja keh meloe alinggih
samja rahab miloe selawatan
wong toea botjah sedene
Djajengraga amoewoes

---

1) kirang sawanda, katambalian : ro.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring Noeripin Ian Djalalodin
karo mengko empraka
noeli genti madjoe
si Tjrema Ian Widigoena
kang liningan sendika atoerireki
berag santri sedaja

223. Djajengraga angandika malih
Noeripin poendoeten terbang ingwang
si maljan garongan kae
lawan moendoeta angkloeng
teka lima gede Ian tjilik
moendoeta maneh terbang
teloe engkas goepoeh
kang kinengken sigra-sigra
moendoet terbang titiga tan dangoe prapti
kelawan angkloengira

224. woesnja katoer marang Djajengragi
noelja sinentak matjan garongan
ginembrang aroem swarane
dadya trebang pipitoe angkloeng
gangsal kendang kekalih ingkang
sami narebang Djajengwesti
moenggoeh lan kang raji
Djajengraga Wira-doesta Soeardja
Koela-wirjeki goes Daoed Amadasra

225. santri Iilima ingkang ngangkloengi
Widi-leksana Ian ToenUjang-kara
kang naboeh kendang karone
aroemat sedaja woes
Djajengraga lekas asingir bawa
matja selawat lagoe sekar
gadoeng swara ngelik aroem
membat ja ilaha-ilaha ja ilalahi
ilalah Allah-Allah

226. sinaoeran swara keh gora tri
sarta Ian terbang pitoe baroengan
angkloeng Ian kendang arame
anggoegoek imbal gedoeg
kempjang kipjah angkloeng angentir kloeng
kloeng toer noet irama pong ping pjek prong[1])
broeng tocng toeng dan doeng groeg beng
boeng brang

1) kirang sawanda : prong.

poeng pek ping pek pong boeng peng peng tong
ting tong gring
pep pep bah poeng bjang doeng brang

227. kang emprak Noeripin Djalalodin
sarwi njekel soemboe rnoebjar-moebjar
moebeng kalangan angleter
sarwi angemoet soemboe
tenggok karo den-barongoti
tjitjingklok tjetjangklakan
pan soeroeng sinoeroeng
brongot binarongot gantya
dangoe denja beng-oebengan siring geni
kelangkoeng rahabira

228. lamoen noedjoe tibane ing singir
Djajengraga ngelik abaroengan
wong pitoe rempeg oengele
aroem roentoeng anoentoeng lir
salendro moenja ngrarangin
kang senggolan kewala loeloet
wiletipoen singir deling
angemanak tan sarenti lapal
bisahri rabingi kad badan
noerhoel akla

229. pajah badan badrabida kali [2])
majoedjla-ana rat bihil akla
noesarkan wamagribane
ahloessamai kaloe
oemarkaban ahlan waoelbi
soban noer ngidjan ripta
tanpa mamis loehoe
kil ngatil koes nioes tahlan
wa la mar-ahoel badroekarli koesnihi
bah djata tloeboe akla

230. noeija kang santri keh naoerani
tanpa roengwan baroengan Ian terbang
sawidji tan ana geseh kelangkoeng
ger goemoentoer sinalahan selawat
nabi wasalalahoe ngala-ilii
wasalamoe salalah ngala
Moeliammad soewoek alon
terbangira angepiping beng beng
beng seleh terbang

2) Temboengipoen Arab poenika buten kaleresaken, namoeng niitoeroct poenapa kawontenaning babonipoen kemawon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

231. Djajengraga noelja matja rawi
toemembel patitis kir'atira
pasekal dawa tjendake
sembada empoek mentoei
sadjak jaman woes angesehi
wilete ambiola
ngemandang alandoeng
anggalendem roem araras
santri ingkang ahli kir'at tyase' enting
mjarsa pasekatira

232. woes bakda denira matja rawi
noelja sasamben oedoed anginang
wineton panganan maleh
inggih sakantoenipoen
saprandene misih prajogi
santri samja njamikan
ing sasenengipoen
noelja lekas bawa lempang
Allahoe ja Allahoe Allah ja rabi
na Allah kasboen Allah

233. tanggap bareng santri keh naoeri
angantep swara tan etang erak
sedaja samja rahabe
goemer goemroemoeng ngandoel
asaoeran gantya woes kadi
monggang lan lokananta
nganjoet-anjoet aroem
ki Tjerma lan Widigoena
samja emprak beksa kelana tinangkil
karone iket djingga

234. tjatokan set njontong asisinting
ramboet pinoentir ngloewer singsetan
tjawetan saboek sondere
akaweng tali wangsoei
pan andegleg ambapang ngibing
apasang poepoe malang
ngingkrang gedroeg-gedroeg
aebat groeda andjingklak
seblak larap naretjet moendoer serisig
anglenggak langak-langak

235. tangan kipat-kipat oekel tangkis
djaridji geter amboentoet landak
andengklang manteng mantengteng
madjoe banjak saloeloep
anggedingdang lamboeng klak-aklik
patjak goeloe edjlegan
manggoet-manggoet njoengoek
angembjak akipjah-kipjah
keplok tangan lempeng aniba ginondjing
akiprah gidrah-gidrah

236. Djajengraga tyasira meh kedik
seleh terbang ambeksa kelana
mjat ing raka tyas djrih mene
moepoes mocng nerbang besoes
angoengkoeli kang sedajeki
ngapipir ngipat asta
imbal rangkep baoed
ngagem si matjan garongan
pan djoemenggloeng lir gong Siem mantoeg bening
tan ana timbangira

237. aningali boengah sedajeki
mjat kang emprak Ian ingkang narebang
saoeran tiba singire
angelik tan akantoe
bi aslabi arbab sodadi
kadis samsoe pilibra
djihatan akaloe
koeloe wasirtoe sarian
pi boetoeni tasarapat likamali
pi loemoeriltoengawal

238. naoerani santri kweh gorangrik
sroe aseseg ginobjog terbangnja
pong broeng brang broeng beng toeng toeng greng
pep pep bah bah koer bah koer
ngoek ngoek bebeb tjlong tjloeng toer toer tir
tong ting tor bong poeng poeng brang
tanpa roengjan oebjoeg
Tjerma-sana Widigoena
njekel tjoiok njengkelang tjolok soesoemping
tjolok njakot amoebjar

239. rane soeroeng sinoeroeng sisiring
bobrongotan pan bakar-binakar
kelana perang rekane
atelorongan soemboe
bar ber moebjar apaser geni
genti tjandak-tjinandak
gja kinarja tjoendoek
saengga lir pengabaran
kang anonton enting soekane kepati
soemjak-soemjak gergeran

240. samja katemben denja ningali.
noelja soewoek amatja selawat
samja reren sedajane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djajengraga goemoejoe ingkang
raka goemoedjeng ririh dasare
toekang beksa kinen emprak
baoed karja boengahing akatah
anglegaken galihe para priaji ki
Tjerma Widigoena

241. tinimbalan madjoe aneng ngarsi
pinaringan panganan segeran
roedjak kopjor djroek keproke den-
galoendoengken neloe kang sawidji dipoen-
iseni arta sedjampel soang kang pinaring
noehoen moendoer wangsoel ing genira
woes pinangan noelja kang pininda ringgit
si Senoe lan goes Soerat

242. saking wetan padang den-obori
ingiring para rare djedjaka
tjingak wong nonton arame
ngaroehi goejoe-goejoe ojeg
kabeh samja anolih bilah
nganggo ronggengan merok-
merok ajoe ting baleker
goeligikan
ham hem ramja neboet bilah setan radjin
radjine pak Radjiah

243. noelja piak mire nganan ngeri
pating ketjemoet atjoekikikan
kabeh marenges andores
saking soeka andoeloe
kang pininda ronggeng woes prapti
ngarsane ingawirja
mepes sila panggoeng
Djajengwesti mesem moelat
Djajengraga goemoedjeng soekeng ningali
Koela-wirja alatah

244. pan kinembar boesananireki
sindjang parang roesak kemben djingga
rinenda pinrada aden
singset ngaweng ing poengkoer
apamekan 1) mendala giri wangkong
wingking talfban mantjoet adoe
mantjoeng tapih sipat polok tinap

1) prajoginipoen: asamekan.

asandoengan pengasih nerampad. woeri widi
djenar gebegan

245. sengkang oeliran panoenggoel sidji
poepoer rinemboeg petak socmilak
tjetik asangsangan katjte
gembaja brit koestaloes
geloeng sedeng bokoran djinggring
pinalipid ing sekar
anggit mager timoen
tinirahan ontjen moentjar
pinalangkan ing djoengkat penjoe rinoekmi
tjoendoek mentoel tamengan

246. Djajengraga angandika aris
sapa ingkang andandani sira
apa ja si bioeng dewe
Soerati nembah matoer njai
Daja ingkang dandosi midjil
bekta boesana saking djro
sedaroem panoewoenipoen
bok inja ia talah nini Daja
dene apik bisa karjajoe
warna

247. lah wis pajo empraka kang betjik
kang liningan oematoer sendika
Djajengwesti Ion delinge
si Djamal Djamil ikoe
konen eniprak disik wong kalih
kang raji noet ing raka
noeija ngandika roem
lah Djamal Djamil empraka
berkat sira sabating goeroe linoewih
ingong kang ngalap berkah

248. matoer sendika ki Djamal Djamil
sarwi noewoen sela item wawrat
Djajengraga soeka tyase
gja kinen moendoet watoe
pan sakendil ageng woes prapti
doepa menjan rinoemat
adan lekas goepoeh
sadjak Karang keboejoetan
bismilahi hi amana bismillahi
amana mana lilah

249. sinaoeran goemoeroeh pra santri
kadya bendrong sasra abaroengan
goemer goemeder arame
angkloengira kemroewoek

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

terbang oemres baroengan singir
ki Djamal Djamil emprak
lir ngalangi banjoe
sela sagenoek ingangkat
rame anteb jnganteban genti-genti
kadya kapqek salamba

250. kang ningali kegawokan sami
sedaja sami asoeka-soeka
Djamal Djamil mendet rate
pasoeson dipoen-reboet den-agirken
rare neng lampit rare alit
berangkang den-antebi watoe mring
wong ro balag balegan bioeng
andjrit biang prie koewe kjai wong
akeh djelih samja

251. nanging rarene sangsaja aring
gelenteran inganteban sela
tan pitaja wong toeane age-age
rineboet woes karebat dipoen-tangisi
noelja ger samja latah langkoeng
ramenipoen Djamal Djamil denja
emprak denja bandem-binandem
sakenaneki rai weteng gigirnja

252. terbang adjegoeran manengkeri
tinatab gobjog kaja bedaha .
toeng plek toeng plek doeng brang doeng breng
beb beb bah bah goer bah goer
pang peng ping beng ketongting tong gring
groeng groeng bjeg hrang broeng broeng brang
kloeng kloeng kloer kloer tir toer
Djamal Djamil denja emprak
saja rahab nelasken boedajaneki
noelja agegaboesan

253. noewoen kalewang berang Ian arit
bapang sinoengan kinarja emprak
kang mjat maras tyase kabeh
noelja batjoek-binatjoek
mjang arnetjok gares pribadi
bat bet datan toemama
ngali-ali ketoel
miwah denja babrongotan
kang kinarja tjolok obor geng kang geni
rame bakar-binakar

254. Djamil kinarja tedas ing geni
bebed saroeal koelambinira
oedeng ramboet lan djenggote
pan dadya geni moeroeb
moelad-moelad abadan geni
wong nonton eram-eram
langkoeng soekanipoen
Djajengwesti Djajengraga
goeng goemoedjeng ningali ki Djamal Djamil
sedaja soemjak-soemjak

255. bebedira ki Djamal den-ating
atingaken ngoboran kinarja
anggoreng katjang kedele
mateng samja ingoentoet
koelambinja anggembol warih
genine ingoboran
karja godog kimpoel
mateng pinangan ing botjah
noelja nocwoen Iinggis wesi gilig kalih
sinoengan kinarjemprak

256. sigra gcgaboesan Djamal Djamil
pentoeng-pinentoeng ing linggis samja
Djamal pinentoeng raine
sroe banene koemeproek
batoek petjah tiba ing siti
getih adeladagan
kelosodan moedjoer
pinindo nganteban sela
sirah remdek baloeng renjek badaneki
ngaloemproek gobrah-gobrah

257. kang ningali tjep getoen tan sipi
goemoen samja manahe soemclang
sedaja poetjat oelate
Djengwesti mantoek-mantoek
gedeg-gedeg ki Djajengragi
Soeardja Wira-doesta
mjang Koela-wirjekoe
samja angoengoen sedaja
prie koewe mengko akale ki Djamil
agawe gegawokan

258. ki Djamil salin anoewoen gending
sekar gadoeng kang landoeng lon-lonan
pan mengkana saoerane
oeloeng asamber oeloeng ja
maole si oeloeng mati
ngelajoeng ja maola roke pida
jakoen Djajengraga goepoeh
modjar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring goes Soerat Senoe lah ngadega
singir noeta Djamil kewala

259. matoer sendika kang sinoengan ling
noelja ngadeg mring Djamil winoelang
woes linoeroeban wangkene
Djamil neng woerinipoen sarwi bekta
angkloeng kekalih kang djisim
ingoebengan sinden oelueng-oeloeng
sember oeloeng ja maola si oeloeng
mati ngelajoeng mole rokin pida jakoen mengkana

260. sareng ngelik metit andjelirit
alantik lir poeloeng kang pipitan
kadya nangisi istane
mring bangke kang amoedjoeng
kang ningali sainja keh nangis
trebang lirih satoenggal lan angkloeng teteloe
lawan kendange satoenggal oekoer
djawil imbal angepindjal bintjil
kempjang njampjeng pintjatan

261. ting salentik pang pingletapak pik pik
toeng plek toeng plek tong ting boeng pang

ngoek ngoek doeng doeng tong toeng toer ter
koetoegipoen koemeloen majid obah noelja
anglilir loeroebe ingoeongkaban ki
Djamal woes loenggoeh ambekane arenggosan
ingadepan ronggeng ro lawan ki Djamil
Djamil lir welas moelat

262. noelja njandak bende 1) lawan arit
Djamil ngoetjap keh ta bendo sira
Ian si arit bapang koewe
loemakoea soen oetoes
pada meka dawegan aglis
gja bendo arit bapang
kesah reboet doetjoeng
goemlotak ketanggor tjagak
Djamil angling bok den-alon bendo baring
loenga tan ngarah-arah

263. ginagoejoe mring kang nonton sami
tan adangoe bendo arit bapang

1) prajoginipoen: bendo.

kaloeng degan anjegandeng
sareng saking ler kidoel
praptanira aseleh ririh
bendo arit toemoempang
neng daweganipoen
ki Djamil woewoese soegal
ora oeroes Djamal [2]) bandjoer den-parasi
sebele [3]) boeangana

264. noelja tangi bendo lawan arit
ting galasrok marasi dawegan
polah dewe ras res ras res
kang mjat soeka goemoejoe
dawegan den-inoemken aglis
degan sekawan telas
bendo arit goepoeh
amboeang sepet boeboehan
noelja Djamal woes bagas lir wingi ocni
noewoen sal in lagoenja

265. denggoeng Banten bawa saoerneki
denggoeng jahoe daim denggoeng Allah
daim Allahoe daime
sigra sinaoeran goer
brong proeng proeng brang deng toeng toeng toeng gring
pjak pjak bjeg pep pep bah bah ngoek
groeg boeng tor tir toer oemres baroeng Ian
saoeran Djamal Djamil aemprak nelasken
gending genti ngantjiki sirah

266. emprak poendak kinarja tjik-antjik
samja banting-binanting bag-began
pra emprak tan kadya kie kang
nonton sakelangkoeng tjoekakakan
hah hah hoeh hih hih kapingkel kel
kaselak pan kapentoet-pentoet katah
ketoeh ngebrok genja kaparitjit arsa
loenga bok den-goni milane
anggadidak

267. woes antara kesaoeran singir
soewoek matja selawat lahoema
sali wasalim ngalehe
lan wong keh salalahoe
ngalaihi wa asalami

2) prajoginipoen: djamak.
3) prajoginipoen : sepete.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

salalahoe ngalaja
Moehammad tjep soewoek
samja reren sanget sajah
amemangan kang seger mjang wedang kopi
Djamal Djamil ngandikan

268. aneng ngarsanira Djajengwesti
pinaringan ingkang sesegeran
semangka djeroek salake
srikaja lemet mendoed
woewoengkoesan pipisan isi arta
sareal sewang kang pinaring
sampoen noewoen moendoer ing
genira asesamben sedaja angaring-
aring noetoeg dahar njamikan

269. ki Koela-wirja amatja rawi
swara santak erak moeloeh remak
grawoel moeng boeroe wantene
seroe rada merkoetoek
nanging marang sastra petitis
matja lapal roewia
woelingan kabiboe
salalahoe ngalehisam
wa hoea ma kakaloe ala ngoejoeni
ma ka toengoen soeratan

270. wocsnja tamat denja matja rawi
Djajengraga ngling soeawi paman
padoeka ladjeng bawane
witipoen tjarang gantoeng
niba petoeng woeloeng kang aris
sigra ki Koela-wirja
abawa swara sroe
ja lai laha ilolah
1) Moehammad rasoeloelahi
Moehammad kabibolah

271. santri sedaja [2]) naoerani rempek
tan ana menehi sadjak angioed-ioed
swara keh jen noedjoe selehipoen
tinanggapan ronggeng ro ngelik
ngalik-alik araras njamleng nganjoet-
anjoet lir soendari kapawanan lantik-
lantik soeinenoet ambeler ati wong
samja sir koemesar

1) kirang kawan wanda.
[2]) kirang sawanda, katambahan : a.

272. wileting sinden amoelet. ati
lir tinoetoe tan kena tinata
tete"la lir estri djibles
sasolahe well woejoeng
kabeh samja remen tyasneki
tjipta sami kedanan
mring goes Soerat Senoe
Senoe dassr poetoe dalang
goes Soeratin dasar anf.ke wong soegih
ginoelang wasis beksa

273. beksa gambjong meses ronggeng kalih
tan ana sor-sinoran rimbag
tjangket-tjangket keketjete
tjat-tjatan kengisipoen
lentreng kesit moengser sisirig
ketjlap larap anilap
lengek-lengek madjoe
djaridja kedjer ling-lingan
mentoeng oewet antjengklang gendewa gading
sedet andedet oelat

274. patjaknja lir Srikandi neng kelir
lan Dresanala aparibawa
tanding wilet kaloeloete
oelet lir koepoe taroeng
tan koetjiwa baoede
ki Tjerma Widigoena
ambadoedi tjoetjoed
sarta senggake imbalan
abebanggen prak-prak keploke ngedasih
tjoronge moebjar-moebjar

275. ngelik petoeng-woeloeng koemalinting
lir soeling wratsari abaroengan
kang tan selaja toetoepe
ngalep-alep mlas ajoen
pan sembada sasolahneki
sangkep tangkepe limpad
ilo oekel tjentoeng
oekel lelaten tasikan
inggeg djadja djoewet ngoedjiwat ngaweti
Djengraga kegoegoeran

276. karekoehan widag-widig
denjarsa ambeksa gatenjengan
djrih ing raka isin ngakeh
kado-kado angoengoen
saking sanget denja kepengin

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djajengraga oemedal
totoja angoejoeh
mring sor djamboe ing gedogan
goes Soeratin sigra bekta tjeret midjil
kang toeras tinoeroehan

277. tinaken apa gede ta iki
inggih agenge boten kedjamak
ah ngadjeng sanget medoke
Djengraga sroe goemoejoe
selehena tjeretmoe dingin
mireng Senoe sindenja
ngeiik petoeng woeloeng
tjoemengkling bening lir pendah
rebab sedeng oleh santene goemrining
Djajengraga ambeksa

278. lan Soeratin denira angibing
paling karinggek neng pepetengan
antara teloeng gongane
lah wis pajo anoesoel
tjankingen tjerete jen lali
kasoewen bok kenjanan
wangsoel ing gjanipoen
anoetoeg denja trebangan
woesnja dangoe kendel sinalahan sami
samjaso sedajanja

279. Djajengwesti angling mring kang raji
toetoegena manirarsa soenat
kang raji inggih atoere kang raka
noelja kondoer Djajengraga
omber tyasneki ngandika mring
kang paman kados poendinipoen
poetrandika kondoer soenat
prajogine boebaran kewala sami
koela mantoek mengetan

280. paman kalih kantoena neng riki
moeng soeawi paman Koela-wirja
kang paman aion saoere
lah ia sakarepmoe
toetoegena ia prajogi
boebaran sakersanta
Djajengraga moewoes
penedipoen aboebaran
noelja Djajengraga lan Koela-wirjeki
samja kondoer mengetan

281. ronggeng roro Senoe goes Soeratin
Tjerma-sana lawan Widigoena
Widi-leksana lan maleh Toendjoeng-kara
poenikoe Ganda-sana sami angiring
Noeripin Amad-asra goes Dawoed tan
kantoen kang nonton boebar sedaja woes
mengkana atata denira linggih aneng
tengah pendapa

282. Djajengraga angandika aris
moendoeta trebang gender lan gambang
kelawan kendang soelinge
kang kinarja gongipoen
trebang bae kang ora sirik
kang liningah sendika
tan dangoe prapta woes
teng-teng pinatoet rebabnja
neming gender, sinenggreng ngek woes pakolih
njamleng neme araras

283. Djajengraga mesem ngandika ris
senggrengen sesendon patet sanga
den-noetoeg lih-oelihane
Widigoena kang soeloek
kang sinoeng ling sigra miranti
Tjerma-sana angrebab
Widigoena soeloek
kang anggender Ganda-sana
Toendjang-kara penet toetoepane soeling
Widi-leksana gambang

284. Koela-wirja ingkang angegongi
gong trebange si matjan garongan
noelja lekas sasendone
Tjerma-sana abesoes
toetoepira geter amiwil djaridji
anglir pendah kaladjengking
ngantoep akesit lir anggang-
anggang kosok lamba amoepoet
aloes alari jen rangkep rikat rata

285. Tjerma-sana patjake amandjing
ngik-ingike ngereng lir garantang
kawat pakolih santene
nges wilet manis aroem Ganda-sana
gender goemrining serenge anjaloepak
empoek oelem aroem bebengkakane
ngemanak penaboehe ngapindjal pantjer
mintjati semoene lir Onengan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

286. Widi-leksana penggambangneki
apik dasar gambang dadi anjar
kajoe rawan roem swarane
kaieresan pikantoek
grobog sedeng rongronganeki
platjak pakoe koeningan
sesenteng pinoentoe
apesagi rarasira
penaboehe naritil dridji koemitir
galebeg tan tjaroekan

287. abot kiwa kebat alestari
ter geter lir koepoe pret-oepretan
tan goling wiwilahane
matjalang wiletipoen
baoed besoes anggoenoengsari
Toendjang-kara denira
njoeling nganjoet-anjoet
tioepan pakolih djamang
woeloeh tarang toea bobotsari tipis
mentjok oenjeranira

288. tan belero laras nora silir
matis manis enteng swaranira
bening tjengkok toetoepane
samja reboet ngesipoen
keh oeninja amemelingi
soemelet atoetitan
panioepe landoeng
anglir poeloeng kapipitan
pra niaga kang samja sesendon ngenting
sara joeda sabeman

289. Djajengraga angandika aris
wantji poenapa paman poenika
ki Koela-wirja saoere
pan iki bakda saoer
doeroeng bedoeg teloe kang wantji
setoen setengah tiga
Djengraga amoewoes
saenggane rong gendingan
apa kanti Tjerma-sana matoer aris
kados boten kasesa

290. lah ja pajo moeni lompong keli
noeli petoeng woeloeng ingkang membat
noelja boeka gendingane
egong trebang djoemenggloeng
pan ambaoeng lir gongsa jekti
rebab ngetjek ngak-ngikan
gambang koemloentoeng toer
soeling merit atilepan
gender nal nil Widigoena angendangi
rara tjiblon kosekan

291. rarasnja roem njoendari ngrerangin
1) kang naboeh samja baoedira
adoe wilet jatmakane
ing gending nges-nges besoes
Tjerma Widi kalok pesisir
niaga Wana-marta
kang komoek moemoeroek
ronggeng ro Senoe Ian Soerat
sareng ngelik meded lempeng lompong keli
saja weh kalingloengan

292. dasar woes enggone aneng gending
kang anaboeh ambjantoe tog-togan
rempeg mrih pada rasane
ronggeng sangsaja besoes
pengibinge dipoen-gendingi
kang mjarsa noendjang-noendjang
loemajoe andoeloe
asoekoep pada sedela
ing pendapa gede tjilik djaloe estri
apipit jel-oejelan

293. saja karenan ingkang ningali
Djajengraga ngatipoeng pang poengan
sarwi alon andikane
paman soepaminipoen
poenapinggih poenika kenging
lamoen den-emprakana kang
paman goemoejoe patoete bae ja
kena dene' [2]) ora nganggo
egongneki namoeng trebang kewala

294. wa mengkana ing kono Noeripin
Dawoed Amad-asra **prie** sira
kang sinoeng ling lon atoere
soemangga kersanipoen langkoeng
adjrih matoer koemawi Koela-wirja
lingira keh-akeh rinemboeg wis pajo
teka empraka ngarah apa mengko
manira laboehi Djajengraga alatah

1) kirang sawanda, katambalian: ing-
2) kirang 2 wanda, katambahan : teka.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

295. nging jen wonten doekane djeng kjai
ngong tan oening mangsa borong paman
ki Koela-wirja begenggeng
ja wis ana ing akoe
kang nadahi doekane kjai
kang poetra dasar kersa
ana kang ananggoeng
Djengraga tjoetjoel rasoekan
njamping destar ingeloes ingkang alengkin
ngoesap-oesap koembaja

296. adan djoemeneng lekas angibing
Koela-wirja ngadeg aserigak
Noeripin Djalalodine
kinen anjekel soemboe
wong kekalih lir ambadoedi
Djajengraga ambeksa
patjake asagoeh
beksa pandji nom Madoera
miwir njamping ageter djempol klak-aklik
atandjak kebo menggah

297. medi kengser ngalesed narisig
angikal oekel asta ngradjoengan
midak irama tindake
parigel egol lamboeng
aloek-loekan oela ngelangi
naredet asigegan
patjak djangga manglpeng
amentang asta andengklang
pan aebat naga kaboenton anolih
alaras riringgitan

298. kang ningali katah samja linggih
mjat kang beksa sedaja asenggak
kepiok lir gerah swarane
samja soeka andoeloe
bendarane kersa angibing
pasemone awajang
lir Wiroen abagoes
sarira loeroes adjenar
brengos tepen keketoegan lir minangsi
wadja tetesing toja

299. langkoeng boengah-boengah kang ningali
samja eram eraming kedanan
sakehe kang nonton kabeh
mitjareng djroning kalboe doeh
bendaraningong wong sigit lae-
lae saengga moemoendoeta
mring soen
ngong rewangi raja-raja
noemboek bentoes datan etang kinarikid
tyas ingwang tan soemelang

300. sangsaja berag denira ngibing
ronggeng ro pentjar moebeng kalangan
koempoel prepet nindoer age
sarwi anengkah lamboeng
golang-galing linglingan tiring
tjetik metok apasang
nampel-nampel poepoe
Djengraga lir pinagolan
djadja moengal mangloenging djangga angliling
kadya groeda kapelag

301. ebat ketjlap koemalebat kesit
lir peksimprit mesat sing pengoendan
alon akalangan kangsen
kedjer gambret anioep
mentjok maring pengoendan wentis
oeal moewer nengarsa
sisirig ngadoejoek
matet ngaleter tintingan
larap marang ngarsa nindoer sareng ngelik
amanis getas renjah

302. apoepoenton swara roem amanis
miroet 1) kwehning oelon amemba
atjampleng matis manise
datan meled seramboet
nges wilete ametet ati
ati petot tel gigal
geleng golong lingloeng
ka-iroep langen kalangwan
Djajengraga mentang oekel angetibing
nangkloek klek patjak djangga

303. woes adangoe loear denja ngibing
noelja lenggah sedaja aterap
sinoeng wedang panganane
ngaso-aso sedaroem
amemangan mjang nginoem kopi
noetoeg denja njamikan
Djengraga amoewoes
jen woes aso sesendonan
patet manjoera Widigoena njoeloeki
woesnja bandjoer gendingan

---

1) kirang: sawanda, katambahan : sa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

304. petoeng woeloeng tibakna ginondjing
niaga 1) sigra pepatetan
noetoeg oelih-oelihane
dan boeka petoeng woeloeng
Djengraga ngling paman soeawi
Koela-wirja agepah
saboeke den-oeloer
ngiras sonder singset pisan
destarira tinetepken katjep alis
njamping tjangtjoet serongan

305. kaweng sonder tali wangsoel prekis
tandang sagoeh asinggah agagah
beksa dadap kreta tjekeh
tandjak alaras madjoe
njidang moendoer kitjak narisig
madjeng seblak tajoengan
ladjeng nrisig moendoer
anampa manggel amagang
ngingkrang njidang manggel madjeng anaritjig
djeglig apatjak djangga

306. petoeng woeloeng aniba ginondjing
noelja kiprah ambeksa kelana
patjak goeloene aedjleg
ronggeng ro angeroeboet
nindoer gendeng moengser sisirig
goelet oelet-oeletan
moebeng madjoe moendoer
lintjak-lintjak kitjat-kitjat
amatenggeng matengteng lir Bima koenting
manggel tek patjak djangga

307. noelja sampoen denira angibing
keringetira aperoentoesan
leren aso sedajane sesamben
njamoek-njamoek woesnja noetoeg
amatjit sami Djajengraga ngandika
doenena rebabmoe kendonana
kendangira pajo pada boebaran
sedenge arip kang finingan sendika

308. angling malih amoendoeta doewit
teloeng real paringna niaga
tan dangoe prapteng ngarsane
gja pinaringken sampoen
pra niaga nembah noewoen sih

---

1) kirang sawanda, katambahan: nja.

njamikan binerkatan
sigra samja moendoer
Koela-wirja apamitan
kang anonton woes boebar tan ana kari
moeng Senoe Ian goes Soerat

309. ingkang datan kinalilan moelih
anata sarean neng panirat
woes miranti sa-oelese
Djajengraga doek waoe
neng panirat denja agoeling
Senoe lawan goes Soerat
angeloni poepoe
dangoene akelesikan
Djajengraga esmoe goejoe angling ririh
sarwi narik pipinja

310. sira karo di mandjoeloek titik
samja mendjoeloek doemoegeng djadja
angekep Iamboeng kalihe
ing kanan kerinipoen
ronggeng roro den-tetakoni
sarwi kinen nekema
ing kagoenganipoen
ronggeng ro agaligikan
samja nekem rong tekem pandjangireki
wates galeng kewala

311. sira ikoe wis pada nglakoni
kelampokan lawan botjah-botjah
gede endi karo kie
ronggeng roro goemoejoe
matoer dereng tate den-wori
maido Djajengraga
apa moeenga akoe
tjekek bae oewis sira
goes Soeratin matoer inggih sampoen mami
kang kedoegi ing manah

312. sami soetaning soedagar singgih
ingkang asih lir tiang kedanan
kewala kang sami dene
santri gih katah woejoeng
nanging datan koela langgati
namoeng raji padoeka
goes Kandjir kang sampoen
poetrane ki Wira-doesta
jen kang sepoeh moeng padoeka lawan malih
kiai Koela-wirja

313. Djengraga ngling paman lawan mami
gede endi matoer kang liningan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

geng pandjang padoeka kie
kiai moeng sa-etjoe
jen poeniki sa-etjoe loewih
kirang kedik sakilan
Djengraga goemoejoe
sapa maneh kang anggarap
matoer sampoen ora satemene maning
inggih namoeng poenika

314. lah si Senoe kaprie sireki .
ajwa koembi maioera pesadja
Senoe nenibah Ion atoero
inggih katah kang woejoeng
mring kaoela kedanan sami
santri mjang soedagaran
katah pawehipoen
sami ingriki kewala
men weradin akatah kang sami brangti
inggih dateng kaoela

315. kalih ki pengoeloe. Basarodin
dipoen-kaloetoek namoeng sapisan
kapok kinelampok maleh
Djajengraga goemoejoe
goeligikan gerojok angling
kadekne kelirikan mjat botjah
roemoetjoeh bagoes kang soeloeh
wedana man pengoeloe oelate
angintjih-intjih nora mamboe wong
toea

316. saliane ing kene kang endi
Senoe oematoer inggih kaoela
noedjoe katimbalan nopeng
dateng kita roemoehoen
kinersaken dateng djeng kjai
dipati Wintes sowan
geng gandjaranipoen
boesana arta kandelan
boenton djene kaoela ngantos tri latri
tan sinoeng medal-medal

317. toewin para poetra sentaneki
katah kang kedanan mring kaoela
mila wit kaoela wade
gih sapikantoekipoen
tiang nista ngling Djajengragi
manira lan kakang mas
gede endi ikoe
oematoer ageng padoeka
angling malih ikoe pan goroh sireki
lan soen gede kakang mas

318. sarwa ngontjori kelawan mami
kerana akoe doek muksih djaka
kang mas toemenggoeng sring mrene
kadang soen kang loemeboe
aneng kana tan pisah mami
kongsi setengah woelan
tan kalilan mantoek
mring wang kersa kelampokan
pan pineksa makeneng lagja sakedik
mopo akoe tan koeat

319. moeng soen kempit ing poepoekoe mipit
kanti anggandjel aneng welakang
lineloer pegel raose
bade ia satoehoe
matoer namoeng kaot sakedik
sarwi gelo ingogak
Djengraga goemoejoe
sapa kang ngloewihi kang mas
matoer boten wonten sarwi anggeligik
ora teka blakaha

320. matoer ngentet-entet esmoe isin
inggih wonten nglangkoengi rakanta
agengipoen mjang pandjange gebal-
dalem poenikoe kaki Widigoena
nglangkoengi angoewer mring kaoela
kongsi anjengkeroeng Djengraga
goemoejoe latah anempoeh bjat dene
poetoene pribadi apa meri wong katah

321. djer roepamoe gregetaken ati
sira ro apa tan kangen mring wang
Ian pirang dina lawase
tan kctemoe mar ing soen
inggih wonten kalih dasa ri
Soerat matoer sepasar
apan djrih kelamoen
tan wonten ingkang timbalan
ja den-mrene kewala mengko soen ganti
samja matoer soemangga

322. jata waoe mjarsa swareng peksi
kloeroek ajam mjang poeter Brenggala
Djengraga kado kersane
penggalihira tanggoeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angandika mring ronggeng kalih
Senoe Soeratin sira
tekemen bae woes
tjoea ing wektoe toenggangan
noelja samja nat-net anekem-nekemi
sarwi ganti angaras

323. warastranja dangoe den-arasi
denira makas woes waoenira
Djajengraga rongeh tyase
koemenjar angganipoen
datan keni dipoen-sajoeti
mrekinding bededengan
ngatjetjeng sakoedjoer
noedjoe ronggeng ro angaras
sanget ngingsep koemedjot njoroti pi pi
karone goebras-goebras

324. anggalegeg ngoedal-oedal midjil
aler-leran nando neng landoengan
nora oetjoel panggegeme
Djajengraga ambekoeh
ah eh ngeses em-em sarja ngling
o o lah ketiwasan
prie koewe ikoe
da-pada ngoer den-tamakna
ginagoejoe ing ronggeng pating goeligik
toengtas denja derawas

325. kekentelan andjendel neng rawis
miwah kang katah aneng landoungan
den-kesoedi saptangane
kebes koembajanipoen
pan werata lir den-sekoeli
Djengraga woengoe nendra
anggereng gegetoen
njampinge adelemokan
eh Soeratin moendoeta njamping den-aglis
koelambi saboek destar

326. mring si bioeng kang kinen gja prapti
boesana katoer neng patadahan
Djengraga mring patirtane
Senoe Soerat toet poengkoer
marang koetah tinalang mili
jkoengkoem siram djinabat
poeroedjil mani woes ronggeng ro
kinen angoema angosoki -kagoengan
landoenganeki anglalar sariranja

327. noeli mentas denja asoesoetji
salin boesana sapangadegan
patlesan pinaringake
maring goes Soerat Senoe
nanging Soerat matoer tan apti
noewoen panah kewala
sagendewanipoen
Ian emprit kang moeloek lepas
sinagoehan pinaringan samja tampi
nembah noewoen kalihnja

328. Djajengraga malbeng dalemneki
Senoe Soerat woes tjoetjoel boesana
datan winarna solahe
kang aneng ler winoewoes
kang djagongan pendapa sami
kang noetoer kalanira
mring kidoel andoeloe
kang emprak singir terbangan
para toea mantoek-mantoek den-kandani
ki Baji toemoet soeka

329. angandika marang santri Loetji
kaprie Loetji sira toetoera
kang emprak sapa kabehe
Loetji matoer agoeproek
kang roemijin adi Noeripin
Ian Djalalodin emprak
asoemboe-sinoemboe
noenten kentol Widigoena
lawan Tjerma-sana loetjoene kepati
pan emprak tjara boeda

330. koetjiwa tan mawi tekesneki
dede emprak anopeng belaka
metenggeng tir andjegegeh
ki Baji sroe goemoejoe tir
keprie toetoermoe Loetji matoer
tan saged nelad badanja
sakodjoer goeloe atoklak-taklikan
telorongan baleberan paser geni
rineka kelana prang

331. noenten sabat kalih Djamal Djamil
medalaken pangeram-eraman
teb-teban gaboesan rarne
mawi pedjah amoedjoeng sirah
petjah adjoer kang koelit
rahipoen deladagan kang ningali
goemoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noenten ronggeng kalih beksa
anjindeni tan adangoe majid tangi
moelja lir waoenira

332. katali rekanja bendo lan arit
kinen mendet dawegan sedjandjang-
bebede kinarja goreng
katjang Ian gembol banjoe
darnel godog oewi gembili
ki Baji soeka-soeka
winartan agoemoen
angling ja besoek kewala
lamoen ana leganing ati ing bendjing
jata ing wajahira

333. woesing bedoeg teloe ingkang wantji
noelja amedalaken ambengan
rolas ambeng gede-gede
kendoeri sekoel woedoek
delamipoen lembaran pitik
kelawan sekoel kepjar
koekoeloeban koedoe
sekoel golong petjel doan
petjel ajam mjang sadjen-sadjen petani
sedaja linorodan

334. sedaja kapang ngepoeng kendoeri ki
pengoeloe Basarodin donga moemoele lan
selamete dinongan sedaja woes gja binage
ambeng wtjradin djaba djero kawratan
djaloe estri soekoep tan ana kang
keliwatan woesnja tjinarikan binektanan
moelih woes mandjing wektoe padjar

335. kinentongan ngoemres goprak moeni
binedoegan soeboeh wajahira
mjarsa adan ing masdjide santri samja
loemajoe goemaroebjoeg salat ing
masdjid kjai Baji Panoerta angimani
soeboeh sawoesira bakda salat kjai
Baji kondoer den-iring pra santri
ladjeng lenggah mendapa

336. angandika marang ingkang raji
ki Panoekma lawan ki Panamar
katri lan Djajengragane
pada dandana goepoeh
parentaha sakehing santri
prajoga djenengana
ing paningkahipoen
ki Djamhoer seh Amongraga
masdjid gede tatanen ingkang abetjik
kang raji toer sendika

337. dene sira koeloep Djajengragi
ingkang kidoel mangsa bodo sira
rampoenge barang rakite
lan wong mager-sarimoe
prajoganen ingkang angiring
marang ing kakangira
ing paningkahipoen
kang poetra matoer sendika
ngling mring garwa marenea soen tuetoeri
midjila ing pendapa

38e Zang; dichtmaat: MIDJIL.

1. sigra kang garwa ni ken Malarsih
lampahira alon
prapteng ngarsa amipit silane
djatmikane semoene awingit
tingkah ngati-ati ketange jen
loepoet

2. tekad tinawadjoehken ingati
loemampah sapakon
tan poeroen ngroemijini kersane pan
koemambang wisesaning laki tan
watak nisani ing woewoes mjang
tjatoer

3. solan bawa angganja sadermi
narah tan roemaos
andarbeni ing tyas sendet sedeng
moeng soemangga sakersaning laki
djrih doerakeng akir amanggih papa
goeng

4. pan mengkono wong wadon prematı
geng begjane woewoh
jekang kaja Malarsih anggepe
anoet roentoet nora memalangi
rnoewoehi kamoektin
marang kakoengipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. aningali mring garwa kiai
angandika alon
soetanira ni Tambang-rarase'
paningkahe ia mengko wantji
ngasar sangatneki Ah made kang
loehoeng

6. soetanira resikana noeli
pesadjan kang moenggoh
paesana lelaradan bae
moeng boesana patoeten kang betjik
wiwida jwa mawi tjitjitak tjetjentoeng

7. mjang Ielata pepeta ti-ati
ikoe adja nganggo
ajwa kaja maksiat tjarane apan
tjegah ngelmoe tan pakolih
kapindo menawi doedoe
parengipoen

8. kang kinarsan ki sen Amongragi
krana Ilah kemawon
malah karja moeng semene kie
kaja-kaja nora amarengi betjik
andjoeroengi ing sakersanipoen

9. lan penggawe ing sadina iki
kabeh abon-abon
rampoengana apa ing adate
parabote' wong amoenggah hadji
adja kongsi sisip
koekoeranganamoe

10. ni ken Malarsih oematoer inggih
sendika ing pakon
berkah toean tan wonten kang keter
sampoen mirantos sedaja sami
moeng kantoen kendoeri ingkang
dereng rampoeng

11. ja wis inangsa bodoa sireki
sawing pakewoh ajw nganti
koekoerangan kabeh
amoeng kari ing sedina iki
tan memekas malih ia
moempoeng esoek

12. *moe*ndoer saking ngarsa ni Malarsih
ngiring *pra* wadon pan andjoedjoeg
engggoning poetrane

ni ken Tambang-raras kang piningit
apan woes tri ratri tjatoer dahar toeroe

13. lir pradapa sinempal ngawengi
lorod wenes idjo
angga-angga tjitra anglalentreh trah
toerasing kang elmoe mawingit repiting
pangaksi angganteng ngoengoewoeng

14. sarwa sedeng pangadeg respati
tan ana winaon
anteng adi woetoeh djatmikane
rema kebes mentas d6n-djamasi
djamoesing wadja lir laring
koembang gempoeng

15. tasik wawaleran bae nipis
pesadja jen tinon
sindjang seta limar semekane
rasoekan takwa sembagi koening
pengangge tan pati woes masem
asemoe

16. ingkang iboe prapta ing gjaneki
Tambang-raras anon
goepoeh mingser moedoen saking gene
woes pinarak waoe ni Malarsih
angandika aris ado eh atmadjengsoen

17. tinibalane pan ramanireki
dawoehe maringong
kinen angresiki mring sirangger tan
linilan trap paes pipidih lelata ti-
ati tjitjiiak tjatjentoeng

18. pendjaloeke ki sen Amongragi
kersane mengkono
adja kaja maksiat tjarane moeng
krana Ilah bae den-kersani
kapindone lagi kawingitan kalboe

19. dadya ramanira angrodjongi
sakersane winong
pan angrasa bcgdja mring sira ger
krama antoek ngoelama trang elmi
sroe soekoer ing Widi ing
pendonganipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. soempeg dedel tyas dening sireki
inengko woes tjoemeplong
lir poenagi ja saking boengahe jen
ta adja kepagol ing kingkin nira
seh Mongragi kaja noemboek-
bentoes

21. pesti ngatoeri para priaji
anggedeken dajoh
nganggo boebak kawah toempak pondjen
moeng pinoepoes oetamaning elmi soenat
maksiati
ngoendaken tekaboer

22. Tambang-raras sangsaja awening
tyasira soemorot
pan soemrowong mindak menter anter
tar pepeka tyas mring inaksiati raosing
iyas kadi katjondongan djoemboeh

23. niatoer mring iboenira aririh
kaoela sajektos
paminipoen tjinara penganten
ingadesa kang limrah nglimrahi
inawi klenak-klenik koela
boten soekoer

24. dados roebed roebeda ing boedi
badan koela mopo
katoedjoenipoen wonten ingkang reh
kaleresan boten rnawi-mawi
jen mawia pesti
tan wande begoegoek

25. ni Malarsih goemoedjeng ngling aris
doeh soetengsoen babo
nora njana jen kabenerane
nianira senggoeh tyasira moetik
ing inengko woes noenggil
denok soekoer-soekoer

26. moegi sira djinoeroeng ing Widi
santosamoe woewoh
pira-pira noegrahan tibane marang
sira ilhame Hjang Widi menawa
njaloni loekitaning loehoeng

27. ingkang poetra niatoer noewoen moegi
amanggiha jektos
sabda iboe nastidjaba mangke
pandonganing rameboe kapoendi
pan kaoela dermi anglampahi
toedoeh

28. Tambang-raras ingaras boenneki
sarja barebel loh
doeh soetengsoen woding tyaskoe angger
ia-ia moega-moega nini sinihana Goesti
Pangeran kang agoeng

29. noelja ngandika noedoeh ing tjeti
Soembaling soen kongkon
oendangen si bibi Daja kae
neng padjangan kang toenggoe patani
wong toea berkahi ika kang woes taoe

30. amaesi penganten priaji
ja ninekmoe denok
pan selire dipati swargine
Wira-saba moelane si bibi
neng kene noet kjai dadi
kadang katoet

31. Tambang-raras atoerira inggih
kang tinoeding goepoh
tan adangoe ni Daja praptane
moenggwing ngarsane ni ken Malarsih
angling mila bibi wajahe poenikoe

32 ngalap berkali andika pahjasi
laradan kemawon
datan niawi peta lelatane
tjetak tjentoeng trap pidih tan mawi
moeng angimpoen alis
woeloe poehoenipoen

33. ngentja kentjenging keteb malipit
ngilang woeloe kalong
ingkang 1) ingarsa woerine
pinrih maja-maja koelit rimpi
rampinging pangaksi soepaja
soemoenoe

34. toewin sadadosipoen ing mangkin
bibi mangsa borong
koela sampoen pitaja penede
kang soemoeroep mring kersane kjai

---

1) kirang 2 wanda, katambahan; ana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

krana Ilah kang pinrih
ingkang mara semoe

35. ni'mbok Daja pamoewoese inggih
sampoen walang atos
koela angkah-angkah prajogine
ni Malarsih noedoeh mring Soembaling
enggalna toemoeli
sadjen-sadjenipoen

36. panggang toempeng tjara djenang abrit
Ian kelapa oewos
gedang ajoe soeroeh ajoe djambe
gambir bako menjan sarwa betjik
Ian djoepoeta doewit tindihe nem
soekoe

37. warnan pasar ia kang mcpeki
ajam oerip babon
klasa bangka anjar lan palemek
djarit kekembangan baiik loerik
kang pepak swarnaning among
adja kantoen

38. lan godong kloewih ginawe linggih
mjang roedjak tjarobo
doepa dian soemeden kang menter
jen ana kelalenkoe Soembaling
takona si bibi ladenana goepoeh

39. ni Soembaling atoerira inggih
ngomel sarwi djomblong
akeh temen klenak-kalenike
kinoempoelna kjeh pengadjineki ana
rolas anggris kelamoen den-etoeng

40. 1) moedjoer plemek bae' jen wis
dene moemah-moemoh
gitik trohi njai Doja koewe
2) goemoedjeng doeka ni Malarsili
ora teka gelis
pidjer akoemroesoek

41. ni Soembaling pan kaja tembaling
prentah maring wong-wong
kinen moentioet pepaking sesadjen
tan adangoe woes samekteng sami
katoeran ingarsi
kang bekta adoeloer 1)

42. tjampoer bawoer mjang sckar toelja sri
setaman neng bokor
ni Malarsih aroem andikan
koela tilar mangsa borong bibi
koela angroemati karja lianipoen

43. ni'mtok Daja toernja gih prajogi
moegi kang pitados
dan loemampah ingiring rentjange
andjenengi keh kang namboet kardi
kang dereng ginelis kang oewoes
tinoenggoe

44. maring wisma moendoet djarit-djarit
sinoengken pra wadoit
wiar tjioet wradin sedajane kang
sentana miwah maher[2]) sari kinaot
peparing oenda oesoekipoen

45. djaloe estri pan samja pinaring
pesalin sabobot
telas sindjang nem kodi katahe
wiar tjioet woes dinoem djalwestri
mengkana kalaning wonten wong
mertamoe

46. anak poetoe ing Wana-marreki
sedaja puenang wong
djaloe estri pan pada embjake
soemawana petinggi djalwestri
samja nadar bekti ngatoerken
pamoendjoeng

47. mring djeng kjai Baji Panoerteki
denira memanton
panggrahitanira sedajane
poepoengkasan denja namboet kardi
poetrestri sawidji
dinama ingoegoeng

48. koesoeng-koesoeng sami niatneki
tangkepe babjanton
samja amrih katon dewe-dewe
djaloe estri anjoembang pribadi

---

1) kirang 2 wanda, katambahan : ingsoen.
2) kirang 1 wanda, katambahan : a.

1) prajoginipoen; andoeloer.
2) prajoginipoen: mager.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

katrimaha dening
sekalianipoen

49. ing djeng kjai toewin mring djeng njai
kabeh pan mengkono
toer tan ana pinardi soembange
samja toekoel nadare pribadi
kang soegih mjang miskin
pan saini denipuen

50. ingkang njoembang wiwit bjar anggili
samja djodon-djodon
amerabot sabobot pengangge
kang tan doewe sakadarireki
wong kang soegih-soegih
semoea dinoeloe

51. djor-djinoran boesana di-adi
rare pinarabot
pan rinoekmi-roekmi penganggene
samja bekta panganan mawarni
neng doelang toep sadji bobokoran
moendjoeng

52. miwah djodang sinarebet poetih
mjang djodang ginodong
antjak kodok angkring lawan djolen
samja ingentilan bebek pitik
kang banjak kebiri
weneh ingkang wedoes

53. ingkang kidang mendjangan mjang sapi
goedel pedet kebo
saben wong kang noembang bebektane
apangiring sembelehaneki rekanira kadi
semajan sedaroem

54. kang panganan pangiringing estri
ngarsa bekteng bokor
sinamiran antakoesoemane
ingkang nampa rare boesanadi
kinarja di asri pengiriding lakoe

55. weneh patadahan kang sinamir
kang gawa pinrabot
pra rarestri kang anampa kabeh kang
anjoembang samja ngangge keling
djaridjya li-ali mirah inten tadjoeg

56. kang meksih nem sengkangan toeljadi
penoenggoel rinonjok
inten bjoer mjang sekar satamane
abra markata awarni-warni djaloe
lawan estri mompjor moebra-
moebroe

57. pala widja kinarja pengiring
ing wong lanang mengko
kabfeh samja kinaioengan lawe
anjatoekel nadyan pitik sidji
sinarimpoeng dening ing lawe
sagemoeh

58. ingkang ngirid rare djaler sami
djedjaka merabot
pradjoeritan kotang beloedroene
abangkol mas saboek tjinde abrit
bebet limar wilis sinerong
tjinantjoet

59. akris landean prasoe pinodi
pendok ngoenir bosok
sroeal sangklat abrit 1) pandji-pandjine
iket rendan djeplakan breh koening
anggagas mredjoerit sarwi noentoen
wedoes

60. miwah kang rapekan golang-galing
oedeng gilig djarot
kotang sangklat idjo renda djene
kris tjara Balen tjara pangroekmi
oekiran kendit tri brengos woeloe
loetoeng

61. boreh koening garoetan medeni
djadoeg noentoen kebo
weneh djaka koelambi balenggen
[2]) sikepan baloedroe lilintjis
saboek tjinde wilis brengos lemet
angoes

62. bebed polos iket djingga manis
adoe mantjoeng penjon
singsetane gituk mawi kontjer
pendok boenton kris landean miling
besoes ngerik alis
sarwi noentoen lemboe

63. pan sedaja djedjaka kadyeki
samja marong-marong

---

1) langkoeng sawanda, kaboetjal: a. 2) kirang sawanda, katambahan: a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarwa keling sarwa roekmi kabeh
ing anake soedagar wong grami
wonten bekteng pitik aneng
woerinipoen

64. bapanira[1]) pribadi pan sami
tan pae merabot
warna-warna sadoewek-doeweke
kang pradjoeritan kang tjara santri
ingkang tjara Boegis
tjara Madoerekoe

65. endi kang woes den-ambah agrami
tjarane ing kono
pan tiniroe-tiroe penganggene
pra soedagar samja anoetoegi
panganggenireki antjoeng reboet
oenggoel

66. datan tjaroeb sapangkatireki
babrajatan golong
kang soedagar sami soedagare
ingkang kria samja krianeki
dalang lawan gending niaga
akoempoel

67. kang blantikan pan sami belantik
tan ana oewor soh
sabangsane madjoe bareng genten
kerig lam pit wong sadesa prapti
kang tniskin tan isin ing
sakoeatipoen

68. datan etang moeng godong salempit
mjang beras satompo
kajoe satikel ingatoerake sami
tjipta marang djeng kiai
poetrestri sawidji
wekasan memantoe

69. mila samja darbo nadar sami
sakadare kang wong
woes mengkono sedaja kadjate datan
ana kang toemamboeh sidji wong
kang soegih-soegih loemampah
adoeloer

70. doepi prapta pelataraneki
djaioe estri njero
ingkang estri ladjeng mring daleme
dene pora djaler mring mendapi
samja bekta anggris sedaja
kinandoet

71. ambrengangang neng pendapa asri
boesanane mompjor
samja akris tjra panggoedel mele'
keli oekiran sagolek gengneki
kraheng roekmi woes lir boeta
prang anggregoet

72. ki Moertala ki Gopa ki Peti
ki Gandang ki Loendong
kjai Derma-joeda kjai Gobes kjai
Imba-kreta Djaga-pati ki Benlang
ki Ketjil ki Bapang ki Koepoe

73. ki Djoemena Djempina Sebagi
ki Doplang ki Polong
kjai Djamblang ki Bopong ki Konteng
ki Balendang ki Mendang ki Tjanting ki
Brarem ki Brahim ki Koeloer ki
Lengkoer

74. kjai Padang-boelan ki Sentagi
kjai Singa-barong
kjai Mentak ki Keblak ki Tjotek
kjai Pandak ki Galak ki Klitik ki
Katik ki Pati ki Batok ki Batoek

75. kjai Djabang ki Djoeber ki Kadir
ki Sembong-doengaron
ki Trenggoeneng ki Goeleng ki Sole
kjai Merdi ki Koelih ki Wakil ki
Penggik ki Sidik ki Goegoet ki Ketoel

76. ki Djakrentja lawan ki Soemendi
ki Gondrong ki Sendrong
kjai Ima-joeda kjai Gombreng kjai
Tadjem ki Djendjern ki Moebin kjai
Andamohi kjai Djaga-satroe

77. pak Radjiah pak Roemiah toewin
pak Kidjah pak Borong
pak Boediah pak Klimah pak Medeng
pak Salbiah pak Mirah pak Radjin pak
Imran pak Jasin pak Garem pak Remoe

---

1) prajoginipoen: bapakira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

78. pak Banikem pak Trikem pak Kemis
pak Tenias pak Drebos
ki Sampora ki Djali-poerane ki
Djepara ki Sapoera toewin ki
Tarn am ki Arnin ki Pandjang-
djiw£koe

79. ki Lawatan ki Djoegah ki Tikjik
Ian kjai Malangbong
ki Pangirat ki Nodja ki Djaet ki
Boediman Ian kjai Baoedin ki
Banda ki Kabir ki Bandoeng ki
Tjantoer

80. kjai Soka-dana ki Wardadi
ki Bekong ki Bonong
ki Pandaja ki Baga ki Koernen
kjai Malang-djiwa Malang-sari
kjai Poera-sari ki Poetoe ki
Mantoe

81. ki Sekar-petak ki Kembang-koening
ki Sawo ki Soero
ki Dadapan ki Warga ki Tompe ki
Roembaja ki Tjandra ki Widig ki
Garoeta toewin kjai Sapoe-garoet

82. kjai Djebad lan kjai Kastoeri
mjang kjai Salobog
kjai Poespa-rana ki Sentagen
kjai Poespa-raga Poespandjali
kjai Tali-pranti kjai Tali-datoe

83. kjai Poespa-djiwa Poespandali
kjai Tali-wangkong
Tali-kapa kjai Tali-rante kjai
Tali-montje Tali-kambil kjai
Tali-soetri kjai Taii-temboeng

84. kjai Rembet kjai Pet ki Petri
mjang kjai Balongsong
ki Pramada ki Djadrema Gambling
ki Poerwaka Poerwangga Wiraki
kjai Wiragati kjai Marga-ewoeh

85. Praba-drana Praba-djaja kjai
Pratima ki Gedong
ki Djoemiah kjai Basiahe'
Kreti-sedana ki Soka-nandi
Djoemilah ki Roebi
ki Djamoer ki Gandjoer

86. kjai Galang ki Kalang ki Kalim
ki Djongkang ki Gondjong
kjai Soeta-djiwa kjai Peres ki
Tjaloera ki Gombak ki Merti ki
Djoekoeng ki Konting ki Dapoer
ki Dampoe

87. kjai Bandja-joeda ki Pandjari
kjai Rengga-ganggong
kjai Angga-dipa Angga-tete
kjai Mara kjai Moere-mori
Limaran ki Goeling kjai
Tjanda-sampoer

88. kjai Reban ki Remben ki Rindik
ki Sembong ki Songsong
ki Mangkoerah kelawan ki Gebel
ki Pandjala lawan ki Pandjalin
mjang kjai Waloelin kjai Tjakra-
wedoek

89. samja madjeng matoer genti-genti
nembah matoer alon
kang poenika kaoela wiose,
soemapala angatoeri bekti
kondjoeka djeng kjai
patoembasing apoe

90. pan mengkana atoerira sami
djeng kjai nglingnja lon
ia banget tarimengsoen kabeh
moega-moega berkata kang kari
selameting oerip kang pada
rahajoe

91. tinampanan pasoembangireki
sedaja poenang wong
kang rang real teloeng real weneh
matang real limang real nenggih
sekedike sanggris pra soedagaripoen

92. magersari mjang para petinggi
kang njagak pat retjon
samja ngatoeraken pasoembange ingkang
njoekoe ingkang djampel toewin tigang
seka sanggris kedike njetangsoel

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

93. noelja sinoegatan sedajeki
para noembang kang wong
sarta berkatane neng te'boke'
sedangoenja kang noembang nis prapti
tan beda toerneki
lan wangsoelanipoen

94. kang parestri malbeng dalem sami
merabot di kaot
sekadare wong desa pamere
samjambekta rare djaloe estri
maboesana roekmi anak
poetoe boejoet

95. ingkang soegih ngangge djamang soemping
kaloeng soengsoen badong
kaloeng dirham kokodokan selpen
koekoe sima pinodi rinoekmi
mjang kaloeng li-ali lang-
alang sakapoeng

96. kinantet tepoeng samja li-ali
mjang mirah sabeton
kaloeng pitjis mas kang anggris tjentel
binggel kilat baoe anting-anting
tjoendoek soeri roekmi miwah
sroemboeng koentjoeng

97. samja apipinggang apepending
slepe tjatok krontjong
sarwa keling kabeh penganggene
sindjang kemben selendang koelambi
sasenengireki kewala pinatoet

98. kang koembaja entjit mjang sembagi
poetih koening idjo
pandan soerat sembodja limare
loerik ramboetan lawari tjelari
deraga waloelin palanging 1)
mjang peloeng

99. berem daragem patani tloeki
solok lan balongsong
moer biloedroe kesting kestop tjinde mjang
kang ngangge sengkang warni-warni mas
samja angoenir-bosok sepoeh-sepoeh

---

1) prajoginipoen pelangi.

100. sengkang seta mjang panoenggoel sidji
kang sengkang teronjok
sengkang taman [2]) seling mirahe
kang tjeplok kembang rinadja werdi
kang soernboelan adi sroemboeng
gedah biroe

101. apanoenggoel pipinggir pinodi
mjang kalpika kaot
inten mirah pan katah dapoere
ngangge radja kapoetren rarestri
djaloe panganggja di radja
kapoetran noeng

102. tesel pinardjoeritan rarjwa lit
sarwa lit anganggo
kris pendok mas tjerapang kirane
kraheng prasoe miling de'n-ne'trani
inten mirah abrit kinotang baloedroe

103. tjemeng idjem biroe woengoe abrit
epek ababangkol
sroeal pandji-pandji keh warnine
djamang gagaroedan asoesoemping
samja bebed keling wida djenar
aroem

104. samja djedjer lir wajang kalitik
moewoehi sri tinon
soedagar kang prapta sedajane njai
Doplang njai Djamblang toewin ni
Bentang ni Tjanting njai Djaga-satroe

105. ni Drema-joeda ni Djaga-pati
ni Gandok ni Batok
ni Djoemena lan ni Djempinane
ni Sebagi ni Kindjeng ni Tikjik
ni Blendang ni Bening
ni Tala ni Boengsoe

106. bok Radjiah bok Tadjetn bok Jasin
bok Imran bok Bobot
bok Trikem bok Semangka bok Sonder
pepak sedaja para pawestri randa somah
prapti soegih miskin tan woen

107. Ian bodjoning kamisepoeh santri
kabeh samja rawoh

---

2) kirang sawanda : se-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

matoer genti-genti dewe-dewe samja
ngatoerken pasoembangneki mring ni
ken Malarsih patoembasing apoe

108. kang sareal rong real patanggris
mjang sindjang kemawon
wiar tjioet samja keling kabeh
miwah bodjoning para petinggi
toewin magersari ngatoerken
pisoengsoeng

109. woes tinanggapan pasoembangneki
tinarima kang wong
ni Malarsih alon andikane
moega barekata ingkang kari
kapindone malih jwa soesah
sedaroem

110. dene ngong tan mawi 1) ngoelemi
kabeh sanak ingong
samja matoer sedaja parestren
boten soesah pan kaoela dermi
berkah padoeka wit saged atoer-
atoer

111. sarta barkahipoen djeng kiai
sawabipoen kaot
ni ken Malarsih aroem delinge
alkamdoe lilah kadjate sami
noelja ingkang prapti sira njai
Djamboel

112. ngirid djodang pat sinerbet poetih
linapis ing godong
kang sadjodang wowohan isine lah-
olahan kang sadjodang malih
sadjodang kerambil kang sadjodang
boemboe

113. sarwi ngiringaken lare alit
rolas amerabot
kinembar sedaja boesanane
gelang kilat baoe djamang soemping
kerontjong pepending
kaloeng sroemboeng koentjoeng

114. samjambekta bokor selaka lit
sinamir bloedridjo
pan goemroedoeg kang ngiring woerine

samja mrabot keling warni-warni
pan randaning entjik wasta entjik
Djamboel

115. tengah toewoeh wantjinipoen njai
sadjak meksih den-go
tjara bodjoning entjik prabote
sakelangkoeng rahabing agami
asring moelang ngadji rare
saben esoek

116. langkoeng soegih piambak njaintjik
Djamboel amerabot
sindjang saroeng sobanlah ngalembreh
apan rasoekan kebajak setin
biroe pinaletik
ing kembang mas moeroeb

117. kotang poetih kantjing roes mirah brit
kantjing tangan karo
barlean er laoet sanga siseh li-
ali taota lawan lintring mirah
toelen toewin serakit geng
tadjoeg

118. akeraboe roes barlian
adi
geloenge anjontong
tjoendoek soeri toemanggal tinretes
inten kinemalan mirah abrit katje
koembaja brit koesta dasar aloes

119. prapteng taroeb ki Baji ngoedoeni
malbeng wisma wong ro
parestri sedaja samja mire
ni ken Malarsih mingser sarja ngling m
lah ingriki bibi
Ian koela aloenggoeh

120. woes pinarak Ian kiai Baji
tata denja loenggoh
njai Djamboel nembah toer salame
sembah kepada Allah djeng kjai ki
Panoerta gipih rahab salamipoen

121. sinaoeran ngalekoem salami
noelja ngalih goepoh
marang ni ken Malarsih salami
sembah kepada Allah djeng njai
Malarsih naoeri ngalekoem salamoe

---

1) kirang sawanda, katambahan : a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

122. woesnja prenata ngoempoelken samir
ingkang rolas bokor
sarwi matoer lah poenika ni ken
koela ngatoeri patoembas sirih lan
malih njaosi tape kang
sawoengkoes

123. kjai Baji lan kang garwa sarwi
goemoedjeng miraos
sampoen soesah-soesah dados tyase
lintang namoeng donganipoen bibi lan
tan mawi-mawi ngoelemi sedaroem

124. Djamboel matoer he soesah poenapi
berkah padoekandon
sinoeng ridjeki kamoerahane
dening Allahoe tangala paring
sawabe djeng kjai tan kirang
woes tjoekoep

125. wawrat koela doesoen tiang alit
tan awalang atos
inggih saking djeng kjai dongane-
mangsa saben woelan darte kardi
moeng kantoen poeniki djeng **kjai**
memantoe

126. ni Malarsih goemoedjeng nampeni
ingkang rolas bokor
binoeka isi ngrong real kabeh
goenggoeng kabeh selawe prah anggris
ki Bajwangling inggih
sanget tarimengsoen

127. toewin noewoen narimeng Malarsih
langkoeng soeka karo
kjai Baji andonga amine
wabarakalahoe palalihi'
inggih moegi bibi berkata
kang kantoen

128. kinen noelja Malarsih anoeding
mring Soembaling goepoh
medalaken ambeng soegatane
sigra noedoeh marang kang ngladeni
Ian kinen nampeni djodange ni
Djamboel

129. roemat ingkang nampeni ngladeni
tinata kang soegoh
kjai Baji alon andikane
bibi djengandika kantoen boekti
koela amanggihi
jen wonten tetamoe

130. matoer inggih gja djeng kjai midjil
ni Malarsih alon
lah wantinga bibi miwah kabeh
noelja sedaja sami awidjik adan
lekas boekti rojom apikantoek

131. woes antara noetoeg denja boekti
gja kinen anglorod
ingoendoerken ambeng rampadane
noelja tjinarik marang pemboeri
wrata sedajeki rarjwalit mjang batoer

132. lan berkatan tampah tedok tampir
sampoen pinirantos
ni ken Malarsih alon delinge
sedajane ingkang sami prapti jen
woes sami boekti moegi
ingkang moedjoed

133. atoegoera bandjoer ajwa moelih
djroning gawe kono
pada boemenana dewe-dewe mjang
rarjwalit kang menganggo sami dimene
neng riki ajwana kang mantoek

134. krepen dolan pada rare tjilik
samoha tinonton
amoewoehi srine djroning gawe
kang liningan tan sawaleng kapti
dasar tyas kadweki 1) nedyeng
sami toegoer

135. woes pinatah-patah sedajeki
karjane pra wadon
pan binagen tjoekoep sedajane
woesnja noetoeg aloearan boekti
berekat pinaring-aken marang
batoer

136. kinen ngoelihaken rentjangneki
roemat sedaja wong
noelja sami boebar andoem gawe

---

1) prajoginipoen: kadyeki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rare dolan sapoeroegireki
ting sariwet asri srining
kang pendoeloe

137. gedrah goemeder pating djalerit
miwah kang den-emong
ingaringan sinden mrih loeloete
rare kang rada gede ambentik
toedjon tjirak oembris
gangsingan aroeboeng

138. kang tamboeran kendangan derindil
toet-entoetan kontol
mjang plemboengan pitik pinidak tet
meksih samja ngangge-angge roekmi
ting pentjorong kadi brana sinebar
bjoer

139. keh kang nangga sega aneng takir
sinambi goegoejon
langkoeng soeka tanpa rocngjan rame tan
woes oetjapen sakweh rarjwalit kang
sami datengi noenoembang adoeloer 1)

140. tiang djaler dateng kjai Baji
pra djaler kemawon
ingkang estri samjestri katoere
tan kaliroe pisoembang kang prapti
jata kjai Baji
neng pendapanipoen

141. wonten tiang titiga kang prapti
sami ambelowos
nanging matis kabeh tapsilane
kjai Baji tanja sira ing di
matoer kang sinoengling kaoela
ingoetoes

142. poetranta djeng kiai dipati
maringaken oewos
kawan atoes pitrah ing katahe mesa
pitoe lemboe woloe nenggih lan
sedasa kambing bebek ajam njatoes

143. kang poenika katoera djeng kjai
pisoengsoeng soepados
dadosa lotoeng kemawon mangke
kagjat Baji Panoerta nglingnja ris
soen narima inggih moenggoeh
ing Hjang Agoeng

144. noelja sinoegata kinen boekti
woes noetoeg linorod
tjinarik mring rentjangira kabeh
pan werata toewoek sedajeki
noelja tjaraka tri pamit noewoen
mantoek

145. tan linilan kedah adreng pamit
woesana rinodjong
noelja nembah lengser sing ngarsane
jata kang neng dalem ni Malarsih
mengkana kalaning wonten kang
mretamoe

146. ni Malarsih ambageken noeli
kang tamoe tinakon
karjanira kang liningan toere
oetoesane djeng kjai dipati
Wira-saba nenggih paring
arta satoes

147. dawahipoen dedemitan paring
patoekoning lombok
sabab nora weh weroeh marene jen
aweha weroeng [2]) marang mami gone
doewe kardi sedaja soen sangkoel

148. ni Malarsih djetoeng aningali
ing real sekantong
nora njana kedatengan gandek
narima mring ridjekining Widi
saestoe ki Baji ing
mangoenahipoen

149. woes tinampan arta mring Malarsih
anoelja sinoegoh
woesnja noetoeg nadah soegatane tan
antara tjaraka noelja mit ingandeg
tan kenging sigra lengser ladjoe

150. kjai Baji Panoerta nimbali
mring kang garwa goepoh
prapteng ngarsa alon andikane
tampanana lagjana ridjeki
paringe dipati
beras patang atoes

---

1) prajoginipoen: andoeloer.

2) prajoginipoen : weroeh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

151. kebo sapi soeap lan kebiri
boemboe abon-abon
kangdjeng kjai dipati paringe
tjalengepan bae apeparing
miwah kang tinoeding
ngangge sarwa kloewoek

152. nora kena soen andeg dang moelih
moeng mangan soen soegoh
sapi woloe kebo pitoe kehe
lawan bebek ajam mjang kebiri
kang garwa ngesemi mring raka
oetnatoer

153. kaoela men marek noenten kjai
animbali mringong
koela inggih mekaten tan pae
wonten oetoesan estri satoenggil
kangdjeng ki dipati paring arta
satoes

154. ingatoerken arta satoes ringgit
ki Baji andjomblong
gedeg-gedeg moewoes oewe-oewe
dene akeh temen aparing sih
de soen tan ngatoeri
oeninga maleboe

155. kang sentosa loeloesing kainoektin
kasoeding Hjang Manon
tinandjehken ing panarimane
moega-moega kangdjeng ki dipali
winales ing Widi
kaboekaning elmoe

156. kang sentosa loeloesing kamoektin
ing donja prapteng don
woesnja dodonga soekoer ing tasbeh
soebkan Allah ngala palalihi ridjekoe
apihi wabil ngibadatoen

157. woes mengkana noelja animbali
ingkang raji karo
ki Panoekma lawan Panamare prapteng
ngarsanira kang raka ngling pasoembang
kang prapti kebo lawan lemboe

158. banjak bebek ajam swab kebiri
peragaten goepoh
saroepane jwa 1) olahen kabeh
ikoe sidekahe djeng kiai dipati
peparing ingon kaoem-kaoem

159. ki Panoekma bibisik kang raji
woes rembag wong roro
alon niatoer kang raji kalihe laniocn
pareng kersane djeng kjai pinragat
sepalih sepalih kang kantoen

160. jen sedaja katahen moebadir
pinragat kesompok
ingkang kantoen kangge sepasare
poetra dalem Mongraga menawi
wonten nering wingit adikiran
moeloed

161. ki Baji woes pareng toerireki
oemoendoer ari ro
rinampoengan parentah nambeleh
woes pinoerak mring sakehing santri
mring pawon dalidir
kang sainja soeng-oesoeng

162. tangi malih kang-anamboet kardi
goemerah ing pawon
oebres oemres pan sinengkakake
tjaroeb santri kaoem njai-njai
lah-oelah ngrameni kabeh bantoe-
bantoe

163. banjoe kajoe kajoe-kajoe toewin
ingkang ambelandong
ting geratok blag bloeg prak prek sroek sreng
srang srong kretjep kretjep ting karetjit
mamboe anjir goerih lir gerah goemoeroeh

164. katah solahe kang ngreratengi
gegelakan kang wong
para santri tan ana wangene
amemangan anggado tjip-itjip
angiras njenjangking amboentel
kekemoel

165. akeh kemlakaren para santri
koewaregen gado
gado kalak sa-enggon-enggone

---

1) prajoginipoen: ja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalak daging toengtoet lawan ati
gindjel mjang kikisi penioel
sandoeng lamoer

166. pondok kebak kalak ting salempit
aneng renggang-renggong
mentah mateng akeh meme dengdeng
lir poenagi agahan tan wigih gagah
wegah ngadji amoeng ngadji
moempoeng

167. ana santri sawidji kang sakit
andeprok neng pawon
senden toempang alempeng Iempenge
pan andomble dalole mendelik
mlemboeng wetengneki moetah-moetah
woeroeng

168. binabajang mring kantjane santri
ginawa mring pondok
pan woes siang ing wantji tengange
kjai Baji noedoeh santri Loetji kon
ngingon-ingoni mring wong-wong
sedaroem

169. woes werata denira ngingoni
djalwestri koemrojok
woesnja noetoeg denja nadah kabeh
kongsi bedoeg and.erend.eng moeni
noelja den-kentongi salat wetoe loehoer

170. kjai Baji salat maring masdjid
angimami lohor
woesnja bakda boebar santri kabeh kjai
Baji kondoer mring mendapi pepak
kang para ri Djajengraga ngajoen

171. miwah para loerah santri-santri
neng ngarsa toea nom
angandika ki Baji dawoehe pada
adandana 1) prajogi sarerehaneki
ingkang moenggoeh-nioenggoeh

172. ia sadoewek-doewekireki
samja nganggo-anggo
toewin pada moeliha den-age
matoer sendika sedaja sami
moendoer saking ngarsi
para pinisepoeh

173. tan woen sakendjing kang sami prapti
noembang lanang wadon
jen woes noembang ing djro saoelihe
ladjeng noembang marang Djajengwesti
sakadarireki mengkana sedaroem

174. jata ingkang aneng dalem wingking
kang lagja binonjo
Tambang-raras bade pinenganten
pinahjasan marang ingkang nini
sarira kinisik pan lagja den-loeloer

175. ing bras temoe lan keningar toewin
asem poepoes laos
sinaloesoer lalar pengloeloere
tjetinira Tjentini tan tebih pan
sakesoek oeti ngladeni abikoet

176. woesnja toetoeg penglalarireki
kinen sira goepoh
siram marang ing patirtan age
ni Tjentini ingkang ngleladeni
ngosoki beresih sawoesira
adoes

177. apasatan sindjang seta noeli
wangsoel prapta ing gon
gja ingoelik kinirab rikmane pan
winiwir djinebadan amrik rema
memak wilis apandjang
ambakoeng

178. woes ingedjoem kang oera sinoeri
ingimpoen sinerong
pan kineloen sinekaran ontjen-
ontjen anggitan gambir melati
minangka pemidih bebaloenging
geloeng

179. pada bote loeloengsen nengahi
pan moengser anggandok
kinelaban djinoem pinaletek
soerat-soerat ing poespita kengis
lir soedama mingip
amimiak mendoeng

---

1) kirang sawanda, katambalian: kang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

180. noelja Tjentini kinen maesi
sarwa di kinaot
nenggih bade kinarja patahe
pinahjasan lir panganten jekti
amawi pipidih tjitjitak
tjetjentoeng

181. lagja geloengira ingkang oewis
sinarehken aso
jata kjai Baji Panoertane pan
pinarak aneng ing pendapi
njampingira keling saroeng
taboer-taboer

182. apeningset sindoer amantesi
apipinggang tjatok
goiok soeasa merdjan tasbehe
arasoekan djoebah ledja abrit
kotang kiper poetih kantjing
mirah mantjoer

183. koeloek batokan biloedroe langking
antjepe dinojong
kanigara rinenda balenggen
atjeripoe samak oenta abrit
rinenda ing pinggir pan
pinakoe djamoer

184. ingkang aneng ngarsa ni Malarsih
sindjang sembagi djo
asemekan sindoer welakane
arasoekan galer konoes poetih
soepe' tadjoeg sidji woeri kang
ro mantoe

185. ni Toerida aloenggoeh respati
sindjang limar idjo
kasemekan oeda-raga aden
rasoekanira sembagi poetih
katje koembaja brit kenaren
mas loeroe

186. geloeng sedeng loeloengsen tinitih
ing sekar argoelo
asoesoepe mirah inten selen
kananira ni ken Rarasati
sindjang tjinde wilis
kasemekanipoen

187. plangi toempal podang ncsep sari
pan rinenda mompjor
ardja rasoekan sembagi djene
tjorakira kajoe aiijang remit
talekem mas adi soepe inten
tadjoeg

188. atetasik soemilak aresik
ageloeng kekendon
pan atitih tjepaka lan rone
wingking tarap sakoela-wergestri
pengangge mawarni samja moebra-
moebroe

189. ni Soembaling tapihe sembagi
mindo ibang pelong
kemben sindoer seser li-aline lang-
alang sakapoeng kalih sisih ngampil
tas tan tebih lan boentelan roekoeh

190. ki santri Loetji den-boesanani
amoebroe amarong
woewoeh tjekeh abesoes mendjete
pan abebed keling golang-galing
kopjah biloedroe brit iket adoe
mantjoeng

191. mentjong prandene den-koewoek mlirit
djeplakan lir antok
batik bang ngarab tepen pinggire
meret ngarep bae toeroet alis
klambi krestin abrit singsetan
asagoeh

192. binalengi ing renda senjari
linintjis amompjor
benik paloentoengan gede-gede
saboek tjinde wilis renda koening
rangkep kotang poetih benike
karepoe

193. anjote golok balosong roekmi
tesbeh mote idjo
sinampirken ing golok amontjer
sroeal pandji-pandji kantjing dasi
teken tjis tjinet brit ngadep aneng
poengkoer

194. noelja ki pengoeloe Basarodin
prapta andjemperok
pan ingiring modin merebote
Taiabodin Noer Soekidin Djali
Prana-ita toewin sarerehanipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

195. ing Pekaoeman sedaja ngiring
samja amerabot
sadoeweke angetog pengangge
batik loerik ingkang soegih keling
golok kris rinoekmi angiring
goernroedoeg

196. ingkang bekta epok lante' etjis
tjeripoe paidon
kjai Amadiman Amad-djoeber Mad-
doelah Amad-kahar Mad-tahir Amad-
djaelani Mad-badir Madenoer

197. Amad-koeramat Kapas Mad-koepi
Mad-loebi Madanom
Amad-sraja Mad-doerjat Madbae
Amad-insan Mad-rawi Mad soepi
Mad-kabir Madsair Mad-oenoes
Mad-joesoep

198. sami anggerebeg aneng woeri
wong selawe golong
kjai Kampoeh kawoeng ketoenggenge
saboek wiwiron poetih tinepi akris
pendok poetih landean ambetoet

199. arasoekan sembagjaloes abrit
lorog blorong-blorong
tesbeh genitri sewoe katahe den-
oebedken ing golok soemampir
binalongsong roekmi pan minangka
wedoeng

200. kotang poetih kantjing mirah abrit
sebe krestin idjo
ngaweng ngiwa nengen ing poengkoere
amoeng sela gandar mekah adi nervg
poendak soemampir ketoene
ngendoekoer

201. pandan binetot ageng angendil
lir tjangkoking keong
lemoengsire pinoentir angontjer
moengser andjeprak nglewer neng wingking
djembraking pipinggir
pan kinajoe apoe

202. andap ageng kjai Basarodin
lemoe anggelombroh
djenggot pandjang woes soemambel widjen
pan amedok aberok nglenggirik nglamberek
medeni anglir bala boedoer

203. Talabodin Noersoekidin djagi
Prana-ita keton
modin merbot sami penganggone dodot
kawoeng kemplang saboek poetih
knelambi sembagi abrit ketoe biroe

204. wong Kaoeman tan ana menehi
samja akeketon
ki pengoeloe prapta pendapa ge
atoer salam mring djeng kjai Baji
woes tata alinggih noelja ingkang
rawoeh

205. ki Soeardja waoe ingkang prapti
kampoeh gendjong idjo
saboek renda koening bjoer gombjoke
doewoeng alandean miling gading
adjoebah sembagi dadoe tjorak ing loeng

206. kotang poetih kantjing tjremen roekmi
asebe'-moer biron
koeloek kestop srebanipoen djene
atjeripoe teken djolang abrit tesbe'h
tjandanagi lelawedan aroem

207. pan ingiring sarerehaneki
kria sedaja wong
samja ngetog boesana pamere
anoet basahan sareban sami pan
awarni-warni ing sa-oenda
oesoek

208. ki Sepoera ki Nodja ki Amin
Nong-nong Banda-bonong
ki Boediman Taman Wregadjaet ki
Werdadi Tjandra-toempe Kabir
Baoedin Pasari Malangsari poetoe

209. Malang-djiwa man toe Kembang-koening
Sekarpetak Bekong
ki Garoeta Soero Sawo Koernen
ki Baidin Tjantoer Baga-widik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

goemroedoeg angiring
kehe' teloeng poeloeh

210. prapta sedaja aneng pendapi
nembah tata loenggoh
pan atarap wong kria woerine
kjai Baji mesem aningali
sadjake kang raji noelja
ingkang rawoeh

211. Wira-doesta kampoehira batik
parang roesak barong
saboek renda poetih klengkam djene
doewoeng landean gading sinemi
wrangka iadrang kendit pendok swasa
mantjoer

212. arasoekan koededar nelahi
sebenira kestop
biloedroe brit linintjis kotange koeloek
tjemeng sreban krestin abrit binara mas
ngrawit tesbeh akik woengoe

213. atjeripoe lapis biloedroe brit
rinenda wewengkon
pan ingiring sakeh rehrehane
wong kang boekak waroeng sedajeki
kjai Djaga-pati
ki Mendang ki Goegoet

214. Drema-joeda Gopa Polong Ketjil
Pati Singa-barong
Imba-kreta Gandang Tjanting Konteng ki
Trenggoeneng Djabar Djoeber Kadir
Goeleng Koelah Merdi Gatik Sole Gatoek

215. tiang tigang dasa sedajeki
goemaroedoeg golong
Wira-doesta prapta pendapa ge
nembah ing raka tata alinggih
kjai mesem meksi
mring ari kang rawoeh

216. ki Panoekma prapta kampoeh keling
peloeng bangoen telpok
arasoekan kelentang bineset
saboek renda kris landean gigi
pendok soewasa di tesbeh baloeng
doejoeng

217. akotang kantjing magori kendit
sibe brit mantlas top
koeloek beloedroe wilis balenggen
sreban djenar pan binara poetih
tjripoe sengklat langking pan
rinenda wengkoe

218. sarta ingiring rerehaneki
wong djagal ngon-ingon
sawarnining blantik sato iwen
kjai Reban Djebad lan Kastoeri
kjai Poespa-ragi
Remben Tali-datoe

219. Poespa-rana kjai Poespandjali
lawan Tali-wangkong
Poespa-djiwa kjai Tali-montje
Tali-arnben Tali kembang Tali-
goenda Tali-soetri
miwah Tali-temboeng

220. kjai Tali-banjak Tali-pranti
lawan Tali-badong
Tali-sentagen lan Tali-godeg
Tali-rante kjai Pet ki Petri
Balongsong Premadi
Djadrema ki Gempoeng

221. tigang dasa rerehanireki
samja amerabot
prapteng pendapa nembah woes linggeh
kjai Baji ningali mring ari soeka
tyasireki anoenten kang rawoeh

222. ki Panamar kampoeh limar abrit
toempal idjou-idjon
apaningset epek renda djene
doewoeng alandean tjoela miling
pendok boenton ngoenir tesbeh
kinjang mantjoer

223. arasoekan sembagjaloes koening
tjoerak woh sedompol
kotang poetih kantjing mas senoenen
sebe gambar Arab latar poetih koeloek
emoer koening sereban gadoeng bjoer

224. atjeripoe gegemoekan koening
pesadja inganggo
sarerehanira ngiring kabeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarnja ngangge keling warni-warni
wong atando sami sedaja tri poeloeh

225. Ima-joeda Sampora Tjelari
Wira-gati Drebos
Mretigala Kalang Goeling Peres
Gumhak Kembak Moerah Mandra Dimpil
Pendjalin Waloelin
Rembet Tjondong Sampoer

226. Angga-dipa Remben Mara Rindik
Goentang Ganggong Bojo
Sombong Songsong Moere Mori Gebel
Rengga Moentjar Angga Poera Keling
Grago Renggong Seling
ki Galendeng Dampoe

227. noelja prapta ing pendapa nenggih
nembah tata loenggoh
tarap aneng woeri djedjer linggeh
kjai Baji soeka mjat ing ari samja
amriaji noelja ingkang rawoeh

228. Koela-wirja kampoehe menehi
djingga pinaraos
pan rinenda moebeng rnjang barane
pan sageblog epek renda poetih kris
landean roekmi kraeng ngoegoet-
oegoet

229. kodok kesingsal tjangtjoel atjangtjing
tjekeh-tjekeh tjengkok
ngoembar koentja ngededer ambantjer
akoelambi djoebah limar wilis biloedroe
bangoen djring bordir kotangipoen

230. alantjingan tjinde pandji-pandji
pinerada porong
tesbeh sewoe djenangan selinge
ingoebedken tinap amentalit
ketoe poetih ngendii ambawang
seboengkoel

231. gnemoengsir 1) lir oewering bekingking
andjeprak wiwiron
ngontjer pandjang ngalewer woerine pan
den-kajang mengangge mrih mentjil

---

1) prajoginipoen : loemoengsir.

tan mamboe ngoelami
larasing bakikoek

232. pan den-iring sarerehaneki
wong Ketandan golong
samja kembangan kabeb dodote
akeketon kadya loerahneki djor-
djoran mawarni kabeh teloeng
poeloeh

233. ki Setana Witana Wiraki
Wiaga ki Winong
Poerwaka Poerwangga Angga-tete
Praba-drana Praba-djaja Roebil
Mangoendrana Paris Keblak lawan
Dapoer

234. ki Pandoe Taroempaka Wiragni
ki De'mes Selobog
ki Pandelem Soembreng Kebak Djolen
Bamban Eka-bawen Moga-penggik
Bantjang Wora-wari Dempel Koewel
Mandoel

235. prapta aneng pendapa anoeli
nembah noelja loenggoh
kjai Baji anggoegoek goejoene
langkoeng soeka denira ningali
mring kang raji-raji soekoer ing
Hjang Agoeng

236. noelja ingkang pra sentana prapti
samja amerabot
ki Sebagi djoemeneng ioerahe
koelawarganira kjai Baji misan
mindo sami prenah anak poetoe

237. kawan dasa ingkang koelit daging
kang toenggig [2]) bendojot
ki Sebagi prapteng pan njampinge
saroeng loerik aloes boegis abrit
djoebah ginggang loerik kotang
benik biroe

238. koeloek biloedroe bang binaienggi
oedeng-oedeng idjo
tesbeh djenangan njampir goloke
ki Djoemena njamping soetra gringsing
saboeke waloelin
klambi krestin woeloeng

---

2) prajoginipoen: toenggil.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

239. koeloek beloedroe woengoe tinepi
oedenge kamanjon
tesbeh batok njampir ing goloke
tjripoe linapis sengkelat abrit pra
sentana woeri ngangge' reboet
oenggoel

240. kjai Pandjang-djiwa ki Kalitik
ki Tjotak Malangbong
ki Lawatan ki Anda-mohine ki
Djempina Pandaja Pandjari ki
Djakrenda Tjikjik kjai Kindjeng-
koepoe

241. kjai Doplang Djamblang Bentang Bentik
ki Bapang Balongsong
ki Pangirat Kreti-sedajane
kjai Soka-dana Soka-nandi ki
Gemblak Tjetari ki Kocloer
ki Lengkoer

242. kjai Djali-poera Soerantani
ki Dadapan-gondjong
Onggantaka Onggandoea Selen
kjai Djongkang Padang-boelan Bening ki
Mangkoerah Koentji kjai Djaga-satroe

243. Tjakra-wedoeg ki Pandjala Moebin
Djala-soetra Bobot
ki Roembaja Roembaka ki Bangen ki
Dokerok Djembangan Werdati ki
Taweng Tjeraki kjai Dampoe
Bandoeng

244. sareng prapta ketebing pendapi
sanija lenggal loenggoh
kjai Baji soeka soekoer tyase
aningali sentana mepeki
keraos kang galih
berebel ingkang loeh

245. ketang sih kamoerahaning Widi
rahmating Hjang Manon
rinedjeken sakoelawargane
sawengkoning ing Wana-marteki
sedaja pinaring
ridjeki Hjang Agoeng

246. anor dria anggroes ingkang galih
koemenbeng waspanon
pira-pira soekoer pendongane'
noelja para soedagar kang prapti
karehing Djengwesti asarat maleboe

247. kjai Tadjem ki Djengdjem Soemendi
ki Pratima Sendrong
pak Radjiah pak Tidjah pak Medeng pak
Boediah pak Roemiah Radjin Salbiah
pak Widji ki Tjenting pak Tjantoer

248. ki Semirah pak Moerah pak Kitri
pak Basiah Gombong
pak Djoemilah Djoemiah pak Peres
pak Kabirah pak Nakirah Kobis pak
Widjah pak Siti pak Konting pak
Djoengkoeng

249. pak Boererah Soedjiah pak Soetji
pak Parah Semangko
pak Sariah pak Tomas pak Beser pak
Banikem pak Trikem pak Kemis pak
Soerem pak Rimbi pak Garem pak
Remoe

250. samja ngangge sasenengireki
ting prengangah mompjor
moeng pak Radjiah tan pati ngangge
sarwa loengset kewala toer resik saboek
wloelang langking tjatoke peroenggoe

251. prapteng pendapa samja ngabekti
tata samja loenggoh
noelja pra ioerah santri praptane
sarerehanira santri-santri pengangge
mawarni ing sadarbekipoen

252. ingkang sreban deng-oedengan toewin
iket mjang keketon
setjaraning oelama besoese sadoewek-
doewek kang den-simpeni samja den-
anggeni waneh kang nenamboet

253. ting biloengloeng pan silih-sinilih
mjang kang liron anggon
ana santri tan oleh njinjiieh
djadjah omah kawawoehaneki
meksa datan olih moepoes
noelja masoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

254. weneh santri kabojoeng ninilih
kaboetoh mimisoh
wingj moela ninileh tan oleh
koeawoehan kang woes loewih betjik
mjang sanak pribadi tjoempet nora
antoek

255. ih ja talah wong woes tepoeng betjik
tan ngandel maringong
dene-de~ne tan katon adoewe
lir toemingal bangsat maring mami
panedakoe noeli
gegera kang roesoeh

256. krepen modar soesah ole ngili
kedjaba mengkono
ikoe kelingan mring si mengkene
pada dene moenggoeh Allah iki
djare moerah asih dene ki
wakingsoen

257. tan pinaring kamoerahan mami
de tan beda ingong
nembah moedji ing rina wengine
endi gandjarane moerah asih adil
tlenong tlening adile' barendjoel

258. kedoemelan moering-moering sami
nangis anggelolo
pan mendokol sabiti atine noelja
wonten santri kang njilihi
loengset den-tampeni
agoepoeh winasoeh

259. pan koemerab para santri-santri
sare're'han golong
para loerah dadya pengarepe ki
Moertala Moertadja Moerdjaki
bagoes Djaelani goes Soleman
Joesoep

260. goes Djamdjani Arpani Tabrani
Belawi goes Oenoh
goes Jahja goes Soehada goes Djoeher
goes Ngaripin Moesin Moekin Jasin
Djanodin Ngabidin Sarapdin goes
Djadoen

261. goes Djoeakir Ngadjoedjir goes Kandjir
Wadjir Tamim Nahot
goes Tabjani Djuhari goesDjaher
Bahri Bahwi Kanawi Toekrani
goes Tajib goes Brahim
goes Joenoes goes Tamsoer

262. goes Dawoed Doelsoengoer Doelmoedangi
Doelkabir, Doelkaop
Doelkahar Doeldjala! Doeldjalaien
Doelkami Doelkamid Ngabdoelgani
Doelkamil Doelmoehji Doelsoedoer
Doelgapoer

263. Doelsoekoer Doelkoelner lan Doelbasir
Doeltaksir Doelsoero
Doelmansoer Doeldjaboer Ngabdoeldjaet
Noerdjani Noerngali Noerkamari Noerani
Noerbani Noeriman Noersoehoed

264. sareng prapta para santri-santri
nenibah tata loenggoh
apan nora djedjer djedjel bae
kjai Baji moelat ing pra santri
arahab tyasneki noelja ingkang
rawoeh

265. Djajengraga kampoeh tjinde abrit
pinarada mompjor
pan biloedroe boerdiran epeke
tjorak ing loeng sinongket lo bretji
klengkam banjoe manggis ginombjok
bolioen

266. atjelana poetih pinrada
sri
kepoh toenda medok
nioengser ngajoe apoe talibane'
wewalikan sindetan melipit
pirid lamboeng wingking
toeroet adoe mantjoeng

267. tepoeng mat is lan panengeneki
moewer njangkok keong
boentaring pasingsetan loengsene
djereng lir laring walang waleri
atjangtjoetan inggil sanginggiling
dengkoel

268. kodok kabeset anjatriani
satjengkang angongkong
wiron semboelihan pengasihe
sipat polok sandoengan amiwir
anggoebah winangkis
seseronganipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

269. wewaleran tan ana ngalengkin
mekar ambedodok
ngoembar koentja'winiroe tap tepen
ambelarak nerampad ing siti
pandjanging koentja sri tigang asta
landoeng

270. kris landean tajoeman sinemi
kandelan mas boenton
wrangka timaha pelet semboere tan
rasoekan akokonjoh koening
abadong soengsoen tri tinatoer mas
tatoer

271. binggel kilat baoe anting-anting
pamekak bebangkol
oentjal rante mas oedawalane
agegongsor tjerapang pinodi
atekes mawingit adjadjamang
soengsoen

272. kinarang melok mentoel er tatit
sinalon koekoepon
garoeda ngrem pamekak woerine ardja
soemping poespa krena roekmi
ingontjen melati mjang gogombjong
doewoeng

273. apepaes imbane pinirit
aloengit moetjoek dom
soegih liring kesit iribane
brengos ketoeg tepen lir minangsi
pasemon aringgit
abagoes lir Wiroen

274. pan den-iring sarerehaneki
kabeh para bagor
samja tekes kabeh soesoempinge
gelang kilat baoe anting-anting
rapek koentja kalih bangkol
akekaloeng

275. boreh koenir sroeal pandji-pandji
kris pendok mas boenton
patra emas mengkol oekirane
ontjen tibeng dada sekar gambir
anggerebeg asri tiang pitoe likoer

276. Tjerma-sana Widigoena Widi-
leksana Bintaro
Ganda-sana Ganda-taroenane
Ganda-baja lawan Ganda-sanggit
miwah Ganda-sasi Ganda-mara
aroem

277. Ganda-tenaja Ian Ganda-wangi
miwah Ganda-mirong
Ganda-poerwa lan Ganda-resmine
Ganda-poespita mjang Ganda-sari
Ganda-poera dewi
miwah Ganda-lajoe

278. Ganda-retna lawan Ganda-latri
Ganda-kria kang wong
Tjerma-laja Tjerma-wiragane
Tjerma-djiwa Tjerma-soeta toewin
Tjerma-jasa kawi
Toendjang-kara badoet

279. ki Noeripin kinarsan ingkang sih
kinampoehan djonggrong
abris 1) oekiran patra mengkole
saboek sindoer tjelanane koening
binorehan koening soemping
ontjen landoeng

280 kopjah matak ramboete djoemiwit
wangoene apego
santri loegoe tjinara priajen
nora santri nora amriaji
goendoel ambelindis
dapoere anjepoek

281. rada soegih woeloe ki Noeripin
djenggote abrewok
kinantilan tjepaka Ian rone lawan
kinantilan djangkrik gangsir orong-
orong bibis koangan koeangwoeng

282. mjang woeloe tjangklakan den-kantili
joejoe walang gamboh
dada kinantilan samber lilen
gedeg-gedeg soeker ting selentik
baoe malang kerik tan bisa
ngeringkoes

283. jen sinapit ing joejoe andjelih
ginoejoe pra bagor
prapta ing pendapa nembah kabeh kjai
Baji goemoedjeng ningali

1) prajoginipoen : akris.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring poetra Djengragi
ing boesananipoen

284. tjara doek djamaning Kaboe lengkir
prabote mengkono
tjingak ingkang neng mendapa kabeh
eram ningali mring Djajengragi sarwa
angalami Djawa Arabipoen

285. jata wonten tamoe ingkang prapti
kekapalan rawoh
rentjang rolas kekapalan kabeh
nama kjai demang Poera-sani
ing Pager-wadjeki woes netjep
goegoeroe

286. marang kjai Baji Panoerteki
praptano agoepoh
tjinantjangan sedaja kapale
kendel aneng paregolaneki
woes kinen toer oening
tinimbalan ladjoe

287. ngangge predjoeritan ametiting 1)
merabot adjarot
sedeng tengah toewoeh ing oemoere
tjekeh tjikat rikat amantesi bebed
naga sari sinerong tjinangtjoed

288. saboek gedog biroe bara koening
apetat bebangkol
arasoekan sikepan loerike
kantjing emas nanasan angoenir
kotang biloedroe brit blenggi
lintjis moenggoeh

289. saroealira sengkelat abrit
pandji-pandji kaos
njoeriga kris sinampiran katje
tali bandang tas Tjina neng keri
iket modang poetih basoenanda
toedoeng

290. srigak lir djaka nedeng birai
anoelja prapteng gon
kang linggihan mingser samja mire
woesnja lenggah demang Poera-sani

---

1) prajoginipoen : ametinting.

noelja madjeng ngarsi
soemembah angoedjoeng

291. angandika aris kjai Baji
lah woes dika loenggoh
dene koela tan well oeningane
niat ringkes kendoeri sabiti
demang Poera-sani nembah
noewoen-noewoen

292. inggih mireng werti kala wingi
mila koela goepoh
apan sarwi ngoetjoeli etase
mendet arta tiga welas ringgit
kaoela njaosi pitoembasing
apoe

293. noelja tinanggapan sarwi angling
banget tarimengong
tiang pinten rentjang dika kabeh
demang Poera-sani matoer naming
kalih welas nenggih lantjaran
agoepoeh

294. ki Bajwangling alkamdoe lilahi
narimeng Hjang Manon
noelja sinoegata sarentjange arta
sinoengken ing santri Loetji ken
maringken aglis mring Malarsih
waoe

295. para kjai mivvah santri-santri
toemingal agawok
kjai Baji agoeng mangoenahe
samja poepoedji soekoer ing Widi
miwah adjrih asih jata kang
tjinatoer

296. wonten tiang woes sepoeh setoenggil
kaki-kaki reto
pan minanten ing sadesa kabeh
doekoeh Poetjangan wismanireki
wong Wana-marteki djaloe estri
takoet

297. mjang perapat doesoen kanan keri
poendjoenge merono
marang poenden doekoeh Poetjangane
loeloehoere ing Wana-marteki samja
moendjoeng bekti ngalap sawabipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

298. kjai Wana-ita wastaneki
woes pikoen adejog
kaprenah pan kaki ing awoene
eang oewa iboene ki Baji
mila tan ngatoeri
saking makloemipoen

299. wong woes toea moeng tinoei-toei
ing «mangkja ki djompo
joen oeninga ing tjanggah ningkahe
kedjoemoetan sarwi den-djagani'
loemampah woes wigih ketoejoek-
ketoejoek

300. Iimar biroe woes loengset kang njamping
rasoekan kemanjon
koeloek kropak woes kawak semoene
oedeng oebet pisan poetih lami
tesbehe genitri saboek tali datoe

301. prapta djroning paregolaneki
ki Baji doek anon
goepoeh moedoen ki Baji ge-age
njandak astanira ririh sarwi ki
boejoet ngarasi mring ki Baji
waoe

302. moedoen sedaja ingkang alinggih
sami angrerojom
woes pinrenah ki boejoet lenggahe
noelja sedaja sami ngoendjoengi ki
Baji ngling aris sampean poenikoe

303. soesah-soesah plnarak mariki
wong woes sepoeh repot
kjai boejoet Wana-ita linge
moempoeng akoe ia meksih oerip
arsa wroeha mangkin ningkahe
tjanggahkoe

304. ki Baji tnatoer inggih oetami
sawabipoen kaot
angling malih srawoengan ing akeh
langkoeng sanget sepoehe kiai
pepantaran tapis woes ngadjal
sedaroem

305. djaman awal ing Padjang meningi
weroeh doek patogog
tjer-antjer pager koeta kodjore
iba lamine woes kawak oewi
milane pinoendi ing tiang
sedoesoen

306. langkoeng rahmat sampean poeniki
sarwi atanja lon
pinten joeswa padoeka ing mangke
kjai boejoet angling oemoer mami
taoene sapriki woes satoes nem
likoer

307. samjandekoe toemoengkoel kang mjarsi
pitoetoer kinaot
ngoengoen tyase ngalap berkah kabeh jata
woes andoengkap ngasar wantji santri
mager sari tan ana kang kantoen

308. pepak sedaja ingkang den-anti
ki Baji lingnja lon
apa oewoes prapta sakabehe
samja matoer telas tana kari
djeng kjai ngling malih
Djengraga sirekoe

309. angirida kabeh para santri
bandjoera merono
marang kakaugira Djengwestine
manira ladjoe marang ing masdjid
Ian pamanireki toewin ki pengoeloe

310. ingkang poetra sendika toerneki
ki Baji toernja 1) lon
eh Loetji sira roematen age
sesanggan praboting inoenggah hadji
Loetji matoer inggih pan sampoen
sedaroem

311. kjai Baji Panoerta ngling malih
mring pengoeloe alon
iki pa woes andoengkap sangate
mengko bakda ngasar sedeng akir
pengantene prapti ing
paningkahipoen

312 ki pengoeloe matoer aprajogi
loehoeng noenten bodol woesnja pareng
boedal noelja lengser kjai boejoet Wana-
ita ngarsi

---

1) prajoginipoen: nabda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ki Baji angiring
ing wingking goemroedoeg

313. Djajengraga animpang ing margi
sedaja poenang wong
prapteng petidapaning Djengwestine' tan
kaliroe saoeroetireki djedjer djedjel
pipit denira aloenggoeh

314. kang loemampah ing masdjid woes prapti
sedaja agoepoh
ngambil toja woeloe sawarnine
binedoegan wektoe ngasar mandjing ki
Baji ngimami anoetoeg bakda woes

315. jata kang wonten kidoel winarni
Amongraga dandos
sinaosan boesana saking ler kalih
petadahan kebak njamping tjlana
kampoeh toewin kdelambi mjang
ketoe

316. woes aresik sinaratan mawi
njoekoer woeloe kalong
njai Daja djoeroe pamarase
imha ingemba tanggal aloengit
sesadjenja sami njai Daja
oentoeng

317. sira ki seh djamhoer Amongragi
denira adandos
ngagem sarwa seta saoejoene
njamping bretis apaningset mori
rasoekan tjaweni galer galar
konoes

318. koeloek petak sarebanja poetih
seb£ seta mawor
. tesbeh maniking toja apoeteh
tjaripoenja sinangkelat poetih
tan kersa mamangking golok
miwah doewoeng

319. pan solahing aolia wingit tan
karem menganggo pesadja woes
kerana'llah toelen woetoeh
aolianja awening semono
prandening soekoer moebra-
moebroe

320. Amongraga tjahjanja nelahi
amanon jen tinon
sabatira Djamal lan Djamile
pan kinembar karo sarwa langking
sapengadegneki
pan samja woeloeng bjoer

321. Djajengwesti pan akampoeh batik
latar tjemeng ganggong
saboek renda poetih pan ameped
ngoembar kontja tjangtjoet mrak kasimpir
kampoeh toenda apik bagoes mara semoe

322. arasoekan ginggang soetra poetih
sebe kestop idjo
kotang akantjing mirah sclane
doewoeng landean tjoela sinomi
kandelan mas adi balewehan
sepoeh

323. koeloek emoer djenar sebe wilis
sinekar argoelo
pan magori Soeleman tesbehe
tjcripoenira rinenda koening
katje koembaja brit lenggah
aneng ngajnen

324. toewin para loerah santri-santri
kang samja adandos
woes samekta ngangge' sekadare
pepak sedaja sampoen miranti
noelja ingkang prapti Panoekma
Panamoer

325. pan ingiring para loerah santri
woes tata aloenggoh
nabda aris mring Djajengwestine
koela ingoetoes ramanta kjai kinen
angatoeri rakanta sang bagoes

326. Djajengwesti atoerira aris
mring kang raka alon
pan poenika wonten oetoesane
rama djengandika angatoeri
mring padoeka mangkin
Mongraga lon moewoes

327. inggih soemangga kersane jaji
adan noelja bodol
sinongsongan idjem sorot djene

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

santri tata ngoeroeng-oeroeng ngarsi
miwah kang ngetebi garebeg ing
poengkoer

328. ingkang aneng ngarsa Djamal Djamil
Ian santri nem golong
Djamal Djamil anaboeh trebange
ockoer ngebem imbal kempjangneki
kanem bawa singir Iagone alandoeng

329. singirira moeng kalimah kalih
ngalik-alik alon
sinaoeran Iirihan wong akeh
pan gocinremeng rempeg paweh wingit
ngarsane kang singir
Djajengraga bagoes

330. djedjel oejel wong kang niningali
djalwestri reboet gon
pan sakesoek moela panontone
toemplek lawan wong sadesa kerig
perapate prapti mantja limanipoen

331. koerang omber ing papan apipit
ken betek abndjod
tan adangoe woes prapta lampahe
aneng masdjid ageng woes miranti ing
panggenan moengging pangimanaii
ngajoen

332. woes tinata djedjer ingalinggih
oeroeting toea nom .
tan balendjat apapak dengkoele
ingkang lenggah kilen ler kiai
Wana-ita nenggih noelja ki
pengoeloe

333. noelja Talabodin .Noersoekidin
Prana-ita merbot
moerid Djaki Ian santri Loetjinc
ingkang lenggah ler wetan kiai
Baji Panoerteki noelja ki seh
Djamhoer

334. Amongraga lenggah aneng ngarsi
kinoebeng toea nom
ladjeng kiwa tengen ing boerine
sila bata apepet apipit dalah ing
soerambi adjedjel soepenoeh

335. sawoesira rereh ingkang linggih
sedaja sakeh wong
dedep meneng tan ana banene
noelja kjai Baji Panoerteki
pamoewoese aris mring kjai
pengoeloe

336. eh kjai pengoeloe Basarodin
angresaja ingong
ningkahena poetraningsoen ni ken
Tambang-raras Ian ki Amongragi
maskawinireki koer'an kang
aplaloe

337. noelja ki pengoeloe angidjabi
tangawoedira Ion
bismilahi rahman nirakime
ngoesikoem ngibadalah wanapsi
wabitak walahi ankahtoe
wangindoen

338. binta poelanin mintabi maliri
kada pan mengkono
ingsoen ningkahaken maring ni ken
Tambang-raras Ian ki Amongragi
kelawan meskawin koer'an ingkang
agoeng

339. pakenira ngoetjap angaboeli
Mongraga miraos
anrima koela ing paningkahe ni ken
Tambang-raras lawan mami
meskawin koer'ani ngalirn ingkang
agoeng

340. sarta amoeroek ing awal akir
ahline katempoh
dadosa oetang kaoela mangke
ing dalem donja rawoeh ingakir
pengoeloe noelja ngling wa
baraka'llahoe

341. ngala kaher wa bi palalihi
wise pan mengkono
allahoema alipbinahoeme'
kania alapta baenalmaki
walbardi wassaldji
watin djangkepipoen

342. gja seksi Talabodin djangdjeni
sarwi njepeng djempol
dika tampi djangdji dalem dene

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

semangsane pakenira mangkin
aninggal mring rabi tri taoen
ing laoet

343. pitoeng sasi ing daratan bendjing
Ma karjeng katong
tan trimane rabinira mangke
pesti pegat tanpa talak sarwi
tinagih srikawin Mongraga
woes sagoeh

344. seksi kalih satoenggile kjai
Noersoekidin goepoh
matja donga ngoemoer sabandjoere
sinaoeran amin ger pra sami woes
paragat soetji ing paningkahipoen

345. noelja kjai Baji Panoerte'ki
sesalaman goepoh
Amongraga ngabekti salame
kinen ladjeng sarwi woes adjarwi
marek eng 1) kiai
Wana-ita sepoeh

346. Amongraga oemarek ing kaki
angoedjoeng ing pangkon kjai boejoet
Wana-ita age andonga rabana-rabana pi
doenja kasanatin wabil arli ratoe

347. kasanatan wangadabanari
noelja ngrangkoe! goepoh
sarwi angaras-aras oeloene
woes andoega tedjaning aloewih
sawoesnira noeli
salam mring pengoeloe .

348. toewin dateng paman sedajeki
pra toea kang moenggoh
woes mengkana anjimpar enggone pan
ki boejoet tansah sanding linggih
mengkana ki Baji Panoerta amoewoes

349. aparentah marang santri Loetji
lah mara den-goepoh
adjokena sarah sesanggane
noelja santri Loetji angabani

1) prajoginipoen : ing.

kang sesanggan noeli
sinaosken ngajoen

350. kawan bokor geng sinerbet poetih
pan sampoen soemaos
tinampanan mring Noersoekidine
Talabodin Prana-ita djati abikoet
aoeti boekak serbetipoen

351. ingkang kalih bokor gedang koening
kang ro djambe soeroh
selawat selawe real siseh dadya
seket kang selawe maring
pengoeloe pribadi kang selawe
dinoem

352. kang pitoelas mring ki Talabodin
Noersoekidin wong ro
moloeng real sadjampel parone
kantoen woloe Prana-ita Djaki
satni pandoemneki ngawan real
rampoeng

353. toewin djambe soeroeh gedang koening
pandoeme mengkono
kjai noedoeh mring santri Loetjine
kinen moendoet ambengan kendoeri
sigra santri Loetji moendoet
ambengipoen

354. ingoesoengan mring wong magersari
slawe ambeng abot
pan gotong pat ambeng sawidjine
sigra tinata ingkang kendoeri ing
saetangneki tan ana kaliroe

355. noelja dinonganan madjemoeki
goemer arnin kang wong
ambata rebah amin-amine
woes mengkana angepoeng kandoeri
aneloeng poeloehi
ngrongpoeloeh njapoeloeh

356. amoloni ingkang angenemi
samja nadah dokoh
santri tjilik roesoeh pemangane
rereboetan iwak ngowak-awik
doedoeh pindang takir pan
kapjoek-kinapjoek

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

357. den woet-awoet sega sakendoeri
kinarja balang wor
samja kelaproet sega djangane
rare seket toekar ting djarelih lian
anjirati koelambi mjang ketoe

358. tjomot-tjomot penganggene' sami
santri ting galembor
woewoeh rame kabeh santri akeh
sami misoeh waneh anggitiki
djarit olih nilih kasiratan doedoeh

359. lagja ngangge pamer sarwa betjik
bagoes mrih tinonton
temahane abanget isine ingkang
rada soegih moelih salin weneh
ngoengoetjoni ana morod
mantoek

360. goejoe-ginoejoe mjang moering-moering
katah solahing wong
tan tjinatocr jata waoe ni ken
Tambang-raras kang ingapti-apti
kinoesoema adi boesana pinatoet

361. roentoetipoen ingkang mara soetji
ngnelama kinaot
binoesanan seta saoejoene pan
asindjang aloes genis poetih
sandoengan pengasih, soemered
ing poengkoer

362. sinembongan seta pinermasi
adining paraos
sawat djalengoet sibak tjawine
tjitraning semen parang taritis
dinrendjeman remit gigion
winengkoe

363. pipiakan sarong ing pengasih
tjatjontoking wangkong
talibane ingarsa ameped ngaweng
ing walikat pan pinirit atoroet
maripit tepoeng adoe mantjoeng

364. pasingsetan pamekak ingarsi
sinoemped anjontong
oedet seta pinarada adcn
pan rineka sorot toetoempaling
kang mendala giri pan kinajoe
apoe

365. soengsoen katri tinata rininggit
taptaping wiwiron
lere mepet pan winiroe tepen
midjipoeh koer-oekoer inedok kedik
angembang oenda sri alandoeng
linoehoeng

366. boental seta argoelo inganggit
poespa mara dalon
anggrek woelan sembodja menoere
majang wingitan Ian manda kaki
sikatan saroeni semboelihanipoen

367. tnoewer pinasang ngaweng ing woeri
anangga tjatjontok
boentaring boental kanan kerine
dadya oentjal goemantoeng arakit
wida djenar aming toengtoeng
remoe-remoe

368. kalpika djoemeroet mirah abrit
e'r laoet soemorot
sengkang penoenggoel inten boemine
tjoendoek mentoel er tatit nelahi tasik
ngima nipis soemilak soemoenoe

369. woesira binoesanan respati
tan ana winaon
ni Malarsih tyas sanget ngoengoene
mjat ing poetra tanpa sameng djalmi ja
talah si bibi bisa gawe roengroem

370. noelja Tjentini den-boesanani
sindjang tjinde idjo
sinembongan gadoeng melatine
pinarada kinoemoeda wati
las-alasan asri
boental setaman roem

371. ingoedetan pan mendala giri
toempal piniraos
winidan djenar gebegan aden
kalpika tadjoeg mirah lilintring
sengkangira adi sekar setaman
bjoer

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

372. langkoeng pelag Tjentini joe loewih
lir pengantyan jektos
woesnja binoesanan Tjentini neng
woerinira Tambang-raras sang lir
wintang anjeleki ing woelan
soemoenoe

373. toenggil tedja kaot ageng alit
Tjentini katonton
pan angepak wong sadesa joene
sawoesira sang ro boesanadi jata
ni Malarsih malih roem
amoewoes

374. lamoen sampoen wajah dika bibi
koela bekta mring gon
aneng dalem woes akir sangate
njai Daja woewoesira inggih
soemanggeng karseki pan
poenika sampoen

375. noelja binekta mring dalem ngarsi
Tambang-raras tinon
pan asoekoep toea nom mjang rare
miwah kang aneng pa won ningali
samja tilar kardi loemajoe andoeloe

376. sami prapteng dalem amiranti
neng djrambahing kobong
kelasa Ioes soesoen tri sinerbet
mamrik sinebaran sarwa sari
noelja Loetji prapti tanja
sampoenipoen

377. ni Malarsih anaoeri aris
ia woes mirantos
santri Loetji wangsoel age-age
atoer marang ing kiai Baji
Panoerta ngling aris mring
Mongraga waoe

378. toewin mring kang sepoeh-sepoch sami
sedaja roemodjong
noelja noedoeh mring santri Loetjine
kinen boedalena para santri
ingoendangan aglis oemangkat
sedaroem

379. tinata djedjer saoeroetneki
sedaja woes bodol
aprajoga ing lampah tatane
oeloer ngoeroeng-oeroeng kanan keri
miwah kang ngetebi garebeg ing
poengkoer

380. miwah ingkang djainia niningali
goemerah poenang wong
djaloe estri pepet areboet gen
ingkang gendung anak ting djalerit
jel-oejelan sami
tanpa roengwan oemjoeng

381/ djedjel noendjel djoedjoel papan pipit
kang djongkong-djinongkong
sawarnine pager djaro betek
roeboeh ingabjag wong niningali
leboer kitrineki
den-iles lir roempoet

382. miwah wisma kang tjelak ing mergi
akeh omah dojong
kang ringkih roeboeh empjak empere
nora kena wong akeh sinapih
wong dodol ting djerlih
woetah mawoet-mawoet

383. jata ingkang loemampah ingiring
sinarodja ing wong
ingkang aneng ngarsaning perfganten Djamal
Djamil wong ro anerbangi pong pek tong
ting tong gring doeng doeng beng poeng
poeng broeng

384. santri nenem ngelik ngalik-alik
aroem aroentoet wor
sinaoeran ing wong sedajane
pan arempeg satitaiie moeni
moeng kalimah kalih Ion lelah
alandoeng

385. Amongraga lampahe awingit
tjahjane mentjorong
anelahi pasamoean kabeh
amiarsa lelagohing singir
soehoeling tyas dikir
sangsaja anganjoet

386. tan roemasa neng djaman donjeki
moeng akerat manggon
apan woes nora kabere-bere
anoemoesi tyas kang niningali
katah mrebes mili kapeneden
doeloe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

387. mjat miarsa solah bawaneki
tyase ken merongkol
ngarak penganten kaja kepaten ting
salenggroek wong kari ningali saking
tyas kepengin sanget barebel loeh

388. saking boengah-boengahe ningali
betjik kang tinonton
Amongraga kinanti astane mring ki
boejoet Wana-ita nenggih lampahira
ririh ketoejoek-ketoejoek

389. Djajengraga ambantjer neng ngarsi
bagoese katongton
kang tan wroeh den-arani penganten
aneh dewe sigit andjelantir wong
kang nom-nom estri katah kang
kepojoeh

390. samja ngoetjap sroc pating kelikik
darapon kadoelon
kang liniring roentoeh ting garegel
salendange woedar geloengneki
kemben tan ngopeni kendo
tapihipoen

391. datan ana mingkem latineki
ken njengoh mengongoh
ana ngatoengi kinang iribe'
reratjikan kinang soeroeh semprit
ngegar-gar djeridji ngeblongken
goemoejoe

392. amoeng Djajengraga kang pinendir
rinebot pandoelon
sabab bagoes dewe sigit dewe
kanteit dewe bantjer andeweki
wnkaning parestri derodos
angiloe

393. Koela-wirja solahe kinardi
loemakne tinonton
ginagoejoe dene lir penameng
malah nosot titik djroning ati
tan mandani 1) entik
tikane wong bagoes

394. tan woes oetjapen kang niningali
tan adangoe rawoh

1) prajoginipoen: madani.

santri pangarsa kendel praptane-
djibeg ngadeg ngepoeng angoebengi
tcpoeng gelang pipit nganti ingkang
rawoeh

395. pengantyanja lagja prapteng kori
singir salin lagon
asrakal badroe [3]) ngala enane pan
goemoeroeh swaraning asingir
meksih ngadeg sami asrakal anoetoeg

396. prapta kendel satengah mendapi
pan amangoe ngantos
ing djro wisma noelja mapagake
bok Tjenjini kinanti neng kori
nora kena tebih lan ni ken
Tambang-roem

397. kanan ingkang iboe ni Malarsih
woeri mantoe karo
ni ken Toerida Rarasatine namoeng
nenemipoen bok Soembating kang
toemoet djenengi kang sedaja loenggoeh

398. seh Mongraga kang kering ki Baji
kananira moenggoh
woeri Djajengwesti Djengragane
kanem ki pengoeloe Basaroedin
kang sedaja meksih ngadeg
soring taroeb

399. langkoeng tata tetela kaeksi
kang nonton tan roesoli
plalah mendet anda angadempel
anda tepoeng parik toeroet pinggir
moeng katon rerai soekoep
andoedoeloe

400. sangsaja sroe goemerah swaraning
asrakal den-etog
samja erak pineksa swarane miwah
kang nonton tjilik djalwestri sami
toemoet singir sangsajemboeh
oemoeng

401. samja madjeng lampahira ririh
gatoeking patemon
satengahing kori geng panggihe

1) prajoginipoen: badroen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

antarane aneng djro fan djawi
gegantalan genti ila-ilanipoen

402. tojeng bokor sekar sataraan sri
pan kinneman endog
tinibaken koemeprok perjahe woes
siniram tojeng bokor nneli tinetes
toja tis ingemboen ping teloe

403. noelja kinen nembah padeng laki
Tambang-raras goepoh
mcndak nembah soemoengkem soekoene
sarwi ngaras delamakan iring toewin kanan
kering sawoesnja aloenggoeh

404. noelja tinarik astanireki
mring kang iboe alon
sigra kinanti waoe astane
woes prapteng gon tata sami linggih
ki boejoet nengahi
kang sedaja metoe

405. ingkang kantoen amoeng Djajengragi
kinen linggih koelon
tjelak mring kang raka pinenganten
djadjar lenggah kilen Djajengragi
noenten Amongragi noenten kjai
boejoet

406. noenten ni ken Tambang-raras noeli
Tjentini tan adoh
djedjer wajang mengkana patoete
ingkang iboe neng ngarsa kepering
Toerida Rasati ro samjaneng ajoen

407. miwah pra bibi oea lan nini
aneng wetan koelon
samja rerasan pating katoewel ia
talah begdja bok Tjentini
tinocnggil alinggih binoesanan
moeroeb

408. dadi pengantene bok Tjentini
pinaesan kaot
geloeng gambjong tinerekan djerre
apepeta lelata piptdih tjotjontok
anjenting tjitjitak tjetjengtoeng

409. doeroeng ngarti ngong temanten iki
ikoe apa mengko
lemoe lawan Djengraga bakale
Djajengraga dene andjelkitit
samja goejoe lirih doli mokal jen
temoe

410. o-ekoer den-gawe ngasren-asreni
patah lanang wadon
pan mengkana pengoetjaping akeh
noeli leladen wedang neng ngarsi pra
santri kang singir asrakal woes
soewoek

411. kantoen santri nenem Djamal Djamil
lilirihan lagon
arang beme ngapindjal kempjange
panerbange mjang singire ririh
kataman nabiji ja Rasoel Ioelahoe

412. katam Moehammadoen ngadjam Ngarbi
saoeran mengkono
noelja bawan pakam lahoemen
ajatin mashoeratin nasalki taboe
biha gadin mashoera poenikoe

413. swaranira pan angasih-asih
empoek mentoel alon
ngombak-ombak arampak sadjake
panerbangira ngapipir ririh
pong ping ping pek ping ping tong
ting tong beng pong broeng

414. woes doemoegi saroekoek kang singir
samja kendel aso
sedaja sinoegatan wedang teh goela
batoe tangkoeweli ti koetjing
manisan mepeki ting-ting satroe
aroem

415. woesnja toetoeg nginoem wedang sami
tan ana kaleson
noelja kjai Baji Panoertane
angandika marang ingkang raji
den-kapareng ngarsi soen
toeding gawemoe

416. ki Soeardja lan Wira-doesteki
Panoekma^an amor
Koela-wirja mjang santri Loetjine

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

goepoeh madjeng ngarsane ki Baji
angandika aris mengko lamoen
wektoe

417. moeng perloea bae salat mahrib
noelja balieilg gon
pan rakiten kandoerine kabeh
mangsa bodoa kanem si Loctji
noelja bedoeg moeni mahrib
deng ping teloe

418. noelja ki Baji salat mring masdjid
boebar sedaja wong
samja salat santri sedajane
wong nonton woes moelih weneh kari
santri djaloe estri
sanggon-enggon wektoe

419. ingkang salat ngiras boesaneki
moeng Djengraga karo
Koela-wirja samja tjoetjoel moeleh
jata Soeardja Wira-doesteki
Panoekma Panarnir
kang areboet perloe

420. Koela-wirja lawan santri Loetji
sigra marang pawon
angoendangi mring magersarine
kasinomanira woes tinoeding
pan rinakit-rakit
lam-oelamanipoen

421. djedjer tata kendoeri pinarik
ambengan bot-abot
tepoeng gelang pinggir pendapane'
tigang dasa ambeng katahneki
antjak geng den-beki gotong pat
barengkoet

422. lam-oelaman tinata sineling
oelam mateng woetoh
bekakak wedoes limalas kehe
banjak bebek ajam lan kebiri
woewoetoehan sami
kehe tigang atoes

423. kedjawi kang sinoedjen sinapit
rinempah kinendo
kang rinateng binakar ginoreng
kang linemboet ingagal sinoeir
ginodog rinoti kinoekoes sinajoer

424. lam-oelaman pepak sawafnaning
peksi kewan eloh
samja ingolah katah tjarane
tjara Kodja lawan tjara kadji
tjara Djawa boemi mawarna
kang sekoel

425. toempeng wadjar megana kaboeli
anggi sekoel golong
sekoel poenar kepjoer oera angen
sekoel biroe kendit lawan abrit
tjemeng goreng goerih
lojang poelen woedoek

426. djangan menir dakoan Ian tomis
asem bobor lontjom
tjoepang kala moentjang bcntje betjek
plepah koeah kare gile goerih lada
doebleg toewin windoe boeboes
moenggoel

427. pada mara djangan pindang poetih
belkotok Ian lotro
pindang tangkar banjak banjar gereh
pindang antep kikil pindang pitik
pindang keong kidjing etje joding
soengsoem

428. dene ingkang oelam dengdeng ragi
dengdeng kripik abon
abon ermoes Ian abon wajangc
dengdeng pandjen paroe miwah ati
aboeloesan sami dengdeng
gepoekipoen

429. dengdeng age' daging age ati
age gendon tawon
age lidah Ian age oemboete
age geboeng age ojod lindjik
empal empoek kisi Ian pal
empoek doedoeh

430. empal toengtoet limpa lawan ati
tak kapoer kalepon
gindjel babad galeng lan soemping'e
babad tala lawan babad djarit
iso sregan toewin
glepahing bol pendoel

431. goeroeng widoengan lan saren didih
bloetak pentoel poesoh
empal sakendi-kendi gedene

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawarnine kalak amepeki
kojor Hdah gitik rambak
kroepoek teroeng

432. sroendeng semaradana Ian gebing
seroendeng marios
sroendeng botor sroendeng goendil dele
endog bekainal dog pindang abrit tjeplok
kamal toewin tjeplok dadar sawoet

433. dadar lempit dadar wolak-walik
jawan dadar ladjon
dadar kobis lawan dadar ledre tjepiok
madon lawan tjeplok djengking tjeplok
gimbal blenjik tjeplok oentoep-oentoep

434. endog banjak grati Ian meliwis
pasiran dog nientog
tjroeboek groto gorengan tarone gana
tawon entoeng gendon goedig olan-
olan gangsir cbi lawan loer djoek

435. besngek wader besngek tempe pitik
Ian besengek tawon
trinil troelek bontot miwah boertjet
opor betek banjak menlog grati por
landak trenggiling optfr badjing
gendoe

436. bekakak gembal bekakak kantjil
kidang lawan belo
pedet goedel lan mendjangan kompreng
kang ginoreng mjang kang den-bakari
wewetahan sami lan balebet kentoes

437. gogorengan katik Ian gelatik
peking emprit bondol
manjar djoan lawan goedawane
sribombok mjang tjoewiocn terinil lan
goetilang toewin deroek lan
drekoekoe

438. ajem ati mendjangan Ian masin
lan lemengan e'gol
getik dara drekoekoe lan boertjet
getik drigoel gemak bontot trinil
troelek katik glatik mjang
bangbangan boeboet

439. gorengan bader mremas Ian lentri
wira sotja lendong
tambra melem areng-areng bantjer
grameh bekel bentjoleng Ian keting
kepek wagal gilig tawes tjakoel
koetoek

440. sambel goreng otak djroan ati
brongkos sambel letok
sambel oerang sambel djengkol pete
sambel goreng kara kobis petis
bekotok belenjik oerip-oerip koetoek

441. sambel djinten widjen lan kemiri
sambel bawang laos
sambel santen katjang Ian kedele
sambel keloean 1) lempoejang toewin
tjabe mritja djahi dengdeng sambel
baloer

442. sambel tiatjam[2]) tjongor petjel pitik
lele oemboet tawon
laron endog wader plelek gepeng
rempali goreng gotong sidat sili
rempah entoeng djangkrik grigit
peloes vveloet

443. getjok benem botok betik sanggring
kendo lawan gadon
etoem djamoer woekoe lan polone
barat kentos endog lot tjepagi
droedjoe watoe koeping
koekoeloeban gamboeh

39e Zang; dichtmaat: GAMBOEH.

1. tokolan katjang woekoe
kara [3]) tjipir kangkoeng lembajoeng goenda
gondang ademati kendal bandil manjawoen
radjoen remakdjoen kakas bantji Ian
kalepoh

2. tjombrang sroenen ketjipoet
rang-oerangan, ranggitan kilajoe
loentas kapas papasan rempelas pakis
kasemboekan salam katoe
topeng patikan kerokot

---

1) prajoganipoen: keloeak.
2) prajoginipoen : tranjtam.
3) kirang sawanda, katambahan: ke.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3. tjereme kepel pohoeng
aha gajam panegoang raoe
sambeng patjing tjokol tjangkring lan tjempoerit
pantjasoeda tjoengtjnengbeloet
godong lolobak djelegor

4. brangbangan boros bestroe
kendal kemladean belketepoek
kahwa wangon prekosa belimbing senting
dadap sobrang koedoe wedoeng tjembirit
katisen ketos

5. krangehan poetat waoeng
djaloemampang lateng Ian kemadoeh
sojar jah-oejahan pradapeng koesambi
tikelan tjiploekan djoerhoen
mjang rnn pradapeng karangkong

6. koetjila lan srigoenggoe
dedetan mjang toengkoel poetjoeng sentoel
ron gianti kemiri ranti semanggi soeroe
toendjoeng walikoekoen popokan lirih
broes poksor

7. etim biri lan so-oen
sarang boeroeng otot datan kantoen etim
dara lim bandeng bebek tim men tim
grameh tambra tim boeloes tim gibas tim
landak mopol

8. miwah lalaban agoeng
doengdoengan katjang tjitjipir timoen
terong bontjis ketjambah goede kemangi
ranti bodeh pare weloet
pete djengkol terong aor

9. rawisan koelit djeroek
tjokol boeng gelagah poepoes kentjoer
lokak selat kobis koetjai scledri patraseli
brambang soeroe rainenas sawi woretol

10. ketjeme kembang bekoe
seledere salantara ebroet
kevvik singkel lara gereng walang sangit
atjar ketjap lan taotjoe
petis lombok abang **idjo**

11. pepak lawoehanipoen
goedang koeloeban lalaban sampoen
mjang panganan lah-olahan amepeki
toewin wowohan sedaroem
tinata nora kaladon

12. djadjoeadahanipocn
tetel sasenik-senik gengipoen
wadjik ketan salak mili lenga goeriii
tetel bang poetih lan biroe
tetel gedang djenang dodol

13. tetel djagoeng djeawoet
saboen gada geng sapoepoe-poepoe
gemblong lempeng len-oelen pan abang poetih
tetel onggok gadoeng waloer
poeli bleng sagembol-gembol

14. wingka poedak noegganoek
djemoenak getoek sagenoek-genoek
kerasikan geplak madoe sirat **intil**
tawonan lan djenang djagoeng
gerontol karag berondong

15. moenten serabi koemboe
embel-embel lopis Ian tjengkaroek
kctan ragen iwel-iwel wolak-walik
leganela lepet loe-oeloe
ampjang gablog elog-elog

16. lelontong oentoek banjoe
koepat tape brem ledre lan satoe 1)
obat anget opak djaritan goelali
tjara bikang geti kaboel
djipang onde-onde gandos

17. tjelorot roti boloe
tjetot eplek kepel limpang-limpoeng
rengginang bang toempi tjeriping geroebi
djalabia tjarang madoe ramboetan ebrem
kalepon

18. widaran apem tjoetjoer
lontjis gebleg ler-oeleran poetoe
majang doelak batok tjangkir lawan oetri
lemper lemet lawan pasoeng
meniran bantalan djongkong

19. mjang orog-orog garoe
sagon kernbangpala satoe aroem
koepapoela rakkcling t'en-ent'en rangin
ketji randakeli mendoet
tebon soemping plered genipol

20. pradapan ganggeng kanjoet
kemplang walangan semar tinandoe

---

1) prajoginipoen : satroe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

semar mendem sempora srikaja pipis
kopjor toeban sagoe djagoeng kitjak
kolak lotjo mento

21. kang djenang boeboer lemoe
djcnang abang kalong djenang manggoel
lahang tjatja tjatja benda djenang tjandil
grendoel kenoel koekoes djagoeng
karangrang galonibjor lempog

22. rang-arang kambang tjemploeng
apcm kotjor oerat sega soesoe
ronde dawet tape kambang roedjak kawis
kolak kloea waloeh soekoen kincda-keda
lan tjao

23. woh pisang radja taloen
djeroek keprok randjam boetoen goeloeng
pelem nangka srikaja moelwa keweni
ramboetan djirak kepoendoeng manggis
doerjan pakel gowok

24. langseb pidjitan doekoe
doewet benda semak madja moendoe
sarangan sawo kaletja Ian ketjapi
siwalan woenglon kilajoe djamboe
wer kloetoek kelampok

25. semangka krai timoen
wresah salak dele teboe awoe
katjang Tjina ketela oewi gembili
kentang lindjik tales kimpoel
soeweg gatjeng lan gembolo

26. njenjamikanipoen woes
lah-olahan lan pala goemantoeng
pala kesimpar pala kependem dening
sangkep warnan pasaripoen
kembang boreh lawan ampo

27. seket antjak ginoenggoeng
kedjawi pandjang rampadanipoen lan
kedjawi antjak iber seket soepit
sedaja tinata rarnpoeng rampadan
sangkep djabeng djro

28. mengkana woesnja ramoet
bakda ngisa akir wantjinipoen
kjai Baji kang nientas salat mring masdjid
ingiring pra santri agoeng
ing mendapa woes mirantos

29. samja tata aloenggoeh
sedaja santri saoeroetipoen
tepoeng gelang djeng-adjengan denja linggih
tepoeng kendoeri angladjoer santri nom-
anom aneng sor

30. soring tetaroeb tepoeng
kadya kang nginggil pangepoengipoen
aneng kasah santri nem lan santri tjilik
pandam ting paloentjar agoeng patjang
lir rahina katon

31. woesnja sami aloenggoeh
kjai Baji angling mring pengoeloe
miwah marang Sebagi Djoemina toewin
para ri mjang demangipoen
Poera-sani Pager waos

32. samja ingirid mangsoek
marang wisma kang liningan goepoeh
prapteng wisma parestri samja soemingkir
woes tata denira loenggoeh
ki seh Amongraga alon

33. ngabekti mring ki boejoet
noelja ngabekti salamanipnen
marang ingkang mara sepoehira kalih
noelja salam mring pengoeloe
mjang Sebagi Djoemena lon

34. noelja mring pamanipoen
ki Soeardja Ian Wira-doestekoe
ki Panoekma Panamar Koela-wirjeki
mjang mring demang datan kantoen
Poera-sani langkoeng anor

35. seh Amongraga sampoen
noelja ni ken Tambang-raras ngoedjoeng
ngoeswa soekoe mring kang raka Amongragi
noelja ngoedjoeng mring jangipoen
angoedjoeng mring soedarmeng ro

36. werata sedaja woes
wangsoel marang ingpanggenanipoen
noelja ingkang raji kalih madjeng ngarsi
toer bekti mring raka ngoedjoeng
kalihira gentos-gentos

37. woesnja mengkana waoe
samja donga wabarakalahoe
ngala palalihi warahmanoerakim

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawoesira donga sockoer
kjai Baji matoer alon

38. marang ki Baji boejoet
soeawi midjil prajoginipoen
madjemnekan lawan pra wajah ne'ng djawi
samja ngalap berknhipoen
ing sampean kang tinoehon

39. angandika ki boejoet
ia bener moempoeng akoe weroeh
noelja tindak alon sarwi den-djagani
Mongraga koermat toetpoengkoer
woesnja kinen wangsoel ing gon

40. tata denira loenggoeh
neng mendapa kja Baji amoewoes mring
pengoelne kendoeri kinen dongani soeng
dahar moele madjemoek pengoeloe sendika
goepoh

41. angadeg ing gjanipoen
marep mengetan denja donga sroe
donga Rasoel moemoele madjemoek toewin
toelak slamet moeljeng oemoer noeljamin
ger sroe swareng wong

42. amin rempeg goemoeroeh
ambal-ambalan ambata roeboeh
ki pengoeloe anoetoeg denja dongani
amin sedaja toemoengkoel asoesoehoen
noeli loenggoh

43. ki Baji lingira roem
marang Loetji ki apa woes rampoeng
Loetji matoer inggih sampoen genah sami
ingkang gangsali angepoeng ingkang
njedasani golong

44. ngalih dasani ngepoeng
nigang dasani sa-ambengipoen
inggih boten wonten kang soemelang kapti
ki Baji njaraken wisoeh pojo docdoek
sekoel woeloh

44e Zang; dichtmaat: DOEDOEK-WOELOEH.

1. noelja sareng jata samja awiwisoeh
kjai boejoet den-toeroehi ki Baji noelja
koekoetjoer ki pengoeloe awewanting bilas
tangan weneh kobok

2. samjambanjoe masoeh tangan ting keroetjoek
santri lit reboet kendoeri
tangan koer teles kesoesoe
sarengan tangan rarjalit
tjineloebaken mring gentong

3. garedjegan reboet dingin sami wisoeh
pipisoehan ting djarelih
pipitan sikoet-sinikoet
rercdjengan loemoeh kari
bak tangan gentonge ambrol

4. petjah makbrol kreweng wingka mesat soemjoer
Han batoek iroeng santri
toja blabar ing wong loengaoeh
santri toea keh misoehi
doeroeng toetoeg dideplok

5. sanggon-gone kana kene gawe roesoeh
nora patoet den-tjedaki
amboetoehake wong loenggoeh
jen linggih nelesi djarit
tern ah andodok merkongkong

6. santri tjilik koemresek naoeri asroe
prandene ngaroeh-aroehi
botjah den-arani roesoeh
deweke nora respati
mangan matongkrong lir bangkong

7. santri toea ana srengen weneh goejoe
tan woesen roesoehing tjilik
dan anadah kabeh tjakoet
besengek pitik ngidjeni
miwah betoetoe lan opor

8. landak banjak mjang manoek kang woetoeh-woetouh
rangkep-merangkep mawarni
mjang djangan masoesoen-soesoen
rong poeloeh wadah ngidjeni
mangan kokoli-dokoh tjekoh

9. kjai boejoet linaden kang empoek-empoek
kjai Baji matoer aris
mring ki Wana-ita boejoet
poenapa kang den-saptani
wonten sedaja soemaos

10. oelam ke'wan miwah peksi mjang oelam loeh
kang den-olah adi-adi
soemangga sampean moendoet

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koela ingkang angladosi ngling
ja banget tarimengong

11. sarwi nadali ki Baji tansah oematoer
dene tan pati ngoelami
namoeng tim njoewil koer-eckoer
tan lia kang den-kersani moeng
dada mentok lan soesoh

12. ingkang etja kjai koelit swiwi poepoe
abodo temen si kjai
endog kang empoek tan moendoet
mjang liane anjir-anjir kabeh tan
ana ginepok

13. kjai boejoet naoeri wetjana aroem
ngong woes toea nora pati
mangan ngarah-arah ajoe
wong toea tjerbaka boekti
dadi peraboting repot

14. Ian toetoere wong toea kang maoe-maoe
iwak endog kinen njirik
soewiwi poepoe boroetoe
mjang iwak djeroan sami
ikoe pakolilie awon

15. kaja ta wong woes septa koelinanipoen
endog djroan den-dojani
besoek toeanja glis lampoes
goedjih kaja botjah baji keh
repot lara koeajon

16. akoe kie soewe'-soewe' dadi toetoer
mring sira ja boejoet Baji
eangmoe tjanggah roemoehoen
kasiate marang mami
toetoer bisik-bisik alon

17. kine'n mangan iwaking serira perloe
lan iwak landak den-asring
toetoer paedahipoen iwak
serira binoekti toewin
ngoemoere tan repot

18. dene iwak landak ikoe pe'dahipoen
soegih anak djaloe estri
lan sentosa poeroesipoen
miwah baloeng koelit daging
jen waras otot tan repot

19. kjai Baji mantoek matoer noewoen-noewoen
eng-eng mekoten kiai
oelam serira poenikoe
poenapa tan karam ngelmi
jen landak kalal kemawon

20. kjai boejoet Wana-ita lingira roem
emboeh karam kalalneki
lagi toetoere poenikoe wong
toea amesiati tegeg ora
anggon-anggon

21. kjai Baji keloehoeran sabda sepoeh
andekoe kelangkoeng adjrih
kodjah pae'dah ginoegoe
kjai Baji Panoerteki
matoer mring ki boejoet alon

22. koela noewocn apoenten sampean makloem
koela sarat angetjani
ingkang pra wajali sedaroem
soepaja rahab aboekti doemoegi
kang raos-raos

23. ngling ki boejoet je'koe perloe toer nplaloe
mrih soekane ing sesami
moempoeng kendoeren akoempoel ki
boejoet gja ngatjarani pajo poetoe-
poetoeningong

24. kang atoetoeg sasoekanira akemboel
adja ering wigih-wigih
soen moempoeng misih andoeloe
sira mangsa saben ari memangan
kang raos-raos

25. kang liningan sedaja oematoer noehoen
berkah sampean kiai
ki boejoet matja alkamdoe
lilahi rabil ngalamin ki Baji
noenda wiraos

26. lah gih daweg sawarnine kang nem sepoeh
kang doemoegi kemboel boekti
setengah soen kaja kaoel
akeh pakoiehing ati
mring anak mjang sanak rojom

27. kang kendoeren samja lega manahipoen
tan ana tinaheng galih
mangan samja tekoel-tekoel
sabab oelam nanding milih
kang kokoh djangan aserop

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. ki pengoeloe pemangane doedoe-doedoe
poeloeke sabiti-biti
angepel rada kesoesoe tan
telaten angepeli tangane
oekoer njakodong

29. sakeh oelam djangan tjinaroeb winor soeh
serap-serop kesoesoe glis
keseretan lenggoek-lenggoek
ambagegeg ngepel biti hak-hoek lir
anantang moengsoh

30. deleg-deleg tjlegoek pleleng led-led merngoet
gocpoeh kang samja ningali
kiwa tengene atoeloeng
Soeardja wroeh adatneki
pengoeloe goeloe dinodog

31. mak taletok tjotjor opor banjak nietoe
legender bjar brebes mili
woes loedang neboet darocdoct
astag piroelah halngalim noelja
tandoek meksih kokoh

32. ki pengoeloe singa kang nawani ajoen
tan ana ingkang tinampik
saben den-tawani mantoek
tampi ladjeng den-wadahi
dalah lalaban anggemos

33. para santri akeh samja tjoetjoel saboek
soeka noetoeg denja boekti
sedaja angadji moempoeng ana
ngegoh lempengneki enak
weteng pinrih kotong

34. Koela-wirja arosa pemanganipoen
koewaregen andjengginik
karingetira akoemjoes
mewek ngoendjal megap wahing
mak djetoet tjatoke pedot

35. ting taletik benik dada nem kang roentoeh
kotang mrenjenjeng rong njari
mantelet koelite metoe
ginagoejoe para santri
weneh mangan sarwi ngondjot

36. loenga ngising jen woes noelja wangsoel moeloek
anemen lir wong angelih
keh mengkono tingkahipoen ana
kan kesoesoe ngising mlajoe
montjrot me'dong-medong

37. andele'we'r toeroet tjingklok toengkakipoen
kesoesoe denja babresih
kang niprat ing djaritipoen
nora kongsi de'n-koetjont ge'-
age' wangsoel ing enggon

38. tang teng mamboe rowange pating barekoes
de'n singkang-singkang alinggih
meksa ngoengsel-oengsel moeloek
kewatir jen tan den-doemi
barekat mila derwolo

39. weneh santri keselak-selak sroe watoek
ting salemprot oepa midjil
mamahane' ting kalepjoer
kantjane samja njrengeni
weneh kawaregen
moekok

40. ana ingkang kemlekaren lengoer-lengoer
wetengipoen den-iroesi
kabeh de'ne'h lehe loenggoeh
weneh kelelegen kikil
metjotjo mata moendelo

41. niba baleg poendelikan hak hock liak hoek
kantjane nora predoeli
pan woes akeh kang kadyekoe
begdja-begdjane pribadi ana
atetawa gentos

42. lah poenika oelam kang etja
betoetoe
mjang oelam kang adi-adi
loeng-linoengken samja roekoen
enting soekaning aboekti
angepah moeng nesep
doedoh

43. Koela-wirja amangan sarwi amoewoes
lah mardnea Noeripin
socn anggandjar pemaleskoe
sih pamoele mring sireki
mergane pada arojom

44. saking sira djalare Mongraga rawoeh
neng riki sasat sireki
ing gawe dadi memantoe
amarcgi para santri
kie ombenen doedoeh tok

45. den-arani doedoeh djangan tjampoer bawoer
miwah iwak sawarnaning
kabeh ngong peres mrih doedoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koela ingkang angladosi ngling ja
banget tarimengong

11. sarwi nadah ki Baji tansah oematoer
dene tan pati ngoelami
namoeng tim njoewil koer-oekoer tan
lia kang den-kersani moeng dada
mentok lan soesoh

12. ingkang etja kjai koelit swiwi poepoe
abodo temen si kjai
endog kang empoek tan moendoet
mjang Hane anjir-anjir kabeh tan ana
ginepok

13. kjai boejoet naoeri wetjana aroem
ngong woes toea nora pati
mangan ngarah-arah ajoe
wong toea tjerbaka boekti
dadi perabo.ting repot

14. lan toetoere wong toea kang maoe-maoe
iwak endog kinen njirik
soewiwi poepoe beroetoe
mjang iwak djeroan sami
ikoe pakolihe awon

15. kaja ta wong woes septa koelinanipoen
endog djroan den-dojani
besoek toeanja glis lampoes
goedjih kaja botjah baji
ken repot lara koeajon

16. akoe kie soewe-soewe dadi toetoer
mring sira ja boejoet Baji
eangmoe tjanggah roemoehoen
kasiate marang mami toetoer
bisik-bisik alon

17. kinen mangan iwaking serira perloe
lan iwak landak den-asring
toetoere paedahipoen iwak
serira binoekti toewin
ngoemoere tan repot

18. dene iwak landak ikoe pedahipoen
soegih anak djaloe e'stri
lan sentosa poeroesipoen miwah
baloeng koelit daging jen waras
otot tan repot

19. kjai Baji mantoek matoer noewoen-noewoen
eng-eng mekoten kiai
oelam serira poenikoe
poenapa tan karam ngelmi
jen landak kalal kemawon

20. kjai boejoet Wana-ita lingira roem
ernboeh karam kalatneki
lagi toetoere poenikoe
wong toea amesiati
tegeg ora anggon-anggon

21. kjai Baji keloehoeran sabda sepoeh
andekoe kelangkoeng adjrih
kodjah paedah ginoegoe
kjai Baji Panoerteki
matoer mring ki boejoet alon

22. koela noewoen apoenten sampean makloem
koela sarat angetjani
ingkang pra wajah sedaroem
soepaja rahab aboekti
doemoegi kang raos-raos

23. ngling ki boejoet jekoe perloe toer aplaloe
mrih soekane ing sesami
moempoeng kendoeren akoempoel ki
boejoet gja ngatjarani pajo poetoe-
poetoeningong

24. kang atoetoeg sasoekanira akemboel
adja ering wigih-wigih
soen moempoeng misih andoeloe
sira mangsa saben ari
memangan kang raos-raos

25. kang liningan sedaja oematoer noehoen
berkah sampean kiai
ki boejoet matja alkamdoe
lilahi rabil ngalamin ki Baji
noenda wiraos

26. lah gih daweg sawarnine kang ne'm sepoeh
kang doemoegi kemboel boekti
setengah soen kaja kaoel
akeh pakolehing ati
mring anak mjang sanak rojom

27. kang kendoeren samja lega manahipoen
tan ana tinaheng galih
mangan samja tekoel-tekoel
sabab oelam nanding milih
kang kokoh djangan aserop

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. ki pengoeloe pemangane doedoe-doedoe
poeloeke' sabiti-biti
angcpel rada kesoesoe tan
telaten angepeli tangane
oekoer njakodong

29. sakeh oelam djangan tjinaroeb winor soeh
serap-serop kesoesoe glis
keseretan lenggoek-lenggoek
ambagegeg ngepel biti hak-hoek lir
anantang moengsoh

30. deleg-deleg tjlegoek pleleng led-led merngoet
goepoeh kang samja ningali
kiwa tengene atoeloeng
Soeardja wroeh adatneki
pengoeloe goeloe dinodog

31. mak taletok tjotjor opor banjak metoe
legender bjar brebes mili
woes locdang neboet daroedoet
astag piroelah halngalim noelja
tandoek meksih kokoh

32. ki pengoeloe singa kang nawani ajoen
tan ana ingkang tinampik
saben den-tawani mantoek
tampi ladjeng den-wadahi
dalah lalaban anggemos

33. para santri akeh samja tjoetjoel saboek
soeka noetoeg denja boekti
sedaja angadji moempoeng ana
ngegoh lempengneki enak
weteng pinrih kotong

34. Koela-wirja arosa pemanganipoen
koewaregen andjengginik
karingetira akoemjoes
mewek ngoendjal megap wahing
mak djetoet tjatoke pedot

35. ting taletik benik dada nem kang roentoeh
kotang inrenjenjeng rong njari
mantelet koelite metoe
ginagoejoe para santri
weneh mangan sarwi ngondjot

36. loenga ngising jen woes noelja wangsoel moeloek
anemen lir wong angelih
keh mengkono tingkahipoen ana
kan kesoesoe ngising mlajoe
montjrot medong-medong

37. andelewer toeroet tjingklok toengkakipoen
kesoesoe denja babresih
kang niprat ing djaritipoen
nora kongsi de'n-koetjoni ge'-
age' wangsoel ing enggon

38. tang teng mamboe rowange pating barekoes
den singkang-singkang alinggih
meksa ngoengsel-oengsel moeloek
kewatir jen tan den-doemi
barekat mila derwolo

39. weneh santri keselak-selak sroe watoek
ting salemprot oepa midjil
tnantahanc ting kalepjoer
kantjane samja njrengeni
weneh kawaregen
moekok

40. ana ingkang kemlekaren lengoer-lengoer
wetengipoen den-iroesi
kabeh deneh lehe loenggoeh
weneh kelelegen kikil
metjotjo mata moendelo

41. niba baleg poendelikan hak hoek hak hoek
kantjane nora predoeli
pan woes akeh kang kadyekoe
begdja-begdjane pribadi ana
atetawa gentos

42. lah poenika oelam kang etja betoetoe
mjang oelam kang adi-adi
loeng-linoengken samja roekoen
enting soekaning aboekti
angepah moeng nesep
doedoh

43. Koela-wirja amangan sarwi amoewoes
lah marenea Noeripin
soen anggandjar pemaleskoe
sih pamoele mring sireki
mergane pada arojom

44. saking sira djalare Mongraga rawoeh
neng riki sasat sireki
ing gawe dadi memantoe
amaregi para santri
kie ombenen doedoeh tok

45. den-arani doedoeh djangan tjampoer bawoer
miwah iwak sawarnaning
kabeh ngong peres nirih doedoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woes tjainpoer dadi sawidji
sakeda ombenen kono

46. saking gede-gedene pasihanakoe
oekoer sakeda melep til
entekna kabeh den-atoes
adja kongsi nora enting
Noeripin moelat melongo

47. kadi poendi kersa sampean poenikoe
woes menteg-menteg poeniki
padoeka ken ngoejoep doedoeh
weteng sampoen mintjip-mintjip
pineksa menawi ambrol

48. Koela-wirja ameksa sarwi goemoejoe
nora ilok anampik sih
tjinangarken kinen ngoejoep
panggcngen napasmoe titik
mitesa iroeng den-alon

49. woes pinaksa Noeripin doedoeh den-oejoep
lagja limang tjegoek noeli
Koela-wirja nekem goeloe tan
kena ngampah Noeripin
kagjat oewek moetah sak-sok

50. ting salemprot metjotot mamahan metoe
lir nemboer niprat rerai
ki Koela-wirja kelamoet
kiter-kiter meratani
klambi ketoe ting dalemok

51. angeledrag neng kelasa ngaloer-aloer
tjetjek betjek getjok midjil
kang mangan keh samja kogoeg
kagoegoe gigoe kawigih moengkag-
moengkoeg miloe oemor

52. tjoengir-tjoengir ngoetjap prie ikoe maoe
lagi samjetja aboekti
dadak boelaeran roesoeh
noelja wetanipoen pinggir
samja alok santri ngebrok

53. djinagoeran mring kantjane ting garebloeg
ambeng tan kongsi binagi
tjok-tjinohok reboet doetjoeng
santri tjilik noelja bengkrik
roeroesoehan reboet kokoh

54. kalih engge'n kang roesoeh djagoer-djinagoer
tendangan biti-biniti
goemoeroeli pisoeh-pinisoeh
rare nangis ting djalerit
tabokan popok-pinopok

55. kang sedaja kendoeri dinoem kesoesoe
prandene roesoeh sakedik
reboet katjek samja djoepoet
bikoet iboet bari linggih
brekat talening-talenong

56. ana koerang weneh sedeng kang barekoet
tan nganti den-kebajani
kesoesoe santri kang roesoeh
agedrah reboet kendoeri keh
berkat woetah ambrobol

57. sami oedreg ledroeg sekoel oelam adjoer
anggadibeli kang sikil
akeJh wong tjeripoe sekoel
tan winoewoes solahneki
loearan nadah sakeh wong

58. noelja winedalan tap sirih lan oedoed
wetara kang santri-santri
pandjang ilang mjang winoengkoes
samja nginang sedajeki weneh
oedoed anjeroto

59. oedoed nipah mjang kang wangen rokok wiroe
kang septa kelobot linting
sata lenjet menjan aroem
keloekoek mjang anglantari
papahing ketela gamblok

60. ting pramongmong lir ampak-ampak kang koekoes
ngempor-empor memeleki
ting kareses ngakep oedoed
noetoeg raosing kamoektin
wareg mangseg mendem rokok

61. kjai Baji Panoerta ngandika aroem
kabeh nora soen wangeni
sawoese soeka akemboel
pada boebaran karijin kabeh
nak poetoe toea nom

62. ingkang bandjoer moelih lan kang sedya wangsoel
sasoekanira pribadi
kedjaba ingkang ketempoeh
adja ta nora abali le'k-le'kan
dewe samengko

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

63. kang liningan sendika woes samja moendoer
ingkang nieksih aneng ngarsi
kang raji sedajanipoen Ian ki
demang Poera-sani salong
loerah santri. golong

64. santri Loetji angirid sinomanipoen
ngresiki kelasa lampit
ngoenduer pandjang piringipoen
kang itjal petjah tinitik mjang
bokor tapsirih gembol

65. woes mengkana baresih denja kekeboet
jata kang aneng wisma di
kang lagja inendah loehoeng
sen Amongraga kang wingit
lcnggah ingajap pra wadon

66. ingkang iboo lenggahnja kcpara ngajoen
Toerida lan Rarasati
lan pra nini pinisepoeh
koelawarga pareng estri
samja karenan
pandoelon

67. ni Malarsih noedoeh moendoet dahar goepoeh
kang liningan bok Soembaling
sigra sinaosken ngajoen
Soembaling lawan Tjentini
samja ngleladeni karo

68. sekoel oelam mawarni pepak sedaroem
ingolah kang adi-adi
tinata atap neng ngajoen
tan ana piring kang alit
sedaja lantjaran
djegong

69. woes soemaos leladen dahar neng ngajoen
seh Mongraga matoer aris
jen pareng poenika iboe
prajogi dipoen-boetjali
lara bonjo boten ilok

70. pan brahala poenika tjegahing elmoe
Malarsih meseni esmoe djrih
inggih anak sang abagoes
saking pikir kirang elmi
moeng ilok-ilok kemawon

71. sigra kinen amboetjali sedaja woes
noelja ngling angatjarani
soeawi wanting sang bagoes
sigra Tambang-raras. aris
anoeroehi mring raka Ion

72. ki seh Amongraga lon matoer mring iboe
poenika iboe menawi
oetami sedajanipoen
sami akemboelan boekti
kerana Allah kemawon

73. noelja samja amapan tepang neng ngajoen
Tambang-raras kinen boekti
tan arsa atoere noehoen
adan lekas samja boekti
ana tjitjik aneng dokoii

74. seh Mongraga- nge'tjani sarwi sidekoe
poeloeke moeng sakemiri
ginalintir tos lir watue tan dahar
oelam satjoewil namoeng sarem
lan temoe poh

75. dadya wigih sedaja poepoeloekipoen
woes noetoeg sedaja saint
linorodken maring ngajoen
ira Tambang-raras boekti
tapak asta oekoer desok

76. Tambang-raras pamoeloeke moeng setan-djoeng
tigang poeloekan noelja wis
sedaja woes samja toeroeh
tjinarikan mring pemboeri
toewoek sedaja poenang wong

77. woes linorod rampadan loearan sampoen
noelja dedaran soemadji
kang adi pala goemantoeng
pala kesimpar mepeki lah-
olahan ingkang raos

78. goegoerihan manis-manis sedaja woes
soemaos aneng ingarsi
jata ing wantji woes daloe
seh Mongraga matoer aris
mring kang iboe sarwi anor

79. lamoen pareng kaoela noenoewoen makloem
iktikap tangat ing masdjid
poenika meh wektoe sakoer
sedeng tojastoeti tertib
koeatos kelamoen epot

80. ni Malarsih naoeri woewoesira roem
inggih soemangga ing kapti
moenadjat maring Hjang Agoeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koela adjrih anggendoli
jen woes inoeng bakda kemawon

81. moegi noenten kondoer sarea tilam roem
awadjib ing garwaneki
perloening penganten panggoelt
kedah ing ratri wor goeling
matoer inggih Mongraga nor

82. woes linilan Mongraga loemampah metoe
sarwi gam pare tjinangking
kang iboe soeka angoengoen
moelat begdjane kang siwi
geng soekoering mring Hjang Manon

83. ki seh Amongraga mring patirtan adoes
woesnja soetji noelja ngambil
boesananira rinasoek
toeroeh kadas tojastoeti
amhandjet agama kaot

41e Zang; dichtmaat: DANDANG GOELA.

1. woesnja ngambil kadas tojastoeti
niatira ngilangaken kadas
kang tjilik nir soesoekere
noelja oemandjing tadjoeg
sigra soenat soekril woeloei
woes rong rekangat salam
gja soenat tahjatoel
masdjidi kalih rekangat
woesing salam ngangkat salat kiparati
rolas rekangat nem sam 1)

2. tan keselan-selan salatneki
woesing patekah moeng soerat iklas
kang kinarja wewatjane
akasoed soedjoed roekoek
tan kalempit doenoenging tertib
mjang moekaranahira
tan tjopet seramboet
anoentoeng rolas rekangat
ikrani mikrad moenadjad lawan toebadil
tjoplok woes ngalih titan

3. woesing rolas rekangat kang akir
roekoek iktidal soedjoed alenggah
antara soedjoed lorone'
sarta lan tertibipoen
asta kalih toemoempang wentis
tahjat akir iptitah-
ira tertibipoen
soenat akekat amatja
selawat kang atasing koelawarganing
nabi kita Moehammad

4. salalahoe ngalaihi [2]) salami
noelja salam bakda woes peragat
tyas bjar neng djaman tengahe
djaman tengahan ikoe
ananira ia sa-iki
iki-iki belaka
tan mengko tan waoe
mengkana seh Amongraga
noelja tatrap bardjah djalalah soehoeling
satarjah isbandiah

5. napas anpas tanapas noepoesi
patang prekara kang mandjing medal
liningling-lingling raose
ingarah beneripoen
ing parenge tibane oeni lamodjoeda ilalah
mot sanapas landoeng noelja dikir napi
isbat woes angingkoed ing tjipta tingalireki
satoes klimah sanapas

6. lapal Lailaha ilalahi
linampahken ilalah-ilalah
noelja Allah-Allah bae lan
hoe Allah-Allahoe hoe hoe
hoe hoe lan i i i i Ha
ilalah lah lah
o o e e oe oe
miwah la la a a ha ha
pan woes djomblah tan beda widjiling oeni
moeni tan moena sika

7. saliane' woewoese kang oewis tyas
woes kawas kawawas tan oewas
ing 'kedjep lijep lajape'
babahanira boentoe
mingkoep tan mjat ing boemi langit
lap nir norana apa pan woes
soewoeng gemploeng tjengeng
pleng moeng pamelengan
moeljaning dat salat daim ismoe ngalim
mantjad panaoel pana

1) prajoginipoen : s(a)lam.

2) prajoginipoen : ngalehi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. moring tingal pinantjer woes ening
enenging karsa tan ana ngloemba
akasoed pantja-driane
pineleng ing pendoeloe dadalan
kang ilang mring sepi titis grana
poesika pnesakaning kajoen
kajoengjoen kahananing dat
datan osik ngoelisik enenge ening
badan boedi tan obah

9. pan mengkono senete wong a rip
ingkang soening oening ing Pangeran
tan samar napi isbate
haib nganasir pagoet
arambatan tanadjoel tarki
tan kena ngilangana
tata-kraminipoen
jen woes moenggah boedi moelja
sang Hjang Maha Moelja lan mooljaning boedi
abeda nora beda

10. pan woes djoemboeh sembah lawan poedji
poedji amoedji ing dawakira
ia dewe nora dewe tanpa dewe
woes poepoes poerna tan djali 1)
abadi kae sen Amongraga
sawoesira djoenoen tawakoep
marang Pangeran anelangsa
apoeranira Hjang Widi wedaning
kaloepoetan

11. andodonga rila mring Hjang Widi
kapindo soekoer mring nabi doeta
sakeh rahmat djalarane
djeng nabi kang moelja noeng
woes peragat denja amoepid
kang dingin marang Allah
pindo mring djeng Rasoel
woes sampoerna tangatira
ki seh Amongraga kondoer saking rnasdjid
alit panepenira

12. bakda wektoe palilah woes lingsir
wengi wantjinira bakda tangat
Amongraga kondoer mangke
kang iboe meksih loenggoeh
lawan para sepoeh kang meksih sami
andaroes koer'an katah kang woes toeroe
Tambang-raras meksih lenggah ngarseng
tilam noelja seh Mongraga prapti alenggah
ngarsanira

12. ni Malarsih angandika aris
arakingsoen ki seh Amongraga
prajoga andika sare neng djinem
tilam aroem Amongraga oemaloer
inggih kaoela kinalilan lajap neng
tilam roem noewoen
pangaksameng galat ingkang iboe
naoeri wetjana aris ajwa awantjak
dria

14. apan sampoen- dados wadjibneki
kapopohan ing donja akerat moeng
koela andongakake moegi toeloesa
roentoet ajwa nganti sawaleng kapti
koela titip kewala ing rajinta boesoek
mangsa borong gen amoelang wan
kepalang ing tjegoek baliloeneki
pasrah reh woes pitaja

15. Amongraga dekoe matoer aris
inggih moegi angsaia pandonga
ing soedarma sekalihe'
darmi kaoela noedoeh langkoeng
begdjanipoen pribadi woesira
mengkana ni Malarsih metoe asare'
aneng mendapa meksih pepak kang
raji tan ana arip mjang poetra kali hi ra

16. kjai Baji angandika aris mring
kang garwa apa wis poetranta
goeling neng tilam karone
ni Malarsih oematoer inggih
kados saweg poeniki
adangoenipoen salat
atangat ing daloe ane'ng
tadjoeg pamelengan
lagja enggal poenika bakdanireki
kaoela woes apasrah

1) kirang sawanda katambahan : *a*.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. sawoesipoen koela ladjeng midjil
ki Bajwangling ja alkamdoe lilali
angandika mring poetrane
miwah mring arinipoen
pada toetoegena tan goeling
kang matja .kang trebangan
miwah ngadji oesoel
kang dolan tjatoer wong-wongan
lek-lekana sawengi ajwana goelfng
ingsoen toeroe priangga

18. woes- miranti panggenan agoeling
lan kang garwa Malarsih anendra
tata kang wonten daleme sang
pinangantyan waoe kang kalihan
lenggah sarimbit Amongraga
ngandika mring kang raji aroem
doeh jaji koesoemaningwang
asarea neng tilam mangsane arip
rapoeh sasore moela

19. Tambang-raras liningan ing laki
pan koemepjoer tyasira neratab
sarwi aseret atoere
poekoeloen sang abagoes kaoela
kewala neng djawi padoeka kang
sarea djrih kaoela noewoen ki seh
moeda Amongraga lingira room
sarwi anarik asteki doeh sang
koemalaning dyah

20. ajwa kalimpet sira ingelmi
palaling Hjang mring sira Ian ingwang
ing gandjaran woes tan pae
noegraha sang Maha Goeng
pira-pira soen sira jaji
karone pinaringan
kawasa tatemoe
marma kang kerana Allah
noelja ni ke'n Tambang-raras angabekti
noet sakersaning raka

21. gja winingkis kang samir tjaweni
rnasoek sang ro kinanti kang asta
woes toemameng djro djineme
loemangkeb samiripoen
Tambang-raras tyasira enis
koemoetoeg kang sarira
keteg reboet doetjoeng do tjeng napase
tyas melang toehoe-toehoe katemben
tjelak pribadi 1) koewoer keh njananira

22. angandika seh Mongraga aris
mring kang raji ia jaji sira
dfen-narima satitahe
nioenggoeh ing bab kang perloe
ingaoerip tekaboel ngelmi
ngelmoe kang woes moektamad
ing sarak djeng Rasoel
oelah ingalehi salam aminihi
moemoeroek ing sira jaji sira
neboeta sadat

23. nadyan woes ahli ja sira jaji
doeroeng esah jen tan lakinira
kang amoelang ing ahline
wadjibe amoemoeroek
pan katempoeh ing donja akir
ingelmoe lan nipekah
samja perloenipoen
sadat wadjibing wanodya
ia sadat Patimah ingkang linoewih
jaji pasoeken ing tyas

24. ajwa doemeh re'me'h ikoe jaji
wadjib angoetjap ashadoe an la
ilaha ilalah dene
soen ngawroehi satoehoe
tan ana Pangeran kekalih
nanging Allah kang esa
kang toenggal poenikoe
dadeken alam sedaja
wa ashadoe anna Patimah tin djokril
karimi irnra atal

25. noeboewatin binti Moehammadin
salalahoe ngalaihi wasalam
soen nekse'ni satoehoene
dewi Patimah ikoe
lintang djohar ingkang moeljadi
kang dadi ratoening dyah
kang atjahja mantjoer
kang poetra djeng nabi kita
Moehammad dinil salalahoe ngalehi
wasalam ngalaeka

1) prajoginipoen : priadi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. jwa pepeka kang djatmika ngelmi
djatmikaning elmne ikoe sarak
ia sarengat jektine
lawan tarekatipoen
pan minangka wadah sekalir
dening elmoe hakekat
Ian makripatipoen
minangka widji noegraha
widji jen tan toemanem wewadah betjik
boengkik noegrahanira

27. moelane jaji den ngali-ati
sarengalira koedoe sentosa
asareh akeh pedahe
ajwa langar ingelmoe
jen kepretjet ambilaeni
moeroengaken kasidan
dene langar ikoe
hakekat tinggal sarengat
ikoe akeh langar pengrasane oewis
angrasa badan moelja

28. solah tingkah moena lawan moeni
adja salat ta pan oewis salat
mengkono sepapadane
ikoe jaji den-emoet
jen manira tan ana bendjing
sira kari awirja
lamoen ana tjatoer
kang mengkono ikoe oega
watak ladak keselak tjalak ketjelik
tjeloek-tjeloek ing seian

29. singa kang den-lakoni tan dadi
doedoe dedalane daliloeiah
kang nioepid Moehamad raseh
ta dalil lawan madloel
kadis koedoe lawan koedisi
idjemak lawan kias
kisas lawan koesoes
ikoe oegering sarengat
lapal makna moerad rasa den-kalingling
ikoe ahli oetama

30. rong prekara jaji den-pakeling
kang dingin koedoe wedi mring Allah
kapindo maring lakine
ikoe gandjaranipoen dunja kerat
kinatjek betjik traping wong
wedeng Allah tan pegat
adaroes
ing koer'an kelawan salat
perloe soenat lan tangatira ing wengi
tepakoer maring Allah

31. dene nora pati toeroe jaji
wong kang melek sadjroning palilah
toempa-toempa gandjarane
sinoeng illiam Hjang Agoeng
bresih djrenihira awinih
boedi loehoer oetama
sidik ing pamoewoes awas
maring kira-kira
ngelmoe ingkang samar-samar sinoeng oening
malekah tyas moestika

32. semono ikoe gandjaran nitjil
1agjeng donja doeroeng ing akerat
pira-pira keh tikele
dene trap djrih ing kakoeng
apan ia kalih prekawis
kang dingin koedoe ia
mitoehoe ing woeroek
jwa maido analimpang
kapindone koedoe pasraji maring laki
koemambang ing wisesa

33. kang toemanem jaji donjeng akir
ajwa sela-sela salah tampa
toempa-toempa doerakane
angkoeh ening kang koekoeh
eling-eling sira den-eling
nelangsa ing Pangeran
nelangsa ing kakoeng
jen sira woes narimeng tyas
jekti amretandani Hjang maha Soetji
bineda kabeh beda

34 boedinira badanira jaji nora
rengked boendet nora randat
ginnntoengan rahmat bae donja
akeratipoen donja rahmat saking ing
laki akerat rahmat Allah ro ikoe
atjoekoep kajoen pidareni ika
ingoepaja oeriping banjoe kekalih
ing donja ing akerat

35. Tambang-aras tyasira mranani
ketaneman woewoelanging raka
soemilak padang driane'

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing soeroep pan woes kojoep datan ana
ingkang kalempit dasar woes ahlinira
brangti maring e'lmoe ing mangke wah
angsal woelang langkoeng sanggem
agemi marang agami ngoegemi reh kang
tama

36. ing patemon ki sen Amongragi
tan pati amrih bakda doekoelan
namoeng agama kageme
winoelangken sang ajoe
kang rahajoe lestareng boedi
ngandika jaji sira
apa woes soemoeroep
kang raji matoer anembah
inggih berkah padoeka kaoela poendi
tan nedya apepeka

37. Amongraga mesem sarwi narik
astanira ni ken Tambang-raras
sang ajoe koemepjoer tyase
riwenira akoemjoes
kawistara nityesmoe adjrih
alon denja ngendika doeh
jaji sirekoe sarehena
drianira
menawa na eblis momor samboe jaji
ngregedi moesliming tyas

38. pan mengkana ki seh Amongragi
saben seroekoek denira moelang
tansah anjandak astane'
jen teksih tyas koemenjoet
dereng korsa amagoet kang sih
wedaring kerasikan
jen ta dereng djoenoen
angantia pi rang dina
apan meksih inganti ahlinireki
mengkana kersanira

39. Tambang-raras roemaos ing kapti
jen mengkana sangsaja pirena
tjipta tan ana toewoeke nadahi
woelangipoen drianira angganing
agni tan wareg ing galinggang ing
soepaminipoen Tambang-raras
woes noegrah pan keboeka idajat
woelanging laki
alandep tan koemedap

40. ni Tjentini meped aniniling
andekoekoel neng waton liangan
angoela-ocla ngeleleh
mapan sedangoenipoen
atjateti 1) setjandakneki
kctjandak oega ora
akeii kang ketjakoep
ngalap berkah rerebetan
semangsane ing djro banene anangis
Tjentini toemoet waspa

41. kantjane sami pating koelisik
nora djamak bok Tjentini ika
ancmeni nilingake
berkate wong angilmoe
karem woewoeh dipoen-lilani
ngong mangsa mengkanaha
ni Soembaling moewoes
woes pajo tjoeki kentelan
ja wong teioe pasangane lintang ngalih
kaletik ter kentelan

42. awiwit tjrak-tjrek mangan asisir
sami masisir wiwitanira
areboet lakoe pitjise
anjoeblik karja teloe
weneh gawe liliman poetih
rame tjegat-tjinegat
kang kaseser nepsoe
moering-moering ge oewisa
ingkang dakon ting karesek andok ambii
alok goemeder boengah

43. ingkang wonten djroning tilam sari
Amongraga alon angandika
mjarsakna **jaji** mengkene
moenggoeh sampoernanipoen
ing asalat tigang prekawis
kang dingin soetji badan
kaping kalihipoen
kang asoetji lesanira
kaping teioe kang soetji atinireki
tan kena jen gampangna

44. ikoe oeger wong kang ahli koesni
anoetjeken ing teloeng prekara
badan lesan lan atine

---

1) prajoginipoen: anjateti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anade'ne' trapipoen
bangsa badan koedoe reresik
penganggo lawan prenah
ing asalat ikoe
wroeh perloene' jen woloelas
ingkang dingin niat kasdoe takroel takjin
takbir lawan patekah

45. roekoek Ian iktidal adegneki
sarta lawan toemaninahira
soedjoed loro antarane
kelawan loenggoehipoen
tahjat awal tertibireki
selawat ingkang atas
ing nabi poenikoe
lan atasing koelawarga
lawan toemaninah sarta ingkang tertib
asalam djangkepira

46. Tambang-raras oematoer ngabekti
poenapa kelilan oernatoera
mring djeng padoeka tetake'n
Mongraga lingira roem
endi petakonanireki
Tambang-raras toerira
kaoela noenoewoen
woelang doenoenging asalat
kang sedjati ngadeg roekoek soedjoed linggih
angsal saking poenapa

47. niat sampoernaning kang sedjati
sedjatining tambir 1) atoel ikram
kaoela noewoen djinaten
kang raka ris amoewoes
ia jaji ingsoen djateni
mas Allah ing asalat
kang sampoerneng doenoeng
tambir 1) moekaranahira
aksarane wowoloe poenikoe jaji
ja ikoe kawroehana

48. wit alip moetakalimoen wakid
lamta bengil lawan lam djaidah
hehoe akad limtamsoere
kapkabirah beroeboe
birah rera pingoel dradjati
djangkep aksara asta
inangka koempoelipoen

---

1) prajoginipoen : takbir,

pan dadi patang prekara
ikram mikrad moenadjad lawan toebadil
ikram tjengeng tegesnja

49. ingkang lali ing sabarang kalir
solah tingkah sedjabaning salat
tan katimpah ing liane' ingkang pleng
parengipoen lawan niat tibaning tekbir
anadene kang mikrad moenggoeh
tegesipoen moenggah ing boedi kang
moelja boedi moelja moeljaning salat
masoetji soetji djatining edat

50. dene kang toebadil ikoe jaji
pan kagenten kang badan woes singsal
mobah mosik sroe lirihe
polah tingkah kang waoe
woes kagenten polah sa-iki
iki polahing salat
edat ingkang agoeng
anadene kang moenadjat
tegesipoen sapotjapan ikoe jaji
oetjap-oetjaping salat

51. apotjapan lawan edat jaji
salat ikoe soehoel maring edat
basa soehoel wong tan pae
dat kang sipat rahmanoe
dat kang asma iskat Ian napi edat
ingkang apengal ia koen pajakoen
ikoe jaji hak hakekat salat ikoe
moeljakena kang asoetji loehoerna
kang koeasa

52. ingkang moeslim wiridira jaji
tctalinen pikoekoehing iman
woloeng prekara kang tandjeh
kang dihin sipat kajoen
tegesipoen poenikoe jaji
oerip tan keneng pedjah
ing salatirekoe
pindo kadiroen koeasa
tan kena pes kang koeasa salatneki
tri moeridoen kang kersa

53. kersa kang tan kepalang lestari
salatira jwa nganti kepalang
ping pat samingoen tegese'

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pengroengoe kang tan boentoe
tilingena salatireki
basiroen kaping lima
tegese andoeloe
pendoeloe tan keneng woeta
kang waspada amandeng saiatireki
liroe loroning toenggal

54. ping nem ngalimoen kang ngawikani
kawikanana djenenging salat tan kena
bodo dompone pitoe moetakalimoen
pangandika tan ngaping kalih jaji
pengoetjapira kang tjeta jwa gangsoel ia
saoetjaping salat
ping woloene sipat bakin langgeng jaji
kang langgeng salatira

55. Tambang-raras tyas semada rapih
kandih dening woewoelanging raka
tan pati akeh njanane
nembah alon oematoer
noewoen ladjengipoen kang moegi
toean ambabarena
Mongraga lingnja roem
ia jaji pirsakena
ing asalat adege asal ing geni
doedoe geni kang mangwa

56. doedoe geni ingkang moeroeb mati
geni kang sipat patang prekara
roh ilapi sedjatine lan roh
rahmani ikoe roh noerani Ian
roh roekani sekawan ikoe moelja
tjahja ingkang koedoes koedoes
wiwinihing doerjat doerjat ikoe
winih pepestenireki kang pesti
salatira

57. roekoek ikoe angsal saking angin
doedoe angin barat lesoes badjra
doedoe kang goemrebeg kije
dene" angin poenikoe
ngin kang sipat kawan prekawis
napas anpas tanapas
kaping pate' noepoes
noepoes wiwinihing roehjat
roehjat ikoe apan wiwinihing oerip
kang oerip salatira

58. dene soedjoed ikoe asal warih
doedoe warih kali soeinoer sendang
mjang kang asat agoeng dede
dene banjoe poenikoe
ja kang sipat patang prekawis
roh rabani kelawan
roh nabati ikoe
ping tri roh kewani lawan
roh djasmani djangkepe kawan prekawis
ja jaji doenoengira

59 roh djasmani pan ikoe wiwinih
wiwinihe kang mertabat sapta
mertabat wiwinih mangke
ing kedadeanipoen
ingkang dadi saiatireki
dene loenggoehe salat
asal boemi nenggoeh
doedoe boemi kang kentjikan
doedoe boemi kang mendoekoel ikoe jaji
ja boemi pat prekara

60. ingkang dihin wadi lawan madi
mani lan man ike m papatira
manikem winih ngadjale
dene adjal poenikoe
winih kelanggengan tan gingsir
ia kang langgeng sira
ing salatirekoe
den-brangta sira ing salat
pan padjoenen ing teloeng prekara jaji
imam tokid makripat

61. tekadena tokidira jaji
baledagen ja ing antepira
ajwa mengeng salah wengweng
kang loemoeh maring woeroeng
kang kcpengin maring kedadin
sedjatine djatmika
enengira loegoe
eneng narik kelanggengan
langgeng pati matia sadjroning oerip
oerip kang ahli pana

62. Tambang-raras tyasira woes wening
padang nerawang tan koemalendang
woes ampet pasang soeroepe'
mengkana kang moelang wroeh
woes andoengkap wantjinireki
pot palilah idjabah padjar gidib
soeboeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ki sen moeda Amongraga ugandika
roem sarwi anarik asteki doeh jaji
Tambang-raras

63. moepoeng awal meksih padjar gidib
wektoe soeboeh oetama kang awal
padjar gidib ing bakdane
pajo jaji awektoe
ni ken Tambang-raras agipih
kinanti astanira
midjil ing tilam roem
Tjentini gepah tan tebah
pan liningan mring seh moeda Amongragi
apa woes sore moela

64. nora toeroe dene aglis prapti
tjeti Tjentini oematoer nembah
inggih djeng toean wiose
mirma dereng atoeroe
lamoen wonten kersa anoeding
rajinta ing kaoela
ajwa kongsi asroe
Mongraga me'sem ngandika
mring kang raji jaji ikoe si Tjentini
kaprenah apanira

65. ni ken Tambang-raras matoer aris
poenika kadang katoet kewala
koela tresnani wiose
sabab piambakipoen
langkoeng tresna dateng ing kami
mila kaoela tresrn
nglegaken tyas oeloen
seh Mongraga lon ngandika
ikoe betjik pan manira miloe asih
ing mintra tjetinira

66. krana olih idajating elmi
melek sawengi menangi woelang
akeh ketjantel soeroepe
Tjentini nembah matoer
berkah toean ingkang kepoendi
noelja midjil kalihan
mring patirtan adoes
woes soetji noelja bocsana
ladjoe ngambil toja woeloe maring masdjid
gantya kang raji siram

67. tjeti Tjentini kang ngleladeni
sawoesira siram noelja kadas
Tjentini Ian kantoen mangke
Mongraga adan soeboeh ngalep-alep
swara ngalap sih manis aroem arenjah
moeloeh remak empoek mengkana
kang neng mendapa mjarsa swaraning
adan samja atangi kang toeroe
ginoegahan

68. samja soeboeh para santri-santri
mring masdjid gede woes binedoegan
aramja rempeg swarane
noetoeg denira soeboeh
bakda padjar bjar soerja midjil
moedoen kang samja salat
boebar weneh mantoek
kang wangsoel marang pendapa
kjai Baji asoeboeh aneng pendapi
endjing ladjeng alenggah

69. pan ingadep ingkang poetra kalih
Djajengwesti miwah Djajengraga
Ian para ri sedajane
Swardja Wira-doestekoe
ki Panoekma Panamar toewin
kalima Koela-wirja
anoelja kang rawoeh
ki Sebagi lan Djoemena
tan adangoe ki pengoeloe Basarodin
lawan samodinira

70. Noersoekidin lan ki Talabodin
moerid Djaki lan ki Prana-ita
mjang loerah-loerah santrine
sarenti datengipoen
demang Poera-sani kang prapti
pepak kang koelawangsa atap
anengajoen tan dangoe seh
Amongraga marek dateng ing
rama kiai Baji samja mingser
kang lenggah

71. kjai Baji ngandika mring Loetji
esoek betjike pada madangan
nget-angetan sega goreng
lawan iwak betoetoe
sega rames ingkang mepeki
sega toempeng kelawan
nembeleha wedoes
sawidji bae den-iras
tjawisana geni arenging koesambi
tjokak boeboek maritja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

72. wedang srebat kopi ajwa lali
santri Loetji goepoeh noelja men tar
mring dalem andawoehake'
ni Malarsili agoepoeh
angreteni leladeneki
miwah ingkang dedaran
srabi lawan poetoe
sawarninendjing-endjingan
woesnja pepak needing Soembaling Tjentini
kinen angladekena

73. ni Malarsih waoe kang angirid
lan kang poetra ni ken Tambang-raras
angladeni ing kakoenge
sinaosken ingajoen
sekoel oelam daran mawarni
santri Loetji meragat
wedoes sidji lemoe
woes baresih djrohanira
sinaosken bekakak mentah neng ngarsi
lan soedjen gja pinoerak

74. **kjai** Baji angandika aris
soemangga samia sesemekan
koela toeri toeroeh kabeh
ingkang liningan goepoeh
tepang kapang koepeng awanting
samja awiwidjikan
kotjor atoetoeroeh
adan lekas samja nadah
ki pengoeloe aprawira denja boekti
dokoh tjekoh atjikat

75. rambah-rambah kokoh meratani
sekoel rames lada bobor pindang
sekoel toempeng sekoel goreng
satengah njamoek-njamoek
den-sesambi ambakar daging
oekoer anget kewala
wal-wol apikantoek
ki Koela-wirja anabda
kang pengoeloe mengko dadi gawe malih
moenggah dodog-dodogan

76. dika eling-eling kala wingi
ki pengoeloe anaoeri sebda
dadi dodogan begdjane
kang mjarsa ger goemoejoe
den-tekadi temen kiai
mengkana ki seh moeda
Amongraga amoeng
anadah ngetjani sarak
poeloekipoen alit moeng samiri boengkik
ginalintir kewala

77. samja noetoeg denja kemboel boekti
menda setoenggil telas pinangan
kedik kang linorodake
woes noetoeg samja toeroeh
ni Soembaling lawan Tjentini
anjarik sekoel oelam
linorodken sampoen
gantya dedaran tinerap
aneng ngarsa djoeadah djenang soerabi
wadjik Ian poetoe majang

78. lempeng oelen-oelen wedang kopi
gemblong ledre isen-isen sega
mjang isen-isen gedange
bakaran pisang soeloeh
pisang radja damplak kang koening
woes soemadji ingarsa
kang ngladeni moendoer
Malarsih lan Tambang-raras
samja nadah lan ni Daja samja boekti
Malarsih angandika

79. mring kang poetra Tambang-raras ririh
soen tetanja babo maring sira
lah keprije sira angger
apa wis bakda doekoel
katetesan satjareming sih
kang poetra atoerira
pan kaoela iboe
ing djro wektoe kang palilah
kaoela pan woelang pratikel ngelmi
natas sedaloe pisan

80. pan kaoela sanget dereng ngerti
dereng soemerep basa pasihan
tan saged oematoer mangke
kang iboe alon moewoes
dadi doeroeng bakda doekoeli
kaliwat rerehira
panjananingsoen woes
linoear ing karasikan
ni bok Daja namboengi wetjana aris
poenikoe aneh tama

81. boten limrah sesamining sami
nedeng malih akir-balegira
tan njana lamoen arereh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking agoenging elmoe
Ian pratanda djalma linoewih
langkoeng panrimanira
poetranta sang ajoe
Malarsih linge gih talah
ladjeng toetoer marang ing poetra mawerdi
doeh ni ken Tambang-raras

82. soekoer alkamdoe lilah sireki
kang moega sira bisaha krama
teloeng prekara jwa wengweng
poraa sira kang emoet
tyas den-gemi wedi goemati
lire wcdi kang pasrah
jwa maoni woewoes
moeng lakonana kewala
kang toememen ing lahir toemekeng batin
kang mantep adja oah

83. lire gemi sira den-akoentji
ajwa boros terobos ing pekah
pekah samoekrim-moekrime
ala lan betjikipoen
ingkang akeh senadyan kedik
pan ikoe gemenana
kang narima soekoer
woeroek ikoe ja nipekah
ingkang gemi akoentji maring wewadi
jwa rebet ing witjara

84. liring goemati sira kang asih
marang kang den-remeni ing pria
kang miranti sademene
basa miranti ikoe
woesa wonten katon tjoemawis
sira njandang amangan
mjang anginoem ranoe
kang kasatmata ing pria
adja kolon singloe sabarang pakarti
antinen priksanira

85. pamoeroenge pan teloeng prekawis
dihin wani awanoeh sembrana
tan mitoehoe ing wekase
ambadalaken woewoes
asring-asring anjempaloeki
basane mendaloengan
diksoera dahoeloe
nganggo atine priangga
kang mengkono tan winahjoe bangsa inggil
andap sesamanira

86. kapindone nora angoegemi
barang ingkang dadya sisimpenan .
den-ebreh den ewer-ewer
tan doewe owel lowoeng tan
roemasa pewehing laki
angroeroesak nipekah mjang
wadining woewoes ngadoel-adoel
mring tetangga ikoe pedot derodot
tan bisa betjik atjorah djanma
roetjah

87. kaping teloe tyase sangga roenggi
remen ninged aloemoeh satmata
mangan ngombe koedoe dewe
karepe anoenengkoel
tan pesadja tyase besiwit
gawe sawiah-wiah
nora pati koedoe
laki soenatan kewala
kang mengkono entek talitining titik
tan kena tinakokna

88. soring asor tyas mengkono nini
wiranging wirang lamoen binoeang
tan kanggo maring lakine
petot gendolanipoen
tanpa djia papa pinanggih
kaloenta kawlas arsa
sangsajane moepoet
moeng ikoe pitoetoer ingwang
ia nora bisa soen nglakoni nanging
wong toea koedoe warah

89. ni ken Tambang-raras matoer aris
inggih kelangkoeng noehoen kaoela
woelang padoeka wiose
moegi kaoela iboe
asageda soeiteng laki
tan roemaos mah-imah
pan sedya angleboer
tapak tilas delamakan
sarta siang daloe kaoela amoendi
ing berkah iboe rama

90. jata waoe wonten ingkang prapti
tiang pipitoe sami kapalan
kendel neng lawang korine
santri Loetji andoeloe lamoen
ana tetamoe prapti ki Loetji
sigra medal mariksa woes
toendoek

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tinanjan sodjar oetoesan
kinen matoer maring djeng kiai Baji
docta mrih satnja sowan

91. angantoeki sigra santri Loetji
prapteng ngajoen ngatoeri oeninga
jen wonten datengan mangke
kinen nimbali goepoeh
santri Loetji noelja amanggil
kcrid ing lampahira
dajoh wong pipitoe
woes kinen loenggoeh pendapa
ingatjaran woes binagekaken sami
matoer noewoen anembah

92. wong pipitoe madjeng genti-genti
samja oematoer lampah dinoeta
ing poetra ken njaosake
ing patoembasing apoe
saking Soera-pringga Garesik
Sidajoe mjang ing Toeban
ing Rembang pra soenoe
kang pisoembang tinampanan
sedaja woes katoer mring djeng kjai Baji
ingkang rong poeloeh real

93. kang woloelas mjang nembelas anggris
limalas keton kang rolas real
ki Baji alon delinge
inggih andika matoer
mring anakmas toemenggoeng Gresik
miwah poetoe mas rangga
nak demang den bagoes
den bei Wirja-poespita
sanget panrima koela soekoer ing Widi
inggih alkamdoe lilah

94. moegi winalesa sihing Widi
rahajoeng teteping agama
mring anak mas sedajane pra doeteng 1)
nembali noehoen samja matoer anjendikani
arta sinoengken noelja marang garwanipoen
mring Malarsih woes tinampan goenggoeng
arta woloeng dasa kawan anggris pan
langkoeng tigang seka

---

1) prajoginipoen: doeta.

95. kjai Baji Panoerta ngling aris
Loetji sira ngroektia soegata
mjang djaran kae soekete
ingkang liningan goepoeh
angroekteni soegataneki
ki Baji malih nebda
mring pra doeta waoe
kewala sami tjelakan
kerana'llah sami matoer noewoen inggih
pan ingriki kewala

96. kalih dening poenika menawi
wonten pendangnenipoen poetranta
poetra padoeka kramine
ing poendi angsalipoen
mantoe toean besan djeng kjai
inenawi ing negara
toewin sami doesoen
Baji Panoerta ngandika
inggih dika matoer jen dinangoe mangkin
memanton tanpa besan

97. koela doedoetaken olih santri
santri kang saking Karang boejoetan
ngoembara kesasar mrene
dadi manira poepoe
sarta baja woes tekdirneki
djodo walahoe aklam
karseng Hjang Maha Goeng
manira datan koeasa
gawe daoep loewih kersaning Hjang Widi
ingong derini kewala

98. samja dekoe pra doetengabekti
sarwi miat mring sang pinangantyan
langkoeng wibawa semoene
tan kewasa andoeloe
sainggiling tenggak blerengi
kami tenggengen moelat
marang sang abagoes
mengkana woes sinoegatan
noelja pamit tjaraka woes den-lilani
nembah lengser woes mentar

99. jata ingkang samja neng pengapi
kjai Baji lan para ngoelama
ngoesoesken tepsir moerade
sedaja sami kadoeng datan
pati metoe moeradi sami
tjipta kajoman

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mating sang abagoes
penganten sen Amongraga
samjan djoeroeng soemangga ing reh moeradi
tepsir hakekatira

100. kjai Baji Panoerta ngling aris
daweg angger anak Amongraga
andika moeradi lire
kitab Ibnoe Kadjaroe noelja gipili
seh Amongragi kang kitab geng
tinampan rekal woes neng
ngajoen patitis wewatjan ilhar
pemaose noedjoe lapal sapinati
kamli sartoe albahra

101. pidalika wa-al bahri kamli
sapinatan ladjeng tegesira
mengkana pangandikane
menggah lapal poenikoe
pan peraoe aneng djeladri
wontena pira-pira
sarah mjang peraoe
seganten tan kenging kebak
wa poenika kaelokaning Hjang Widi
peraoe mot segara

103. soemanggeng kersa kang sedajeki
miradipoen toendjeming hakekat
kang tan petot sarengate
jen metot sarak koepoer
ingkang mawi lapal poeniki
ing dalil inallaha
lajoe gajiroehoe
inna insani gajiran
wakoelihi sadaka ngabdi pikoeli
soemangga miradira

104. kjai Baji njanteng tan kena ngling
para sepoeh andjetoeng sedaja
mantoek-mantoek weneh gedeg
roemaos miradipoen
toena doengkap adjrih menawi
tan tepoeng ing sarengat
asalajeng kawroeh
dadya ngalengger sedaja
Djajengwesti tansah mesem mring kang raji
sasmita matem ing tyas

105. nenggih ki pengoeloe Basarodin
ki Soeardja lawan Wira-doesta
Panoekma lan Panamare'
Koela-wirja pra sepoeh
sami matoer mring Amongragi
prajogi minoeradan
kang soepadosipoen
sedaja angalap berkah
roedjoekipoen lan sarengate ing pekih
ki Baji namtoeng sabda

106. inggih leres atoeripoen sami
sami talaboel angalap berkah
ing mirad pan dereng raseh
Amongraga toemoengkoel
alon matoer anjendikani
anuelja pasal moerad
segara mot praoe
peraoe oepamaneka
woedjoeding kaoela poenika sajekti
djeladri oepamanja

107. ngilmoening Hjang ingkang anglimpoeti
tan kena sat lan tan kena kebak
ing peraoe mjang sarahe
de ngilmoening Hjang Agoeng
jen ta lamoen dipoen-toelisi
kajoe ing alam donja
karja kalamipoen
godong kabeh dadi papan
samodra goeng kinarjaha mangsi meksih
keh ngelmoening Pangeran

108. moerad kaelokaning Hjang Widi
dalika ngaksoe mengkono pama
peraoe mot djeladrine
djalma ingkang woes mashoer
kalbi moekmin baitolahi
moekmin kang sampoen kawas
wakasoen kasioen
kang tan nandang keloepoetan
oepamane angin margeng toeloep nenggih
iman tokid makripat

109. ingkang kersa moedji amrih asih
noegrahaning dat kelawan sipat
kang esa ing apengale
tegese tyas poenikoe
kang tjoemadang kersanireki
tyas rohani poenika
sengga damar moeroeb
neng djroning gedong wilajat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan gedong wilajat poenika ati
damar roh rohanian

110. datan ana patinipoen ncnggih
oeroebipoen Ian paletikira
saking djro gedong pantjere pantjer lan
panteripoen ja laila hailalahi
Moehammad Rasoeloelah kang
waspadeng kewoeh soj-oting dat lawan
si pat jekoe loroning toenggal kaoela
goesti soera legaweng laja

111. kang woes awor tekad lawan ngelmi
ngelini kang woes mandjing maring tekad
tekad mandjing ing badane
hadan oepaini praoe peraoe kang
amot djeladri djeladri ngelmining
Hjang. sarengating Rasoel
tarekating Rasoeloerah hakekating
Rasoeloelah makripati Rasoel
djalawa ngadja

112. dedep sirep tan ana tjoemoewit
kang alenggah andekem sedaja
mjarsaken moerad rentese
tan ana salang soeroep
samja angsal peridah 1) mangerti
saking genah aprenah
samja mantoek-mantoek
kabeh anglalojop netya
saking sanget pangoengpenira ing kapti
kaloehoeran ing moerad

113. angling malih ki seh Amongragi
wakoelihi tangala sadaka
ngabdi pikoeli moerade andikaning
Hjang Agoeng sakeh dalem [2])a
poeniki ja tekeng soen tan lian
inallaha la joe-gajiroe wa man
saian satoehoene Allah datan
angoahi mring sawidjining titah

114. an insani gajiran riati
ingkang oah-oah bangsa riah

---

1) prajoginipoen : pe'dah.
2) kirang sawanda, katambahan : i.

kita piambak kang sedeng
saking aral tan kioer
man lasara ngilman maoti
tegesipoen sing sapa
tan dadi kang elmoe
mati bae sadjegira
nora nana antarengnja oeripneki
dalika paokaha

115. waman sara ngilman lamaoti
kajana bajan ing tegesira
sapa kang dadi ngelmoene
oerip ing sadjegipoen
nora mati kewala ngalih
panggonane kadatyan
lawan malihipoen
manda kalapil maota
padjis moena soema sipat toerabani
tegese Ian sing sapa

116. wonge kang mandjing ing dalem pati
mangka ilang djisim kawiboehan
malih sipate Hjang reke
ingrikoe gjan pakewoeh
bok toempangso asalali kardi
kedah terang lan moerad
jwa kanti ketroetjoet
amestekaken neng swarga
kang den arsa-arsa moeng ngersanireki
lir nagih tanpa potang

117. kados poenapa genipoen olih
wonten roengside raosing mirad
tan kenging gegampang lire
katjentok doeraka goeng
sabab dening gegampang angling
tan parah ing sarengat
mentah dereng koesoes
bilai donja akerat
kemlekeren kawroehe pan ora dadi .
dadak andjedjak sarak

118. sarak borot ketjer borak-barik
dadya sia-sia maring badan
wong kang anggempal sarake
temah kloeroeng kepaoeng
nadyan bener ngelmoenireki
je'n meksih tinggal sarak
sarake djeng Rasoel djeng
Rasoel poenika apan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sajektine woes woedjoeding goeroe djati
djatining rasa moelja

119. moeljaning dat sipat apngalneki
sekatahc ngelmoe lahir miwah
batin mjang- agal lemboete
tan lian saking Rasoel
mila mring wewaler den-adjrih
ing tjegah lawan pakwan
batal karamipoen
karam ing kawan prekara
karam tingkah mjang karaming penganggeki
karaming pepanganan

120. karaming pamoewoes djangkepneki
ingkang nerak wewaler poenika
kang aran kapir jektine
tegese pan ketoetoep
ketoetoepan tan wroeh ing jekti
kene den-rani kana
lor dinalih kidoel
arahab maring kang karam
nora rahab maring kalal kadangneki
tan ana batal karam

121. gih poenika kopar koepoer kapir
woes merodjol metoe saking sarak
se'dje'n agama kapire
poenika kang samjemoet
ja agampil saking sakedik
kedik saja akatah
padoene aboebroek
ngereti koekoem Pangpran
djare wenang sabab kiteki kekasih
tinimbang lawan kewan

122. kang poenika tiang anggegampil
tjebol kawroehipoen gelangsaran
ngelmoe pala widja pendek
tan ketjatjah ngaloenggoeh
pan woes kanas adegan tebih
tan katjelek ing sarak
pantjen getjoel ngoentoel
tetep tiwas ingagesang
ingkang sami lenggah mitjareng djro ati
demes angantet moerad

42e Zang; dichtmaat: KINANTI.

1, abagoes djatmika roeroeh
pasang semoene awingit
pantes trahing awibawa
wangoene angrespateni
tjahjanira anranggana
toemedja soemoenoe wening

2. ngong doega olia loehoeng
widjining moekti mengkoni
ketara loengiding basa
liringe amrabawani
singa sinatmateng tingal
tyas goegoep mengeh ngabekti

3. ngoelama sedaja ketoer
tan ana poeroen mapali
kajoman tyas tan goelawat
kabentjih remeking galih
wangsoel sih samja narima
mindak dangan serepne'ki

4. mengkana kang para sepoeh
grahitanira djrih asih
marang ki seh Amongraga
samja matoer ngasih-asih ki
pengoeloe atoerira mjang
kabeh ambiantoni

5. moegi ladjengna saroekoek
engkas bab kang angel malih
noelja ki seh Amongraga
amiak kitab ibeni
Padjar angleresi pasal
kaelokaning Hjang Widi

6. walkapiroe parilatoen
wa-al islamoe soenatin
kapir perloening agesang
islam soenating aoerip
kang mjarsa sami andjola
saking weneh pasalneki

7. kabeh goejoe-goejoe goemoen
wontena saking satoenggil
ingkang graita ing moerad
tan soemerep kantetneki kang
roedjoek lawan sarengat kodenge
roemaos teksis

8. samja tjadanging pangroengoe
seh Amongraga moeradi
poenika boten moengajan
kapir perloening aoerip

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

islam soenating agesang
de moerad eloking dalil

9. ing dalem sawidji taoen
tanasoeb ing perloe kalih
wadjib kelawan kipajah apan
sami preloeneki preloe wadjib
ikoe salat perloe kipajah does
majit

10' islam kang nglakoni perloe
perloe ing kalih prekawis wektoe
Ian does majit pada tinggale
poenikoe kapir kang tinilar islam
soenat sabab perloe tinggalne'ki

11. wong kang atinggal ing perloe
poenikoe djenenging kapir
nanging koedoe-koedoe tinggal
merlokaken salah sidji
sabab sami perloenira
ing wektoe Ian doesing majit

12. poenikoe roedjoeking elmoe
koesoesing moerad kang salih kang
mjarsa padang tyasira tansah
penggoenggoengireki sedaja
oepamanira lir loemboe katoebing
angin

13. Amongraga malih moewoes
pasal watarkoes salati
wadjibatoen wasalatan
soenatoen tegesireki
dene wong kang tinggal salat
poenikoe kelangkoeng wadjib

14. de kang wong salat poenikoe
soenat kewala nglampahi
perloe kang atinggal salat
toer oetama ingaoerip
kabeh djengek kegawokan
ki Baji aneiek lampit

15. gereng-gereng ki pengoeloe
mjarsa lapal moetawatir
dereng raseh saking moerad
noelja ki seh Amongragi
moerading tegesing lapal
tandoek manis amatitis

16. moerading kadis poenikoe
atinggal salat pan wadjib
kang malah-malah oetama
ki Soeardja matoer aris doeh
kadi poendi anak mas
wadjibipoen kadi poendi

17. koela kodeng koesoesipoen
atinggal winastan wadjib
kang nglampahi soesoenatan
poenika ta ingkang poendi
seh Mongraga atoerira inggih
prajogi binoedi

18. pahoewa dalika ngaksoe
ilabil ngoendjilatihi
kenging jen tinggala salat
kale ngoedjlati Hjang Widi
ngoedjilat poenika mojang
tan sedya mor ing sesami

19. woes nora asinggan-singgoen
tan amikir sandang boekti
miwah marang radjah tamah
tyasira woes tan sak serik
lan datan aloro tingal
anoetjeken djiwaneki

20. madjenoen marang Hjang Agoeng
nedya midji ing pribadi
woes mantjal saking sarengat
poenika bilih menawi wonten
kang sedya atinggal salat
limang wektoeneki

21. ki Baji Panoerta mantoek
aneboet ki Basarodin
ki Soeardja biang-biang gedeg
demang Poera-sani ana
ingkang ketjap-ketjap mesem
Djengraga Djengwesti

22. sabab woes wiwinih ngandoet
ingelmi ingkang piningit
sedaja sami rerasan
goemermeng tana kadoegi
tinggal salat tan saketja
kewala etja netepi

23. ki pengoeloe namboeng woewoes
woes datan nedya giningsir
tan kewagah kamban djangkah
kang kaprah kewala betjik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

snemangga ngrikoe sedaja
jen wonten kcrsa nandangi

24. sedaja sami andekoe
Wira-doesta mesem angling
aleres kiai Basar-
odin Koela-wirja angling
jen meksih wnng bangsa engam
pan koemaki koemawawi

25. sasat goerem ngemoet edjoen
ger goemoejoe sedajeki
sedaja tyasnja nalangsa rocmaos
ngam tingkahneki tan ana kang
mengkonoa ljan ingkang woes
kerseng Widi

26. mengkana ing wajahipoen
bedoeg deng kiai Baji
ngandika mring santrinira
eh Loctji matoera maring
njainira aneng wisma
moendoeta dahar den-aglis

27. sendika ingkang tinoedoeh
matoer mring ni ken Malarsih
sigra angatag padekan
Soemb&ling lawan Tjentini
anampa rampadanira
ni Malarsih aneng ngarsi

28. Ian poetranira sang ajoe
Tambang-raras woerineki
angladeni kakoengira
woes prapteng mendapi ngarsi
pengadjeng toempeng megana
neng pandjang giri prada brit

29. sekoel golong menoel-menoel
opor bebek besngek pitik
a!engdeng gepoekan gorengan
petjel pitik djangan menir
lada pindang pada mara
gorengan katik goelatik

30. bon age empal poek doedoeh
deng pandje'n soedjenan ragi
kalepon limpa seregan
pes-pesan tambra tengiri
getjok genem gadon rempah
lombok kentjeng lawan petis

31. sambel goreng 1) ngoet-
mangoet
sambel keloeak kemiri
talaban ketjipir kaljang kara
timoen terong glatik ketjemeh
pare lempoejang tenioe poll
tjabe Ian koentji

32. woes tata keket neng ngajoen
Malarsih matoer ing laki
poenika sampoen samekta
ki Baji ngandika aris
soeawi sami widjika
sedaja noelja wewanting

33. dan lekas nadali akoempoel
pikantoek denira boekti
doemoegi sasenengira
ki pengoeloe Basarodin
penadahe djor-djinoran
pengoeloe lan Djajengragi

34. Djengwesti mesem amoewoes
mring Koela-wirja bibisik
tan pangling lon woewoesira
goegoedjeng mring Djajengragi
anamboeng tantang-tinantang
lan pengoeloe Basarodin

35. poenapa kenging poenikoe
kelamoen dipoen-totohi
poendi ingkang betah menang
goemoejoe ki Djajengragi
mesem ki pengoeloe Basar -
odin poeloeh tan ngendati

36. Djajengwesti lon amoewoes
mring kang raji Djajengragi
jwa pidjer latah kewala
mengko ga kesoesoe moelih
kebat soesoelen ki Basar
woes kalong ken kokohneki

37. kang raji saja goemoejoe
kang tjelak-tjelak goeligik
Koela-wirja woewoesira
pajo den-boet ro ki Roedin
angling malih daweg paman
jata ki seh Amongragi

38. atamhan pemoeloekipoen
kepele' sadjambe ranti

---

1) kirang sawanda, katambahan : ma.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oelam moeng paroe kewala
ginigit den iwit-iwit temue poh
tjabe lempoejang moeng
poenikoe kang binoekti

39. sira kiai pengoeloe
kaetjan denira boekti
tocmpeng megana pinroetah
oelam djedjangauan sami
mot djroning toempeng megana
safta binoembon goegoerih

40. dipoen-imboeh sedaja woes
noetoeg denira aboekti
tan ana ingkang tjawengah
ki pengoeloe Basarodin
denja anadah matetah
atekoel poeloek sabiti

41. ki pengoeloe denja ngoeloe
goetoek lag-leg ketjap aglis
legender hem oeh andjengat
blai kalelegen eri
pan eri iganing tanibra
kokohira kantoen kedik

42. tangan meksih ngepel gatoeng
ngicnggerek ambrebes mili
sedaja kagjat wlas moelat
ki Koela-wirja mjat angling
lah-lah oedjarkoe ta apa
poeloeh-poeloeh djer tan aris

43. kaja wong keboeroe nepsoe
tan nganggo satitah boekti
pengoeloe naoeri serak
woes tandange kadi poendi
sarta neboet astag pirlah
Allah-Allah prije iki

44. Koela-wirja tanja moewoes
apa baloeng poenapi ri
glerek-glerek saoerira
doeh niki klelegen eri ri
iganing tatnbra ika sakit
temen pre'hpoen niki

45. ki Baji welas angoengoen ni
Malarsih toetoep lati kabeh getoen
welas moelat mring pengoeloe
Basarodin ki Baji alon ngandika
mring mantoe sch Amongragi

46. poenika kjai pengoeloe
moegi angger atoeloeng sih
soepaja sageda man'gan
jen kelantoer kawlas asih
Amongraga atoerira
pan inggih poen Djamal Djamil

47. asring saged sabenipoen
ki Baji angatag aglis
lah ta sira Djamil Djamal
toeloengen ki Basarodin ki
Djamil anoelja minggah
mring gjaning ki Basarodin

48. Djamil matoer mring pengoeloe
kjai talinganireki
andika djewer priangga
sarta amatja poeniki saleh-
saleh kaping sapta noenten
andika eledi

49. saleh malih kaping pitoe
noenten ngeled saleh malih
ping pitoe djangkep ping tiga
noelja den-poeloeki nasi
ingkang anget sakeledan
Basarodin anoeroeti

50. lir woelanging Djamil waoe
andjewer koeping pribadi
saleh-saleh poedjinira
tri ping pitoe dereng kongsi
ampoehing donga woes sirna
sapoeloekan ngeled nasi

51. legender lap sakitipoen
mak blas raosing sesakit
waloeja sami sekala
ki pengoeloe Basarodin
amatja alkamdoe lilah olih
tocloenge si Djamil

52. Djamal Djamil alon tnoewoes
wonten saratipoen oegi
jen wong dahar oelam toja
eloh samodra benawi
kawitana saking sirah
pemangane oelam warih

53. jen woes dahar sirahipoen
madjenge tan moetawatir
ki pengoeloe soeka nabda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

katoedjoene ana adi
Djamal Djamil aweh waras
banget legane tyas mami

54. ki Djamil naoeri woewoes
inggih kjai sami-sami
pan dertni dadya djalaran
ki Basar oelate aring jen
mekoten daweg nadah
koela lan dika ingriki

55. ki Djamil tan poeroen kemboel
pineksa-pcksa tan apti
djeng kjai alon ngandika
teka toeroeten prajogi
poenagine goning waras
lan ki Djamal ajwa kari

56. kemboela kono wong teloe
ia Ian ki Basarodin
Djamil Djamal toer sendika
anoelja nadah wong katri
scdajn dan ladjoe nadah Kaela-
wirja goegoejoni

57. njata rosa ki pengoeloe
awak-awak taloe malih
njanakoe woes Petroek bundan
esoek-e'soek anoeli wis
iki bali sorenira
lekas wiwit moemoetjoeki

58. ki Djajengraga goemoejoe
koela woes mantoen den-tohi
poenika pengoeloe Basar
salin landing Djamal Djamil
goemoejoe kang sanija mjarsa
denja nadah Djamal Djamil

59. ki pengoeloe njandak doedoeh
duedoeh djangan den-kokohi
angingkaed oelam-oelaman
ngaloemproek mring Basarodin
sedaja kang samja nadah
sami mene angantosi

60. tan ana toemoenten wisoeh
Koela-wirja pagoejwan ling
sasat wong laki tinambang
alok gosong sedeng malik
ki Basar saja kae'tjan imboeh
sekoel djangan malih

61. sarwi moewoes njamoek-njamoek
wawi sampoeng iking-iking
kang goemoegi kaih koea
ger ginoejoe sedajeki
Djamal Djamil saoerira
boten-botene' ngontjati

62. dangue denja nadah toetoeg
ki Basarodin ngandegi
koemjoes karinget riwean
koemlakaren soendoel ati
kempocs-kempoes kalekeran
legejeh sidoeweng woeri

63. anganti wong ro dereng woes
Koela-wirja goemoejwangling
sarwi mara djer koe apa
mocndoeta iroes den-aglis
tan dangoe katoer iroesnja ki
pengoeloe den-iroesi

64. kang ngiroes sarwi sroe moewoes
de kawon ki Basarodin
dika temah kadjantaka
kasoran aprang aboekti
sira ki pengoeloe Basar
klesik-klesik anaoeri

65. kantoen tigas kalihipoen
mila rosane abelis
moengsoeh woes randan grabahan
sinten koeat angembari
kang mjarsa goemoejoe soeka
mring saoere Basarodin

66. ki Koela-wirja anoedoeh
mring Soembaling lan Tjentini
kinen anglorodken dahar
baginen marang pemboeri
lan eh sira Djamil Djamal
ambengmoe gawanen ngailih

67. ki Baji namboengi woewoes
ja bener gawanen ngalih
ki Baji gja wisoeh asta
sedaja noelja wawanting
kang toetoeroeh ngoembah tangan
woes samja soetji pra sami

68. rampadan linorod moendoer
pinroetah marang pemboeri
werata tan ana kirang
santri Loetji angeloedi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ni Malarsih lan kang poetra
woesnja angladosi laki

69. moendoer saking ngersanipoen
ladjeng malbeng dalemneki
Soembaling Tjentini medal
ambekta gembol tap sirih
daran meksih djing-indjingan
woes tata malih alinggih

70. kang anginang weneh oedoed
ki Baji angatjarani
wawi poenikoe mangsegan
pocnapa kang den-kersani
oematoer inggih soemangga
Djamal Djamil meksih boekti

71. wong roro samja asengkoed
sekoel sepandjang moendjoengi
oelame nem **piring** bebas
goemoejoc kang samja meksi
mjang miat pengoeloe Basar-
odin meksih den-iroesi

72. wetengira den boek-emboek
obah alihan alinggih
menggeh-menggeh tjege'h sajah
ki pengoeloe Basarodin
angling doeh mangke sakedap
koelarsa totoja seni

73. gedoebroegan ngadeg timpoeh
grigoeh djinagan ing santri
santri sekawan tan tebali
moendoet djogan ing pendapi
kadoeng grago soekoenira
kaglongsan napak ing siti

74. kjai pengoeloe tibambroek
keglimpang sreban kaglinding
santri papat kethidihan ting
barengok djelih-djelih **kjai**
Basar tinoeloengan tinarik
woes bisa tangi

75. sreban inganggeken sampoen
ki pengoeloe Basarodin sarengen
mring santrinira santri pat pada
penjakit tan kena gawe liangan
nora kongang andjagani

76. kang mjarsa sami goemoejoe
kesoesoe ki Basarodin
age ingkag mring gedogan
woes kalingan djaro kelir
tan kongsi pendodokira lagi
pengoeloe atjingtjing

77. antarane dereng dangue
mak brok pret preket angising
kagjat kang aneng mendapa
ger bareng goemoejoe sami
Koela-wirja latah-latah
de ngemaiidang saking riki

78. tan woes woewoesen ing goejoe
jata ing wektoe woes mandjing
sira ki Baji Panoerta
ngandika mring santri Loetji
eh Loetji sira tata ha salatan
kclasa lampit

79. neng kana ing masdjid mangoe
den-age Ian si Noeripin
kang liningan sigra mentar
Noeripin lan Djalalodin mring
masdjid mangoe anata pesalatan
woes miranti

80. ki Baji ngandika aroem
soeawi sami amidjil
ingrika ingkang adjembar
matoer soemangga prajogi
anoelja samja amedal
salat loehoer maring djawi

81. ki Baji lawan sang mantoe
Ian Djengwesti Djajengragi
Soeardja Ian Wira-doesta
Panoekma Panamar toewin
Koela-wirja lan ki demang
Poera-sani mjang Sebagi

82. Djoemena Djamal Djamiloen
lawan para loerah santri
samja angenteni marang ki pengoeloe
Basarodin tan dangoe noelja katingal
ladjeng noesoel mring ing masdjid

83. den-iring pra santrinipoen
sapraptanira ing masdjid

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woesnja woeloe noesoel soenat
sedaja woes soenat sami ki Baji
angatag kamat
Mongraga kinen ngimami

84. noetoeg denja salat loehoer
prapta ing bakdanireki
poedjian dikir andonga
nuelja sesalaman sami
ladjeng soenat bakdiatan
woes peragat sedajeki

85. ladjoe kewala aloenggoeh
aneng soerambining masdjid
woes tata denira lenggah
angandika kjai Baji
maraug para arinira
Soeardja Wira-doesteki

86. soen tetanja ing sirekoe
paran toemon wisma betjik jen
gawe menawa lawas tan bisa
kanggo toemoeli prije kono
remboegira pikiren ingkang
prajogi

87. bakale panggonanipoen
poeloenanira ing mangkin
toewin paman lawan oea
Sebagi Djoemena dening
toemingal wisma kang pe'lag
kang tjelak kewala ngriki

88. ki Soeardja lon oematoer
ing raka semoenira djrih
kaoela soemanggeng kersa
poendi padoeka kersani
wismaning para sentana
mjang soedagar magersari

89. mangsa eweda ing kajoen
wisma katah kang prajogi
sadengah ingkang kinersan
kaoela ingkang ngrampoengi
kang raka Ion andikanja
ja bener kweh wisme'ng betjik

90. nanging tyas ngong meksih e'woeh
doeroeng ketemoe ing pikir
Soeardja matoer soemangga
kanrije' ing kono jaji
pada matoera priangga
ondi kang sira pirsani

91. ki Wira-doesta oematoer
tingal koela kang prajogi
grianipoen pak Radjiali
geng piambak tawon-boni
Panoekma ngling inggih samja
lan wismane Basarodin

92. ngling Panamar kaot sepoeh
sepoeh griane ki Rodin
pened griane poen oea
Sebagi koetjiwa alit
Koela-wirja woewoesira
leres sedaja prajogi

93. nanging pinten bangginipoen
pareng kersane djeng kjai
demang Poera-sani nabda
koela ingriki satoenggit
prajogi lainoen kinersan
man demang dongkol wismeki

94. nanging wonten tebihipoen
botena koela kadoegi
ngrampoengi andatengena
ki Baji ngandika aris
gin nak demang ngong tarima .
ki Koela-wirja ngling malih

95. poenika wonten kalamoen
pareng kersane djeng kjai
nanging meksili reragangan
petjak seket sasoer nanging
koetjiwa dapoer limasan
ki Baji soeka mjarsa ngling

96. lah ia ikoe ngong remboeg
toetoere arinireki
eh Wirja kang doewe sapa
oematoer kewala ngriki
inggih poen anak Moertala
pendamelipoen den-apti

97. arapet tjatokanipoen
sarwa santosa nglangkoengi
baloengan takir belandar
sakersa teksih kedoegi
ki Baji alon ngandika mring
poetra ki Djajengwesti

98. koeloep remboegen kang patoet
Ian painaii-pamanireki
ragangane si Moertala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pira regane kang pesti
ajwa nganti amisesa
pikiren ingkang abetjik

99. jen den-regani poenikoe
toetoegen satawaneki
satitik ajwa ko enjang
lamoen ora angregani
teksiren tikelen rega
soepaja jwa dadi pikir

100. prakarekoe jen woes rampoeng
toetoegena dadineki
adja lali sanak Kalang
kon garap dadi papali
lawan oendagi Djepari si
Patra-kria kang betjik

101. mangsa bodoa sirekoe
rajapen dimene gelis
kiranen bisaha dadya
djroning patang poeloeh ari
tanggal patlikoer kanggea
ing sasi ngarep poeniki

102. ingkang poetra ris oematoer
inggih sendika oemirina
pitaren kang paman-paman
poenapa sampoena bendjing
kangge tanggal selawe prah ing
woelan ngadjeng poeniki

103. kang pra paman sami sagoeh
jen ginelak kaja oewis
woes samekteng remboegira
jata demang Poera-sani
oematoer mring ki Panoerta
djeng kjai lamoen marengi

104. amba noewoen pamit mantoek
naoeri kiai Baji poenapa tan
ketanggoengan prajogi bok bendjing-
endjing saketja pan datan panas
adreng demang Poera-sani

105. noelja oemarek angoedjoeng
pamit mring sedajaneki noelja samja
sesalaman moendoer demang Poera-
sani saocngkoerira ki demang
oematoer kang para ari

106. mring kang raka nembah moendo
poenika lamoen marengi
poetra dalem sang pengatityan
kaoela soewoen saratri
poen adi-adi sedaja noewoen
saratri-saratri

107. ki Baji aris amoewoes
ja soekoer karepireki
mengko bengi neng nakira
kang toea namoeng sawengi
rinane aneng wismanja moeng
sadina bae noeli

108. ana ing wismanirekoe
ia sadina sawengi
noeli mring para rinira
sami sadina sawengi
arakita sawetara
pedah koermating pengantin

109. sawising kono anoedjoe
sepasare nakireki
kang raji lega tyasira ki
pengodoe Basarodin
koela nienawi kclilan jen
sampoen sapekeneki

110. kaoela noewoen sedaloe
kemawon lamoen marengi
ki Bajwaris woewoesira
lah ia ki Basarodin pada
nadar sekadarnja salamete
nakireki

111. jata boebaran sedaroem
akondoer kiai Baji
samja angiring sedaja
prapteng pare'golan sami ki
Bajwangling woes balia pada
ambandjoera moelih

112. kang liningan samja boengkoek
samja matoer njendikani
noelak saking paregolan
sarengan lampahireki
ngatjarani kang soemimpang
ampir-ingampirken sami

113. jata ki Baji kang kondoer
prapteng pelataraneki
kang ngiring ki Djainil Djamal

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

santri Loetji Ian Noeripin
waoe kang aneng ing wisma
ni sori Baji Malarsih

114. lawan kang poetra sang ajoe
samja me toe k maring laki
toendoek ni ken Tambang-raras
mendak ingarsa ngabekti
soemoengkoe angraoep pada
seh Amongraga oemeksi

115. sarwi narik astanipoen
ngandika aroem amanis
ja woes jaji ngong tarima
pajo toemameng wisma di
noelja ni ken noet ing raka
kang raji asta kinanti

116. kang raina lawan kang iboe
ningali poetra sarimbit
buengah amarwata soeta
jata waoe kjai Baji
ladjoe mring gandok kang wetan
de kang poetra Amongragi

117. ladjeng mring panepenipoen
ing tadjoeg alit pawingking
ler kilen dalem tan tebah
baloembang kinoebeng asri
djinaro risig djedjetan kori
lit ingoekir remit

118. kitri trenggoeloen ngregoejoeng
ngajomi natar aresik
kanan keri sasekaran kenanga
gambir melati ketongkeng Ian
sekar dangan soendel-malem
manda-kaki

119. tjepaka kalak lan menoer
patjar anggrek woelan asri
argoelo patra menggala
taloeki lan wora-wari
poeriiig koemoening andong bang
tajoemas nodja saroeni

120. tinaman panepenipoen
asimpar singoeb awingit
waoe sang ro pinangantyan
rena neng panepen ninis
ing srambining pamelengan
Tjentini kang ngleladeni

121. Soembaling ngaterken waoe
dedaran saking boeneki
wowohan mjang lah-olahan
wedang ten sarebat manis
Soembaling ngimbalken daran
tjeti Tjentini nampeni

122. sinaosken sedaja woes
neng ngarsa asri soemadji
sira ki sen Amongraga
angandika roem amanis
lah jaji daroesa koer'an
ngong arsa wroeh gonmoe ngadji

123. ni ken Tambang-raras goepoeh
anoeding tjeti Tjentini
kinen amoendoeta koer'an kelawan
djalalen tepsir kang liningan sigra
mentar moendoet koer'an
Kastamboelmil

124. tan adangoe noelja katoer
ni ken Tambang-raras noeli
ngambil toja woeloe marang
baloembang mili awening
sawoesnja marek ingarsa
kang Kastamboelmil ingambil

125. nembah amiak Kastamboel
soerat patekah awiwit
tangawoedira pasekat
tan wang-wang neng ngarseng laki
talaboel tyas wit arahab noelja matja
bismilahi

126. rahmani rakim alkamdoe
lilahi rabil ngalamin
arahaman nirakima
maliki jajo 1) midini
wa iaka nakboedoea
wa iaka nastangini

127. lan ihdina siratalmoes-
takima sirataladi-
na an nganta [2]) ngalehima
gerilmagloebi ngalehim
walalalina amina kir-ate'
datan kalempit

128. miwah kasar lan madipoen
toewin kandel tipisneki

---

1) prajoginipoen: jao. [2]) prajoginipoen : ngamta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang rakn mestrm ngandika ja
woes bener ikoe jaji oetama
ingkang akir-at nanging wong
estri tan wadjib

129. jen ngocdia kir-atipoen
moeng watjan ilhar kang wadjib
kir-at wadjibing wong lanang
lamoen sira remen jaji
wewatjan kir-at pasekat
moenggoeh patekah kang wadjib

130. koedoe ngawroehi poenikoe
sakatah pitoe kang wadjib
jen tan ngawroehi sakatah
pengadjine ngoendang eblis
gone neng talak kalimah iki
sakatahe jaji

131. kang dingin klimah alkamdoe
wadjib mandeg watjaneki
jen batjoet angoendang setan
tasawoer ing setan doelil
klimah lilahi saklimah setan
irab kang noenggoni

132. rabil ngalamine ladjoe
arahmani arakimi
klimah malihi sakatah setan
kiaho kang mandjing janmidini
kaiimah iaka sakatah malih

133. setan kanak kang atoenggoe
nakboedoe kaiimah kalih
waiaka kang sakatah setan
kanas kang ngadepi
ladjeng nastangin ihdinas
lawan siratal moestakim

134. siratal ladina noedjoe
an ngamta sakatahneki

ngale'him ge'ril magloebi
sakatah kang setan binga
ngalehim walal lalin wis

135. woes djangkep sakatah pitoe
ajate pan nenem jaji
kapitoe ajat bismilah

---

1) kirang sepada lingsa.

ing patekah koedoe sidik
kerana kang moekaranah
ing asalat wadjibneki

136. sabab ikoe bangsa kalboc
koedoe-koedoe apil jaji
kang tratil 1) ing moekaranah
lesan lan ati jwa srenti tan
keneng tjewed salilab pan
moekaranah kang dadi

137. kawroehana sedajekoe
pandjang tjendake lan tesdjid
den-pretela katahira
pat belas kelajan malih
aksara winatja pandjang pan
pitoelas katahne'ki

138. mad ladjim lapal lalinoe
tigang alip pandjang sami
ele' elad pandjangira sami lan
alip kaping tri kehing djabaring
patekah patang poeloeh nem
kehneki

139. edjere pan sanga likoer
epe'se' pan amoeng nem til
kalih likoer klimahira
ikoe soenating awadjib ingkang
sampoerneng patekah dadi ger-
oegering pingil

140. kang raji nembah toer noehoen
toemoengkoel kelangkoeng adjrih
karahmatan mring kang raka
kapasoek ing tyas anggoesti
angesti saja waskita
tan tje'we't woelanging laki

143. sangsaja menter ing kalboe
kaboeka talaboel ngelmi bersih
djrenihi djinarwan raga tan sawale'ng
kapti sira ki seh Amongraga
ngandika ris pajo jaji

142. angambila tojeng woeloe
ing wektoe ngasar meh akir
kang liningan noelja kadas
woesnja samja tojastoeli

---

2) prajoginipoen : tram pi).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sareng denja minggah salat
sang ajoe makmoeni ing laki

143. bakda denja salat sampoen
wangsoel gjan tata alinggih
sen Mongraga angandika
mring garwa wroehanta jaji
ing sawising wektoe ngasar
moenggoeh tjaritaning kadis

144. tan kena lamoen atoeroe
apan datan manpangati
malali kiparat melarat
soeda gandjaran donja kir
krana pangandikaning Hjang
wabasiral akadjirmi

145. waidapi moekinatoe
lidjoelela pinahari
watoeng lidjoena arpila
elia badan noerihi
pada ningalana sira
ing djirim lagine moenkin

146. kalaning soerja meli soeroep
pandjinging rina lan wengi
koedoe arep oeningaha
kaja ta soerja meh midjil
pandjinging ratri mring siang
koedoe arep ngoeningani

147. kadi ta ing bakda soeboeh
panjegah jen toeroe jaji
tan beda lan bakda ngasar
kiparating ing goegoeling jen wong
sring nendra bakda sar bakda
soeboeh samineki

148. lalen toer peteng tyasipoen
dedel grahitane sedil
ketoel marang kira-kira kerana
datan ngawroehi mring
wewelaking anendra jogja
kawroehana jaji

149. kang raji nembali mitoehoe
jata waoe kjai Baji
pinarak aneng pendapa lan
garwa ni ken Malarsih
ningali ana wong prapta
goemaroedoeg djaloe e'slri

150. sami ngangge-angge moebroe
toea nom mjang kang rarjwalit
pametoek sang pinangantyan
dene kang dadi pengarsi
Toerida lan Rarasatya
sarta lan kang bibi-bibi

151. prapleng ngajoen tata loenggoeh
temboenge' noewoen ngatoeri
mring raka sang pinangantyan
kang ram a ngandika aris mring
poetra mantoe kalihnja sirekoe
mapag pengantin

152. kang poetra inggih toeripoen
ngling mring garwa ni Malarsih
matoera mring anakira
seh Mongraga den-atoeri
marang adine' amapag
karo pisan keh kang ngiring

153. wis mangsa bodo sirekoe
boesanane nakireki
apa kersane kang lanang
kcwala toeroeten betjik
Malarsih lengser sing ngarsa
amrajogi mring kang siwi

154. toendoek lan kang poetra loenggoeh
mesem toemoengkoet Mongragi
pinadjar sedajanira
pra paman ingkang poenagi
sira ki se'h Amongraga
oemiring kerseng reh bihi

155. sinaosan aneng ngajoen
boesana sakersaneki
noelja kondoer dateng wisina
samja maboesana adi ngagem
lir doek panggihira sarwa
seta loes respati

156. ni ken Tambang-raras ingroem
ni Daja kang boesanani
sawoesnja ngagem sarwendah
woes samekta sedajeki sira ki
Baji Panoerta ngandika mring
mantoe kalih

157. lah wis ambilen oemangsoek
ing wisma kakangireki
kang poetra kalih toer sembah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malebeng dalemira ris noelja
waoe ingkang prapta
Soeardja Wira-doesteki

158. ki Panoekma lan Panamoer
Koela-wirja ane'ng ngarsi
ki Baji alon ngandika
anoesoel kewala mami
dedalon lan bakjoenira
parari oematoer inggih

159. jata kang adandos sampoen
ingatocran mangkat midjil
bodol parestri sing wisma
goemrah toea' nom rarjwalit
samja angangge kelingan
kang ra're rinoekmi-roekmi

160. djeng kjai Panoerta goepoeh
'djoemeneng denira linggih
sedaja sarcng oemangkat
djadjaran songsong miranti sang
pengantyan sinongsongan idjem
sorot prada koening

161. akekanten astanipoen
djeng kjai lan ni Malarsih
angater ing paregolan
sapraptaning madyeng kori
pinapag ing selawatan
tarebang moeng kalih rakit

162. bawa lagoe sekar gadoeng
santri ken kang naoerani
salatoelah ngalalhoeda
ja al imana imani
a! anbiai imamal
moersalina aki-aki

163. Allahoe aki Allahoe
wong pat nampani asingir
woelidalkabib wakadah moetawarid
wanoeroemin wadjanati ia tawa
kadoewoeli da-alkabib

164. sinaoeran santri baroeng
tarebang papat broeng moeni
pong pek pong ping beng poeng poeng brang
toeng pjek toeng pjek tong ting tong gring
rame swarane araras piniarsa milangeni

165. ingkang oemiring goemroedoeg
woes prapteng wismanireki
sang pengantyan denja lenggah
djerambah ing tilam wangi
tinarap ing estri katah toea nom
pepekan sami

166. para djaloe pendapa goeng
saja sroe denira singir
goemer tarebang baroengan
noelja soewoek tan asari
sami amatja selawat woes
kendel tata alinggih

167. noelja angladeni goepoeh
pawohan gembol tap sirih
mjang rokok wangen mjang nipah
keloekoek sarotong toewin
rampadan wedang patean
woes werata sedajeki

168. tinanjaken sedaja woes
samja anginoem wedang tih
noelja medalken ambengan
lir.roeahan kang kendoeri
ngendoekoer rolas ambeng wrat
kedjawi iher mring tjilik

169. miwah sadjroning wisma woes
linade'n ambeng kendoeri
moeng sang tama pinangantyan
ingkang rinampad di-adi ing
pendapa woes ngatjaran
atoeroeh wisoeli wewanting

170. sagseg madjeng tepoeng dengkoel
ngepoeng kendoeri ngenemi
moloni ngrolasi miwah rarjwalit
ngerong poeloehi adan lekas
samja nadali koemrepjek kwek
swaraneki

171. ting karetjap ting kerioek
koemarojok rojom sami
santri lit reboetan oelam
sapftan basengek pitik
djalwestri sareng anadah
noetoeg rahab denja boekti

172. kang noenggil sa-ambengipoen
kang rinampad Amongragi
akalian ingkang garwa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan Toerida Rarasati
ni Daja lan ni Djoemena
Sebagi mjang para bibi

173. seh Mongraga ragi rikoeh
tan pantoek denira boekti
atatnban pamneloekira
kepele moeng sagcnitri
Toerida mitjareng nala
woes adat temen wong iki

174. nadah lan wong wadon kemboel
manah jen englea boekti
parestri gawokan moelat
penadahe Amongragi
mengkana noetoeg denira
anadah djaloe lan estri

175. sedaja woes sami wisoeh
ambengan samja binagi
sinarang ing tapak dara
berkat kinen gawa moelih
djaba djro werata samja
tana keliwatan sidji

176. loearan parestri mantoek
salong-salong ingkang kari
ken kang kari ken kang boebar
woes andoengkap wektoe mahrib
ing masdjid ageng tengara
binedoegan deng maherib

177. samja minggah salat wektoe
maherib sedaja sami
noelja ngambil toja kadas gja
adan ki Djamal Djamil djaloe
estri minggah salat seh
Mongraga angimami

178. woesnja soenat sedaja woes
noelja kinen angamati
woes tamat noelja aniat
oesaii parlalmahribi
salasa rakangatina ada-
ana imamani

179. lilahi tangla Allahoe
akbar ladjeng matja tasbih
kabiran alkamdoelilah
kasran pasoebkanalahi
waboekratan wa asilan
noeija matja wadjahneki

180. ina wadjahtoe wadjahoe
lilahil ladi patiris
samawati wa-an aria
kanipan wamoeslimani
wama niati wamah jaja
wa ana minalmoesrikin

181. sareng denja oesali woes
sedaja denira tekbir
imam amatja patekah kir-ate
kelangkoeng apik soerat
sawoesing patekah koela ajoe
awalneki

182. membat pandjang tjendakipoen
sawising patekah akir
mapan soerat ida dja-a woes
djangkep rekangatneki gja
tahjat akir iptitah selawat
atasing nabi

183. mjang ing koela warganipoen
noelja salat awal akir
ladjeng samja poepoedjian
woes poepoedji noelja dikir
woes dikir amatja donga
Djajengraga anangsibi

184. swara moeloek landoeng aroem
lahoema sali wasalim
ngalaihi wa ngala a-lihi
wasabih wasalim noelja min
amin ja Allah arempeg asri
kapjarsi

185. noetoeg denja nasib waoe
sesalaman sedajeki
noelja soenat bakdiatan gja
soenat abengal wabin nem
rekangat tigang salam bakda
soenat noelja wirid

186. antara ing tigang atoes
soehoele marang Hjang Widi
woes dikir tepakoer ing Hjang
soedjoed takroebe woes koesni
pan woes mandjing wektoe ngisa
noelja kinen angadani

187. woesnjadan soenat sedaroem
ladjeng kinen angamati
seh Mongraga noelja niat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oesali praptaning tekbir
tasih wadjah toemaninah
sawoesing patekahneki

188. soerat ina andjalnahoe
wawatjan awalireki
lan malih woesing patekah
kang akir soerat watini
taratil tana koetjiwa
nikmat kabeh kang makmoemi

189. angoengoen oneng kajoengjoen
pan rekangat tahjat akir
iptitah selawat ingkang
atasing djeng nabi toewin
nijang atasing koelawarga
noelja salam awal akir

190. ladjeng poepoedjian noetoeg
noelja anglelagon dikir
noelja sroe santak asenggak
arempeg swaraning santri
woesnja dikir matja donga
limang wektoe tinoempami

191. para loerah santri goepoeh
anasibi ganti-ganti
woes noetoeg noelja selawat
ladjeng sesalaman sami noelja
soenat bakdiatan sedaja sami
awitir

192. peragat denira wektoe
boebaran saking ing masdjid
tata tarap neng pendapa
oeroet-oeroeting alinggih
noelja wonten ingkang prapta
ki pengoeloe Basarodin

193. lan merbot Prana-itekoe
Noersoekidin Talabodin
moerid Djaki sami lenggah
Mongragi ing tengah pinggir
denira lenggah ler pisan
noeli kiwane kang raji

194. Djajengwesti samboengipoen
Soeardja Wiradoesteki
ki pengoeloe lan Djoemena
Talabodin Noersoekidin
moerid Djaki Prana-ita
noelja loerah santri-santri

195. ambandjeng saoeroetipoen
kiwane seh Amongragi
kang lenggah ki Djajengraga
Panoekma kiwane maiili
Panamar lan Koela-wirja ki
Sebagi oeroetneki

196. pra loerah santri soemamboeng
atcpoeng santri pengalit
kedjawi loerah pinatah
kasinoman kang nglade'ni
kekalih titindihira Nocripin
lan Djalalodin

197. noelja leladen ingajoen
gembol wer lawan tap sirih
bokor miwah pandjang ilang
kang winoengkoes wineradin
scsampoenira mengkana
Djajengwesti ngandika ris

198. poenika paman pengoeloe
kadjat koela koermat nabi
Rasoeloelah kang moestapa
dikir moeloed ingkang moegi
angsala berkahe' noeskah
soepangate kangdjeng nabi

199. doematenga ing bokajoe
lan kakang sang Amongragi
wiloedjenge ingakrama
ing donja prapta ing akir
ki pengoeloe matoer gepah
moesawarataken aglis

200. lah poenika ekralipoen
anak mas ki Djajengwesti
moegi-moegi nastidjaba
sami andika sahidi
sedaja kang sepoeh moeda
sigra samja anaoeri

201. donga wabarakalahoe
wangalabil palalihi
ngadjidjan birahmatika
ja arkama rakim amin
sawoesnja amatja donga
noelja samja anaoeri

202. goemroemoeng asaoer manoek
inggih sami anahidi
moegi nastidjab ing kadjat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawoesing mengkana noeli
samja boeka noeskahira ki
pengoeloe Basarodin

203. wiwit tangawned angoedoe
bilahi minasetani
radjim bismilahirahman-
noerikimi ladjengneki
a 1) lamoe ngalaeka
djajena al anbiai

204. sinaoeran sedaja woes
goemarocmneng swara sami
asalamoe ngalaeka
atkial atkiai [2]).
asalamoe ngalaeka
asapial aspiai

205. doemoegi seladjengipoen
salalahoe ngalaihi
salam salalahoe ngala
Moehammad kendelireki
noelja ki seh Amongraga
kang miwiti matja rawi

206. pan tangawoedira aloes
bismilah rahman nirakim
matitis kir-at kang matja
alkamdoe lilahil ladi
sarapa ilal anama
hisakibi almakami

207. akla waklama [3]) sangoed
biasrapi maoloedi
kang wasarapa wapalan
wasarpa bihil abai
wal djoedoeda wamala-a
alwoedjoedoe bidjoedihj

20S. andjomblnng santri kang ngroengoe
rnring kir-ate Amongragi
lir toean weweton Ngarab
ngesorken kang para kadji
ngoelama tan mengkanaha
dene, sarwa angloewihi

209. abagoes sawarnanipoen
abagoes boesananeki

1) kirang saw.inda, kntambahan : sa.
2) k**irang** sawanda, katambahan :)ii.
3) kirang sawanda, katambahan: a.

abagoes soearanira
bagoes denira angadji
abagoes soesilanira
bagoese andedeweki

210. mengkana tjiptaning kalboe
sakatahe kang ningali
anoelja waoe kang prapta
sira djeng kiai Baji Panoerta
lan garwanira de'n-iring wong
djaloe estri

211. pandain ting gelas ne'ng -ngajoen
Soembaling Loetji tan kari
moedoen pra santri sedaja
koermat ing djeng kjai **Baji**
ladjeng pinarak pendapa
Malarsih malbeng wismeki

212. ki Baji denira loenggoeh
toenggil lan seh Amongragi
sedaja woes tata Ienggah
Amongraga matja rawi
kantoen kedik ketanggoengan
kang rama ngandika aris

213. prajogi ing ladjengipoen
gjan andika matja rawi
ingkang poetra anor raga
sarwi miak matja rawi
tratil atjeta ing sastra
sembada swara roem manis

214. wangadaian kang malathoe
aminatoe palam tadjid
likamlihi pi alaman
wa la sikalan wawali wa
la ngatoea salalah-hoe
ngalehi wa salami

215. gja selawat salalahoe
wasalamoe ngalaihi
wasalam salahoe ngala
Moehammad woes tamad rawi
ki Baji alon ngandika
soenat betjik den-trebangi

216. moendoeta trebang teteloe
kang liningan santri Loetji
sigra mentar moendoet tcrbang
titiga woes prapteng ngarsi
pinoendoet sarwi ngandika
paringena kang kekalih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

217. mring Djengwesii Djengragekoe
noelja pinaringken aglis
asoeka ki Djajengraga trebang
sinoengaken aglis mring kang
paman ki Soeardja moendoet
trebange pribadi

218. matjan garongan woes katoer
ingarsane Djajengragi
sincntak noeli ginembrang
ki' Baji ngandika arts ikoe
si matjan garongan
Djajengraga matoer inggih

219. kang rama malih amoewoes
bismilah sapa kang singir
prajoewane 1) papat-papat
kang singir kantjoehaneki si
Djengwesti Ian Djengraga
Soeardja Wira-doesteki

220. kang liningan singir goepoeh
la ilaha ilalahi
Moehammadocn Rasoeloelah
singir bisahri rabingi
katbadan noeroehoel akla
pajakabadan badrai

221. bida kalkima joedjlajoe
santri keh anaoerani
sarta trebange ngapindjal
kempjange imbal ngapipir
gembjang beme alelamban
nianoet lelagoning singir

222. poeng poeng beng broeng brang deng toeng bjoeng
pong ping pong boeng tong ting tong gring
pong boer broeng breng doeng brang doeng brang
tonge tong ting beng p'roeng proeng bring ping bep
ping bep deng toeng toeng pjang ping ping pjek
pjek beng beng boeng bring

223. pinirsa asri abaroeng
rempeg tan ana menehi geng
alit swara araras toetoeroenan
tan sarenti lelagon landoeng
asora lir pelog serantjak
ngrangin

224. jen seleh saoeranipoen
kang singir nampani ngelik

---

1) prajoginipoen : prajogane.

swara pat baroeng wiletan
oekei karekele sami angadal
landoenge pada oebede datan
anilib

225. anoentoen nges manis aroem
eram kang samja miarsi
Djajengraga swaranira
ngajorai bening pribadi
anglir rebab sinambadan
batok kawate pakolih

226. kinosok lainba angoengkoeng
ngemandang landoeng goemrining
tan rak malah moeloeh remak
weh kesar ambeler ati
kcsabet ing swara renjah
renjah tyasing djaloe estri

227. dasar meses lagoe besoes
kepoeloengan swara betjik
parestri kang oewoes toea
mjarsa oelone Djengragi
sekala tan fenget toea
tyase lir prawan birahi

228. woes antara singiripoen
matja selawat kaping tri
kendel aso sedajanja
gja Noeripin Djalalodin lan
Loetji ngatag sinoman
ngiadeken pangananeki

229. rampadan wedang neng ngajoen
teh manisan wedang kopi
noelja rampadan dedaran kang
pandjangan miwah takir woes tata
roemat sedaja Djajengwesti
ngatjarani

230. soemanggeng raka sang bagoes
kang rama ngandika aris
pajo krana'llah kewala paran
sasenengireki wedang
panganan bismilah sedaja
oematoer inggih

231. dan lekas samja anginoem
noelja njamikan tjinemil [2])
koemarojok bebarengan

---

[2]) prajoginipoen : kinemil.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ki Baji soeka ningali
woes anter antaranira
noelja kinen lekas rawi

232. Djajengwesti miak goepoeh
noeskah winatja kang rawi
sadjak Mataram pesadja
swara empoek roem amanis
kadya gender djidjineman
sawoesira matja rawi

233. ki Baji noedoeh rinipoen
Panoeknia Panamar toe win
Koela-wirja kinen bawa
kang raji sigra asingir
Allah-Allah rabana'llah
hoe kas bina ja Allahi

234. noelja santri katah baroeng
sarta terebang sroe moeni
jen noedjoe selehing bawa
wong teloe nampani singir
tana kaltoe pira sela
biarbabi sahadadi

235. woes doemoegi noelja soewoek
matja selawat kaping tri
so samja reren njamikan
ki Baji ngandika malih
kang singir pada gentena
saoeroete loerah santri

236. kang liningan sendika woes
matja rawi noelja singir
woelidalkabib wa kadah
setamatira gja genti
matja rawi noelja sikra
kaslal kasdoe walmoeradi

237. woes taniat tinampan goepoeh
singir alkamdoe lilahi
tamat gantya singirira
badatlana pirabingi
woes tamat noelja asrakal
sarat kendel ngaring-aring

238. samja njamikan anginoem
santri sanget sajahneki
ambandreng pitoeng rambahan
pemangane lir poenagi
plemboeng anginen tan ketang
ngarenges betah ngoetjemil

239. tan angojag-ojag djanggoet
lir gilingan den-kapasi
woes gemet kang enak-enak kari
anggrah-anggrahneki gowok madja
lan kaletja mlindjo kemplang
kentang toempi

240. meksih den-betahi goegoet
Koela-wirja goemoejwangling
oewe bilah nora djamak
kantja santri gradji angin
kaja ngroeboehaken omah
ting garepek swaraneki

241. pepeding sioeng tan etoeng
kadi goenting bae kit-kit
pra santri goemoejoe soeka
ki Baji ngandika aris
wong tas sajah maninganan
wis ridjekine pribadi

242. kang Wirja mesum toemoengkoel
e santrine den-iloni
mengkana sedangoenira
kang sesamben pra priaji
djeng kjai malih ngandika
jen woes aso sareh sami

243. pajo ngadeg sedajtikoe
ngoermati asrakal dikir
sedaja matoer soemangga
noelja ngadeg tan asari
pan pinaro pangkatira
dan lekas singir ja nabi

244. salam ngaleka ja Rasoel
salam ngaleka ja kabib
salam ngaleka selawat
toelah ngaleka gja ganti
baroengan ger santri katah
la ilaha ilalahi

245. Moehammad Rasoeloelahoe
goemer sroe rempeg swara tri
arame tan mawi trebang
seleh tinampan ing singir
iisrakal badroen ngale'na
pah tapat minhoel
boedoeri

246. misloe koesnik maraenoe
katoe jawadjhoe soeroeri
anta samsoe anta badra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anta noeroe pokanoeri anta
iksiroe wagala anta
misbahoe soedoeri

247. ja kabib ja Moehammadoen
]a ngoeroesal kapakeni
ja moeajad ja moeadjad ja
imamoel kiblatneki man ra-
awad oeka joesngad ja kari
moelwali deni

248. sinaoeran bawa goejoeb
tan ana geseh menehi
ngajoed-ajoed sroe lir gerah
tog-tinog swarandjrit-andjrit
tan e'tang rak saking rahab
asroe-asroe ngantep ngelik

249. sarta koetoege koemeloen
sirat er mawar mawangi
lan sekar-sekar soemebar
kajoengjoen sakeh kang meksi
mewah i soekoer ing Allah
kajana palaling Widi

250. kang samja dikir maoeloed
olih sepangating nabi
antara denja asrakal matja selawat
atasing nabi salalahoe ngala
Moehammad woes noelja linggih

251. aleren sedajanipoen
wedang woes den-babantoni
saosanipoen dedaran
djeng kjai Ian poetra kalih
Djajengwesti Djajengraga kinen
mroetah mring pra santri

252. kang sami nandes kang waoe
winantoe lorodan wradin
noelja samja njenjamkan
ting kerepjek ting kaletik
ki Koela-wirja lingira lo
nikoe ki Basarodin

253. njata dremba tadahipoen
wonten nikoe limang santri
lir wong ngamper bata linggan
bar ber bae tan ngendati
goemoejoe kiwa tengenja
kebeneran kang ngaroehi

254. ki Baji ngandika aroem
jen woes pada ngaring-aring
pajo lekas nganggo trebang
sapa matja rawi singir
para loerah toer sendika
noelja lekas bawa singir

255. Ibrahim kalilolahoe
Moesa ja kalamoelahi
Ngisa rohoelah Moehammad
kabiboelah jata noeli
sinaoeran ger sedaja
sarta trebang bareng moeni

256. seleh bawa pakam lahoe
min ajatin mashoeratin
nasa aikitaboe biha gadan
mashoera anoeli tamat
amatja selawat ladjeng
ganti rawi singir

257. watoeroekoel waslikatoe
moestakimah wasoe roerin
hawaja ngindi moekimah
wala taksa soedoe danbin
kabiboelahi angiman bima
ola ngamimatin

258. noelja gantya kang soemamboeng
tangalam linoehoel goesni
Ian alkawi moen warn in al
tapi makna hoe nasimin
malikoen lam jakar basar
koelah kadlabianihi

259. tamat gja singir man misloe
Ahmadoen pialkoneni nahwoe
badroe 1) djaminga alwaraja
pikoesnihi taloesman misloe
hoewa-al lahoel kalki sarapihi

260. soewoek noelja ladjengipoen
matja rawi woes gja singir
maolidal kadkawa[2])
ngidjan waik balbi raspi
japloegoel moestakoe amal
ja moedangil koebi pihi

---

1) kirang sawanda, katambahan: na. 2) kirang sawanda, katambahan : a.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

261. woes tamat gantya soemamboeng
salalinoeh ngala noeri
ala dilah aramana
sahri rabingil awalis
tahar ala atil aria
noeroen ja mamoli dihi

262. tamat noeli singiripoen
tangala binanas talih
waba bilakadpoetihka
wadaoel poel adaladi
bJa pilawakad djoehrika
aja moeda ngikoebini

263. tamat soewoek singiripoen
noelja djeng kiai Baji
kersa asingir wekasan
trebang samja den-sentaki
santri angloeloenjoe swara
bajem toer lagoening singir

264. wasalatoen wataslimoen
wa adjaki taki jati
ngala-al moetapal moestar
likaeril bariati sinaoeran santri
katah baroeng tarebang boeng
moeni

265. pong ping tong pjek doeng deng breng broeng
poeng poeng ping pek tong ting groeng gring
pjak pjang pong pek dang toeng toeng brang
ketongteng groeg greng proeng proeng bring
toeng pjek itoeng pjek plak blang plak blang
ting tek ting tek ting ting tong gring

266. noedjoe seleh bawanipoen
djeng kjai nampani ngelik
baroeng papat ki Djoemena
Sebagi lan Basarodin
swarane akedemoengan
ting karekel angoenani

267. ngandoel-andoel ngombak banjoe
labeling besoes ketawis
oebeding wilet matjalang
gratoel-gratoel andalangi
prigel karekele membat
dangoe-dangoe denies manis

268. terebangira pinangkoe
aneng dclamakan sikil
den inger-inger met swara-
ning trebang kempjang bemneki
dasar si matjan garongan
koemembroeng ambaoeng bening

269. lir pendah gong Siem ngoengkoeng
para noin santri kepengin
mring djeng kjai denja nrebang
aberag kiai Baji semoene rada
kepalang toea noelja ngelik
singir

270. kabiboe joegaroelbadroe
nikoesnihi wadjehihi
takaja ratil apkara piwaspi
makna hoe kabib tadjalalil
koeloebina katiban
pataboebihi

271. sinaoeran ger goemoeroeh
baroeng rempek tan sarenti
woes antara sinalahan
noelja kendel sedajeki
sawoesnja kendel sakedap
mengkana seh Amongragi

272. singir poepoengkasanipoen
selawat atasing nabi
lan Djengwesti Djajengraga
ngantjoehi kang raka singir
sareng ngelik swara saplak
lir raras njamleng nemneki

273. ambiola nganjoet-anjoet
remek tyase amiarsi
alahoema salingala
Moehammadini ja rabi
saloe ngalehi wasalam
santri kabeh naoerani

274. angantep swara sroe landoeng
bawa saoeran lan singir
wit pikoebi sajidina
Moehammadin noeroel badni
alhoeda jamoetamaman
noeli kabiboen siwai

275. ila Moehammadoen keroe
Rasoel nabijil moekrimi
saokoel moekibi ila
Moehammad asmah soematih
tahiampilkoes srisig ngoena
Moehammad mandjil kalaik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

276. min djahanain ladjengipoen
kang singir baroengan santri
prapteng nembelas selawat
salalahoe ngalaihi
salam salalahoe ngala
Moehammad kendelireki

277. woes tamat sedajanipoen
dikir moloed rawi singir
ki'Baji alon ngandika
eh pengoeloe Basarodin
sira kaboeboehan donga
agoepoeh ki Basarodin

278. wa sadaka Rasoelahoe
anabiji alkarimi
wa naknoe ngala makala
rabana wa radjikoeni
wakalikoen amin naas
saidin irgam irgamin

279. lildjakidina alkamdoe
lilahi rabil ngalamin
sinaoeran amin katah
Djajengraga anasibi
angelik lempeng am em bat
agilig bening koemrining

280. getas renjah manis aroem
angetog wilet ngesneki
para santri merang swara
moengkrcd isin nora midjil
roemasa tan mengkonoha
kari kapoeloengan betjik

281. denira nasib woes noetoeg
saoeran santri kjeh amin
amin-aminoe ja Allah
gja selawat sedajeki sarwi
ngadeg sesalaman moebeng
satoeroetireki

282. tepoeng gelang sedaja woes
werata lan santri alit
tan antara samja lenggah
tata sedaja woes linggih ki
Baji alon ngandika Loetji
metokna kendoeri

283. kang liningan mentar goepoeh
ngabani sinomaneki
mring pawon ngoesoeng ambengan
sinaosaken ingarsi dedaran
samja dinoeman binerkat
binagi-bagi

284. ki Baji alon amoewoes
prie djawane wong iki
jen woes toea sarwa soeda beda
doek meksih nom ngoeni pra
loerah santri nor raga liningan
mring djeng kiai

285. dek bien nonoman akne
aneng pesantren ing Bangil
kelakon dadi pilalan
mring priaji mjang wong soegih
akeh kang poenagi nadar
ananggap terbang mring mami

286. kantjoehanakoe wong teloe
Tjarik-soetra Arsa-boedi
Tjarik-moeda kapat ingwang
Aroendaja aran mami
woes komoek ing pakaoelan
negara desa pesisir

287. oedjare kang pada kaoel
sok oega selamet iki
ananggap dalang terebang
mas Aroendaja ing Bangil
keli kelakon kana-kana
lakon sebedoeg sa-ari

288. kang sawengi dalan rawoeh
ing Ngantang Malang Kediri
mjang ing Gembong Pasoeroehan
manira minoele moekti
sewidak santri dadakan
sidji gegawankoe santri

289. ja moeng si pengoeloe ikoe
Basarodin datan kari
sasmita marang kang poetra
pamanamoe Basarodin kintil mring
ngong tjilik moela jen kelingan
wlas ningali

290. ikoe djenenge si Bawoek
ger ginoejoe sedajeki
Koela-wirja latah-latah
wetjana sarwi noedingi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bilahing 1) pengoeloe Basar
kaboeka wewadineki

291. wewadi woes ne'ng djro ketoe
arepit temah mandelis
Iagjeki ngong apratela Bawoek
djencnge dek tjilik apatoei
temen ki Basar kadekne soetik
ngarani

292. bawoek ingaran belawoe
katjemoetan Basarodin dika
waoe ngimpi napa
djcnenge dadak binagi
marang kantja santri katah
ki Baji goemoejoe angling

293. mara takona manamoe
ki Basarodin noeljangling
mring Djengwesti sodjarira
dasar sajekti roemijin
raniandika doek djedjaka
bagocs anom swara betjik

294. akeh wong wadon kepojoeh
jen toeroe tindihen ngipi
nglindoer neboet Aroendaja.
swarane andoedoet ati
parestri nom djor-djinoran
pawewehe reboet disik

295. toer nikoe sami goegoeroe
goerah swara amedjani
nanging ta koedoe dilalah
ramandika ingkang betjik
koela goerah ngantos sajah
kepesing amoetah tjatjing

296. anggroes moetah riak idoe
moetah ilat amoetjitjil
soemapoet agoelimpangan
dadya roeboengan nieh niati
pesantren mjang wong omahan
samja ngelajat mring mami

297. bebaja toeas meh lampoes
swara saja won asedil
ger ginoejoe ingakatah
djeng kjai goemoedjeng angling

---

1) prajoginipoen : bilahi.

dasar sedil tjilik moela
woes pantjen swara tan betjik

298. Djengwesti alon amoewoes
man pengoeioe Basarodin
poetrandika Djajengraga
poenapa memper djeng kjai
mcnggah swaraning poetranta
adi Djajengraga iki

299. ki pengoeioe atoeripoen
angger kados sami oegi
inggih lawan ramandika
wontena kaote kedik
gill rebat seneng kewala
ki Baji ngandika aris

300. betjik swarane adimoe
nanging koerang wilet titik
lan bangete koerang oentas
bobote' ja woes ngloewihi
tan ana lir adinira
koerang ngoembar swaraneki

301. jata ing wantji meh bedoeg
woes tata ingkang kandoeri
Djengwesti alon lingira
mring pengoeioe Basarodin
man pengoeioe kadjatena
angrasoelken koermat nabi

302. Ian loedjengipoen bok ajoe
sekalihanipoen moegi
loeloes denja pala-krama lah
woes andika dongani
pengoeioe gja matja donga
alahoema ilpalail

303. pakadaril pasalimoe
pi hi alngakloeadini
wa aplaloe asalata wa
adjakata slimati ngala sajidin
molana Moehammadoen
wakatimil

304. anbiahi wama almoer
salina wasa-alnati
gaparallalioe walana
alahoema biarahmati-
ka ja arkama rakima
soebkana rabika rabil

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

305. ngidjati ngama jasipoen
salamoe ngala moersalin-
na walkamdoe lilahi rab-bil
ngalamin woesnja noeli ki
Baji alon lingira bismilah
pajo awidjik

306. noelja sedaja toetoeroeh
sareng anadah kendoeri
karepjek pating karetjap
santri lit reboet kendoeri
gocmer samja dreg-oedregan
reboet ken gembolaneki

307. kang tjelak pan toemoet roesoeh
reboetan berkat kendoeri
Koela-wirja sroe Iingira
adat temen santri tjilik saben
kendoeren reboetan lah ikoe
temah marahi

308. ki Baji mesem amoewoes
ja moepoeng ana ridjeki
woes noetoeg denira nadah
kendoeri kinen ambagi woes
samja binarekatan loearan
sedajaneki

309. salong-salong ingkang kantoen
kondoer djeng kiai Baji
kelawan waoe kang garwa sira ki
seh Amongragi ladjeng tangat ing
palilah neng panepen sang Mong
brangti

43e Zang; dichtmaat:
ASMARANDANA.

1. mengkana seh Amongragi
aneng tadjoeg pamelengan
woes ngambil tojastoetine
niring langgar noelja asoenat
soekril woeloek tahjatal
masdjidi rong rekangat woes
gja tangat tahadjoel rolas

2. rekangat nem salamneki
ngangkat oesali tangatan
tahdjoedi rakangatine
lilahi tangala Allah-
hoe akbar kabiran wal
kamdoe lilalii kasiroen
pasoebkanalah boekratan

3. wa asilan ladjeng ini
wadjahtoe wadhia lila-
di paras samwatine
walarli hadib woesliman
wama matih mahjaja
hoe wa ma ana minal moes-
rikina ngenengken napas

4. anpas tanapas noepoesi
nalika tan mandjing medal
tangat pinardika kake
moeslim djroning tjengengira
witing tjengeng tatkala
angkating tekbir anoedjoe
ing lapal Allahoe akbar

5. kamot senapas kang aring
tjengeng datan kelimpoetan
woes anglimpoeti ing date
dating asalat woes moenggah
marang sipating salat
sipat he sapotjapan woes
marang asmaning asalat

6. asmaning salat kagentin
marang apngaling asalat
salat woedjoeding Hjang Manon
mengkene ingkang woes kawas
woesira ka-antengan alon
amatja alkamdoe sawoesing
patekah noelja

7. soerat ikral awal akir
goemoeloeng rolas rekangat
jen anoedjoe kalimahe
wasdjoed waktarib poenika
ing saben sinoedjoedan
sesalam dadya nem soedjoed
ing dalem rolas rekangat

8. tri dasa nem soedjoedneki
woes tandjeh arambah-rambah
prapteng nem salam akire
tajat1) amatja selawat
atasing nabi kita
mjang Hiring koelawarganipoen
iptitahe toemaninah

---

1) prajoginipoen: tahjat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. meneng senapas mangsoeli
lir nenge takbiratoelkram
angliling kasoetjiane
pocrnaning tigang prekara
soetjine bangsa badan
soetjining lesan Ian kalboe
kalboe moekaranahira

10. moekaranah mandjing kalbi
kalbi oemandjing ing lesan
lesan oemandjing badane
bedaning goesti kaoela
kaoela woes nalirah lir
segara lawan aloen
winaspadeng djroning napas

11. napas kang tan mandjing midjil
aring linandoeng sekala
alon' asalam nengene tertib
sarta toemaninah rikat
asalam ngiwa woes bakda ing
tangatipoen noelja tatrap
wiridira

12. amoepid ing isbat napi
nakirah moetawasitah
moeta-awilah djoenoene
panaoel ing dalem dat hak
sipat asih ing as ma
asmaoel koesnihinipoen
makloeking kang satariah

13. woes soehoel moeslim ing dikir
tri atoes klimah senapas
woesnja Ian senapas roaleh
1)winot sakalimah
la ilaha ilallah
tinog mot senapas landoeng
bakda soehoel wiridira

14. andonga soekoer ing Widi
gja toesmak kepakoer ing Hjang
anarima ing titahe
kandel pengandeling Soeksma
kang woedjoed bidjaksana
nglimpoeti sakehing makloek ing
boemi kasa kasapta

15. tepakoerira woes ening
asoedjoed takroeb miminta

apoera sakeh galate ing saben
salat mengkana perloe
sanadyan soenat datan soepe'
soedjoed takroeb jata ki sen
Amongraga

16. woes poerna tangatire'ki
noelja linggar saking langgar
alon kondoer ing daleme
jata kang aneng pendapa
Djengwesti Djajengraga
kersa sesamoer ing daloe
ngandika mring Djamil Djamal

17. pajo ala nganggoer Djamil
lelagonan singir Djawa
sira empraka wong roro kang
liningan toer sendika
Djajengraga ngandika wawi
paman awon ngangggoer
trebangan sami lek-lekan

18. Koela-wirja anaoeri
ja prajoga menganggoeran
Ian santri sapa kang mekseh
matoer goes Dawoed Madiman
Amad-asra goes Noerja
kantja santri ingkang kantoen
kados wonten tigang dasa

19. noelja njandak trebang sami
Djajengwesti Djajengraga
katri ki Koela-wirjane Ganda-sana
kang angendang trebang woes
sinentakan kendang trebang
ginembrang woes goemembroeng
matjan garongan

20. noelja bawa Djajengwesti
ngelik moeloeng meloek membat
djeledrese-djeledrese
kajoe rasa awoh mirah anoelja
sinaoeran santri katah ger
goemoeroeh sarta trebang
adjegoeran

21. anggoegoek kendangireki
wong sedesa kagjat mjarsa
trebang kendang penggoegoeke
sanes doek sore swaranja
goepoeh kweh sami prapta
kang woes nonton wangsoel doeloe
djedjel pendapa sekala

---

1) kirang 2 wanda, katambahan: apan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. djalwestri djedjel apipit
noelja Djamal Djamil emprak
kalangan Iirsandang lawe
goelet lir keket boendelan
tjoronge moebjar-moebjar
soeroengan soemboe-sinoemboe
tarebange magentoeran

23. Djajengraga langkoeng apik
ngapipir asta akipjah
imbal ngatimang kempjange
ugagem si matjan garongan
ngesorken sakeh trebang
abening gendoeng bem gembroeng
brang procng proeng brang dang toeng toeng brang

24. ping pjek ping pjek pong ping pong gring
toeng plek toeng plek plak blang plak blang
ploeng ploeng bleng broeng bem bem pjang pjeng
tong tek tong teng breng proeng proeng brang
bjeg bjeg groeg grig grong gring bjang
pep pep bah bah goer bah bah goer
goernita swaraning trebang

25. noeli singir woeloeh rawi
dening koekoesing sendjata lah
tobata saoeripe moepoeng sira
ane'ng donja djamang koedi
oepama mjat ing woeri sawah
goenoeng arahen olih sawarga

26. Djajenraga denja singir
piambak Ian Senoe Soerat
ameped aneng woerine tan
koningan ingakatah swara
roem abaroengan roentoet tan
latjoet seramboet nganjoet-
anjoet awiletan

27. lir soeling den-peneroesi
kang miarsa ngres tyasira
sembada lan parikane'
swara ngasih-asih raras
lir tangisirig alara lantik-
Iantik manis aroem
anjoendari kapawanan

28. santri katah naoerani
tampaning singir lan bawa
oega sroe oega lirihe
kadya gending pedalangan
ambandjet djedjantoeran saoeran
lir tibanipoen ing gending ramja
baroengan

29. ladjeng sedaloe gjan singir
gegenten santri kang emprak
mjang salin-salin lagone
noetoeg denja selawatan
jata kang aneng wisma
woes malbeng ing djinem aroum
Toerida Ian pra wanodya

30. samjering tjelak tilatn mrik
manggjan neng emper panirat
ngiras ningali singire
salong kang meksih djro wisma
s'amja tjoeki dakonan moeng
tjeti Tjentini waoe kang tan
tebih ing tangkeban

31. kang aneng djro tilam sari
sira ki sen Amongraga
lan ni ken Tambang-rarase
kang raka aris ngandika
doeh jaji maoe sira paran
woes pakoleh toeroe kang
raji matoer anembah

32. inggih pikantoek sakedik
wantji sonten salijepan
kang raka aroem woewoese pan
sarwi anarik djangga ingeloes
larapanja sangdyah rara tyas
koemenjoet ngaringet djangga
poengkoernja

33. ragi koemepjoer kang galih
Amongraga waspadeng dyah
doeh sarehna tyasirangger
owel tantjebing imanta
tepakoerireng Soeksma
brangtanira maring elmoe
ajwa kaselan ing ala

34. kaworan maksiat jaji
maksiat ikoe minangka dadya
raganing setan mor jen
pinarengkcn Pangeran sira
kelawan ingwang jen woes
krana'llah ing kalboe tyas
wantah tan kawoworan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

35. kang pitaja ngawal akir
soen iki woes wadjibira
sire'koe woes wadjib ingong
samangsa-mangsaning sangat
tan ana[1] antaranja
perloe talaboel ingelmoe
mrih oetamaning kasidan

36. kang raji 1) tyasneki
manembah matoer ing raka
inggih kaoela wiose
namoeng djrili sarehning datan
tate tjelak ing pria
ing djaman dereng soemoeroep
Ian dereng wonten tyas amba

37. tan lian kaoela kapti
namoeng sin noegrahaning Hjang
bodo toemameng aliline
kang midjil woewoetang toean
angentas doerakamba kaoela
sedya angleboer lan tapak
dlamakan toean

38. seh Mongraga ngandika ris
ja jaji alkamdoe lilah
moega palal de Hjang Manon
mring sira kelawan ilham
wiwinih kahidajat kang raji
nembah oematoer
moegjantoeka berkah toean

39. kang raka ngandika aris
jaji moenggoeh ingagesang
wadjib moekmin lanang wadon
den-patitis salatira
ajwa pot saben dina
Ian saben wengi kang
perloe bangsa ati lesan
badan

40. perloe tri ikoe den-apik
kasdoe takroel takjinira
ajwa boeroe tjoekoep bae
kasdoe kang bangsa ing badan
kang takroel bangsa lesan
takjin kang abangsa kalboe
kalboe moekaraitatoeha

41. jakin wroeh prabedaneki
rekangate Ioehoer ngasar

1) kirang 2 wanda, katambalian: marem.

mahrib ngisa lan soeboehe
rong rekangat tri rekangat
ingkang patang rekangat
takroel lesan kir-atipoen
wewatjan ingkang pasekat

42. dawa tjendak kandel tipis
ageng aliting aksara
perloe kang tjeta watjane
patekah perloening salat
den-temtoe wajahira
loehoer ngasar mahribipoen
ngisa soeboeh wektoenira

43. jwa loehoer jen doeroeng mandjing
jwa Ioehoer jen pot wajahnja
ing wajah ana watese lohor
petjak ro ing siang kang asar
petjak sanga mahrib soeroeping
soerjekoe pote sorote kang
abang

44. jen woes tek sorot kang abrit
jekoe mandjing wektoe ngisa
prapta ing tengah wengine
wektoe soeboeh antaranja
padjar gidib sorot bang kasdoe
badan soedjoed roekoek kang
te'te'la ing antara

45. soedjoed loro leren linggih
iktidalira kang njata
ngadeg lir adeg maoene jwa
katimpah ing pratingkah
kaworan obah-obah obahe
sadjabanipoen ing salat batal
badanja

46. moeng obah salat pribadi
tan kena lianing obah
lan malih tapakmoe karo
jwa singsal kang koekoeh napak
patinen djempolira
jwa mingsed saking genipoen
tjengengena badanira

47. poma jaji ingkang soetji
soetjekena badanira
ia ikoe pretandane
kalbi inoekminin bitoelah
ja wong kang ekas salat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngegoengaken ing Hjang Agoeng
sadinane sawenginja

48. lire moekaranah jaji
kang rentjang tegesing lapal
kang bareng adja telangke
kang lapal alkamdoe lilah
tegese sakeh ingkang
poedji kadoewe Hjang Agoeng
kang moerba wiseseng djagad

49. Ian lapal rabilngalamin
tandjehna tyas tegesira
Pangeran ing alam kabeh
rahmat rakim tegesira
kang amoerah ing donja
kang asih akeratipoen
kelawan malih ingarsa

50. maliki jaomidini
tegese ratoening dina
kiamat basa ing tembe
sakehihg lapal kang awal
karja panggoenggoeng ing Hjang
wadjib moekmin estri djaloe
ngocndjoeken poedji sembahnja

51. ing sadina lan sawengi
iaka nakboedoe lirnja
amba nembah toean mangke
langip ing badan kaoela
wedi amba ing toean
wa iaka nastahginoe
tegese noenoewoen amba

52. pitoeloeng toean kang moegi
angoeatna agamamba
mjang kang agama sake-he
lapal idina 1) siratal tegese
moegi toean toedoehna iman
lan ngilmoe noeli lapal
moestakima

53. tegese kang leres oegi
sarta toean anoedoehna
sedaja ingelmoe saleh
lapal siratalladina an ngamta
ngalehimnja moegi toean soeng
pitoeloeng moeljane ilat kaoela

1) prajoginipoen: ihdina.

54. ngalehim tegesireki
ing toean anoedoehena
imaning pra nabi kabeh
lan para wali sedaja
kang asih maring toean
toean kasihi sedaroem
asiha toean mring amba

55. toedoehna merganing nabi
sedaja para ambia
lapal gerilinagloebine tegese
moegi dinohma ing tjipta
ingkang lia lir wong kapir
Jahoedi joen kang sami tampi
doedoeka

56. kang amoengsoeh kangdjeng nabi
Moesa kapir Jahoedia
amaido ing kitabe ing kitab
Toret poenika wong maido
ing kitab kapir sasat kapir
nenggoch ing kitab satoes
sekawan

57. lapal ngalehim walalin
atas kang sinoeng kamoeljan
Ijan kang sami sasar kabeh
amoengsoeh djeng nabi Ngisa
maido marang kitab
indjil kapir nasranikoe
kapir ing kitab sedaja

58. sapa kang maido maring
nabi sawidji presasat
kapir mring pra nabi kabeh
wadjibing moekmin sedaja
iktidal mring Pangeran moega
goesti ingkang agoeng
angapoera ing atobat

59. mengkono jaji den-e'ling
jen sira moelja ing salat
jekti moelja wekasane
wadjibing moekmin sedaja
patekah mring Hjang Soeksma
sedinten lawan sedaloe
mali pitoelas patekah

60. aroekoek marang Hjang Widi
sarta toemaninahira
sedina lan sewengine

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samja mali pitoe welas
wadjib iktidal ing Hjang
lawan toeinaninahipoen
samja mali pitoe welas

61. wadjib soedjoed ing Hjang Widi
sarta lawan toemaninah
sedina Ian sewengine
mali tri dasa sekawan
selaning soedjoedira jaji
wadjibe aloenggoeh
pitoelas daloe lan siang

62. wadjib tahjat mring Hjang Widi
lawan toemaninahira
ping sanga rina wengine
wadjib salam mring Hjang Soeksma
sewengi lan sedina
mali ping lima poenikoe
de perloening salat kehnja

63. sedina lawan sewengi
kalih atoes kawan dasa
poendjoel sekawan katahe
salat soeboeh tigang dasa
langkoeng kalih dene kang
loehoer seket nem winoewoes
ngasar seket nem katahnja

64. patang poeloeh pat maherib
lan malih ingkang winoelang
seket nem ngisa lan maleh
wadjib moekmin toer roeroeba
ing daloe lawan siang
mring Pangeran ingkang Agoeng
tegese tahjat akirnja

65. kaping lima wadjibneki
aloenggoeh lawan sahadat
kalimah kalih salame
rina wengi kaping lima
lawan donga selawat rah mat
nabi Moehammadoen rahina
wengi ping lima

66. noewoen selamet donjeki
akeraMan ingkang moega
moekmin agami slam kabeh
moega toean ngapoeraha
ing moekmin sedajanja ikoe
jaji kang katjoekoep
moekaranah ing asalat

67. jen ta doercenga ngawroehi
ing sidiking moekaranah
salate moeng ngestri bae wa
mengkono pepangkatan keh-
kehe makloeming Hjang teloeng
prekara liripoen bangsa ngam
ekas Ian kawas

68. kang moega sinoengan jaji
palal ilhaming Hjang Soeksma
kawase tyasira mangke
jen sira santoseng salat idajat
sinoeng rahmat jekoe wewaton
linoehoeng manoet kang
loehoeng waoenja

69. midak tapake kang dingin
angwoewoeri kang woes tama
lire amidak tapake
tapake wong ahli swarga tapake
neng djilidan djilid kang
kawoewoes waoe satoes
sekawan kang kitab

70. de jaji sorahing kadis
sing sapa bendoe wong ika
mring wong alim sawidjine
apresasat bendoe marang
djeng nabi Rasoeloelah
sing sapa bendoe mring Rasoel
sasat bendoe marang Allah

71. sing sapa bendoe ing Widi
gone pesti neng neraka
sing sapa ngoedjoeng maring wong
alim sawidji presasat ngoedjoeng
djeng Rasoeloelah sing sapa
ngoedjoeng mring Rasoel sasat
ngoedjoeng marang Allah

72. sing sapa nembah ing Widi
gone pesti neng sawarga
kang moeslim rosa tokide
sapa asih mring wong islam
sasat sih raganira
kang sengit mring wong islam woes
sengit ragane priangga

73. jen wong asih ing sesami
asih ragane priangga
kang sengit mring wong islame'

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sasat sengit raganira
kotjap kitab adkia
hoeloe modin djoeahiroe
kinen atoet asesanak

74. pakolih salate daim
salat daim ikoe apan
ja jaji trape mengkene kang
tan kendel dikirira papdjing
wetoene napas wetoening
napas lapal hoe mandjing
napas lapal Allah

75. tan kandeg rahina wengi
nadyan jaji sira ne'ndra
ajwa pegat doek lajape Ian
setanginira nendra samboenge
kang hoe Allah ing napas kang
mandjing metoe prihen lantih
kalboenira

76. lan amatja koer'an adi
asalata andongaha
senadyan rerasan dene
mring moekmin mjang sama-sama
pon jaji ajwa pegat dainiira
mring Hjang Agoeng jekoe tekad
kang kas kawas

77. para nabi para wali
ja mengkono lakoenira
toeladan kang woes minoele
lakoe kang loewih oeiama
tandane' kinasihan
kadis djoeahir pitoetoer
sing sapa moekmin kang kersa

78. sapotjapan lan Hjang Widi
amatjaha koer'an oega
kang bisa lohad moerade ia
ikoe apresasat potjapan lan
Hjang Soeksma kitab insan
kamil moewoes koer'an
akadiat oega

79. dene kitab sedajeki
poerkan wasta oeloe hiat
basa oeloe hiat lire
wahdat wakidiat ika
satoes sekawan kitab
ikoe poerkan namanipoen
kadise para anbia

80. dening witing kang doemadi
jekoe saking noer Moehammad apan
katati djoedjocloeke kang nama enoer
Moehammad ingkang roemijin akjan
sabitah djoedjoeloekipoen dening
kaping kalihira

81. adjoedjoeloek Ngadam moenkin
roh ilapi kaping tiga
roh rabani kaping pate
iman moebin kaping lima
kakoel asja anemnja
kandjoel kapi kaping pitoe
badroel ngalimoe woloenja

82. Adam awal sanganeki
kalam kang kaping sedasa
dene kaping sawelase
adjoedjoeloek Rasoeloelah
roh ramani ping rolas
nglam sahir teloelasipoen
ngalam kabir kawan welas

83. djangkep djoedjoeloekireki
kitab adkia asorah
sapa kang tan wroeh djoeloeke'
ing djeng nabi Rasoeloelah
islame nora esah ing kitab
markoem pitoetoer moenggoch
bengating sarengat

84. salam limang wektoe nenggih
asal saking noer Moehammad
djohar awal wiwinihe
roh ilapi ingkang njata
djeng nabi Rasoeloelah
asale poenikoe nenggoeh
saking sipat djalal djamal

85. ja iradat kerseng Widi
wong moekmin kang woes ngoelama
ngalap koesoes ing moerade
ing kitab doerat kelawan
kitab talmisan ika
lan kitab asanoesikoe
kitab patakoel moebina

86. koesoesing moerad kang rasih
moektamat sidik ing njawa
djeng nabi Rasoeloelahe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngalehisalam kang njawa tan
medal saking sipat djalal
djamal kalihipoen dene
wedale kang njawa

87. saking sipat kahar nenggih
lawan iptikar poenika
sababe" woes noenggal dene ing
mahloekira Hjang Soeksma dene
jaji kang sipat mandjing ing
iptikar ikoe lan kang mandjing
sipat kahar

88. sipat kodrat iradati
ngilmoe kajat lan kadiran
moeridan lan ngalimane
kajan lawan wahda niat
sipat sanga poenika
wadjib moenggoeh ing Hjang Agocng
sipat kekalih kang wenang

89. nganjaring alam sekalir
nora soeng anjaring alam
koetjaping dalil koer'ane
moeni ing soerat anbia
Ibrahim kalam olah
tatkalanira tinoenoe
lawan wong kapir semana

90. tan toemama sarireki
woeloe salamba tan owah
ia ikoe pretandane
kang alam tan asoeng anjar
de'ne' jaji kang sipat mandjing
istigna poenikoe kasoegihaning
Hjang Soeksma

91. sabab dening andarbeni
sipat katahe sawelas
kang wenang moeng sipat roro
sipat iptikar istigna moenggoeh
asmaning Allah karja ngalam
sedajekoe nora wadjib nora
mokal

92. kewala moeng wenang oegi
moenggoeh Hjang Agoeng akarja
ing alam kabeh marmane
nama soegih Hoe Tangala
tan kena kinajapa karja
sampet ing sawegoeng pan
ora ngalap manpangat

93. beda lan makloem poeniki
je'n kasap ngalap manpangat
sabab ngambong sariahe
ana dene ingkang sipat
mandjing maring istigna sawelas
wadjib Hjang Agoeng sipat
woedjoed kidam baka

94. moekalapal lil kawadis
wal kjamoe binapsihika
lan samak basar kalame
samingan lawan basiran
djangkep moetakaliman pan
sawelas ingkang masoek
marang ing sipat istigna

95. nama djohar awal nenggih
apan kinarja pratanda
kenjatahaning Hjang Manon
kelamoen Allah kewasa
pan ora nana ingkang
kinarja dadi roemoehoen
pan amoeng enoer Moehammad

96. njawa Rasoel den-arani
gedong latip pasimpenan
moeng Allah kang moerba dewe
animpeni ing as]a~a
kinen soedjoed sekala
djohar awal nora soedjoed
ngakoe dadining priangga

97. djohar awal kinen
kardi
ngalam kabeh nora bisa
woes angrasa ing apese
noelja soedjoed djohar awal
mring Allahoe Tangala
kaping lima soedjoedipoen
sesampoenira mengkana

98. kinarja dera Hjang Widi
ingkang roh lawan sarira
woesnja baleg ing roehjate
kinarja moelki kabiban
djoemeneng nabi oela.h
Moehammad Rasoeloelahoe
salalahoe ngalehisam

99. moelane jaji awadjib
kita poeniki asalat
limang wektoe ing wadjibe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ja bener jen ana ngoetjap
asalat kersa Allah nora salat
nadyan koepoer kapir ja
kersaning Allah

100. bener dadi loepoet jaji
sabab doeroeng wroeh ing kak kas
koedoesi kadis imrate
wangkote ing djohar awal
tetep pratanda engani
wekasan noeli asoedjoed
marang ing kelaratoelah

101. saestoe dalil kane akir
kang dadya toelad oetama
kerana djohar awale
sawoesing soedjoed Hjang Soeksma
ginandjar gja kinarja kabiboe
Rasoeloelahoe nabi penoetoep
wekasan

102. mengkono kang woes wroeh ing lid
jaji sira woes ahli bab
seboboting wanodya nom
ing sepantaran tan ana
estri kang kaja sira
kinalilan amboekak book
djilidan gede woes palal

103. tepsir koer'an pan woes ramping
djamanira woes oetama
nanging ta jaji den-weroh
waler sangkering agama tan
kena ginagampang jen
kapretjet dadi latjoet petjat
imane tjat-tjatan

104. kringga gandjaran donja kir
jaji den-waspadeng tekad
kang wadjib lawan mokale
moeng kadising Rasoeloelah
'kang woes raseh moektamat
minangka gagawaripoen
wadjibing Rasoel titiga

105. kang sidik amanat aglis
je'koe wadjib sinantosan
ia teteloe mokale kang gidib
kianat kitman kang ikoe
sininggahan kerana wong
soegih ngehnoe oepamane
kajoe goerda

106. roeboeh dening ani-ani
wong kang woes keh kawroehira
apes dening tekaboere
poma jaji den-kawangwang
wadjibing Rasoeloelah
jekoe tetalining elmoe kang
koekoeh ajwa pepeka

107. kang raji soemoengkoe adjrih
nembah sarja ngraoep pada
alon mlas asih atoere mring
raka angemoe waspa saking
djrih soekoerira inggih kaoela
poekoeloen saking berkah
djeng padoeka

108. asoeng ladang ingaroengsit
asoeng panggih ingaitjal
lan asoeng gampiling ewoh
peteng tyas amba ing mangkja
sinoeng padang nerawang
tekaboel amba ing waoe
dereng oening ing wekasan

109. ing mangkja toean minihi
angojod doerakeng badan
soeroeping mirat logate
kang tertamtoe ing kasidan ing
mangkja tyas kaoela rantas
rerengkeding kawroeh tan
soemelang ing watesan

110. amba tan nedya miarsi
lianing woewoelang toean
senadyan dalil kadise
je'n de're'ng dados kersanta
kelangkoeng djrih kaoela
soemanggeng kersa sekajoen ngong
koemambang ing wisesa

111. angga kaoela sedemi
ing donja prapte'ng akerat
datan roemaos adarbe
denni kaoela toemindak
amba noet kersa toean
datan soemelang saloegoet
poenapa ing reh djeng toean

112. kang raka ngandika aris
ja jaji alkamdoelilah
moega loeloesa ikrare

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sinoeng ilham ing Hjang Soeksma
Ian sarta kinoeatna jaji ibadahirekoe
lan tetepe imanira

113. kang raji kondjem ngabekti
ing raka soekoer ing Soeksma
alon matoer mring kakoenge'
inggih moegi nestidjaba
sabda toean ing amba kaoela
kelangkoeng noehoen narima
amba ing toean

114. jata ni tjeti Tjentini
sedangoenira miarsa
arcrasan bendarane
manahe nora nalimpang
tinoengge pengroengoenja
men tan pae Ian sang ajoe
olih manpangat padang tyas

115. seh Mongraga ngandika ris
jaji ikoe tjetinira
si Tjentini sasoewene
tan loenga-loonga neng dagan
nora mjat selawatan
sira tan anoedoeh-noedoeh
betah angadep ing sira

116. kang raji matoer ngabekti
pan inggih roemijin mila
poen Tjentini socbrangtine
ingelmi kang kinareman pan
sampoen tap-oenlapan lawan
kaoela pocnikoe ngaos koer'an
miwah kitab

117. woes toemindak ngaos tepsir
sakedik meksih koetjiwa
dereng parigel moerade
mjarsaken padoeka moelang
mila poenika tanak pan
mindak soemerepipoen katah
ingkang katjatetan

118. jen mengkono ikoe jaji
ing saben sira ngong woelang
konen angadji tepsire
manira kang asoeng moerat
marang sira soepaja
deweke miloe soemoeroep
sasat sira kang wen woelang

119. kang raji oematoer inggih
ngandika mring tjetinira
lah Tjentini sira mangke
kinarsan ngadji neng ngarsa ja
sira pira-pira pan katrima
pandongamoe antoek idajat
winoelang

120. Tjentini matoer ngabekti
saking sedjawining goebah
inggih bendara ing sine
kang doemawoeh gebal toean
noegraha kinalilan kang abdi
kelangkoeng noewoen poenapamba
walesena

121. sih bendara maring dasih
tan saged amangsoelena
sarwi anoenda sembahe tan
tjinatoer sedangoenja jata kang
neng pendapa ingkang
trebangan goemoeroeh santri
samjemprak arahab

122. mengkana woes bangoen akir
bedoeg teloe deng wajahnja
Djajengwesti lon delinge
pajo sedenge boebaran
sajah sedaloe pisan iki
woes awal ing soeboeh pra
santri matoer sendika

123. sedaja woes samja pamit
kang paman mjang para loerah
santri anggawa berkate
kang nonton woes samja boebar
sedaja asowangan salong kedik
ingkang kantoen loerah lerehan
piambak

124. Djajengraga matoer pamit
ing raka woes kinalilan
noelja kondoer Ian garwane
ni ken Rarasati sigra
kinanti astanira
selir tri oemiring poengkoer
lan parestri rentjangira

125. doemoegi wetan pendapi
kang raji noelja ingaras
aras krep kanan keringe
kang raji ngesah anengkah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ambakna darbe kersa
wonten wong sedonja ngoemboek
andadak sadengah-dengah

126. kang raka goemoedjeng angling
nadyan wong sedonja wiah
ngrawati mataning kodok
kang raji sigra ingemban pan
sarwi ingarasan rinpengroem ing
srenggara roem ririh lir sabdeng
bremara

127. mangrengih mangoeswa sari
Djengwesti angling mring garwa
delengen adimoe kae
lir wong katemben anjaran
matoer ni ken Toerida
dasare ragi kebatjoet rinta
lir wong tan kaopan

128. Djajengwesti goemoejwangling
oegoengen bae rinira
berkate wong anom mono waoe
kang raji Djengraga samerga
mriembada doeh wong ajoe mirah
ingsoen sanget kangenkoe mring
sira

129. mengko bandjoer bae jaji
amedar ing karasikan
kang raji mopo atoere'
kang garwa dinoegeng dria
mopone' samoedana
mondong linianing baoe
sarje ngisep pajoedara

130. prapteng pelataraneki
Djajengraga astanira
ragi anggandjel raose
kang ke'ri nangga
pondongan astane'
ingkang kanan alon
aneloesoer lamboeng
prenahing endit poengkoeran

131. woes tetela jen toeranggi
kagjat kang raka tetanja
lo apa sira iki ke'l angglong
kadoeng ing tyas kang garwa lon
toerira djrih ing raka esimoe goejoe
inggih saweg magoet woelan

132. kendel djoemeneng gan meksih
kang raji aneng embanan
kang raka naoeri alon
maoede 1) doek ngasar nora
betjik-betjik kewala den-
goroh bae sirekoe sarwi
ngaras pajoedara

133. kang raji rinemih-remih
dangoene pinriembada
dadya gegetoen galihe
rasa-rasa jen woeroenga
koelinaning asmara
gela galih lir ketoenoe
sendet atoere mring raka

134. singgih wiwitipoen midjil
kala ngadjengken asrakal
makprol tan njana lamoen kel
sonten tan ana kerasa
adat mawi antara
kraos pegel bojok lamboeng
poenika ladjeng kewala

135. kang raka naoeri aris
sarwi ngisep wonga-wongan
lah keprie mono kie
astane keri kang garwa
roemangkoel djangganira
asta kanan kinen njakoep
anekem kagoenganira

136. kinepel-kepel pinidih
sarwi ngeses kalihira
sarta met iriban ing wong
Djengraga sanget denjarsa
kang garwa kagoentoeran
samja kadoeng kalihipoen
kepalang dening lambaran

137. alon kondoer ing wismeki
ingedoenaken kang garwa
meksih kang asta tengene
keket ing warastra makas
kang raka lon lingira se'nggane'
bok ngalang bandjoer aran wong
mekroeh kewala

138. kang garwa oematoer ririh
padoeka marahi resah

1) prajoginipoen: maoene'.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kados kirang dinten male'h kang
raka ngling sepoeloeha wong kaja
mengke'ne'a kang rajwangling de
poenikoe si Giah si Sikem ana

139. tiga poen Ragil andjengil
liane wonten kewala
rare prawan sadengahe dereng
pringkilen tanggoengan senggane
kinarsana soen petek mati
njengkeroeng sementen niki memala

140. sarwi goemoedjeng ningseti
pangentgireng warastra
jen ta pineksaha dene
mring raka narah kewala
wite wis wingi moela
tyas woelangoen mring sang bagoes
atoere asamoedana

141. kang raka sanget tyasneki
kersa rarasing wanita
ambengkajang goegoetoele
kentjeng lir balebes kalang
tyas moepoes Ion lingira
ja wis si Giah bae woes
kang garwa goemoedjeng toernja

142. poen Giah poenikoe wingi
tingal koela mapag tanggal
wikan poenika kang roro
poen Sikem Ragil menawa
datan amapag tanggal kang
raka solahe goepo-eh sarwi
angaras kang garwa

143. ja wis oetjoelena jaji
sakedap arsa anggarap
anoempoe selirkoe roro
kang garwa arasa-rasa
kang asta jen oetjoela
ngeses ingoetjoelken goepoeli
sarwi tjineneng net-netan

144. woes loegar denja nekeini
noelja midjil Djajengraga
sclire meksih neng emper
Djajengraga angandika
maring ro selirira
ro kinajock djangganipoen
binekta mring gandok wetan

145. woes prapta ing tilam katil
Djengraga ngling lah woedaha
Sikem matoer lah kaoela 1) ke'l
kogel galihe Djengraga
bojoke ginerajang
ling doek kapan lehmoe masoeh
matoer winginipoen siang

146. pajo sira bae Ragil
age woedaha sedela .
woes begdjamoe sira dewe
Ragil nembah lon lingira
bendara noewoen doeka
kaoelewed garap santoen
Djengraga atebah djadja

147. dadi kedjoedjoer soen iki
esmoe moering-moering doeka
kabehane di-Ielengeng
bok adja adjak-adjakan
agawe kemlaratan sarwi
ginerajang soekoe lo
dene ki dene nora

148. matoer saweg sapoeniki
eh agoroh bae sira
mara endi soen delenge
noelja njoenjoenge ginagap
njok asta ketelesan linarik
djingga kadoeloe kipa-kipa
gja tinoja

149. ginoejoe ing selir kalih
sarwi anoeroehi asta
kang sidji ngosoki berse'h
angling goejoe-goejoe doeka
ih kabeh kena nglara ketek
ogleng pada boentoet selir
karo tinotokan

150. kepadil wong di-sekait
lah ja oewis sira pada
amboengana bae sineh
djoemeneng sarwi angliga
agoepoeh selirira
samja nekem reboet poetjoek
samja ngaras saseropan

151. sengak-sengok genti-genti
Djengraga ngling lah wis adja

---

1) prajoginipoen : koela.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

soewe-soewe nek metjotot
noelja loekar ing tekeman
Djengraga sigra medal
noedoeh panakawanipoen
loro Setoe lan Kadiman

152. eh botjah loro den-aglis
oendangen si Senoe Soerat
jen idjih ana ing koelon
gage kebat loemajoea
jen koelon nora nana djoedjoelen
ngomah den-goepoeh Setoe
Kadiman loemadjar

153. kalintingan Djajengragi
mider-mider neng pendapa
ambadedeng sasoewene
kakoe apegel tyasira
anoelja malbeng wisma
andodog kori woes masoek
nimbali mring garwanira

154. sirekoe apa woes goeling
matoer saweg arsa nendra
lajap-lajap noelja kaget
de enggal temen padoeka noempoe
roro selirnja kang raka ngling wong
kedjoedjoer djer sira marahi beka

155. mawi koela kados poendi
ngling ambekoeh ih ketoela-
toela pada boentoet kabeh
tan ana kang koearasan
oendangen kabeh pada noelja
tinimbalan sampoen selir titiga
gja mara

156. Djengraga noedingi sarwi
wira-wiri neng djerambah
meksih njengkal dodogole
garwa matoer pagoedjengan
goegoejoe mring kang raka
inggih padoeka poenikoe
poenapamindoken tetak

157. ngagem tjengkal sepet aking
kang raka goemoedjeng soeka
tjengkal iras njengkal bae
ginagoejoe kelikikan
mring garwa selirira
Djengraga marang gen Ioenggoeh
sarwi njampinge liningkab

158. bjar ngalela anglenggirik
kesorot padanging pandam
meleng-melcng amentjeret
lir batok gebegan kawak
atebeg titih antar soemringah
lir tjinet woengoe alawoeng
langkoeng samoha

159. gedeg-gedeg para selir
kepengin akatjemoetan
kang garwa nentak goejoene
ambakna doewe tenaga
adjodeh tan sangkriban
kidoeng liringe sang ajoe
mjang pra selir kaletjeman

160. Djajengraga ngandika ris
mring garwa pra selirira
koe kie aneh wong akeh jen
woes angot ambengkajang tan
bisa lemes dawak koedoe-
koedoe nganggo metoe jen
doeroeg metoe tan bisa

161. Sikem angling bisik-bisik
samja goemoejoe ampetan
Djengraga mesem tanja Ion
kang sira goegoejoe apa
oematoer kang liningan
poenikoe poen Sikem moewoes
sandjangipoen nini Kedah

162. padjar doek meksih nemneki
bodjonipoen darbe kersa
ni Kedah ketanggelan ke'l
kang lanang kedah ameksa ni
Kedah darbe akal darbeke
kang lanang kinoem ing toja
moengkred lir lintah

163. garwa goemoedjeng ngalikik
lajak moengkreda lir lintah
katisen kamikekele
seiir Sikem Ragil Giah pan
sareng goejoenira ting
goeligik Sikem moewoes
senggane den-konokena

164. kinoem ing banjoe kang atis
dimene mari bengkajang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djajengraga sroe goejoene
mara tjobancn menawa
jen kaja dongengira
gja moendoet toja prapta woes
ing bokor noelja kinambang

165. ginoejoe ing para selir
sarwi anjawoeki tnja
samja goejang dodogole
nglegarang lir koetoek ngambang
Rarasatyarsa loenga kang raka
ngling adja moendoer ngarah apa
tan ana ijan

166. woeroeng mingser Rarasati
anggoegoedjeng mring kang raka
aningali ing kersane
tetanja eh prie Giah apa
bisa ngalemprak oematoer
sarwi goemoejoc poenika
sangsaja kial

167. den silep-silepken warih
malah molah kalobakan
lir deleg aneng ganggenge
boten lemes malah makas
ngantos anjep koelitnja pan
inggih sangsaja moeloer meh
djoedjoel bokor poenika

168. sedaja akirig-kirig
gigilani jen sinawang
gila kepengin manahe
karemenen denja goejang
selirira titiga
toja srep dadya ngetipoen
kesoemoekan ing warastra

169. waoe ta sedangoeneki
ingkang lagja tjeremedan
Kadiman prapta bane"ne
sigra ngentas Djajengraga
djoemeneng ketes toja
scdaja samja goemoejoe
Djengraga anoelja medal

170. panggih lan bagoes Soeratin
ngling di si Senoe tan prapta
Kadiman oematoer dereng
dateng saweg katimbalan
ngandika lah enggalna
kang kinen sigra loemajoe
goes Soeratin tinimbalan

171. nneng panirat ademit
pesarean katil roesban
tertib gedong aning 1) emper
woes aneng djroning gedongan
bisik-bisik ngandika
Soerat di mrcne wong bagoes
sarwi kinen anekema

172. goes Soeratin kinapiting
pipjaloes ingaras-aras
pan lincnggak-lenggakake
ginoelingaken ing roesban
tansah pinriembada dadya rep-
arepan moedjoeng latinira
tjinetjepan

173. goes Soerat sendet tyasneki
doeh wong bagoes mirah ingwang
paran sira djaloek angger
sesoek jen mapag pengantyan
sore ing wajah ngasar
perabot ing sademenmoe soen
kang aparing mring sira

174. sarwi ingoengkoerken aris
wastra rinantan tinaman
ing warastra ling atoere jwa
dangoe-dangoe kewala kaoela
saweg soesah Djengraga aris
amoewoes soesah paran sira
mirah

175. soen kang ngledjarken sireki
jwa kongsi koesoet tjahjanta
owel manisira raden sira
matoera pesadja kang
dadi wot tyasira goes
Soeratin atoeripoen sakit
padaran kaoela

176. moeles sadinten tan mari
pan boten kendel wawratan
mila jwa dangoe kemawon
jen kenging noewoen apoera
makloem dalem kewala

1) prajoginipoen : aneng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

menawi temahan saroe
kaoela djrih ing padoeka

177. Djengraga osik ing galih
iki wong ketoela-toela
prasasat mapag tanggale'
kersane ia djeg nora
keprie kie mana noelja
banene si Setoe kang
nimbali Senoe prapta

178. ngandika mring goes Soeratin
toerona bae]wa loenga
inidjil lampahira alon panggih
Ian Senoe woewoesnja
kesoewen temen sira sarwi
notok batoekipoen den age sira
mrenea

179. woes prapta ing roesban katil
ing kersa ragi kesesa
tjinetjep pipi latine' ginenti
pengarasira djinedjer Ian goes
Soerat sinoeng pinoengkoerken
waoe moengkoer koemoerep
pasangnja

180. loemah koerep woes miranti
winingkis wastra woes silak
toemandoek seg warastrane
den-ongkongken angganira
mrih dangane pamapan
anglemped wangkong djinoendjoeng
mongkrong mrih tadah pagoetan

181. anjenting lir gemak laki
woes andjatok ing tjatokan
pinadal ned pendedele
meksih kaboenton rekasa
solahe lir kekean
brebet mekeneng noeljangloed
niak hek andengkeng sesambat

182. atoeh pedjah koela mangkin
alon kemawon bendara
kelangkoeng sanget sakite
mrekinting kadya petjaha
sabene tan kadyeka
Djengraga ngling wong kesoesoe
lara titik ngarah apa

183. ginelak panregireki
pantog pok Senoe gerondjal
lir den-ogek warastrane
dasar woes soewe bengkajang
amelag siningsetan
anggadeder dasar kodjoer
koemesar ter akedjotan

184. woes toengtas rarasing gati
warastra tan bisa obah
kasingsetan ing pangadon
tinarik loekar tan kena
meksih kekah neng papan
Djengraga ngling lah wis Senoe
adja ko kentjengi lara

185. tinarik meksa ngentjengi
ginoejoe mring kalihira
sarwi matoer gih kadjenge
andjiad sapindah edang
kaoela males meksa
mila tan soeka oemetoe
tegese kenging awisan

186. lir wong mampir djaloek gambir
dene kelangkoeng sakedap
boten semonten sabene
angling wong woes soewe mangkas
moelane gegelisan
ja sesoek bae sirekoe
soen djentot sedina pisan

187. dangoe prenesan Djengragi
miarsa keloeroek a jam
sarta bedoeg teloe soeboh pra
santri kang samja adan kidoel
lor koelon wetan Djajengraga
tyas kesoesoe denja peped
woes Ioearan

188. sigra mring patirtan wong tri
djinabat nawetoe hoeslal
minaldjinabat ashare
parlan lillahi tangala alahoe akbar
niat ngilangken kadas kang agoeng
kerana wenang asalat

189. perloe pakoning Hjang Widi
denja sira gegeiakan
kinalalar rare roro

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woes soetji denja djinabat
amoendoet njamping sigra woes
boesana ngambil woeloe wong
titiga roeroentjoengan

44e Zang; dichtmaat: POTJOENG.

1. Soerat Senoe aneng tadjoeg adan socboeh
swarane araras
lagon Bantenan goemrining
asalatoe ke'roen min anoem ngemandang

2. sawoesipoen adan gja soenat sedaroem
pra santri kang salat
wong toea mjang santri tjilik
Djengraga woes soenat anetek ken kamat

3. gja kamat woes Djajengraga ngangkat perloe
oesali parelas
soebeki rekangateni
ada-an imaman lillahi tangala

4. gja Allahoe akbar kabiran alkamdoe
lillahi kasiran
wa soebkanallah boekratin
wa asilan noelja amatja patekah

5. sampoenipoen patekah ing soeratipoen
pan ina andjalna
sawoesing patekah akir
apan soerat watini wewatjanira

6. noelja roekoek iktidal andonga koenoet
asoedjoed ro tahjat
sarta toemaninah tertib
noelja salam bakda gja poedji-poedjian

7. swara baroeng rempeg nganjoet-anjoet aroem
sebawaning desa
kang baroengan kang sarenti
ingkang lagja dikir mjang woes selawatan

8. weneh kang woes ngadji tocroetan goemroe-
ana lagja adan moeng
sebawane desardjadi
wor krengketing pipikoel sami pepasar

9. wektoe soeboeh wong sedesa tanginipoen
samja namboet karja
malah bangoen keh kang tangi
olah ratengan wene'h mangkat pepasar

10. kang gelepoeng ting gerandoeg mjang kang
pande' gending sajang ngleboer
tan sepen rahina wengi
amewahi senening desa rahardja

11. teka setnoe jen soeboeh keh swaranipoen
bangoen bangbang wetan
baroeng ingon-ingon moeni
djaran kebo sapi bebek miwah ajam

12. mrak mangoewoeh njangoengong prekoetoet
mjang poeter Benggala manggoeng
sikatan moenja tjinggoling
aneng kajwan kolik moenja aklik-klikan

13. peksi toehoe neng goerda angganter asroe
tjolak kekrajakan
goetilang imbal kangdasih 1)
betct djalak saoeran mentjo kepodang

14. swara oemjoeng oenining peksi abaroeng
swaraning poedjian
kang peksi Iir angrakiti
kang amoedji mjang kadya toetoekoe djadjan

15. rare goemrah pengadjine aneng tadjoeg
gladag kang angedja
alip djabar a djere i
a *pe'se'* oe ana kang ngadji toeroetan

16. koel ja ajoehalkapiroen la akboedoe
na ina takboedoena
wa la antoem ngabidoeni
ma akboed wa la ana ngabidoen ma nga-

17. batoem wa la antoem ngabidoen ma akboed
lakoem dinoekoem wa
lia dini apan nenggih
kap lam pes koel ja djabar ja lip djabar a

18. ja pese joe lapalira koel ja ajoe
ehe lam djabar hal
kap djabar ka pe djere pi
re pese roe noe-n djabar na lam djabar la

19. lip ngin djabar a' be pese boe dal pese doe
enoen djabar ena
noelja gineladag ngadji
lapal alkapiroena la akboedoena

20. mim djabar ma te ngin djabar ta be pese boe
dal pes doe noen djabar n.i

---

1) prajoginipoen : kedasih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ma takboedoena lan malih
angedjah waoe djabar wa lam djabar la

21. alip enoen djabar an te mim pese toem
wa la an toem noelja
ngin djabar nga be djere bi
dal pese doe noen djabar na lip ngin djabar

22. be pese boe dal pese doe wa la antoem
ngabidoena ma ak
boed wawoe djabar wa nenggih
lam djabar la lip djabar a noen djabar na

23. ngin djabar nga be djere bi dal pese doe
lapal wa la ana
ngabidoen kelawan malih
min djabar ma ngin djabar nga be djabar ba

24. te mim pes toem lapalira ma ngabatoem
gja waoe djabar wa
lam djabar la lawan alip
noen djabar an te mim pese toem anoelja

25. ngin djabar nga be djerebi dal pese doe
lawan noen djabar na
mim djabar ma alip ngain
djabar ak be pese boe dal pese doenja

26. wa la antoem ngabidoena ma akaboed
lam djabar la ekap
mim pese koem dal djere di
noen pese noe kap mim pese koem anoelja

27. waoe djabar wa lam djere li poenikoe
lawan ja djabar ja
dal djere di noen djere ni
lakoem dinoekoem wa lia dini tamat

28. jata waoe Djajengraga woesnja soeboeh
nimbali banira
Karti-raga prapteng ngarsi
Djengraga ngling eh ja bapa Karti-raga

29. rerehamoe wong magersari sedaroem
mjang wong pedoekoehan
saroepane djaloe estri
pan kerigen kabeh kon toemandang karja

30. pasang taroeb Ian mragata mesa lemboe
wedoes bebek ajam
dadakan sedina iki
rah-arahen sor ngasar pcngantyan prapta

31. woesa rampoengsamengko bapa den-tjakoep
ki ban Karti-raga
oematoer mring Djajengragi
inggih sampoen koela arteni sedaja

32. tiang doesoen tcksih dereng wonten mantoek
lamoen wonten kersa
ingkang dadakan kadyeki
sampoen kantos dados timbalan abdinta

33. bapa ja woes trapa karja moepoeng esoek
ajwa kelajatan
ki ban sendika toerneki
noelja moendoer sing ngarsa sigra parental!

34. tan adangoe rerehanira koemeroej
woes prapta sedaja
kantoen anrapaken sami
tjagak palang pring taroeb blarak pinasang

35. koesoeng-koesoeng kang masang toewoehan
redjoena Ian pisang teboe
radja lawan tjengkir gaging
Djengraga ngling mring Madasra Amadiman
36. ja sirekoe wong roro dene karjamoe
sakweh pepragatan
rampoenga dening sireki
kebo sapi wedoes miwah bebek ajam

37. ingkang sinoeng woewoes sendika toeripoen
noelja malih nebda
mring Noeripin Djalalodin
kinen karja kembar majang sakembaran

38. lan sirekoe Tjerma-sana sakantjamue
mengko sore pada
jen mapag penganten prapti
pcnganggomoe kabeh pada bagorana

39. lah wis goepoeh prentaha mring anak poetoe
kabeh pedalangan
kang liningan nembali amit Djajengraga
ngandika mring para loerah

40. eh goes Dawoed pepeken rerehanamoe
mengko bakda ngasar
mapan selawatan dikir
trebang teloe bae kang pada arahab

41. matoer noewocn sendika ingkang tinoedoeh
sigra Djajengraga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kondoer mring dalemireki
ngandika mring garwa- Rarasati sigra

42. paran oewoes noedoeh batoer ken toetoekoe
apa kang tan ana
moepoeng pasar dewe paing
ni ken Rarasati oematoer sendika

43. dereng noedoeh kaoela ngentosi dawoeh
kang raka lingira
ia moepoeng esoek jaji
biocng Tjerong bae konen miang pasar

44. doeit woloeng re'al kaja ikoe tjoekoep
ngoer para koeranga
mengko gampang amoewoehi
wong woes sarwa ana moeng oekoer panganan

45. lawan boemboe mjang sadjen-sadjen poenikoe
jeki wroehanira
samantoe 1) midadareni
woes begdjane' ipe'moe bok Tambang-raras

46. kersanipoen ramanta djeng kjai nenggoeh
sawise neng sira
kakangira sen Mongragi
ing sedina sewengi sorene paman

47. gilir oeloer para paman ngoendoeh mantoe
noelja mring Kaoeman
man pengoeloe Basarodin
noewoen ngoendoeh mantoe mring sang pinangantyan

48. alon matoer sendika kang raji goepoeh
noedoeh mring bok inja
eh bioeng Tjerong den aglis
lah menjanga pasar paing toetoekoea

49. goela boemboe pepanganan sedajekoe
apa kang tan poenja
niangsa bodoa sireki
pitjis woloeng re'al iki amboronga

50. lah wis bioeng oemangkata moepoeng esoek
ni Tjerong gja mentar
mring pasar Ian pengantih tri
woes dinoega amborong warnaning pasar

51. tan adangoe ni Tjerong denja toetoekoe
woes tan kaliwatan

1) prajoginipoen: amantoe.

mjang kang mikoel woes miranti
moelih ngirid ting karengket boeroeh rolas

52. prapteng ngajoen woes tiniti toekonipoen
ni ken Rarasatya
ngandika marang kang bibi
lah inggih poenika bibi Koela-wirja

53. koela sampoen pasrah mring bibi sedaroem
kang dadia koelmak
mendegani namboet kardi
rampoengipoen ing sekoel oelam panganan

54. saliripoen keletek pawon poenikoe
koela woes pitaja
dateng poen bibi kekalih
njai Koela-wirja naoeri sa Allah

55. noelja moendoer ni Koela-wirja nem sepoeh
Djengraga ngandika
marang padekan pawestri
maleboea oendangen si nini Daja

56. kang jngoetoes tan antara noeli rawoeh
sira njai Daja
Djajengraga ngandika ris
lah ni Daja andika reh wajah dika

57. rakitipoen ing pepadjangan poenikoe
inggih kang prajoga
nini pasanging tilam mrik
njai Daja naoeri inggih poetoe mas

58. penedipoen ngemper sakedik tilam roem
pasang rakitira
ing dalem ageng inirib [2])
tilaming sang pinangantyan sarwa seta

59. alon moewoes Djengraga inggih poenikoe
nini aprajoga
sawidji gjan sarwa poetih rekanipoen
mangsa borong nini Daja

60. malih moewoes mring garwa jaji sirekoe
lah oewis den enggal
moempoeng esoek den agelis
toer sendika kang raji noelja memadjang

61. sigra matoer[3]) mring djawi pendapa loenggoeh
ing lante demangan

2) prajoginipoen: ingirib.
3) „ metoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

njamping loerik boegis langking
apaningset djingga seret idjo doelang .

62. sarwi kaloeng serbet poetih genis aloes pahasatan rema
rema kebes mentas goenting
adestar koembaja tjatokan koesta bang

63. wadja djamoes anglaring kombang agem-koembala ketoegan poeng
lemet tepen lir minangsi
aliangan epek tembalo gebegan

64. seliiipoen satoenggil angampil doewoeng aneng keringira
Ian rare perawan soenti
ngampil lopak-lopak lawan paketjohan

65. linting aloes nipah sata dedes aroem sira Djajengraga
tinerap pra magersari
miwah para loerah santri namboet karja

66. pan goemoeroeh swaraning pawon koemroe-rinajap ing katah soek sarerehane pribadi
desa magersari santri pedalangan

67. kang neng ngajoen Koela-wirja lan pra sepoeh Scbagi Djoemena
mjang soedagar magersari
samja darnel soedjen sapit abing rempah

68. ingkang moepoeh oelam saweneh amaroet ngontjeki berambang
boemboe sate age arih
Djajengraga pinarek sarwi gambangan

69. nadyan noedoeh ing karja sekaliripoen sinambi anggambang
geter galebeg koer djawil
Koela-wirja ngendangi tjangkem deng-doengan

70. ngandika roem Djengraga sarwi goemoejoe Tjerma-sana sigra
moendoeta rebab Ian soeling gender
kenclang pajo gagadon lirihan

71. kang tinoedoeh tan adangoe praptengnga-Ganda Widigoena joen Widi-leksana tan kari
Toendjang-kara sampoen samekteng sedaja

72. lingira roem kendangmoe atoerna goepoeh mring man Koela-wirja
noelja ingatoerken aglis
angling malih lah Tjerma-sana ngrebaba

73. gender ikoe Ganda-sana kang anaboeh si Toendjang njoelinga
Widigoena kang njoeloeki
wis senggrengen rebabmoe patet manjoera

74. jen sendon woes toetoeg bandjoer koewoeng-Tjerma-sana sigra koewoeng rebab tinenteng nemneki
gender soeling gambang tinaboeh nemira

75. woes pikantoek njamleng sinenggreng ngek gja matet manjoera aroem toetoepan geter amiwil
ngoeler keket panoedoehe ngembat kawat

76. tjoementeng poek angatonggeng masang djaridji pat nganggang antoep lir sikiling laler kesit
djridji manis djentik ting tjengkenoek rikat

77. anglir soengoeting koepoe angingsep madoe kosokane lamba
moepoet segegan lestari
walikane rangkep ngetjek rikat rata

78. patjakipoen amandjing anteng toemoengkoel dene Ganda-sana
anggender grenengan ririh
angatimil koemiining srenge njaloepak

79. ngenoek-enoek bebengkakane oelem poek tjengkoke tjlempoengan
pantjer sandoengan mintjati
angepindjal djedjel njelani irama

80. patjakipoen lir Onengan semoenipoen Toendjang-kara denja
anjoeling bening tjoemlering
anjaririt toetoepane atilepan

81. ngelong toetoep papelon alioe-lioe Djengraga anggambang
neritil asta koemitir
tan selaja kiwa tengene' arikat

82. koemaloentoeng naretek geter glebeg toer patjake' wiraga
aladak Agoenoeng-sari Widigoena soeloek ngeliking manjoera

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

83. nganjoet-anjoet lojop pantes soeloek bangoen
sakeh kang miarsa
sedaja karenan dening Djajengraga
denja sasendon araras

84. kendangipoen adjeg djedjeg lamba koekoeh
oelet wilet samja
reboet jatmakaning gending
1) dangoe denja nges-nges tjengkokira

85. gendingipoen niba kendange anggoegoek
kipat akosekan
bem sebah kempjang nelampit
ambiantoe tan setaja wiletira

86. woesnja dangoe neseg tan antara soewoek
sigra Djajengraga
ngasta rebab patet ngelik ngik-ingiking
toetoep kosoke rangkepan

87. toetoep besoes kosok rangkep rikat aloes
e'ram kang amoelat
sembada lan kang njoeloeki
pan katongton Djengraga kamoektenira

88. ngandika roem mring rarestri kinen moendoet
serat Brata-joeda
kawi kang kinen gja prapti Djajengraga
seleh rebab moendoet serat

89. pan anoedjoe kang winiak poepoehipoen
kang sekar sardoela
wikridita den-wiwiti
swara manis aroem membat woeloeh remak

90. ngka Swetanoemangsah masenghiti nenggoeh [2])
pajali ning soera ka- '
lih pisan ladjengireki
jeka tandyangamah goenoeng saha bala

91. ngambah tekeng sohini jeka swoeh nenggoeh
rata Nata Salja
pinanah ladjengireki
mwaiig wirajoda pajah tanbismeh sira

92. matya Karwa Kretawarma ladjengipoen
panmakarwanrata
moeng sepada ngandikaris
Widigoena iki sira apalena

93. gonen soeloek ada-ada geget saoet
ikoe dalil dalang
lajang Brata-joeda kawi
nadyan pada kawi adja lajang djarwa

94. koerang moenggoeh tete"la jen dalang doesoen
senadyan doesoena
jen oelah jpeda-negari
dadi njata sembada komoek ing dalang

95. dalang ikoe pat prekara koedoe gamboeh
dihin djedjantoeran
kapindo gending kekawin
ping tri banjol kaping pate sesabetan

96. jekoe kang woes pralebda njenjed atoetoek
Widigoena toernja
moegi angsala pangidin
sawab berkah ing woewoelang djeng padoeka

97. inggih noewoen bendara kaoela sinoeng
woelang mrih pralebda
Koela-wirja ngandika ris
ikoe prie lakoene sardoela pira

98. ingong doeroeng pati omah kawi ikoe
namoeng oeran-oeran
daja keha sepada til
lamoen matja neng lajang loempoeh kewala

99. naoer woewoes Djengraga inggih poenikoe
lampahe kang sekar
sardoela wilanganeki
lampahipoen sepada lingsa sangalas

100. angkatipoen nenem ping ro noeli pitoe
goenggoeng sepadanja
pitoeng dasa gangsal nenggih
oekaranja kang nem ngangkat rong aksara

101. ingkang pitoe oekaranja mangkat teloe
kedah wiwitjalan
angkating pada lingseki
lamoen gangsal dipoen-angkati setoenggal

102. de jen woloe pan sekawan angkatipoen
senadyan kang sekar
kidoeng matja pat tan pahi
inggih sami jen angkating wiwitjalan

103. mantoek-mantoek Koela-wirja dereng soeroep
ah manira wegah
nora tetalen niteni
pajo pada klenengan bae kapenak

---

1) kirang 2 wanda, katambalian : apan.

2) Pada 90—92 poenika petikan saking Brata Joeda kawi, poepoeh XI, pada 1 (vgl. uitgave, Leiden 1903, pag. 20—21).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

104. nanging ikoe ana kodjahe kang moewoes
jen wong kelenengan
$^{n}g^{an}gg°$ kendang tan den-gongi
rada nora ilok ingaran kemaga

105. betjikipoen nganggo gong jwa seroe-seroe
lirihan kewala
Djajengraga mesem angling
apa njata Widigoena mengkonoa

106. alon matoer leres pengandikanipoen
paman djengandika
sami lan pitoetoerneki
djenatipoen gebal sampean poen bapa

107. djenatipoen kakang mjang kang sepoeh-
mestani kemaga . sepoeh
mawi kendang tan den-gongi
tan amawi egong sampoen mawi kendang

108. lingira roem jen mengkono jengsoen miloe
wadagane ala
lire kemaga tan betjik
lah ja mara djoepoeta gong pewajangan

109. kang tinoedoeh moendoet gong kenong
noelja Djajengraga prapta woes
angrebab langkoeng respati
asesendon sinoeloekan patet sanga

110. woesnja noetoeg sendon lih-oelihanipoen
apan ladjeng boeka
gending sanga gambir sawit
ingegongan lega tyase samja soeka

111. kabeh baoed pada rasane' nenaboeh
rereming irama
adoe wileting malatsih
oekoer djawil sadjedjantoeraning dalang

112. langkoeng roentoet rasaning gending pakan-
dadya ngantak-antaktoek
dangoe denira anggendjng
tan antara aneseg gendinge' moenggah

113. pan adangoe saja goelet wiletipoen
reboet nges kesaman
naboehe samja birai
rahab berag rasa-rasa jen oewisa

114. sesegipoen ngendelong anoelja soewoek
noelja sesendonan
rebab ladjeng ngetjek ngelik
soeloek soeling gambang gender abaroengan

115. nganjoet aroem noetoeg lih-oelihanipoen
patet sara-joeda
sabeman gong wisireki
Koela-wirja ambekoeh goemoejoe latah

116. sarwi moewoes ia talah wong nenaboeh
lamoen kebeneran
dasar gending gambir sawit
penaboehe koer djawil pada kerasa

117. ngetog kajoen raosing gending anganjoet
anjenjet tan lian
tjipta salianing gending Widigoena
ambeter ngiler ler-leran

118. apakantoek matcngkoek tan ana ngantoek
beda jen sembahjang
djoemoengah watoeke gigil
ngandi 1) bakda idjeh tjokro ambranahan

119. ger ginoejoe niaga mjang santri goejoe
matoer Widigoena
kirang priksa ingkang mawi
lamoen salat ting kleker gondang kanela

120. kedah watoek anggigil tjegoeken hak hoek
gatel iroeng koela
ting geriming kedah waning
kadang sareng ngentoet watoek waning samja

121. sangsaja sroe kang goemoejoe sedajekoe
Dje'ngraga asoeka
goemoedjeng pan sarwi angling
gih leres paman poen tjebloeng Widigoena

122. pantjen koepoer tan pinoeloeng salatipoen
djaga pakan nraka
Widigoena matoer aris
inggih moeng sok larisa kewala nrima

123. lon awoewoes Djajengraga noelja noedoeh
mring parekanira
kinen moendoet lajang Pandji
kang liningan sigra moendoet prapteng ngarsa

124. woesnja katoer kang serat winiak goepoeh
waoe kinebetan
kang panggoeh poepoehireki
sekar midjil noedjoe Pandji Wangseng-sekar

---

1) prajoginipoen: nganti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

125. kalanipoen andemon mring taman mong
noelja poepoeh ngarsa koeng
sekar sinom den-kersani
maos tjengkok sinom pengrawit araras

126. swara moeloek getas renjah manis aroem
alepas mapas tyas
wiwiting pada poeniki
oengelipoen. ingkang kegagas ing dria

127. ladjeng saroene kagoenganing ki saloe-
kat tan ana bisa
matoet amoeng Djajengsari
ladjeng kang bisa matoet gendinging gambang

128. ladjengipoen ngadjeng ing saloekatipoen
moelja kadyeng koena
mila keraos ing galih
pan den angen-angen ing latri mengkana

129. Ion goemoejoe Koela-wirja sarwi moewoes
jatalah anak mas
woes palale sarwi betjik
matja ngadji anggending anoenggang djaran

130. sarwa loehoeng ngepenginaken sedaroem
kadek pra bentetan
goemriwis pada ngoenggahi
prawan landjar randa rongge'ng ken kedanan

131. dasar bagoes asoegih poetraning goeroe
wasis ing kabisan
ana ke"danan jen ngadji
kang kedanan matja kedanan jen tegar

132. esmoe goejoe Djengraga lingira aroem
sampean poenika
dadak ngoempak-oempak ati
naoeri satemene bae kitinga

133. toetoeg sikoet nora goenggoeng dasar loegoe
mara Widigoena
kabeh kowe kono sami
bok menawa ngang den-arani angompak

134. samja matoer noen inggih sajektosipoen
Tjerma-sana toernja
inggih poen Widigoena sring
anggegabro ngaken dados pelawangan

135. ngipoek-ipoek sring angsal pawewehipoen
njagak padintenan
wad-awad kinen nimbali
maiebeng djro kinen loemampah piambak

136. prestri masoek doeka dalem ladjengipoen
goemoedjeng Djengraga
sarja ngling wis keneng baring
kadekne wong sring prapta matoer soen oendang

137. kewoehan soemaoer soen doeroeng soemoe-
djawane si Goena roep
kang nekakake' bagedjil
wis kandoehan akale si Widigoena

138. ki Widigoena groeneng-groeneng amoewoes
marang Tjerma-sana
bisa ngalaken wong betjik
ja dandanan bot-bote wong petaghian

139. jen tan koedoeng bendara sapa sing goegoe
Tjerma-sana ngoetjap
lah ja jen noedjoe wong betjik jen
ketanggor wong a!a biiahi sira

140. lamoen ikoe wong landep gatek sek ampoeh
se'ngga kelakona
bendara gerah denestri
pesti mengko iroengmoe ngong ope'li plas

141. Widi djoemboel ih nora djamak wong ikoe
teka panastenan
padoene tan ngong oedjoeri moerfng-
moering andadak olih dadakan

142. sedaja sroe goemoejoe kang sami ngroengoe
mjat ki Widigoena
oelate maleroek wedi
Djajengraga Koela-wirja latah-latah

143. gar-ger oemjoeng kang kinarsan aneng nga-
Djengraga ris nabda joen
paman poenikoe soepami
natab gangsa pelog siange kewala

144. kang paman goemoedjeng angling mantoek-
aremboeg manira mantoek
ngarah apa wong woes loengse
ja ko asar bae soewoeking gamclan

145. pajo goepoeh Widigoena sakantjamoe
ngoesoenga gamelan
pelog si aloen djeladri
peparinge ki dipati Wira-saba

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

146. djare ikoe berkatan bintoeahipoen
ing e'ange' swarga
tedak dalem pra boepati
ing Bintara gangsa saking Giri-poera

147. inggih toehoe nanging ingkang meksih loegoe
bonang kenong gangsa
inggih poen aloen djeladri
ritjikipoen pepak aneng Wira-saba

148. wartinipoen kangmas dipati kadyekoe
kala doek kang eang
kang jasani ritjikneki
ki dipati nimbali gending Djepara

149. toenggilipoen kang wonten kangmas poenikoe
slendro poen samodra
bonang kendang gangsa toenggil asring
petjah boten kenging rinakitan

150. milanipoen gong doeda selaminipoen
sareng denja jasa
ritjikan aloen djeladri
anaoeri ja woes mawane bintoeah

151. lah den goepoeh niaga lehmoe angoesoeng
den ririh kewala
jwa goemloeweh koemawani
kang liningan matoer sendika gja mentar

152. tan adangoe kang socng gangsane prapta
tata neng pendapa woes
sarta sadjen mjang doepamrik
woes samekta niaga pepak sedaja

153. 1ingiraroem sarwi moendoet kendangipoen
lah mara lekasa
gentling lima bonang dingin
ja pengrawit kang liningan toer sendika

154. kang paman woes mapan anaboeh kedemoeng
Djajengraga ngrebab
Widigoena kang ngendangi Tjerma-sana
kang bonang peneroesira

155. djam sepoeloeh denira anatab taloe
tjoemengkling bonangnja
ritjik baroeng naboeh sami
ing limane pan soementeg beming kendang

156. pan djoemegoer andoele bima goemoejoe
wadone angombak
banjoe srenge lwih mawingit ingkang
mjarsa kagjat tyasira neratab

157. sinroe aroem angebegi ing sedoesoen
lir natab priangga
pengrasaning djoganeki
prebawane aloen djeladri je'n moenja

158. kang angroengoe tan pangiing soearanipoen
tan ana memada
oenine aloen djeladri
samja berag anggoegah manah gembira

159. ngantoeg-antoeg rarasira manis aroem
ki Baji Panoerta
kagjat atetanja aris
djeg si aloen djeladri kang moeni ika

160. garwa matoer pan inggih ing swaranipoen
boten wonten lian
gangsa kadya loen djeladri
Ian prenahe leres wismane Djengraga

161. sigra waoe ki Baji nimbali goepoeh
mring Loetji gja prapta
eh Loetji priksanen aglis
mring si Djajengwesti disik takokena

162. dene ikoe dene wani-wani naboeh
apa wis kelilan
mring kangmase Amongragi
lamoen ora sababe wani anatab

163. kang tinoedoeh santri Loetji sigra metoe
prapteng wismanira
Djajengwesti santri Loetji
matoer kaoela ingoetoes djeng ramanta

164. kinen matoer mring padoeka milanipoen
rinta Djajengraga
natab pelog loen djeladri
poenapa woes kinalilan ing rakanta

165. jen ta lamoen dereng wonten kersanipoen
ram a djengandika
wonten doekane sakedik
djeng padoeka kinen mariksa rajinta

166. ngandikaroem eh Loetji ngong tan soemoe-
pendoegengsoen nora roep
den-lilani seh Mongragi
pesti karepe dewe naboeh gamelan

167. ja sirekoe bandjoera bae soen oetoes
pan moendak prajoga
soen kongkon sarta djeng kjai
pengarepe jengsoen kang kongkon ing sira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

168. lah wis goepoeh Loetji mentara sakingjoen
prapteng ka Djengragan
anoedjoe soewoek kang gending
Loetji prapta ingawe niring Djajengraga

169. na gawemoe dening agoepoeh lakoemoe
santri Loetji toernja
kaoela ingoetoes dening
rakanta Ian sarta rama djengandika

170. kinen dangoe ing padoeka marmanipoen
anatab gamelan
poenapa woes den-lilani
mring raka djengandika seh Amongraga

171. lingira roem sarehning sira den-oetoes
ia Tji matoera
mring kakang mas mjang djeng kjai
jengsoen noewoen pangapoenten sekalihan

172. mjang maring seh Amongraga noewoen mak-
moeng siang kewala loem
mengko jen woes ngasar mari
ngarah apa Tji wong soenat dedewekan

173. namboeng woewoes Koela-wirja Tji ngong
lamoen rada doeka toetoer
mangsa bodoa sireki
Djengraga ngling kados boten jen doekaha

174. ja moeng ikoe atoerkoe wis den agoepoeh
Loetji sigra mentar
sawingkingira ki Loetji Djajengraga
ngandika marang niaga

175. pajo taloe oenekna gending kalentoeng
dan lekas saksana
aloen djeladri ngrerangin
mjarsa gangsa wong sedesa lir kinerab

176. tjiptanipoen sedaja sami jegipoen
merdateng anjoembang
djalwestri kadi doek wingi
kaot moeng wong kang koeat-koeat kewala

177. estri djaloe samja boesana amoebroe
prapta samja noembang
rarjalit rinoekmi-roekmi
ting saliri anggili kang loenga teka

178. tangkepipoen wong noembang lir winginipoen
pria mring Djengraga
estri mring ken Rarasati
kang anjoembang njereal kang angrong real

179. kedikipoen njedjampel pan ora oewoen
matoer gantya-gantya
poenika koela ngatoeri
patoembasing apoe namoeng soemapala

180. ngandikaroem inggih sanget tarimengsoen 9C
bok jwa soesah-soesah
tan nedya ngoelem-oelemi
namoeng angloedjengi penganten praptanja

181. samja matoer kang liningan sedajekoe
angangkah poenapa
padoeka agadah kardi
berkahipoen djeng kjai Baji Panoerta

182. gja sinoegoeh kang noembang sedajanipoen
mjang antjak berkatan
mengkana sedangoeneki
ingkang aneng pendapa para lanangan

183. kang mertamoe semoea penganggonipoen
matoer mring Djengraga
poenika koela njaosi
panoembasing apoe sepala katoera

184. soembangipoen sareal ngrong real neloeng-
real Senoe Soerat
ingkang kinen anampeni
ngandikaroem ja banget tarimaningwang

185. sedaja woes samja ingingonan sekoel
mjang berkatanira
Noeripin kang ngleladeni
pan mengkana kang anoembang loenga prapta

186. enem sepoeh loemrah samja besoes-besoes
miwah pra wadonan
lakoene meses birai
ingkang tepos dadi njenting bokongira

187. ingkang woengkoekdadya dengkeng lampah-
sedaja wiraga ipoen
keh dol ajoe adol sigit
Koela-wirja mesem ningali wong katah

188. alon moewoes lah ta wong oerip poenikoe
jen ana semoan
angroengoe gamelan moeni
sesolahe moelih tenaganing boeda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

189. alon matoer aleres padoeka woewoes
pan sedasa-dasa
titiang Djawi dos poendi
jen gamelan poenika bintoeah boeda

190. jen poen aloen djeladri woes mawenipoen
mekaten tandjeknja
kang mjarsa sarai birai
nadyan nini-nini kaki-kaki berag

191. milanipoen katah ngalap sawabipoen
mring gangsa poenika
sakedahipoen berkati
sanes lawan poen samodra tandjekira

192. adatipoen jen sinamboet tiang mantoe
kedik ingkang noembang
penganten sring pegat mati
mila awis tiang kang poeroen anjelang

193. Ion amoewoes email awon tandjekipoen
oenine tan loemrah
rarase gede roem manis
teka doewe meda mengkono genea

194. inggih sampoen ila-ila waoenipoen
gedeg Koela-wirja
Djengraga ngandika aris
Widigoena Tjerma-sana kabeh sira

195. ja sirekoe kantjamoe bagor sedaroem
mengko wajah ngasar
pada rapeka den betjik
boreh koening nganggo tjentoeng tetekesan

45e Zang; dichtmaat: SINOM.

1. mengkana ki Djajengraga
denira amangkoe kardi
katongton wibawanira
tan ana ingkang jom-jomi
sor suetaning boepati
dasar ki poetra ingoegoeng
datan sinoengan rengat
sakersanc den-lilani
mring kang rama kelangkoeng sanget sihira

2. jen poetra ki Djajengraga
jen kadang Koela-wirjeki
pan ingoegoeng alit mila
mila ladake ngebeki
moeng ladak tingkahneki
labete oegoenganipoen
nanging poetoes piambak
dasar landep tyasireki
ngelmoe bahtas ing koekoem joeda negara

3. andele ing Wana-marta
pan amoeng awirja kalih
Djajengraga Koela-wirja
keringan ing kanan keri
pataren kang ngrampoengi
pakewede ada doesoen
nadyan moerading kitab
gatak-gatoek amedoti
watak keras krawoesan nanging welasan

4. jen keleresan tyasira
ketjondong lega kang galih
paring sih tan sita-sita
mila sedaja djrih asih
maring sang Djajengragi
miwah mring Koela-wirjekoe
mengkana wajahira
wektoe loehoer petjak kalih
samja kendel reren marang masdjid salat

5. sedaja samja sembahjang
djaloe estri tana kari
namoeng niaga kewala
ingkang kanloen neng mendapi
woes antara kang sami
asalat loehoer bakda woes
wangsoel sewang-sewangan
poenapa garaping kardi
kang mring pawon mring kebon kang mring mendapa

6. Djengraga lan ingkang paman
Koela-wirja lingiraris
kowe maoe Widigoena
apa salat maring masdjid
matoer kesoepen jekti
ki Tjerma-sana andjagoer
dasar wong keneng lara
laline wiwit dek tjilik
dinangoe mring bendara dadak sembrana

7. Djengraga mesem ngandika
ja Widigoena sireki
djoemoengahanmoe kewala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

adja pot ljan soeker sakit
kang kereng Iehnioe mredi
kabeh wong rerehanamoe
matoer inggih sendika
Tjerma-sana anoedingi
o ngleboeri babon demene andenda

8. ngandika mara oenekna
iirihan bae kang gending
lima rebab kombang mara
kembang mara dara dasih
moentab lawan pengrawit
limang gendingan bae woes
kang sinoeng ling sendika
Tjerma-sana angrebabi
asesendon patet lima roem araras

9. noelja moengel kombang mara
aloen djeladri ngrerangin
sekatahe kang miarsa
djalwestri tyase mong brangti
rempeg penaboehneki
oekoer djawil ngenoet-enoet
oengele kang ariglela
rebab gambang lawan soeling
serantjak oengele kamot djroning kawat

10. nganjoet-anjoet langkoeng raras
kasmaran ingkang miarsi
lir mamresing karasikan
engcse ngekesi ati
wen wileting malat sih
lir winoelang ing woelangoen
raosing tyas mengkana
saking njenjeding kang gending
ngoejoe-oejoe ngreranteg denja gam el an

11. mengkana ing wantji ngasar
Djajengraga ngandikaris
soewoeken gamelanira
moeni ladrangan noeli wis
singgahna kang miranti
ladrang pelajon den goepoeh
noelja boeka ladrangan
pelajon lima angrangin
dangoe neseg ngendelong alon soewoeknja

12. woesnja kendel kang gamelan
Koela-wirja ngandikaris
lali wis pada singgahena
panganan berkaten moelih
para niaga noeli
angoesoeng gamelanipoen mring dalem
pasimpenan woes telas samja neng
ngarsi ngandikaroem wis pada moeliha
dandan

13. kang liningan toer sendika
nembah moendoer samja moelih
Djengraga malih ngandika
kabeh sanak-sanak mami
pada dangdana moelih
nganggoa kang sarwa loehoeng
sadoewek-doewekira
koermat penganten kang prapti
kang liningan matoer sendika sedaja

14. mengkana boebar sedaja
soedagar mjang magersari
miwah santri ingoendangan
bade' selawatan dikir
Koela-wirja woes moelih
Djajengraga maring tadjoeg
asalat wektoe ngasar
Ian para santri kang boemi
woesnja bakda kondoer malebeng ing wisma

15. ningali langening tilam
kelangkoeng dening respati
anilad ing djro rakitnja
ing tengah djinem setadi
ingapit kanan kering
kang pepadjangan koemendoeng-
kendoeng sri sinampiran
wastra sawarnining keling
pan sarwendah sarta gandaroem angambar

16. jata waoe Djajengraga
boesana akampoeh keling
peloeng pandji karoengroengan
talepok banjoe mas koening
inganti langkoeng apik
kepoeh toenda ngajoe apoe
amoengser medok atap
amoeloe peksi soelisik
pengasihe sesandoengan semboelihan

17. sipat polok anerampad
seronging tjangtjoetan inggil
kodok kabeset asikat
satjengkang kesis ing wentis
mekar ngongkong amiwir
waleran pewingkingipoen
talibane ingarsa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ameped toeroet malipid
pirid tepoeng adoe mantjoeng papantjoedan

18. kekawet ambokong semar
atnatis nora ngalengkin
boeboentaririg pasingsetan
anglaring walang welori
ekare miwir asri
inepek renda mas moeroeb
koentja landoeng tri asta
adjereng winiroe remit
ambedodok anglir sandanging manjoera

19. lantjingan tjinde poespita
goebeg pinerada asri
rinenda kalengkam djenar
akris lande'an sinemi
pendok boenton pjnodi
mirah sineling inten bjoer
adjamang soengsoen tiga
agelang kana rinoekmi
kilat baoe anting-anting tebah djadja

20. badong soengsoen kebo menggah
pamekak garoeda kanin
loer-oeloer naga karangrang
asoemping ron tri rinoekmi
karang melok her tatit
sisir toemanggal inten bjoer
tjoendoek koepon apitan
tinengah argoelo poetih
ngoeda 1) rema ingoere pinara tiga

21. koembala tepen ketoegan
anggampeng anglir minangsi
wida djenar gegebegan
toehoe bagoes Djajengragi
lir ringgit moenggeng kelir ingkang
garwa esmoe goejoe sasmita mring
kang raka Djajengraga amagoeti ing
mringe ing raji mesem ngandika

22. sapoeloeh ta mengkonoa
djer nora kena den-pikir
ni ken Rarasati sodjar
goemoedjeng andjiwit ririh
pan kirang tigang latri
noedingi pra seliripoen

1) prajoginipoen: ngoedar.

mentjep megos Djengraga
ambakna wong atetawi
ketek ogleng seranggon adjak-adjakan

23. ginagoejoe goeligikan
mring garwa mjang para selir
Senoe Soerat pinaringan
boesana kang sarwa roekmi
asindjang tjinde abrit
pinrada mompjor amoeroeb
kinembar kalihira
adjamang roekmi soesoemping
nangga groeda moengkoer ngrem lir metarangan

24. atjoendoek mentoel moetyara
wor podining garoeda sri
akekaloeng gelang kana
kilat baoe anting-anting
pamekak bangkol roekmi
tinaretes ing her laoet
wida pandan gebegan
tasik soemilak aresik
kris tjerapang pinatik mirah her kembang

25. pan mengkana ing mendapa
salong-salong kang woes prapti
para loerah santri katah
prapta boesana Iir ngoeni Koela-
wirja kang prapti kampoeh djingga
taboer-taboer pakonjoh mementahan
alantjingan tjinde wilis pinerada
renda satebah goebegan

26. kris warangka kendit ladrang
landean tjoela sinemi
pendok boenton ngoenir kawak
epek renda klengkam poetih
agelang kana roekmi
anting-anting kilat baoe
abadong ageng doedan
soemping poespa krena roekmi
tjoendoek djoengkat tinare'te's inten mirah

27. ngoedal rema poepoentiran
tibeng sor walikat gilig
pan akoeloek kanigara
bitoedroe tjemeng binlenggi
roekmi pinodi-podi ing mirah
inten her laoet ngalepjoer
amarkata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

njoeriga geong sor bali
ginarebeg rerehane wong Ketandan

28. sami basahan sedaja
dodote awarni-warni
batik modang tjoemengkirang1)
miwah sembagi bang koening
kopjah kanigara brit
koening idjo biroe woengoe
arenda seta djenar
miwah tjelana mawarni
samja ngangge badong kewala sedasa

29. golong sarerehanira
Ketandan tan ana mentjil
angoempoel mring Koela-wirja
neng pendapa djedjer linggih
anoelja ingkang prapti
ki Soeardja kampoehipoen
pan limar baroe tigas
asaboek patola abrit
alantjingan tjinde woengoe pinerada

30. ngoembar koentja nora pangdjang
akris landean sinemi
rasoekan biloedroe rekta
balenggen kantjing linintjis
kotang poetih toeljasri
rema asingset gineloeng
koeloek petak amajang
ingiring rerehaneki
sawarnine wong kria lir loerahira

31. samja rasoekan sikepan
basahan akopjah poetih
penganggene warna-warna
batik atanapi keling
woes lenggah ing pendapi djinedjer
rerehanipoen noelja ki Wira-doesta
predjoeritan njamping batik parang-
roesak barong tjinantjoet serigak

32. lantjingan bloedroe bang rendan
pandji-pandji kantjing dasi
abangkol kentjana nagan
nganggar tjqerigan t]ra Bali
kris landean sinemi
kandelar soeasa mantjoer
wrangka semboer timaha

---

1) prajoginipoen : semoekiran.

asongkok biloedroe langking
pan winengkoe ing renda mas roeroedjitan

33. ingiring rerehanira
para waroengan kelitik
sakehe kang boekak anjar
kang moenggeng rerehaneki
marang Wira-doesteki
sedaja penganggenipoen
samja apradjoeritan
sadoewek-doeweke sami
batik ioerik sembagi keling mawarna

34. sedaja kopjah djangkangan
woes lenggah aneng pendapi
tinata rerehanira
noelja Panoekma kang prapti
apredjoeritan boegis arasoekan toro
landoeng ginggang setin loerik bang
tjelana Ioerik setin djring abebenting
tjinde wilis pinaremas

35. pan epek bangkol kentjana
nganggar pedang soedoek roekmi
doewoeng tjinote ingarsa
bate-bate tjara Boegis
akantjing mirah abrit
oedeng taboer-taboer woengoe
telakoepan pentjongan
sedaja rerehaneki
kang wong djagal pan angger belantik kewan

36. sawarnine ngon-ingonan
toerangga mjang kebo sapi
wedoes banjak bebek ajam
ingkang samja binelantik
kabeh rerehaneki
sedaja penganggenipoen
tjara Boegis sedaja
tan ana ingkang menehi
penganggene oenda oesoek ingkang koeat

37. sembagi loerik tjelepan
woes lenggah aneng pendapi
noelja Panamar kang prapta
sarerehanira ngiring
kampoeh limar ketangi
atjelana tjinde koepoe
epeke renda petak
ngoembar kontja kadoeng siti
akris ladrang sinemi pendok soeasa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

38. rasoekan sembagi djenar
tjorake kembang pinetik
djoebah landoeng kotang petak
kantjing kotang mirah abrit
sreban seta toeljasri
rinenda taptapan bagoes koeloek
mantalsetop bang tesbehnja akik
sinampir para tando kang ngiring
rerehanira

39. samja sreban bebasahan
mawarna batik sembagi
soetra keling sasenengnja
woes lenggah aneng pendapi
tinoeb rerehaneki
noelja ingkang sami rawoeh
para djadoeg soedagar
sarenti praptaning gili
djor-djinoran penganggene moeroeb moempjar

40. ing setjara-tjaranira
kedah ngangkah angoengkoeli
bebed mjang koelambinira
saboek Ian iketireki
pan oengkoel ingoengkoeli
keris kang njoeriga teloe
emase toea-toea
wong toea nom limrah sami
ting prengangah pendoke mas moenggah gandja

41. ngalempak sami soedagar
pak Radjiah ingkang prapti
angetog penganggenira
denira ngangge menehi
sobanlah njampingneki
saboek mas tinali datoe
klambi djoebah rante mas
ngoenir bosok masireki
arangkepan kotang sikepan moer petak

42. akantjing eroes barle'an
aserban petak ginodi
pinalipit ing rante mas
anjote golok rinoekmi
tinaretes her geni
barlian pinasang batoe
tjeripoe belongsong mas
tjingak kang samja ningali
kang aloenggoeh angingseri pak Radjiah

43. kang ragi' tebah genira
ki Moertala abibisik
lan rowang kiwa tengenja
eram samja goegoejoni
nora djamak kiai
angetog penganggenipoen
beda wingining ika
sa-iki lagi nemeni
nora kaprah penganggone wong sedesa

44. anoelja waoe kang prapta
para bagor sedajeki
Tjerma-sana Widigoena
samja rapek koentja katih
poleng soetra sembagi
limar pelangi mjang peloeng
lantjingan pandja-pandja
gelang kilat baoe anting-
anting soemping djamang samja tetekesan

45. abebadong soesoen tiga
kris pendok landean roekmi
kang miskin djamang soempingnja
waloelang pinrada apik
anoelja ingkang prapti
panegar boesananipoen
bebedan boborehan
soemping krang melok melati
iket rendan djeplakan samja giligan

46. penganggene warna-warna
batik loerik miwah keling
katah kang nganggo tjerapang
poenika rerehaneki
panegar dalang gending
niaga koernpoelanipoen
toenggil rerehanira
kareh maring Djajengragi
pan woes pepak sedaja aneng pendapa

47. anoelja wonten kang prapta
satoenggil santri Noeripin
kampoeh peloeng podang-podang
anjoeriga tjerapang tri
kaloeng kelewang krebin
drebos anjengkelit pistoel
pedang soedoek inganggar
pedang kra loke ngadjrihi
mawi wedoeng gendewa anggendong panah

48. arit bapang sinengkelang
golok pangot sinangkelit
tameng towok landeanja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

waregoe winegig abrit
ketoe kontjerireki
ngelewer lir oemboel-oemboel
pandjang kasrah ing lemah
poepoer koening boreh koening
brengos woeloe loetoeng pandjange satebah

49. woes prapta aneng panirat
kagjat kang sama ningali
Noeripin penganggenira
Koela-wirja animbali
marenea Noeripin
sedela soen arsa weroeh
Noeripin sigra mara
krengkangan tan bisa diri
pan kakehan perabot abot keliwat

50. ngadeg-ngadeg nora bisa
kangelan solahireki
ginagoejoe ing wong katah
djalwestri soeka ningali
Koela-wirja ngling noeding
sarwi kepingkel goemoejoe
wong ro glis toeloengana
pen bisa ngadeg Noeripin
tinoeloengan wong roro djagani sama

51. gja prapta ingarsanira
Koela-wirja goemoedjeng ling
dene ambarengkoet sira
kaja tjantelan sireki
dene sarwa mepeki
kaja wong dodclan doedoe
djeg kaja wong njenjelang
djeg kaja wong den-titipi
matoer raosipoen lir dipoen-pilara

52. kersane poetra padoeka
adjeng mopo kaoeladjrih
gih pinten-pinten kinarsan
pinaring sih kaoelalit
Koela-wirja ngantoeki
kaprie maneh sirekoe
lan akoe titip pedang
Djepan gawanen Noeripin
ki Noeripin aneboet astagapiroellah

53. dos poendi denja ambekta
kawraten tan saged osik
Koela-wirja latah-latah
sengkeliten bae betjik
matoer sampoen tan kenging
langkoeng kentjeng lamboengipoen ah
ora sedeng pisan mengko ngong
benakne' oegi sinengkelangaken
Noeripin braokan

54. akentjeng seret pineksa
Noeripin adjelah-djelih
kesingseten wetengira
njongat pedang sinengkelit
tjegeh mlentet batitit
ambekane kempas-kempoes
Koela-wirja lingira
sisan tjeretkoe Noeripin
gawakena ngling Noeripin Allah tobat

55. ger ginoejoe ing wong katah
goejoe welas mring Noeripin
ngling malih wis maronoa
neng panirat gonmoe malih
matoer tan saged inggih
ingriki kemawon sampoen
sampoen tan saged obah
jen obah lir den-gendoli
samja soeka sakeh kang aneng pendapa

56. miwah parestri kang prapta
toea iiom mjang rare tjilik
sarwendah boesananira
samja mrih amentjil betjik
djor-djinor sor doek wingi
mangka moebroe abra moeroeb
djaloe estri sedaja
pepak tan ana kang kari
ingkang samja bade amapag pengantyan

57. anoelja ki Djajengraga
midjil sing dalemireki
ingiring Senoe goes Soerat
ngampil pawohan ses wangi
lir hjang-hjang moengging toelis
ingapit pepatahipoen
obah kang neng pendapa
mingsed trepsila alinggih
Djajengraga lenggali tengahing djedjeran

58. woes tata denira lenggah
Djengraga oematoer aris
mring kang paman sedajanja
poenapa sampoen kang prapti
kang pra paman naoeri
lajake bae ia woes
de'ne' tan maneh prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang poetra naoeri inggih
noelja angandika marang Senoe Soerat

59. wadonan konen oemangkat
sedaja ajwana kari
kang Hningan sigra mentar
malbeng dalem andawoehi
mring ni ken Rarasati
parestri kinen roemoehoen
anoelja ingatjaran
sedaja oematoer inggih
noelja bodol goemaroedoeg lampahira

60. sawoese para wadonan
Djajengraga ngatjarani
soemangga paman oemangkat
noelja bodol sedajeki
sagolonganireki
tan ana selajeng lakoe
sakehe kang loemampah
tan ana koesoet sawidji
lir sinoentak donjane wong Wana-marta

61. parestri kang aneng ngarsa
prapta daleme Djengwesti
kang wingking lagja oemangkat
srining boesana sarwadi
tanak kang aningali sedoesoen mjang
prapatipoen djalwestri aboesekan neng
pelatar mangoe pipit langkoeng soeka
ningali para boesana

62. kasorotan ing soerjandap
ting pentjorong ngoedjwalani
miwah mompjoring penganggja
lir sekar setaman asri
mengkana Djajengwesti
lenggah ing pendapanipoen
akampoeh latar petak
sawat lar semen teritis
rasoekan beloedroe idjem kotang petak

63. akantjing djadja tadjoegan
tjelana beloedroe langking
rinenda mas roeroedjitan
peningset kalengkam koening
doewoeng tinatoer renggi
akoeloek petak soemoenoe
kang woes neng ngarsanira
ki Djoemena Ian Sebagi
ki pengoeloe Basarodin saketibnja

64. ki Noersoekidin kelawan
Talabodin moerid Djaki
Tan merebot Pranaita
pra soedagar magersari
Ian para loerah santri
golong sarerehanipoen
samja mrabot sedaja
waoe ta kang para estri
ingkang samja amapag prapta sedaja

65. anoelja kang raji prapta
sarerehanira sami
kang raka mesem ngandika
di mrene jaji alinggih
sedaroem ingkang prapti
ingatjaranan aloenggoeh
tata tepoeng akapang
sagogolonganireki
woesnja tata sinoegata ing pawohan

66. Amadasra Amadiman
kateloe ki santri Loetji
angatag sinomanira
mring pawon ngoesoeng kendoeri
sekoel neng pandjang giri sarta Ian
rampadanipoen miwah antjak saradan
langkoeng wrat gotong pat sami
lawan kendi mjang karoso tapak dara

67. tan pae sadjroning wisma
werata denja ngladeni
ambeng pan samja rinampad
woes tinanjakaken sami
noelja sami wewanting
ingkang toetoeroeh wiwisoeh
weneh angoembah tangan
kang ngloroni amapati
kang moloni ngrolasi sa-ambengira

68. njelaweni sa-ambengnja
koempoel samja santri alit
adan lekas samja nadah
rame swarane kang boekti
samja pikantoekneki
antaranira woes dangoe
noetoeg denja anadah
woes lorod ambeng tjinarik
pan binagi werata denjandoem berkat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

69. sinarangan tapak dara
santri Loetji anenggani
mring santri alit soepaja
jwana roesoeh Loetji angling
botjah delengen iki
sarwi ngagagi gegeboeg sapa
marahi gedrah roesoeh pesti
ngong geboegi ikoe ana sing
rada gede si Sadja

70. si Djenal Tjonal si Sawa
dadya tindihe rarjalit
lo adjana roeroesoehan
mesti makan poekoel iki
adat roesoeh si Djoprit
lah wis doemen berekatmoe
sing gedekoe andoema
sarta" den-oengkoeli gitik
santri toea mesem mjat Loetji tingkahnja

71. santri tjilik andoem berkat
botjah papat kang noeani
andoem berkat pada botjah
kiwa tengene wak-oewik
amek iwak pribadi
ana kang ngling akoe doeroeng
rare nora seranta
iri met iwak pribadi
ting sarewot tan asoewe rereboetan

72. serakah tjengkah-tjjnengkah
katjawoek tjangkeme djempling
pisoeh-pinisoeh tabokan
pjoekan sega sroendeng ragi
ki Loetji djelah-djelih
geboege pidjer anggatoeng
apa ta djer koe apa
wis adat temen jen djoris
hoes hoes ko tak rangket kongsi modar-modar

73. tan den-predoeli ing katah
anggedrah pating djalerit
akapjoekan sekoel oelam
gelaproet ki santri Loetji
loenga sarwi misoehi
keneng toelah edan taoen
ginoejoe santri katah djeh salah
gawe si Loetji deweke ja
anglakoni dadi botjah

74. ing pendapa woes loearan
ing wisma kang lagja boekti
Mongraga Ian ingkang garwa
Toerida Ian Rarasati kemboel
sareng aboekti mjang pra
wadonan sedaroem samja
anadah etja Mongraga tan
pantoek boekti
jen tjelakan Ian estri tan pati rena

75. woes noetoeg denira nadah
sedaja loearan boekti
tjinarikan andoem berkat
binagi sampoen weradin
berkat sinoeng pemboeri
woes rerep sedajanipoen
wage ni Rarasatya
oematoer ing raka aris
kang poenika bok ajoe lampah kaoela

76. anoewoen sang pinangantyan
pengoendoeh kaoela moegi
ing kersa linggar mengetan
bekti kaoela ngoermati
ni Toerida naoeri
ja jaji nianira matoer
marang sang pinangantyan
noelja nembah matoer aris
pan poenika atoeripoen ri padoeka

77. noewoen ing sang sekalihan
pengoendoehipoen ngoermati
wiloedjengipoen padoeka
sira ki sen Amongragi
naoeri roem amanis
inggih poenapa sekajoen
noelja kang raji prapta
Djajengwesti angatoeri
mring kang raka oemangkat tedak mengetan

78. seh Mongraga lon lingira
pan inggih soemangga jaji
noelja parestri sedaja
bodol sing wisma oemidjil
sira seh Amongragi
djoemeneng lan garwanipoen
meksih boesananira
tan ewah kadya doek panggih
gja oemangkat sang ro akekanten asta

79. miranti patjaranira
songsong djadjaran woes rakit
. santri ingkang selawatan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalimah kalih trebang tri
sedaja kang oemiring
ngrahabi saoeranipoen
goemoeroeh rempeg tiga .
ta ilaha ilalahi
Moehammad 1) rasoeloelah Allah-Allah

80. ingkang narebang titiga
Djamal Djamil Djalalodin
sarwi singir ing gambjongan
santri selawe prah singir
kapjarsa langkoeng asri
lelagone sekar gadoeng
wit badatlana pi rab
bingit ngatil [2]) kamari
sinaoeran ing la ilaha ilalah

81. Moehammadoe rasoeloelah
Allah-Allah sedajeki
kelangkoeng semoanira
miwah kang samja ningali
djibeg djedjel apipit
prapat mantja limanipoen
woes ngerti wartinira
jen pengantyane djeng kjai
poetra ari angoendoeh rnantoe sedaja

82. dadya ngarak saben dina
mengkana pengroengoeneki
milambjoek nononton samja
djalwestri mjang rare alit
samja soeka ningali
mring kang samja moebra-moebroe
miwah kang para wirja toewin ningali
pengantin tjahjanira soemilak kadi
sesangka

83. waoe ta ing lampahira
Djajengraga ambagoesi
loemampah aneng ing tengah
den-iring pra bagor sigit
lir pendah wajang klitik
aboreh koening soemoenoe
sonder koentja kanginan
miwir kadya beksa rangin
lampahira anggamboeh neng Djajengragan

---

1) kirang sawanda, katambahan: oen. 2) kirang sawanda, katambahan : ar.

46e Zang ; dichtmaat: GAMBOEH.

---

1. tan dangoe noelja rawoeh
ingkang ngirirrg kendel aneng taroeb
meksih ngadeg adeket djedjer apipit
tepoeng gelang sarwi ngantoe
selawatan salin lagon

2. asrakal sadjakipoen
ja nabi salam ngalek ja Rasoel
salam ngalaeka ja habib salami
ngalaeka salawatoe Iahi ngaleka
mengkono

3. ganti saoeranipoen
apan la ilalah 1) lahoe
Moehammad rasoeloellah asrakalbadri
ngalena pachtapat minhoel boedoeroe
misla hoesniko

4. mara [2]) na katoe
ja wadjha soeroeri anta samsoe anta
badroe anta noeroe pokanoeri anta
iksiroe wa ghaloe anta
misbahoesoedoero [3])

5. waoe ta ingkang rawoeh
ladjeng toemame'ng djro wismanipoen
lenggah tengah padjangan kang sineta di
kadi doek pepanggihipoen
patembajaning patemon

6. djalwestri sedajekoe
woes tata denira sami loenggoeh miwah
ingkang selawatan para santri asrakalira
gja soewoek sedaja woes sami loenggoh

7. aneng pendapa tepoeng
djedjer dedeketan adoe dengkoel
kjai emban Kerti-raga andjedjegi
ngatag kasinomanipoen ngladeni
pawohan rokok

8. sinaosken ingajoen
epok gembol wer tap sirihipoen
bokor pandjang ilang winoengkoes weradin
sedaja woes nginang oedoed
ting kalempor weneh notjoh

---

1) kirang 2 wanda, katambahr.n: ila.
2) kirang 2 wanda, katambahan: ae.
3) poenika petikan saking kitab Mauloed sjarifoe'lanam, katja 36.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. sarta wedang woes tjoekoep
noelja soegata kendoeri metoe
pengadjeng ambeng sekoel neng pandjang giri
sarta Ian rampadanipoen noeija antjak kang
ginotong

10. gotong pat angendoekoer
rolas ambeng pinasang barengkoet
djabeng djro woes weradin leladeneki
Djengraga nairaken woewoes
soeawi sami toetoeroh

11. noelja sami wiwisoeh
widjik wanting Lngoembah tanganipoen
adan lekas sedaja sami aboekti oelam
ingkang woetoeh-woetoeh bekakak
wedoes lan opor

12. besnge'k pitik betoetoe
saben ambeng oelame kang woetoeh
kang ngalihi mapati kang njepoeloehi
wradin djangan betjek wedoes sanija
djang takir gedebog

13. kang nadah sami tekoel
andengengek koedi kongsi woengkoek
nora ketang saking kilen mentas boekti
toer sami anoetoeg toewoek
prandene meksih aserop

14. mengkana pan woes dangoe
denira sami nadah anoetoeg
aloearan sedaja kang sami boekti
kendoeri gja kinen ngedoem
woes werata kinaroso

15. santri rarjalit koempoel
woes den-keloemoehi sring sok roesoeh
pinisah lan santri toea sakendoeri aneng
sedjabaning taroeb roesoehe nora kepagol

16. loearan sedaja woes
ing djro dalem s'ira sang linoehoeng
ingatoeran toetoeroeh mring Rarasati
kapat samja nadah kemboel sedaja
noelja wiwisoh

17. dan lekas boekti waoe
sekatahe parestri sedaroem
pan sakantoek denira sami aboekti
Amongraga tan pakantoek tyasira
tansah arikoh

18. tjetjelakan pra aroem
sadjroning galih tan mawi soekoer
jen ta sampoen kapopohan pinangantin
tan betah sa-enjek loenggoeh saking
kal donja woes loenggoh

19. namoeng nimbangi tandoek
sarat ngetjani sesaminipoen
angsal limang kepel atobe drewili
daja gedea kang poeloek
kepele sadjaha tepos

20. sawarni oelamipoen
nanging tan ana ingkang dinoemoek
amoeng paroe kang ginigit satjoeil til
adangoe angantoe-antoe pra ri
loengiding pasemon

21. Rarasati agoepoeh
maring raka ngatoeri toetoeroeh
sen Mongraga sigra denira wewanting
kang garwa noeroeh ing kakoeng
sedaja kang para wadon

22. noelja sami wiwisoeh
ambeng tjinarik binagi goepoeh
binerkatan weradin kang para estri
sinoengken ing rentjangipoen
sedaja samja gegendong

23. linorod ambengipoen
pandjang piring rampadan ingoendoer
sadji dedaran soemadji aneng ngarsi
sarta lan pateanipoen
memanisane neng tenong

24. woesnja mengkana waoe
Djajengraga neng pendapanipoen
angandika sedaja mring para santri
prajoga boebar karoehoen
reboet ngabekti Hjang Manon

25. mahrib ajwa kesoesoe
jen woes bakda ngisa bae wangsoel .
kang liningan sedaja kang para santri
soedagar lan magersantoen toer
sendika noelja bodol

26. djabeng djro estri djaloe
sesarengan sowang-sowang mantoek
raka lawan para paman datan moelih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kelawan kjai pengoeloe
kelawan kang para bagor

27. Djengraga malih moewoes
Djamal Djamil den kepareng ngajoen
kang sinoeng ling goepoeh mafek aneng ngarsi
Djengraga bibisik moewoes seen djaloek
goenamoe roro

28. woeroeken Soerat Senoe
Widigoena Tjerma-sana ikoe
ngelmoe pengersman mangoenah ripangi
warahana kang soemoeroep
mangsa bodoa wong roro

29. mrih gawok kang andoeloe
apa kang dadi adi-adimoe
ia woeroekena mring wong papat iki
sira soen dadak goenamoe kanggo
selawatan mengko

30. Djamal Djamil oematoer
boten saged kaoela wong boesoek
kaping kalih adjrih rakanta menawi
dados ing doedoekanipoen
mring koela kaoela wedos

31. Djengraga naoer woewoes
ac'ja soesah ja mengko ngong moendjoek
mring bendaranira kangtnas Amongragi pan
ikoe karepkoe pe,rloe mrih soeka sanak
toea nom

32. soen ngalap berkahipoen
mring kakang mas Mongraga kang loehoeng sira
kang minangka wewakil sajekti Djamal Djamil
Ion oematoer jen mekaten gih kemawon

33. sendika ing sakajoen
Djengraga ngling eh ja Soerat Senoe
Widigoena Tjerma-sana ajwa kari
anggoegoeroea sirekoe
marang Djamal Djamil kono

34. kang sinoeng ling oematoer
noewoen sendika kelangkoeng soekoer
angling malih wis mianga wismaneki
Widigoena bae koempoel
anoetoeg lehmoe djedjandon

35. ki Djamal Djamil sampoen
samja moendoer maring wismanipoen
Widigoena mengkana soerja woes nitih
ing atjala mandjing soeroep mahrib
noelja sakehing wong

36. ge-age denja wektoe
mring patirtan ngambil toja woeloe
ting kerapjoek ngoembah tangan wisoeh sikil
kang kekemoe lagja raoep
swarane pating salemprot

37. Djengraga woesnja tjoetjoel
siram soetji angiras woes woeloe
ngrasoek pesalatan anggampar mring masdjid
masdjide piambakipoen
noelja santri adan goepoh

38. sedaja tan atjoetjoel
ladjeng kewala ladjeng awektoe
Djajengwesti waoe ingkang angimami
kang raji pra paman makmoem
mjang santri samoting soero

39. jata kjai pengoeloe
neng pendapa denira awektoe
sarerehanira kang sami makmoemi
sesisih kilen genipoen
sesisih wetan pra bagor

40. Djengwesti denja perloe
sawoesing patekah soeratipoen
koelja ajoe dene rekangat kang akir
sawoesing patekahipoen
ida dja-a kang winaos

41. tan pae lan pengoeloe
wewatjane soerat koelja ajoe
lawan ida dja-a wewatjan jen mahrib seh
Mongraga denja wektoe angimami para
wadon

42. gandok kilen genipoen
langkoeng pasekat wewatjanipoen
dasar swaranira empoek roem amanis
sedeng sadjake anganjoet
kang makmoem samja soemedot

43. sami wewatjanipoen
sawoesing patekah koelja ajoe
ida dja-a woesing patekah kang akir
prapteng tahjat akiripoen iptitahira
woes manggon

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. noelja salam bakda woes
poepoedjian lelagon swara roem
binaroengan parestri angasih-asih
lir rebab soeling tjalempoeng
gambang tan niawi kengang gong

45. omelog rarasipoen
langkoeng rahab sedaja kang makmoem
lelagone swara estri langkoeng asri
sarwa lagon dikiripoen woesnja dikir
dodonga lon

46. woes donga limang wektoe
imam ngidjab asalam ngalekoem
angaboeli ngalekoem salam parestri
samja soenat bakdanipoen
woesing soenat sami ngaos

47. moehadam sareng goejoeb
ting tjarengkling swarestri anganjoet
Tambang-raras Toerida Ian Rarasati
datan toemoet ngadji amoeng
soenat wabin kang kinaot

48. Mongraga denja kasoed
soenat wabin nem rekangatipoen
tigang salam sawoesing bakda anoeli
tangat kiparat tawadjoeh
kalih salam bakda manggon

49. amapanaken djoenoen
pasang wirid isbandiahipoen
satariah djalalah bardjah amoepid
pratingkahe timpoeh wioeng
tyas napas kentjeng tan dompo

50. noelja tjoel dikiripoen
lapal la moedjoeda ilalahoe
kang pinoesti datoe wadjiboelwoedjoedi
winih napi isbatipoen pinatoe tyas
woes anggatok

51. anggoejer kepala noet
oebeding napi Ian isbatipoen
derah ing lam kang akir wit poeserneki
tinarik ngeri mindoewoer lapal ilaha
angengo

52. nganan poendak kang loehoer
angleresi lapal ila nenggoeh
pendjadjahe kang dria mring napi gaib
ilalah isbat gaiboe
ing soesoe kiwa kang ngisor

53. nakirahe woes broekoet
lapal la ilaha ilalahoe
winot seket kalimah senapas nenggih
senapas malih motipoen ilalah tri atoes
manggon

54. anoelja lapal hoe hoe
senapas landoeng winotan sewoe
pemantjade tyas lepas lantaran dikir
kewala moeng wrananipoen
moeni woes tan ana raos

55. woes wenang sedajekoe
nadyan a a e e i i oe oe,
sep.adane sadengah-dengah kang oeni
oenine' poenikoe soewoeng
sami lawan orong-orong

56. ing sanalika ngrikoe
tjoploking satoe Ian rimbagipoen
dewe-dewe badan boedine tan toenggil
nis mikrad soehoel panakoel
badan kantoen lir gelodog

57. tinilar lagja kalboe
jektining napi poenikoe soewoeng
komplang njenjed djamaning moetelak haib
woes tan ana darat laoet
padang peteng woes kawios

58. pan amoeng ingkang modjoed
wahja djatmika djroning gaiboe
pan ing kono soehoele denira moepid
tan pae-pinae djoemboeh nora sidji
nora roro

59. woes tarki gja tanadjoel
moedoen sing wahja djatmika ngrikoe
aningali tan lawan netranireki
dating Hjang kang maha Loehoer
patang prekara ing kono

60. sipat djalal gaiboe
djamal kamal kahar gaibipoen
woesnja midjil saking gaib denja moepid
wiwit beda djinisipoen goesti lan kaoela
reko

61. dating goesti poenikoe
djalal kamal djalal kahar nenggoeh
sipating kaoela pan akadiati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wahdat wakidiatipoen
alam arwah adsam 1) mengko

62. misal insan kamiloe
bedaning goesti Ian kaoelekoe
jekti bcda ingrikoe lawan ingriki
kedjaba kang woes linoehoeng
pratameng kawroh kang woes wroh

63. sawoesira aloejoet
lir antigan toemiba ing watoe
pan koemeprah tyasira kagjat tan sipi
toemitah ing djamanipoen
araling koela katonton

64. loearan denja soehoel
angaringaken scnapas landoeng
mot saklimah la ilaha ilalahi
noelja andodonga soekoer
sawoesnja gja adan goepoh

65. pandjinging ngisa wektoe
woesnja parestri soenat sedaroem
noeli kamat Mongraga perloe ngimami
woesing patekah soeratoen
ina andjalna winaos

66. watini akiripoen
prapteng tahjat awal akiripoen
noelja salam awal akir bakda noeli
poepoedjian kadya waoe
adikir donga Hjang Manon

67. sawoesnja gja para roem
soenat bakdiatan settaja woes
soenat minal witri rakangatal witri
woes peragat soenatipoen
sesalaman satnja wadon

68. anoelja saini moendoer
saking gandok maring dalem agoeng
kantoen ni ken Tambang-raras lan Mongragi
andjenaken denja kasoed
sami moepidira karo

69. kang salat aneng tadjoeg
bakda lagja poepoedjianipoen
kang sembahjang neng pendapa lagja dikir
saoeran kang aneng tadjoeg samja rahabe
bebjanton

---

1) prajoginipoen : adjsan.

70. mjang kiwa tengenipoen
ing djawi ler kilen wetanipoen
ingkang tjelak ragi tebah pan kapjarsi
arame swaranja oemjoeng
mewahi srining roeroengon

71. wantji ngisa bakda woes
Djajengwesti Djengraga gja moedoen
saking salat sami pinarak pendapi
tan ewah lenggali lir waoe
mjang pengoeloe tata loenggoh

72. Djajengraga angrasoek
boesana kadya doek siangipoen
namoeng salin koeloek kanigara bertji
asoesoemping tjoendoek mentoel
toemanggal taretes abjor

73. lenggah pendapanipojen
wetane kang raka denja loenggoeh
tan adangoe kang wineling samja prapti
soedagar djalwestrinipoen santri
magersari mring djro

74. kedik ingkang tan rawoeh
katah kang sami prapta maleboe
sabab woes samja mjarsa warta ing mangkin
Djajengraga kersanipoen kesoekan-soekan ing
mengko

75. ander pendapa tepoeng
tan keliroe gjaning oeroetipoen
woes miranti sagogolonganireki
woes pepak sedajanipoen
Djengraga ngandika alon

76. eh Noeripin sirekoe
si Soerat Senoe wehna si bioeng
botjah roro ikoe konen memaesi
keinbaren perabotipuen ingkang
sarwa di kinaot

77. sarta lan sadjenipoen
lan malih moendoeta trebang woloe sanga
lan trebangkoe poendoeten den aglis kendang
loro angkloeng pitoe kang liningan mentar
goepoh

78. angirid Soerat Senoe
woes sinoengken ni Tjerong kang bioeng
dinawoehan kersane ki Djajengragi njai
Tjerong woes soemoeroep ngaroeri ni Daja
goepoh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

79. Noeripin moendoer metoe
moendoet terbang kendang lawan angkloeng
tan adangoe kang pinoendoet katoer ngarsi
mjang trebang pribadinipoen
ageme si matjan garong

80. datan antara waoe
djeng kjai Baji Panoerta rawoeh lawan
ingkang garwa sakoetjoembineki eting
gelas agerlg ngajoen santri Loetji
sisinggah wong

81. bjak mire samja takoet
kang lenggah sedaja sareng moedoen ki
pengoeloe repot tan rikat ngoedoeni
djeng kjai ngling wis jwa moedoen
krengkangan temen arikoh

82. kablendercn wetengmoe
dene kanti senggoeran napasmoe
wis linggiha bae sira Basarodin
kang mjarsa sami goemoejoe
mring pengoeloe repot rikoh

83. ladjeng kewala masoek
maring dalem joen panggih lan mantoe sen
Mongraga Ian garwa metoek neng ngarsi
noelja samja tata loenggoeh mingser mire
kang pra wadon

84. seh Amongraga goepoeh
atoer salam mring djeng kjai waoe
kjai Baji agepah salamireki
ni ken Tambang-raras ngoedjoeng
mring rama iboe wot sinom

85. ni Malarsih andoeloe
mring kang poetra toewin ingkang mantoe
sakamantyanira ring poetra lir mimi
pendoegining tyas kang iboe kadya woes
asmaraning don

47e Zang; dichtmaat: ASMARANDANA.

1. sedaja ingkang parestri pan
samja gawok toemingal marang
sang ro pinanganten tjahjanja
apinda woelan soenarira
toemedja awingit djatmika
roeroeh tadjem semoene olia

2. ki Baji ngandika aris
anak mas seh Amongraga
poenapa kersaha mangke
ningali dikir singiran
kang poetra lon toenira
kewala kaoela kantoen
ningali sakimg djro wisma

3. padoeka prajogi midjil
ningali ripangi Karang
poen Djamal Djamil ing mangke
medalken pengoenahira ingkang
kelawan soenat pan katah
pigoena'nipoen sakersanta tan
katjoean

4. ki Baji goemoedjeng ngikik
koela moeng mjarsa pawarta
poen santri Loetji kang ngomong
jen poen Djamal Djamil sarwa
saged rerekan goena
gaboesan ripanginipoen
anggawokaken wong katah

5. kang poetra oematoer inggih
sajektos saged poen Djamal
Djamil doek meksih neng kilen
pangapoenten sapoenika
menawi salong itjal
kang rama goemoedjeng moewoes
kintene mangsa itjala

6. jen mekoten koela midjil
mring pendapa joen oeninga
poen Djamal Djamil rekane
kang poetra matoer soemangga
ngandika mring kang garwa
jaji sira jen joen doeloe
oemiringa iboe rama

7. ningali si Djamal Djamil
ripangi aneng pendapa
kang rameboe lon delinge
pajo rara Tambang-raras
sirekoe kinalilan
sang ajoe tyasnja kapenjoet 1)
mjat wong ripangi angodjrat

---

1) prajoginipoen : kapentjoet.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. dasar linilan ing iaki
wewah kinersan boe rama
kelangkoeng dangan kersane
lagja mingsed padanira
kersa anderek rama
sekala tyase soemenoet
roemaos kapoerbeng pria

9. sang retna osiking galih
jatalah kareping hawa
ngarad kaloepoetaningong
angroesak sangkribing kenja
anganjag wong djelanah
dastoe ngong ngwang tanpa oeroes
amedot talering nalar

10. moedjadah sabil anggaiih
ja Allah astagpiroelah
sanalika ledjar tyase
angeker nitya kang timpang
tan labet kawistara
poelih liringe **lir** waoe
alon oematoer ing rama

11. rameboe kaoela naming
ningali ngriki kewala
kang rama mesem liringe
anjatet djroning werdaja
ningali mring kang poetra
ngandika lah ja wis soekoer
ngong priangga tan boenira

12. ki Baji anoelja midjil
kelawan kang garvva poetra
Toerida Rarasatine'
djeng kjai prapteng pendapa
mingser sedajanira lenggah
neng kelasa batoe garwa
poetra neng woerinja

13. ing pendapa woes miranti
doepa sesadjen mawarna
pepak- sedaja bon-abon
kiai Baji Panoerta ingajap
santri katah njamping keling
limar biroe peningsete djingga
mangsa

14. rasoekan djoebah sembagi
dadoe tjorak kajoe anjang
kotang poetih roes kantjinge
golok balongsong soeasa pan
tesbehira merdjan destar
batik Arab aloes koeloek
batokan pentjengan

15. ki Baji ngandika aris
marang poetra kalihira
apa woes pepak sadjene
jen oewis pada samekta
prajogane lekasa
pan manira arsa weroeh
ripangine Djamil Djamal

16. poetra kalih matoer aris
pan inggih sampoen sedaja
tan wonten kang dipoen-antos
lah ja wis mara bismilah
Djengwesti Djajengraga
ngatag loerah santri goepoeh
kang samja njandak tarebang

17. Djajengwesti Djajengragi
goes Arpani Amadasra
goes Djamdjani Ian Djalalen goes
Dawoed Noerdjani Noerja
kelawan goes Moertadja kang
angkloeng santri pipitoe kang
angendang Toendjang-kara

18. Ian Ganda-sana anoeli
santri kang bawa narebang
lekas matja selawate
bawa singir sadjak Djawa
lelagon sekar lempang
anglik wong sesanga baroeng
swara mor geng alit raras

19. la Haha ilalahi
Moehammadoen rasoeloelah
noelja sinaoeran ing kjeh
goemoeroeh sroe swara rampak
trebang sanga djegoeran
sarta kendange anggoegoek seseg
andoedoek ing kendang

20. pangroking angkloeng getreri
anggobjog trebang sesanga
wor swara roeg santri kabeh
trebange kempjang akipjah lah
kendang atampelan imbal bem
gedoeg asegoek angkloeng
sengkrak bebagenan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. plak blang plak blang pong ping pong bring
bem poengpoeng pek deng doeng doeng gjag
toeng plek toeng plek pjak kioer kloer ter
toer kloeng kfoeng krak tjrir tjir pjang pjang
kloklir bjeng dreng toer toer brang
brang pep pep bah bah goer bah, goer
tong ting tong groeg bjeng groeng groeng brang

22. gentoeran goemoeroeh atri
kontrag wong sedesa pisan
koemeroed bebantoe nonton
mring prapat manfja limanja
djalw£stri keh kang prapta
djedjel ing taroeb
soemenoeh kang ningali
reboet papan

23. rarjalit pating djalerit
kapipit oejel-'oejelan
desek-dinesek reboet gon
ingarah-arah woes tata
berkate samja denja
mengkana denira taloe
woes dangoe antaranira

24. noelja soewoek ingkang singir
matja selawat wong katah
kaping tiga samja reren
goepoeh ki ban Kertiraga
angatag kasinoman Noeripin
Djalalodin woes angirid
leladenira

25. patean tenongan ngarsi
pawingking tlam mjang doedoelang
woes pinernah saoeroete
djeng kjai Baji Panoerta
piambak sinaosan Malarsih
Ian poetra mantoe woes
sinaosan patean

26. weradin sedajaneki
ngalihi nigani miwah
kang mapati sekatahe
noelja dedaran mangarsa
tan pae pctangira
rampocng leladosanipoen
ki Baji alon ngandika

27. lah pajo nak poetoe mami
bisrnilah pada krana'llah
tamba kasatan sakehe
sasenengira priangga
sedaja toer sendika
samja dedaran mjang nginoem
soeka rena ting ketjoepah

28. kang neng wisma seh Mongragi
Ian kang garwa Tambang-raras
linaden sesaosane
di-adi daran mawarna
Tjentini tanseng ngarsa seh
M'ongraga ris amoewoes ja
jaji sira kantoena

29. manirarsa mandjing masdjid
panepen tadjoeg pocngkoeran
Tambang-raras ris atoere
kaoela lamoen kelilan
moeng toemoetoer padoeka kang
raka mesem lingnja roem ja
soekoer alkamdoe lilah

30. noelja kang raji kinanti
tjeti Tjentini tan tebah
neng woeri angampil roekoh
sang ro woes prapta ing langgar
andjoedjoeg ing patirtan
Tambang-raras Tjentini woes
ngalap tojastoeti samja

31. sawoesira asoesoetji
sira ki sell Amongraga
masoek ing langgar panepen
woes soenat woeloe tahjatal
masdjidi noelja tangat
tasbih rolas rekangatoe
nem saiam oesalinira

32. pinareng niat lan tekbir
wiwit oesali tangatan
tesbihi rakangatine
lilahi tangala Allah hoe
akbar kabiran wal kamdoe
lilahi kasiroen wa
soebkana'llah boekratan

33. wa asilan noelja malih
ini wadjahtoe wadjhial
liladi pataras reke
samawati wala aria
hanipan wamoesliman
wa mahjaja wa mamatoe ana
minal moesrikina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. sawoesing wadjah kang lirih
matja tasbih ping lima las
saderenging patekahe
lapaling tasbeh poenika
awale ping lima las
soebkanalahi walkamdoe
lilahi wa la ilaha

35. ilalah hoe Allah nenggih
hoe akbar la kola wa la
koeata ila bilahel
ngalijilngalim anoelja
lirih matja patekah
. . . . 1) ipoen
tasbeh malih ping sedasa

36. aroekoek sawoesing tekbir
matja tasbih ping sedasa
noelja iktidal adege
sami Allahoe koeliman
kang midahoe rabana
tasbih malih ping sepoeloeh
gja soedjoed woesing takbirnja

37. ping sedasa matja tasbih
setangine soedjoedira
loenggoeh sawoesing takbire
matja tasbih ping sedasa
soedjoed malih sedasa
ngadcg woesing tekbiripoen
matja tasbih ping lima las

38. sawoesing patekah malih
matja tasbih ping sedasa
roekoek ping sedasa maleh
iktidal malih sedasa
soedjoed tasbih sedasa
loenggoeh tasbih ping sepoeloeh
soedjoed malih ping sedasa

39. noelja loenggoeh tahjat sarwi
iptitah Ian toemaninah
gja salam nganan ngerine
tasbih ing dalem sesalam
ingetoeng katahira apan
satoes limang poeloeh
goemoeloeng rolas rekangat

40. ing dalem nem salam nenggih
goenggoeng sedaja tesbihnja
sangang atoes ing katahe

1) kirang 6 wanda, katambahan : sawoesing pate'kah.

tan pae lan ingkang garwa
sami atasbih tangat toewin
Tjentini kadyekoe tangat
tasbih ing palilah

41. langkoeng nikmatireng galih
makmoem tangat mring Mongraga
antara dangoe salate
woes prapteng rolas rekangat
tahjat akir iptitah woesing bakda
salam ladjoe tatrap djoenoen
wiridira

42. rinakit pasanging dikir
satariah isbandiah
bardjah djalalah soehoele
tinokidken mring makripat
pemantjade maring kak
dedalan tarki tanadjoel
lajaping panaoel pana

43. woes lanjah lantaran dikir
singsale nora rekasa
kedjeb liepe woes lobok mengkana
sen Amongraga woes tjoplok
angganira mingkoep tan renggang
seramboet moentoe tanpa amboe rasa

44. goemaloentoeng lir kajwaking
badane woes tanpa karja
pada lawan remeh-remeh moeni
lir oenining woengwang woes
dewe dewekira nora pisah nora
koempoel moelja neng djaman
enengan

45. loejoeting wilajat gaib
tan kena kinaja apa
kang mengkono kang woes djoemboh
panane ahli olia Mongraga Tambang-
raras katri tjeti Tjentini woes kasoed
masoek denja bengat

46. sang ro katri Ian Tjentini
goemoeling lineng lajapan
dadya saoedjoer-oedjoere
kang samja nikmat ing pana
soehoelira maring Hjang
kadjenekan denja kantoe
jata kang aneng pendapa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

47. sapengkerira Mongragi
pan woes angsal kalih rambah
Noeripin Djalalodine
kang emprak kelangkoeng rahab ki
Baji soeka-soeka miat kang
soemboe-sinoemboe woes dangoe
reren mengkana

48. kjai Baji Panoerta ngling
iamoen woes aso bismilah
si Loetji sapa tandinge Djejigraga
matoer poen Toendjang kara
tandingnja emprak lah mara lekasa
goepoeh si Loetji Ian Toendjang-
kara

49. sendika kang poetra kalih
noelja ngeiik wong sesanga
rempeg lagoene kabojong
swara sroe Iandoeng angembat
la ilaha ilalah
hoe rabana ja Allahoe
kasboena ja Allah noelja

50. santri ger ken anampani
rampak goemer tanpa roengwan
gora geng alit tan waneh
terebang ambata rebah
angkloeng goemrah lir gerah
kendange seseg andoedoek
kempjange ngablak bengkakak

51. noelja emprak santri Loetji
mejek lir anglangi enggak
tangan karo njepeng tjorong
ebat kadya sepat molah
emprake Toendjang-kara
dasar gcdog ngiras badoet
keh tjarane djogedira

52. ting salentoek sikoetneki
sikile kaja kapindjal
pepekohan atjetjekon
tangan ro tjoronge moebjar
prabot meksih tekesan
Loetji sih tjaraning kaoem
djoebah 1) batok djeplakan

53. emprake tjaraning santri
djoemboel-djoembod saieoran
geseh lawan gendingan moeng
roedjoek Ian kalimahnja loemrah
emprak slawatan moeng mengkono
kloejoer-kloejoer sedje lawan
Toendjang-kara

54. megal-megol anarisig
tangan seblak serawean
rengkad-rengkod tjara Regol
tjangklakane palentetan
wetenge pelemboengan
agoelet soemboe-sinoemboe
ki Baji asoeka-soeka

55. kasoran ki santri Loetji
apan kalah babrongotan
njoenjoek sakena-kenane
tjetjek-tjinetjekan wongwa
neng salang mjang kandoetan
geni tanpa raosipoen
mila rahab bebakaran

56. woes dangoe antaraneki
gja soewoek matja selawat
noelja kendel sedajane
angaring-aring memangan
santri sajah kasatan
kang miat meksih koemroesoek
goegoejoe kang samja emprak

57. noelja Noeripin kang prapti
angirid Senoe goes Soerat
singgah sarwi bekta obor
sakehe wong aniningal
apiak ngeri kanan
ting balek&r samja koekoek
doebilah nora kedjamak

58. waoe kang pininda estri
amepes sila panggoengan
sarwa adi boesanane
sindjang tjinde bang pepradan
pengasih asandoengan
sa-asta nerampad poengkoer
tjiningkrang pawingkingira

59. wates memelan mawingkis
winidan djenar gebegan
dadya anglela kempole
sinemekan bangoen toelak
rinenda klengkam djenar

---

1) kirang sawanda, katambahan: be-
.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngaweng singsetane moenggoeh
ing poendak pirid poengkoeran

60. boebocntar winiroe apik
djereng, toemoempang taliban
mantjoet sipat kokodoke
lir gitoke gik-enggikan tjetik
metok pinekak ing tjatok tretes
inten bjoer pasingsetan soetra
djenar

61. atoempal mendala giri
sebet akatje koembaja
koesta loes abrit pinotjot
kalpika lintring tadjoegan
mirah bang gelang kana
anting-anting kilat baoe
kaloeng badong soesoen tiga

62. soemping poespa krena roekmi
atjoendoek mentoel tamengan
pakentjeng soeri tinretes
geloeng sedeng tinengan
1) ing groeda kanin
noentak sinekar rontjening
geloeng pinalipit ing
anggitan

63. sengkang oeliran her tatit
pengadjenge pinahjasan
mawi tjitak tjetjentoenge peta
ti-ati lelata alis mendjangan
milar tasik rinemboeg
soemuenoe setengoe tan
mantra pria

64. sedaja gawok ningali
marang ro kangpininda dyah
samja kasmaran sakehe
ki Baji soeka toemingal-
goernoedjeng sarwi nabda
tnengkono djawane ikoe
akale si Djajengraga

65. ikoe sapa kang maesi
si Senoe lawan si Soerat
Djajengraga Ion atoere
poenikoe poen nini Da]a
ki Baji mesem nabda sasmita
mring garwanipoen jatalah si
bibi Daja

---

1) kirang sawanda, katambahan: ah (tinengahan).

66. bisa temen karja adi
wong desa nora kedoega
mae'si kaja mengkono
Malarsih matoer ing raka
mila poen bibi Daja saben
tiang kang memantoe tan lia
poen bibi Daja

67. ki Baji ngandika aris
wis mara noeli lekasa
Djengraga njandak terbange
matjan garongan ginembrang
angelik wong sesanga
lelagon kinanti taroeb
taroeb agoeng Allah-Allah

68. pengaoebaning wong brangti
abrangti marang Pangeran
Pangeraning alam kabeh
sinaoeran santri kajah
goemoeroeh swara rampak
trebang kendang lawan angkloeng
kadya gerah adjegoeran

69. noelja ngadeg ronggeng ngibing
wiwit oekel babedajan
antoek serambah gongane
salin laras sarimpenan pan
angsal serambahan medar
tjengkok oekel lakoe noelja
kedjer gegambjongan

70. ronggeng kalih sareng ngelik
lir rebab amatet sanga
Ian soeling enem njamlenge
sidji lir getering rebab
amiwil ngembat kawat kang
sidji lir geteripoen ing
soeling elong toetoepan

71. angeloes tilepan miwil
swara roem man is araras
rantas tyase kang mjat kabeh
kojoep mring Senoe goes Soerat
kang saplak ing kalangjan
sinden lir sasendon nganjoet
tetela parikanira

72. pendjalin toelak ros langking
trate pita ing daratan
tingalana reragane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jeka poerbaing Pangeran obor
tegal siloeman palestane ing
pamoewoes ajwa mangmang
aneng donja

73. jen oerip wekasan pati
sandang lawe among wohan
dene patrining wong pande
iinglingen sariranira
jwa pidjer ngoedjar-oedjar
ja hoe Allah kontoel biroe
deroek seta ing Benggala

74. tjengak-tjengek lir rarjalit
nora pinter aneng donja
menjan seta oepamane
ja ilahi djenoe tawa tiwasing
oeripira pan ketoengkoel loera-
loeroe dening sasmitaning netra

75. dodotane wong pawestri
ngoelatana ingkang njata
sampoernaning elmoe kabeh
wong gemeti 1) ketjeran
kelasa djinamang bang
eman-eman wong toemoewoeh
jen keiakon mati bangka

76. goede pandak wong aoerip
pradja neng koerandji ika
krondahan papa temahe
poespa ranoe ja hoe Allah
swarane pra poedjangga
oeripira anglir toendjoeng
atoewoeh tanpa telaga

77. wong tetanja woesing kardi
sapa dadekaken sira
peksi krenda lae-lae
dewa nataning gambira
sabdaning goeroe njata
dadi lawan dewekipoen
sesana djoeloek satria

78. ngendi gon Pangranireki
prekoetoet goeng ja hoe Allah
kang petis tjinandoe raos
ia ikoe oetjapena

1) kirang sawanda, katambahan: ka.

kang angoetjap lan sira
patanjan gambireng koetoek
sapa molahaken sira

79. minangkara ja ilahi
kang pradja angapoes gita
kasatmatan ing osike
tanpa kerana neng donja
patakon pangoepaja
sesana patjalang lakoe
endi gon kang dihin pisan

80. sawo sempal sa-oepami
soerja latri diwangkara
saking ora wiwitane
moelaningsoen dadi ana
loeloengan woesing gesang
ngendi parane jen lampoes
tapas aren ja hoe Allah

81. lata minda boentala di
oelih mara pan waloeja
moelja kadya doek norane
sana praboe koenir pita
djron pati nemoe apa
penganten lagi pinagoet
djoedjoeloek poetri Djenggala

82. dening djroning pati iki
nora nemoe paran-paran
kang goela drawa doeh lae
Nata jaksa Poeroebaja
woeta toeli moekanja
bisoe tan pegat amoewoes
lae ngendi goning Soeksma

83. kang tata prana oepami
pratapane sang Rahwana
ananing Hjang sajektine
anglindoeng ana ing tjipta
srengenge woes goemiwang
menjan seta woes kadoeloe
jwa gingsir ma was kang njata

84. kang pari lagja koememping
parentah oendang prajoga
ketoengkoel tata kramane
marang moeka ja hoe Allah
se'la gineniara
badan rempoe poedjinipoen
keloeroeng tamboeh paranja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

85. pawidjilan tjatjad ragi
kang tan metoe merga ina
wisangkara oepamane
kang gcbang paniwer wana
kelamoen kebabaran
ing woewoes tanpa gawekoe ja
hoe Allah djamboe alas

86. djenipana kang moenggeng'esti
adja kapok alelana
tedja moeka krameng katong
koemingsoen koerang pretjaja
poetra ing Lesan-poera retja
kajoe kang pinatoet gol£ka
oedjar kang setya

87. toja reka ja ilahi
inten dewi Dresa-nala
metoea geni oedjare
ing toetoek mangsa kandela
kawoek tjitra oepama
koelampis seta tan rikoeh
kapilang dening sarira

88. mengkana denira ngibing
si Scnoe lawan goes Soerat
Iir binagi sarirane
djaloe estri kang toemingal
brangteng solah warnanja
Ian swara boesananipoen
samja kedanan tenaga

89. saweneh ingkang djalwestri
ingkang sampoen ahli rasa
tyas kanjoet ing parikane
kraos oeripe neng donja
tinitah langkoeng ina Iir
winirang ing panoetoeh
pangolok-oloking Soeksma

90. tanpa goejoe tanpa angling
kagagas ing pcparikan
pan woes dangoe antarane
singir seleJi ing saoeran
tinampan ing wong katah
saoerane taroeb agoeng
taroeb agoeng Allah-Allah

91 pengaoebaning wong brangti
abrangti marang Pangeran
Pangeraning alam kabeh
kendang andjoedjoet irama
sesege kinendonan ngandelong
anoelja soewoek samja amatja
selawat

92. leren pan angaring-aring
para santri sedajanja
aso sarwi asesamben anginoem
wedang njamikan tan tjoea
sasenengnja miwah ingkang nginang
oedoed noetoeg dedaran mawarna

93. mengkana djeng kjai Baji
Panoerta alon ngandika
dene betjik parikane
lah ikoe sapa kang moelang
peparikan kadyeka
apa bisa maoenipoen
Djengraga oematoer nembah

94. poenika poen Djamal Djamil
kang moelang soeloek wangsalan
pan limrah tiang bang kilen
wangsalan tanah ing Karang
parikan dadya rasa
kang rama ngling lah ja ikoe
berkating sabat olia

95. karenan ingong miarsi
emele soeloek wangsalan
koetjiwa rada keseron
trebange lan saoeranja
kakehan kang slawatan
kedjaba moeng trebang teloe
setoen santri selawe prah

96. ikoe tetela kapjarsi
dadi norana kang samar
ing raos tan ana ketjer
oematoer kang para toea
pan inggih kesinggihan
ki pengoeloe mantoek-mantoek
ngantoeki Senoe goes Soerat

97. kinen madjoe ngarsaneki
manira doewe wangsalan
1) enggonen peparikan

---

1) kirang 2 pada lingsa, katambahan: betjik kinarja rerepei lahta mara tampanana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anjelak goes Soerat Senoe
bisik-bisik winarahan

93. soeda rengga 1) pratjajeng sih
matjan galak gegawean toena
doengkap ingtilmoene nganggep
oedjar boborongan maroes dyah
gentong lanang doerocng ilang
kadasipoen meksih soeker aneng
donja

99. paran woes apil sireki
sarwi mesum-mesum modjar
ki pengoeloe ing bating
saking kepengin tjedakan
ki pengoeloe aberag aling-
alinge moemoeroek moeng
tjedak tok til kewala

100. Senoe ngling mesem ngaweti
kagoengan dika sap tangan
lan kepet koela soewoene
koembaja koesta langkoeng bang
koela remen kelintang ki
pengoeloe ngling karepmoe enja
poendoeten priangga

101. sap tangan noelja ingambil
soemampir aneng wangkingan
ki Basar sikoete dosok kepet
sap tangan binekta
inantengah Senoe Soerat ki
pengoeloe ginagoejoe Koela-
wirja latah-latah

102. akale ki Basarodin
katik lir wong sakijikan
kenan kepet sap tangane
daja-daja ketjantela
sikoete namboet karja
leh titik rong titik lowoeng
oeroepe kepet sap tangan

103. kang mjarsa goemoedjeng sami
ki Baji goemoedjeng nabda
sapa den-goegoejoe koewe
oematoer ki Koela-wirja
poenika kakang Basar

anamboet darnel bebratoe
ketjalan kepet sap tangan

104. angsal njikoet bokong kedik
ki Baji goemoedjeng soeka
prie' e'h ngoeloe soeroepe ki
Basarodin atoernja koela
moelang parikan kalih rambahan
tinoeroet wewangsalan soeda
rengga [2])

105. ki Baji mesem ling aris
parikamoe koena laja
ja betjik Iwih oetamane
ngandika marang kang poetra
Djengraga santrinira jen wis aso
pajo goepoeh kang poetra
matoer sendika

106. lan kang raka Djajengwesti
sareng denja njandak trebang
anglik bawa lan santrine
oemjoeng swara roem araras
sadjak tjengkoke santak
lelagon Djawa loeng gadoeng
saoeranira mengkana

107. semoen kering-semoen kering
djare Allah Allah Allah
djilma wong toeane djare lanat
agoeng ja hoe AHah hoe Allah djare
lanat goeng mas angger sira
temboeng noelja tinampan wong
katah

108. kelangkoeng goemoeroeh atri
abaroengan tanpa roengwan
trebang kendang lan angkloenge
pong ping pong pek deng doeng doeng brang
plak plak blang pjak proeng proeng brang
tong ting tong prig kloer kloer tir toer
ioeng plek toeng plek beng pjoeng pjoeng bjang

109. Djajengraga noelja noeding
Tjrema-sana Widigoena
kinen emprak sigra djengkle'k
djoged kelana kasmaran
roepane karo pisan lir nganggo
topeng satoehoe salin roepane
welaka

1) prajoginipoen : rega.

2) prajoginipoen : rega.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

110. ki Baji goemoedjeng angling
si Tjrema Ian Widigoena
apa pada nganggo topeng
Djengraga matoer ing rama
doeka dalem poenika Djamal
Djamil akalipoen mantoek-
mantoek ki Panoerta

111. wong roro denira ngihing
arakit sasolahira
nelasken tjengkoking djoged
pangembjake tan selaja
amiwir sonderira kekitjatan
tindakipoen patjak goeloene
edjlegan

112. andegleg klek oklak-aklik
ebat koemroewel lir bahak
inda sinamber ing keket
kiprah kitrang kipat-kipat
nglingngling-nglingngling djengginggat
agroeda babon neladoeng
kesroeg gidrah roendjah-roendjah

113. ilo-ilo ngolang-ngaling
atindak lir katel nebak
manggel kadoeng medong-medong
anggedindang pipintjangan dedangkak
lenggak-lenggak gedroeg-gedroeg
nampel poepoe naritjig sisirig
manggang

114. keplok tangan angetibing
mentang baoe aseblakan
noelja seseg lelagone
semoen keringira niba
ginoendjing langkoeng santak
kang beksa tjelana tjangtjoed
tjapeng lir arsa mangoen prang

115. andoedoek kendang tinitir
anggobjog terbang lir bedah
saking asroe penatabe
angkloeng sengkrak kadya gerah
mengkana Djamil Djamal
anoedoeh pra bagoripoen
kinen emprak sedajanja

116. njepeng tjorong sidji-sidji
bagor selawe prah e'mprak
maro rolas lir balane'
kelana sawidjineka
agibrah kekalangan samja
salin warninipoen kadya
balaning kelana

117. poenggawa roepa mawarni
ting prengangah roepa-roepa
kang sakepel babrengose
kang godeg wok akakaban
simbar dada sasagan
moekane lir topeng toehoe
ilang roepane welaka

118. eram sak£h kang ningali
pratingkahe kang tongtonan
kabeh pan katembe'n toemon
djeng kjai Baji Panoerta
kelangkoeng soekanira jata kang
emprak sedaroem rekane samja
ngloeroeg prang

119. moebeng ing kalangan ngibing
ting djelimprak sarwi emprak
pepantan ne'ng wetan koelon
kabeh samja keplok tangan
tjawetan tandang perang
ginondjing gja niba liwoeng
saja sroe trebang saoeran

120. goemoeroeh gora.reh atri
seseg ngetog rahabira
gja tjampoeh kang emprak prange
arame bakar-binakar
samja aselomodan
sroe njoenjoek soemboe-sinoemboe
bar-ber rame telorongan

121. aliweran paser geni
kang kena tan pilih papan
koemapres neng reraine
wangwa soemjoer lir wesi bang
pinaloe kras mentjoerat
obor telas lawan soemboe
anoelja satin gegaman

122. pedang kelewang miwah kris
gigitik wesi giligan .
rit bapang talempak towok
ge'ge'r giris kang toemingal
sedaja maras ing tyas
kabeh pra samja aneboet
kaja prie koewe Allah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

123. noelja prang keris-kineris
mjang pinedang kinalewang
bat-bet koemeproek swarane
kang pasah kang tan te mama
kans tatoe gelangsaran
saweneh ana kang lampoes
loedira adeladagan

124. akatah warnaning kanin
ana kang goeloenja pagas
weneh kleweran oesoese
gereng-gereng kelosodan
kelana Tjerma-sana
balane sedaja lampoes de
kelana Widigoena

125. moeng kanin kedik kang mati
gja kelana Tjerma-sana
angamoek lawan kerise
madjoe kinaroeboet bala
ngrempak ngiwoeng merdjaja
telas kang bala ingamoek
pan kantoen sami kelana

126. sareng madjeng aprang tanding
soedoek-sinoedoek aranija
san.ja adjoerira karo rontang-
ranting angganira aniba kalih
pisan kelana ro pedjah
sampjoeh pra bagor nem
likoer pisan

127. samja pedjah anggoelinting
sarta getih belabaran
mjang kang klaweran oesoese
gereng-gereng tan bisobah
se'tehe kang toemingal gawok
samja djrih andoeloe bias
oelate sedaja

128. tan tahan ningali djisim
akeh kalenger aniba
binajang marang sanake
trebange meneng priangga
tan kanti sinalahan trebange
meksih pinangkoe anggatoeng
ngoengoen toemingal

129. kabeh tan ana tjoemoeit
djalwestri gegetoen samja
-^ "'dakep toetoep tjangkeme
mengkana ki Djamil Djamal
ngadcg aneng kalangan
linoeroeban djisimipoen
oedjoering majit tinata

130. ronggeng ro kinen angibing
noelja ngadeg Senoe Soerat
Djamal bawa siwal mole
djoedjoeloeke wali oelah
Pangeran kang minangka
nabi minangka djatikoe
djatine tale wangsoelan

131. sinaoeran para santri
landoeng samja lilirihan
lelagone pari anom
lir nangisi kang palastra rarase
kang slawatan ronggeng ro goes
Soerat Senoe kinen ngoebengi
majitnja

132. Djamal Djamil aneng woeri
sarwi ngangkloeng kalih pisan
noet woerine ing ronggeng ro
tibaning saoeranira
anoelja Senoe Soerat sareng
ngelik nganjoet-anjoet lir
nangising kang palastra

133. penangising garwa siwi
kadya poeloeng kapipitan
asendet-sendet wilete
lir wong anjoeling karipan
sembada parikanja
ana tangis lajoeng-lajoeng
tangise wong wedi pedjah

134. tangise wong wedi mati
gedongana koentjenana
jen woes pesti nora wande gja
tinampan ing saoeran trebang
imbal ambalan lagone lirih
aiandoeng Senoe Soerat Djamil
Djamal

135. samja angoebengi majit
koemeloen koetoeg angatnbar
mengkana getih kang leber
woes tan ana labetira
ronggeng ro ngambil sekar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saontje'n ing geloengipoen
winigar sinebar-sebar

136. winratan lir nebar widji
sinawoer kang kembang-kembang
sarwi sinde'n parikane
djati ngarang mangsa kapat
djati temahan moelja
moelja temah sampoerna woes
moelih lir wingi ngoeninja

137. waloeja ingkang basoeki
bedoeg teloe atangia
soetjekna badanmoe lae
banjoe saraban tahoeran
moedjia ing Pangeran lah
wis ajoe ajoe ajoe wong
donja balieng donja

138. kang majit noelja ngelilir
koekoebe kabeh binoeka samja
linggeh delog-delog Djamal
Djamil keplok tangan pari
anom aniba noelja tangi kang
aloenggoeh kinanti ki
Widigoena

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Prat elaning kalepatan panjitakipoen.				
KATJA	1e. Oetawi 2e. Kolom	Larikan saking nginggil	KALEPATANIPOEN.	LERESIPOEN.
3	2e.	27	goegoerian	goegoerihan
5	2e.	8	ring	ing
10	le.	30	maoe	waoe
14	le.	20	tyas ing wang	tyasingwang
17	2e.	37	kinasian	kinasihan
19	2e.	5	aparembe"an	aparembehan
23	le.	29	pelarasa	pelarasan
28	le.	3	pangeran	Pangt'ran
29	te.	18	olea	oleha
30	le.	5	pangeran	Pangeran
48	2e.	16	toewoes	moewoen
55	le.	19	toeng-toenan	toengtoenan
62	2e.	6	semoe	sewoe
66	le.	13	an	lan
	le.	23	noeJ'a	noelja
150	le.	38	wabinem	wabin nem
197		23	tan Pada rat	tanpa da rat
217	le.	33	goemoedjing	goemuedjeng
248	le.	20	tjopetan	tjopet tan
255	lc.	29	doek	doeh
268	lc.	28	oek	doek
269	2e.	**34**	**keh**	**eh**
	le.	45	gongsa	gangsa
	le.	45	noegrah	noegraha
	le.	36	kwek	kweh
	2c.	36	ngang	ngong
	le.	16	tanpa katja babon	katja babon 924
	le.	32	wongwa	wangwa
	2e.		kangpininda	kang pininda
	le.			